

# **YOUCAT**


---

**Kréyòl ayisyin**

**YOUth CATechism**

Katéchism l’Égliz katolik-la pou jèn-yo

Jugendkatechismus der Katholischen Kirche  
Munich, 2010



# YOUCAT

Kréyòl

KATÉCHIS L'ÉGLIZ KATOLIK-LA  
POU JËN-YO

Préfas  
Lèt pap Benoua XVI pou jèn-yo

Tradiksion kréyòl : P. Maurice Elder Hyppolite, sdb

Pòtoprins 2011

*Pro-manuscripto*  
Institut de philosophie S. François de Sales  
Octobre 2012  
Février 2013

Yo inprimé *pro-manuscripto* sa-a ak :

*Nihil obstat*

R. P. Ducange Sylvain, sdb  
Supérieur des Salésiens de Don Bosco en Haïti

16 août 2012  
S. Étienne de Hongrie

épi

*Imprimatur*

S. E. Mgr Louis N. Kébreau, sdb  
Archevêque du Cap-Haïtien  
22 février 2013  
Fête de la Chaire de S. Pierre

## **PLAN**

### **PRÉFAS**

Lèt pap Benoua XVI pou jèn-yo

### **PRÉMIÉ PATI**

Sa nou kouè, 11

Rézon ki fè nou gin lafoua, 12 | Nou minm moun, nou fèt pou Bondié, 12 | Bondié vîn rankontré nou, 14 | Moun-yo réponn Bondié, 21 | Déklarasion lafoua krétyin-an, 24 | Mouin kouè nan Bondié Papa-a, 26 | Mouin kouè nan Jézu-Kri, sèl Pitit Bondié-a, 41 | Mouin kouè nan l'Éspri-Sin-an, 55

### **DÉZIÈM PATI**

Sélébrasion mistè lafoua krétyin-an, 75

Bondié aji nan nou pa lintèmèdiè sign sakré-yo, 76 | Bondié nan litiji-a, 77 | Kijan nou sélébré mistè Kris-la, 81 | Sèt sakréman-yo nan l'Égliz-la, 86 | Sakréman inisiasion-yo (batèm, konfirmasion épi ékaristi), 86 | Sakréman gérizon-yo (pénitans épi onksion malad-yo), 99 | Sakréman kominion tèt-ansanm épi mision (iòd épi mariaj), 251 | Lòt sélébrasion litjik-yo, 256

### **TOUAZIÈM PATI**

Viv jan Kris-la vlé-a, 120

Vokasion nou sou tè-a, sa nou vlé fè-a, épi kijan l'Éspri-Sin-an ap édé nou fè-l, 120 | Dignité moun-nan kòm moun, 120 | Kominoté moun-yo – Sosiété-a, 132 | L'Égliz-la, 139 | Dis kòmandman-yo, 141 | Sé pou rinmin Grammèt-la Bondié ou ak tout kè-ou, ak tout nanm ou ak tout fòs ou, 142 | Sé pou rinmin prochin-ou minm jan ak tèt pa-ou, 148

### **KATRIYÈM PATI**

Priyè krétyin-an, 183

Priyè-a nan lavi krétyin-an, 184 | Kijan Bondié vîn toupré nou, 184 | Sous priyè-a, 192 | Chémin priyè-a, 195 | Priyè Granmèt-la : *Papa nou-an*, 199

### **ANÈKS**

Lis mo, 302 | Lis définition-yo, 321 | Abréviasion liv biblik-yo, 324 | Abréviasion dokiman Konsil-yo ak lòt sous yo sité-yo, 325 | Lis non moun-yo, 325





## PRÉFAS

### Lèt Pap Benoua XVI pou jèn-yo

#### Zanmi-m yo, jèn-yo !

Mouin rékòmandé nou, jodi-a, pou nou li yon liv ki spésial. Spésial pou sa-l gin ladan-l, min tou pou kondision épòk koté yo ékri-l la. Mouin vlé fè nou konnin koté-l soti paské sa ap fè nou konprann pi byin sa-k fè-l spésial konsa-a.

Liv sa-a, nou t-a kapab di yo fè-l apati yon lòt liv yo té préparé nan ané 1980 yo. Épòk sa-a té difisil pou l'Égliz-la épi pou sosiété-a toupatou sou tè-a, lè sa-a té gin nouvo orientasion ki té nésèsè pou kapab abòdè tan ki t-ap vini-yo. Apré dézièm Konsil Vatikan-an (1962-1965) té gin yon sitiasion koté kilti pèp-yo t-ap chanjé, anpil moun pa-t fìn konnin nan kisa krétyin yo kouè tout bon, kisa l'Égliz-la t-ap anségné épi si-l té gin kichòy pou-l anségné toujou ; gin moun ki t-ap mandé kòman tout bagay sa-yo t-apral intégré nan yon kilti ki t-ap chanjé afon. Èské lafoua krétyin-an sé pa-t yon bagay ki pasé mòd ? Èské jodi-a sa té rézonab pou yon moun t-a kapab kouè ? Sé késion sa-yo yo t-ap pozé épi té gin bon krétyin tou ki t-ap pozé yo.

Nan épòk sa-a, Pap Jan-Pòl II té pran yon désizion ki té mandé kouraj. Li té vlé pou tout évèk-yo sou latè té ékri yon liv ansanm koté yo t-a réponn tout késion sa-yo. Li té mandé-m pou-m té koòdoné travay évèk-yo épi pou-m té véyé pou apati diféran kontribision yo t-ap bay-yo sé yon liv, yon liv tout bon, pa yon konpilasyon diféran tèks, ki t-a sòti. Yo t-ap rélé liv sa-a ak ansyin non *Katéchism l'Égliz katolik-la*, min li té doué atiran épi inové. Li té doué montré nan kisa l'Égliz katolik-la kouè jodi-a épi nan kisa lafoua-a pa an kontradiksion ak rézon épi intèlijans moun ginyin-an.

Mouin té pè dévan mision sa-a. Fò-m di nou tou, mouin pa-t fìn trò sètin li t-ap kapab réyisi. Efektivman, kòman pou nou t-a fè pou tout otè sa-yo ki gayé toupatou sou tè-a t-a rivé ékri ansanm yon liv tout moun t-a

kapab li ? Kòman tout moun sa-yo k-ap viv sou diféran kontinan, pa sèlman sou plan géografik min tou sou plan intéléktuel épi spirituèl, t-a kapab produi ansanm yon tèks ki t-a gin koérans anndan-l épi yo t-a kapab konprann li sou tout kontinan-yo ? An plis fòk yo t-a ajouté évèk sa-yo pa t-a doué travay an solitè, min yo té doué rété an kontak ak lòt évèk-yo épi ak kominoté yo té réponsab yo. Mouin oblijé rékonèt, minm jodi-a toujou sé yon mirak ki fè projè sa-a té réyisi fèt.

Nou té réyini toua ou kat foua chak ané pandan yon sémèn épi nou té diskité sériézman sou tèm ki té byin présizé épi ofiamézi nou té kapab fè dévlopman tèks-yo. Évidamman nou té békouin détèminé plan liv-la. Li té doué sinp yon fason pou diféran group moun ki t-apral ekri-yo té ka gin yon lidé klè sou travay yo té gin pou fè-a épi pou travay yo-a pa-t toufè nan yon kad ki t-a trò konpliké épi jinnin. Sé minm plan sa-a n-ap jouinn nan liv sa-a. Li sòti tou natirèlman nan ékspérians katéchèz yo fè dépi sièk tan nan l'Egliz-la : sa nou kouè – kijan nou sélébré mistè Kris-la – kijan nou gin lavi nan Jézu-Kri – kijan nou doué priyé. Mouin pap ékspliké kounié-a isit-la kijan ti kras pa ti kras nou té réyisi rézoud tout problèm ki t-ap parèt-yo épi finalman nou té fè yon liv sòti jan-l t-a doué fèt-la. Li toujou posib, évidamman, pou kritiké tèl ou tèl aspè nan yon travay konsa : tout sa moun fè toujou manké kichòy épi kapab amélioré. Min kanminn sé yon liv ki gin gran inpòtans : sé yon témougnaj unité nan divèsité. Apati diféran voua, yon koral byin an armoni vîn fòmé, paské nou té gin minm patision-an : patision lafoua-a k-ap poté l'Egliz-la dépi tan Apot-yo sièk apré sièk.

Poukisa mouin rakonté nou tousa ? Lè yo t-ap travay sou *Katéchism l'Egliz katolik-la*, yo té oblijé konstaté sé pa sèlman yon diférans ant kontinan-yo ak kilti-yo ki té ginyin min, anplis, chak sosiété gin pliziè nivo diféran ladan-l : gin diférans mantalité ant yon travayè izin ak yon peyizan, ant yon savan fizisyin ak yon savan lingouis, ant yon biznismann ak yon journalis, ant jèn-yo ak granmoun-yo. Lè sa-a nou té oblijé chouazi yon nivo langaj ak yon kalité réfléksion ki t-a dépasé tout diférans sa-yo, pou nou rété nan yon réjis ki t-a komin pou tout moun, antan n-ap konsidéré divèsité sa-a. Lè sa-a nou té vîn konprann li t-ap nésèsè pou yo pibliyé tradiksion tèks sa-a pou diféran popilasion ki sou tè-a, pou kapab rivé rankontré yo nan chémin koté yo yé-a ak késion y-ap pozé pèsonèlman yo.

Nan Jounin Mondial Jèn-yo, a Ròm, Toronto, Kològn, Sidnèy, gin anpil jèn ki soti toupatou sou tè-a ki vlé kouè, k-ap chèché Bondié, ki rinmin Kris-la épi ki vlé suiv chémin-l nan. Sè nan kontèks sa-a nou t-ap mandé èské li pa t-a bon pou ékri *Katéchism l'Egliz katolik-la* nan langaj

jèn alèkilé-yo pou mésaj Bòn Nouvèl-la t-a kapab gayé pamí jèn-yo sou tè-a. Natirèlman, jèn-yo sou tè-a jodi-a, diféran anpil. Konsa anba diréksion kadinal-archévêk Vièn-nan, Kristòf Schönborn, gin yon « YOUCAT » pou jèn-yo ki parèt. Mouin espéré ap gin anpil jèn k-ap rinmin liv sa-a.

Gin anpil moun k-ap di-m : sa pa intérésé jèn-yo jodi-a. Mouin pa dakò ak opinion sa-a épí mouin sètin mouin gin rézon ; jèn-yo jodi-a pa tèlman anlè-anlè jan yo vlé fè kouè-a. Yo vlé konnin kisa ki inpòtan tout bon nan lavi-a. Yon roman polisié intérésan paské li ralé nou nan istoua lavi lòt moun, yon istoua ki t-a kapab istoua pa nou. Liv sa-a tou intérésan anpil paské l-ap palé nou dé aboutisman pròp lavi-nou, donk li konsèné nou chak pèsónèlman nan sa ki pi profon nan nou.

Sé poutèt sa m-ap invité nou : étidié katéchis sa-a. Sé sa mouin souété ak tout kè-m. Katéchis sa-a pa fè nou kouè tout bagay fasil. Éfektivman, l-ap mandé nou pou nou chanjé fason n-ap viv. L-ap ba nou mésaj l'Évanjil-la, mésaj « pèrl ki gin gran valè-a » (Mt 13, 46), sa-k mérité pou nou vann tout bagay pou-n achté-l la. Donk m-ap mandé nou : étidié katéchis-la ak anpil angouman, ak pèsévrans ! Pran tan pou li ! Étidié-l nan silans anndan chanm nou, li-l ak yon lòt zanmi, fòmé group réfléksion, établi rézo sou intènèt pou nou patajé-l. Antouka, pa sispann témougnè lafoua-nou !

Nou doué konnin nan kisa nou kouè. Nou doué konnin lafoua-nou ak minm présizion yon spésialis an infòmatik konnin sistèm ki pèmèt odinatè-a fonksioné-a. Nou doué konprann li tankou yon bon mizisyin konprann patision-l. Nou doué pi anrasinin toujou nan lafoua-nou pasé jénérasion paran nou-yo pou nou kapab goumin ak plis kouraj, plis détèminasian, kont défi ak tantasion épòk sa-a. Nou bbezouin sékou Bondié si nou pa vlé pou lafoua-nou fonn tankou yon gout larouzé nan solèy, si nou pa vlé sikorbé dévan plézi sosiété konsomasion sa-a, pou rinmin nou gin nan kè nou-an pa vîn sal ak pònografi, pou nou pa trayi sa-k pi fèb-yo épí vîn indiféran dévan sa lavi-a ap malminnin-yo.

Si kounié-a nou t-a rinmin pran tan pou nou étidié katéchis-la seriézman, mouin t-a rinmin ba nou yon dènié konsèy : nou tout nou konnin nan ki pouin yo blésé kominoté krétyin-yo antan yo ataké yo ak malvýans, poutèt péché-a ki antré sal anpil responsab l'Égliz-la. Pa pran sa kòm prétèks pou nou viré do bay Bondié k-ap gadé nou-an ! Nou sé Kò Kris-la, nou sé l'Égliz-la ! Fè difé rinmin k-ap boulé nan kè nou-an antré anndan l'Égliz-la, chak foua gin moun ki t-a défigiré-l, nou

minm sé pou nan atansion-an nou pa fè parès, antan nan Éspri-a nou cho, antan n-ap sèvi Granmèt-la ! (Rm 12, 11).

Lè Israël té désann nan pouin ki pi ba nan istoua li-a, Bondié pa-t mandé gro potanta sou tè-a pou vîn poté-l sékou, min yon jénòm yo té rélé Jérémi. Jérémi té santi li pa-t alarotè : *A-a-a, Granmèt Bondié ! gadé, mouin pa konn palé, sé yon ti moun mouin yé* (Jr 1,6). Min Bondié té kinbé fèm avèk li : « Pa di “Mouin sé timoun” ; min kot tou sa-m voyé-ou, sé pou-ou alé, tou sa m-ap kòmandé-ou, sé pou-ou palé-l » (Jr 1, 7).

Mouin béni nou épi m-ap priyé chak jou pou nou tout.

Pap Benoua XVI

## PRÉMIÉ PATI

# Sa nou kouè

Pou ki rézon nou kouè

- | Nou minm moun, nou fèt pou Bondié
  - | Bondié vîn rankontré nou
  - | Moun-yo réponn Bondié
  - | Déklarasion lafoua krétyin-an
  - | Mouin kouè nan Bondié Papa-a
- | Mouin kouè nan Jézu-Kri, sèl Ptit Bondié-a
  - | Mouin kouè nan l'Espri-Sin-an

## PRÉMIÉ SÉKSION

### Rézon ki fè nou kouè

1        *Pou ki rézon nou la-a sou tè-a ?*

**Nou la-a sou tè-a pou nou aprann konnin Bondié épi rinmin-l, pou nou fè sa ki byin dapré volonté-l épi pou nou rivé antré nan sièl-la yon jou.** [1-3, 358]

Nou rivé konprann sans lavi-nou kòm moun sou tè-a lè nou ouè sé nan Bondié nou soti épi sé nan Bondié nou pralé. Sous koté nou soti-a, li pi ro pasé paran nou-yo. Sé nan Bondié nou soti, sé nan li tout vrè kontantman yé, ni sa yo kapab jouinn nan sièl-la ni sa-k sou tè-a, épi l-ap tann nou pou nou antré nan kontantman-l nan ki la pou tout tan-an, ki san limit-la. An atandan n-ap viv sou tè sa-a. Gin dé lè nou santi Bondié kréatè nou-an toupré nou, min pi souvan nou pa santi anyin minm. Pou li kapab mété nou sou bon rout-la, Bondié voyé Pitit li-a ki libéré nou anba péché-a, ki sové nou anba tout mal épi k-ap kondui nou san mank nan lavi tout bon vré-a. *Li sé Chémin-an, Vérité-a épi Lavi-a* (Jn 14,6). ↗ 285

2        *Sa-k fè Bondié té kréyé nou ?*

**Bondié té kréyé nou paské li rinmin nou, san anyin pa fósé-l épi san-l pa bézouin nou pou pròp tèt pa-l.** [1-3]

Lè yon moun rinmin, kè-l ap débòdé. Li t-a rinmin fè anpil lòt moun gouté nan kè kontan-l nan. Sé nan Kréatè nou-an sa soti. Minmsi sa Bondié yé-a sé yon mistè ki dépasé nou, li posib pou nou déviné-l apati ékspérians-nou kòm moun épi nou kapab di : li kréyé nou poutèt « débòzman » rinmin-l nan. Li té vlé patajé kè kontan-l nan avèk nou-minm li kréyé paské-l sé rinmin-an minm.

## PRÉMIÉ CHAPIT

### Nou minm moun, nou fèt pou Bondié

3        *Sa-k fè n-ap chèché Bondié ?*

**Sé Bondié ki mété nan kè-nou anvi pou nou chèché-l épi pou nou jouinn li-an. Sint Ogustin di : « Ou kréyé nou pou ou, Granmèt, épi kè nou san répo tout tan li pokò répozé nan ou. » Anvi jouinn Bondié sa-a nou rélélé-l Rélijion\*. [27-30]**

Sé yon bagay natirèl lakay moun-nan pou l-ap chèché Bondié. Lè-santi-l souaf vérité-a ak kontantman-an sé chèché l-ap chèché finalman sa-k kapab soutni-l *nèt alé-a*, sa-k kapab satisfè-l *nèt alé-a*, sa-k kapab ba-l valè *nèt alé-a*. Yon moun pa fin moun an plin tout tan li poko jouinn Bondié. « Moun k-ap chèché vérité-a, sé Bondié l-ap chèché, kit li pran konsians sa, kit li pa konn sa » (sint Édith Stein). ↵ 5, 281-285

4      *Èské avèk rézon-nou sèlman nou kapab dékouvri Bondié égzisté ?*

**Oui. Ak rézon-nou sètadi ak intèlijans-nou, nou-minm moun nou kapab konnin Bondié avèk asirans. [31-36, 44-47]**

Tè-a ak tout inivè-a ki antouré nou-an pa gin sous-li ak aboutisman-nan pròp tèt pa-l. Nan tout sa ki égzisté, gin plis pasé sa yo kapab ouè-a. Lòd, bëlté ak kouasans nou ouè nan tout inivè-a ap invité nou viré gadé nan diréksion kichòy ki dépasé nou. Y-ap orienté nou nan diréksion Bondié. Nan pouin moun ki pa anvi épi souaf sa ki vré, sa ki byin, sa ki bèl. Chak moun tandé voua konsians li anndan-l k-ap pousé-l fè byin-an, k-ap avèti-l pou-l pa fè mal-la. Moun ki gin asé sajès pou-l suiv tras sa-a, l-ap jouinn Bondié.

5      *Sa-k fè gin moun ki di Bondié pa égzisté époutan minm moun sa-yo kapab konnin li ak rézonman intèlijans yo ?*

**Sé yon gran défi sa yé pou intèlijans moun rivé konnin Bondié yo pa kapab ouè-a. Sé poutèt sa ginyin ki fè bak dévan éfò sa mandé. Anpil moun pa vlé rékonèt égzistans Bondié paské sa t-a oblijé yo chanjé fason y-ap viv-la. Min moun ki di : sa pa gin sans pou chèché konnin si Bondié égzisté, moun sa-a pasé akoté si sé ésényé l-ap ésényé sinplifié lavi-l. [37-38]** ↵ 357

6      *Èské li posib pou konnin Bondié vré ?*

*Èské yo kapab palé dé li yon fason ki kòrèk, ki akséptab ?*

**Minmsi moun gin limit épi Bondié sitèlman gran yo pap janm kapab fèmin-l nan limit intèlijans moun ginyin-an, nou kapab palé dé li yon fason ki kòrèk. [39-43, 48]**

Lè n-ap palé osijè Bondié nou doué pran konsians kijan langaj-nou pa alarotè grandè-l. Donk sé tout tan pou n-ap korijé, amélioré, purifié sa n-ap di osijè-l.

## DÉZIÈM CHAPIT

### Bondié vîn rankontré nou

7        *Èské Bondié té doué révélé pròp tèt-li pou nou kapab konnin kilès li yé ?*

Ak rézonman intèlijans yo, moun-yo kapab konnin Bondié égzisté min yo pa kapab konnin *kilès li yé* réyèlman. Bondié té révélé pròp tèt-li paské li té vlé pou yo konnin-l. [50-53, 68-69]

Sé pa-t yon obligasion pou Bondié pou-l té révélé pròp tèt-li. Li té fè sa paské li rinmin nou. Minm jan lè dé moun rinmin youn pa kapab konnin lòt-la li rinmin-an si lòt-la pa ouvri kè-l ba li, konsa tou nou pa t-a kapab rivé konnin kichòy nan sa Bondié pansé nan fin-fon kè-l si sé pa-t paské Bondié ki la tout tan épi ki dépasé intèlijans-nou, té ouvri kè-l ba nou poutèt li rinmin nou. Sot dépi nan kréasion-an, pasé nan patriarch-yo ak profèt-yo rivé tous nan révélasion\* final-la nan Pitit li-a, Jézu-Kri, Bondié pa-t sispann palé ak nou-minm moun. Nan Pitit li-a li ouvri kè-l ba nou épi li pèmèt nou dékouvrí sa-l yé nan fin-fon nati-li.

8        *Kijan Bondié révélé pròp tèt-li nan Ansyin Téstaman-an ?*

**Nan Ansyin Téstaman-an\*** Bondié fè konnin-l kòm kréatè ki fè tout bagay paské-l rinmin yo épi ki rét fidèl ak moun-yo minm lè yo viré do ba li nan péché-a. [54-64, 70-72]

Bondié révélé pròp tèt-li nan istoua lèzòm : avèk Noé li établi yon Alians pou sové tout sa-k vivan. Apré sa li rélé Abraam pou fè-l tounin *papa yon pakèt nasion* (Jénèz 17,5) épi, nan li, pou-l béni *tout pèp ki sou tè-a* (Jénèz 12,3). Pèp Israèl-la ki soti nan Abraam, vîn tounin pròp byin pa-l. Li prezanté dévan Moyiz antan-l di-l Non pròp li. Non sa-a difisil pou konprann יהוה, an jénéral yo prononsé-l Yahvéh\*, li vlé di « Mouin sé sa-k égzisté-a ». Li libéré Izraël sot anba ésklavaj an Éjip-la, li signin yon Alians avèk li sou mòn Sinayi-a épi li ba-l laloua-a pa lintèmèdié Moyiz. Bondié pa-t sispann voyé profèt bay pèp li-a pou invité-l konvèti épi rénouvlé Alians-la. Profèt-yo anonsé Bondié gin pou-l établi yon Alians nouvo k-ap la pou tout tan, k-ap poté yon rénouvelman total épi k-ap sové moun-nan définitivman. Alians sa-a sé tout moun yo ofri-l.

9        *Lè Bondié voyé Pitit li-a, ki sa li révélé nou osijè pròp tèt-li ?*

**Nan Jézu-Kri, Bondié montré nou tout profondè rinmin li-an ki mizérikòd.** [65-66, 73]

Gras a Jézu-Kri, Bondié yo pa kapab ouè-a vîn fè yo kapab ouè-l. Li tounin yon moun tankou nou. Sa montré nou tous ki bò rinmin Bondié-a rivé : li pran tout chay-nou mét sou zépòl-li. Li akonpagné nou, li maché avèk nou nan tout chémin nou-yo. Li avèk nou lè nou santi nou pou kont nou, nan tèt chajé nou-yo, nan kè séré nou ginyin dévan lanmò-a. Lè nou pansé nou pa kapab avansé pi louin, li la pou-l ouvri pôt lavi-a pou nou. ↵ 314

10     *Èské avèk Jézu-Kri, Bondié fin di tout bagay oubiyin èské Révélation-an ap kontinié apré li ?*

**Nan Jézu-Kri, sé Bondié li-minm ki vini sou tè-a. Jézu sé dènié paròl Bondié té gin pou di nou. Tout moun, nan tout tan, ki kouté-l, yo kapab konnin kilès Bondié yé épi sa-k nésésè pou yo sové.** [66-67]

Ak Bòn Nouvèl Jézu-Kri-a, Révélation\* Bondié-a rivé bout épi li akonpli nèt san manké anyin. Pou li kapab kléré nou, l'Espri-Sin-an ap fè nou antré chak foua pi fon nan vérité-a. Nan lavi kèk moun, limiè Bondié-a kléré yon fason ki tèlman fò sa fè yo ouè « sièl-la ouvè » (Apokalips 7,56). Sé konsa vîn gin gran koté moun al fè pélérinaj tankou Notre-Dam Gouadloup o Méksik oubiyin Lourd an Frans. « Révélation pèsonèl » moun ki ouè-yo pa kapab amélioré Bòn Nouvèl Jézu-Kri-a. Lafoua-nou pa dépann dé yo. Min yo kapab édé nou konprann Bòn Nouvèl-la pi byin. Sé l'Egliz-la ki pou jijé si yo korésponn oubiyin si yo pa korésponn ak vérité lafoua-a.

11     *Poukisa nou transmèt lafoua-a ?*

**Nou transmèt lafoua-a paské Jézu té mandé nou sa : « Alé, fè tout nasiyon-yo vîn tounin disip »** (Matié 28,19). [91]

Si yon moun krétyin tout bon li pap kité sé sèlman lòt moun ki t-a spésialis ki pou transmèt lafoua-a (anségnan-yo, prêt-yo, misionè-yo). Nou chak nou krétyin pou lòt-yo. Sa vlé di : chak vrè krétyin t-a vlé pou Bondié abité lakay lòt-yo tou. Li di pròp tèt-li : Granmèt-la bézouin-m ! Mouin batizé, konfirmé épi mouin réponsab pou moun ki bò koté-m yo konnin Bondié épi rivé nan konésans vérité-a (1 Timoté 2,4). Mè Téréza té sèvi ak yon bon konparézon : « Anpil foua ou kapab ouè fil kouran bò rout-la. Min tout tan kouran éléktrik-la pa travèsé yo, pap gin limiè. Sé nou minm ki fil-la. Bondié sé kouran ! Nou kapab kité kouran-an pasé nan nou épi sèvi ak nou pou limin limiè sou tè-a - Jézu\* – oubiyin réfizé yo sèvi ak nou pou fè-l pasé épi konsa nou vîn réponsab fènoua ki ginyin-an. » ↵ 123

12      *Kòman nou fè konnin sa pou nou kouè tout bon vré-a ?  
Nou jouinn sa nou doué kouè tout bon vré-a nan Liv ki sin-yo ak  
nan sa l'Égliz-la\* transmèt nou dirèktéman osijè lafoua li-a  
(Tradision-an). [76, 80-82, 85-87, 97, 100]*

Nouvo Téstaman-an\* pran nésans nan lafoua l'Égliz la. Sa yo ékri-a ak sa yo transmèt dirèktéman-an (Tradision-an) makònин youn ak lòt. Transmision lafoua-a pa chita toudabò sou yon bann tèks. Nan prémié tan l'Égliz-la\*, yo té konn di : Liv ki sin-yo, « anvan yo té ékri-yo sou papié, yo té ékri yo nan kè l'Égliz-la ». Disip-yo ak apot-yo\* té déjà fè ékspérians yon lavi tou nèf gras a tan yo té pasé ap viv ansanm an kominoté ak Jézu. Kominoté sa-a ki té kontinié égzisté yon lòt fason apré réziréksion Jézu-a, l'Égliz-la ki té fèk fèt-la té ouvri-l bay tout moun. Prémié krétyin-yo té rét *byin fidèl nan ansègnman Apot-yo*, épi nan viv ansanm, nan séparé *pin-an*, épi nan priyé-yo (Travay Apot-yo 2,42). Yo té soudé youn ak lòt min antan yo fè plas pou lòt ka antré. Jous kounié-a, lafoua-a aji minm jan-an : krétyin-yo invité lòt moun vîn viv an kominion ak Bondié. Nan l'Égliz katolik-la, kominion sa-a té kontinié rété san-l pa chanjé dépi nan tan apot-yo.

13      *Èské l'Égliz-la ka tronpé-l nan sa ki konsèné lafoua-a ?  
Nan sa ki konsèné lafoua-a, tout moun ki kouè-yo ansanm pa  
kapab tronpé yo paské Jézu té promèt disip li-yo li t-ap voyé  
l'Espri vérité-a pou kinbé yo nan vérité-a (Jan 14,17). [80-82, 85-87,  
92, 100]*

Minm jan disip-yo té kouè nan Jézu ak tout kè yo, konsa tou yon krétyin kapab gin yon konfians total nan l'Égliz-la\* lè l-ap chèché chémin lavi-a. Paské Jézu-Kri li-minm té bay apot\* li-yo lòd pou yo anségné, l'Égliz-la gin yon Majistè\* épi li pa gin doua pé bouch-li. Sètènman, yon manb l'Égliz-la pou kont-li kapab tronpé-l épi fè fot ki grav anpil, min lè nou konsidéré l'Égliz-la nan totalité-li, li pap janm kapab tonbé andéyò vérité Bondié konfié-l la. Sièk apré sièk, l'Égliz-la ap poté yon vérité ak yon lavi ki pi gran pasé pròp tèt-li. Lè sa-a yo palé dé *depositum fidei*, dépo lafoua-a yo doué konsèvè-a. Lè yo démantèti vérité sa-a biblikman oubiyin lè yo défigiré-l, l'Égliz-la gin obligasion pou « sa yo tout té kouè, tout koté, tout tan-an » li fè-l kléré ankò (sin Vinsan de Lérins, + 450).

14      *Èské Liv ki Sin-yo sé vérité ?  
« Liv sakré-yo ap anségné vérité-a solidman, fidèlman, san érè  
paské yo inspiré, sètadi yo ékri yo antan Espri-Sin-an inspiré yo*

**épi sé Bondié ki otè yo » (dézièm konsil Vatikan-an, *Dei Verbum*). [103-107]**

Bib-la\* pa tonbé déjà ékri toutantié sot nan sièl épi sé pa dikté Bondié té dikté-l bay ékrivin-yo ki t-a tankou robo. Okontré, Bondié « té chouazi kèk moun pou-l sèvi ak yo antan yo té gin izaj fakilté yo ak fòs yo pou limm li aji nan yo épi pa lintèmèdiè yo pou yo transmèt alékri tout sa li té vlé, épi sa sèlman, tankou si sé vrè otè yo yé » (Vatikan II, *Dei Verbum*, 11). Pou yo té rékonèt tèl oubiyin tèl lòt tèks kòm youn nan *Liv ki Sin-yo* yo té doué konsidéré kijan tout l'Égliz-la té asképté tèks sa-yo an jénéral. Li té nésésè pou té gin yon akò ant kominoté krétièn-yo : « Oui, Bondié li-minm minm ap palé ak nou pa lintèmèdiè tèks sa-a – sé l'Éspri-Sin-an ki inspiré-l. » Nan pami anpil anpil tèks yo té ékri nan l'Égliz-la nan prémié tan-yo, sa l'Éspri-Sin-an inspiré réyèlman-yo, yo té détèminé yo dépi katriyèm sièk-la nan sa yo rélé Kanon Liv ki Sin-yo\*.

15        *Kijan Liv ki Sin-yo kapab di « vérité » alòské tout sa-k ladan yo pa égzak ?*

**Bib-la pa ap chèchè ba nou présizion istorik oubiyin infòmasion osijè sians natirèl-yo. Moun ki té ékri-yo sé té moun propè tan pa yo. Yo té konnin sa moun nan épòk yo ak nan kilti yo té konnin épi pafoua sé minm érè yo té konn fè ak yo. Poutan, tout sa moun-nan bézouin konnin osijè Bondié épi osijè chémin délivrans li-a, sa nan Liv ki Sin-yo san okinn possibilità tronpé. [106-107, 109]**

16        *Ki fason ki pi kòrèk pou nou li Bib-la ?*

**Nou li Bib\*-la yon fason kòrèk lè nou li-l antan nou priyé, sètadi avèk sekou l'Éspri-Sin-an ki té fè yo ékri-l la. Li sé Paròl Bondié épi li gin ladan-l révélasion définitif Bondié ba nou-an. [109-119, 137]**

Bib\*-la, sé tankou yon lèt byin long Bondié ékri nou chak. Sé poutèt sa yo doué résévoua Liv ki Sin-yo ak anpil rinmin ak anpil respè : sa-k impòtan toudabò sé li lèt Bondié-a éfektivman, sa vlé di sé pa pran kèk ti détay antan nou néglijé mésaj global tout tèks-la ap bay-la. Lè sa-a sé pou-m intèprété mésaj-la apati sa ki kè mistè-a : Jézu-Kri, li minm tout Bib-la ap palé osijè-l la, minm Ansyin Téstaman-an\*. Lafoua mouin doué ginyin pou-m li Liv ki Sin-yo, sé lafoua byin vivan l'Égliz-la ginyin-an, sé la liv sa-yo soti. ↵ 491

## **Liv ki nan Bib-la (Kanon\*)**

### **ANSYIN TÉSTAMAN (46 liv)**

#### **Liv istorik-yo**

Jénèz (Jén), Égzòd (Égz), Lévitik (Lv), Nonb (Nb), Détéronòm (Dt), Jozué (Joz), Jij (Jj), Ruth (Rt), 1 Samuèl (1 S), 2 Samuèl (2 S), 1 Roua (1 R), 2 Roua (2 R), 1 Kronik (1 Kro), 2 Kronik (2 Kro), Ésdras (Ésd), Néémi (Né), Tobi (Tb), Judit (Jdt), Éstè (Ést), 1 Makabé (1 M), 2 Makabé (2 M).

#### **Liv sajès-yo**

Jób (Jb), Psòm (Ps), Provèb (Pr), Éklézias oubyin Koélèt (Ékl), Kantik kantik-yo (Kt), Sajès (Sj), Ékléziastik oubyin Sirasid (Si).

#### **Profèt-yo**

Izayi (Iz), Jérémi (Jr), Lamantasion (Lm), Baruk (Ba), Ézékièl (Éz), Danièl (Dn) Ozé (Oz), Joèl (Jl), Amòs (Am), Abdias (Ab), Jonas (Jon), Miché (Mi), Naoum (Na), Abakuk (Abk), Sofoni (So), Ajé (Aj), Zakari (Za), Malachi (Mi).

### **Nouvo TÉSTAMAN (27 liv)**

#### **Évanjil-yo**

Matié (Mt), Mark (Mk), Luk (Lk), Jan (Jn).

#### **Travay Apot-yo (Tr)**

#### **Lèt sin Pòl-yo**

Romin (Rm), 1 Korintyin (1 Kor), 2 Korintyin (2 Kor), Galat (Ga), Éfézyin (Éf), Filipiyin (Fp), Kolosyin (Kol), 1 Tésalonisyin (1 Tés), 2 Tésalonisyin (2 Tés), 1 Timoté (1 Tm), 2 Timoté (2 Tm), Tit (Tt), Filémon (Fm), Ébré (Éb).

#### **Lèt katolik-yo**

Jak (Jk), 1 Piè (1 P), 2 Piè (2 P), 1 Jan (1 Jn), 2 Jan (2 Jn), 3 Jan (3 Jn), Jude (Jd)

#### **Apokalips sin Jan-an (Ap).**

17        *Ki inpòtans Ansyin Téstaman-an pou krétyin-yo ?*

**Nan Ansyin Téstaman\*-an, Bondié révélé pròp tèt-li kòm kréatè tout bagay, ki fè tout bagay kontinié égzisté épi k-ap gidé, k-ap édiké moun-yo.** Liv Ansyin Téstaman-yo, yo minm tou, sé Paròl Bondié épi Liv ki Sin. San Ansyin Téstaman-an yo pa kapab konprann Jézu. [121-123, 128-130, 140]

Pou nou kapab aprann lafou-a, gin yon gran istoua ki kòmansé ak Ansyin Téstaman\*-an, li pran yon diréksion ki détèminan ak Nouvo Téstaman\*-an épi l-ap rivé nan aboutisman-l lè tout bagay va fini épi Kris-la va rétounin. Donk, Ansyin Téstaman-an sé plis pasé yon introduksion pou Nouvo Téstaman-an. Ni kòmandman-yo ak profésiyo, sa yo jouinn nan li-yo é ki té konsèné pèp ansyin Alians-la, ni promès-yo ki té pou tout moun-yo, yo pa-t janm aboli yo. Nan liv ansyin Alians-la nou jouinn yon trézò priyè ak tèks sajès ki iranplasab : Psòm-yo an patikilié toujou rété nan kè priyè l'Égliz-la ap fè chak jou.

18        *Ki inpòtans Nouvo Téstaman-an pou krétyin-yo ?*

**Nan Nouvo Téstaman-an\*, Révélasion\* Bondié-a akonpli nèt.** Kat évanjil-yo – dapré Matié, Mark, Luk épi Jan – sé pati santral Liv ki Sin-yo épi trézò ki gin plis valè pou l'Égliz-la. Nan yo, Pitit Bondié-a montré tèt-li jan-l yé-a épi li vîn rankontré nou. Nan liv Travay Apotyo, nou dékouvri prémié kòmansman l'Égliz-la gras a aksion l'Éspri-Sin-an. Nan lèt apot-yo, tout aspè lavi moun-nan jouinn ékléraj limiè Kris-la. Nan Apokalips-la, nou déjà ouè davans kijan tout bagay ap fini. [124-127, 128-130, 140]

Sé Jézu ki tout sa Bondié té vlé di nou. Tout Ansyin Téstaman-an té préparé pou Pitit Bondié-a té kapab vîn tounin moun. Tout promès Bondié-yo vîn akonpli gra a Jézu. Vîn krétyin vlé di fè youn chak foua pi séré ak lavi Kris-la. Poutèt sa, nou doué li évanjil-yo épi viv dapré sa yo di. Madlèn Dèlbrèl té di : « Gras a Paròl li-a, Bondié di nou kiyès li yé épi kisa-l vlé ; li di-l yon foua pou tout, li di-l pou chak jou... Lè nou kinbé évanjil-la nan min nou, nou t-a doué pansé sé ladan-l Paròl Bondié-a abité, li-minm ki vlé pran chè nan nou-an, li minm ki vlé pran nou pou antan kè pa-l gréfé nan pa nou-an épi éspri-l branché sou éspri pa nou-an, nou rékòmansé lavi li-a nan yon lòt koté, yon lòt tan, yon lòt fòm sosiété moun-yo. »

19        *Ki ròl Liv ki Sin-yo ginyin nan l'Égliz-la ?*

**Sé nan Liv ki Sin-yo l'Égliz-la jouinn lavi-li ak fòs-li.** [103-104, 131-133, 141]

An déyò prezans Kris-la nan sint Ékaristi-a, l'Égliz-la pa gin anyin li réspékté, li vénéré plis pasé prezans Bondié nan Liv ki Sin-yo. Nan Mès-la, nou résévoua léktu Évanjil-la antan nou kanpé paské nan paròl moun n-ap tandé-a, sé Bondié li-minm k-ap palé ak nou. ↗ 128.

## DÉZIÈM CHAPIT

### Moun-yo réponn Bondié

20        *Lè Bondié ap palé ak nou, kijan pou nou réponn li ?  
Réponn Bondié, sé kouè nan li. [142-149]*

Moun ki vlé kouè-a bézouin yon kè *ki gin konprann* (1 R 3,9). Bondié ap chèché antré an kontak avèk nou nan diféran fason. Chak foua nou rankontré yon moun, chak foua nou sézi dévan bëlté lanati-a, chak bagay ki sanblé rivé paraza, chak défi, chak doulè, gin yon mésaj sékrè ki kaché ladan-l, yon mésaj Bondié ap voyé ba nou. Yon fason ki pi klè, Bondié ap palé ak nou pa lintèmèdiè Paròl li-a oubiyin pa lintèmèdiè voua konsians nou. L-ap palé ak nou tankou ak yon zanmi. Donk nou doué réponn li minm jan-an tou, an zanmi. Fòk nou kouè nan li, fòk nou fè-l konfians nèt-alé, fòk nou aprann konnin-l pi byin épi aksépté ninpòt sa li mandé nou fè.

21        *Kisa lafoua-a yé?*

**Lafoua-a, sé konnin épi gin konfians. Li gin sèt karaktéristik:**

- Lafoua-a sé *yon kado gratis* Bondié ba nou lè nou mandé-li ak tout kè nou;
- Lafoua-a sé fòs ki dépasé sa nou ginyin natirèlman, fòs sa-a nou bézouin *nésésèman* pou nou rivé sové-a;
- Lafoua-a égzijé pou gin yon *volonté ki lib épi yon disènman intèlèjans* ki klè lè moun-nan ap réponn Bondié k-ap invité-l la;
- Lafoua-a sé yon *asirans vérité san réstriksion* paské sé Jézu ki garanti-l;
- Lafoua-a pa fin bout, li manké kichòy, toutotan li pa aji nan lacharité-a;
- Lafoua-a *grandi*, lè nou kouté Paròl Bondié-a chak foua pi byin épi lè nou antré nan yon dialòg ak Paròl sa-a nan lapriyè pou nou rivé viv li;
- Lafoua-a déjà ba nou koulié-a yon *avangou kè kontan sièl-la*.

**[153-165, 179-180, 183-184]**

Anpil moun di kouè pa asé pou yo, yo vlé konnin. Min mo « kouè »-a gin dé sans ki byin diféran. An nou pran yon égzanp. Lè yon moun pral lagé

kò-l anba ak yon parachut (« un parachutiste ») épi li mandé anplouayé térin aviasion-an: « Èské yo té byin pliyé parachut-la? » épi anplouayé mamòté ba li: « Ébyin... mouin “kouè” li byin pliyé, oui », répons sa-a pa konvink parachutist-la, li békouin « konnin ». Min, si-l té mandé yon zanmi-l pliyé parachut-la pou li, épi zanmi sa-a réponn minm késion-an antan-l di: « Oui, sé mouin-k pliyé-l pèsonèlman. Ou mèt “kouè”-m »; lè sa-a parachutist-la ap réponn: « Oui, mouin kouè-ou. » Lafoua sa-a plis pasé yon « konnin », sé yon vérité asiré ki sètin. Sé yon kalité lafoua konsa ki té fè Abraam pati pou l-al nan tè yo té promèt li-a. Sé yon kalité lafoua konsa ki fè mati-yo\* té kinbé fèm jous nan lanmò. Sé kalité lafoua sa-a k-ap soutni krétyin y-ap pèsékité-yo jodi-a tou. Yon lafoua ki pran moun-nan toutantié. ↵ 307

## 22 Sa sa vlé di: Kouè?

**Moun ki kouè-a ap chèchè yon rélasion pèsonèl ak Bondié épi li dispozé kouè tout sa Bondié montré-l (révélé-l) osijè pròp tèt pa-l.** [150-152]

Souvan, lafoua-a kòmansé apati yon événman ki boulvèsé moun-nan oubyin yon problèm ki fè-l réfléchi. Moun-nan santi bagay li rivé ouè-yo épi déroulman nòmal bagay-yo sé pa sa sèlman ki tout égzistans-la. Li santi gin yon mistè profon ki travésé-l. Li suiv tras sa-yo ki minnin-l nan égzistans Bondié épi ofi-amézi li pran konfians pou-l palé ak li épi finalman pou-l antré nan yon rélasion avèk li san yo pa fòsé-l. Nan évanjil Jan-an, nou li: *Pèsonn pa janm ouè Bondié; sèl Pitit Bondié-a, sa ki sou pouatrèn Papa-a, sé li mim ki èspliké-li* (Jn 1, 18). Sé poutèt sa nou doué kouè Jézu, Pitit Bondié-a, si nou vlé konnin sa Bondié vlé komuniké nou. Donk, kouè vlé di mété-n an akò avèk Jézu épi mizé tout lavi nou sou li.

## 23 Èské gin kontradiksion ant lafoua ak lasians?

**Pa gin okinn kontradiksion yo pa kapab rézoud ant lafoua ak lasians paské pa kapab gin dé vérité kontradiktoua.** [159]

Pa gin yon vérité lafoua-a ki t-a an konkiran ak yon vérité sians-la. Sé yon sèl vérité ki ginyin ki konsèné ni lafoua-a ni rézonman siantifik-la. Bondié té vlé ba nou intèlijans-la ki fè nou konnin prinsip òganizasian inivè-a épi li té vlé ba nou lafoua-a. Sé poutèt sa lafoua krétyin-an révéyé épi anjourajé sians-yo, minm sians natirèl-yo. Pa l'intèrmidiè lafoua-a, nou konnin réalité ki dépasé kapasité intèlijans nou, min poutan yo réyèl, minmsi rézonman-an pou kont-li pa kapab rivé jouinn

yo. Lafoua-a fè sians-yo sonjé yo pa gin pou pran plas Bondié épi yo doué sèvi kréasion-an épi réspékté dignité moun-nan kòm moun.

24        *Kisa lafoua-m nan gin pou-l ouè ak l'Égliz-la?*

**Pèsonn moun pa kapab kouè pou kont-li, minm jan pèsonn moun pa kapab viv pou kont-li. Nou résévoua lafoua-a nan l'Égliz-la épi nou viv-li an kominion ak tout moun ki gin minm lafoua sa-a. [166-169, 181]**

Lafoua-a sé bagay ki pi pèsonèl lakay yon moun, époutan sé pa yon bagay moun-nan ka viv san rélation ak lòt-yo. Moun ki vlé kouè-a doué di « mouin » épi an minm tan « nou », paské yon lafoua yo pa kapab patajé ni komuniké bay lòt-yo t-a irasionèl. Chak moun ki kouè pèsonèlman aksépté patisipé an tout libété nan « Nou kouè » l'Égliz-la\* ap di-a. Sé l'Égliz-la ki transmèt li lafoua-a. Sot nan yon sièk al nan yon lòt, li transmèt lafoua-a, li protéjé-l kont tout défòmasion épi li fè limiè-l pa janm sispann kléré. Sé sa-k fè lafoua-a fè nou patisipé nan yon konviksion nou gin ansanm. Lafoua lòt-yo ap poté-m, minm jan difé lafoua-m nan limin difé oubyin fòtfié difé-a lakay lòt-yo. « Mouin »-an ak « Nou »-an nan lafoua-a parèt klè nan dé fòmil déklärasion lafoua ki sèvi nan priyè l'Égliz-la: Sinbòl Apot-yo ki kòmansé antan nou di « Mouin kouè » (Credo\*) épi *gran déklärasion lafoua Nisé-Konstantinòpl-la* ki té kòmansé nan prémié fòmilasion-l ak « Nou kouè » (Credimus).

## DÉZIÈM SÉKSION

### Déklarasion lafoua krétyin-an

25      *Poukisa lafoua-a békouin définition ak fòmil?*

Lè yon moun ap di sa-l kouè, sé pa paròl ki pa gin sans l-ap di, min sé yon réalité l-ap dékläré. Nan déroulman sièk-yo, yo té konpozé diféran fòmil déklarasion lafoua nan l'Égliz-la\*. Antan nou apuiyé sou yo, nou kapab kontanplé réalité sa-a, eksprimé-l, aprann li, patajé-l ak lòt-yo, sélébré-l épi viv li. [170-174]

Si pa t-a gin fòmil déklarasion ki établi, sa-k gin nan lafoua-a t-ap déléyé antan-l pèdi fòs li. Sé poutèt sa l'Égliz-la\* bay yon séri fraz anpil inpòtans, – paské, anpil foua, tèks égzak fraz sa-yo, sé avèk anpil difikilté yo té rivé fiksé yo, – pou li kapab protéjé mésaj Kris-la anba tout mové konpréansion ak tout défòmasion ki t-a mété manti ladan-l. Fòmil déklarasion lafoua-yo inpòtan anpil sitou lè yo doué tradui lafoua l'Égliz-la nan diféran kilti-yo san anyin pa chanjé nan sa-l yé. Paské sé kouè minm bagay-la ki fondman initié l'Égliz-la.

26      *Kisa déklarasion oubyin profésion lafoua-yo yé?*

**Déklarasion lafoua-yo oubyin profésion lafoua-yo sé kèk fòmil lafoua-a byin kout ki pèmèt tout moun ki kouè-yo di lafoua yo ansanm.** [185-188, 192-197]

Lèt Sin Pòl-yo déjà gin kèk fòmil kout konsa. Sinbòl Apot prémié kòmansman l'Égliz-la gin yon valè spésial paské yo konsidérél kòm yon rézimé lafoua Apot-yo\*. *Sinbòl Nisé-Konstantinòpl-la* mérité gran respè paské li sòti nan gran Konsil l'Égliz-la ki pa-t ko gin divizion nan épòk yo té fòmilé-l la (Nisé, ané 325; Konstantinòpl, ané 381). Jous jodi a sé li-minm ki baz lafoua-a ni pou krétyin ki an Orian-yo ni pou sa-k an Oksidan-yo.

27      *Koté déklarasion lafoua sa-yo soti? Kijan yo fèt?*

**Déklarasion lafoua sa-yo soti nan Jézu, li minm ki té pasé disip li-yo lòd pou yo batizé. Lè sa-a yo té doué mandé moun-nan pou-l fè yon déklarasion lafoua byin klè, sètadi lafoua nan Papa-a, Pitit-la ak l'Espri-Sin-an (Trinité\*).**

Fondman tout lòt déklarasion lafoua k-ap vîn apré, sé « déklarasion » Jézu sé Granmèt-la épi li té bay moun ki kouè-yo yon mision: Konsa, antan n-alé, fèt out nasion-yo vîn tounin disip antan nou batizé yo onon

*Papa-a ak Ptit-la ak Éspri Sin-an* (Mt 28,19). Tout déklärasion lafoua nan l'Égliz-la\* sé yon dévlopman lafoua nan Trinité-a. Yo toujou kòmansé antan yo dékläré *Papa-a* ki kréyé tout bagay épi ki kinbé yo nan égzistans-la. Apré sa yo kontinié ak *Ptit-la* ki poté délivrans-la pou tè-a ak pou nou chak. Yo débouché sou l'Éspri-Sin-an, prezans Bondié nan l'Égliz-la épi sou tè-a.

28      *Kisa Sinbòl Apot-yo di?*

**Mouin kouè nan Bondié, Papa-a ki gin tout pouvoua.**

**Li kréyé sièl-la ak tè-a.**

**Mouin kouè nan Jézu-Kri, sèl Ptit Bondié-a. Li sé Granmèt nou-an.**

**Sé pa pouvoua l'Éspri Sin-an kò li vîn fèt nan vant Mari ki vièj é li tounin yon moun.**

**Li soufri sou ringn Pons Pilat, yo klouré-l sou koua-a,**

**Li mouri é yo antéré li. Li désann koté mò-yo té yé-a.**

**Sou touazièm jou li lévé byin vivan sot nan pami mò-yo.**

**Li monté nan sièl-la é li chita adouat Papa-a ki gin tout pouvoua.**

**Li gin pou-l rétounin pou jijé ni moun k-ap viv, ni moun ki mouri.**

**Mouin kouè nan l'Éspri Sin-an.**

**Mouin kouè l'Égliz-la Sin é li la tout moun.**

**Mouin kouè tout byin zanmi Bondié-yo fè sèvi lòt-yo.**

**Mouin kouè péché-yo jouinn padon.**

**Mouin kouè kò moun ki mouri-yo va lévé byin vivan.**

**Mouin kouè nan lavi ki pap janm fini-an. Amèn !**

29      *Kisa Sinbòl Nisé-Konstantinòpl-la di?*

**Mouin kouè gin yon sèl Bondié.**

**Sé Papa-a, li gin tout pouvoua.**

**Li kréyé sièl-la ak tè-a,**

**Li fè tou sa moun ouè ak tou sa moun pa ouè.**

**Mouin kouè gin yon sèl Granmèt, sé Jézu-Kri, sèl Ptit Bondié-a.**

**Li sé Ptit Papa-a dépi anvan tout tan.**

**Li sé Bondié nan Bondié-a, limiè nan limiè-a**

**Bondié tout bon vré nan Bondié tout bon vré-a,**

**Li sé Ptit, min sé pa kréyé yo kréyé li.**

**Li sé minm Bondié ak Papa-a.**

**Sé pa pouvoua li tout bagay fèt.**

**Sé pou tout moun, sé pou-l vîn sové nou, li désann sòt nan sièl.**

**Sé pa pouvoua l'Éspri-Sin-an kò-li vîn fèt nan vant Mari ki vièj,**

**é li tounin yon moun.**

**Sé poutèt nou toujou, yo klouré li sou yon koua.**

**Li soufri, sou ringn Pons Pilat, é yo antéré li.**

**Sou toua jou li lévé, jan labib-la té di,**  
**Li monté nan sièl, é li chita adouat Papa-a.**  
**Li gin pou-l rétounin avèk tout pouvoua li,**  
**pou-l jijé ni moun k-ap viv ni moun ki mouri,**  
**É li va roua pou tout tan.**  
**Mouin kouè gin l'Éspri-Sin-an.**  
**Li sé Granmèt é li bay lavi.**  
**Li sé l'Éspri Papa-a ansanm ak Ptit-la.**  
**Yo adoré-l ansanm ak Papa-a, ansanm ak Ptit-la,**  
**é li jouinn minm louanj avèk yo.**  
**Sé li ki t-ap palé, lè profèt-yo t-ap palé.**  
**Mouin kouè gin you sèl l'Égliz, ki fè yon sèl kòt fanmiy.**  
**Li sin. Li la pou tout moun. Sé sou Apot-yo li bati.**  
**Mouin rékonèt gin you sèl batèm pou padoné péché.**  
**M-ap tann tout mò lévé, m-ap tann lavi k-ap vini-an. Amèn.**

### PRÉMIÉ CHAPIT Mouin kouè nan Bondié Papa-a

30      *Poukisa sé nan yon sèl Bondié sèlman nou kouè?*  
**Nou kouè nan yon sèl Bondié paské, dapré sa Liv ki Sin-yo témouagné-a, sé yon sèl Bondié ki ginyin épi paské lojikman pa kapab gin plis pasé yon sèl-la. [200-202, 228]**

Si té gin dé Bondié, youn nan yo t-ap frontiè lòt-la; okinn nan yo pa t-ap san limit, okinn nan yo pa t-ap gin tout pèfeksyon; an konsékans okinn nan dé-yo pa t-ap Bondié (Yahvéh\*). Min kijan Israël eksprimé ékspérians fondamantal li té fè-a: *Kouté, Israël: Granmèt-la, Bondié nou, sé li sèl ki ginyin* (Dt 6,4). San rété profèt-yo t-ap rélé pèp-la pou-l viré do bay fo-dié-yo épi pou-l tounin vîn jouinn sèl Bondié ki ginyin-an: *Sé mouin minm ki Bondié, pa gin lòt* (Iz 45,22).

31      *Poukisa Bondié bay tèt-li yon non?*  
**Bondié bay tèt-li yon non paské li vlé pou moun kapab rivé rankontré-l. [203-213, 230-231]**

Bondié pa vlé pou moun pa konnin-l. Li pa vlé pou yo réspékté-l sinpléman tankou yon « réalité ki anro nèt » yo t-a kapab santi li la, yo t-a kapab déviné li égzisté. Bondié vlé yo konnin-l épi li vlé yo rélé-l tankou yon égzistan k-ap aji. Nan touf rajé ki té plin difé-a, Bondié bay

Moyiz Non-li ki sin-an: YHWH (Égz 3,14). Bondié pèmèt pèp li-a rankontré-l, poutan li toujou Bondié ki kaché-a, mistè ki prézan-an. Nan Israël, poutèt yo réspékté Bondié, yo pa-t abitié prononsé Non Bondié-a (épi jouska prézan yo pa prononsé-l). Nan plas li, yo mété mo Adonay-la (« Granmèt »). Nouvo Téstaman-an\* sèvi ak minm mo sa-a lè l-ap onoré Jézu kòm Bondié tout bon vré: Jézu sé *Granmèt* (Rm 10,9).

32        *Sa sa vlé di : Bondié sé vérité-a ?*

**Bondié sé limiè, pa gin fènoua nan li (1 Jn 1,5).** Paròl-li sé vérité (Pr 8,7 ; 2 S 7,28) épi laloua li-a sé vérité (Ps 119,142). Jézu minm bay garanti Bondié sé vérité-a lè li dékläré dévan Pilat : Sé pou sa mouin vini sou tè-a : pou-m rann vérité-a témoagnaj (Jn 18,37). [214-217]

Yo pa kapab vérifié Bondié tankou jan sians-yo kapab fè-l pou bagay yo kapab égzaminé. Époutan Bondié li-minm té pèmèt yo vérifié-l yon fason spésial. Nou konnin Bondié sé vérité paské nou kapab kouè nèt alé nan Jézu. *Li sé chémin-an, vérité-a, lavi-a* (Jn 14,6). Tout moun ki mét konfians nan li kapab dékouvri-l épi ékspérimenté-l. Si Bondié pa-t « vérité », lafoua-a ak rézon-an pa t-ap kapab dialogé. Poutan toulèdé kapab dakò paské Bondié sé vérité-a épi vérité-a sé nan Bondié li soti.

33.        *Sa sa vlé di : Bondié sé rinmin ?*

**Si Bondié sé rinmin, lè sa-a pa gin okinn kréatu ki pa soutni épi vlopé nan yon byinvéyans san limit.** Bondié pa sèlman dékläré li sé rinmin, li prouvé sa tou : *Pèsonn pa gin pi gran rinmin pasé sa-a : pou yon moun bay lavi-li pou zanmi-l yo* (Jn 15,13). [218-221]

Pa gin okinn lòt rélijion\* ki di sa rélijion krétyin-an di-a : *Bondié sé rinmin* (Jn 4,8.16). Lafoua-a dékläré sa ak fòs minmsi ékspérians soufrans-la ak mal-la sou tè-a konn fè moun-yo douté ap mandé èské Bondié sé rinmin tout bon vré. Nan Ansyin Téstaman-an\* déja, nan bouch profèt Izayi, Bondié té di pèp li-a : *Poutèt ou gin valè dévan jé-m, ou gin bèlté, épi mouin minm mouin rinmin-ou, mouin rimmèt moun nan plas ou, ak nan plas lavi-ou.* Pa pè, paské mouin avèk ou (Iz 43,4-5). Li fè-l konnin tou: *Épi Siyon t-ap di Granmèt-la lagé-m, Granmèt-la bliyé-m.* Èské yon fi kapab bliyé ti bébé l-ap bay téte, pou-l pa sansib pou pitit ki sot nan vant li? Minmsi t-a ginyin ki bliyé, mouin minm mouin pa gin doua bliyé-ou. Gadé sé nan plat min-m mouin ékri non-ou (Iz 49,14-15). Lè Jézu bay lavi-li pou zanmi-l yo sou koua-a, li montré sa-l té konn di osiè rinmin Bondié-a sé pa-t paròl vid.

34      *Kisa pou nou fè lè nou rékonèt gin Bondié ?*

**Lè nou rékonèt gin Bondié, nou doué ba li prémié plas nan lavi-nou. Lè sa-a yon lavi tou nèf ap kòmansé pou nou. Yo t-a doué rékonèt krétyin-yo nan rinmin yo rinmin minm ènmi-yo.** [222-227, 229]

Rékonèt Bondié, sé rékonèt prezans li-minm ki kréyé-m nan, ki té vlé pou-m égzisté-a, k-ap gadé-m ak rinmin san rété chak moman, ki bénit lavi-m, ki konsèvé-l, ki kinbé tè-a ak tout moun mouin rinmin-yo nan min-l, k-ap tann mouin vîn jouinn li byin vit, ki t-a vlé konblé-m ak kontantman, minnin-m nan pèfeksyon-an épí ki souété pou-m toujou rété bò koté-l. Fè yon ti souri ba li pa asé. Krétyin-yo doué désidé viv minm jan ak Jézu.

35      *Èské nou kouè nan yon sèl Bondié oubyin nan toua divinité ?*

**Nou kouè nan yon sèl Bondié an toua pèrsòn (Trinité\*). « Bondié pa solitid min kominion nèt-alé ki pa manké anyin »** (Benoua XVI, 22 mé 2005). [232-236, 249-256, 261, 265-266]

Krétyin-yo pa priyé toua dié diféran, min yon sèl-la ki pa gin anyin tankou-l, ki manifésté kòm Trinité (an toua) antan-l toujou youn sèlman. Sé Jézu-Kri ki fè nou konnin Bondié sé trinité. Li-minm, *Pitit-la palé osijè Papa-l nan sièl-la* (*Mouin minm ak Papa-a sé youn nou yé*, Jn 10,30). Li priyé-l épí li ba nou l'Éspri-Sin-an ki sé rinmin Papa-a ak Pitit-la ginyin youn pou lòt-la. Sé poutèt sa nou batizé onon Papa-a ak Pitit-la ak l'Éspri-Sin-an (Mt 28,19).

36      *Èské apati yon rezònman lojik, yo kapab rivé déklaré Bondié sé trinité ?*

**Non. Trinité\* Bondié-a sé yon mistè. Nou pa kapab rivé konnin Trinité-a si sé pa atravè Jézu-Kri.** [237]

Si sé avèk kapasité pròp intèlijans pa-yo sèlman y-ap sèvi, moun-yo pa t-a kapab rivé dékläré égzistans Sint Trinité-a. Min mistè sa-a, rézon nou kapab antré ladan-l lè nou akéyi Révélation\* Bondié-a nan Jézu-Kri. Si Bondié té pou kont-li, tou sèl, li pa t-a kapab rinmin dépi tout étènité-a. Nan limiè Jézu nou jouinn tras Bondié an toua pèrsòn-nan déjà nan Ansyin Téstaman-an\* (parégzanz Jén 1,2 ; 18,2 ; 2 S 23,2) épí minm nan tout kréasion-an.

37        *Kijan Bondié sé « Papa » ?*

Nou réspékté Bondié kòm Papa, toudabò paské li sé Kréatè-a épi l-ap okipé kréatu li yo ak rinmin. Jézu, Pitit Bondié-a, aprann nou tou pou nou konsidéré Papa-l kòm Papa-nou épi nou kapab palé avèk li antan nou rélé-l : « Papa-nou. » [238-240]

Diféran rélijion ki té la anvan rélijion krétyin-an té déja konn rélé Bondié « Papa ». Nan Israël, anvan Jézu, yo té déja konn palé ak Bondié antan yo rélé-l Papa (Dt 32,6 ; Mi 2,10) antan yo té konnin li té tankou yon Manman tou (Iz 66,13). Nan ékspérians moun abitué fè, papa-a ak manman-an sé sous-la yo yé épi otorité-a, sé yo ki protéjé épi ki soutni nou. Jézu-Kri vîn montré nou kòman Bondié sé Papa tout bon vré : *Moun ki ouè-m, li ouè Papa-a* (Jn 14,9). Nan parabòl pitit yo té pèdi-a (ti banbochè-a), Jézu éksprimé souaf moun-yo ginyin nan fin-fon kè yo pou yo rankontré yon Papa mizérikòd. ↵ 511-527

38        *Kilès l'Éspri-Sin-an yé ?*

L'Éspri-Sin-an sé touazièm pèrsòn Sint Trinité-a\*. Li Bondié épi li patajé ansanm ak Papa-a ak Pitit-la minm gloua Bondié-a. [243-248, 263-264]

Lè nou dékouvri réalité Bondié-a *nan nou*, sèké nou anba infliyans l'Éspri-Sin-an. Bondié té voyé l'Éspri Pitit li-a *nan kè-nou* (Ga 4,6) pou li kapab réponn nou an plin. Nan l'Éspri-Sin-an, krétyin-an jouinn kontantman ki fon, lapè sou paranndan-an épi libêté-a. *Nou pa-t résévoua éspri ésklavaj-la yon lòt foua ankò réyèlman, pou krint, min nou té résévoua l'Éspri pitit Bondié-a, li minm nou rélé 'Aba', 'Papa', nan li-a* (Rm 8,15). Nan l'Éspri-Sin-an nou té résévoua lè batèm-nou ak konfirmasyon\*-nou, nou kapab di Bondié : « Papa ». ↵ 113-120, 203-207, 310-311

39        *Èské Jézu sé Bondié ? Èské li sé youn nan Trinité-a ?*

Jézu, moun Nazarèt-la, sé Pitit-la, dézièm pèrsòn nan Sint Trinité-a, sé li minm nou rélé lè nou priyé antan nou di : *Onon Papa-a ak Pitit-la ak l'Éspri-Sin-an* (Mt 28,19). [243-260]

Lè Jézu té présenté pròp tèt-li kòm mèt saba-a\* épi li té kité yo rélé-l ak tit « Granmèt »-la ki tit Bondié, sé soua li t-ap tronpé moun, soua sé Bondié li yé réyèlman. Si-l pa-t Bondié sé sakriléj li t-ap fè, sé dérespékté li t-ap dérespékté Bondié lè li t-ap padoné péché-yo. Pou moun ki t-ap viv nan minm épòk avè-l yo, krim sa-a té mérité lanmò. Gras a mirak ak sign li t-ap fè-yo épi sitou gras a Réziréksion-l nan,

disip li-*yo* té dékouvrir kilès Jézu té *yé vrèman* épi yo té adoré-l kòm Granmèt-la. Sé sa ki lafoua l'Égliz-la\*.

40      *Èské Bondié kapab fè tout bagay ? Èské-l gin tout pouvoua ? Nan pouin okinn paròl ki pa kapab réalisé pou Bondié (Lk 1,37). Li gin tout pouvoua. [268-278]*

Yon moun rélé Bondié lè-l gin problèm paské li kouè Bondié gin tout pouvoua. Bondié kréyé tout bagay apati anyin. Li sé mèt istoua-a. L-ap dirijé tout bagay épi li kapab fè tout bagay. Fason li sèvi ak tout pouvoua li ginyin-an sé yon mistè. Sa rivé anpil foua pou y-ap mandé : « Min ki koté Bondié té *yé* ? ». Pa lintèmèdiè profèt Izayi li réponn : *Sèké pansé pa nou sé pa pansé pa-m, chémin pa-m sé pa chémin pa nou* (Iz 55,8). Sa rivé anpil foua pou Bondié manifesté tout puisans-li koté lèzòm pa t-ap tann anyin ankò. Impuisans vandrédi sin-an té kondision Réziréksion-an. ↵ 51, 478, 506-507

41      *Èské dékouvèt siantifik-yo fè yo pa bézouin pansé gin yon Kréatè ?*

Non. Lè yo di « Bondié kréyé tout bagay » sé pa yon déklärasion siantifik ki démodé. Sé yon déklärasion téologik, sa vlé di yon déklärasion osijè plas bagay-yo ginyin nan plan Bondié té vlé-a (*théòs*, « Bondié », *logòs*, « signifikasjon ») épi osijè orijin yo ki sot nan Bondié. [282-289]

Istoua kréasion-an pa yon éksplikasjon siantifik sou kòmansman égzistans tè-a. « Bondié kréyé tè-a » sé yon afirmasyon téologik koté y-ap palé osijè rélasyon tè-a ak Bondié. Bondié té vlé égzistans tè-a, l-ap akonpagné-l épi li vlé minnin-l nan akonplisman-l. Lè yo di yon réalité sé « kréyé yo kréyé-l » sé karakteristik réalité-a nan li-minm y-ap indiké épi yon vérité élémantè y-ap di osijè-l.

42      *Èské yon moun kapab patizan « évolution »-an ak fèm konviksion épi pou li kouè kanminm nan yon Kréatè ?*

Oui. Lafoua-a ouvri parapò a ipotèz siantifik-yo. [282-289]

Téoloji-a pa gin konpétans nan domèn sians ékspérimental-yo, sians sa-yo non plis pa gin konpétans nan domèn téologik-la. Sians-yo pa kapab nié katégorikman gin yon finalité nan déroulman kréasion-an. Konsa tou, lafoua-a pa kapab détèminé kòman déroulman sa-yo ap fèt konkrètman nan mouvman évolution natirèl-la. Yon krétyin kapab dakò ak téori siantifik évolution-an kòm yon éksplikasjon téorik ki kapab itil,

dépi li pa tonbé nan érè idéoloji évolutionist-la ki di moun-nan sé rezulta yon sinp aza nan réaksion biologik-yo. Téori Évolution-an\* mété gin « yon réalité » k-ap évolué, min li pa di anyin sou « ki koté » réalité sa-a soti. Sé pa apati téori sientifik-yo yo kapab réponn késion ki konséné égzistans, ésans, dignité, mision, signifikasyon ak rezondèt tè-a épi moun-yo. Ni « évolutionism idéologique » lakay kèk moun, ni Kréationism-nan\* lakay lòt moun, yo dépasé limit ki akséptab-yo. San yo pa réfléchi, kréasionist-yo pran chif ak dat ki nan Bib-la alalèt (parégzanp laj tè-a oubyin kréasion an 6 jou-a).

43      *Èské inivè-a sé rezulta yon aza ?*

**Non. Sé Bondié ki sous inivè-a, sé pa yon aza. Ni nan sous-li, ni nan lòd li gin anndan-l, ni nan finalité-l, inivè-a pa rezulta fòs k-ap aji « san okinn diréksion ». [295-301, 317-318, 320]**

Krétyin-yo kouè li posib pou yo déchifré kréasion-an tankou yon liv Bondié ekri alamin. Savan k-ap konsidéré tout inivè-a kòmsi sé nan aza li soti, san signifikasyon, san rezondèt, Pap Jan-Pòl II té ba yo yon répons an 1985 : « Palé dé aza osijè yon inivè ki gin yon òganizasyon tèlman konplèks nan élément li-vo épi yon finalité tèlman ekstraordinè nan lavi-li, sa t-a vlé di rénonsé chèché yon eksplikasyon pou inivè-a jan nou ouè-l la. An réalité, sa t-a vlé di admèt rezulta-vo san yon kòz. Lè sa-a sé intèlijans moun-nan ki t-a bat ba, ki t-a rénonsé réfléchi épi chèché yon solision pou problèm li-vo ». ↗ 49

44      *Kilès ki kréyé tè-a ?*

**Sé Bondié sèl, li minm ki dépasé espas-la ak tan-an, sé li ki kréyé inivè-a apati anyin épi ki rélé tout bagay vîn égzisté. Tout sa ki égzisté dépann dé Bondié épi an konsékans yo pa gin okinn konsistans si sé pa paské Bondié fè yo la. [290-292, 316]**

Nan yon sètin sans, kréasion inivè-a sé « travay Trinité-a ansanm ». Papa-a sé Kréatè-a ki gin tout pouvoua-a. *Pitit-la bay inivè-a yon signifikasyon, sé li-minm ki kè tout bagay : Tout bagay gras a li épi pou li yo kréyé* (Kol 1,16). Sé sèlman lè nou aprann konnin Kris-la nou konprann poukisa inivè-a bon. Lè sa-a nou konprann inivè-a ap maché nan diréksion yon aboutisman : vérité, bonté, bëlté Granmèt-la. L'Éspri-Sin-an asiré inité tout bagay-vo ; li sé l'Éspri ki bay lavi-a (Jn 6,63).

45      *Èské loua natirèl-yo épi prinsip ak òganizasyon réalité natirèl-yo sé nan Bondié yo soti tou ?*

**Oui. Sé Bondié ki kréyé tout loua natirèl-yo épi lòd òganizaion tout bagay natirèl-yo. [339, 346, 354]**

Moun-nan, yo pa kapab modlé-l nèt jan yo t-a vlé. Sé lòd ak loua natirèl Bondié mété nan kréasion-l nan ki modlé moun-nan. Yon krétyin pa kapab fè « sa li vlé » tou sinpléman. Li konnin l-ap fè tèt-li ditò épi l-ap détouï anvirònman-an, lè li pa konsidéré loua nati-a, lè l-ap sèvi ak bagay-yo yon fason ki kontré ak jan yo t-a doué fè-l épi lè l-ap pran pòz li konnin plis pasé Bondié ki kréyé yo-a. Moun-nan pa kapab pansé tout bagay pou kont-li apati zéro. Sa-a sé bagay ki dépasé-l.

46      *Poukisa liv Jénèz-la présentant kréasion-an tankou « 6 jou travay youn apré lòt » ?*

**Yon sémèn travay ki kouronnin ak yon jou répo (Jén 1,1-2,3), sé yon imaj, yon sinbòl pou di kijan kréasion-an bon, kijan-l bèl épi kijan li òdoné avèk sajès. [337-342]**

Apati imaj sinbolik « travay yo fè pandan sis jou-a » gin pliziè élément fondamantal yo kapab dékouvrir :

1. Tout sa ki égzisté sé Kréatè-a ki fè yo vîn égzisté.
2. Chak kréatu gin prop bonté pa-l.
3. Minm sa ki t-a vîn mové apré, kanminm yo gin yon nouayo bonté nan yo.
4. Tout kréatu-yo dépann youn dé lòt épi égzisté youn pou lòt.
5. Nan lòd ak bèl aranjman li ginyin-an, kréasion-an sé yon pòtré bonté ak bëlté ki dépasé nèt nan Bondié-a.
6. Gin yon yérarchi (lòd) nan kréaison-an : moun-nan dépasé bët-la, bët-la dépasé plant-yo, plant-yo dépasé matiè ki pa gin lavi-a.
7. Kréaison-an ap progrésé pou-l al nan yon gran fêt, lè Kris-la ap tounin vîn pran inivè-a épi Bondié ap tout bagay nan tout moun. → 362

47      *Poukisa Bondié té répozé sétièm jou-an ?*

**Apré travay-la, Bondié répozé. Sa fè nou konprann kijan achèvman ak aboutisman kréaison-an, li dépasé tout éfò moun-yo ap fè. [349]**

Minmsi moun-nan sé jèn ti kolaboratè Kréatè-a (Jén 2,15), li pa kapab sové tè-a ak sèl éfò pa-l sèlman. Déstinasion kréaison-an sé yon sièl nouvo ak yon tè nouvo (Iz 65,17) gras a rédanmsion yo ofri nou-an. Donk répo nou pran jou dimanch-la, ki ba nou yon avangou répo sièl-la, li dépasé périod travay k-ap préparé nou pou li-a. → 362

- 48        *Ki projè, ki lidé Bondié té ginyin lè-l té kréyé invè-a ?  
 « Sé pou gloua-li Bondié té kréyé invè-a » (Vatikan II). [293-294, 319]*

Kréasion-an pa gin lòt rézondèt pasé rinmin-an. Nan kréasion sa-a, nou ouè pòtré gloua ak onè Bondié. Fè louanj Bondié sé pa bat bravo pou li. An réalité, moun-nan pa yon spéktatè parapò a travay kréasion-an. Pou moun-nan, fè louanj Bondié vlé di : aksépté pròp égzistans-li antan l-ap di mèsi ansam ak tout kréasion-an. ↗ 489

### Providans Bondié

- 49        *Èské Bondié ap dirijé tout bagay épi lavi-m tou ?  
 Oui, min yon fason ki dépasé intèlijans-nou ; Bondié ap dirijé tout bagay al nan akonplisman yo min nan chémin li-minm sèl li konnin. Nan okinn moman li pa kité sa-l kréyé-yo chapé anba min-l.* [302-305]

Bondié aji non sèlman sou gran événman istoua-a min tou sou ti événman lavi pèsonèl pa-nou, san-l pa kouinsé libêté-nou pou sa, kòmsi sé marionèt nou t-a yé nan projè li gin dépi tout tan-an. Nan Bondié, réyèlman nou viv, épi nou gin mouvman, épi nou égzisté (Tr 17,28). Bondié la nan tout monté-désann lavi nou, minm nan événman ki fè nou mal-yo oubiyin nan sa-k rivé ki sanblé pa gin okinn sans. Bondié vlé ékri douat minm ak lign koub lavi nou. Sa-l pran ak sa-l ba nou, sa-k ba nou fòs ak sa-k fè nou soufri, tout sa sé éfè Providans-li épi sé sign volonté-li. ↗ 43

- 50        *Ki plas moun-nan ginyin nan Providans Bondié-a ?  
 Providans Bondié-a pap fin fè kréasion-an san nou. Li invitè nou kolaboré nan achèvman kréasion-an.* [307-308]

Moun-nan kapab réfizé volonté Bondié-a. Min sa pi bon pou li si-l tounin instriman rinmin Bondié-a. Mè Téréza té konn di : « Sé yon ti kréyon mouin yé nan min Granmèt-la. Sé pou-l égizé kréyon-an. Sé pou-l toujou ékri oubiyin désiné sa li vlé, koté-l vlé. Lè sa ki ékri oubiyin désiné-a bon, nou pa fè konpliman pou kréyon-an oubiyin papié yo ékri sou li-a, min pou moun ki té sèvi ak li-a ». Minmsi Bondié aji avèk nou épi pa lintèmèdiè nou, nou pa doué janm konfond pousa pròp idé nou, pròp

projè nou épi pròp aksion nou ak aksion Bondié. Bondié pa bészouin travay nou-an, kòm si pou kichòy t-a manké-l si nou pa t-a fè-l.

51      *Si Bondié konn tout bagay épi li kapab fè tout bagay, poukisa li pa anpéché mal-la ?*

**« Bondié pa t-ap toléré mal-la si-l pa t-ap fè kichòy ki pi bon soti ladan-l » (sin Toma d'Akin). [309-314, 324]**

Sou tè-a, mal-la sé yon mistè ténèb épi soufrans. Jézu ki klouré sou koua-a té mandé Papa-l : *Bondié mouin, poukisa ou lagé mouin ?* (Mt 27,46). Gin anpil bagay nan domèn sa-a nou pa kapab rivé konprann. Min gin yon bagay nou konnin ki sètin : Bondié bon nèt-alé asanpousan. Li pa janm kòz kichòy ki pa bon. Bondié té kréyé yon inivè ki bon min ki poko fini. Pa lintèmèdiè boulvèisman ki violan épi étap ki fè mal, tout bagay pral nan diréksion achèvman-l. Li bon pou nou distingé pi byin sa l'Égliz-la rélé *mal fizik-la* sou yon bò, yon moun andikapé ki fèt konsa parégzanp oubiyin yon katrastròf natirèl, épi sou yon lòt bò *mal moral-la* ki soti nan sèvi yo sèvi mal ak libêté-a sou tè-a. « Lanfè-a li sou tè-a » – timoun sólda, atanta-suisid, kan konsantrasion – épi sé sitou rézulta aksion moun-yo. Donk késion fondamantal-la sé pa : « Kòman nou ka kouè nan yon Bondié ki bon alòské gin sitèlman mal ? », min « Kòman yon moun ki gin kè, ki gin rézon, t-a kapab sipòté pou-l viv sou tè sa-a si Bondié *pa-t* égzisté ? ». Lanmò ak réziréksion Kris-la montré nou mal-la pa gin prémie mo-a épi li pap gin dènié mo-a. Apati sa-k pi mal-la, Bondié fè byin nèt-alé-a soti. Nou kouè nan dènié jijman-an, Bondié ap mété yon pouin final nan tout injistis. Nan lavi ki gin pou vini-an, mal-la pap gin okinn plas épi soufrans-la pral fini. ↵ 40, 286-287

### Sièl-la ak kréatu ki ladan-yo

52      *Kisa sièl-la yé ?*

**Sièl-la sé kondision lavi ki pou Bondié-a, dimension lavi koté anjyo ak sin-yo rété-a épi aboutisman final kréasion-an. Lè nou di « sièl-la ak tè-a », nou vlé di kréasion-an toutantié. [325-327]**

Sièl-la pa yon koté byin délimité nan inivè-a. Sé yon éta, sé fason lavi-a yé, andéyò limit tan-an ak éspas-la, sé sa yo rélé lòt bò-a (« l'au-delà »). Sièl-la sé koté Bondié fè volonté-l san anyin pa rézisté li. Gin sièl-la tout koté y-ap viv tout bon vré épi tout koté gin tout kontantman ki posib – yon lavi ki pa kapab égzisté sou tè-a. Lè nou va rivé nan sièl-la

ak sékou Bondié, lè sa-a sa k-ap tann nou sé sa jé pa-t ouè, épi zòrèy pa-t tandé, épi yo pa-t monté nan kè moun, sa Bondié té paré-yo pou sa-k rinmin-l yo (1 Kor 2,9). ↗ 158, 285, 518

53 *Kisa lanfè-a yé ?*

**Nan lafoua-nou, mo « lanfè »-a vlé di sitiasion sa-k viré do bay Bondié nèt-la.** Lè yon moun ouè rinmin-an aklè antan-l ouè Bondié fas a fas épi malgré sa li pa vlé rinmin-an, li chouazi sitiasion sa-a. [1033-1036]

Jézu ki konnin lanfè-a dékläré li tankou fènoua-a sa-k déyò-a (Mt 8,12). Gin koté jodi-a yo t-a pito di lanfè-a frèt, li glasé : sé tankou yon angoudisman tout manb-yo ki bay frison épi ki bay dézespoua total parapò a tou sa ki t-a kapab édé, soulajé, bay kè kontan ak konsolasion nan lavi-a. ↗ 161-162

54 *Kisa anj-yo yé ?*

**Anj-yo sé kréatu Bondié fè ki spirituèl sètadi ki pa matérièl ditou, ki pa gin kò jan nou minm nou ginyin-an, yo sé espri ki gin intèlijans ak volonté.** Kòm yo pa gin kò, yo pa kapab mouri épi nòmalman yo pa kapab ouè yo ak jé. Kòm y-ap viv tout tan nan prezans Bondié, yo fè moun konnin sa Bondié vlé épi yo protéjé nou nan non Bondié. [328-333, 350-351]

Jan Kadinal Jozèf Ratzinger té ékri-a, yon anj « sé tankou yon pansé pèsonèl Bondié fè pou mouin ». An minm tan, anj-yo viré nèt nan diréksion Kréatè yo-a. Rinmin ap boulé kè yo pou li épi y-ap sèvi-l lajounin kon lannuit. Yo pa janm sispann chanté louanj-li. Nan Liv ki Sinyo yo rélé anj ki té tonbé-yo diab oubyin démon.

55 *Èské sa posib pou nou antré an komunikasion ak anj-yo ?*

**Oui. Nou kapab mandé yo sékou épi mandé yo intèSEDÉ kot Bondié pou nou ak priyè yo.** [334-336, 352]

Bondié bay chak grinn moun yon anj-gadyin. Sa bon épi sa rézonab pou priyé anj-gadyin-yo pou nou-minm épi pou lòt-yo. Konsa tou, anj-yo kapab fè yon krétyinanti prezans yo antan y-ap akonpagné-l ak sékou y-ap ba-l parégzanp, oubyin ak mésaj yo poté ba li. Fo-anj ki soti nan invasion imajinasion moun k-ap fè maji-yo pa gin anyin pou ouè ak lafoua-a.

## Moun-nan kòm kréatu Bondié

56      *Èské moun-nan gin yon plas spésial nan kréasion-an ?  
Oui. Moun-nan sé pouint tèt kréasion-an paské Bondié kréyé-l  
dapré pòtré-l ak résanblans-li (Jén 1,27). [343-344, 355]*

Fason yo kréyé moun-nan byin distingé parapò a fason yo kréyé lòt vivan-yo. Moun-nan sé yon pèrsòn, sa vlé di li kapab désidé pou-l rinmin oubyin pa rinmin gras a volonté-l épi intèlijans-li.

57      *Kijan moun-nan doué konpôté-l ak bêt-yo épi lòt kréatu-yo ?  
Moun-nan doué réspékté Kréatè-a nan kréatu li-yo épi li doué konpôté-l byin avèk yo antan-l konnin responsabilité-l. Moun-yo,  
bêt-yo épi plant-yo gin minm Kréatè-a ki fè yo vîn égzisté paské li  
rinmin yo. Donk, pran souin bêt-yo épi protéjé yo sé yon konpôtman nòmal lakay moun-nan. [344, 354]*

Sètènman, moun-nan gin doua sèvi ak plant-yo épi bêt-yo kòm nouriti, min li pa gin doua fè yo pasé mizè épi maltrétré yo. Sa t-a kontré ak dignité kréasion-an yo doué réspékté-a, minm jan sa yé tou lè y-ap égzajéré nan eksplouaté tè-a poutèt souaf lajan ki avéglé moun-yo.

58      *Sa sa vlé di : yo kréyé moun-nan dapré « pòtré Bondié » ?  
Kontrèman ak ròch-yo, pié boua-yo épi bêt-yo, moun-nan gin léspri. Karaktéristik sa-a fè li pi pré Bondié pasé lòt kréatu yo ka ouè-yo. [355-357, 380]*

Moun-nan pa yon *bagay*, sé yon *moun*, yon pèrsòn, sètadi intèlijans, volonté, libété ak rinmin. Sé nan sa tou nou kapab di moun-nan sanblé ak Bondié. Moun-nan kapab réfléchi pi louin pasé ti limit pèsépsion sansib li-yo épi li kapab anbrasé imansité tout sa ki égzisté. Li kapab pran yon distans parapò a pròp tèt-li pou-l jijé sa l-ap fè épi chanjé konpôtman-l. Li konsidéré lòt-yo kòm sijè pèrsonèl tou antan-l dékouvrí dignité yo épi antan-l rinmin yo. Pami tout kréatu yo kapab ouè-yo, sé moun-nan sèl ki kapab rékonèt Kréatè li-a épi *rinmin-l*, (*Vatican II, Gaudium et Spes* [GS] 12,3). Sé poutèt sa moun-nan fèt pou-l viv nan rélation zanmi avèk Bondié (Jn 15,15).

59      *Poukisa Bondié té kréyé nou ? [cf. késion 1 épi 2]  
Bondié té kréyé tout bagay pou moun-nan. Moun-nan minm sé « sèl kréatu sou tè-a Bondié té vlé kòm yon aboutisman final »*

(GS) ; Bondié té kréyé-l pou-l té kapab joui nan kontantman an plin-an. Li rivé nan kontantman an plin-an lè li konnin Bondié, lè-l rinmin-l, lè-l sèvi-l épi lè li viv nan rékonésans pou Kréatè-l la. [358]

Rékonésans-la sé konstaté rinmin Bondié-a. Moun ki gin rékonésans-la li viré ak tout kè-l ak tout libèté-l nan diréksion Kréatè tout byin-an épi li aksépté vîn fè youn ak li yon lòt fason épi pi afon. Bondié anvi nou rékonèt rinmin li-an épi viv ansanm avèk li dépi kounié-a épi pou tout tan.

60        *Poukisa Jézu sé pi bèle égzanp ki ginyin sou latè ?*

**Jézu-Kri pa gin parèy, sé li-minm sèl ki montré nou non sèlman kilès Bondié yé min tou kisa moun-nan doué tounin pou-l moun tout bon vré. [358-359, 381]**

Jézu té plis pasé yon moun idéal. Minm moun ki sanblé ekstraòdinè-yo sé péchè yo yé. Donk, pa gin pèsonn moun ki t-a modèl san défo pou moun-nan. Min Jézu té san péché. Sa-k fè moun-nan moun tout bon vré-a épi ki fè yo kapab rinmin-l, nou ouè-l nan Jézu-Kri, *li-minm ki té sibi tantasion minm parapò tout bagay minmman parèyman sof péché* (Éb 4,15). Jézu, Pitit Bondié-a, sé moun tout bon vré-a. Nan li, nou dékoutri kijan Bondié vlé pou moun-yo yé.

61        *Ki sa-k fè tout moun égal-égo ?*

**Tout moun égal-égo paské yo gin minm sous nan rinmin Bondié ki kréyé yo-a. Tout moun gin yon sovè nan Jézu-Kri. Tout moun fèt pou jouinn kontantman ak lavi pou tout tan-an nan Bondié. [360-361]**

Donk, tout moun sé frè ak sè. Krétyin-yo doué solidè non sèlman ak lòt krétyin parèy-yo, min tou ak tout moun épi konbat avèk fòs tout divizion pami lèzòm poutèt késion ras, sèks (gason oubiyin fi), mouayin ékonomik. ↵ 280, 517

62        *Kisa nanm-nan yé ?*

**Nanm-nan sé sa-k fè moun-nan moun. Sé prinsip spirituèl lavi moun-nan, sa ki pi intim nan li. Sé aksion nanm-nan ki fè kò matérièl-la vîn yon kò vivan, yon kò moun. Gras a nanm-nan, moun-nan kapab di « mouin minm » épi li kapab kanpé dévan Bondié nan yon rélasion koté li iranplasab ! [362-365, 382]**

Moun-nan sé kò ak éspri. Min éspri moun-nan plis pasé yon produi kò-a épí yo pa kapab ékspliké-l sèlman apati konstitision fizik-la. Intèlijans-nou di nou : fòk gin yon prinsip spirituèl ki fè youn ak kò-a san-l pa minm bagay ak li. Nou rélè-l « nanm ». Minm si sians ékspérimental-yo pa t-a kapab prouvé égzistans nanm-nan, si yo pa konsidéré éléman spirituèl sa-a ki dominé matiè-a, yo pap kapab konprann kijan moun-yo fè gin léspri. ↗ 153-154, 163

### 63      *Koté nanm-nan soti ?*

**Sé Bondié ki kréyé nanm moun-nan dirèktéman. Sé pa paran-yo ki « produi »-l. [366-368, 382]**

Nanm moun-nan pa kapab résulta dévlopman évolution matiè-a ni résulta rélation jénétik ant papa-a ak manman-an. Mistè ki fè chak moun san parèy épí pa gin dé tankou-l dépi lè-l fèt épí li sé yon éspri, l'Égliz-la ékspliké sa antan-l di : Bondié ba nou yon nanm ki pap mouri, minm lè moun-nan pèdi kò-l lè-l mouri pou-l jouinn li apré nan reziréksion-an. Lè nou di : « Mouin gin yon nanm », sa vlé di : « Bondié pa kréyé-m minm jan li kréyé bagay-yo, min kòm yon moun, yon sijè pèsonèl ki gin intèlijans, volonté ak kapasité rinmin épí li rélè-m pou-m gin yon rélation san fin avèk li ».

### 64      *Poukisa Bondié kréyé moun-nan gason ak fi ?*

**Bondié sé rinmin épí sé modèl kominion tout bon vré-a, li té kréyé moun-yo gason ak fi pou ansanm yo té kapab yon imaj pòtré sa-l yé-a. [369-373, 383]**

Bondié té kréyé moun-nan, gason ak fi, pou-l kapab anvi akonplisman-ak plénitud-li nan rankont ak diférans moun lòt sèks-la. Gason ak fi gin minm dignité-a égal-égo nèt-alé, min yo chak, dapré projè Kréatè-a ki té fè yo gason oubyin fi, yo éksprimé diféran aspè nan pèfeksyon Bondié-a. Bondié pa ni gason ni fi, min li té manifesté-l dapré kèk aspè sa yon papa yé (Lk 6, 36) ak sa yon manman yé (Iz 66, 13). Nan rinmin yon fi ak yon gason ginyin youn pou lòt épí spésialman nan kominoté mariaj-la koté gason-an ak fi-a vîn tounin yon sèl chè (Jén 2, 24) nou kapab imajiné yon ti kras kichòy nan kontantman fè youn ak Bondié-a koté nou chak ap jouinn lavi an plin nèt alé-a. Minm jan rinmin Bondié-a fidèl, sé konsa tou rinmin moun-nan ap viv-la ap chèché fidèl tou, épí dapré pòtré rinmin Bondié-a, rinmin sa-a vîn kréatè, paské gin lòt lavi ki pral boujonnin apati mariaj-la. ↗ 260, 400-401, 416-417

65        *É moun ki gin panchan omoséksuèl-yo ?*

L'Égliz-la kouè, dapré lòd kréasion-an, fi-a ak gason-an yo té kréyé yo youn pou lòt nan yon rélation ki égzijé nésésèman youn angajman youn ak lòt pou yo kapab fè timoun épi ba yo lavi. Sé poutèt sa l'Égliz-la pa dakò ditou ak pratik omoséksuèl-yo. Min krétyin-yo doué réspékté épi rinmin tout moun, kèlkésoua orientasyon séksuèl yo, paské Bondié rinmin nou épi réspékté nou chak. [2358-2359]

Pa gin pèsonn moun sou tè-a ki pa fèt soti nan rélation yon manman ak yon papa. Donk sé yon ékspérians ki rèd sa yé pou kèk moun ki gin tandans omoséksuèl pou yo pa santi sèks opozé-a atiré yo épi pou yo oblijé rénoncé fékondité fizik yon rélation ki t-a konfòm ak sa moun-nan yé-a épi ak lòd Bondié mété nan kréasion-an. Min anpil foua nou pa kapab prévoua chémin Bondié-yo : yon bagay moun-nan manqué, yon bagay li pèdi, yon blésé li blésé – lè li aksépté yo épi admèt yo pozitivman – kapab tounin yon tranplin pou-l rivé lagé-l nan bra Bondié, Bondié sa-a ki fè tout bagay viré an byin épi ki fè ouè li pi gran toujou kòm sovè pasé kòm kréatè. ↗ 415

66        *Èské soufrans ak lanmò fè pati projè Bondié-a ?*

**Bondié pa vlé pou moun-yo ap soufri épi mouri. Projè li té ginyin pou yo o kòmansman-an sé Paradi-a. Viv pou tout tan. Lapè ant Bondié, moun-yo ak anvirònman-an. Lapè ant gason-an ak fi-a.** [374-379, 384, 400]

Pafoua nou santi kijan lavi-a t-a doué yé épi kijan nou minm, nou t-a doué yé. Min an réalité, n-ap viv nan goumin ak pròp tèt pa nou, nou pè yon bann bagay k-ap dominé nou épi yon bann passion nou pa kapab kontrolé épi nou pèdi rélation byin akòdè nou té gin odépa ak tè-a épi finalman ak Bondié. Nan Liv ki Sin-yo, yo éksprimé ékspérians aliénasyon sa-a nan istoua « tonbé prémié paran nou-yo té tonbé-a ». Poutèt péché-a té glisé kò-l nan paradi koté Adan ak Èv t-ap viv an armoni avèk pròp tèt pa yo épi avèk Bondié, yo té oblijé kité paradi sa-a. Travay di, soufrans, lanmò, tantasion péché-a : sé sign nou pèdi paradi-a.

## Moun-nan tonbé nan péché-a

67      *Kisa péché-a yé ?*

**Fondamantalman, péché-a sé réjté Bondié épi réfizé aksépté rinmin-I nan. Li manifésté nan méprisé moun-nan méprisé kòmandman Bondié-yo. [385-390]**

Péché-a plis pasé yon mové konpòtman ; sé pa yon sinp féblès psikolojik. An réalité, dépi yo réjté oubyin détoui kichòy ki bon, sé réjté yo réjté byin-an pou mal-la, sé réjté yo réjté Bondié. Sa ki pi rèd épi térib nèt nan péché-a, sèké li séparé nou ak Bondié. Sé poutèt sa lanmò-a sé konsékans lojik péché-a. Sé gras a Jézu sèlman nou konprann profondè ténèb péché-a : pou-l té patisipé nan kondision moun ki réjté Bondié nan fè péché-a, Jézu té soufri konsékans péché-a nan pròp kò-li. Li pran fòs lanmò péché-a sou li pou li kapab pa rivé sou nou. Sé tout sa mo « rédanmsion »-an vlé di. → 224-237, 313-318, 348-468

68      *Kisa péché orijinèl-la yé ? Nan kisa tonbé Adan ak Èv tonbé-a konsèné nou ?*

**Osans pròp, péché-a sé yon mankman ki konsèné responsabilité chak moun pèsonèlman. Poutan « péché orijinèl »-la pa vlé di yon fot pèsonèl min sitiasion ki pa favorab koté chak moun vîn antré anvan li t-a gin désision lib ki t-a fè-l fè péché li-minm pèsonèlman-an. [388-389, 402-404]**

Nan tonbé Adan ak Èv tonbé nan péché-a, – jan Benoua XVI di-l la, – nou doué konprann « nou tout n-ap poté nan nou yon gout nan pouazon mantalité sa-a, fason-d-pansé sa-a, sa yo présenté nou ak imaj liv Jénèz\*<sup>la</sup>... Moun-nan pa fè Bondié konfians. Paròl sèpan-an k-ap tanté-l fè-l kòmansé douté... l-ap pansé Bondié t-a tankou yon rival yon opozan k-ap limité libêté-nou épi nou t-a békouin mété Bondié akoté nèt pou nou t-a vîn moun tout bon... Moun-nan réfizé résévoua égzistans-li nan min Bondié ak lavi an plin-an... Lè li aji konsa li plis fè manti konfians pasé vérité-a é sé sa-k fè lavi-li pèdi nan vid ak nan lanmò ». (Benoua XVI, 8 désanm 2005).

69      *Èské akòz péché orijinèl-la nou oblijé fè lòt péché ?*

**Non. Min poutèt péché orijinèl-la blésé moun-nan afon, sa fè-l gin tandans fè péché. Poutan avèk konkou Bondié, li kapab fè byin-an. [405]**

Nou pa janm oblijé fè péché. Min an réalité nou kontinié péché paské nou fèb, nou pa toujou konnin sa n-ap fè épi nou sikonbé byin fasil anba tantasion-an. Dayè yon péché fòsé pa t-a yon péché, paské péché-a toujou sipozé yon choua lib.

70      *Kòman Bondié rétiré nou anba fòs atirans mal-la ?*

**Bondié pa rété ap gadé moun-nan k-ap détoui tèt-li ofiamézi ansanm ak anvirònman-l nan anchènman réaksion déstriksion péché-a ap fè-a. Li voyé Jézu-Kri, Sovè-a épi Rédanmtè-a pou-rétiré nou sot anba puisans péché-a. [410-412, 420-421]**

« Pèsonn moun pa kapab édé-m » – Si yon moun t-a di sa apati ékspérians lavi-li kòm moun, li t-a tronpé-l. Tout koté moun-nan pèdi épi ap drivé akoz péché-l yo, Bondié Papa-a voyé Pitit li-a. Konsékans péché-a, sé lanmò-a (Rm 6, 23). Min lòt konsékans péché-a tou sé mèvèy solidarité Bondié avèk nou, ki fè li voyé Jézu ba nou kòm zanmi épi sovè. Poutèt sa, yo kapab di péché oriijinèl-la sé yon *felix culpa* (yon péché ki poté chans avèk li) : « Ala chans pou fot sa-a ki té mérité jouinn kalité Sovè sa-a ! » (Litiji veyé paskal-la).

## DÉZIÈM CHAPIT Mouin kouè nan Jézu-Kri, sèl Pitit Bondié-a

71      *Poukisa yo rélé liv yo ékri osijè Jézu-yo Évanjil, sètadi : « Bòn Nouvèl » ?*

**San Évanjil-yo, nou pa t-ap konnin kijan Bondié, nan rinmin san limit li gin pou nou-an, voyé Pitit li-a, pou pèmèt nou, malgré péché nou-yo, tounin viv an kominion avèk li pou tout tan. [422-429]**

Liv ki rakonté nou lavi, lanmò épi réziréksion Jézu-a sé pi bon nouvèl ki égzisté sou tè-a. Yo témoagné pou fè nou konnin Jézu, moun Nazarèt, juif sa-a ki té fèt Bétléèm, sé *Pitit Bondié vivan-an* (Mt 16, 16) ki tounin moun. Papa-a té voyé-l pou tout moun kapab sové épi pou yo rivé konnin vérité-a (1 Jn 2, 4).

72      *Kisa non « Jézu »-a vlé di ?*

**Nan lang ébré, Jézu vlé di « Bondié sové nou ». [430-435, 452]**

Nan Travay Apot-yo, Piè di : « Réyèlman pa gin lòt non anba sièl-la yo bay moun-yo ki kapab sové yo » (Tr 4, 12). Sé pouin santral mésaj misionè-yo ap anonsé bay moun-yo sou tè-a.

73      *Poukisa yo rélé Jézu, « Kris » ?*

**« Jézu sé Kris-la » sé yon fòmil tou kout ki éksprimé sa ki ésansièl nan lafoua krétyin-an. Jézu, ptit chapantié Nazarèt-la tou sinpléman, li sé Mési yo t-ap tann-nan, Sovè-a. [436-440, 453]**

Mo grèk Christòs-la ak mo ébré Mési-a vlé di « sa yo froté ak lui-là ». Nan Israël, roua-yo, prèt-yo épi profèt-yo té konn résévoua yon onksion. Dapré Apot\*-yo, Jézu té résévoua onksion Éspri Sin-an (Tr 10, 38). Poutèt n-ap suiv Kris-la, yo rélé nou Krétyin pou montré kalité vokasyon ekstraòdinè nou ginyin-an.

74      *Sa sa vlé di : Jézu sé « sèl Ptit Bondié-a » ?*

Lè Jézu présentant tèt-li kòm « sèl Ptit Bondié-a » (**sèl grinn Ptit oubyin Ptit yo anfanté yon fason spésial ki san parèy-la**, Jn 3, 16), lè Piè ak lòt moun rélé-l konsa, sa vlé di nan pamí tout moun-yo sé Jézu sèl ki plis pasé moun. [441-445, 454]

Nan anpil koté nan Nouvo Téstaman\*-an (Jn 1, 14. 18 ; 1 Jn 4, 9 ; Éb 11, 7 ; etc.), yo rélé Jézu « Ptit ». Lè Batèm-nan épi Transfigiration-an, voua ki sot nan sièl-la dékläré Jézu sé « Ptit [Papa-a] rinmin anpil-la ». Jézu dévoualé bay disip li-jo rélation spésial sa-a li ginyin avèk Papa-l ki nan sièl-la : « Papa-m rinmèt mouin tout bagay ; épi pèsonn pa konn Ptit-la sof Papa-a, ni moun pa konn Papa-a sof Ptit-la épi moun Ptit-la vlé dévoualé-l ba yo » (Mt 11, 27). Nan Réziréksion-an sa parèt klè Jézu-Kri sé Ptit Bondié-a tout bon vré.

75      *Pou kisa krétyin-yo rélé Jézu « Granmèt » ?*

**« Nou minm nou rélé-m Mèt-la, épi Granmèt-la. Nou di byin, réyèlman sé sa mouin yé » (Jn 13, 13) [446-451, 455]**

Pou prémié krétyin-yo, sa té klè épi nòmal yo té doué rélé Jézu « Granmèt », antan yo té byin konnin sé ak tit sa-a yo té konn palé osijè Bondié nan Ansyin Téstaman\*-an. Ak anpil aksion li té fè, Jézu té indiké yo li té gin yon pouvoua tankou Bondié sou nati-a, sou démon-yo, sou péché-a ak lanmò-a. Mision Jézu-a sé nan Bondié li soti, sa parèt klè nan résisté li résisté sot pamí mò-yo. Sin Toma dékläré : *Granmèt mouin épi Bondié mouin* (Jn 20, 28). Si Jézu sé « Granmèt »-la, yon krétyin pa doué mét ajénou dévan okinn lòt pouvoua.

76        *Pou kisa Bondié té tounin moun (inkarnasion) nan Jézu-Kri ?  
« Poutèt nou, pou-l té kapab sové nou, li désann sot nan sièl » (– Credo Nisé-Konstantinòpli). [456-460]*

Nan Jézu-Kri, Bondié rékonsilié moun-yo sou tè-a avèk li épi li libéré tout moun-yo anba grif péché-a. *Bondié tèlman rinmin tè-a, li bay Pitit li-a, sèl Pitit li-a* (« unique engendré »), *pou tout moun ki kouè nan li pa péri, min pou li gin lavi tout tan-an* (Jn 3, 16). Nan Jézu, Bondié pran chè moun-nan ki kapab mourì-a (– Inkarnasion), li patajé kondision lavi-nou sou tè-a, soufrans nou-yo épi lanmò nou épi li tounin youn nan nou nan tout bagay sof péché-a.

77        *Sa sa vlé di lè nou di Jézu-Kri sé Bondié tout bon vré épi moun tout bon vré, an minm tan ?*

**Nan Jézu, Bondié tounin youn nan nou tout bon vré épi konsa li vîn tounin frè nou ; antan-l toujou Bondié épi Granmèt-nou, an minm tan.** Nan ané 451, Konsil Kalsédouànan té dékläré nan Jézu-Kri nati Bondié-a (sa Bondié yé-a) ak nati moun-nan (sa moun-nan yé-a) fè youn « san yo pa séparé, épi san yo pa mélanjé ». [464-467, 469]

Sé apré anpil tan ak difikilté l'Égliz-la té réyisi éksprimé kòrèktéman rélasion nati Bondié-a ak nati moun-nan nan Jézu-Kri. Nati Bondié-a ak nati moun-nan pa an opozision oubyin kòt-a-kòt nan Jézu, kòmsi t-a gin yon pati nan li ki Bondié épi yon pati ki moun. Yo pa kapab di non plis dé nati-yo t-a mélanjé nan Jézu oubyin Bondié t-a sèlman fè sanblan, fè kòmsi, li t-a pran yon kò moun nan Jézu (dosétism) : Bondié tounin moun tout bon vré. Konsa tou sé pa dé pèrsòn, dé sijè pèsonèl ki kolé youn ak lòt : Bondié-a épi moun-nan (néstorianism). Épitou sé yon érézi sa yé si yo t-a dékläré nati moun-nan disparèt nèt alé, totalman, nan nati Bondié-a (monofizism). Kont tout érézi sa-yo, l'Égliz-la kinbé lafoua-a fèm nan Jézu-Kri ki Bondié tout bon vré épi moun tout bon vré nan yon sèl sijè pèsonèl-la (yon sèl pèrsòn). Fòmil konsil Kalsédouànan tout moun konnin-an : « san divizion, san konfizion » pap éséyé ékspliké sa-k dépasé intèlijans moun, min l-ap insisté sou kèk pouin-klé lafoua-a. L-ap indiké nan ki « diréksion » yo doué chèché abòdè mistè sa Jézu yé-a.

78      *Pou kisa yo pa kapab konprann Jézu si sé pa kòm yon « mistè » ?*

**Poutèt Jézu sé Bondié, yo pa kapab konprann li si yo pa konsidéré réalité Bondié li yé-a, sa já pa kapab ouè-a. [525-530, 536]**

Sa yo kapab ouè nan Jézu ap minnin nan sa yo pa kapab ouè-a. Gin aspè ki inpòtan anpil nan lavi-li nou pa kapab konprann si nou pa antré nan mistè\*-a. Sé konsa sa yé pou kondision-l kòm Pitit Bondié, inkarnasjon-l, soufrans li épi réziréksion-l.

79      *Èské Jézu té gin yon nanm, yon léspri épi yon kò minm jan ak nou ?*

**Oui. Jézu « té travay ak min-l kòm moun, li té pansé ak yon intèlijans moun, li té aji ak yon volonté moun, li té rinmin ak yon kè moun » (Vatikan II, GS, 22,2). [470-476]**

Poutèt li té moun tout bon vré, Jézu té gin yon nanm épi li té grandi spirituèlman. Sé nan nanm sa-a idantité-l kòm moun té rété épi li té kapab pran konsians sa-l yé. Jézu té pran konsians li té fè youn ak Papa-l ki nan sièl-la nan l'Éspri-Sin-an. Li té kité l'Éspri-Sin-an dirijé-l nan tout sikonstans lavi-li.

80      *Pou kisa Mari vièj ?*

**Bondié té vlé pou Jézu-Kri gin yon manman tout bon ki yon moun min pou sé li minm sèl ki Papa-l : li té vlé inogiré yon nouvo kòmansman. Yo t-a doué rékonèt sé nan li kòmansman sa-a soti, sé pa nan fòs tè-a. [484-504, 508-510]**

Virjinité Mari-a pa yon léjand ki t-a démodé, min li fondamantal pou lavi Jézu. Li pran nésans sot nan yon fi min li pa-t gin okinn gason kòm papa. Jézu sé yon nouvo kòmansman sou tè-a ki soti anro. Nan évanjil Luk-la, Mari mandé Anj-la : *Kijan sa pral fêt paské mouin pa konnin gason ?* (Lk 1, 34). Anj-la réponn li : *L'Éspri Sin-an ap vîn sou ou* (Lk 1, 35). Minm si dépi nan prémié sièk-yo gin moun ki t-ap pasé l'Égliz-la nan jouèt osijè virjinité Mari-a, li té toujou kouè virjinité sa-a réyèl, li pa sèlman yon bagay sinbolik. ↵ 117

81      *An déyò Jézu, èské Mari té gin lòt pitit ankò ?*

**Non. Jézu sé sèl grinn pitit Mari dapré chè-a. [500-510]**

Nan prémié tan l'Égliz-la yo té déjà dékläré Mari toujou rété vièj, sa vlé di Jézu pa-t gin lòt frè ak sè biolojik. Nan lang manman Jézu, araméyin,

sé yon sèl mo ki ginyin pou di frè ak sè, kouzin ak kouzîn. Nan Évanjil-yo, lè y-ap palé osijè « frè ak sè » Jézu-yo (Mk 3, 31-35 ; 15,40.47 ; 16,1 ; 6,3 ; Mt 27,56.61 ; Jn 19,25-27 parégzanp), sé pròch paran.

82      *Èské sa pa égzajéré pou rélé Mari « Manman Bondié » ?*  
**Non. Rébé Mari manman Bondié sé rékonèt pitit li-a sé Bondié.**  
**[495, 509]**

Nan pamí prémié krétyin-yo, lè té gin diskision pou konnin kilès Jézu yé, tit « Théotokós »-la (« Manman Bondié ») té tounin sign distinktif pou intèprétaison kòrèk Liv ki Sin-yo : Mari pa-t sèlman anfanté yon moun ki t-a « vîn » Bondié apré nésans li, min li té déjà ap poté nan zantray-li yon timoun ki té Pitit Bondié-a tout bon vré. Konsa, sé pa-t toudabò osijè Mari yo t-ap diskité-a, min yon lòt foua ankò osijè Jézu : Èské-l kapab moun tout bon vré épi Bondié tout bon vré, an minm tan ? ↗ 117

83      *Kisa « Imakilé Konsépsion Mari-a » vlé di ?*  
**L'Égliz-la kouè la Trè Sint Vièj Mari, dépi prémié moman li fòmé nan vant manman-I (konsépsion-I), li té prezèvè intak anba tout konsékans mak péché oriijnèl-la, poutèt yon gras épi yon favè spésial Bondié ki gin Tout Pouvoua-a épi an prévizion mérit Jézu-Kri-yo li minm ki sovè ras moun-nan (Dògm 1854 la ; ↗ Dògm).**  
**[487-492, 508]**

Byin vit nan istoua l'Égliz-la, krétyin-yo té dékläré Imakilé Konsépsion la Trè Sint Vièj Mari. Jodi-a, gin moun ki pa rivé konprann tit sa-a. Li vlé di, dépi nan kòmansman lavi la Trè Sint Vièj Mari, Bondié té prezèvè-I anba péché oriijnèl-la. Sé pa osijè konsépsion Jézu nan zantray Mari. Sé pa yon mépri pou lavi séksuèl-la nan pamí krétyin-yo, kòmsi yon papa ak yon manman t-a « sal » pròp tèt yo lè yo bay yon timoun lavi, sé pa sa. ↗ 68-69

84      *Èské Mari té yon instriman tou sinpléman nan min Bondié ?*  
**Mari té plis pasé yon instriman pasif nan min Bondié. Li té patisipé aktivman pou édé inkarnasyon Bondié-a réalizé.** [493-494, 508-511]

Lè Anj-la té vîn anonsé-I li pral anfanté « Pitit Sa-a ki anro nèt-la », Mari té réponn : Sé pou sa fèt nan mouin jan ou di-a (Lk 1, 38). Konsa Rédanmsion ras moun-nan Jézu-Kri réalisé-a, li kòmansé ak yon démann Bondié voyé fè yon moun ki aksépté antan-l lib, épi ansint Mari vîn ansint-la anvan-l marié ak Jozèf. Sé nan chémin sa-yo moun pa-t

abitué avèk yo anvan-an, Mari té vîn tounin pou nou « pòt koté n-ap sové-a ». — 479

85      *Pou kisa Mari sé manman-nou tou ?*

**Mari sé manman-nou paské Kris-la, Granmèt-la, té ba nou-l kòm manman. [963-966, 975]**

*Madanm min pitit ou... Min manman-ou* (Jn 19,27). L'Égliz-la té toujou konsidéré paròl sa-yo Jézu té di Mari ak disip li té rinmin-an antan-l t-ap mouri anro koua-a, sé rinnèt li rinnèt tout l'Égliz-la bay Mari. Konsa, Mari sé manman-nou tou. Nou kapab invoké-l épi mandé-l pou-l lapriyè pou nou bò kot Bondié. — 147-149

86      *Pou kisa Jézu pa-t gin lavi piblik pandan trantan ?*

**Jézu té vlé viv lavi nòmal nou avèk nou épi konsa li fè lavi chak jou-a vîn sin. [531-534, 564]**

Jézu té yon timoun manman-l ak papa-l té rinmin épi yo té fè édikasional. Li t-ap fè progrè *nan sajès, nan laj ak nan gras* (Lk 2 52). Li té viv ansanm ak juif parèy li-yo nan yon ti vilaj épi li té konn al nan sérémoni rélijisé-yo. Li té aprann yon métier ki fè-l travay ak min-l é li té fè sa byin. Nan Jézu, poutèt Bondié té vlé fèt nan yon fanmi épi grandi ladan-l, sa montré fanmi-an sé yon koté Bondié abité épi li sé yon égzanz kominoté koté yo jouinn sékou épi asistans.

87      *Pou kisa Jézu ki té san péché té fè Jan batizé-l ?*

**Mo ‘batizé’-a vlé di plonjé, lavé. Gras a batèm li-an, Jézu té plonjé nan istoua péché lèzòm-nan. Konsa li t-ap montré nou kichòy. Pou-l kapab délivré nou anba péché nou yo, yon jou y-ap plonjé-l nan lanmò, min l-ap révéyé yon lòt foua nan lavi gras a puisans Papa-l. [535-537, 565]**

Anpil péchè ak péchrès – sólda, fi movèz vi, koléktè taks – té vîn jouinn Jan, profèt-la ki t-ap batizé-a, paské yo t-ap chèché *yon batèm répantans pou padon péché yo* (Lk 3, 3). An réalité Jézu pa-t békouin batèm sa-a paské li té san péché, min poutèt li té soumèt tèt-li pou-l résévoua batèm sa-a li montré nou dé bagay : 1) Jézu pran péché nou yo sou do-l. 2) Davans li fè batèm li-an tounin yon anons soufrans li-an ak réziréksion-l nan. Antan l-ap montré li dispozé mouri pou nou, sièl-la ouvè : *Ou sé Pitit mouin, sa mouin rinmin anpil-la* (Lk 3, 22).

88        *Pou kisa Jézu té sibi tantasion-an ? Èské sé tout bon yo té kapab tanté-l ?*

**Poutèt Jézu té gin nati moun tout bon vré, li té kapab sibi tantasion. Nan li nou pa gin yon sovè ki pa kapab soufri ansanm ak nou nan féblès nou-yo, li sibi tantasion minm parapò tout bagay minmman parèyman sof péché (Éb 4, 15). [538-540, 566]**

89        *Kilès Jézu promèt « Péyi-roua Bondié-a » ?*

**Bondié vlé pou tout moun sové épi rivé nan konésans vérité-a (1 Tm 2,4). « Péyi-roua Bondié-a » déjà kòmansé lakay moun ki kité rinmin Bondié-a transfòmé-yo. Jézu fè nou konnin moun sa-yo sé toudabò pòv-yo ak sa ki tou piti-yo. [541-546, 567]**

Minm moun ki pa nan l'Égliz-la konsidéré sé yon bagay ekstraòdinè pou Jézu al jouinn toudabò sa yo pa konsidéré nan sosiété-a ak yon rinmin ki pi pito yo. Nan Prèch sou mòn-nan, pòv-yo épi sa k-ap kriyé-yo, sa k-ap sibi pèsékision ak violans-yo, tout sa k-ap chèché Bondié ak yon kè pròp, sinsè, tout sa k-ap chèché mizérikòd li-a, jistis li-a ak lapè li-a, yo kapab antré an prémié nan Péyi-roua Bondié-a. Minm péchè ak péchrès-yo résévoua yon invitasion spésial : Sé pa moun ki an santé-yo ki bézouin doktè, min sé moun ki malad-yo. Mouin pa vín pou-m rélé moun ki kòrèk-yo min péchè-yo (Mk 2, 17).

90        *Èské Jézu té fè mirak réyèlman oubyin sé bél ti istoua léjand y-ap rakonté sou li ?*

**Jézu té fè mirak tout bon vré. Apot\*-yo tou. Sé évènman réyèl moun-yo ki ékri Nouvo Téstaman-an ap rakonté. [547-550]**

Dokiman ki pi ansyin-yo té déjà ap palé osijè anpil mirak ki konfirmé prèch Jézu-yo : *Min si sé nan Espri Bondié mouin chasé démon-yo, donk péyi-roua Bondié-a rivé sou nou* (Mt 12, 28). Sé dévan anpil moun mirak-yo té fèt épi nou konnin non kèk moun ki té bénéfisié yo : avèk Bartimé parégzanp (Mk 10, 46-52) oubyin bèlmè Piè-a (Mk 8,14-15). An plis gin kèk mirak ki té fè juif-yo faché épi yo pa-t dakò pou-l fè yo (géri yon paralizé jou saba-a oubyin yon lépré, parégzanp). Poutan yo pa-t douté dé yo pamí juif-yo nan tan Jézu-a.

91        *Pou kisa Jézu té fè mirak ?*

**Mirak Jézu té fè-yo, sé té sign ki t-ap montré Péyi-roua Bondié-a rivé. Sé té maniféstasion rinmin li ginyin pou moun-yo épi sa té konfimé mision li té ginyin-an. [547-550]**

Lè li t-ap fè mirak-yo, Jézu pa t-ap fè yon spéktak tankou yon majisyin. Min li t-ap montré puisans rinmin Bondié-a k-ap sové nou-an. Gras a mirak-yo, li té montré sé li ki Mési-a épi sé avèk li Péyi-roua Bondié-a kòmansé. Li fè yo kapab ouè yon tè nouvo ki té vini : li délivré anba grangou (Jn 6, 5-15), anba injistis (Lk 19,8), anba maladi épi anba lanmò (Mt 11, 5). Antan-l chasé démon-yo, li kòmansé ranpôté viktoua sou « prins tè sa-a » (Jn 12, 31, sètadi Satan). Min Jézu pa-t rétiré oubyin éliminé tout mal ak tout méchansté sou tè-a. Sa-l té vlé fè konprann toudabò sé jan li nésèsè pou moun-yo libéré anba ésklavaj péché-a. Minm lè li t-ap fè mirak, sa-k té pi inpòtan pou li sé té lafoua-a.  
→ 241-242

### 92 Pou kisa Jézu té rélé Apot-yo ?

Jézu té gin anpil disip ki t-ap suiv li, gason kon fi. Nan group sa-a, li té chouazi douz gason, li té rélé yo Apot\* (Lk 6, 12-16). Li ba yo yon fòmasion spésial épi li rinnmèt yo diféran mision : *Li voyé yo pou yo préché péyi-roua Bondié-a, pou yo géri malad-yo* (Lk 9,2). Nan dènié soupé-a sé sèlman douz Apot-yo Jézu té pran avèk li épi li té ba yo lòd : « Fè sa pou nou sonjé mouin » (Lk 22, 19). [551-553, 567]

Apot-yo té témouin réziréksion Jézu-a épi yo té sètifié sé vré. Apré lanmò-li, yo té kontinié travay li-a épi yo té chouazi kèk gason pou kontinié travay-la apré yo, siksésè yo : Évêk\*-yo. Jodi-a toujou, siksésè Apot-yo ap égzèsé pouvoua Jézu té rinnmèt yo an plin-an : yo dirijé, anségné épi sélébré. Soudé Apot-yo té soudé ansanm-nan vîn tounin baz, fondman inité l'Égliz\*-la (¬ Siksésion apostolik). Nan pamí Douzyo, Piè gin yon plas apa poutèt Jézu té ba li yon otorité spésial. Ou sé Piè, épi sou rôch sa-a m-ap batî l'Égliz mouin-an (Mt 16, 18). Sé apati plas spésial sa-a Piè té ginyin nan pamí Apot-yo fonksion Pap-la vîn soti. → 137.

### 93 Pou kisa Jézu té transfigiré sou mòn-nan ?

Nan lavi Jézu t-ap viv sou tè-a, Papa-a té vlé révélé grandè kondision Bondié Pitit li-a ginyin-an. Transfigiration Jézu-a va édé disip-yo pi ta pou yo konprann lanmò-l ak réziréksion-l. [554-556, 568]

Toua Évanjil-yo rakonté kòman, sou tèt yon mòn, Jézu té kòmansé kléré ak limiè dévan jé disip li-yo (li té « transfigiré »). Voua Papa nan sièl-la bay Jézu tit « Pitit mouin rinmin anpil-la » épi li di pou yo kouté-l. Piè t-a vlé « konstoui toua tant » pou fè moman sa-a diré pi lontan. Min

Jézu ap maché pou-l al soufri. Jézu fè ouè gloua li-a pou-l kapab bay disip li-yo fòs ak kouraj.

94        *Lè-l té antré Jérusalèm, èské Jézu té konnin li t-apral mouri ? Oui. Toua foua Jézu té anonsé soufrans-li ak lanmò-li anvan-l té alé konsiamman épi ak pròp volonté-l koté-l t-apral soufri-a (Lk 9,51). [557-560, 569-570]*

95        *Pou kisa Jézu té chouazi fèt Pak juif-la pou-l té mouri épi résisité ?*

**Jézu té chouazi fèt Pak pèp li-a Israèl kòm sinbòl sa-k t-apral** réalisé nan lanmò-l ak réziréksion-l. Minm jan pèp Israèl-la té délivré sot anba ésklavaj Éjip-la, sé konsa Kris-la té libéré nou sot anba ésklavaj péché-a ak anba pouvoua lanmò-a. [571-573]

Fèt Pak-la té fèt libération Israèl anba ésklavaj li t-ap sibi an Éjip-la. Jézu t-al Jérusalèm pou-l libéré nou yon fason ki pi afon toujou. Li té manjé manjé fèt Pak-la avèk disip li-yo, min, angiz li té touyé mouton fèt Pak-la dapré tradition-an, sé pròp tèt-li li té ofri kòm mouton sakrifis-la. *Pak nou-an, Kris-la, yo té sakritié-l* (1 Kor 5, 7) pou rékonsilié moun ak Bondié définitivman yon foua pou tout. ↗ 171

96        *Pou kisa yo té kondané yon moun pasifik tankou Jézu pou-l mouri sou koua-a ?*

**Jézu té oblijé moun péyi-l yo pozé yon késion désizif osijè-l : oubiyin Jézu t-ap aji apati otorité ki sot nan Bondié oubiyin sé manti-l t-ap bay, sé blasfémé li t-ap blasfémé ; donk sé yon moun ki té an kontradikcion ak laloua-a épi yo té doué trinnin-l dévan lajistis, dapré laloua-a. [574-576]**

Sou anpil pouin, fason Jézu t-ap aji-a té yon gran défi pou rélijion Juifyo t-ap suiv traditionèlman-an nan tan pa-l la. Li té padoné péché, bagay sé Bondié sèl ki kapab fè-l ; li fè laloua saba-a vîn kòm fakiltatif, li mété-l nan sitiasion pou yo pansé l-ap blasfémé épi li pa pè pou yo akizé-l kòm fo-profèt. Pou tout infraksion sa-yo, sé lanmò laloua-a té prévoua kòm chatiman.

97        *Èské sé juif-yo ki responsab lanmò Jézu ?*

**Yo pa kapab akizé « juif-yo » koléktivman kòm responsab lanmò Jézu. Min, sa l'Égliz-la dékläré ak asirans, sèké tout péchè-yo konplis nan lanmò Jézu-a. [597-598]**

Siméon, granmoun ki té profèt-la, té prévoua Jézu t-ap *yon sign kontradikcion* (Lk 2, 34). Otorité Juif-yo té kanpé fèm kont Jézu, min nan pamí farizyin-*yo* ginyin ki té disip Jézu an sékrè tankou Nikodèm ak Jozèf Arimat. Diféran pèsonalité épi institision romin ak juif té patisipé nan prosè Jézu-a (Kayif, Juda, Gran Konsèy-la, Éròd, Pons Pilat). Sé Bondié sèl ki kapab jijé nan ki pouin chak moun té koupab pèsonèlman. Opinion ki t-a vlé pou sé tout juif nan tan Jézu oubyin juif kounié-a ki t-a réponsab lanmò Jézu-a pa rézonab épi yo pa kapab défann li sou plan biblik-la. ↵ 135

98      Èské Bondié té vlé lanmò pròp Pitit li-a ?

Lanmò Jézu-a ki tèlman violan sé pa rézilta kèk sikontans trajik ki t-a rivé paraza. *Li minm dapré volonté fiksé-a ak prévouayans Bondié-a, yo té rinmèt-la, antan nou klouré-l pa l'intèmèdiè min moun san laloua-*yo*, nou té touyé-l* (Tr 2, 23). Pou nou minm ki pitit péché-a ak lanmò-a, nou té kapab gin lavi, Papa ki nan sièl-la té fè sa-k pa konnin péché-a, vîn tounin péché pou nou (2 Kor 5, 21). Min grandè sakrifis Bondié Papa-a té mandé Pitit li-a korésponn ak grandè soumision Pitit-la : *Kisa m-ap di ? Papa, sové-m sot nan lè sa-a. Min, sé poutèt sa minm mouin vini, pou lè sa-a minm* (Jn 12, 27). Bò Papa-a tankou bò Pitit-la gin yon rinmin ki manifésté-l tous nan dènié bout sou lakoua-a. [599-609, 620]

Pou-l kapab sové nou anba lanmò-a, Bondié té fè yon mision plin danjé : nan Pitit li-a Jézu-Kri li té poté « yon rémèd ki éliminé lanmò » (Ignas d'Antiòch) sou tè lanmò nou-an. Papa-a ak Pitit-la té asosié ansanm nan mision sa-a épi yo pa kapab séparé yo. Antan sé tout bon yo té vlé sové nou paské yo rinmin nou, yo pran sou yo sa-k té pi téribla. Bondié ofri yon boukantay, yon échanj, pou-l kapab sové nou nèt : li té vlé bay lavi, lavi étènèl li-a, pou nou kapab gouté nan kè kontan-l nan. Jézu té vlé andiré agoni nou-an, dézéspoua nou-an, lagé nou santi yo lagé-n pou kont nou-an, lanmò nou-an, pou-l kapab fè youn avèk nou nèt antan-l rété fè youn avèk Papa-l nèt. Pou-l té kapab rinmin nou tous nan dènié bout épi minm pi louin. Lanmò Kris-la sé té volonté Papa-a, min sé pa-t dènié mo li. Poutèt Kris-la mouri pou nou, si nou rétré an kominion avèk li, nou kapab jouinn lavi li-a nan plas lanmò nou-an.

99      Sa-k té pasé nan dènié soupé-a ?

Asouè anvan-l mouri-a, Jézu té lavé pié disip li-*yo*, li té fè Ékaristi\*-a kité-l pou yo épi li té fondé sasèrdòs nouvo Alians-la. [610-611]

Jézu té montré rinmin li-an jous nan dènié bout nan toua fason : Li té lavé pié disip li-yo épi li té montré sé tankou sa k-ap sèvi-a li nan mitan nou (Lk 22, 27). Davans li té montré soufrans li k-ap libéré nou-an antan-l di paròl sa yo sou ofrann pin-an ak divin-an : *Sa-a sé kò mouin m-ap bay pou nou-an* (Lk 22, 19), sé konsa li té kité sint Ékaristi\*-a pou nou. Lè Jézu té pasé Apot\*-yo lòd : *Fè sa pou nou sonjé mouin* (1 Kor 11, 124), li té fè yo tounin prêt\* novo Alians-la. ↗ 208-223

100 *Sou mòn Olivié-yo, lannuit anvan-l mouri-a, èské Jézu té vrèman santi angouas kè séré dévan lanmò-a ?*

**Poutèt Jézu té moun tout bon vré, sou mòn pié Oliv-yo, li té vrèman santi angouas kè séré tout moun santi dévan lanmò-a.** [612]

Ak fòs li té ginyin kòm moun, minm fòs sa-yo nou chak nou ginyin-an, Jézu té doué minnin yon konba anndan-l pou-l rété kolé nèt alé sou volonté Papa-a ki té mandé-l pou-l bay lavi-l pou tè-a. Nan moman ki té pi difisil-la, antan tout moun lagé-l, minm zanmi-l yo, Jézu té désidé di « oui ». *Papa mouin, si bagay sa-a pa kapab pasé san mouin pa bouè-l, sé pou volonté-ou fèt* (Mt 26, 42). ↗ 476

101 *Pou kisa sé sou yon koua Jézu té doué sové nou ?*

**Koua-a koté yo té touyé Jézu ki inosan-an ak yon lanmò ki tèlman térib, sé imiliasion ak abandon ki pi total-la. Kris-la, Rédanmtè nou-an té chouazi koua-a pou-l poté péché-a épi soufri doulè tè-a. Konsa gras a pèfeksion rinmin-l nan, li té ramné tè-a al jouinn Bondié.** [613-617, 622-623]

Pa gin fason ki t-a pi gran pou Bondié t-a montré nou rinmin li gin pou nou-an pasé lè li kité yo klouré-l sou koua-a pou nou nan Pittit li-a. Koua-a té fason ki pi ronté, pi térib, pou égzékité yon moun nan antikité-a. Kèlkésoua krim yon sitouayin romin t-a fè, yo pa-t gin doua klouré-l sou koua. Konsa Jézu té antré nan soufrans ki pi rèd pou moun-nan. Dépi lè sa-a, pèsonn moun pa kapab di : « Bondié pa konnin sa m-ap soufri ».

102 *Pou kisa nou minm tou nou doué aksépté soufrans-la nan lavi-nou, « pran koua-a sou nou » épi suiv Jézu ?*

**Krétyin-yo pa doué chèché soufrans-la, min lè yo anfas yon soufrans inévitab, sa kapab gin sans pou yo pou yo mété soufrans yo ansanm ak soufrans Kris-la : Kris té soufri pou nou, li kité yon modèl ba nou, pou nou kapab suiv tras li** (1 P 2, 21). [618]

Jézu té di : *Si yon moun vlé vîn dèyè-m, sé pou-l rénonsé pròp tèt-li, sé pou-l pran koua-li épi pou-l suiv mouin* (Mk 8, 34). Dévoua krétyin-yo sé goumin kont soufrans-la sou tè-a. Poutan, soufrans-la kontinié égzisté. Nan lafoua-a nou kapab aksépté pròp soufrans pa-nou épi édé lôt-yo poté pa-yo. Konsa soufrans moun-nan vîn antré nan rinmin Kris-la, Rédanmtè-a, épi li vîn fè pati puisans Bondié-a k-ap ralé moun-yo sou tè-a vîn nan kontantman an plin-an.

103     *Èské Jézu té mouri tout bon oubyin èské li té kapab lévé paské sé an aparans li té mouri ?*

**Jézu-Kri té mouri réyèlman sou koua-a. Yo té antéré kò-li. Tout dokiman-yo témougná sa.** [627]

Nan Jan 19,33, sòlda-yo konstaté lanmò Jézu ak asirans. Ak yon kout lans, yo pèsé bò kòt Jézu épi yo ouè san ak dlo k-ap koulé sot ladan-l. An plis yo té kasé janm dé lôt krisifié-yo – yon fason pou fè yo mouri pi vit – min sa pa-t nésésè pou Jézu paské li té déjà mouri.

104     *Èské yon moun kapab krétyin san-l pa kouè nan reziréksion Kris-la ?*

**Non. Si Kris minm pa résisité, konsa prèch nou-an pou granmési, lafoua nou-an tou pou granmési** (1 Kor 15,14). [631, 638, 651]

105     *Kòman disip-yo fè rivé kouè Jézu résisité ?*

**Disip-yo ki té pèdi tout éspérans, té rivé kouè Jézu résisité, paské apré lanmò-li, yo té ouè-l nan diféran fason, yo té palé ak li épi yo té fè ekspérians li vrèman vivan.** [640-644, 656]

Événman Pak-la ki té pasé nan Jérusalèm bò lané 30, sé pa yon istoua yo invanté. Dévan boulvèzman lanmò Jézu-a épi projè yo té ginyin ansanm-nan ki krazé-a, disip-yo té pati sové kò yo. *Nou minm minm, nou té éspéré sé li minm ki té gin pou-l délivré Israël.* Époutan, avèk tout bagay sa-yo min touazièm jou-a ki pasé dépi bagay sa-yo rivé (Lk 24, 21). Oubyin yo té fèmin kò yo lakay yo. Sé sèlman paské yo té ran-kontré ak Kris-la ki fè yo té libéré anba fèmin yo té fèmin sou yo minmnan épi yo té vîn plin ak yon lafoua san limit nan Jézu-Kri, Granmèt lavi-a ak lanmò-a.

106     *Èské gin prèv reziréksion Jézu-a ?*

**Sou plan siantifik, pa gin prèv reziréksion Jézu-a. Min gin anpil témougnaj moun ak group moun ki té la lè événman-yo té pasé Jérusalèm.** [639-644, 647, 656-657]

Témouagnaj yo ékri ki pi ansyin osijè réziréksion Jézu-a sé yon lèt sin Pòl té voyé bay Korintyin-yo environ vintan apré lanmò Jézu : *Mouin té transmèt nou réyèlman toudabò sa mouin té résévoua-a : Kris-la té mouri poutèt péché nou-yo dapré sa-k ékri-yo, épí li té parèt bay Kéfas, apré sa, bay Douz-yo, apré sa, li té parèt bay sinksan frè yon sèl kou, nan yo laplipa rété jous koulié-a, kèk minm té mouri* (1 Kor 15, 3-6). La-a, Pòl ap palé osijè yon tradision ki té byin vivan li té jouinn nan prémié kominoté krétyin-an, lè li-minm li té vîn krétyin, dé ou touazan apré lanmò ak réziréksion Jézu – apré rankont li té fè ak Granmèt-la ki résisité-a ki té sitèlman boulvèsé-l. Disip-yo té konsidéré tonm-nan ki vid-la kòm prémié indikasyon osijè réalité réziréksion-an (Lk 24, 5-6). Épi sé kèk médam – dapré laloua épòk-la, témouagnaj médam-yo pa-t valab nan tribinal – ki té dékouvri sa. Minm si yo di osijè Apot\* Jan, lè-l rivé nan tonm vid-la, *li ouè épí li kouè* (Jn 20, 8), konviksion Jézu vivan-an vîn anrasiné apati yon séri aparision. Asansion Jézu-a mété pouin final nan rankont sa-yo ak Résisité-a. Époutan, dépi lè sa-a jous jodi-a, rankont ak Granmèt-la ki vivan-an yo kontinié : Jézu-Kri vivan.

107      *Lè Jézu té résisité, èské li té tounin nan kondision fizik lavi li té ginyin anvan sou tè-a ?*

**Granmèt-la ki résisité-a té pèmèt disip li-yo touché-l, li té manjé avèk yo épí li té montré yo mak blésé soufrans li-a. Poutan kò-li pa-t anba loua réalité tè-a sèlman, min li té nan domèn ki pou Bondié Papa-l la. [645-646]**

Kris-la ki résisité, ki poté mak blésé Krisifié-a, pa limité ni nan éspas-la ni nan tan-an. Li kapab antré nan yon chanm tout pòt fèmin épí li kapab parèt dévan disip li-yo nan diféran koté an minm tan ak anba yon aparans ki pa pèmèt yo rékonèt li tousuit. Donk réziréksion Kris-la pa-t yon rétounin nan lavi nòmal sou tè-a, min yon pasaj al nan yon lòt lavi : *Kris-la ki té résisité sot nan pamì mò-yo, li pap mouri ankò, lanmò pap dominé sou li ankò* (Rm 6,9).

108      *Kisa Réziréksion-an chanjé sou tè-a ?*

**Kòm kounié-a lanmò-a pa gin dènié mo-a, kè kontan-an ak éspérans-la vini sou tè-a. Kòm kounié-a lanmò pa gin okinn pouvoua** (Rm 6,9) sou Jézu, li pèdi tout pouvoua tou sou nou minm ki pou Jézu-a. [655-658]

109 Jézu té monté nan sièl. Sa sa vlé di ?

**Avèk Jézu, youn nan nou rivé bò kot Bondié, épi pou tout tan. Nan Pitit li-a, Bondié toupré nou minm moun nan fason moun. An plis, nan évanjil Jan-an, Jézu di : Mouin minm minm, lè y-a lévé-m anlè sot sou tè-a, m-ap rédi tout bagay vîn jouinn mouin (Jn 12, 32). [659-667]**

Nan Nouvo Téstaman\*-an, Asansion Kris-la sé konklizion yon périòd karant jou koté Jézu Résisité té vlé toupré disip li-yo yon fason spésial. Alafin périòd sa-a, Jézu antré ak tou sa-l yé kòm moun nan grandè Bondié-a. Liv ki Sin-yo di sa ak kèk imaj épi sinbòl tankou « nuaj » épi « sièl ». Jan Pap Benoua XVI di-a : « Moun-nan jouinn plas-li nan Bondié ». Kounié-a Jézu-Kri ansanm ak Papa-a épi l-ap vini yon jou « pou-l jijé ni moun k-ap viv ni moun ki mouri ». Asansion Jézu-a vlé di yo pa kapab ouè Jézu sou tè-a ankò, min li toujou la avèk nou.

110 Pou kisa Jézu sé Granmèt tout tè-a ?

**Jézu-Kri sé Granmèt tè-a épi Granmèt istoua-a paské sé pou li, sé pa pouvoua li tout bagay fèt. Li sové tout moun épi l-ap kondui tout moun. [668-674, 680]**

Li « anlè anro nou », épi sé li minm sèl nou adoré antan nou pliyé jénou nou ; li « bò koté nou », épi li sé tèt l'Égliz li-a koté Péyi-roua Bondié-a déjà kòmansé dépi koulié-a, épi li « dévan nou », mèt istoua-a, k-ap ranpôté viktoua alafin sou puisans ténèb-yo épi k-ap fè tè-a réalisé déstiné-l dapré plan Bondié-a ; l-ap vini rankontré nou nan gloua-a, nou pa konnin ki jou, pou-l fè tè-a rénouvlé épi rivé nan aboutisman-l. Nou kapab dékouvrir li toupré nou toudabò nan Paròl Bondié-a, nan résévoua sakréman\*-yo, nan pran souin pòv-yo épi koté dé ou toua réyini nan non-l (dapré Mt 18, 20). ↵ 157, 163

111 Sa-k pral pasé alafin di mond ?

**Alafin di mond, Kris-la ap tounin pou tout moun ouè-l. [675-677]**

Liv ki sin-yo anonsé gro boulvèsman (Lk 18, 8 ; Mt 25, 3-14) : méchansté-a k-ap parèt aklè, épèrè ak pèsékision k-ap tésté lafoua-a ankò, sa yo sé révè méday nouvo réalité-a : viktoua Bondié ap ranpôté sou mal-la définitivman épi aklè. Grandè Bondié, vérité-l ak jistis-li pral manifesté avèk ékla. Lè Kris-la ap vini ; ap gin yon sièl nouvo épi yon tè nouvo... Épi l-ap suiyé tout dlo sot nan jé-yo, épi lanmò-a pap ginyin ankò, ni chagrin, ni rèl, ni soufrans, pap ginyin ankò, paské prémié bagay-yo al fè rout yo (Ap 21, 1.4). ↵ 164

112 *Kijan sa pral pasé lè Kris-la ap vini pou-l jjé ni nou minm ni tout moun sou tè-a ?*

**Si yon moun pa vlé konnin anyin nan rinmin-an, minm Kris-la pa kapab édé-l ; li jjé pròp tèt-li. [678-679, 681-682]**

Paské Jézu sé *chémin-an*, vérité-a ak *lavi-a* (Jn 14, 6), li pral révélé sa ki inpòtan dévan jé Bondié épi sa-k pa inpòtan. Sé sou lonn pròp lavi Kris-la y-ap méziré vérité-a an plin sou moun-nan, sou bagay-yo, sou pansé-yo, sou événman-yo. ↗ 157, 163

### TOUAZIÈM CHAPIT Mouin kouè nan l'Éspri-Sin-an

113 *Sa sa vlé di : mouin kouè nan l'Éspri-Sin-an ?*

**Kouè nan l'Éspri-Sin-an sé adoré-l kòm Bondié ansanm avèk Papa-a ansanm avèk Pitit-la, kòm youn nan toua Pèrsòn la Trè Sint Trinité-a ki « minm Bondié ak Papa-a épi ak Pitit-la ». Nou kouè l'Éspri-Si-an vini nan kè moun-nan pou minnin-l kòm pitit Bondié pou-l rivé konnin Papa-a ki nan sièl-la. Antan l'Éspri Bondié-a ap animé nou, nou kapab chanjé fas tè-a. [683-686]**

Anvan-l té mouri, Jézu té promèt disip li-yo l-ap voyé yon lòt Avoka (Jn 14, 16) ba yo lè li pa t-a avèk yo ankò. Lè l'Éspri-Sin-an té désann sou disip-yo nan kòmansman l'Égliz-la yo vîn konprann osijè kilès Jézu t-ap palé. Ké yo vîn plin vous nan fon ak asirans épi kontantman, épi yo vîn résévous karism\* spésial, ki fè yo té kapab profétisé, géri épi fè mirak. Jodi-a toujou, gin moun nan l'Égliz-la ki gin don sa-yo épi k-ap fè minm ékspérians-la. ↗ 35-38, 310-311

114 *Ki ròl l'Éspri-Sin-an joué nan lavi Jézu ?*

**Nou pa kapab konprann tout sa Jézu té fè-yo si sé pa anba aksion l'Éspri Sin-an. Présans l'Éspri Bondié-a, nou rélélé-l l'Éspri-Sin-an, li parèt aklè nèt alé nan tout lavi Jézu. [689-691, 702-731]**

L'Éspri Sin-an fè Jézu vîn pran lavi nan vant Mari ki Vièj (Mt 1, 18) ; li témougnâye Jézu sé Pitit Papa-a rinmin anpil-la (Lk 4, 16-19) ; li minnin Jézu (Mk 1, 12) épi li fè-l aji vous nan dènié bout (Jn 19, 30). Sou koua-a, Jézu rînmèt l'Éspri-a. Apré réziréksion-an, li fè disip li-yo kado l'Éspri-Sin-an (Jn 20, 22). Konsa Jézu transmète l'Égliz-la l'Éspri li-a : *Minm jan*

*Papa-a té voyé-m nan, mouin minm tou, mouin voyé nou. Résévoua Éspri Sin-an (Jn 20, 21-22).*

115     *Ak ki non épi ak ki sign l'Éspri-Sin-an manifésté-I ?*

L'Éspri-Sin-an désann sou Jézu sou fòm yon kolonb. Prémié krétyin-yo té ékspérimenté l'Éspri-Sin-an tankou yon onksion k-ap sové yo, yon dlo lavi, yon tanpèt k-ap souflé oubyin tankou lang difé. Jézu-Kri li-minm palé osijè sa k-ap édé-a, k-ap konsolé-a, k-ap anségné-a épi ki Éspri vérité-a. Nan Sakréman\* l'Égliz-la yo transmèt l'Éspri-Sin-an gras a inpozision min-yo épi onksion luil-la. [691-693]

Sign ki té montré Bondié fè yon aliens lapè ak moun-nan, Noé té ouèl-nan kolonb-la ki té parèt ak ramo olivié-a. Nan Antikité-a lòt nasion-yo té konsidéré kolonb-la kòm sinbòl rinmin-an. Donk prémié krétyin-yo té konprann tousuit poukisa l'Éspri-Sin-an ki sé rimmin Bondié-a an pèrsòn, té désann sou Jézu tankou yon kolonb lè batèm-nan nan Joudin-an. Jodi-a sou tout tè-a yo rékonèt kolonb-la kòm yon sign lapè épi youn nan gran sinbòl rékonsiliasion ant Bondié ak moun-yo (Jén 8, 10-11).

116     *Sa sa vlé di lè yo di : Sé l'Éspri-Sin-an « ki t-ap palé lè profèt-yo t-ap palé » ?*

**Nan Ansyin Téstaman-an, Bondié té déjà bay fi ak gason l'Éspri li-a yon fason pou yo té palé nan Non-li épi pou yo té anonsé pèp-la Mési-a (Kris-la) ki té gin pou vini-an.** [683-688, 702-720].

Nan Ansyin Téstaman-an, Bondié té chouazi gason ak fi ki té aksépté yo chouazi yo pou-l konsolé, gidé épi ankourajé pèp li-a. Konsa l'Éspri Bondié-a té palé nan bouch Izayi, Jérémi, Ezékièl épi lòt profèt-yo. Jan-Batis, dènié nan profèt-yo pa-t sèlman anonsé davans Mési-a prêt pou rivé, min li té rankontré-l tou épi li té anonsé sé li-minm ki t-apral libéré nou anba pouvoua péché-a.

117     *Kòman l'Éspri-Sin-an té aji nan Mari, avèk Mari épi gras a Mari ?*

Mari té disponib nèt alé pou Bondié épi li té dosil nan min-l (Lk 1, 38). Sé konsa aksion l'Éspri-Sin-an fè-l tounin « manman Bondié » épi kòm manman Kris-la li té vîn manman tout krétyin-yo tou épi manman tout moun. [721-726]

Mari pèmèt l'Éspri-Sin-an réalisé pi gran mirak-la : Bondié tounin moun. Li té di Bondié « oui » : *Min ésklav Granmèt-la, sé pou sa rivé-m dapré paròl ou-a* (Lk 1, 38). Antan l'Éspri-Sin-an ap soutni-l, Mari té akonpagné Jézu nan kè kontan-li ak nan lapèn li tous nan pié lakoua-a. Épi sé la Jézu té ba nou li kòm manman (Jn 19, 25-27). ↗ 80-85, 479

118     *Sa-k té pasé lè Pannkot-la ?*

**Sinkant jou apré réziréksion-an, Granmèt-la té voyé l'Éspri-Sin-an sot nan sièl-la sou disip li-yo. Sé tan l'Égliz\*-la ki kòmansé.** [731-733]

Jou Pannkot-la, l'Éspri-Sin-an té transfòmé apot-yo ki té bloké paské yo té pè épi li fè yo tounin témouin Kris-la ak kouraj. Nan yon ti tan tou kout, gin pliziè milié moun ki résévoua batèm : sé té nésans l'Égliz-la. Mirak lang-yo nan Pannkot\*-la té montré, dépi nan kòmansman, l'Égliz-la fèt pou tout moun : li inivèsèl (mo *katolik*-la soti nan mo grèk ki vlé di « ouvè pou tout moun ») épi li misionè. Sé ak tout moun li palé, li dépasé bariè ras ak lang épi tout moun kapab konprann li. Jous jodi-a, l'Éspri-Sin-an sé rémèd k-ap fè l'Égliz-la viv.

119     *Ki aksion l'Éspri Sin-an nan l'Égliz-la ? [Kijan l'Éspri-Sin-an aji nan l'Égliz-la ?]*

**L'Éspri-Sin-an ap bati l'Égliz-la. L-ap pousé li épi l-ap fè-l sonjé mision-li. Li relé moun vîn nan sèvis li épi li ba yo don ki nésésèyo. L-ap kondui nou pi afon chak foua nan kominion ak Sint Trinité-a.** [733-741, 747]

Minm lè pandan istoua li ki tèlman long l'Égliz-la té parèt pliziè foua kòm « li pa fîn konnin sa l-ap fè », poutan l'Éspri Sin-an té la ap aji nan li malgré tout fot ak tout mankman lèzòm. Égzisté li égzisté dépi dé mil an-an, kantité sin li ginyin nan tout épòk nan tout kilti, déjà asé pou fè ouè prèv prezans l'Éspri-Sin-an. Sé li minm ki kinbé tout l'Égliz-la ansanm nan vérité-a épi k-ap minnin-l toujou pi louin nan konésans Bondié. Sé l'Éspri-Sin-an k-ap aji nan Sakréman\*-yo épi ki fè Liv ki Sin-yo ap ba nou lavi. Jodi-a toujou l-ap bay moun ki ouvè nèt ba li tout don lagras li-a (Karism\*). ↗ 203-206

120     *Kòman l'Éspri-Sin-an ap aji nan lavi-ou ?*

**L'Éspri-Sin-an ouvè mouin parapò a Bondié ; li aprann mouin priyé épi li édé-m rété bò koté lòt-yo pou-m édé yo.** [738-741]

Dapré Sint Ogustin, l'Éspri-Sin-an sé « vizitè ki rété tou dousman an silans anndan nanm nou ». Pou-n santi prezans li, nou doué fè silans. Vizitè sa-a palé anpil foua tou dousman anndan nou. li palé avèk nou, pa lintèmédiè voua konsians-la oubiyin ak lòt ankourajman sou parann-dan ak sou padéyò. Nou sé « tanp l'Éspri-Sin-an », sa vlé di : nou doué prézan ak kò nou épi ak nanm nou pou nou akéyi, résévoua vizitè sa-a ki Bondié nan nou. Kè-nou sé tankou kay koté Bondié rété. Plis nou ouvri bay l'Éspri Sin-an épi nou dosil sé plis l-ap tounin yon gid pou lavi nou, sé plis l-ap présé ba nou Karism\* li-yo pou nou konstoui l'Égliz-la. Konsa, sé foui l'Éspri-a\* k-ap grandi nan nou angiz travay chè-a\*. ↵ 290-291, 295-297, 310-311

### **Mouin kouè... nan sint Égliz katolik-la** (Mouin kouè l'Égliz-la sin é li la pou tout moun)

121      *Kisa l'« Égliz »-la yé ?*

**Mo Égliz\*-la soti nan lang grèk ékklesia ki vlé di rasanbléman sa yo konvoké-yo. Nou tout, sa-k batizé épi sa-k kouè nan Bondié-yo, Granmèt la konvoké nou. Ansanm nou sé l'Égliz-la. Kris-la sé tèt l'Égliz-la, jan S. Pòl di-a. Nou minm, nou sé kò-li.** [748-757]

Lè nou résévoua Sakréman\*-yo épi nou kouté Paròl Bondié-a, Kris-la nan nou épi nou nan li – sé sa l'Égliz\*-la. Ak anpil imaj, Liv ki sin-yo pa sispann raplé kijan tout batizé-yo pèsonèlman gin yon sèl kominoté lavi avèk Jézu. Pafoua, yo rélé l'Égliz-la pèp Bondié-a, Épouz Kris-la. Pafoua yo rélé-l manman épi fanmi Bondié. Yo konparé-l tou ak invité-yo nan yon fèt nòs. Nou pa doué konprann l'Égliz-la tou sinpléman kòm yon òganizasyon, yon institision, « yon Égliz fonksionèl » nou t-a kapab viré do ba li. Nou kapab faché poutèt fot ak salté ki nan l'Égliz-la min nou pa doué janm pati kité-l, paské Bondié rinmin-l yon fason irévokab épi li pa janm pran distans parapò a li malgré tout péché-l yo. L'Égliz-la sé prezans Bondié nan mitan moun-yo. Sé poutèt sa nou doué rinmin-l.

122      *Pou kisa Bondié vlé l'Égliz-la la ?*

**Bondié vlé pou gin l'Égliz\*-la paské li pa vlé sové nou antan-l izolé nou, min antan-l mété nou ansanm. Li vlé fè tout moun sou tè-a tounin yon sèl pèp.** [758-781, 802-804]

Pèsonn moun pa rivé nan sièl-la san rélation ak lòt-yo. Moun k-ap pansé a tèt pa-l sèlman épi kijan pou-l sové ti nam pa-l, ap viv nan izòlman. Nan sièl-la tankou sou tè-a, sa inposib. Bondié li-minm pa yon izòlman san rélation ak lòt-yo ki sifi pròp tèt pa-l. Bondié Trinité-a sé yon « sosiété » nan li-minm. Li sé yon seri rélation, yon échanj rinmin san rété. Dapré modèl Bondié-a, yo rélélé moun-nan tou pou rélation-an, pou échanj, pataj, pou patisipasion-an, pou rinmin-an. Nou chak responsab lòt.

123 *Ki sa l'Égliz-la gin kòm travay pou-l fè ?*

**Travay l'Égliz\*-la sé fè Péyi-roua Bondié-a ki déja kòmansé avèk Jézu, rivé jèmin nan tout pèp-yo épi dévlopé. [763-769, 774-776, 780]**

Koté Jézu té konn pasé, sièl-la té kontré ak tè-a : Péyi-roua Bondié-a té rivé, yon rouayòm lapè ak jistis. L'Égliz\*-la nan sèvis Péyi-roua Bondié-a. L'Égliz\*-la pa aboutisman pròp tèt-li. Li gin pou-l kontinié sa Jézu té kòmansé-a. Li doué fè sa Jézu t-a fè. L-ap prolongé sign sakré Jézu-yo (Sakréman\*-yo). L-ap transmèt paròl Jézu-yo. Poutèt sa l'Égliz-la malgré tout féblès li ginyin-yo, sé tankou yon gro moso sièl-la sou tè-a.

124 *Sa-k fè l'Égliz-la plis pasé yon sinp institision ?*

**L'Égliz\*-la plis pasé yon institision paské li sé yon Mistè\* ki soti alafoua nan Bondié ak nan moun-nan. [770-773, 779]**

Rinmin tout bon vré-a pa fè moun vîn avèg, li fè-l ouè pi klè minm. Sé konsa sa yé pou jan nou gadé l'Égliz-la. Lè n-ap gadé-l sou padéyò, l'Égliz-la sé sèlman yon institision istorik ak yon bann réalization istorik, min tou ak anpil érè épi minm gin krim ki fêt ladan-l – l'Égliz péchè. Min si sé konsa n-ap gadé sèlman, nou pa ouè louin. Éffektivman Kris-la tèlman fè nou minm ki péchè konfians, li pa janm abandoné l'Égliz-la, minm si nou t-a trayi-l chak jou. Inion sa-a yo pa kapab défèt-la ant sa-k sot nan Bondié ak sa-k sot nan moun-nan, ant péché-a ak gras-la, sé sékèr l'Égliz-la. Sé sa-k fè pou jé k-ap gadé ak lafoua yo pa kapab détoui l'Égliz-la. ↵ 132

125 *Ki karaktéristik pèp Bondié-a ?*

**Sé Bondié, Papa-a, ki fòmé pèp sa-a. Sé Jézu-Kri k-ap dirijé-l. Sous énèji-li sé l'Espri-Sin-an. Pòt pou antré nan pèp Bondié-a sé batèm-nan. Dignité-l sé libète pitit Bondié-yo. Laloua-li sé rinmin-an. Lè pèp sa-a rété fidèl a Bondié épi chèché Péyi-roua Bondié-a an prémié, li transfòmé tè-a. [781-786]**

Pami tout pèp ki sou tè-a, gin youn ki pa gin parèy. Li pa soumèt dévan pèsonn sof dévan Bondié sèlman. Li tankou sèl-la ki bay gou, tankou lévin-an ki antré nan tout pat-la ; tankou limiè-a ki gayé fènoua-yo. Moun ki fè pati pèp Bondié-a doué konnin li kapab an opozision karé avèk moun ki dékläré Bondié pa égzisté épi ki méprisé kòmandman-ly. Min kòm pitit Bondié ki lib, nou pa doué pè anyin, pa minm lanmò-a.

126 « L'Égliz-la sé Kris-la ». Sa sa vlé di ?

Nou fè yon sèl avèk Kris-la, toudabò gras a Sakréman\* batèm-nan épi Ékaristi\*-a, gin yon rapò anyin pa kapab défèt ant li minm ak nou minm. Rapò sa-a sitèlman solid sé tankou tèt-la ak rès manb nan kò moun-nan nou asosié avèk li. [787-795] ↗ 146, 175, 200, 208, 217

127 « L'Égliz-la sé épouz Kris-la ». Sa sa vlé di ?

Jézu-Kri rinmin l'Égliz\*-la tankou yon épou rinmin yon épouz. Li fè youn avèk li pou tout tan épi li bay lavi-l pou li. [796]

Moun ki viv ékspérians rinmin-an konnin sa rinmin yé. Jézu konnin sa rinmin yé épi li présentant tèt-li tankou yon épou ki fou damou pou épouz-li épi ki anvi fété fêt rinmin-l nan avèk li. Épouz li-a, sé nou minm, l'Égliz-la. Déja nan Ansyin Téstaman\*-an yo té konparé rinmin Bondié pou pèp li-a ak rinmin ant yon gason ak yon fi. Si Jézu anvi nou chak nou rinmin-l, anpil foua nou t-a kapab di sé trayi nou trayi rinmin-l nan, poutèt gin moun ki pa vlé tandé palé dé rinmin-l nan épi ki réfizé réponn li.

128 « L'Égliz-la sé tanp l'Espri-Sin-an ». Sa sa vlé di ?

Nan mitan moun-yo sou tè-a, l'Égliz\*-la sé koté prezans l'Espri-Sin-an yé. [797-801, 809]

Pèp Israèl-la té konn sèvi Bondié nan Tanp Jérusalèm-nan. Tanp sa-a pa égzisté ankò. L'Égliz-la la : li pa maré ak okinn koté an patikilié. Koté dé ou toua rasanblé réyèlman o non-m, la mouin nan mitan yo (Mt 18, 20). Sa-k fè-l viv sé l'Espri Kris-la : li vivan nan Paròl Bondié-a épi li prezanz nan sign sakré Sakréman\*-yo. L-ap viv nan kè moun ki kouè-yo épi li palé nan priyè yo. L-ap kondui yo épi li konblé yo ak don (Karism\*) òdinè épi ekstraòdinè. Jodi-a tou, moun ki fè l'Espri Sin-an konfians kapab fè mirak tout bon vré. ↗ 113-120, 203-205, 310-311

**Mouin kouè nan l'Égliz-la ki sé yon sèl, ki sin, ki katolik épi apostolik**

(Mouin kouè gin you sèl l'Égliz, ki fè yon sèl kòt fanmiy. Li sin.  
Li la pou tout moun. Sé sou Apot-yo li batî)

129     *Pou kisa sé yon sèl l'Égliz-la ki kapab ginyin ?*

Minm jan sé yon sèl Kris-la ki ginyin, sé yon sèl Kò Kris-la ki kapab ginyin, yon sèl épouz Kris-la, donk yon sèl Égliz\* Jézu-Kri-a. Kris-la sé tét-la, l'Égliz-la sé kò-a. Ansanm yon fòmé « Kris total »-la (sint Ogustin). Minm jan kò-a gin divès manb ki konpozé-l min yo fòmé yon sèl-la, konsa tou l'Égliz-la fè yon sèl nan diféran Égliz patikilié-yo. Ansanm yo fòmé Kris total-la. [811-816, 866, 870]

Jézu té fondé l'Égliz li-a sou Apot\*-yo. Jous jodi-a, l'Égliz\*-la toujou répozé sou fondasion sa-a. Antan ministè S. Piè-a ap kondui-l, li minm « k-ap prézidé nan rinmin-an » (Ignas d'Antiòch), l'Égliz-la té transmèt lafoua apot-yo sot nan yon jénérasion al nan yon lòt. Se minm jan-an tou pou Sakréman\*-yo Jézu té rinnèt bay group Apot-yo (kolèj apostolik-la), yo kontinié ap aji ak fòs yo ginyin dépi nan kòmansman-an.

130     *Èské krétyin ki pa katolik-yo sé frè ak sè nou tou ?*

Tout moun ki résévoua batèm-nan fè pati l'Égliz\* Jézu-Kri-a. Sé poutèt sa, batizé ki pa an plin kominion ak l'Égliz katolik-la sa kòrèk pou rélé yo krétyin épi sé sa-k fè yo sé frè-n ak sè-n. [817-819]

Divizion ki déchiré sèl l'Égliz Kris-la, yo soti nan défòmasion ansègnman Kris-la, nan péché lèzòm épi nan yon volonté rékonsiliasion ki pa-t asé – sitou lakay gran responsab rélijijé-yo. Krétyin kounié-a pa responsab divizion ki fèt nan istoua l'Égliz-la. Pou moun-yo kapab sové, l'Éspri-Sin-an aji tou nan l'Égliz\* ak nan kominoté éklézial\* ki séparé ak l'Égliz katolik-la. Tout don ki égzisté, tankou parégzanp Liv ki sin-yo, Sakréman\*-yo, lafoua, espérans-la, charité-a épi lòt Karism-yo sé nan Kris-la yo sòti. Koté l'Éspri Kris-la vivan gin yon mouvman sou paranndan k-ap pousé nan diréksion pou « réstoré inité-a », paské tout sa ki pou-li gin tandans vîn rasanblé.

131     *Sa pou nou fè pou krétyin-yo fè youn ?*

**Nan paròl-nou épi nan aksion-nou, nan sa n-ap di ak nan sa n-ap fè, nou doué kouté Kris-la ki vlé byin aklè pou nou tout fè youn (Jn 17, 21). [820-822]**

Travay pou krétyin-yo vîn fè youn-nan sé yon responsabilité pou tout krétyin-yo, kit yo jèn kit yo granmoun. Inité-a sé youn nan bagay Kris-la té pi anvi. Li té priyé Papa-l : *pou tout moun fè youn, minm jan ou-minm, Papa, ou nan mouin, épi mouin minm mouin nan ou, pou yo minm tou yo nan nou ; pou tè-a kouè sé ou minm ki voyé-m* (Jn 17, 21). Divizion-yo sé tankou blésé yo blésé Kò Kris-la, yo fè mal, y-ap singnin. Divizion-yo minnin nan goumin, yo afébli lafoua-a épi yo diminié konfians moun t-a doué ginyin nan krétyin-yo. Pou yo kapab raché skandal divizion-an sot sou tè-a, fòk chak moun chanjé mantalité, épitou pou chak krétyin konnин lafoua pròp kominoté-li pi byin épi nan kisa li diféran parapò a lafoua lòt kominoté-yo. Épi, pi plis toujou, fòk yo priyé ansanm épi fòk yo kolaboré nan sèvis tout moun. Résponsab l'Égliz-la minm pa doué kité dialòg téolojik-la mouri.

132     *Pou kisa l'Égliz-la sin ?*

**L'Égliz-la sin sé pa paské tout manb li-yo sin nèt, min paské Bondié sin épi l-ap aji ladan-l. Tout manb l'Égliz-la sanktfié nan batèm-nan, yo doué vîn sin nèt. [823-829]**

Chak foua nou kité sint Trinité-a aji nan nou, rinmin nou-an grandi, nou sanktfié, nou géri. Sin-yo sé moun ki gin anpil rinmin nan kè yo pa paské yo konn kijan pou yo rinmin pi byin pasé lòt-yo, min paské Bondié touché yo. Y-ap transmèt bay frè-yo rinmin yo résévoua sot nan Bondié-a, min nan fason pa-yo, yo ka di ki parèt oriijinal anpil foua. Antan yo rivé kot Bondié apré lanmò yo, yo minm tou y-ap sanktfié l'Égliz-la, paské y-ap « pasé sièl yo » ap soutni nou sou chémin k-ap fè nou vîn sin\*-an. — 124

133     *Poukisa l'Égliz-la katolik ?*

**« Katolik » (ki sot nan lang grèk *katholos*) vlé di ouvè pou tout moun. L'Égliz\*-la katolik paské Kris-la rélé-l pou-l dékläré tout lafoua-a, pou-l konsèvé tout sakréman\*-yo antan-l bay yo épi pou-l proklamé Bòn Nouvèl-la bay tout moun ; Kris la voyé-l bay tout pèp-yo. [830-831, 849-856]**

134      *Kilès ki nan l'Égliz katolik-la ?*

**Sé moun ki fè youn ak Kris-la nan déklaré lafoua katolik-la épi ki résévoua Sakréman\*-yo, ki fè pati l'Égliz katolik-la an plin antan-l rété an kominion ak Pap\*-la épi Évêk\*-yo. [836-838]**

Bondié té vlé yon l'Égliz pou *tout moun*. Malérézman nou minm krétyin-yo nou pa-t réspékté fidèleman sa Kris-la té souété-a. Poutan ofon nou kontinié gin yon lyin antré nou youn ak lòt gras a lafoua-a épi batèmnan nou gin an komin-an.

135      *Ki rapò l'Égliz-la ginyin avèk pèp Juif-la ?*

**Pèp juif-la sé pèp Bondié chouazi-a. Min kado ak apèl Bondié-yo irévokab. Alians ant Bondié ak pèp juif-la pa krazé nèt. Konsa, juifyo sé « gran frè » krétyin-yo paské Bondié té rinmin yo épi té palé ak yo an prémié. Kòm moun, Jézu té juif. Sa rapproché nou. L'Égliz-la rékonèt Jézu sé Pitit Bondié vivan-an. Sa divizé nou. Nou fè youn nan tann Mési-a ki gin pou vini alafin-an. [839-840]**

Lafoua nou-an gréfé sou lafoua juif-yo. Liv ki sin pou Juif-yo, sa nou rélé Ansyin Téstaman\*-an, sé prémié pati Liv ki sin pou nou-yo. Fason juifyo ak krétyin-yo ouè moun-nan ki gin dimansion étik-la ki fòmé apati dis kòmandman-yo, sé fondman démokrasi oksidental-yo. Sé yon ront si pandan pliziè sièk krétyin-yo pa-t toujou rékonèt yo sé minm fanmi ak rélijion juif-la épi yo t-ap fè fo-rézonman téolojik pou jistifié rayisans a-mò yo té ginyin pou judayism-nan. Pap Jan-Pòl II té mandé padon eksplisitman pou sa alokazion ané sint 2000-la. Konsil Vatikan II-a di klèman yo pa kapab akizé Juif-yo koléktivman kòm pèp pou rann yo responsab lanmò Jézu sou lakoua-a. ↵ 96-97, 335

136      *Kisa l'Égliz-la pansé osijè lòt rélijion-yo ?*

**L'Égliz-la réspékté tout sa ki bon, tout sa ki vré nan lòt rélijion\*-yo. Libète rélijion-an inpòtan pou li, épi l-ap défann li kòm youn nan doua moun-nan ginyin. Poutan li byin konnin sé Jézu-Kri ki sèl sovè pou tout moun. Sé li minm sèl ki chémin-an, vérité-a ak lavi-a (Jn 14,6). [841-845, 846-848]**

Moun k-ap chèchè Bondié, li toupré nou minm krétyin. Mizilman-yo tou an patikilié, yo fè pati sèk fanmi nou-an. Tankou judayism-nan ak kristianism-nan, islam-nan sé yon rélijion\* monothéïste (Monothéïsme\*). Mizilman-yo adoré Bondié kréatè-a épi yo konsidéré Abraam kòm papa yo nan lafoua-a. Nan Koran-an, Jézu sé yon gran profèt épi Mari, manman-l, sé manman profèt-la. Daprè sa l'Égliz-la anségné, tout moun

ki pa konnin Kris-la ak l'Égliz-la, san sé pa fot yo, min k-ap chèché Bondié ak sinsérité épi k-ap suiv voua konsians yo, y-ap gin lavi ki pap janm fini-an. Min tou, moun ki rékonèt Jézu-Kri sé *chémin-an*, vérité-a ak *lavi-a*, épi ki pa suiv li, pa gin sové pou li nan okinn lòt chémin, sé sa yo vlé di lè yo di *extra Ecclesiam nulla salus* (« an déyò l'Égliz-la pa gin sové »). — 199

137 *Poukisa l'Égliz-la apostolik ?*

**L'Égliz\*-la apostolik paské sé sou lafoua Apot\*-yo li bati, sé sa yo té transmèt-la l-ap kinbé épi sé siksésè apot-yo k-ap dirijé-l.** [857-860, 869-877]

Jézu té rélé Apot\*-yo pou yo té kolaboré pi pré avèk li ; yo sé témouin-li ki té ouè-l ak jé yo. Apré réziréksion-l nan, li té parèt dévan yo pliziè foua. Li té ba yo l'Espri-Sin-an épi li té voyé yo kòm mésajé ak plin pouvoua sou tout tè-a. Nan kòmansman l'Égliz-la, sé yo minm ki té garanti unité-a. Ak inpozision min yo, yo té transmèt mision yo-a ak otorité yo-a bay Évêk-yo ki siksésè yo. Sé sa Évêk-yo tou té fè jous jodi-a. Yo rélé transmision sa-a « siksésion apostolik »\*. — 92

138 *L'Égliz-la ki fè youn, ki sin, ki katolik épi apostolik, kijan li òganisé ?*

**Nan l'Égliz-la gin layik\*-yo épi klèjé\*-a. Kòm pitit Bondié, yo gin minm dignité-a. Minm si responsabilité yo diféran, sé minm inpòtans-la yo ginyin. Mision layik-yo sé kondui tout tè-a al nan Péyi-roua Bondié-a. Minis òdoné-yo (manb klèjé-a) asosié avèk yo ; yo gin responsabilité pou gouvèné l'Égliz-la, pou anségné épi pou sanktfié. Nan toulèdé katégori yo gin krétyin ki konsakré bay Bondié yon fason patikilié nan povréte, chasteté épi obéyisans (nan kominoté rélijéz-yo parégzanp).** [871-876, 934, 935]

Dévoua tout krétyin sé témoagné l'Évanjil-la ak pròp lavi-l. Min chak moun maché ak Bondié nan fason pa-l. Ginyin Bondié konfié mision pou yo layik\*, pou yo kapab konstoui péyi-roua Bondié-a nan mitan sosiété moun-yo sou tè-a gras a fanmi yo épi travay yo : gras a Batèmn-an ak Konfimasion\*-an, li ba yo tout kado l'Espri-Sin-an yo békouin. Gin lòt ki konfirme li konfié responsabilité kòm pastè : yo doué gouvèné, anségné épi sanktfié pèp li-a. Pèsonn pa kapab ozé bay pròp tèt-li fonksion sa-a : sé Granmèt-la li minm ki pou ba li-l épi, gras a sakréman òdinasion-an, l-ap transmèt li puisans Bondié-a k-ap pèmèt li aji nan Kris-la épi sélébré Sakréman\*-yo. — 259

139 *Kisa ki vokasion layik-yo ?*

**Mision layik\*-yo sé angajé yo nan sosiété-a pou páyi-roua Bondié-a kapab grandi nan mitan lèzòm. [897-913, 940-943]**

Yon layik\* pa yon krétyin dézièm klas paské li patisipé nan sasèrdòs Kris-la (sasèrdòs batizé-yo ginyin an komin-an). L-ap véyé pou moun ki bò koté-l yo (nan lékòl, fòmasion, fanmiy, travay) aprann konnin l'Évanjil-la épi rinmin Kris-la. Li fè lafoua li-a antré nan sosiété-a, ékonomi-an ak politik-la. Li patisipé nan lavi l'Égliz-la antan-l égzèsé ministè akolit épi léktè, antan-l animé group, oubiyin patisipé nan komision ak òganizasyon l'Égliz-la (ékip k-ap animé parouas, konsèy pastoral, etc.). Jèn-yo an patikilié doué pansé seriézman sou plas Bondié souté yo okipé nan l'Égliz-la.

140 *Poukisa l'Égliz-la pa yon òganizasyon démokratik ?*

**Prinsip démokrasi-a sèké pouvoua-a soti nan pèp-la. Nan l'Égliz\*-la minm, pouvoua-a sé nan Kris-la li soti. Sé sa-k fè l'Égliz-la gin yon strikti yérarchik, ki réalisé nan yon mantalité « koléjal ». [874-879]**

Aspè yérarchik-la nan l'Égliz-la sèké : Kris-la li-minm ap aji nan l'Égliz-la lè minis òdoné-yo ap fè épi ap bay kichòy pa pouvoua gras Bondié-a, kichòy yo pa kapab fè ni bay apati yo minm minm. Parégzanz lè y-ap administré sakréman\*-yo onon Kris-la épi lè y-ap anségné ak otorité-l. Aspè koléjal-la nan l'Égliz-la sèké : Kris-la té konfié tout lafoua-a an antié bay kominoté douz Apot\*-yo, sa siksésè yo ap gouvèné l'Égliz-la, anba gid sa k-ap égzèsé fonksion yo té bay Piè-a. Sou plan koléjal-la, Konsil-yo gin yon plas klé nan l'Égliz-la. Min divès fòm kado l'Espri-Sinan épi karaktè inivèsèl l'Égliz-la kapab bay foui tou nan lòt asanblé l'Égliz-la, nan Sinòd-yo épi nan Konsèy-yo.

141 *Ki ròl Pap-la ?*

**Kòm siksésè sin Piè épi chèf kolèj évèk-yo, Pap\*-la sé garanti unité l'Égliz\*-la. Sé li minm ki gin otorité ki pi ro-a nan sa-k konsèné pastoral l'Égliz-la épi dènié otorité pou tout désizion ki konsèné doktrîn-nan ak règlement disciplin-nan. [880-882, 936-937]**

Jézu té bay Piè yon prémié ran sou tout Apot\*-yo, sé sa-k fè sé li minm ki té dènié otorité-a nan kòmansman l'Égliz-la. Ròm\* – égliz lokal sa-a Piè té gouvèné-a épi sé la li té sibi mati-a – vîn tounin référans-la nan prémié kòmansman l'Égliz-la : tout lòt kominoté-yo té doué an akò ak Égliz Ròm-nan. Sé sa ki té kritè pou yon lafoua apostolik ki kòrèk, ki antié (intégral) épi otantik (vré). Jous kounié-a, tout Évêk\* Ròm, tankou

Piè, sé pastè l'Égliz-la nan pi ro dégré-a, Tèt l'Égliz-la minm sé Kris-la. Sé lè l-ap égzèsé fonksion sa-a Pap-la « réprésantan Kris-la sou tè-a ». Pa pouvoua otorité nan pi ro dégré li ginyin-an nan responsabilité nanm-yo ak doktrin-nan, l-ap véyé pou yo transmèt lafoua-a yon fason otantik. Si sa nésésè, li doué réjté kèk ansègnman oubuin révoké minis-yo nan fonksion yo pou fot grav yo t-a komèt nan késion lafoua-a oubuin moral-la. Sa-k fè fòs ak réyonman l'Égliz katolik-la sé fondamantalman unité li [youn li fè youn-nan] nan késion lafoua-a ak moral-la, unité sa-a sé Majistè-a ki garanti-l épí Pap\*-la sé chèf li.

142 *Èské Èvèk-yo kapab aji oubuin anségné an kontradiksion ak Pap-la ? Èské Pap-la kapab fè minm jan-an kont Èvèk-yo ?*

**Èvèk\*-yo pa kapab aji ni anségné si sé pa antan yo an akò ak Pap-la, pa kont li. Pap\*-la minm kapab, nan kèk ka byin détèminé, pran désizion san akò évèk-yo. [880-890]**

Poutan, Pap-la nan désizion l-ap pran-yo oblijé anba lafoua l'Égliz\*-la. « Sa tout té kouè tout tan, toupatou san rété » (S. Vinsan de Lérins) sé tankou sans komin l'Égliz-la paské nan domèn lafoua-a, konviksion krétyin-yo sèké sé l'Espri-Sin-an k-ap animé-l.

143 *Èské Pap-la infayib vré ?*

Oui. Min paròl Pap\*-la infayib sèlman lè l-ap proklamé yon dògm nan yon akt éklézial solanèl ex cathedra, sètadi lè l-ap pran yon désizion définitif sou yon pouin nan doktrin-nan ki konsèné lafoua-a ak konpòtman moral-la. Yo jouinn karaktè infayib sa-a tou nan désizion kolèj évèk-yo pran an kominion avèk Pap-la lè yo di yo vlé palé définitivman, tankou parégzanp nan yon Konsil. [888-892]

Infayibilité Pap\*-la pa gin anyin pou-l ouè ak intégrité moral-li oubuin intèlijans-li. An réalité, sé l'Égliz-la ki infayib : Jézu té promèt li l'Espri Sin-an k-ap kinbé-l épí gidé-l pou-l antré pi fon, pi plis, nan vérité-l la. Lè toudinkou yo nié oubuin mal intèprétré yon vérité lafoua ki évidan, l'Égliz-la doué ginyin yon dènié rékou, yon voua, ki pou dékläré yon fason définitif sa ki vré épí sa-k pa vré. Voua sa-a, sé voua Pap-la. Kòm siksésè S. Piè épí prémié pamí Èvèk\*-yo, sé li minm sèl ki gin pouvoua fòmilé vérité y-ap diskité-a, an konfòmité ak tradision lafoua l'Égliz-la, yon fason pou li prezanté vérité sa-a bay fidèl-yo kòm sa « yo doué kouè ak asirans » pou tout tan. Lè sa-a yo di : « Pap-la proklamé yon dògm ». Donk sa dògm-nan di-a pa jann kapab eksprimé kichòy ki « nouvo ». Sé pa souvan yo proklamé yon dògm ; dènié sa yo proklamé-a sé té an 1950.

144 *Ki résponsabilité évèk-yo ?*

**Évèk\*-yo responsab l'Égliz\* patikilié (diosèz) yo konfié yo-a épí yo koréponsab tout l'Égliz-la ansanm. Yo égzèsé otorité yo an kominion ak tout lòt évèk-yo épí pou tout l'Égliz-la anba gid Pap\*-la. [886-887, 893-896, 938-939]**

Toudabò Évèk\*-yo doué apot\*, témouin fidèl Jézu ki té rélé yo pèsonèlman bò koté-l épí ki té voyé yo. Konsa y-ap poté Kris-la bay lèzòm épí y-ap minnin lèzòm bay Kris-la. Yo réalisé sa nan prédikasyon yo, nan sélébrasion sakréman\*-yo épí nan gouvènman l'Égliz\*-la. Kòm siksesè apot-yo, évèk-la égzèsé fonksion-l pa pouvoua otorité apostolik pa-l la ; li pa yon mandatè oubyin yon espès asistan Pap-la. Poutan, l-ap aji an kominion avèk Pap\*-la épí anba otorité-l.

145 *Poukisa Jézu vlé pou gin krétyin ki pran angajman viv pou tout tan nan povrété, chasteté épí obéyisans ?*

**Bondié sé rinmin. Li anvi nou rinmin-l tou. Yon fason pou bay Bondié pròp tèt ou paské ou rinmin-l sé viv tankou Jézu – sètadi pòv, chast épí obéyisan. Moun k-ap viv konsa-a gin tèt-li, kè-li épí min-li lib pou Bondié épí pou lèzòm. [914-933, 944-945]**

Gin fi ak gason ki kité Jézu pran tèt yo, kè yo, tout yo minm joustan yo kité tout bagay pou Bondié akòz *Péyi-roua sièl-yo* (Mt 19, 12). Yo minm rivé kité kado ki sitèlman bèl yo ginyin tankou richès tè-a, otonomi libêté yo, vi rinmin nan mariaj-la. Lavi sa-a dapré konsèy évanjélik-yo nan povrété, chasteté épí obéyisans montré tout krétyin-yo tè-a pa tout. Sé sèlman rankont ak Bondié ki vlé marié ak nou-an k-ap satisfè épí konblé kontantman moun-nan définitivman.

**Mouin kouè... tout byin zanmi Bondié-yo fè sèvi lòt-yo**  
(Mouin kouè... nan kominion sin-yo)

146 *Sa « kominion sin-yo » vlé di ?*

**Tout fi ak gason ki mété espérans yo nan Kris-la épí ki vîn pou li pa l'intèmèdiè batèm-nan, kit y-ap viv kit yo mouri, yo fè pati « kominion sin-yo ». Paské sé yon sèl kò-a nou yé nan Kris-la, n-ap viv nan yon kominion ki anglobé sièl-la ak tè-a. [946-962]**

L'Égliz-la pi gran épí pi vivan pasé sa nou t-a kapab pansé-a. Ni moun k-ap viv ni moun ki mouri-yo, yo ladan-l – dènié sa-yo kapab antré nan yon étap purifikasyon oubyin déjà antré nan bëlté Bondié-a – pèsonaj

moun té konnin, sa yo pa-t konnin, gran sin épi moun tou sinp. Minm apré lanmò-a nou kapab édé youn lòt. Nou kapab palé ak sin patron nou (sa nou poté non-l nan) oubyin sin nou pi rinmin-yo, min nou kapab palé tou ak pròch paran nou ki pran dévan épi nou kouè yo déjà rivé kot Bondié. Konsa tou, nou kapab édé défin nou-yo k-ap purifié toujou antan nou priyé pou yo. Sa chak moun fè oubyin andiré nan Kris-la épi pou li, sèvi pou byin tout lòt-yo. Min, malérézman, sa vlé di tou chak péché blésé kominoté-a. ↵ 126

147 *Poukisa la Trè Sint Viej Mari gin yon plas ki sitèlman ro nan kominion sin-yo ?*

**Mari sé manman Bondié. Lè-l té sou tè-a li té gin yon rélation spésial li minm sèl té ka ginyin ak Jézu. Rélation sa-a ki fè-l toupré Jézu, li pa sispann nan sièl-la. Okontré Mari sé rèn sièl-la épi li toupré nou poutèt li sé manman nou.** [972]

Paské li té mété tout kò-l ak tout nanm-li nan yon angajman ki pa-t fasil poutèt sé Bondié ki té mandé-l sa, Bondié té akéyi-l nan sièl-la ak kò-l ak nanm-li. Moun ki viv épi ki kouè tankou Mari pral nan sièl. ↵ 80-85

148 *Èské Mari kapab édé nou vrèman ?*

**Oui. Dépi kòmansman l'Égliz-la li fè ékspérians kijan Mari kapab édé nou. Gin milion krétyin ki kapab témoagné sa.** [967-970]

Kòm manman Jézu, Mari sé manman nou tou. Yon bon manman toujou défann pitit-li. Mari, manman-nou, pi plis toujou ! Sou tè-a déjà li té intèvni bò kot Jézu pou lòt moun, paréggzanp nan nòs Kana, konsa lèmarié pa-t pran ront. Jou Pantkot-la li té la nan sénak-la ak disip-yo, li t-ap priyé nan mitan yo. Paské rinmin li-an pa gin bout, nou gin asirans l-ap intèvni an favè nou nan dé moman ki pi inpòtan nan lavi nou : « kounié-a ak lè n-ap mouri ». ↵ 85

149 *Èské yo kapab adoré Mari ?*

**Non. Sé Bondié sèl yo doué adoré. Min nou kapab réspékté épi vénéré Mari kòm manman Granmèt nou-an.** [971]

Adoré vlé di rékonèt Bondié sé sèl mèt tout kréati nèt épi soumèt san kondision ba li. Mari sé yon kréati tankou nou. Pou lafoua-nou, li sé manman nou. Épi nou doué onoré paran nou. Sé sa Bib-la di : Rêyèlman Mari dékläré osijè pròp tèt pa-l : *Oui, dépi koulié-a tout jénérasion ap di ala kontantman pou mouin* (Lk 1, 48). L'Égliz-la eksprimé vénéra-

sion-l pou Mari nan koté yo fè pélérinaj-yo, nan fèt litijk-yo, nan kantik ak priyè-yo tankou rozè-a ki yon rézimé évanjil-yo. ↵ 353, 485.

**Mouin kouè... péché-yo va jouinn padon**  
 (Mouin kouè... nan padon pou péché-yo)

150     *Èské l'Égliz-la kapab padoné péché-yo vré ?*

Oui. Non sèlman Jézu pèsonèlman té konn padoné péché-yo, min tou li bay l'Égliz-la responsabilité ak pouvoua délivré lèzòm anba péché yo. [981-983, 986-987]

Pa lintèmèdiè prèt-la, Bondié padoné moun-yo épi li éfasé fot yo kòmsi yo pa-t janm égzisté. Sé sèlman paské Jézu fè Prèt\*-la patisié nan pròp pouvoua Bondié pou padoné péché-yo ki fè Prèt-la kapab fè sa. ↵ 225-239

151     *Kòman l'Égliz-la padoné péché-yo ?*

Fondamantalman sé nan sakréman Batèm-nan yo jouinn padon péché-yo, apré sa, pou padon fot grav-yo, li nésèsè pou résévoua sakréman rékonsiliasion-an (sakréman pénitans-la, konfésion-an). Pou fot ki pi léjè-yo yo rékòmandé konfésion-an tou. Min léktu Liv ki sin-yo, priyè-a, jèn épi réalizasion kèk bon aksion gin éfikasité tou pou padon péché-yo. [976-980, 984-987] ↵ 226-239

**Mouin kouè... kò moun ki mouri-yo va lévé byin vivan**  
 (Mouin kouè... nan reziréksion chè-a)

152     *Poukisa nou kouè nan reziréksion mò-yo ?*

Nou kouè kò moun ki mouri-yo va résisité paské Kris-la té résisité sot nan pamí mò-yo, l-ap viv pou tout tan épi l-ap fè nou patisipé nan lavi étènèl li-a. [988-991]

Lè yon moun mouri, yo antéré kò-li oubyin yo boulé-l. Poutan nou kouè gin yon lavi pou moun sa-a apré lanmò-a. Jézu ki résisité-a té prezanté-l kòm Granmèt sou lanmò-a. Nou kapab fè-l konfians : mouin sé reziréksion-an. *Moun ki kouè nan mouin, minm si-l mouri, l-ap viv* (Jn 11, 25b). ↵ 103-108

153 *Poukisa nou kouè nan reziréksion « chè »-a, « kò »-a ?*

**Nan Bib-la, mo « chè »-a sé yon fason pou di karaktéristik moun-nan ki fèb, ki kapab mouri.** Poutan sa pa vlé di Bondié konsidéré « chè » moun-nan pa gin okinn valè. Okontré, nan Jézu-Kri, Bondié li-minm vîn tounin « chè » (Inkarnasion\*) pou-l sové moun-nan. Bondié pa sové lëspri moun-nan sèlman, min tout *moun-nan*, moun-nan toutantié ak kò-li ak nanm-li. [988-991, 997-1001, 1015]

Bondié kréyé nou kò (chè) ak nanm. Alafin tout bagay, li pap jété « chè »-a, sètadi tout kréasion, akoté, tankou yon vié jouët. Nan « dènié jou-a », l-ap résisité chè nou-an, sètadi n-ap transfòmé min poutan n-ap santi nou *nan bin-nou*, *nou nan éléman-nou*, *byin nan po-nou*. Pou Jézu tou, kondision lavi nan chè-a pa-t yon épizòd san konsékans. Lè-l té résisité épi li té fè disip li-yo ouè-l, yo té ouè mak klou-yo, blésu-yo, sou kò-l.

154 *Sa nou tounin lè nou mouri ?*

**Lè nou mouri, kò-a ak nanm-nan séparé. Kò-a dékonpozé pandan nanm-nan minm al rankontré Bondié épi ap tann pou-l réyini ankò ak kò-a k-ap résisité nan dènié jou-a.** [992-1004, 1016-1018]

Kòman kò nou-yo ap résisité, sa-a sé yon mistè. Yon imaj kapab édé nou konprann : lè nou ouè yon grinn mayi, nou pa kapab konnin ki kalité ak ki grosè pié mayi li pral fè antan l-ap dévlopé anba tè-a nan fènoua-a. Sé konsa sa yé pou nou : nou pa konnin non plis ki aparans nouvo kò nou-an pral ginyin. Sin Pòl di sa ak asirans : *yo simin kò-a nan dékonpozision, li résisité nan inpossibilité dékonpozision-an, li simin nan dézonè, li lévé nan gloua, li simin nan féblès, li lévé nan fòs* (1 Kor 15, 42-43).

155 *Si nou kouè nan Kris-la kijan li pral édé nou lè n-ap mouri ?*

**Kris-la ap vîn rankontré nou pou-l kondui nou nan lavi pou tout tan-an. « Sé pa lanmò-a k-ap vîn chèché-m, sé Bondié »** (sint Térèz de Lizié). [1005-1014, 1016, 1019]

Lè nou konstaté soufrans ak lanmò Jézu, pasaj lanmò-a kapab vîn pi fasil pou nou. Antan nou fè Papa-a konfians épi nou rinmin-l nou kapab di « oui » tankou Jézu té fè-l nan jadin Olivié-yo. Konpòtman sa-a yo rélè-l « ofrann spirituel ». Moun k-ap mouri-a asosié ak ofrann Kris-la sou koua-a. Moun ki mouri konsa, antan-l fè Bondié konfians épi li anpè ak lèzòm, donk san péché grav, li sou rout pou-l al viv ak Kris-la ki résisité-a. Lanmò-a fè nou tonbé, min nou tonbé nan min Jézu. Moun ki

mouri-a sé pa anéanti li anéanti, sé antré li antré lakay-li nan rinmin Bondié ki té kréyé-l la. ↗ 102

**Mouin kouè... nan lavi ki pap janm fini-an**  
(Mouin kouè... nan lavi étènèl)

156 *Kisa ki lavi étènèl-la ?*

**Lavi pou tout tan-an kòmansé avèk batèm-nan. Li kontinié apré lanmò-a épi li pap janm fini. [1020]**

Moun ki tonbé damou fè ékspérians sa-a : yo t-a rinmin pou istoua yo-a pa t-a janm sispann. Bondié sé *rinmin*, dapré prémié lèt S. Jan-an (1 Jn 4, 16). *Rinmin-an* – dapré prémié lèt pou Korintyin-yo – *pap janm* pasé (1 Kor 13, 8). Bondié étènèl paské li sé rinmin épi rinmin-an étènèl paské-l sot nan Bondié. Lè n-ap viv nan rinmin, nou antré nan étènité Bondié-a ki toujou yon prézan. ↗ 285

157 *Apré lanmò-nou èské nou gin pou nou parèt dévan yon tribunal ?*

**Sa yo rélè jijman patikilié-a oubyin pèsònèl-la, li fèt tousuit lè moun-nan mouri. Jijman jénéral-la, sa yo rélè dènié jijman-an, l-ap rivé nan dènié jou-a, sètadi nan finisman tout bagay lè Granmèt-la ap rétounin. [1021-1022]**

Lè chak moun mouri sé lè vérité-a ki sonnin pou li. Lè sa-a nan pouin anyin yo kapab séré oubyin kaché. Nan pouin anyin yo kapab chanjé. Nou vîn fas-a-fas ak jijman Bondié-a, ki rann nou jistis paské antan nou toupré-l, li minm ki sin-an, nou doué jis, kòrèk, nan mézi Bondié té vlé pou nou jis, kòrèk, lè li té kréyé nou-an. Pétèt n-ap bbezouin yon étap purifikasyon, pétèt n-ap kapab tonbé tousuit nan bra Bondié ? Min pétèt nou sitèlman plin ak méchansté, rayisans, réfizé tout byin, sa kapab fè nou réfizé vizaj rinmin-an pou tout tan, vizaj sa-a sé vizaj Bondié. Yon lavi san rinmin pa anyin dòt pasé lanfè. ↗ 163

158 *Kisa sièl-la yé ?*

**Sièl-la sé moman étènèl rinmin-an. Pap gin anyin ankò k-ap séparé Bondié ak nanm ki té rinmin-l épi chèchè-l tout lavi-li. Antan-l fè youn ak tout anj-yo épi tout sin-yo, li kontan paské li toujou bò kot Bondié avèk Bondié. [1023-1026, 1053]**

Dé jèn ki fèk marié k-ap gadé youn lòt nan jé ak rinmin, yon ti bébé k-ap téte épi k-ap chèchè ouè manman-l k-ap gadé-l kòmsi-l t-a vlé konsèvè

chak ti souri pou tout tan... sa-yo sé kèk égzanp ki kapab ba nou yon ti lidé osijè sièl-la. Rivé kapab ouè Bondié fas-a-fas sé tankou yon sèl instan rinmin ki diré alinfini. ↵ 52

159 *Kisa purgatoua-a yé ?*

**Purgatoua-a, yo réprézanté-l anpil foua tankou yon koté, min sé pi plis yon éta li yé, yon fason moun-nan yé.** Moun ki mouri nan lagras Bondié (an pè ak Bondié épí ak lèzòm), min ki békouin yon purifikasyon toujou anvan pou-l rivé ouè Bondié fas-a-fas, li nan purgatoua-a. [1030-1031]

Lè Piè té rénié Jézu, Granmèt-la té viré épí li té gadé Piè : « Épi Piè sòti, li kriyé anmè » – antan-l manifésté yon santiman *tankou sa ki gin nan purgatoua-a*. Probabléman, sé yon purgatoua konsa k-ap tann laplipa nan nou nan moman lanmò-nou : Granmèt-la ap gadé nou ak rinmin épí n-ap gin yon santiman ront k-ap boulé nou épí yon doulè nan régrèt tout sa nou té fè ki mal oubyin tout aksion nou té fè koté pa-t gin rinmin-an. Sé sèlman apré soufrans sa-a k-ap purifié nou-an, jé nou ap kapab kouazé je pa-l ki rinmin nou-an nan yon kè kontan pou tout tan anyin pap kapab troublé.

160 *Èské nou kapab édé moun ki nan purgatoua-yo ?*

**Oui, poutèt tout moun ki batizé nan Kris-la fòmé kominion sin-yo épí yo solidè youn ak lòt, sa-k vivan-yo kapab édé nanm défin ki nan purgatoua-yo.** [1032]

Dépi li mouri, moun-nan pa kapab fè anyin pou propè tèt-li. Périòd pou-l té bay prèv li-a pasé. Min *nou minm*, nou kapab fè kichòy pou défin nan purgatoua-yo. Rinmin nou-an kapab aji minm pa lòt bò lavi sa-a. Avèk jèn, priyè épí bon aksion nou-yo, min sitou ak sélébrasion Ékaristi\*-a, nou kapab mandé gras pou défin-yo. ↵ 146

161 *Kisa lanfè-a yé ?*

**Lanfè-a sé éta séparasion pou tout tan ak Bondié, absans total rinmin-an.** [1033-1037]

Moun ki mouri nan péché grav li té fè antan-l gin tout konsians-li épí ak tout volonté-li épí san-l pa régrèt, moun ki réjité rinmin Bondié-a pou tout tan, rinmin sa-a ki fè mizérikòd épí ki padoné-a, moun sa-a mété propè tèt-li andeyò kominion ak Bondié épí ak sin-yo. Èské sa posib vré pou nan moman lanmò-a antan yon moun ap kontanplé rinmin san limit Bondié-a fas-a-fas pou-l t-a pèsisté di-l « non » ? Nou pa konnin. Min

libèté nou fè li posib pou nou pran désizion sa-a. Jézu pa sispann avèti nou pou nou pa séparé définitivman avèk li antan nou indiféran parapò a mizè frè ak sè nou-yo : « *Patî sot koté-m, sa-k anba madichon-yo, al nan difé tout tan-an, sa-k té paré pou diab-la ak anj li-yo... Amèn mouin di nou, chak foua nou pa-t fè pou youn nan sa-yo ki pi piti-yo, ni pou mouin tou nou pa-t fè* » (Mt 25, 41.45). ↵ 53

162 *Si Bondié sé rinmin, kòman fè gin lanfè ?*

**Sé pa Bondié ki kondané moun-nan.** Sé moun-nan ki kondané pròp tèt-li antan-l réité rinmin ak mizérikòd Bondié-a. Ak pròp volonté-l li rétiré tèt-li nan lavi étènèl-la antan-l soti nan komision avèk Bondié-a. [1036-1037]

Bondié anvi viv an komision minm ak péchè ki pi mal-la. Li vlé pou tout moun konvèti épi pou yo sové. Min Bondié kréyé moun-yo lib épi li réspekté désizion-yo. Minm Bondié pa kapab fósé pèsonn moun rinmin-l. Li minm ki rinmin-an li « san zam », li « dézamé » lè yon moun chouazi lanfè nan plas sièl. ↵ 51, 53

163 *Kisa ki dènié jijman-an ?*

Dènié jijman\*-an ap fèt nan finisman tout bagay lè Kris-la ap rétonnin. Sa-k té fè byin-yo, pou lévé pou lavi, lòt-yo minm, sa-k té fè mal-yo, pou lévé pou jijman (Jn 5, 29). [1038-1041, 1058-1059]

Lè li va tounin nan gloua li-a, Kris-la ap fè ékla limiè li-a kléré sou nou. Vérité-a ap parèt aklè : sa nou pansé, sa nou fè, rélation nou avèk Bondié épi avèk lòt-yo – pap gin anyin ki pap dévoualé. Lè sa-a atò n-ap dékouvri dènié sans final kréasion-an, n-ap konprann ki mouayin ékstraòdinè Bondié pran pou-l sové-nou. Épi n-ap jouinn répons pou késion sa-a k-ap tounin tout tan-an : Kouman fè mal-la gin tout puisans sa-a alòské an réalité Bondié toupuisan. Éfektivman, dènié jijman-an sé jijman final-la pou nou. Sé lè sa-a n-ap désidé si nou résisté pou lavi étènèl-la oubyin si nou séparé ak Bondié pou tout tan. Pou sa-k chouazi lavi-a Bondié ap aji ankò kòm Kréatè pou yo : nan yon « kò nouvo » (2 Kor 5,1) y-ap viv pou tout tan nan gloua Bondié épi y-ap fè louanj-li ak kò yo ak nanm yo. ↵ 110-112, 157

164 *Kòman tè-a ap rivé nan akonplisman-l ?*

Lè tan-yo ap fini, Bondié ap kréyé yon sièl nouvo ak yon tè nouvo. Mal-la pap gin pouvoua ankò ni li pap gin okinn fòs pou-l atiré nou. Tankou zanmi, moun ki sové-yo ap kontanplé Bondié fas-a-fas. Souaf lapè ak jistis-la ap kontaté nèt. Kontantman yo sé va

**kontanplé Bondié. Sint Trinité-a ap abité nan mitan yo antan-suiyé tout dlo nan je yo, pap gin lanmò ankò, pap gin dèy, ni rèl, ni soufrans.** [1042-1050, 1060] –110-112

165     *Poukisa nou di « Amèn », alafin déklärasion lafoua nou-an ? Nou fini déklärasion lafoua-a antan nou di « Amèn\* » – sètadi « oui », « sé sa » – paské Bondié mandé nou pou nou témouin lafoua-a. Moun ki di « Amèn » sé ak kè kontan épi an tout libète li aprouvé, li dakò ak sa Bondié fè nan kréasion-an ak nan Rédanmission-an.* [1061-1065]

Nan lang ébré-a, mo « amèn »-nan soti nan yon rasîn ki vlé di « lafoua », « asirans », « konfians » épi « fidélité ». « Moun ki di Amèn-nan mété signati-l » (sint Ogustin). Sé paské Jézu té montré nou gras a lanmò-l épi réziréksion-l nan kijan li fidèl épi li mérité yo fè-l konfians ki fè nou kapab di « oui » sa-a san rézèv. Li sé « oui » moun-nan pou tout promès Bondié-yo, minm jan li sé « oui » définitif Bondié pou nou chak. – 527

## DÉZIÈM PATI

# Sélébrasion mistè lafoua krétyinan

Bondié aji nan nou pa l'intèmèdiè sign sakré-yo

| Bondié nan litiji-a

| Kijan nou sélébré mistè Kris-la

| Sèt sakréman-yo nan l'Égliz-la

| Sakréman inisiasion-yo (batèm, konfirmasion épi ékaristi)

| Sakréman géizon-yo (pénitans épi onksion malad-yo)

| Sakréman kominion épi mision (lòd épi mariaj)

| Lòt sélébrasion litijk-yo

## DÉZIÈM PATI

### Sélébrasion mistè lafoua krétyin-an

Nan sélébrasion mistè krétyin-yo (Sakréman\*-yo), Jézu-Kri vîn rankontré moun-yo nan tan l'Égliz-la. Jous nan finisman tan-yo, li prézan nan l'Égliz\* li-a. Fason nou kapab rankontré avèk li pi afon-an sou tè-a sé nan litiji\*-a, sèvis koté nou priyé Bondié ansanm-nan. Sé pousa règléman sin Benoua-a di : « Anyin pa doué gin plis valè pasé sèvis koté nou priyé Bondié ansanm-nan » (Benoua de Nursie, environ 480-547, sé li ki fondatè kominoté mouàn-yo an Oksidan).

### PRÉMIÉ SÉKSION

#### Bondié aji nan nou pa l'intèrmédia sign sakré-yo

166 *Poukisa l'Égliz-la fè sélébrasion litijik souvan konsa ? Pèp Israèl-la té konn kanpé travay-li sèt foua pa jou (Ps 119,164) pou-l fè louanj Bondié. Jézu té patisipé nan sèvis ak nan priyè pèp li-a ; li té aprann disip li-yo priyé épi li té rasanblé yo nan Sénak-la pou-l sélébré pi gro sèvis Bondié-a avèk yo, li ofri pròp tèt-li kòm nouritu. Lè l'Égliz-la invité manb li-yo patisipé nan litiji-a, li rété fidèl nan fè sa Jézu té mandé-a : Sa-a fè-l pou fè sonjé mouin (1 Kor 11,24). [1066-1070]*

Minm jan moun-nan réspiré pou-l kapab rété vivan, konsa tou l'Égliz-la réspiré épi li viv lè l-ap sélébré. Jou apré jou, sé Bondié minm k-ap souflé yon lavi tou nèf nan li épi k-ap ofri-l paròl li-a ak Sakréman\*-yo. Nou t-a kapab sèvi ak yon lòt konparézon : chak ofis priyè sé tankou yon randévou-d-amou Bondié inskri nan "agenda"-nou. Moun ki déja santi rinmin Bondié-a nan kè yo, yo byin kontan alé nan randévou sa-yo. Moun ki pa t-a santi anyin min ki alé kanminm, li montré Bondié kijan li vlé fidèl.

167 *Kisa litiji-a yé ? Litiji\*-a sé sèvis priyè ofisièl l'Égliz\*-la. [1077-1112]*

Yon sélébrasion litijik sé pa yon événman ki fèt apati kèk bélidé épi kèk bél kantik. Sé pa kréyé oubyin invanté yo invanté okinn litiji\*. Sé yon témouagnaj lavi ak lafoua k-ap grandi sièk apré sièk. Yon ofis priyè sé yon événman sakré ki mérité réspè. Litiji-a kapab kapté intérè nou lè

nou santi sé Bondié minm ki prézan nan sign sakré-yo épi nan priyè sa-yo ki gin anpil valè épi anpil nan yo la lontan lontan.

168 *Poukisa litiji-a gin priorité nan lavi l'Égliz-la épi nan lavi nou chak ?*

**« Litiji-a sé pouint tèt ki pi ro koté aksion l'Égliz-la vlé rivé, épi an minm tan sé sous koté tout fòs-li soti » (*Sacrosanctum Concilium* 10). [1075]**

Lè Jézu té vivan, foul-yo té konn kouri an mas al koté-l paské yo té vlé prezans-li géri yo. Jodi-a tou nou kapab rankontré Jézu, paské li vivan nan l'Égliz li-a. Li ba nou garanti, li prézan lè n-ap sèvi pòv-yo (Mt 25,42) épi nan Ékaristi\*-a, sé dé koté nou plonjé dirèktéman nan bra-l. Si nou pèmèt li proché bò koté nou, lè sa-a li ba nou ansègnman, li nourri nou, li transfòmé nou, li géri nou épi nou fè yon sèl avèk li nan Mès-la.

169 *Sa-k pasé nan nou lè n-ap sélébré litiji-a ?*

**Lè n-ap sélébré litiji-a, li ralé nou vîn nan rinmin Bondié-a, li géri nou épi transfòmé nou. [1076]**

Tout sélébrasion litijik l'Égliz-la épi tout Sakréman\*-yo sé yon sèl objéktif yo ginyin : bay lavi épi bay li k-ap débòdè. Lè n-ap sélébré yon litiji, nou rankontré sa-k té di osijè propè tèt li-a : Sé *mouin minm chémin-an*, vérité-a ak *lavi-a* (Jn 14,6). Moun ki al nan yon ofis priyè épi ki santi-l pou kont-li, Bondié pran-l anba protéksion-l. Moun ki alé ladan-l antan-l santi li pèdi, li jouinn Bondié k-ap tann li la.

## PRÉMIÉ CHAPIT

### Bondié nan litiji-a

170 *Koté litiji-a jouinn prémié sous-li ?*

**Sous litiji-a ki pi profon-an sé Bondié, nan li dépi anvan tout tan nan sièl-la, sé fèt rinmin-an – kè kontan Papa-a, Pitit-la ak l'Espri Sin-an. Kòm Bondié sé rinmin, li t-a vlé fè nou patisipé nan fèt kè kontan-l nan épi ba nou bénédikson\*-l. [1077-1109]**

Sou tè sa-a, sélébrasion litijik-yo sé fèt yo doué yé, plin ak bèlté ak fòs : fèt *Papa-a ki té kréyé nou* – sé poutèt sa foui latè-a gin yon ròl inpòtan : pin-an ak divin-an, lui-l-a ak limiè-a, bon lodè lanson-an, mizik sakré-a

épi bèl koulè-yo. Fèt *Pitit-la ki sové nou* – nou kontan poutèt délivrants nou-an, nou réprann souf nan kouté Paròl-la, nou fòtfifié nan manjé ofrann Ékaristi-a. Fèt *Éspri-Sin-an k-ap viv nan nou-an* – sé la sous débòdman konsolasion-an, konésans-la, kouraj-la, fòs-la ak bénédikzion\*-an soti nan asanblé krétyin-yo. ↵ 179

171 *Ki karaktéristik ki ésansièl nan chak litiji ?*

**Sélébrasion ékaristik-la, ni tout lòt litiji\* tou, sé yon ti fèt Pak. Jézu fété avèk nou pasaj li-a sot nan lanmò al nan lavi épi li ouvri pasaj sa-a pou nou.** [1085]

Événman litijik ki té pi inpòtan sou tè-a sé Pak-la, sa Jézu té sélébré avèk disip li-yo lavèy jou li t-apral mouri-a, pandan dènié Soupé-a nou rélé Sint Sèn (*Sancta Cena*) tou. Disip-yo té pansé Jézu té vlé sélébré libération Israèl anba ésklavaj Éjip-la. Min Jézu té sélébré libération tout ras moun-nan anba pouvoua lanmò-a. An Éjip, alépòk, sé « San mouton-an » ki té protéjé Israélit-yo anba lanmò. Min kounié-a sé Jézu li-minm ki mouton-an, sa san-l sové tout ras moun-nan anba lanmò-a. Lanmò ak réziréksion Jézu sé prèv nou kapab mouri pou nou jouinn lavi-a. Sé sa réyèlman vré ki anndan chak sélébrasion litijik krétyin. Jézu li-minm té konparé lanmò-li épi réziréksion-l nan ak libération Israèl anba ésklavaj Éjip-la. Lè nou di « mistè paskal », nou vlé di kijan lanmò ak réziréksion Jézu gin éifikasité pou sové nou. Analojikman, minm jan san mouton-an té sové lavi lè Israélit-yo té soti Éjip (Égz 12), sé konsa Jézu sé Agno paskal tout bon vré-a, vrè Mouton fèt Pak-la, ki libéré ras moun-nan anba pouvoua lanmò-a ak péché-a.

172 *Konbyin sakréman ki ginyin, épi kòman yo rélé yo ?*

**Pou l'Égliz-la gin sèt Sakréman\* : batèm, konfirmasyon\*, Ékaristi\*, rékonsiliasion, onksion malad-yo, lòd épi mariaj.** [1210]

173 *Poukisa nou békouin sakréman-yo ?*

**Nou békouin sakréman\*-yo pou nou kapab dépasé limit étouatès lavi moun-nan, épi vîn sanblé ak Jézu, gras a Jézu : nou sé pitit Bondié nan libêté-a ak nan gloua-a.** [1129]

Nan batèm-nan, moun-nan pouvoua malin-an kapab blésé-a, vîn tounin yon pitit Bondié ap protéjé ; gras a Konfirmasyon\*-an, sa-k t-ap tatonnin-an vîn gin asirans ; gras a pénitans-la, koupab-la vîn rékonsilié ; gras a Ékaristi-a, sa-k té grangou-yo vîn tounin pin pou lòt-yo ; gras a mariaj-la épi lòd-la, sa-k té pou kont yo vîn tounin sèvitè rinmin-an ; gras a onksion malad-yo, sa-k té dézespéré-yo vîn gin konfians ankò. Nan tout

sakréman\*-yo, sé Kris-la li-minm ki Sakréman-an. Antan nou kité égoyis ki fè nou santré sou tèt pa nou-an, nou grandi nan Jézu pou lavi ki pap janm fini-an.

174 *Poukisa lafoua nan Kris-la pa asé ? Poukisa Bondié ofri nou sakréman-yo an plis ?*

Nou doué rivé jouinn Bondié – é li posib pou nou rivé jouinn li – ak tout sink sans nou-yo, pa sèlman ak intèlijans-nou. Sé poutèt sa, Bondié ofri tèt-li ba nou nan sign sansib sou tè-a : **gras a pin-an, divin-an, luil-la, gras a paròl, onksion épi inpozision min-yo.** [1084, 1146-1152]

Gin moun ki té ouè Jézu, ki té tandé-l, ki té kapab touché-l épi ki té santi délivrans-la ak gérizon-an nan kè yo ak nan nanm yo. Minm jan-an tou, sign sansib sakréman-yo poté signati Bondié k-ap palé ak moun-nan nan tout sa-l yé, pa sèlman nan intèlijans-li.

175 *Poukisa sakréman-yo sé pou l'Égliz-la sèlman yo yé ? Poukisa chak moun pa kapab sèvi ak yo jan-l vlé ?*

**Sakréman\*-yo sé kado Kris-la pou Égliz li-a. L'Égliz-la gin dévoua pou-l distribiyé yo, min tou pou-l protéjé yo kont tout abi.** [1117-1119, 1131]

Jézu té rinnèt paròl li-yo ak sign sakréman-yo nan min kèk moun pèsònèlman, sètadi Apot-yo, pou yo kapab transmèt yo. Li pa-t lagé yo nan min yon foul anonim. Jodi-a yo t-a kapab di li pa-t mété éritaj li-a an aksè lib sou intènèt, min li té mété-l nan yon domèn ak yon sit byin présizé. Sakréman\*-yo la pou l'Égliz-la épi **gras a l'Égliz-la.** Yo la pou li, paské l'Égliz-la ki Kò Kris-la, sé **gras a sakréman-yo li bati, li nouri épi li rivé nan pèfeksion-l.** Yo la **gras a l'Égliz-la,** paské sakréman-yo sé puisans Kò Kris-la, tankou parégzanp sakréman rékonsiliasion-an koté antan prèt\*-la réprésanté-l, Kris-la padoné péché nou-yo.

176 *Ki sakréman yon moun résévoua yon sèl foua sèlman nan lavi / ?*

**Sé Batèm-nan, konfirmasjon\*-an épi lòd-la. Sakréman sa-yo maké krétyin-an ak yon « so indélébil » (« so ki pa kapab éfasé oubyin défèt »). Batèm-nan ak konfirmasjon-an fè-l tounin yon pitit Bondié sanblé ak Kris-la yon foua pou tout. Lòd-la tou bay yon karaktè (yon mak ki rété) sakramantèl indélébil (yo pa kapab éfasé).** [1121]

Minm jan nou toujou pitit paran nou-yo épi pa sèlman tanzantan oubyin yon ti kras, sé konsa gras a batèm-nan ak konfimasion\*-an nou vîn pitit Bondié pou tout tan, nou pòtré ak Kris-la épi manb l'Égliz li-a. Sé minm bagay-la tou pou lòd-la, ki pa sèlman yon djòb koté yo angajé joustan yo pran pansion, min yon gras yo résévoua yon fason ki irévokab. Paské Bondié fidèl, éfè sakréman\* sa-yo rivé yon foua pou tout pou krétyin-an ki résévoua yo-a kòm répons apèl Bondié fè yo-a, kòm vokasyon épi kòm protéksion Bondié. Donk yo pa janm kapab bay minm moun-nan sakréman sa-yo pliziè foua.

177 *Poukisa sakréman-yo sipozé lafoua-a ?*

**Sakréman-yo pa gin okinn maji nan yo. Yon sakréman pa kapab aji si yo pa konprann li épi résévoua-l nan lafoua-a. Non sèlman sakréman-yo sipozé lafoua-a, min yo fòtifié-l tou épi yo manifésté-l.** [1122-1126]

Jézu té mandé Apot\* li-yo pou yo fè tout moun tounin disip antan yo anonsé yo bòn nouvèl-la toudabò, sètadi antan yo révéyé lafoua yo, épi apré pou yo batizé yo. Konsa nou résévoua dé bagay nan min l'Égliz-la : lafoua-a ak sakréman\*-yo. Jodi-a tou, moun pa vîn krétyin simpléman poutèt yon rit, oubyin poutèt yo inskri non-ou nan yon réjis, min poutèt ou akéyi lafoua tout bon vré-a. Apati l'Égliz-la nou résévoua lafoua otantik sa-a. Sé li-minm ki garanti-l. Poutèt lafoua l'Égliz-la eksprimé nan litiji\*-a, okinn minis l'Égliz-la, okinn kominoté pa gin doua chanjé oubyin manyin okinn sign sakramantèl dapré propè kapris pa-l.

178 *Èské yon sakréman pèdi éfikasité-l lè moun k-ap bay li-a pa dign pou sa ?*

**Non. Sakréman\*-yo aji poutèt aksion-an ki fèt-la (ex opere operato), sa vlé di kèlkésoua konpòtman moral oubyin dispozision spirituèl moun k-ap administré-l la, dépi-l gin intansion fè sa l'Égliz\*-la fè-a.** [1127-1128, 1131]

Moun k-ap sélébré sakréman\*-yo doué viv yon fason égzanplè. Min sakréman-yo pa aji poutèt moun k-ap administré yo-a sin, min poutèt sé Kris-la li-minm k-ap aji nan yo. Li réspékté libêté-nou lè n-ap résévoua sakréman-yo. Sé sa-k fè sakréman-yo pap aji pozitivman si nou pa kolaboré ak Kris-la. **[Yo aji poutèt aksion-an ki fèt-la nan moun ki pa mété obstak ak anpèchman, ex opere operato non ponentibus obicem.]**

## DÉZIÈM CHAPIT

### Kijan nou sélébré mistè Kris-la

179 *Kilès ki sélébré litiji-a ?*

**Nan tout litiji sou tè-a, sé Kris-la li-minm, Granmèt-la, ki sélébré yon litiji\* koté ni anj-yo, ni moun-yo, sa-k vivan-yo, sa-k mouri-yo, pasé, prézan ak avni-an, sièl-la ak tè-a patisipé, sé yon véritab litiji kosmik (tout inivè-a ladan-l). Prêt\*-yo ak fidèl-yo patisipé yon fason diféran ladan-l.** [1136-1139]

Lè n-ap sélébré, nou doué préparé kè-nou pou gran événman k-ap réalisè-a : isit-la, kounié-a, Kris-la la, li prézan épi avèk li tout sièl-la. Anlè-a yo tout plin ak yon kontantman yo pa kapab palé épi y-ap véyé sou nou ak anpil rinmin. Dènié nan Liv ki sin-yo, Apokalips-la, ap présentanté litiji\* sièl-la sou fòm imaj sinbolik, litiji\* sa-a nou déja fè youn ak li dépi sou tè-a. ↵ 170

180 *Poukisa nou konsidéré litiji-a tankou yon « sèvis » Bondié ?*

**Yon sèvis Bondié sé toudabò yon sèvis Bondié ap rann nou – épi apré sa sèlman, yon sèvis n-ap ofri Bondié. Anba sign sakré-yo, Bondié ofri nou pròp tèt-li pou nou kapab fè minm bagay-la : pou nou ofri-l tèt-nou san gadé dèyè.** [1145-1192]

Jézu la nan paròl li-a épi nan sakréman\*-an. Bondié la ! Sé sa ki vîn an prémié épi ki pi inpòtan nan tout sélébrasion ékaristik. Nou minm sé apré sa nou vini. Jézu ofri lavi-l pou nou, pou nou kapab ofri-l sakrifis spirituèl pròp lavi pa nou-an. Nan Ékaristi\*-a, Kris-la ofri pròp tèt-li ba nou pou nou kapab ofri-l pròp tèt-nou. Sé kòmsi sé yon chèk an blan nou signin ak lavi-nou bay Kris-la. Konsa nou patisipé nan sakrifis Kris-la k-ap sové nou épi k-ap transfomé nou-an. Lavi-nou sou tè-a viré nan diréksion Péyi-roua Bondié-a. Bondié kapab viv lavi li-a nan lavi-nou.

181 *Poukisa gin tout sign ak sinbòl sa-yo nan ofis priyè-yo ?*

**Bondié konnin nou pa espri sèlman, min nou gin kò tou ; nou békouin sign ak sinbòl pou nou kapté épi éksprimé réalité spirituèl-yo oubiyin sa-k intim-yo.** [1145-1152]

Kit sé ak yon roz, ak yon bag, yon rad noua, yon grafiti sou mi oubiyin yon riban rouj kont sida, nou toujou éksprimé santiman intim nou-yo ak sign ki pèmèt yo konprann nou. Bondié ki pran chè nan ras moun-nan ofri nou sign-moun pou-l viv épi aji nan mitan nou : pin, divin, dlo batèm-

nan, onksion ak l'Éspri Sin-an. Répons nou bay sign sakré Bondié ba nou-yo parèt nan sign respè nou fè-yo : pliyé jénou-nou, lévé pou tandé proklamasion Évanjil-la, bésé tèt, mété dé min nou-yo ansam. Épi, tankou pou yon mariaj, nou dékoré koté prezans Bondié yé-a ak sa nou ginyin ki pi bél : flè, bouji, mizik. Min pafoua, sign sa-yo konn bézouin yo di kèk mo pou ékspliké yo.

182 *Poukisa yo bézouin mété paròl pou akonpagné sign sakramantèl litiji-a ?*

**Sélébré litiji\*-a, sé rankontré Bondié : kité-l aji, kouté-l, réponn li. Sé ak jès épi paròl dialòg sa-yo toujou fét. [1153-1155, 1190]**

Sé ak jès, sign épi paròl Jézu té palé ak moun-yo. Sé minm jan-an tou pou l'Égliz-la lè prèt\*-la prezanté ofrann-nan épi li di : « Sa-a sé Kò mouin... Sa-a sé San mouin... ». Sé paròl Jézu sa-a ki fè sign-yo tounin sakréman\* : jès, sign k-ap réalisé sa yo signifié-a, sa yo vlé di-a, signifikasyon yo-a.

183 *Poukisa yo joué mizik nan ofis priyè-yo ? Ki mizik ki konvnab pou litiji-a ?*

**Lè paròl-yo pa asé pou fè louanj Bondié, mizik-la vîn édé nou. [1156-1158, 1191]**

Lè nou viré nan diréksion Bondié, anpil foua nou pa gin mo pou nou palé pou nou éksprimé santiman-nou. Lè sa-a mizik-la kapab édé nou. Lè n-ap jibilé, paròl-la tounin chan – sé sa-k fè yo palé osijè *chan* anjyo. Nan ofis priyè-a, mizik-la doué fè priyè-a pi bél, fè-l antré pi fon, li doué touché kè sa k-ap patisipé yo, orienté yo nan diréksion Bondié épi préparé kòm yon fèt mizikal pou Bondié.

184 *Kòman litiji-a maké déroulman tan-an ?*

**Nan litiji-a, tan-an tounin tan pou Bondié.**

Sa konn rivé nou pa fè anyin sérié ak tan nou – n-ap chèché *pastan*. Nan litiji-a tan-an vîn gin yon dansité réyèl paské chak ségond chajé ak sans. Lè n-ap sélébré ofis priyè Bondié-a, nou dékouvri Bondié sanktfié tan-an épi li fè chak ségond tounin yon pon, yon pasrèl nan diréksion étènité-a.

185 *Poukisa sélébrasion litijik-yo déroulé dapré yon ronn siklik sou chak ané ?*

**Minm jan chak ané nou sélébré anivèsè nésans yon moun oubyin yon mariaj, sé konsa tou litiji\*-a ap sélébré, pandan ronn ané-a, principal évènman krétyin-yo nan istoua sové nou sové-a.** Poutan gin yon gran diférans : chak épòk – donk pa nou-an tou – sé tan Bondié. « Komémorasion » mésaj ak lavi Jézu-yo sé rankont aktuel ant Bondié vivan-an ak nou. [1163-1165, 1194-1195]

Sören Kierkegaard, yon filozòf Dàmark, té di yon jou : « Sé soua nou konsidéré têt-nou kòm kontanporin Jézu, soua nou lagé tout bagay ». Lè nou viv ané litijik-la nan lafoua, sa fè nou vîn kontanporin Jézu. Pa paské nou t-a gin kapasité antré nèt alé ak lidé-nou nan tan *pa-l* la ak nan lavi *pa-l* la, min paské li-minm, si-m ba-l plas, l-ap antré nan tan *pa-m* nan ak nan lavi *pa-m* nan, ak prezans-li ki géri, ki padonnin épi fòs ekstraòdinè réziréksion-l nan.

186 *Kisa ané litijik-la yé ?*

**Pandan ané litijik-la, l'Égliz-la sélébré mistè lavi Kris-la, dépi inkarnasjon-an tous lè l-ap tounin nan gloua-a.** Ané litijik-la kòmansé avèk tan Avan-an, ki tan koté n-ap tann Granmèt-la. Li gin yon prémié pouint tèt nan sélébrasion soufrans, lanmò épi réziréksion Kris-la. Tan Pak-la fini ak Pantot-la koté nou fété lè l'Espri Sin-an té vini sou l'Égliz-la. Ané litijik-la épingle ak fèt an lonè la Sint Vièj Mari épi Sin-yo, koté l'Égliz-la fè louanj pou gras Bondié-a k-ap minnin moun-yo nan sové yo doué sové-a. [1168-1173, 1194-1195]

187 *Ki inpòtans jou dimanch-la ?*

**Dimanch-la sé pivo santral tan krétyin-an paské sé jou sa-a nou sélébré réziréksion Kris-la épi chak dimanch sé yon ti fèt Pak.** [1163-1167, 1193]

Si yo pa réspekte dimanch-la, kòm jou Granmèt-la, oubyin si yo siprimé-l, sé jou travay sèlman sémèn-nan ap ginyin. Moun-nan yo té kréyé pou kè kontan-an ap tounin yon bêt chaj épi l-ap pèdi tèt-li nan maladi konsomaison-an. Nou doué aprann fété kòrèktéman sou tè-a sinon nou pap konnin sa n-apral fè nan sièl-la. Paské sièl-la, sé yon dimanch san rété. ↘ 104-107

188 *Kisa priyè lè-yo yé ?*

« Priyè lè-yo » sé priyè biblik ofisièl l'Égliz\*-la. Tèks biblik-yo minnin moun k-ap priyé-a nan kè mistè lavi Jézu-Kri-a. Toupatou sou tè-a, nan chak lè nan jounin-an, y-ap priyé Trè Sint Trinité-a pou-l transfòmé ni moun k-ap priyé-a ni tout tè-a. « Priyè lè-yo » pa rézèvè sèlman pou prêt\*-yo ak rélijie-yo. Anpil krétyin ki byin angajé nan lafoua yo, mété yo ansanm ak kantité siplikasyon k-ap monté al jouinn Bondié sot nan tout kouin tè-a. [1174-1178, 1196]

Pou l'Égliz\*-la, sèt « lè-yo » (an latin « hora » = « lè ») sé tankou yon trézò priyè ki démaré lang-nan (bouch-la) minm lè kè kontan-an, tèt chajé-yo oubiyin kè soté té fèmin bouch nou. Lè n-ap fè priyè lè-yo, sé tout tan Bondié ap fè nou sézi : yon fraz, yon tèks an antié vîn adapté égzaktéman ak sitiasion n-ap viv-la « kòmsi sé t-a paraza ». Bondié kouté nou lè nou rélé-l. Li réponn nan tèks sa-yo, pafoua yon fason pou pa t-ap atann li t-a konkrè konsa. Min li bay kèk périod silans oubiyin séchrès tou ki konn long gin dé lè, kòmsi-l t-ap tann fidélité nou. — 473, 492

189 *Èské l'Égliz-la békouin koté spésial pou-l sélébré litiji-a ?*

Gras a viktoua-l la, Kris-la preznan tout koté sou latè. Sèvis Bondié nan Èspri ak vérité-a (Jn 4,24) pa maré ak okinn koté an patikilié paské Kris-la li-minm sé vré Tanp Bondié-a. Poutan tout koté krétyin-yo yé sou tè-a gin anpil légliz ak éspas ki sakré, ki sin, paské ras moun-nan békouin kèk koté byin konkè pou-l rankontré épi kèk sign ki raplé nouvo réalité-a. Chak légliz sé yon imaj kay Papa-nou nan sièl-la koté n-ap maché pou-n alé-a. (1179-1181, 1197-1198]

Sètènman, nou kapab priyé tout koté – nan yon forè, sou yon plaj, nan kabann-nou. Min nou pa èspri tou sinpléman. Kòm moun, nou gin yon kò, nou doué ouè youn lòt, tandé youn lòt, santi prezans youn lòt ; nou békouin yon koté konkè pou nou rankontré, pou nou tounin « Kò Kris-la ». Nou doué mét ajénou pou-n adoré Bondié ; nou doué manjé pin yo konsakré-a koté yo ofri-l la ; nou doué maché avèk kò-nou lè Bondié rélé nou. Épi, sou bò rout-la, yon kalvè (yon koua yo drésé) ap raplé nou kilès ki mèt tè-a épi kilès n-ap maché pou-n al jouinn li-an.

190 *Kisa yon légliz krétyin yé ?*

Yon légliz krétyin sé sinbòl kominoté-a nan tèl koté détèminé, min tou li sé sinbòl kay sièl-la Bondié préparé pou nou-an. Nou alé nan légliz-la pou nou priyé soua an kominoté soua pou kont nou,

**épitou pou nou sélébré sakréman\*-yo, an patikilié Ékaristi\*-a.  
[1179-1186, 1197-199]**

« Isit-la, ou santi-ou nan sièl » - « isit-la, nou fè silans, nou gin réspè ». Anpil légliz lè nou antré ladan yo sé kòmsi yo ralé nou, yo ranmasé nou osans prop, poutèt fòs anbiens priyè ki gin nan koté sa-yo. Yo fè nou santi Bondié la. Poutèt légliz-yo doué bèl, y-ap raplé nou jan Bondié bèl, li gran, li rinmin nou. Légliz-yo pa sèlman bèl kay yo fè ak ròch k-ap anonsé lafoua-a, yo sé kay Bondié tou, koté li réyèlman preznan nan Ékaristi-a.

191      *Ki koté ki gin plis inpòtans annan yon légliz ?*

**Sé : otèl-la avèk koua-a, tabènak\*-la, fotèy sélébran-an, anbon-an, batistè-a (fon-batismo-a) épi konfésional-la. [1182-1188]**

Otèl-la sé pouin santral légliz-la. Sé sou li sakrifis lakoua-a ak reziréksion Jézu-Kri-a vîn preznan, vîn aktualisé pandan sélébrasion Ékaristi-a. Li sé tab koté yo invitè pèp Bondié-a. Tabènak\*-la tankou yon trézò sakré, yo mété-l nan yon koté ki byin dign épi byin vizib nan légliz-la pou-l konsèvè pin ékaristik-la koté Granmèt-la li-minm réyèlman preznan. Lanp sanktuè-a indiké prezans ki « abité » tabènak-la. Si li étinn, sa vlé di tabènak-la vid. Sièj prèt oubiyin évèk-la (an latin *cathedra*) ki byin parèt, li vlé di sé Kris-la réyèlman k-ap prézidé asanblé kominoté-a. *Anbon-an* (an grèk *anabainein* vlé di « monté sou »), sé pupit pou Paròl Bondié-a, li doué indiké inpòtans ak dignité léktu biblikyo kòm Paròl Bondié vivan-an. Nan *batistè-a*, yo bay sakréman batèmnan épi bénitié-a (véso ki gin dlo bénit nan pòt légliz-la) invitè nou révéyé épi kinbé angajman batèm nou. Yon *konfésional* oubiyin yon koté ki adapté yo dispozé pou sakréman rékonsiliaison-an pèmèt nou avoué fot nou-yo épi résévoua padon-an.

192      *Èské l'Égliz-la kapab chanjé épi rénouvlé litiji-a ?*

**Nan litiji\*-a, gin éléman yo kapab chanjé, gin lòt yo pa kapab chajé. Tout sa Bondié li-minm té établi, yo pa kapab chanjé yo : parégzanp paròl Jézu-yo nan dènié *Soupé-a*. Min bò koté sa-yo, gin kèk éléman ki kapab chanjé épi l'Égliz-la gin pouvoua pou adapté yo. Yo doué proklamé, sélébré épi viv mistè Kris-la tout tan, tout koté. Donk litiji-a doué korésponn ak mantalité épi kilti chak pèp. [1200-1209]**

Jézu té rénouvlé moun-nan toutantié, nan éspri-li, intèlijans-li, kè-li, volonté-li. Sé égzaktéman minm bagay-la li vlé fè jodi-a nan litiji\*-a. Sé

poutèt sa litiji-a gin aspè ki diféran an Afrik oubyin an Euròp, nan yon mézon rétrèt, oubyin nan Jounin mondial jèn-yo. Li pa gin minm vizaj nan parouas-yo ak nan kouvan-yo. Min nan chak litiji, sé pou yo rékonèt litiji tout l'Égliz-la.

## DÉZIÈM SÉKSION

### Sèt sakréman l'Égliz-la

193 *Èské gin yon rapò vital, òganik ant sakréman-yo ?*

Tout sakréman\*-yo sé yon rankont avèk Kris-la ki sakréman fondamantal-la. Nou doué distingé sakréman inisiasion\*-yo ki introdui moun-nan nan lafoua-a : batèm-nan, konfirmasion\*-an épi Ékaristi-a ; sakréman gérizon-yo : rékonsiliasion-an épi onksion malad-yo ; sakréman ki pou sèvis kominion-an ak mision-an : maraj épi lòd. [1210-1211]

Batèm-nan soudé nou ak Kris-la. Konfirmasion\*-an ba nou l'Éspri li-a. Ékaristi\*-a fè nou fè youn ak li. Rékonsiliasion-an rékonsilié nou ak Kris-la. Pa lintèmèdiè onksion malad-yo Kris-la géri nou, fòtfié nou épi konsolé nou. Pa lintèmèdiè sakréman maraj-la, Kris-la bay rinmin nou-an pròp rinmin pa-l la, li bay fidélité nou-an pròp fidélité li-a. Pa lintèmèdiè lòd-la, prèt\*-yo résévoua responsabilité gidé (kondui) fidèl-yo, pouvoua padoné péché-yo épi sélébré Mès-la.

## PRÉMIÉ CHAPIT

### Sakréman inisiasion-yo

#### Sakréman batèm-nan

194 *Kisa batèm-nan yé ?*

Batèm-nan sé fondman (baz, fondasion) tout lavi krétyin-an. Li sé pòt pou antré nan l'Égliz\*-la. Antan nou libéré anba péché-a gras a batèm-nan, nou vîn tounin manb Kris-la épi nou antré an kominion avèk Bondié. [1213-1216, 1276-1278]

Batèm-nan sé sakréman\* fondamantal-la, li sé pouinndépa tout lòt sakréman-yo. Li fè nou fè youn ak Jézu-Kri, li plonjé nou nan lanmò-li ki rachté nou sou lakoua-a épi ki délivré nou konsa anba puisans péché-a, épi li fè nou gin yon nouvo nésans avèk Kris-la pou yon lavi san fin.

Kòm batèm-nan sé yon aliens ak Bondié, li nésésè pou moun yo batizé-a aksépté-l épí di « oui ». ↵ 197

195 *Kòman yo bay batèm-nan ?*

**Fason yo té abitué bay batèm-nan an jénéral sé plonjé moun y-ap batizé-a toua foua nan dlo. Min, pi souvan, moun k-ap bay batèm-nan vidé dlo toua foua sou tèt batizé-a antan l-ap di : « Mouin batizé-ou onon Papa-a ak Pitit-la ak l'Éspri-Sin-an ». [1229-1245, 1278]**

Dlo-a sinbolizé purifikasion-an ak novo lavi-a. Signifikasion sa-a té déjà prézan nan batèm pénitans Jan-Batis t-ap bay-la. Batèm yo bay ak dlo-a « onon Papa-a ak Pitit-la ak l'Éspri-Sin-an » plis pasé yon sign konvèzion ak pénitans, sé yon *novo lavi nan Kris-la*. Sé poutèt sa, an plis, gin sign onksion-an, rad blan-an épí chandèl batèm-nan.

196 *Kilès ki kapab résévoua batèm-nan ? Kisa yo mandé moun ki vlé résévoua batèm-nan ?*

**Tout moun yo pa ko batizé kapab résévoua batèm-nan. Sèl kondision pou batèm-nan sé lafoua-a yo doué dékläré piblikman pandan batèm-nan. [1246-1254]**

Moun ki vîn krétyin-an sé pa chanjé li chanjé fason li ouè bagay-yo sou tè-a sèlman, sé angajé li angajé-l tou nan yon chémin inisiasion (katékuména\*) koté li vîn tounin yon moun novo gras a kado batèm-nan épí gras a konvèzion pèsonèl-li. Lè sa-a li sé yon manb vivan nan Kò Kris-la.

197 *Poukisa l'Égliz-la vlé pou-l batizé timoun-yo ?*

**Abitud batizé timoun-yo sé yon tradision ki la lontan lontan nan l'Égliz-la. Gin yon sèl rézon pou sa : anvan moun-nan chouazi Bondié, Bondié chouazi-l. Donk batèm-nan sé yon gras, yon kado nou pa mérité Bondié fè nou antan li akéyi nou san kondision. Lè paran-yo kouè nan Jézu épí yo vlé byin pou pitit yo, yo vlé pou yo résévoua batèm-nan. Batèm-nan délivré pitit yo-a anba infliyans péché orijinèl-la ak anba pouvoua lanmò-a. [1250, 1282]**

Batizé pitit-nou vlé di yon angajman nou pran pou nou inisié-l nan lafoua-a. Anba prétèks yon libété yo mal konprann, sé yon injistis sa yé pou ranvouayé batèm yon timoun pou pi ta. Minm jan nou pa kapab ranvouayé pou pi ta rinmin nou ginyin pou pitit nou-an an atandan pou li-minm minm li chouazi pi ta, konsa tou sé t-a yon injistis si paran-yo t-a

ranvouayé gras Bondié-a nan batèm-nan pou pi ta. Minm jan chak moun fèt ak kapasité pou-l palé, poutan li doué aprann yon langaj, konsa tou chak moun fèt ak kapasité pou li kouè, min li doué aprann kouè. Yo pa kapab fòsé yon moun résévoua batèm yon fason abitré. Sa-k té batizé lè-l té timoun-nan li doué « ratifié » sa pi ta ak lavi-li : sa vlé di li doué dakò pou-l fè batèm li-an donnin foui.

198      *Kilès ki kapab bay batèm-nan ?*

**Òdinèman sé Évêk\*-la, yon prèt\* obyin yon diak\* ki bay sakréman\* batèm-nan ; nan ka ijans, ninpòt krétyin kapab bay batèm-nan.** Oui, tout moun kapab bay batèm-nan antan-l vidé dlo sou tèt moun l-ap batizé-a pandan l-ap di fòmil batèm-nan : « Mouin batizé-ou onon Papa-a, ak Pitit-la ak l'Espri-Sin-an ». [1256, 1284]

Batèm-nan tèlman inpòtan, minm yon moun ki pa krétyin kapab bay li. Sèlman li doué gin intansion fè sa l'Égliz-la fè lè l-ap batizé-a.

199      *Èské éfektivman batèm-nan sé sèl chémin k-ap pèmèt nou sové ?*

Pou tout moun ki akéyi Bòn Nouvèl-la épí ki tandé yo di Kris-la sé *chémin-an*, vérité-a ak *lavi-a* (Jn 14,6), batèm-nan sé sèl chémin k-ap minnin-l al jouinn Bondié. Sèl chémin k-ap sové-l. Min sa-a sé vré tou : Kris-la mouri pou *tout moun*. Donk sé tout moun li rélé pou yo sové, minm sa-k pa vrèman gin okazion dékouvri Kris-la épí lafoua-a, min k-ap chèché Bondié nan yon kè ki onèt, ki douat, ki sinsè épí ki viv an konfomité ak konsians yo (sé sa yo rélé « baptême de désir », sètadi moun-nan t-a anvi résévoua batèm-nan si-l té konn sa-l yé). [1257-1261, 1281, 1283]

« Bondié té maré sové li sové nou-an ak Sakréman-yo ». Sé poutèt sa l'Égliz-la doué ofri sakréman-yo bay moun-yo san rété. Rénonsé réalisé mision sa-a, sé t-a trayi lòd Bondié ba li-a. Min Bondié li-minm pa maré ak sakréman-l yo. Koté l'Égliz-la pa rivé, oubyin échoué – kit sé poutèt pròp fot-li oubyin pou dòt rézon –, Bondié li-minm ouvri lòt chémin ki minnin moun-yo nan sové li vlé sové yo-a. ↵ 136

200      *Ki sa-k pasé nan batèm-nan ?*

Nan batèm-nan, nou vîn tounin manb Kò Kris-la, sè ak frè Sovè nou-an, pitit Bondié. Nou libéré anba péché-a, yo raché nou sot anba lanmò-a épí, dépi lè sa-a, déstiné-nou sé viv nan kè kontan moun ki sové-yo. [1262-1274, 1279-1280]

Résévoua batèm-nan vlé di : istoua pròp lavi-m plonjé nan kouran dlo rinmin Bondié-a. Pap Benoua XVI di nou : « Lavi nou sé pou Kris-la sé pa pou nou-minm ankò... Antan l-ap akonpagné nou, oui, antan li akéyi nou nan rinmin li-an, nou délivré anba sa-k t-ap fè nou pè. Li vlopé nou épi li poté nou, tout koté nou pralé, li-minm ki lavi-a minm » (7 avril 2007). ↗ 126

201 *Ki sans non nou résévoua nan batèm-nan ginyin ?*

**Nan batèm-nan, lè yo ba nou yon non, Bondié di nou : Mouin té rélé-ou ak non-ou sé pou mouin ou yé (lz 43,1). [2156-2159, 2165-2167]**

Nan batèm-nan, moun-nan pa vîn pèdi nan yon foul anomim, san vizaj, okontrè, onon Bondié sé pèsonalité-l ki vîn konfirmé. Résévoua yon non nan batèm-nan vlé di : Bondié konnin-m, li di-m oui épi li résévoua-m pou tout tan ak sa-m ginyin ki fè pa gin dé tankou-m nan. ↗ 361

202 *Poukisa krétyin-yo t-a doué chouazi prénon kèk gran sin ?*

**Pa gin pi bon modèl pasé sin-yo, pa gin pi bon èd non plis. Si non mouin poté-a sé non yon sin, lè sa-a mouin konnin mouin gin yon zanmi bò kot Bondié. [2156-2159, 2165]**

### Sakréman konfimasion-an

203 *Kisa konfimasion-an yé ?*

Konfimasion\*-an sé sakréman\* ki minnin batèm-nan nan pèfeksion-l épi ki fè nou résévoua kado l'Éspri-Sin-an. Moun ki chouazi an tout libèté pou-l viv kòm pitit Bondié épi ki mandé résévoua l'Éspri Bondié-a pa lintèmèdiè sign inpozision min-yo épi onksion ak sin-krèm\*-nan, moun sa-a résévoua yon fòs spésial pou-l témouagné rinmin ak puisans Bondié-a nan paròl-li ak nan aksion-li. Lè sa-a li vîn tounin an plin yon manb aktif l'Égliz-la épi ki pran responsabilité-l. [1285-1314]

Lè yon antréni ap voyé yon jouè foutbòl sou térin-an, li pozé min-l sou zépòl-li épi li ba-l indikasyon sou sa-l vlé-l fè. Sé konsa yo kapab konprann konfimasion-an : yo pozé min sou nou épi nou antré sou térin foutbòl lavi-a. Gras a l'Éspri-Sin-an nou konnin sa nou gin pou nou fè. Li bay tout égzistans-nou, tout sa nou yé, tout sa nou ginyin, yon signifikasyon, épi sa-l mandé nou viv-la ap rézoné nan zòrèy-nou. Nou

santi l-ap édé nou. Nou pa trayi konfians-li épi n-ap ginyin match-la pou li. Sèl sa nou doué fè sé vlé épi kouté-l. → 119-120

**204 Kisa Liv ki Sin-yo di osijè sakréman konfirmasion-an ?**

**Déja nan Ansyin Téstaman\*-an, pèp Bondié-a t-ap tann pou Éspri-Sin-an vini épi vidé sou Mési-a.** Pandan tout lavi-li, Jézu té viv nan yon Éspri rinmin spésial avèk Papa-l nan sièl-la épi yon kominion total avèk li. Éspri Jézu sa-a sé té « l'Éspri-Sin-an », sa pèp Israëlla té anvi-a ; épi sé minm Éspri sa-a Jézu té promèt disip li-yo, minm Éspri sa-a désann sou disip-yo sinkant jou apré Pak, jou Pannkot-la. Épi sé Éspri-Sin Jézu-a toujou ki désann sou tout moun ki résévoua sakréman konfirmasion\*-an. [1285-1288, 1315]

Nan Travay Apot-yo, yo ekri kèk dizan apré lanmò Jézu, yo déjà montré nou Piè ak Jan k-ap fè yon « vouayaj konfirmasion », toulèdé pozé min yo sou nouvo krétyin « ki té batizé sèlman onon Granmèt Jézu », pou kè yo kapab ranpli ak l'Éspri-Sin-an. → 113-120, 310-311

**205 Kisa-k pasé nan konfirmasion-an ?**

**Nan konfirmasion\*-an, yon krétyin ki déjà batizé vîn maké ak yon so inéfasab yo kapab résévoua yon sèl foua épi ki karaktérizé moun sa-a kòm krétyin pou tout tan.** Kado Éspri-Sin-an sé fòs ki sot anro-a ki pèmèt krétyin-an réalisé gras batèm li-an nan tout lavi-l, épi tounin « témouin » Kris-la. [1302-1305, 1317]

Résévoua konfirmasion-an sé signin yon « kontra » ak Bondié. Sa y-ap konfimé-a di : « Oui, mouin kouè nan ou, Bondié mouin, ban mouin l'Éspri-ou la pou-m kapab pou ou nèt alé, pou anyin pa janm séparé-m ak ou, épi pou-m rann ou témouagnaj pandan tout lavi-m, ak tout nanm mouin, ak tout kò mouin, ak tout sa m-ap fè, ak tout sa m-ap di, nan bon jou ak nan mové jou ». Épi Bondié di : « Mouin minm tou, mouin kouè nan ou, pitit mouin – épi mouin pral ba ou l'Éspri-m nan, oui, m-ap ba ou propè tèt mouin. M-ap pou ou toutantié. Mouin pap janm séparé-m ak ou, sou tè-a épi nan lavi pou tout tan-an. M-ap nan nanm ou épi nan kò-ou, nan sa ou-ap fè ak nan sa ou-ap di. Minmsi ou t-a bliyé-m, m-ap la kanminm – nan bon jou ak nan mové jou-yo ». → 120

**206 Kilès ki kapab résévoua konfirmasion-an épi kisa yo mandé moun ki vlé résévoua-l la ?**

**Tout krétyin katolik ki résévoua sakréman\* batèm-nan épi ki an « état de grâce » (ki pa gin péché grav sou konsians-li) kapab**

**jouinn otorizasian pou-l résévoua konfimasion\*-an. [1306-1311, 1319]**

Yon moun an « état de grâce » (nan lagras Bondié) lè li pa fè yon péché mòtèl (grav). Ak yon péché grav, mòtèl, nou séparé nou ak Bondié, épi nou pap kapab rékonsilié ak Bondié si sé pa nan sakréman pénitans-la. Yon (jèn) krétyin k-ap préparé-l pou konfimasion\*, li nan youn nan étap ki pi inpòtan nan lavi-li. L-ap fè tout sa-l kapab pou-l konprann lafoua-l avèk kè-li épi avèk intèlijans-li ; l-ap priyé Éspri Sin-an pèsonèlman oubinyen avèk lòt ; l-ap rékonsilié avèk pròp tèt-li, avèk moun ki bò koté-épi avèk Bondié, gras a konfésion-an ki pèmèt nou proché pi pré Bondié minm lè nou pa-t fè yon péché grav. ↗ 316-317

**207 Kilès ki kapab bay sakréman konfimasion-an ?**

**Òdinèman sé Èvêk-la ki bay sakréman konfimasion-an. Si gin yon ijans, yon nésésité, èvêk-la kapab bay yon prèt\* doua (fakilté) pou-l bay li. Si yon krétyin t-a nan danjé pou-l mouri, ninpòt prèt kapab ba li konfimasion-an. [1312-1314]**

### Sakréman Ékaristi-a

**208 Kisa Ékaristi-a yé ?**

**Trè Sint Ékaristi\*-a sé sakréman koté Jézu bay Kò-li ak San-li pou nou – sé konsa li bay pròp tèt-li –, pou nou kapab aprann, nou minm tou, ba li pròp tèt-nou paské nou rinmin-l, épi pou nou vîn fè youn ak li nan sint kominion\*-an. Gras a Ékaristi-a nou soudé nan yon sèl Kò Kris-la, l'Égliz-la. [1322, 1324, 1409]**

Apré batèm-nan ak konfimasion-an, Ékaristi-a sé touazièm sakréman inisiasion krétyin-an. Ékaristi-a sé pouin santral mistè sakréman sa-yo, paské sakrifis Jézu té fè lontan sou koua-a vîn prezàn yon fason kaché épi san pa gin san ki vidé pandan konsékrasion-an. Konsa Ékaristi-a sé « sous épi pouint tèt ki pi ro pou tout lavi krétyin-an », « source et sommet – fons et culmen » (Konsil Vatikan II, *Lumen gentium*, 11). Tout bagay òganisé pou minnin nan li ; pa gin okinn byin ki pi gran nou t-a kapab jouinn. Lè n-ap manjé pin yo kasé-a, nou fè youn ak rinmin Kris-la ki bay Kò-li pou nou sou boua lakoua-a, lè n-ap bouè nan kalis-la nou fè youn avèk li ki rivé vous li té kité yo vidé San-l pou nou-an nan sakrifis li-a. Sé pa nou minm ki invanté rit sa-a. Sé Jézu li-minm ki té sélébré dènié Soupé-a avèk disip li-yo, sé konsa li té anonsé lanmò-l davans. Li ofri pòp tèt-li bay disip li-yo anba sign pin-an ak divin-an épi li kòmandé

yo pou yo sélébré Ékaristi-a dépi lè sa-a épi apré lanmò-li : Sa-a fè-l pou fè sonjé mouin ! (1Kor 11, 24). ↗ 126, 193, 217

209      *Kilè Kris-la té établi Ékaristi-a ?*

**Kris-la té fè Ékaristi-a kité-l pou nou nan nuit yo t-ap rinnmèt li-a** (1Kor 11,23) lè li té rasanblé Apot\*-yo bò koté-l nan Sénak-la (Sal a manjé-a) épi li té sélébré dènié Sèn-nan (dènié Soupé-a, Diné-a) avèk yo. [1323, 1337-1340]

210      *Kòman Kris-la té fè Ékaristi-a ?*

**Mouin minm réyèlman mouin té résévoua nan min Granmèt-la sa minm mouin té transmèt nou-an, sèké Granmèt Jézu, nan nuit yo t-ap rinnmèt li-a, li té pran pin, épi, apré li té rann gras, li té kasé-l, épi li té di :** « *Sa-a, sé kò mouin-an, sa-k pou nou-an. Sa-a fè-l pou fè sonjé mouin-an.* » **Li fè minm jan pou kalis-la, lè yo fin soupé, li di :** « *Kalis sa-a, sé nouvo kontra-a nan san mouin-an. Chak foua n-ap bouè-l, fè sa pou nou fè sonjé mouin-an* » (1Kor 11, 23-25)

Fason sa-a pou rakonté sa-k té pasé-a, sé li minm ki pi ansyin nou ginyin osijè sa-k té pasé nan Sénak-la, sé apot\* Pòl ki rapòté nou li. Li pa-t ouè sa ak jé-l, min li té transmèt nan sa-l ékri-a sa yo té konsèvé kòm yon mistè sakré épi sa yo té konn fè nan litiji kominoté krétyin-an ki té fèk ap fòmè-a. ↗ 99

211      *Ki inpòtans Ékaristi-a pou l'Égliz-la ?*

**Sélébrasion Ékaristi\*-a sé kè kominoté krétyin-an. Sé nan li l'Égliz-la vîn réalisé sa-l doué yé-a.** [1325]

Sa-k fè nou l'Égliz-la sé pa paské nou péyé ladim oubiyin nou mété lajan nan kèt, sé pa paské nou antann nou byin, sé pa paské nou inskri nan tél oubiyin tél lòt parouas, min sé paské nan Ékaristi-a nou résévoua Kò Kris-la épi chak foua, ofiamézi, n-ap vîn tounin Kò Kris-la pi plis. ↗ 126, 217

212      *Ki non yo bay manjé sa-a Jézu fè avèk nou-an, épi sa non sa-yo vlé di ?*

**Yo bay Ékaristi-a diféran non, yon fason pou montré richès sakrifis sa-a ki sin-an :** sint Mès-la, sakrifis Mès-la, Soupé Granmèt-la, Kasé pin-an, asanblé ékaristik-la, mémorial soufrans lanmò ak Réziréksion Granmèt-la, trè sint litiji-a, mistè ki sin-yo, sint kominion-an. [1328-1332]

*Sakrifis ki sin-an, sint Mès-la, sakrifis Mès-la* : sèl sakrifis Kris-la ki réalisé épi dépasé tout sakrifis-yo vîn prézan nan sélébrasion Ékaristi-a. L'Égliz-la ak fidèl-yo fè pròp ofrann yo-a fè youn ak sakrifis Kris-la. Mo « Mès »-la vîn soti nan bénédiksion final-la an latin '*Ite missa est*' : Alé kounié-a, yo voyé nou an mision !

*Soupé Granmèt-la* : chak sélébrasion ékaristik chak foua sé toujou minm sèl Soupé Jézu té sélébré avèk disip li-yo, épi, an minm tan, avangou bankè fèt Granmèt-la pral sélébré nan finisman tan-yo ak tout ras moun-nan ki sové-a. Sé pa nou minm lèzòm ki fè Mès-la – sé Granmèt-la ki rélé nou vîn nan Mès-la épi ki la prézan yon fason kaché.

*Kasé pin-an* : « kasé pin-an » sé té yon ansyin rit Juif-yo té konn fè lè yo t-ap manjé, Jézu fè-l tou nan dènié Soupé-a pou-l té vlé di li t-ap bay pròp tèt-li poutèt *nou tout* (Rm 8,32). Apré réziréksion-l nan, disip-yo rékonèt li nan kasé pin-an. Sé ak paròl « Kasé pin-an » prémié krétyin-yo té rélé sélébrasion litijik Soupé Granmèt-la.

*Asanblé ékaristik* : sélébrasion Soupé Granmèt-la fèt tou nan rasanbléman fidèl-yo k-ap rann gras, k-ap di mèsi (Ékaristi = di mèsi), sé konsa l'Égliz\*-la parèt yon fason vizib.

*Mémorial soufrans, lanmò ak Réziréksion Granmèt-la* : nan sélébrasion ékaristik-la asanblé-a pap sélébré pròp tèt-li, li toujou ap dékouvre épi sélébré oprézan pasaj Jézu fè ki sové nou-an atravè lanmò-li ak réziréksion-l nan ki débouché nan lavi-a.

*Trè sint litiji-a, mistè ki sin-yo* : sélébrasion ékaristik-la réyini sièl-la ak tè-a nan yon sèl fêt. Yo di Trè Sin Sakréman tou, paské ofrann ékaristik-yo koté Jézu prézan-an sé sa ki pi sin ki égzisté sou tè-a.

*Sint Kominion* (communio) : yo di sint Kominion\* paské nou fè youn ak Kris-la nan sint Mès-la, épi poutèt li fè nou fè youn youn ak lòt.

213      *Kisa ki pati ésansièl Mès-la ?*

**Tout Mès (sélébrasion ékaristik) déroulé an dé pati : litiji Paròl-la épi sélébrasion ékaristik-la osans pròp. [1346-1347]**

Pandan litiji Paròl-la, Bondié vlé palé ak nou épi nou kouté léktu yo pran nan Ansyin\*-an ak nan Nouvo\* Téstaman\*-an, épi yon léktu nan Évanjil-la. Sé nan moman sa-a tou yo fè pèch-la (oméli-a) épi priyè intèrsésion pou tout moun sou tè-a. Apré sa sé sélébrasion ékaristik-la ki gin

présentation (ofrann) pin-an ak divin-an, épi konsékrasion ofrann yo, épi kominion\*-an.

### 214 *Ki plan déroulman Mès-la ?*

Mès-la kòmansé ak rasanbléman fidèl-yo épi prosésion prêt\*-la ak minis otèl-la. Apré salutasion prêt-la sé konfésion péché-yo tout moun fè ansanm ki fini ak Kyrie\*-a. Apré sa, lè dimanch (sof nan tan Karèm ak Avan) épi lè yon fêt, yo chanté Gloria\*-a. Priyè pou jou-a (collecte) introdui youn ou dé léktu nan Ansyin\* épi Nouvo Téstaman\*-an. Aklamasion Alélouya\*-a vini anvan Évanjil-la. Lè dimanch ak jou fêt-yo, apré yo fin proklamé Évanjil-la, prêt-la oubyin diak\*-la fè yon oméli (prèch). Nan minm dimanch ak jou fêt sa-yo, asanblé-a dékläré minm lafoua yo ginyin-an nan Credo\*-a, épi yo ajouté apré sa démann « priyè inivèsèl »-la.

Dézièm pati Mès-la kòmansé ak préparation ofrann-yo ki fini ak priyè sou ofrann-yo. Pouint tèt ki pi ro nan sélébrasion ékaristik-la sé priyè ékaristik-la ki kòmansé ak Préfas-la épi Sanctus\*-la. Sé lè sa-a ofrann pin ak divin-an vîn chanjé pou yo tounin Kò ak San Kris-la. Priyè ékaristik-la fini ak Doksoloi\*-a ki débouché nan priyé asanblé-a priyé Papa-a ansanm-nan (*Notré-Pè-a*). Apré sa sé priyè pou lapè-a, Agnus Dei\*-a, kasé pin-an épi kominion-an yo fè an jénéral anba fòm Kò Kris-la sèlman. Mès-la fini nan yon anbiens silans épi aksion-d-gras ak yon priyè final épi yon bénédikzion prêt-la bay. [1348-1355]

#### KYRIE\*-a :

Granmèt, pitié pou nou ! Granmèt, pitié pou nou !

Jézu-Kri, pitié pou nou ! Jézu-Kri, pitié pou nou !

Granmèt, pitié pou nou ! Granmèt, pitié pou nou !

**V.** Kyrie, eleison.

**R.** Kyrie, eleison.

**V.** Christe, eleison.

**R.** Christe, eleison.

**V.** Kyrie, eleison.

**R.** Kyrie, eleison.

#### GLORIA\*-a :

\* Viv Bondié nan sièl-la.

= Sou tè-a, sé pou moun li rinmin yo,  
viv ak kè pozé.

\* N-ap fè louanj pou ou.  
 N-ap di jan ou débyin.  
 Sé ou n-ap adoré.  
 = N-ap fè bél konpliman pou ou.  
 N-ap di ou mèsi pou valè bél ou bél.  
 \* BONDIÉ ou sé Granmèt, ou sé Roua nan sièl-la.  
 = BONDIÉ, ou sé PAPA-a.  
 Ou ginyin tout pouvoua.  
 \* JÉZU-KRI, ou sé Grammèt.  
 Ou sé sèl PITIT.  
 = Ou sé BONDIÉ, ou sé Granmèt.  
 Ou sé Mouton BONDIÉ-a.  
 Ou sé PITIT PAPA-a.  
 \* Ou minm ki ouété péché sou tè-a,  
 tanpri, pitié pou nou.  
 = Ou minm ki ouété péché sou tè-a,  
 kouté priyè nou-an.  
 \* Ou minm ki chita adouat PAPA-a,  
 tanpri pitié pou nou.  
 = JÉZU-KRI, sé ou minm sèl ki sin,  
 \* Ou minm sèl ki Granmèt, ou minm sèl ki anro nèt,  
 = Ansanm ak LÉSPRI-SIN-an,  
 nan bélte BONDIÉ PAPA-a. Amèn.

*Gloria in excelsis Deo  
 et in terra pax hominibus bonae voluntatis.  
 Laudamus te, benedicimus te,  
 adoramus te, glorificamus te,  
 gratias agimus tibi propter magnam gloriam tuam,  
 Domine Deus, Rex caelstis,  
 Deus Pater omnipotens,  
 Domine Fili unigenite, Iesu Christe,  
 Domine Deus, Agnus Dei,  
 Filius Patris,  
 qui tollis peccata mundi, miserere nobis ;  
 qui tollis peccata mundi, suscipe deprecationem nostram.  
 Qui sedes ad dexteram Patris, miserere nobis.  
 Quoniam tu solus Sanctus,  
 tu solus Dominus,  
 tu solus Altissimus, Iesu Christe,  
 cum Sancto Spiritu :  
 in gloria Dei Patris. Amen.*

## SANCTUS\*-la :

Sé ou ki sin, sé ou ki sin,  
 Sé ou ki sin tout bon.  
 BONDIÉ sé ou ki Grammèt tou sa ki nan sièl-la.  
 Bèlté ou, plin sièl-la ak tè-a.  
 Viv BONDIÉ nan sièl-la.  
 Bravo pou sila-a k-ap vini o non Granmèt-la.  
 Viv BONDIÉ nan sièl-la.

*Sanctus, Sanctus, Sanctus Dominus Deus Sabaoth.  
 Pleni sunt caeli et terra gloria tua.  
 Hosanna in excelsis.  
 Benedictus qui venit in nomine Domini.  
 Hosanna in excelsis.*

## AGNUS DEI\*-a :

Jézu, ou minm mouton BONDIÉ  
 ki ouété péché sou tè-a,  
 tanpri, pitié pou nou.  
 Jézu, ou minm mouton BONDIÉ  
 ki ouété péché sou tè-a,  
 aprann nou byin viv ansanm.

*Agnus Dei, qui tollis peccata mundi, miserere nobis.  
 Agnus Dei, qui tollis peccata mundi, miserere nobis.  
 Agnus Dei, qui tollis peccata mundi, dona nobis pacem.*

215      *Kiyès ki prézidé sélébrasion ékaristik-la ?*  
**An réalité, sé Kris-la li-minm ki prézidé tout sélébrasion ékaristik.**  
**Évèk\*-la oubyin prèt\*-la réprésanté-l. [1348]**

Sé sa l'Égliz\*-la kouè : sélébran-an kanpé dévan otèl-la *in persona Christi capiti* (an latin sa vlé di : « nan fonksion ak ròl ak pouvoua Kris-la an pèrsòn kòm Tèt l'Égliz-la », an fransè : « en la personne du Christ-Tête »). Sa vlé di prèt\*-yo pap aji sèlman nan plas Kris-la dapré manda ak lòd li ba-yo-a, min tou, poutèt konsékrasion yo-a, sé Kris-la kòm Tèt l'Égliz-la k-ap aji nan yo. → 249-254

216 *Kijan Kris-la prézan lè y-ap sélébré Ékaristi-a ?*

**Kris-la prézan yon fason kaché, an mistè, min li réyèlman prézan nan sakréman\* Ékaristi\*-a chak foua l'Égliz-la fè sa Jézu té mandé-a : Fè sa pou nou fè sonjé mouin** (1Kor 11,25), li kasé pin-an épi li ofri kalis-la, sé événman-an minm ki té pasé nan tan Jézu-a ki réalisé jodi-a : Kris-la ofri tèt-li tout bon vré ba nou kòm sakrifis épi nou vîn kapab patisipé tout bon vré nan ofrann li-a. **Sakrifis-la Kris-la ofri yon foua pou tout sou koua-a, li vîn prézan épi aktuel sou otèl-la : li réalisé travay rédanmsion nou-an.** [1326-1367]

217 *Kisa-k pasé nan l'Égliz-la lè l-ap sélébré Ékaristi-a ?*

**Chak foua l'Égliz-la sélébré Ékaristi\*-a, li vîn dévan sous-la koté l-ap soti épi l-ap rénouvlé san rété-a : antan-l « manjé » Kò Kris-la, l'Égliz-la vîn tounin Kò Kris-la (sé yon lòt fason pou rélé l'Égliz-la).** Nan ofrann Kris-la ki ba nou pròp tèt-li ak nanm-li ak Kò-li, gin plas pou tout lavi-nou. Travay-nou, soufrans-nou épi kè kontan-nou, nou kapab fè yo tout fè youn ak ofrann Kris-la. Lè nou ofri pròp tèt-nou bay Bondié nan fason sa-a, nou vîn transfòmé : nou fè Bondié plézi épi nou tankou yon bon pin nourisan pou lòt-yo. [1368-1372, 1414]

Gin dé lè n-ap plinyin, n-ap akizé l'Égliz-la kòmsi sé t-a yon sinp réyinion moun ki plizoumouin bon. An réalité, l'Égliz-la sé sa k-ap fòmé chak jou yon fason kaché an mistè sou otèl-la. Bondié bay pròp tèt-li pou nou chak, épi li vlé transfòmé nou gras a komision\* avèk li-a. Yon foua nou fin transfòmé, nou doué transfòmé tè-a. Tout lòt bagay ki konsèné l'Égliz-la yo vîn an dézièm plan. ↵ 126, 171, 208

218 *Ki fason ki pi kòrèk pou nou onoré Granmèt-la ki prézan anba aparans pin-an ak divin-an ?*

**Paské Bondié réyèlman prézan anba aparans pin ak divin ki konsakré-a, nou doué konsèvé sint espès sa-yo ak pi gran réspè nou kapab, épi adoré Granmèt-nou, Sovè-nou ki prézan nan Sin Sakréman-an.** [1378-1381, 1418]

Si apré sélébrasion Ékaristi-a, gin osti konsakré ki rété toujou, yo konsèvé yo nan *siboua*-a yo mété nan tabènak\*-la. Kòm Sin Sakréman-an prézan la, tabènak-la sé koté yo doué pi réspékté nan tout l'Égliz-yo. Sètènman, moun k-ap maché tout bon dèyè Kris-la ap rékonèt li nan sak pi pòv-yo, l-ap sèvi-l nan yo. Min li doué jouinn tan tou pou-l adoré Granmèt-la an silans dévan tabènak-la épi ofri-l rinmin li gin pou li-a.

219 Chak konbyin foua yon katolik doué patisipé nan yon sélébrasion ékaristik ?

**L'Égliz-la mandé tout krétyin pou yo patisipé obligatouaman nan Mès-la chak dimanch épi jou fèt-yo. Moun k-ap chèchè zanmi Jézu tout bon, l-ap réponn pi souvan li kapab nan invitasion Jézu fè-l pèsonèlman nan manjé fèt l-ap fè-a.** [1389, 1417]

An réalité, lè yo di « obligasion dimanch-la » oubyin « fèt-d-obligaison » sé yon eksprésion ki pa byin adapté pou yon krétyin tout bon, tankou si yo t-a di yon moun ki tonbé-d-amou li « oblijé » anbrasé moun li rinmin-an. Pèsonn moun pa kapab gin yon rélasion vivan ak Jézu, si-l pa alé koté Jézu ap tann li-an. Sé poutèt sa, dépi lontan, Mès-la sé « kè dimanch »-la pou krétyin-yo épi randévou ki pi inpòtan nan sémèn-nan.

220 Kòman pou-m préparé-m pou-m résévoua Ékaristi-a ?

**Moun ki vlé résévoua Ékaristi-a, sé pou-l katolik. Si-l gin yon péché grav sou konsians-li, sé pou-l konfésé anvan. Sé pou-l rékonsilié ak prochin-l anvan-l proché bò otèl-la.** [1389, 1417]

Té gin kèk ané, yo té abitué pa manjé anyin touazè-d-tan omouin anvan Mès-la ; konsa yo té préparé yo pou rankontré Kris-la nan kominion\*-an. Jodi-a, l'Égliz-la rékòmandé omouin inè-d-tan jèn. Yon lòt sign réspè sé pou nou byin abiyé – paské, an réalité, èské sé pa ak Granmèt tout inivè-a nou gin randévou !

221 Kòman kominion-an transfòrmé-m ?

**Chak kominion\* fè-m fè youn pi plis ak Kris-la, li fè-m tounin yon manb vivan nan Kò Kris-la, li rénouvlé tout gras mouin té résévoua nan batèm mouin ak nan konfirmasyon\*-m, épi li ba-m plis fòs nan konbat kont péché-a.** [1391-1397, 1416]

222 Èské yo kapab bay moun ki pa katolik-yo kominion ?

**Kominion\*-an sé eksprésion inité Kò Kris-la. Moun ki fè pati l'Égliz katolik-la, sé moun ki batizé nan l'Égliz sa-a, ki gin minm lafoua ak li, épi k-ap viv nan inité avèk li. Sé t-a yon kontradiksion si moun ki pa (ki pa ko) patisipé nan lafoua-l ak lavi-l, l'Égliz-la t-a invité yo vîn kominié. Lè sa-a yo t-a fè sign Ékaristi-a pèdi valè-l pou moun pa kouè nan li.** [1398-1401]

Òtodòks-yo kapab mandé, individuèlman, pou yo résévoua kominion pandan yon Mès katolik, paské òtodòks-yo gin minm lafoua nan

Ékaristi-a avèk l'Égliz katolik-la, minmsi kominoté yo-a pap viv inité-a an plin avèk li. Pou manb lòt kominoté krétyin-yo, yo kapab ba yo kominion-an nan ka yon ijans grav, sitou si yo kouè nèt alé nan prezans réyèl Jézu nan Ékaristi-a. Objéktif épi rèv tout mouvman ékiménik-la sé pou krétyin katolik ak protéstan rivé sélébré Ékaristi-a ansanm, poutan sé t-a yon érè – sé poutèt sa yo pa pèmèt sa koulié-a – pou yo t-a organisé sélébrasion Sint Sèn-nan ansanm, tout tan yo pa ko fòmé réalité Kò Kris-la nan yon sèl lafoua-a ak nan yon sèl l'Égliz-la. Lòt asanblé ékiménik-yo koté krétyin diféran konfésion-yo ap priyé ansanm, sé yon bon bagay ; l'Égliz katolik-la ankourajé sa.

223 *Nan ki mézi Ékaristi-a sé yon avangou lavi pou tout tan-an ? Jézu té promèt disip li-yo – donk nou minm tou – y-ap chita bò tab li-a yon jou. Sé poutèt sa tout Mès sé « mémorial soufrans li-a, koté gras-la ranpli nanm-nou, koté yo ban nou avangou lavi k-ap vini-an ». [1402-1405]*

## DÉZIÈM CHAPIT Sakréman gérizon-yo

### Sakréman pénitans-la ak rékonsiliasion-an

224 *Pou kisa Kris-la té ba nou sakréman pénitans-rékonsiliasion-an épi onksion malad-yo ? Kris-la montré jan-l rinmin antan l-al chèché sa-k pèdi-yo épi antan-l géri malad-yo. Sé pou sa li ba nou sakréman\* pénitans-la ak rékonsiliasion-an, ki libéré nou anba péché-a épi ki fòtifié nou le nou fèb fizikman oubyin moralman. [1420-1421] ↵ 67*

225 *Kijan yo rélé sakréman pénitans-rékonsiliasion-an ? Yo rélé-l sakréman\* pénitans-rékonsiliasion, sakréman padon, konvèzion oubyin « konfésion ». [1422-1424, 1486]*

226 *Min si nou déja gin batèm-nan ki rékonsilié nou ak Bondié, pou kisa nou bézouin yon sakréman rékonsiliasion pou pròp tèt-nou ? Sé sètin, batèm-nan raché nou sot anba pouvoua péché-a ak lanmò-a, épi li mété nou nan nouvo lavi pitit Bondié-yo, min li pa délivré nou anba féblès-nou kòm moun ak anba panchan nou ginyin nan péché-a. Sé poutèt sa nou bézouin yon koté pou chak foua sa nésèsè nou kapab rékonsilié ankò ak Bondié. Koté sa-a, sé konfésion-an. [1425-1426]*

Sé pa yon bagay ki alamòd pou moun al konfésé ; okòmansman sa kapab difisil pétèt épi sa kapab mandé anpil éfò. Min sé youn nan pi gran gras nan lavi-nou pou nou toujou kapab rékòmansé tou nèf – paské sé tout bon vré sakréman sa-a rénouvlé nou, lè nou résévoua-l ak rinmin, li rétiré chaj fot nou-yo ak ipotèk nou té pran-yo, épi li ranpli nou ak fòs tou nèf. Bondié sé mizérikòd épi li vlé tout bon vré pou nou chèché, mandé mizérikòd li-a. Moun ki konfésé-a ouvri yon nouvo paj, tou blan, nan liv lavi-li. ↵ 67-70

227 *Kilès ki té mété sakréman pénitans-rékonsiliaison-an ?*

Sé Jézu li-minm ki mété sakréman pénitans-la, lè-l té parèt dévan Apot\* li-yo nan asouè jou Pak-la épi li té di yo : « *Résévoua Éspri Sin. Ninpòt moun nou t-a padonnin péché yo, y-ap padonnin pou yo, ninpòt moun nou t-a kinbé yo, y-ap rét kinbé* » (Jn 20, 22b-23). [1439, 1485]

Parabòl yo rélé « ti banbochè-a » (« enfant prodigue », « ti gaspiyè-a »), sé youn nan pi bèl imaj Jézu té sèvi avèk li pou-l fè ouè mouvman sakréman pénitans-rékonsiliaison-an (kè parabòl-la sé « papa ki gin mizérikòd-la ») : nou pèdi chémin-nou, nou pèdi rout-nou, nou pa kapab konbat problèm lavi-nou, poutan Papa-nou ap tann nou ak yon gran souaf, yon souaf infini, li padoné nou lè nou tounin, li toujou résévoua nou yon lòt foua, li padoné péché-nou. Gin anpil moun Jézu an pèrsòn té padoné péché yo, sa té pi inpòtan pou li pasé fè mirak. Pou li, sé té pi gran sign Péyi-roua Bondié-a ki rivé-a. Koté yo géri tout blésé-yo épi yo suiyé tout dlo nan jé. Jézu té transmèt Apot\* li-yo fòs l'Éspri-Sin-an, sa-l té konn padoné péché-yo avè-l la. Nou tonbé nan bra Papa-nou ki nan sièl-la lè n-al jouinn yon prêt\* pou nou konfésé. ↵ 314, 524

228 *Kilès ki kapab padoné péché-yo ?*

Sé Bondié sèl ki kapab padoné péché-yo. Sé Jézu sèl, paské li sé Ptit Bondié, ki té kapab di : *Péché-ou yo padonnin* (Mk 1,5). Épi sé sèlman paské Jézu té ba yo pouvoua pou sa ki fè prêt\*-yo kapab padoné péché-yo nan plas Jézu. [1441-1442]

Gin moun ki di : m-al jouinn Bondié dirèktéman, mouin pa bézouin yon prêt ! Min Bondié vlé pou sé yon lòt jan sa pasé. Li konnin nou. Anpil foua nou chèché bay tèt-nou rézon pou nou kapab jistifié nou, épi fasiman nou pran fot nou-yo pou bon bagay. Sé pouêt sa Bondié vlé pou nou di-l péché nou-yo, pou nou konfésé yo fas-a-fas. Sé rézon pouvoua li bay prêt-yo : *Ninpòt moun nou t-a padonnin péché yo, y-ap*

*padonnin pou yo, ninpòt moun nou t-a kinbé yo, y-ap rét kinbé* (Jn 20,23).

229 *Kisa ki fè nou dispozé pou répanti-a ?*

**Lè nou rékonèt fot nou fè pèsonèlman, sa révéyé anvi-a nan nou pou nou amélioré vín pi bon ; sé sa yo rélé répanti-a.** Nou rivé fè sa lè nou ouè kontradikcion ant rinmin Bondié-a ak péché nou-yo. Lè sa-a, antan péché nou fè-yo fè nou mal anpil, nou désidé chanjé lavi-nou, épi nou mété tout espérans-nou nan sékou Granmèt-la. [1430-1433, 1490]

Anpil foua y-ap réfoulé, kaché, réalité péché-a. Gin moun ki kouè sé ak sians psikolojik-la pou yo konbat santi moun-nan santi-l koupab-la. Min sa inpòtan anpil pou moun-nan pran konsians fot li-a tout bon vré. Sé tankou yon machîn : lè kontè-a (spidomèt-la) signalé yon eksè vitès, sé pa fot kontè-a (spidomèt-la), sé fot chofè-a. Plis nou proché kot Bondié ki tout an limiè, sé plis zòn fènoua nou-yo ap parèt pi aklè. Min Bondié pa yon limiè k-ap boulé, li sé limiè k-ap géri-a. Sé poutèt sa répantans-la pousé nou antré nan limiè-a koté nou vín réfè nèt-la. → 312

230 *Sa pénitans-la yé ?*

**Pénitans-la sé réparation yon injistis mouin té fè. Mouin pa kapab fè pénitans nan tèt-mouin sèlman. Mouin doué mété-l an pratik ak jès rinmin, ak yon angajman nan sèvis lòt-yo. Lè-m priyé, lè-m jéné, lè-m soutni pòv-yo moralman épi matérièlman, sa-a tou sé vré pénitans.** [1434-1439]

Anpil foua yo mal konprann pénitans-la. Li pa gin anyin pou-l ouè ak méprisé pròp tèt-nou oubiyin fo-régrè (faux-scrupules). Sé pa rété ap di tout tan nou pa bon, nou pa bon. Pénitans-la libéré nou épi li ankourajé nou rékòmansé avansé.

231 *Ki kondision ki fondamantal pou yon krétyin kapab jouinn padon ?*

**Gin dé kondision pou péché-yo kapab padoné : sé pou moun-nan chanjé kè (répanti, konvèti) épi pou prèt\*-la ba li absolision péché-yo onon Bondié.** [1448]

232 *Sa pou-m fè pou-m konfésé ?*

Tout konfésion mandé : égzamin konsians, répantans, rezolision, déklärasion péché-yo, épi pénitans. [1450-1460, 1490-1492, 1494]

*Égzamin konsians-la*, yo doué fè-l an profondè, minm si-l pap toujou konplè. Si pa gin yon *rénanti* tout bon, ki pa fèt ak po bouch sèlman, pèsonn pa kapab jouinn padon pou péché-l yo. *Rézolision* pou nou pa fè péché ankò-a, li indispanab tou. Péchè-a doué avoué, déklaré, péché-l yo bay konfésè-a, donk li doué konfésé. Épi, yon konfésion gin *réparasion-an* oubiyin *pénitans-la* tou ladan-l, sa konfésè-a mandé péchè-a fè-a pou réparé domaj li kozé-a.

233 *Ki péché nou doué konfésé ?*

Tout péché grav nou sonjé apré nou fin égzaminé konsians-nou, épi nou pa ko konfésé, yo kapab jouinn padon nòmalman nan konfésion sakramantèl individuèl-la. [1457]

Sé vré, gin dé lè nou ézité al konfésé ; lè nou fè éfò-a sou tèt pa-nou, sé déjà yon prémié pa pou nou tounin vîn an santé ankò anndan nou. Anpil foua sa kapab édé nou si nou konnin minm Pap\*-la doué gin kouraj avoué fot li-yo ak féblès li-yo bay yon lòt prêt (donk bay Bondié). Yon prêt\* kapab bay yon group moun absolision san yo pa-t konfésé individuèlman anvan (tankou nan yon tan lagè, yon atak paravion, oubiyin parézanp si yon group moun nan danjé pou yo mouri tousuit). → 315-320

234 *Kilè pou nou konfésé péché grav nou-yo ? Èské nou doué konfésé souvan ?*

Tout fidèl ki rivé nan laj konprann (âge de raison) doué konfésé péché grav li fè-yo. L'Égliz-la konséyé ak insistans pou nou fè-l omouin yon foua pandan ané-a. Antouka, si nou fè yon péché grav, nou doué konfésé anvan nou résévoua kominion\*-an. [1457]

Laj konprann-nan (âge de raison) vlé di pou l'Égliz-la laj koté timounnan kapab rézoné pou-l aprann distingé byin ak mal. → 315-320

235 *Èské nou kapab konfésé, minm lè nou pa fè péché ki grav ?*

Minm lè nou pa oblijé konfésé osans strikt (obligation konfésé péché grav-yo), konfésion-an pèmèt gérizon-an épi li minnin nan yon rélasion ki pi profon ak Granmèt-la. [1458]

Nan Taizé (an Frans toupré Cluny) koté anpil jèn abitué al priyé, oubiyin lè gin rasanbléman katolik-yo, oubiyin lè Jounin mondial jèn-yo – toupatou nou ouè jèn fi kon gason k-ap mandé sakréman rékonsiliasion-an. Krétyin ki pran angajman yo osérié pou yo suiv Kris-la, y-al chèché nan konfésion-an yon nouvo élan pou yo avansé ak Bondié. Minm Sin-yo al

konfésé régilièman lè sa posib. Yo békouin sa pou yo kapab grandi nan umilité ak nan charité, épi pou yo kité limiè Bondié-a k-ap géri yo rivé nan tout ti kouin nanm yo.

236     *Pou kisa sé prèt-yo sèlman ki doué padoné péché-yo ?*

**Pèsonn moun pa kapab padoné péché-yo, sof moun sa-yo Bondié bay mision ak pouvoua padoné péché nan non-l. Moun ki doué égzèsé ministè sa-a, sé toudabò Évêk\*-yo épi apré sé prèt\*-yo ki kolaboratè évèk-yo.** [1461-1466, 1495] ↵ 150, 228, 249-250

237     *Èské gin péché yon sinp prèt pa kapab padoné ?*

**Gin péché moun-nan fè ki fè-l viré do nèt bay Bondié épi ki fè-l ékskominié\* tèt-li pou jan sa-l fè-a grav. Pou byin montré gravité péché sa-yo, sé évèk\*-la sèlman ki kapab bay absolision-an, oubiyin, nan kèk ka, Pap\*-la sèlman. Min, si gin danjé paské moun-nan prèt pou mouri, tout prèt kapab bay absolision pou tout péché épi lévé ékskominikasion-an.** [1463]

Parégzanp, yon katolik ki touyé yon moun oubiyin ki patisipé nan édé fè yon avòtman, li mété tèt-li andéyò sakréman kominion-an (li pa kapab kominié). Sé konstaté l'Égliz-la oblijé konstaté sa. Ékskominikasion\*-an invité péchè-a tounin sou chémin ki douat-la.

238     *Èské yon prèt gin doua répété sa-l té tandé nan konfésion ?*

**Non, nan okinn ka. Sé yon sékrè san éksépsion li doué kinbé. Tout prèt ki t-a di lòt moun sa-l té tandé nan yon konfésion, li ékskomi-né tèt-li. Minmsi sé lapolis ki mandé, prèt-la pa gin doua di anyin ni signalé anyin.** [1467]

Sékrè konfésion-an sé bagay prèt\*-yo pran osérié anpil. Gin prèt ki peyé sa ak lavi yo oubiyin yo fè sibi toumant paské yo rété fidèl ak sékrè konfésion-an. Sé poutèt sa nou kapab palé aklè épi san rézèv ak yon pè, nou kapab konfié tèt-nou ba li ak kè pozé paské sèl travay li nan moman sa-a sé sèvi kòm « zòrèy Bondié ».

239     *Ki konsékans pozitif sakréman rékonsiliaison-an ginyin ?*

**Sakréman rékonsiliaison-an rékonsilié nou avèk Bondié.** [1468-1470, 1496]

Moman apré absolision-an sé tankou yon douch apré yon spò, tankou yon bél sièl klè apré yon siklòn, tankou yon matin fré pandan solèy ap lévé, tankou moun ki plonjé anba lanmè ki pa santi poua kò-l ankò...

Rékonsilié ak Bondié sa vlé di tounin vîn pitit Bondié, pitit li rinmin, li résévoua nan bra-l : nou an armoni, nou dakò ankò ak Bondié.

### **Sakéman onksion malad-yo**

240 *Kijan yo té konn konsidéré maladi-a nan Ansyin Téstaman-an ?*

Nan Ansyin Téstaman\*-an, yo té konsidéré maladi-a anpil foua kòm yon éprèv térib, yo pa-t kapab révolté kont li, min ladan-l yo té kapab ouè min Bondié. Lidé sa-a parèt déjà kay profêt-yo ki fè ouè soufrans-la pa obligatouaman yon malédiksion ni konsékans yon péché pèsonèl, min moun k-ap soufri-a kapab fè-l nan plas yon lòt antan-l sipôté pròp soufrans li-a ak pasians. [1502]

241 *Pou kisa Jézu té intérésé konsa pou malad-yo ?*

Jézu té vîn montré rinmin Bondié-a. Li la lè nou santi nou ménasé yon fason spécial : lè lavi-nou vîn fébli poutèt maladi-a. Bondié vlé gérizon pou kò-nou ak pou nanm-nou, li mandé nou pou nou kouè sa, épi pou nou rékonèt Péyi-roua Bondié-a rivé. [1503-1505]

Pafoua sé lè nou malad nou pran konsians kijan nou tout nou békouin Bondié – kit nou malad, kit nou pa malad ! Sé sèlman nan li nou gin lavi. Sé poutèt sa malad-yo ak péchè-yo gin yon instin spécial ki fè yo ouè sa-k ésansièl. Déjà nan Nouvo\* Téstaman-an, sé malad-yo ki chèché proché kot Jézu ; yo t-ap chèché touché-l, paské yon fòs t-ap soti nan li épi li t-ap géri tout moun (Lk 6,19). ↗ 91

242 *Poukisa l'Égliz-la doué okipé malad-yo yon fason spécial ?*

Jézu fè nou konnin sièl-la soufri avèk nou lè n-ap soufri. Bondié vlé pou nou rékonèt li nan sa-yo ki pi piti nan frè-l yo (Mt 25,40). Sé poutèt sa Jézu té vlé préokipasion pou pòv-yo t-a nan kè mision disip li-yo. Li ba yo lòd : *Géri malad-yo* (Mt 10, 8), épi li promèt yo yon pouvoua k-ap soti nan Bondié : *Sou non mouin y-ap chasé démon... y-ap pozé min sou malad-yo, y-ap réfè* (Mt 16,17-18). [1506-1510]

Youn nan karaktéristik ki toujou pi inprésionan nan rélijion krétyin-an sé plas santral yo bay malad-yo, granmoun-yo, sa-k nan békouin-yo. Mè Téréza ki té konn akéyi moun ki pral mouri-yo nan vil Kalkuta an Ind, sé sèlman yon krétyin nan pamí lòt-yo ki té ouè Kris-la nan sa yo réjité oubyin yo lagé pou kont yo-a. Si krétyin-yo krétyin tout bon, gin yon santiman rékonfò, konsolasion ki manifésté nan yo ki pousé yo aji.

Ginyin nan yo tou ki minm gin don géri moun malad-yo nan kò-yo, gras a fòs l'Éspri-Sin-an (karism gérizon – Karism\*).

243 *Pou kilès sakréman onksion malad-yo fèt ?*

**Tout fidèle ki malad grav kapab résévoua sakréman onksion malad-yo. [1514-1515, 1528-1529]**

Nou kapab résévoua onksion malad-yo pliziè foua nan lavi-nou. Sa conn rivé tou pou jèn gason ak fi mandé résévoua sakréman malad-yo poutèt yo pral sibi yon opération grav, parégzanp. Nan okazion sa-yo, anpil krétyin tou profité konfésé antan y-ap résévoua onksion malad-yo ; yo vlé parèt dévan Bondié ak konsians yo prop, pou si yo pa t-a géri.

244 *Kijan yo bay sakréman onksion malad-yo ?*

**Rit ésansièl-la sé onksion yo fè ak luil ki bénî-an sou fron ak sou min malad-la. Yo sélébré-l an jénéral nan yon légliz, ak priyè ki akonpagné-l yo. [1517-1519, 1531]**

245 *Ki éfè onksion malad-yo ginyin ?*

**Onksion malad-yo bay rékonfò, lapè ak kouraj, épi nan sitiasion frajilité-a ak soufrans-la, li fè malad-la fè youn pi plis ak Kris-la, Granmèt nou-an ki té konnin kè séré nou-yo, épi ki té poté doulè nou-yo nan kò-l. Gin moun lè yo résévoua onksion malad-yo, yo géri. Min si Bondié vlé rélé yon moun pou vîn jouinn li, nan onksion malad-yo li ba li fòs pou-l minnin konba nanm-nan ak kò-a pou préparé dènié pasaj-la. Nan tout ka-yo, onksion malad-yo fè jouinn gras padon péché-yo. [1520-1523, 1532]**

Anpil malad pè sakréman sa-a épi yo kité-l pou dènié moman-an paské yo pansé sé tankou yon santans kondanasion a mò li yé. Sé kontrè-a ki égzakt : onksion malad-yo sé tankou yon asirans vi. Tout krétyin k-ap akonpagné yon malad doué édé-l dépasé fo-santiman kè-soté sa-a. Nan moman sa-a, anpil malad ki nan gran danjé, vîn konprann pa gin anyin ki pi inpòtan pasé konfòmé yo tousuit épi san kondision ak Jézu, Sovè nou-an, ki ranpôté viktoua sou lanmò-a épi sé li-minm minm ki lavi-a.

246 *Kilès ki kapab bay onksion malad-yo ?*

**Sé Évêk\*-yo sèlman ak prèt\*-yo ki minis sakréman-an. Kris-la aji pa lintèmèdiè yo, poutèt konsékrasion yo-a. [1516, 1530]**

247 Kisa « viatik »-la yé ?

« Viatik »-la sé dènié kominion nou résévoua anvan nou mouri. [1524-1525]

Pa gin anpil foua kominion\*-an nésésè konsa tankou moman koté moun-nan prêt pou-l fè pasaj k-ap mété pouin final sou lavi-l sou tè-a : lavi k-ap vini-an sé yon lavi an kominion ak Kris-la.

### TOUAZIÈM CHAPIT Sakréman pou kominion ak mision-an

248 Kòman yo rélé sakréman ki osèvis kominion-an ?

Moun ki batizé épi ki konfimé-a kapab résévoua dé sakréman\* ki ba li yon mision spésial nan l'Égliz-la, épi yon sèvis Bondié rélé-l pou-l fè : lòd-la ak mariaj-la. [1533-1535]

Dé sakréman\* sa-yo gin yon pouin an komin : yo fèt pou lòt moun. Yo pa konsakré pèsonn moun pou pròp tèt pa-l épi pèsonn moun pa marié pou pròp tèt pa-l. Sakréman lòd-la ak mariaj-la gin objéktif pou bati pèp Bondié-a, sètadi yo sé kanal Bondié pasé pou-l rouzé tè-a, fè-l donnin.

#### Sakréman lòd-la

249 Ki diféran dégré ki ginyin nan sakréman lòd-la ?

Sakréman lòd-la gin toua dégré : Évêk\* (épiskopa), prêt\* (présbitéra), diak\* (diakona). [1554, 1595] ↵ 140

250 Kisa-k pasé nan òdinasion épiskopal-la ?

Òdinasion épiskopal-la bay yon prêt plénitid sakréman lòd-la. Li òdoné kòm siksésè apot-yo épi li antré nan kolèj évèk-yo. Avèk lòt évèk-yo épi Pap\*-la, dépi lè sa-a li vîn responsab tout l'Égliz-la. L'Égliz-la ba li mision anségné, sanktifié, gouvènè.

[1555-1559]

Ministè épiskopal-la, sé yon véritab ministè pastoral nan l'Égliz-la, paské li pran sous-li nan apot-yo, prémié témouin Jézu-yo, épi l-ap fè ministè pastoral apot-yo Kris-la té établi-a kontinié égzisté. Pap\*-la tou sé yon Évêk\*, min sé prémié nan yo épi tèt kolèj évèk-yo. ↵ 92, 137

251     *Ki inpòtans évèk-li ginyin pou yon krétyin katolik ?*

**Yon krétyin katolik konnин li doué obéyi évèk-li. Pou li Évèk\*-la sé réprésantan Kris-la. Anplis, évèk-la k-ap égzèsé ministè pastoral-la avèk prèt-yo épi diak\*-yo, kolaboratè li-vo ki konsakré, sé prinsip vizib épi fondman l'Égliz lokal-la (diosèz-la). [1560-1561]**

252     *Ki konsékans òdinasion présbitéral-la ?*

**Gras a ministè évèk-la, gason-an ki òdoné-a résévoua yon gras Espri Sin-an ki ba li yon otorité sakramantèl li vîn jouinn apati évèk\*-la. [1538]**

Vîn yon prèt\*, sé pa sèlman résévoua yon fonksion oubyin yon ministè. Gras a sakréman lòd-la, yon prèt résévoua yon pouvoua spésial épi yon mision pou frè ak sè li-vo nan lafoua-a. ↗ 150, 215, 228, 236

253     *Kòman l'Égliz-la konprann sakréman lòd-la ?*

**Prèt\* Ansyin Téstaman\*-yo té konsidéré mision yo-a tankou yon médiasion ant sièl-la ak tè-a, ant Bondié ak pèp li-a. Kòm Kris-la sé sèl médiatè ant Bondié ak moun-yo (1Tm 2,5), li réalisé sasèrdòs sa-a épi fè-l rivé bout-li. Apré Jézu-Kri, pa kapab gin lòt òdinasion présbitéral si sé pa nan Kris-la, nan sakrifis Kris-la sou koua-a, épi gras a rélé Kris-la rélé moun-nan pou-l ba li mision apostolik-la. [1539-1553, 1592]**

Yon prèt katolik k-ap administré sakréman\*-yo pa aji ak pròp fòs pa-l, ni an fonksion pròp peféksion kalité moral-li (malérézman anpil foua li pa ginyin-l), min l-ap aji *in persona Christi*. Gras a òdinasion-li, li patisipé nan fòs Kris-la k-ap transfòmé, k-ap géri, k-ap sové. Paské prèt-la pa gin anyin apati pròp tèt-li, li sé toudabò yon sèvitè oubyin yon minis. Yo rékonèt yon prèt sé yon prèt tout bon lè li toujou sézi ak umilité pou-l ouè Bondié té rélé-l. ↗ 215

254     *Kisa-k pasé nan òdinasion présbitéral-la ?*

**Nan òdinasion présbitéral-la, évèk\*-la rélé fòs Bondié-a sou gason ki pral prèt-la. Fòs sa-a maké-l ak yon so ki pa kapab éfasé, sé karaktè sakramantèl-la ki pap janm sot sou li. Kòm kolaboratè évèk-li, prèt-la pral anonsé Paròl Bondié-a, administré sakréman\*-yo épi sitou sélébré Ékaristi\*-a. [1562-1568]**

Pandan Mès-la, òdinasion-an kòmansé lè yo rélé non kandida-yo pèsonèlman. Apré Évèk-la fini oméli-a (prèch-la), sa yo pral òdoné prèt-la promèt pou-l obéyi évèk-li ak siksésè k-ap ranplasé-l yo. Òdinasion-

an fèt tout bon lè Évêk-la mété min-l yo sou tèt kandida-a épi di priyè ki akonpagné jès-la. ↵ 215, 236, 259

255 *Kisa-k pasé nan òdinasion diakonal-la ?*

**Gras a òdinasion diakonal-la nan sakréman lòd-la, yo rinnèt moun ki résévoua-l la yon sèvis spésial pou-l fè. Paské diak-la répräsenté Kris-la, li minm ki pa-t vîn fè sèvi-l, min sèvi, épi bay nanm-li kòm mouayin délivrans nan plas anpil moun** (Mt 20,28). Pandan litiji òdinasion-an, yo dékläré diak\*-la ap tounin sèvitè tout moun kòm minis Paròl-la, otèl-la ak charité-a. [1569-1571]

Prémié pòtré yon diak\* nou ginyin sé Sint Étièn, mati. Lè Apot-yo, nan prémié kominoté krétyin-an té ouè yo té gin trop travay pou fè nan késion èd charité-a, sé poutèt sa yo konvoké sèt mésié « pou sèvis atab-la » épi yo té konsakré yo. Sa yo té rélé Étièn-nan « ki té plin gras ak fòs Bondié » t-ap fè bèle travay nan sèvis lafoua-a ak sa-k té pòv nan kominoté-a. Ofiamézi sièk-yo ap pasé, diakona-a té tounin yon étap nan chémin pou rivé nan òdinasion présbitéral-la, kounié-a minm li tounin gin kondision li té ginyin-an kòm yon ministè nan li-minm minm pou gason ki sélibatè oubiyin ki marié. Konsa yo vlé insisté montré kijan sèvis-la sé yon karaktéristik l'Égliz-la, épitou tankou nan l'Égliz prémié tan-yo, yo vlé mété bò koté évèk-yo yon lòd, yon group moun ki gin fonksion édé yo pou réalisé travay pastoral épi sosial nan l'Égliz-la. Òdinasion diakonal-la mété yon so tou, yon mak, yon karaktè sakramantèl yo pa kapab éfasé pou tout longè tan lavi moun-nan. ↵ 140

256 *Kilès ki kapab résévoua sakréman lòd-la ?*

**Sé sèlman yon gason ki batizé, ki katolik épi l'Egliz-la rélél-l pou responsabilité sa-a, ki kapab résévoua òdinasion validman kòm diak\*, prèt épi évèk.** [1577-1578]

257 *Èské sé pa yon diskriminasion sa yé aléga médam-yo pou sé gason-yo sèlman ki kapab résévoua sakréman lòd-la ?*

**Sa pa dévalorisé médam-yo si sé gason-yo sèlman ki kapab òdoné. Dévan Bondié, gason-an ak fi-a gin minm dignité, min yo gin responsabilité ak karism diféran. L'Égliz-la kinbé fason sa-a paské lè li t-ap établi sasèrdòs-la nan dènié Soupé-a, sé gason sèlman Jézu té chouazi, eksklizivman. Pap Jan-Pòl II té dékläré an 1994 « l'Égliz-la pa gin pouvoua òdoné médam-yo épi tout fidèl l'Égliz-la doué kinbé sa konsa définitivman dapré dékrè-a ».**

Nan périòd Antikité-a, pa gin pèsonn ki té bay médam-yo valè pasé Jézu (épi alépòk sé té pratikman yon provokasion), li té zanmi yo épi li té protéjé yo. Gin médam ki t-ap suiv Jézu épi Jézu té aprésié lafoua yo anpil. Prémié témouin Réziréksion-an té yon fi, Mari-Madlèn. Sé poutèt sa yo di li sé « Apot apot-yo » (oubyin « yon fi-apot pamí apot-yo »). Poutan òdinasion sasèrdotal-la épi résponsabilité pastoral-la sé toujou gason yo té transmèt-yo. Sé gason ki té répräsenté Jézu kòm prêt nan asanblé l'Égliz-la. Sasèrdòs-la sé yon ministè spésial ki mandé gason-an joué ròl maskilin li ginyin nan patènitè-a. Sa pa gin okinn rapò ak yon sipériorité gason sou fi. Médam-yo gin yon ròl nan l'Égliz-la jan nou ouè sa nan la Sint Vièj Mari, yon ròl ki pa mouins santral pasé pa mésié-yo, sé yon ròl féminin. Èv té tounin manman tout vivan-yo (Jén 3,20). Kòm « manman tout vivan-yo », médam-yo gin don ak kapasité spésial. San fason patikilié yo ginyin pou yo anségné, évanjélizé, viv charité-a, spiritualité-a ak pastoral-la, sé kòmsi l'Égliz-la t-a « manqué yon bra ». Lè moun-yo nan l'Égliz-la sèvi ak ministè prêt-la kòm yon instriman pouvoua, oubyin lè médam-yo pa fè l'Égliz-la profité nan karism\* yo ginyin-yo, yo fè rinmin-an afron ni l'Espri-Sin Jézu-a. ↵ 64

258     *Pou kisa l'Égliz-la mandé prêt-yo ak Évêk-yo viv nan séliba-a ?*  
 Jézu té viv kòm sélibaté épi sé konsa li té vlé montré rinmin san pataj li té ginyin pou Bondié Papa-a. Dépi nan épòk Jézu-a, suiv minm mòd lavi ak li épi viv nan chasteté\* séliba-a poutèt Péyi-roua sièl-yo (Mt 19,12), sé yon sign rinmin, sign nou bay Granmèt-la tout nou-minm san pataj épi nou disponib totalman pou sèvi lòt-yo. L'Égliz katolik romèn-nan mandé Évêk\* li-yo ak prêt li-yo pou yo viv konsa ; Égliz oriental-yo mandé sa sèlman pou Évêk\* li-yo. [1579-1580, 1599]

Jan Pap Benoua XVI di-a, séliba-a pa vlé di « moun-nan pa gin okinn kapasité rinmin nan li, okontrè, li doué vlé di nou kité yon rinmin pasioné pou Bondié pran nou ». Gras a séliba-a, yon prêt doué montré fékondité lavi-li paské l-ap fè patènité Bondié-a ak pa Jézu-a vîn prézan. Pap-la di nou ankò : « Kris-la békouin prêt ki gin matirité ak kouray, ki kapab égzèsé yon véritab patènité spirituel ». ↵

259     *Nan kisa sasèrdòs komin fidèl-yo diféran parapò a sasèrdòs ministérièl-la ?*

**Gras a batèm-nan, Kris-la fè nou tounin yon Péyi-roua prêt pou Bondié ak Papa-li (Ap 1,6).** Gras a sasèrdòs komin-an, yo rélé chak krétyin pou-l aji sou tè-a nan non Bondié, pou-l transmèt gras ak bénédikcion\*. Nan dènié Soupé-a ak lè li t-ap voyé Apot\*-yo an

**mision, Kris-la té bay kèk nan yo yon otorité sakramantèl pou sèvi fidèl-yo ; prêt konsakré sa-yo réprésanté Kris-la, kòm pastè pèp li-a alatèt Kò-li, l'Égliz-la. [1546-1553, 1592]**

Sé minm mo « prêt »-la, min li gin dé sans diféran ki gin rapò youn ak lòt, sa kapab kréyé konfizion. An réalité « sé pa yon diférans dégré sèlman ki ginyin ant yo, min yon diférans nati » (Konsil Vatikan II, *Lumen Gentium*). Sé pou nou t-a toujou kontan lè nou sonjé tout batizéyo sé prêt, paské y-ap viv nan Jézu-Kri épi yo asosié nan sa-l yé ak nan sa l-ap fè-a. Poukisa nou pa toujou priyé pou bénédiksion\* désann sou tè-a ? Épitou, sé pou nou dékouvri pi byin kado Bondié bay l'Égliz li-a nan prêt yo òdoné-yo, ki manifésté prezans Granmèt-la nan mitan nou.

→ 138

### Sakréman mariaj-la

260     *Poukisa Bondié kréyé gason-an ak fi-a youn pou lòt ?*

**Bondié kréyé gason-an ak fi-a youn pou lòt, pou yo pa dé ankò, min yon sèl chè (Mt 18,6) : konsa yo doué viv nan rinmin, yo doué gin fékondité épi tounin témouin Bondié ki rinmin nou ak yon rinmin san limit. [1601-1605] → 64, 400, 417**

261     *Kòman mariaj-la fè tounin yon sakréman ?*

**Sakréman mariaj-la réalisé gras a yon promès mésié-a ak madanmn nan fè youn lòt dévan Bondié ak dévan l'Égliz-la. Konsantman sa-a ki réalisé nèt nan inion kò dé épou-yo, Bondié akéyi-l épi li mété so-l pou-l ratifié-l. Rélasison mariaj-la kòm sakréman angajé dé épou-yo jouskaské yo mouri, paské sé Bondié li-minm ki maré yo ansanm. [1625-1631]**

Sakréman mariaj-la sé fi-a ak gason-an ki fè youn lòt kado pròp tèt-yo. Prèt-la oubyin diak\*-la la onon l'Égliz-la : yo fè konprann yon fason vizib kijan mariaj-la sé yon réalité l'Égliz-la épi yo rélé bénédiksion\* Bondié sou épou-yo. Mariaj-la pa kapab fèt si pa gin yon *konsantman matrimonial*, sa vlé di sé pou épou-yo vlé mariaj-la an tout libèté, san yo pa fè yo ménas, san yo pa fòsé yo, épitou pa doué gin okinn anpèchman pou inion yo-a poutèt lòt aspè ségondè sou plan natirèl oubyin sou plan disiplin l'Égliz-la (parégnanp si yo marié ak yon lòt moun anvan, oubyin si yo té pran angajman vé-yo nan séliba-a).

261 *Kisa ki nésésè pou sakréman mariaj-la ?*

**Gin toua éléman ki nésésè pou sakréman mariaj-la :** 1. Pou yo di « oui » an tout libété. 2. Pou yo angajé yo youn ak lòt nan yon rélasion éksklizif pou tout lavi-yo. 3. Pou yo dispozé akéyi timoun k-ap fèt-yo. Min sa-k pi inpòtan nan mariaj krétyin-an sé pou épou-yo konnin yo sé pòtré vivan rinmin Kris-la pou l'Égliz li-a. [1644-1654, 1664]

Égzijans don total, éksklizif épi indisolubilité mariaj-la kontrè ak poligami\*-an. Krétyin-yo konsidéré poligami-an kòm yon fot grav aléga vérité rinmin-an ak doua moun-yo ginyin. Égzijans sa-a kontrè tou ak sa yo t-a kapab rélé « yon poligami alafil » sètadi yon séri rélasion youn apré lòt koté moun-nan réfizé angajé-l nan yon gran oui définitif. Égzijans fidélité-a nan mariaj-la vlé di moun-yo an rélasion youn ak lòt pou tout lavi épi yo mété tout lòt rélasion andéyò mariaj-la akoté. Égzijans rété ouvri pou fékondité-a vlé di épou krétyin-yo dispozé akéyi timoun Bondié vlé ba yo-a. Épou ki pa gin timoun-yo, Bondié invité yo viv yon lòt fòm « fékondité ». Si nan moman sélébrasion-an moun k-ap marié-yo réfizé youn nan éléman sa-yo, pap gin mariaj.

263 *Poukisa mariaj-la indisolub (li pa kapab défèt) ?*

**Mariaj-la indisolub (yo pa kapab défèt li) pou toua rézon.** Toudabò paské bay youn lòt pròp tèt yo san rézèv, sé sa rinmin-an yé nan liminm minm. Apré sa, paské li fèt pou-l sanblé ak fidélité Bondié parapò a Kréasion-an. Épitou li indisolub paské li sé sign rinmin Kris-la ki bay pròp tèt-li pou l'Égliz-la jous li mouri sou koua-a. [1605, 1612-1617, 1661]

Nan tan alèkilé-yo koté environ 50% moun ki marié-yo ap séparé, divòsé, tout mariaj ki diré sé yon gran sign, finalman sé yon sign Bondié. Sou tè sa-a jodi-a koté gin tèlman bagay ki *rélatif*, fòk gin moun ki kouè Bondié sé sèl *absolu*. Sé sa-k fè tout sa-k pa *rélatif* gin anpil inpòtans, tankou lè yon moun di vérité *nèt alé (absoluman)*, oubyin lè li *fidèl nèt alé (absoluman)*. Rétè fidèl *nèt alé-a (absoluman)* nan mariaj-la pa sèlman témougnè yon kapasité moun-nan ginyin, min pi plis toujou li témougnè jan Bondié fidèl, li toujou la, minm lè nou trayi-l nan diféran fason épi nou blyié-l. Marié l'Égliz vlé di nou gin plis konfians nan sekou Bondié ap ba nou-an pasé nan pròp kapasité nou ginyin kòm moun.

264 *Kisa k-ap ménasé mariaj-la ?*

**Sa k-ap ménasé épou-yo tout bon vré nan mariaj-la, sé péché-a ; sa ki réfè yo sé padon-an ; sa ki ba yo fòs sé priyè-a ak konfians nan prezans Bondié-a. [1606-1608]**

Problèm ant gason ak fi, ki kapab rivé gin dé lè tous nan rayi youn lòt, an patikilié nan rélasion épou-yo, sa pa vlé di dé sèks diféran sa-yo pa fèt pou viv ansanm ; pa gin okinn dispozision jénétik non plis ki minnin nan infidélité-a, ni non plis yon difikilté psikolojik ki t-a anpéché moun rété ansanm pou tout lavi yo. An réalité youn nan bagay k-ap ménasé anpil épou nan mariaj-la sé dialogé yo pa dialogé ansanm épi atansion youn pa fè atansion a lòt-la. Mété sou sa problèm économik épi sosial-yo. Min prémié ròl-la sé réalité péché-a ki joué-l : jalouzi, dominasion, agrésivité, mové anvi, infidélité épi lòt bagay k-ap détoui rélasion-an. Sé poutèt sa li nésésè pou épou-yo aprann padoné épi rékonsilié antan yo résévou sakréman rékonsiliation-an tou.

265 *Èské sé tout moun ki gin vokasion pou yo marié ?*

**Sé pa tout moun ki gin vokasion pou yo marié. Moun ki sélibatè tou kapab viv an plin antan yo dévelopé tout yo-minm. Gin kèk nan yo, Jézu montré yon chémin patikilié ; li invitè yo viv sélibatè poutèt Péyi-roua Bondié-a. [1618-1620]**

Anpil moun ki sélibatè ap soufri poutèt yo pou kont yo, épi yo santi sa sé yon mank oubyin yon dézavantaj. Moun ki pa gin responsabilité yon épou oubyin yon fanmi, gin avantaj pou-l joui libèté mouvman-l épi pou-l indépendan. Li gin tan pou-l fè anpil bagay ki intéresan épi inpòtan li pa t-ap kapab fè, pétèt, si-l té marié. Bondié kapab mandé-l pou-l okipé moun tout lòt moun-yo abandoné. Anpil foua Bondié mandé moun sa-yo pou yo viv toupré-l. Sé lè nou santi anvi sa-a anndan nou pou nou rénonsé a mariaj-la « poutèt Péyi-roua Bondié-a ». Pou yon krétyin, vokasion sa-a pa janm vlé di méprisé mariaj-la oubyin lavi séksuèl-la. Yo pa kapab viv séliba volontè-a si sé pa *nan* rinmin-an épi *poutèt* rinmin-an, tankou yon sign ki byin montré Bondié pi inpòtan pasé tout bagay. Moun ki sélibatè-a rénonsé a rélasion séksuèl-la, min li pa rénonsé rinmin ; ak tout élan kè-li, l-ap maché al rankontré Kris-la, épou k-ap vini-an (Mt 25,6).

266 *Kòman yo sélébré mariaj krétyin-an ?*

**Dapré règléman-yo, yo doué sélébré yon mariaj an biblik. Prèt-la oubyin diak\*-la pozé moun k-ap marié-yo késion osijè angajman yo-a. Moun k-ap marié-yo dékläré bay youn lòt : « Mouin promèt ou**

pou-m rété fidèl avèk ou nan bon ak nan mové moman, nan lasanté ak nan maladi, pou-m rinmin-ou touléjou lavi-m ». Épi yo chak ajouté : « Mouin ba ou tout mouin minm épi mouin vlé rinmin-ou fidèlman pandan tout lavi-nou ». Épi sélébran-an béni aliens-la, sa épou yo bay youn lòt apré-a. Apré sa, sélébran-an atésté épou-yo fè youn nan rélation mariaj-la épi li ba yo bénédikson nouvo épou-yo. [1621-1624, 1663]

Dapré rituel romin-an, pou sélébrasion mariaj-la, sélébran-an pozé moun k-ap marié-yo késion osijè libété yo, fidélité yo, akèy ak édikasian timoun-yo. Yo chak réponn séparéman. Sélébran-an: Nou pral angajé youn ak lòt nan mariaj-la, èské sé san yo pa fósé nou, èské sé ak tout libété-nou épi sé ak tout kè-nou nou vini la-a pou nou marié? Fiansé-yo (séparéman): Oui. Sélébran-an: Antan nou suiv rout mariaj-la, èské nou désidé pou nou rinmin épi réspekté youn lòt pandan tout tan lavi-nou? Fiansé-yo (séparéman): Oui (pou tout lavi-nou). Sélébran-an: Èské nou désidé résévoua pitit Bondié ap ba nou-yo ak rinmin épi fè édikasian yo dapré laloua Kris-la ak laloua l'Égliz li-a? Fiansé-yo (séparéman): Oui (nou désidé).

267     *Sa pou-n fè nan ka yon mariaj ant yon katolik épi yon krétyin ki pa katolik ?*

Pou mariaj-la kapab lisit, yo doué mandé otorité ékléziastik-la yon pémision eksplisit. Pou yon mariaj « mikst » fòk toulèdé fidèl tout bon nan rélation yo ak Kris-la yon fason pou skandal divizion-an ki la toujou pami krétyin-yo pa vîn gin konsékans grav nan ti sélil fanmi-an, épi pou-l pa minnin toulèdé viré do bay pratik rélijion-an. [1633-1637]

268     *Èské yon krétyin katolik kapab marié ak yon moun ki nan yon lòt rélijion (yon moun ki pa krétyin ditou) ?*

Marié ak yon moun ki pratiké yon lòt rélijion\*, ki pa krétyin ditou, kapab difisil pou yon fidèl katolik, pou sa ki konsèné pròp lavi lafoua-li épi lafoua timoun k-ap fêt-yo. Poutèt responsabilité li ginyin parapò a fidèl-yo, l'Égliz katolik-la établi sa-k kapab anpéché mariaj-la fèt nan ka yo rélé « disparité de culte » (rélijion ki pa minm ditou). Pou yon mariaj konsa kapab valid, l'Égliz-la vlé pou yo mandé dispans\* anpéchman sa-a ekspréséman. Paské mariaj sa-a pa sakramantèl. [1633-1637]

269 Èské dé moun ki marié ki pa kapab antann yo gin doua séparé ?

L'Égliz-la gin anpil réspè pou kapasité moun-nan ginyin pou-l kinbé yon promès épi pou-l fè yon aliens nan fidélité pandan tout tan lavi-li. L'Égliz-la konnin tou chak rélasion mariaj kapab travèsé kèk kriz. Dialogé, priyé ansanm, épitou gin dé lè yon akonpagnman psikolojik kapab édé yo soti nan yon kriz. Min sa k-ap toujou révéyé souf espérans-la, sé lè yo sonjé nan sakréman mariaj-la gin yon touazièm pèrsòn ki toujou prézan nan aliens-la, sé Kris-la. Malgrétou, si mariaj-la vîn insipòtab pou youn nan moun ki mariéyo, si gin danjé pou-l sibi violans fizik oubiyin moral, li kapab séparé ak konjouin-an. Yo rélé sa yon « séparation de corps » (yo pap viv ansanm ankò kòm mari ak madanm) épi l'Égliz-la doué okouran sa. Minm nan ka koté yo pa t-a kontinié viv nan minm kay-la ankò, mariaj-la toujou la épi li valid. [1629, 1649]

Gin kèk ka koté kriz-la ant moun ki marié-yo soti nan kapasité youn nan yo pa-t ankò ginyin lè yo té marié-a oubiyin konsantman yo té bay-la pat total. Lè sa-a mariaj-la pa valid sou plan jiridik. Nan ka sa-yo li posib pou yo fè yon démann nan tribunal ékléziastik kila pou sa pou fè rékonèt mariaj-la pa-t valid. ↵ 424

270 Ki pozision l'Égliz-la aléga moun divosé ki rémarié sivilman-yo ?

L'Égliz-la akéyi yo dapré sa Jézu té aprann nou sou rinmin-an. Moun ki divosé apré li fin marié l'Égliz, épi, pandan lòt épou-a vivan toujou, l-al fè yon kontra sivil, konpòtman-l nan kontrédi kòmandman Jézu té bay sou indisolubilité mariaj-la, kòmandman l'Égliz-la pa kapab aboli. Pa kinbé promès fidélité-a sé viv an kontradikcion ak Ékaristi\*-a koté l'Égliz-la sélébré présizéman karaktè inkondisionèl rinmin Bondié-a. Sé poutèt sa moun k-ap viv nan sitiasion sa-a ki tèlman kontradiktoua-a pa kapab résévoua kominion\*-an. [1665, 2384]

Pap Benoua XVI di konkrètman pa gin mouayin pou trété tout ka-yo minm jan-an. Li palé osijè yon « sitiasion ki fè mal » épi li invitè pastè-yo pou yo byin fè disènman diféran sitiasion-yo pou rivé édé fidèl ki nan ka sa-yo spirituèlman nan fason ki pi adapté-a (*Sacramentum Caritatis*, 29), ↵ 424

271 Sa sa vlé di lè yo di fanmi-an sé yon « ti légliz » ?

**Sa l'Égliz-la yé sou yon gran échèl, sé sa fanmi-an yé an pi piti : yon imaj rinmin Bondié-a nan kominoté moun-yo. Tout mariaj réalisé nan ouvri kè bay lòt-yo, bay timoun Bondié ban nou-yo, nan akéyi youn lòt, nan konn résévoua lòt moun lakay-nou, nan viv osèvis lòt-yo. [1655-1657]**

Youn nan bagay ki té pi atiré moun ki té vlé suiv « nouvo chémin-an » lakay krétyin-yo nan prémié tan l'Égliz-la, sé té « légliz nan kay-la » (« église domestique » = kay koté tout moun nan fanmi-an kouè nan Jézu-Kri = « ti fouayé l'Égliz »). Anpil foua yon moun té konn rivé épi li té vîn kouè nan Granmèt-la ak tout kay li-a épi anpil nan krétyin-yo ki tandé-l, yo té kouè épi yo té batizé (Tr 18,8). Lè sa-a fanmi ki konvèti-yo té tounin yon fouayé lavi krétyin nan mitan yon sosiété ki pa kouè, yo té tounin éspas priyè, pataj épi yo té résévoua youn lòt ak tout kè. Ròm, Korint, Antiôch, tout gran vil nan Antikité-a vîn plin byin vit ak « ti fouayé l'Égliz », ki té tankou fouayé limiè. Jodi-a tou, fanmi koté Kris-la lakay-li t-a kapab tounin yon lévin k-ap rénouvlé sosiété nou-an. ↵ 368

### KATRIYÈM CHAPIT Lòt sélebrasion litijik-yo

272 Kisa sakramantèl yo yé ?

**Sakramantèl-yo sé sign sakré oubuin jès dévotion k-ap transmèt bénédikcion l'Égliz-la. [1667-1672, 1677-1678]**

Dlo bénit, bénédikcion klòch oubuin òg, bénédikcion kay oubuin machîn, koua Vandrédi Sin-an, ramo-yo, sièrj paskal-la, épi bénédikcion lè gin pélérinaj, sé kèk nan sakramantèl-yo.

273 Èské l'Égliz-la fè égzòsim ?

**Chak foua l-ap fè batèm, l'Égliz-la fè sa yo rélé « ti égzòsim\*-nan », sétadi priyè pou ralé batizé-a sot anba pouvoua malin-an (djab-la) épi fè-l vîn pi fò pou lité kont puisans mal-la, sa Jézu déjà ranpôté viktoua sou yo-a. Gran égzòsim-nan sé yon priyè yo fè pa pouvoua otorité spirituèl Jézu bay l'Égliz-la, ki fè yo ralé yon krétyin batizé sot anba infliyans ak puisans malin-an. Sé kèk foua yo fè-l épi apré yo fin byin égzaminé ka-a avèk prudans. [1673]**

Égzòsim yo ouè nan film Hollywood (Oliroud)-yo pa gin anyin pou ouè ak égzòsim Jézu-yo oubuin sa l'Égliz-la fè-yo. Évanjil-la rakonté anpil

foua Jézu té chasé démon-yo. Li té gin otorité sou puisans mal-la épi li té kapab délivré sa-k té posédé-yo. Li bay Apot\* li-yo pouvoua sou espri pa-pròp-yo, pou yo chasé yo, épi pou yo géri tout kalité maladi, ak tout kalité féblès (Mt 10,1). L'Égliz-la pa fè anyin dòt, lè yon prèt\* ki résévoua otorité pou sa, di priyè égzòsism-nan sou yon moun ki mandé sa. Yon égzamin yo fè anvan doué prouvé sé pa yon ka maladi mantal (nan ka sa-a sé yon psikiat ki pou okipé késion-an). Objéktif égzòsism-nan sé délivré yon moun anba yon sitiasion ki rann li fèb mantalmán épi sé délivré-l anba chinn malin-an. → 90-91

274 *Ki inpòtans « dévotion » yo rélé « dévotion popilè-yo » ginyin ?*

**Dévotion popilè-a parèt nan vénération rélik\*-yo, nan prosésion-yo, pélérinaj-yo, etc.** Li fè ouè yon aspè inpòtan nan inkiltirasion lafoua-a. Sé yon bon bagay li yé si-l minnin moun-yo viv dapré l'Égliz-la, si-l kondui yo al jouinn Kris-la épi sé pa chèchè y-ap chèchè achté sièl-la ak sa y-ap fè-a plis pasé ak lafoua nan gras Bondié-a. [1674-1676]

275 *Èské nou kapab vénéré rélik-yo ?*

**Vénéré rélik\*-yo fè pati békouin moun-yo ginyin natirèlman pou yo montré respè épi rinmin yo ginyin pou sin-yo.** Vénération sa-a konvnab si lè yo konsidéré rinmèt sin-yo té rinmèt lavi yo bay Bondié-a, yo fè louanj pou sa Bondié li-minm réalisé nan yo. [1674]

276 *Ki sans pélérinaj-yo ginyin ?*

**Moun ki fè yon pélérinaj sé kòmsi l-ap « priyé » avèk pié-l épi sé ak tout kò-l, tout sink sans li-yo li pran konsians tout lavi-li sé yon chémin k-ap minnin al jouinn Bondié.** [1674]

Déja nan Ansyin Téstaman\*-an, pèp Israèl-la té konn al an pélérinaj nan Tanp Jérusalèm-nan. Krétyin-yo reprann tradision sa-a. Konsa, sitou nan tan yo rélé Mouayin-Aj-la, gin tout kalité pélérinaj yo té konn òganisé pou al nan Tè Sint-la, Jérusalèm, épi Ròm sou tonb Apot-yo épi Sin Jak nan Konpostèl (Espagn). Yo té fè sa pou diféran rézon, an jénéral sé té pou fè pénitans, min pafoua té gin fo-lidé nan tèt moun-yo kòmsi mòtifié y-ap mòtifié tèt yo nan aksion sa-yo t-a fè yo vîn kòrèk otomatikman dévan Bondié. Jodi-a vîn gin gou pou pélérinaj-yo tout bon. Anpil fi ak gason ap chèchè lapè ak fòs yo jouinn nan koté ki sin-yo. Yo bouké viv nan izòlman, yo vlé soti nan routin lavi chak jou-a, yo vlé libéré-yo anba sa yo posédé yo pa békouin, épi yo vlé maché al jouinn Bondié.

277 *Kisa yon chémin-d-koua yé ?*

**Suiv Jézu k-ap poté koua-l la jous sou mòn Kalvè-a, antan n-ap kontanplé-l épi n-ap priyé-l atravè katòz stasion-yo, sé yon fòm priyè ki la lontan anpil nan l'Égliz-la, yo fè-l sitou nan tan Karèm épi Sémèn Sint. [1674-1675]**

Min katòz stasion chémin-d-koua-a :

1. Yo kondané Jézu a-mò
2. Yo mété koua-a sou do Jézu.
3. Jézu tonbé yon prémié foua.
4. Jézu rankontré Manman-l.
5. Simon Sirénéyin-an édé Jézu poté koua-a.
6. Véronik suiyé figi Jézu.
7. Jézu tonbé yon dézièm foua.
8. Jézu rankontré médam Jéruzalèm-yo.
9. Jézu tonbé yon touazièm foua.
10. Yo rétiré rad Jézu sou li.
11. Yo klouré Jézu sou koua-a.
12. Jézu mouri sou koua-a.
13. Yo désann Jézu sot sou koua-a.
14. Yo antéré Jézu.

278 *Ki karaktéristik finéray krétyin-yo ginyin ?*

**Finéray krétyin-an sé yon jès charité kominoté krétyin-an fè pou manb-li ki mouri-yo. Yo éksprimé chagrin fanmi-an poutèt défin-an, min yo doué toujou montré lafoua nan réziréksion-an ki fè nou ouè lanmò krétyin-an gin yon karaktè paskal, sé yon pasaj li yé. Nou mouri nan Jézu-Kri pou nou kapab fété avèk li nan Réziréksion-an. [1686-1690]**



## TOUAZIÈM PATI

# Viv jan Kris-la vlé-a

Vokasion nou sou tè-a, sa nou vlé fè-a, épi kòman l'Éspri-Sin-an ap  
édé nou fè-l

| Dignité moun-nan kòm moun

| Kominoté moun-yo – Sosiété-a

| L'Égliz-la

| Dis kòmandman-yo

| Sé pou rinmin Granmèt-la Bondié ou ak tout kè-ou, ak tout nanm  
ou ak tout fòs ou

| Sé pou rinmin prochin-ou minm jan ak tèt pa-ou

**TOUAZIÈM PATI**  
**Viv jan Kris-la vlé-a**

**PRÉMIÉ SÉKSION**

**Vokasion nou sou tè-a, sa nou vlé fè-a, épi kòman l'Éspri-Sin-an ap  
édé nou fè-l**

279 *Pou kisa nou bészouin lafou-a ak sakréman-yo pou nou kapab minnin yon lavi ki bon épi ki kòrèk sou tè-a ?*

**Si sé sou pròp tèt-nou, sou pròp fòs-nou sèlman pou nou t-a konté, nou pa t-ap rivé louin, malgré tout éfò n-ap fè pou nou bon. Gras a lafoua nou-an, nou dékouvri nou sé pítit Bondié épi Bondié ap ban nou fòs. Fòs sa-a Bondié ba nou-an, nou rélé-l « gras ». Sé yon fason byin spésial, atravè sign « sakré » nou rélé « sakréman »-yo, Bondié ba nou kapasité rivé fè byin nou doué fè-a tout bon vré.** [1691-1695]

Paské Bondié ouè mizè nou, *li délivré nou sot anba pouvoua fènoua-a* gras a Pítit li-a (Kol 1,13). Li ba nou possibilité pou yon rékòmansman antan nou fè youn ak li, épi pou nou avansé sou chémin rinmin-an. ↵ 172-178

**PRÉMIÉ CHAPIT**  
**Dignité moun-nan kòm moun**

280 *Kisa-k fondman dignité moun-nan dapré krétyin-yo ?*

**Tout moun, dépi-l parèt nan vant manman-l, gin yon dignité ki pa kapab disparèt, paské sé dépi tout étènité Bondié vlé li égzisté, rinmin-l, kréyé-l, épi déstiné-l pou kontantman pou tout tan-an, bonè étènèl-la.** [1699-1715]

Si sé sèlman an fonksion sa-l réyisi fè, ak konpétans li ginyin pou yo t-a bay yon moun valè, lè sa-a, sa-k fèb-yo, malad-yo, maléré-yo pa t-a gin okinn valè ni mérité okinn respè. Krétyin-yo kouè sé nan Bondié dignité moun-nan soti : chak moun gin valè pou li épi li rinmin-l kòmsi sé moun sa-a sèl ki t-a égzisté sou tè-a. Yon ti bébé gin yon dignité infini paské Bondié gin konsidération ak respè pou li épi pèsonn pa gin doua détoui dignité sa-a nan li. ↵ 56-65

281 *Pou kisa nou souaf kontantman san fin-an, bonè étènèl-la ?*

Bondié mété yon souaf lavi an plin nan nou ki sitèlman gran, pa gin anyin dòt ki kapab satisfè-n sof Bondié li-minm. Tout satisfaksion nou jouinn sou tè-a sé sèlman yon avangou yo yé parapò a kontantman san fin-an, bonè étènèl-la. Nou doué alé pi louin pasé satisfaksion sa-yo pou nou éséyé rivé jouinn Bondié. [1718-1719, 1725] ↵ 1-3

282 *Èské Liv ki sin-yo montré nou chémin k-ap minnin nan kontantman tout bon-an ?*

Nou rivé jouinn kontantman tout bon-an lè nou fè Jézu konfians nan paròl li té di nan « Béatitud »-yo. [1716-1717]

Bòn Nouvèl-la sé yon promès kontantman tout bon pou tout moun ki vlé suiv chémin Bondié trasé-yo. Nan « Béatitud »-yo sitou (Mt 5,3-12), Jézu montré konkrètman gin yon bénédiksion\* pou tout tan pou moun k-ap suiv fason li té viv-la épi k-ap chèché lapè ak yon kè pròp ki sinsè.

283 *Kisa « Béatitud »-yo di ?*

**Ala kontantman pou pòv-yo dapré espri-a,  
paské sé pou yo péyi-roua sièl-yo yé.**

**Ala kontantman pou sa ki nan lapinn-yo,  
paské yo minnm y-ap jouinn konsolasion.**

**Ala kontantman pou sa ki dou-yo, paské yo minnm y-ap éritié tè-a.**

**Ala kontantman pou sa ki grangou, ki souaf jistis-la,  
paské yo minnm y-ap jouinn satisfaksion.**

**Ala kontantman pou sa ki konn pran pitié-yo,  
paské yo minnm y-ap pran pitié pou yo.**

**Ala kontantman pou sa ki pròp nan kè yo, paské yo minnm y-ap ouè Bondié.**

**Ala kontantman pou sa k-ap travay pou lapè-yo,  
paské yo minnm y-ap rélé yo pitit Bondié.**

**Ala kontantman pou sa y-ap pèsékité poutèt jistis-la,  
paské sé pou yo péyi-roua sièl-yo yé.**

**Ala kontantman pou nou si y-ap manké nou déga, épi y-ap pèsékité nou, épi y-ap di tout mové bagay kont nou antan y-ap fè manti, poutèt mouin, fè kè nou kontan épi réjoui, paské rékonpans nou anpil nan sièl-yo ; konsa réyèlman yo té pèsékité profèt-yo anvan nou. (Mt 5,3-12)**

284 *Poukisa « Béatitud »-yo inpòtan konsa ?*

**Moun ki souaf lavi an plin péyi-roua sièl-la, sé pou-l chèché konnin lis priorité Jézu-yo, sa ki pi inpòtan, ki vini an prémié pou li : sé sa « Béatitud »-yo yé. [1716-1717, 1725-1726]**

Dépi Abraam, Bondié té fè pèp li-a promès. Jézu fè sa li-minm tou, li bay promès sa-yo yon valè étènèl épi li fè yo tounin program pa-l : Pitit Bondié-a té fè-l pòv pou-l patajé povrté nou, li té kontan ak sa-k nan kè kontan-yo, li té kriyé ak sa-k t-ap kriyé-yo (Rm 12,16) ; li pa sèvi ak violans, okontrè li pa rézisté méchan-an, sé sa sa vlé di bay lòt bò figi-a (Mt 5,39) ; li té gin mizérikòd, li mété lapè épi konsa li montré chémin asiré ki minnin nan sièl-la.

285 *Kisa bonè étènèl-la yé ? Kontantman pou tout tan-an ?*

**Bonè étènèl-la, kontantman pou tout tan-an, sé ouè Bondié épi patisipé nan kontantman-l nan. [1720-1724, 1729]**

Nan Bondié, Papa-a, Pitit-la ak l'Éspri-Sin-an, sé lavi, lajoua, kominion san fin. Patisipé nan lavi sa-a pou nou mimn moun sé yon kontantman nou pa kapab imajiné épi ki pap janm fini. Kontantman sa-a sé sèlman yon kado gras Bondié-a li kapab yé, paské nou mimn, nou pa kapab bay pròp tèt-nou li, ni kapté imansité grandè-li. Bondié vlé pou dépi nan lavi-nou sou tè-a nou chouazi kontantman total-la. Bondié ba nou libèté pou nou chouazi-l, pou nou rinmin-l anro tout bagay, pou nou fè byin épi ak tout fòs nou pou nou évité fè mal. ↵ 52, 156-158

286 *Kisa libèté-a yé, épi pou kisa gin libèté-a ?*

**Libèté-a sé yon kado Bondié ba nou ki pèmèt nou désidé pèsonèlman sa nou vlé fè. Libèté-a sé kontrè détèminism-nan. [1730-1733, 1743-1744]**

Bondié kréyé nou kòm moun lib épi li vlé libèté nou-an, yon fason pou sé ak tout kè nou nou chouazi byin-an, « byin » nan pi ro dégré-a – donk Bondié. Plis nou fè sa-k byin, plis nou vîn lib. ↵ 51

287 *Èské pou moun-nan « lib » sé pa t-a présizéman nan kapasité pou-l t-a chouazi mal-la ?*

**Sé sèlman an aparans mal-la sanblé yon bagay pou-n t-a anvi, épi chouazi mal-la sé sèlman an aparans li rann nou lib. Mal-la pa ba nou kontantman tout bon-an, li anpéché nou jouinn vrè byin-an ; li maré nou ak sa-k pa anyin-an épi alafin li détoui tout libèté nou. [1730-1733, 1743-1744]**

Nou konstaté sa nan tout fòm dépendans-yo : moun-nan vann libété-li bay kichòy ki sanblé bon pou li. An réalité, li vîn ésklav. Sé lè nou kapab chouazi byin-an tout tan nou vîn pi lib ; lè nou pa gin okinn dépendans, okinn kontrint, okinn abitud ki anpéché-n chouazi épi fè sa-k kòrèk ak sa-k bon. Désidé chouazi byin-an, sé toujou désidé an favè Bondié. ↵ 51

**288      Èské moun-nan responsab tout sa-l fè ?**

**Moun-nan responsab tout sa-l fè nan mézi li aji konsiamman, libréman épi volontèman. [1734-1737, 1745-1746]**

Li pa posib pou fè yon moun poté tout responsabilité sa-l fè si-l té aji paské yo fôsé-l, paské-l té pè, oubuin paské-l pa-t konnin antan-l té anba infliyans yon dròg oubuin poutèt mové abitud-li ki dominé-l nèt. Plis nou konnin sa ki byin-an, plis nou éseyé fè-l, plis nou fè bak parapò a ésklavaj péché-a (Rm 6,17 ; 1Kor 7,22). Sa Bondié vlé sé pou moun-yo ki lib santi yo responsab pròp tèt-yo, anvirònman-an ak moun ki bò koté-yo épi tout tè-a. Min tou, tout mizérikòd rinmin Bondié-a sé pou moun ki maré anba yon adiksion ak yon dépendans ; chak jou l-ap invité yo libéré pròp tèt-yo épi maché nan diréksion libété-a.

**289      Èské yo doué kité moun-nan sèvi ak libété-l minm si-l chouazi mal-la ?**

**Sèvi ak libété-l sé yon doua fondamantal moun-nan ginyin ki bazé sou dignité-l kòm moun. Yo pa kapab siprimé oubuin diminié libète nou chak nou ginyin-an sof lè n-ap sèvi ak li pou nou nui libète lòt moun-yo. [1738, 1740]**

Libété-a pa t-ap libété si-l pa-t gin nan li possibilité pou chouazi sa-k fo, ki mantí. Si yo pa réspékté libété yon moun, sé yon afron, yon mank déga yo fè dignité-l ginyin kòm moun-nan. Youn nan dévoua léta ginyin ki pi inpòtan, sé garanti doua tout sitouayin-yo ginyin pou yo viv nan libété (libété rélijion, rasanbléman, réyinion, libété paròl, libété pou travay, etc.). Libété yon moun fini koté libété lòt moun-nan kòmansé. Poutan réspékté lòt-la sa vlé di aji ak rinmin, prudans, pasians aléga moun ki tronpé-yo épi fè yo konnin vérité Kris-la nan mézi sa kapab fèt.

**290      Kòman Bondié édé nou vîn tounin moun k-ap viv an libété ?**

**Kris-la vlé pou nou lib tout bon vré (Ga 5,1), épi pou nou kapab rinmin youn lòt tankou frè ak sè. Sé poutèt sa li ba nou l'Ésprit-Sinan ki rann nou lib épi ki délivré nou anba puisans ki sou tè-a épi ki**

**ba nou fòs pou nou viv nan rinmin ak nan responsabilité. [1739-1742, 1748]**

Plis nou fè péché, plis n-ap pansé a pròp tèt pa-nou sèlman, sé plis nou gin difikilté pou nou réalizé pròp tèt-nou kòm moun ki gin libété. Lè nou lagé tèt nou nan péché-a nou vîn pa kapab fè byin-an ankò épi viv nan rinmin-an. L'Éspri-Sin-an vini nan kè-nou pou-l ba nou yon kè ki ranpli ak rinmin pou Bondié épi pou moun-yo. Nou ekspérimenté l'Éspri-Sin-an kòm yon fòs k-ap minnin nan libété sou paranndan-an, k-ap ouvri kè-nou pou-l aprann rinmin, épi k-ap transfòmé nou, fè nou tounin instriman ki toujou pi adapté pou réalisé byin-an épi rinmin-an. ↵ 120, 210-311

291     *Kòman yon moun kapab ouè klè si fason l-ap aji-a bon oubyin pa bon ?*

**Moun-nan gin kapasité pou-l distingé bon aksion-yo ak mové aksion-yo paské li gin yon rézon ak yon konsians ki pèmèt li jijé klèman. [1749-1754, 1757-1758]**

Gin toua éléman ki kapab édé nou distingé bon ak mové aksion-yo :

1. Sa *m-ap fè-a* doué bon ; bon intansion-an pa sifi. Kasé yon labank sa toujou grav, minmsi mouin t-a fè-l nan intansion pou-m bay pòv lajan-an.

2. Minmsi sa *m-ap fè-a* bon, tout aksion-an vîn mové si sé nan yon *movèz intansion* mouin fè-l. Parégzanp : si mouin akonpagné yon vié granmoun lakay-li, sé yon bon bagay. Min si-m fè sa ak intansion pou-m vîn kasé kay-li pita, tout sa-m fè-a sé yon mové aksion.

3. Sikontans aksion-an kapab diminié responsabilité-a, min yo pa chanjé anyin nan bonté ak malis karaktè aksion-an. Bay manman-ou kou sé toujou yon mové bagay, minmsi manman-ou pa-t janm démontré-ou li rinmin-ou vré. ↵ 295-297

292     *Èské yo pèmèt fè yon mal pou yon byin ?*

**Non, yo pa doué janm fè yon mal, minmsi sé t-a pou vizé yon byin. Min sa kapab rivé pou pa gin lòt solision, pou évité yon mal ki pi gran pasé chouazi yon mal ki pi piti. [1755-1756, 1759-1761]**

Intansion final-la pa kapab jistifié mouayin yo pran-yo. Sé yon érè sa yé pou sèvi ak anbriyon timoun pou réchèch y-ap fè sou sélil souch-yo, minmsi sé sians médikal-la n-ap chèché fè progrèsé konsa. Sé yon érè pou chèché souadizan édé viktim yon viòl antan ou fè-l avôté, jété timoun-nan.

293 *Poukisa Bondié ba nou pasion ak émosion ?*

**Pasion-yo pousé nou ak gro émosion épi ak santiman byin détèminé pou nou fè sa-k kòrèk an fonksion byin-an épi pou nou viré do bay sa-k mal épi ki mové. [1762-1766, 1771-1772]**

Sé konsa Bondié kréyé moun-nan : li kapab rinmin oubyin méprisé, gin bagay ki atiré-l, gin lòt li pè, li kapab plin ak kè kontan, ak tristès, ak raj. Nan fon kè-l, moun-nan toujou rinmin byin-an épi rayi mal-la – oubyin sa-l konsidéré kòm byin ou mal.

294 *Èské sé yon péché sa yé lè nou santi gro mouvman pasion nan nou ?*

**Non, pasion-yo kapab itil anpil. Sé sèlman lè pasion-yo mal òdoné, dézòdoné, yo pousé nou nan mal-la, alòské yo la pou fè nou réalisé byin-an eféktivman. [1767-1770, 1773-1775]**

Pasion-yo ki òdoné pou byin-an tounin vèrtu. Lè sa-a yo sé lign-fòs pou yon lavi k-ap konbat nan chèché rinmin-an ak jistis-la. Yo rélé vis tout pasion k-ap dominé moun-nan, ki antravé libèté-l épi ki ralé-l nan sa-k mal.

295 *Kisa konsians-la yé ?*

**Konsians-la sé voua moun-nan tandé anndan-l, nan kè-l, k-ap pasé-l lòd fòmèl pou-l fè sa-k byin-an épi évité sa-k mal-la. Sé kapasité pou distingé youn parapò a lòt-la. Bondié palé ak moun-nan nan fon konsians-li. [1776-1779]**

Yo konparé konsians-la ak voua sou paranndan koté Bondié manifésté-l bay moun-nan. Sé Bondié nou dékoutri nan konsians-nou. Lè yon krétyin di : « Konsians mouin pa dakò ak sa-a », sa vlé di : « Mouin pa kapab fè sa dévan Bondié ki kréyé-m nan ! » Pou yo kapab rété fidèl ak konsians yo, gin anpil krétyin ki pran prizon, ginyin minm yo touyé. ↵ 120, 290-292, 312, 333

296 *Èské yo kapab fòsé yon moun aji kont konsians-li ?*

**Yo pa doué fòsé pèsonn aji kont konsians-li dépi l-ap aji nan limit byin komin-an. [1780-1782, 1798]**

Moun ki méprisé konsians yon lòt moun, ki ignoré-l, ki chèché fòsé-l, li blisé dignité-l : pa gin anyin ki fè moun-nan pi moun pasé kapasité pou-l distingé byin-an ak mal-la épi pou-l chouazi. Sa-a sé yon vérité, minm

lè, objéktivman li tronpé-l nan désizion li pran-an. Si konsians-la té byin fòmè, voua sou paranndan-an ap palé an konfòmité ak sa ki rézonab pou tout moun, sa-k kòrèk épi ki bon dévan Bondié.

297 *Èské nou kapab fòmé konsians nou ?*

Oui, épi nou doué fè-l minm. Konsians-la ki la nan finfon kè tout moun ki gin rézon-an kapab mal infòmè oubiyin minm toufé. Sé poutèt sa nou doué édiké-l pou-l tounin yon instriman ki pèmèt nou jijé épi aprésié ak pi plis finès ofiamézi, aksion ki pi kòrèk nou doué fè-a. [1783-1788, 1799-1800]

Prémié lékòl pou édikasyon konsians-la sé égzaminé pròp tèt nou, sa yo rélé otokritik-la. Éfektivman, nou minm moun, nou gin tandans toujou jijé dapré sa-k nan avantaj nou. Dézièm lékòl-la sé pran modèl sou fason lòt-yo aji byin. Lè konsians-la byin fòmè, li minnin moun-nan nan libèté pou-l fè byin li rékonèt ki kòrèk-la. Ak konkou l'Éspri-Sin-an épi Liv ki Sin-yo, pandan tout istoua li, l'Égliz-la té ranmasé anpil konésans sou fason yon moun kapab aji kòrèk sou plan moral-la ; li gin kòm mision pou-l anségné moun-yo épitou indiké yo bon diréksion-an. ↵ 344

298 *Moun ki aji mal ak tout bòn konsians-li, bòn volonté-l, èské li koupab dévan Bondié ?*

Non. Lè nou fin analizé, égzaminin tout bagay épi nou rivé nan yon jijman ki asiré, li konvnab pou nou suiv voua k-ap palé anndan nou-an nan tout sikontans épi minm aksépté riské tronpé nou. [1790-1794, 1801-1802]

Bondié pa kapab rann nou résponsab mové konsékans yon érè involontè nan jijman konsians-la. Minmsi sé vré nou doué toujou suiv konsians nou, nou pa doué bliyé non plis kijan anpil foua yo défòmè réalité-yo, yo ansasinin, malminnin, tronpé lòt-yo antan y-ap sèvi yon fason ki malonèt ak sa yo rélé doua konsians-la.

299 *Kisa yo rélé « vèrtu »-a ?*

Yon « vèrtu » sé yon dispozision intériè, sou paranndan moun-nan, yon abitid pozitif, yon pasion yo mété nan sèvis byin-an. [1803, 1833]

Sé pou nou fin apouin nèt minm jan Papa nou ki nan sièl-la fin apouin nèt-la (Mt 5,48). Sa vlé di nou doué transfòmé nou pou nou avansé sou chémin pou n-al jouinn Bondié-a. Ak fòs nou ginyin kòm moun sé yon ti kras sèlman n-ap avansé. Avèk gras li-a, Bondié ranfósé « vèrtu moun-

nan » épi an plis li ba nou « vèrtu téologal-yo », ki pèmèt nou proché kot Bondié épi viv an pè nan limiè li-a. → 293-294

300 *Poukisa nou doué travay sou pròp tèt pa-nou ?*

Nou doué fè éfò pou rivé fè sa ki byin-an ak fasilité, an tout libète, épi ak kè kontan. Prémié sa k-ap édé nou fè sa sé yon lafoua solid nan Bondié, min tou sé si nou pratiké vèrtu-yo. Poutèt sa nou doué mandé Bondié fè nou grandi nan kapasité pou nou ranmasé tout fòs rézon-nou ak volonté-nou ansanm pou nou réyisi rivé ak plis désizion nan fè sa-k byin-an san nou pa lagé tèt-nou bay pasion dézòdoné-yo. [1804-1805, 1810-1811, 1834, 1839]

Vèrtu prinsipal-yo sé : prudans, jistis, fòs épi tanpérans. Yo rélé yo tou « vèrtu kardinal » (an latin *cardo* vlé di « gon », « chaniè », épi *cardinalis* vlé di « inpòtan »).

301 *Kòman nou vîn prudan ?*

Nou vîn prudan lè nou aprann distingé ant sa ki ésansièl ak sa ki pa ésansièl, lè nou aprann désidé chouazi rivé nan bon objéktif, épi chouazi mouayin ki pi bon-an pou réalisé yo. [1806, 1835]

Vèrtu prudans-la sé gid tout lòt vèrtu-yo. Paské prudans-la sé kapasité pou disènè, jijé sa-k kòrèk. Si nou vlé viv yon fason ki bon moralman, nou doué konnin kisa ki « véritab byin-an » épi ki valè li ginyin. Sé tankou komèsan nan l'Évanjil-la : apré li *fin jouinn yon pèrl* ki gin gran valè, *I-alé li vann tou sa-l té ginyin pou-l achté-l* (Mt 13,46). Toudabò nou doué prudan pou nou kapab mété jistis-la an mouvman ansanm ak fòs-la épi tanpérans-la pou rivé nan byin nou vlé réalisé-a.

302 *Kòman nou aji kòrèk gras a vèrtu jistis-la ?*

**Nou mété jistis-la an pratik lè nou veyé pou nou bay ni Bondié ni lòt-yo sa nou doué yo-a. [1807, 1836]**

Fòmil ki karaktérizé jistis-la sé « bay chak moun sa yo doué-l ». Sé pa minm jan-an pou yo konsidéré avni yon timoun ki gin yon andikap ak avni yon timoun ki intèlijan dépasé mézi, konsa y-a réspékté doua yo chak ginyin-an. Jistis-la ap chèchè jouinn ékilib-la, l-ap veyé pou chak moun résévoua sa yo doué-l la. Jistis-la tou sé bay Bondié sa-k pou li, sétadi rinmin ak adorasion.

303     *Sa sa vlé di pou nou gin vèrtu fòs-la ?*

**Yon foua li fin rékonèt byin-an, moun ki gin fòs-la intèvni san rété pou-l défann byin sa-a, minm si-l t-a doué, nan ka ki pi ékstrèm-yo, rivé sakrifié pròp lavi-l.** [1809, 1837] → 295

304     *Pouki sé yon vèrtu sa yé pou nou gin modération ?*

**Lè yon moun gin mézi nan tout bagay oubuin li pratiké tanpérans ak métriz pròp tèt-li, sé yon vèrtu sa yé, paské eksè ak égzajérasion nan tout domèn sé yon déstriksion li yé.** [1809, 1838]

Moun ki pa gin tanpérans ak modération, li lagé kò-l bay mové instin-  
yo, l-ap fè lòt-  
yo mal poutèt anvi li ginyin-  
yo ki san kontròl épi l-ap fè  
pròp tèt-li ditò. Nan Nouvo Téstaman\*-an, yo rélé tanpérans-la  
« sobriété » oubuin « modération ».

305     *Kisa ki toua vèrtu téologal-yo ?*

**Vèrtu téologal-yo sé lafoua-a, espérans-la épi charité-a (rinmin-an).** Yo rélé yo « téologal » paské sé nan Bondié yo soti, référans dirèk  
yo sé Bondié, épi pou nou minm moun, yo sé chémin k-ap minnin  
nou dirèktéman al jouinn Bondié. [1812-1813, 1840]

306     *Poukisa lafoua-a, espérans-la ak charité-a sé vèrtu yo yé ?*

**Lafoua-a, espérans-la ak charité-a (rinmin-an) sé fòs tout bon Bondié bay épi nou kapab dévlopé yo épi kinbé yo ak gras Bondié-a, pou nou kapab gin lavi an kantité k-ap débòdé (Jn 10,10).** [1812-1813, 1840-1841]

307     *Kisa lafoua-a yé ?*

**Lafoua-a sé vèrtu ki fè nou kouè nan Bondié, nou rékonèt vérité-l la épi nou rété kolé nan li.** [1814-1818, 1842]

Lafoua-a sé chémin Bondié kréyé-a pou minnin nou nan vérité-a ki li-  
minm minm. Paské Jézu sé chémin-an, vérité-a, lavi-a (Jn 14,6), lafoua-  
a pa kapab yon sinp dispozision, yon « kouayans » nan kichòy. Sou yon  
bò, lafoua-a gin konésans vérité byin détèminé ladan-l : l'Égliz-la  
dékläré vérité sa-yo nan Credo\*-a (déklärasion lafoua-a), épi li gin  
mision pou-l kinbé vérité sa-yo ak fidélité nan tout tan ak nan tout kilti-  
yo. Sou yon lòt bò, kouè sé angajé-ou tou nan yon rélasion konfians ak  
Bondié, ak tout kè-ou ak tout intélijans-ou, ak tout fòs sansib ou-  
yo. Paské sa ki konté, sé lafoua-a k-ap aji nan charité-a (Ga 5,6). Sé pa ak  
bèl paròl l-ap di ki fè nou ouè si yon moun kouè tout bon vré nan Bondié  
rinmin-an, min sé nan aji li aji ak rinmin-an n-ap ouè sa. → 21

308 *Kisa éspérans-la yé ?*

**Éspérans-la sé vèrtu ki fè sé avèk konstans épi fèmté nou anvi rivé nan sa-k rézondèt-nou sou tè-a : sètadi fè louanj Bondié, sèvi li épi jouinn akonplisman-nou nan li, sé sa ki vrè kontantman-nou. Paské alafin sé nan Bondié vrè kay-nou yé. [1817-1821, 1843]**

Minmsi nou pa ko ouè-l, éspérans-la sé konfians nan sa Bondié té promèt pa l'intèmèdiè tout sa-l kréyé-yo, pa l'intèmèdiè profèt-yo, min sitou pa l'intèmèdiè Jézu-Kri. Yo ba nou l'Éspri Bondié-a pou nou kapab espéré avèk pasians nan sa ki vrè byin-an. ↗ 1-3

309 *Kisa charité-a yé ?*

**Charité-a (rinmin-an) sé vèrtu ki fè nou kapab bay Bondié pròp tèt-nou nèt, fè youn ak li, rinmin prochin-nou minm jan ak pròp tèt-nou, san limit, poutèt nou rinmin Bondié ki té rinmin nou an prémié-a. [1822-1829, 1844]**

Ak tout fòs-li, Jézu mété charité-a (rinmin-an) anlè tout lòt règléman-yo. Sé poutèt sa Sint Ogustin té gin rézon di : « Rinmin épi fè sa-ou vlé ». Min sa pa simp konsa ! Charité-a (rinmin-an) sé pi gran énèji ki ginyin, épi sé pou sa li animé tout lòt vèrtu nou ginyin-yo épi li ranpli yo ak lavi Bondié-a.

310 *Kisa ki sèt don l'Éspri-Sin-an ?*

**Sèt don l'Éspri-Sin-an sé : sajès, intèlijans, konsèy, fòs, sians, piété épi krint Bondié. L'Éspri-Sin-an « anrichi » krétyin-yo avèk yo : sètadi li ba yo yon séri fòs pou konplété dispozision natirèl yo ginyin-yo, épi konsa li ba yo posibilité tounin instriman patikilié nan min Bondié sou tè-a. [1830-1831, 1845]**

Sin Pòl ekri : « youn minm réyèlman, pa l'intèmèdiè Éspri-a yo ba-l yon paròl sajès, yon lòt minm yon paròl konésans dapré minm Éspri-a, yon lòt lafoua nan minm Éspri-a. Yon lòt minm, karism géizon nan yon sèl Éspri-a, yon lòt minm réalizasion puisans, yon lòt minm profési, yon lòt minm distingé éspri-yo, espès lang, yon lòt minm intèprétasion lang-yo (1 Kor 12,8-10). ↗ 113-120

311 *Kisa ki foui l'Éspri-Sin-an ?*

**Foui\* l'Éspri-Sin-an sé : rinmin, kè kontan, lapè, pasians, rann sèvis, bon kè, lafoua, bon jan, vi réglé (Ga 5,22-23). [1832]**

Lis foui\* l'Éspri-a montré ki koté moun yo rivé, lè yo kité Bondié pran yo, kondui yo, fòmè yo. Fou l'Éspri-Sin-an montré Bondié ap travay tout bon vré nan lavi krétyin-yo. ↵ 120

312 *Kòman nou fè konnin nou fè péché ?*

**Yon moun konnin li fè péché poutèt konsians-li k-ap akizé-l, k-ap réproché-l, épi k-ap pousé-l dékläré péché-l yo dévan Bondié.** [1797, 1848] ↵ 229, 295-298

313 *Poukisa yon péchè doué palé ak Bondié épi mandé-l padon ?*

Tout péché détoui, maské oubyin nié byin-an. Min Bondié ki bon nèt-la sé li-minm ki kréyé tout byin. Sé poutèt sa tout péché sé yon péché kont Bondié tou, épi nou bézouin réprann kontak avèk Bondié pou nou tounin mété lòd nan lavi-nou. [1847] ↵ 224-239

314 *Kòman nou fè konnin Bondié gin mizérikòd ?*

Gin anpil koté nan Liv ki Sin-yo, Bondié fè konnin-l kòm Sa-k gin mizérikòd-la ; li fè sa an patikilié nan parabòl Papa ki gin mizérikòd-la (Lk 15) k-al rankontré pitit li-a ki té pèdi épi ki réservoua-l san kondision pou-l sélébré ak kè kontan fèt retrouvay-la ak rékonsiliasion-an avèk li. [1846, 1870]

Déja nan Ansyin Téstaman\*-an, Bondié té di pa lintèmèdiè Ézékièl : *Mouin pa vlé lanmò méchan-an, min mouin vlé pou-l chanjé conduit, pou-l viv* (Ez 33,11). Yo té voyé Jézu bay mouton kay Israël-la ki té pèdi-yo (Mt 15,24) épi li konnin sé pa *moun ki gin santé ki bézouin doktè, min sé moun ki gin maladi* (Mt 9,12). Sé poutèt sa li manjé ak koléktè taks-yo épi péchè-yo, anvan li fè konnin, nan finisman lavi-li sou tè-a, pròp lanmò-li sé yon inisiativ mizérikòd rinmin Bondié-a : Sa-a, réyelman, sé san Alians *mouin-an*, sa k-ap vidé pou anpil-yo, pou padon péchè-yo (Mt 26,28). ↵ 227, 524

315 *Min, an réalité kisa yon péché yé ?*

**Yon péché sé yon paròl, yon aksion, yon anvi ki fè yon moun andomajé konsiamman épi volontèman vérité lòd Bondié té prévoua pou bagay-yo nan rinmin-l nan.** [1849-1851, 1871-1872]

Fè yon péché, sé plis pasé yon kontravansion parapò a yon loua lèzòm établi. Péchè-a sé yon opozision lib ak konsians klè kont rinmin Bondié épi k-ap nié Bondié. Konsa péchè-a sé yon « rinmin pròp tèt-ou joustan ou méprisé Bondié » (Sint Ogustin), épi nan ka ekstrèm-yo, kréati-a k-ap fè péchè-a dékläré : « Mouin vlé tankou Bondié » (cf. Jén 3,5).

Péché-a fè-m vîn koupab, li blésé-m, li détoui-m ak konsékans li ginyin yo, min tou li anpouazonnin lavi moun ki bò koté-m yo épi li ba yo problèm. Sé antan nou proché kot Bondié n-ap rékonèt péché-a épi n-ap ouè jan li grav. ↵ 67, 224-239

316 *Kijan yo kapab distingé péché grav-yo (péché mòtèl) ak péché ki mouins grav-yo (péché vénìèl) ?*

Péché ki grav-la détoui puisans rinmin Bondié-a nan kè yon moun, san rinmin Bondié sa-a pa kapab gin béatitud étènèl, kontantman pou tout tan. Sé poutèt sa tou yo rélé-l péché mòtèl. Péché grav-la sé détaché mouin détaché tèt-mouin ak Bondié ; péché vénìèl-la liminm sé sèlman kalité rélasion ak Bondié-a li andomajé, min rélasion-an la. [1852-1861, 1874]

Ak yon péché grav, moun-nan koupé pon ak Bondié. Lè gin yon péché konsa, sétadi si-l konséné kichòy ki inpòtan anpil, donk si-l kont lavi-a oubiyin kont Bondié li-minm (parégzanp touyé moun, blasfémé Bondié, fè adiltè, etc.), épi si yo fè sa ak tout konésans épi ak tout konsantman. Péché vénìèl-la konséné réalité ki gin valè ségondè parapò a prémié nou sot sité-yo (onè, vérité, propriété, etc.), oubiyin si yo fè-l san yo pa byin konnin inpòtans ak konsékans-li épi san yo pa-t bay konsantman-an nèt. Péché sa-yo troublé rélasion avèk Bondié-a, min yo pa kasé-l.

317 *Kòman nou libéré anba yon péché grav épi rékonékté ak Bondié ankò ?*

**Lè yon péché grav kasé rélasion-l ak Bondié, yon krétyin katolik doué kité yo rékonsilié-l ak Bondié gras a sakréman pénitans-rékonsiliaison-an. [1856] ↵ 224-239**

318 *Kisa yon vis yé ?*

**Yon vis sé yon mové abitid k-ap toufé épi voualé konsians-la, ki fè mal-la kapab antré nan moun-nan épi fè-l gin yon panchan pou péché-a tankou yon abitid. [1865-1867]**

Kay moun-nan yo kapab di vis-la gin rapò ak sink péché kapito-yo : ògèy, avaris, anvié lòt, kòlè, libètinaj (dézòd séksuèl), goumandiz, parès (yo rélé-l « acédie » tou an fransè).

319 *Èské nou responsab péché lòt-yo ?*

**Non. Nou pa responsab péché lòt-yo. Sof lè nou koupab poutèt nou té trinnin yo nan péché-a, nou té koopére ak yo, nou té**

**ankourajé yo péché, oubyin nou pa-t chèché prévni yo a-tan oubyin anpéché yo fè-l. [1868]**

320    *Èské gin strikti sosial ki yon péché ? Èské gin yon péché ki striktirèlè dapré sosiété-a ?*

**Sé sèlman osans figiré yo kapab palé dé strikti péché. Péché-a sé toujou yon bagay yon moun fè individuelman, lè-l rét kolé nan malla siamman épi volontèman. [1869]**

Poutan, gin strikti sosial ak institision ki tèlman kontrè ak komandman Bondié-yo, yo rélé yo « strikti péché » – an réalité yo sé rezulta, konsé-kans péché pèsonèl-yo.

## DÉZIÈM CHAPIT Kominoté moun-yo – Sosiété-a

321    *Èské yon krétyin kapab tou simpléman yon individualis ?*

**Non, yon krétyin pa janm kapab tou simpléman yon individualis, paské dapré nati-li kòm moun, li fèt pou viv an sosiété. [1877-1880, 1890-1891]**

Chak moun gin yon manman ak yon papa, gin lòt moun k-ap édé-l, épi dévoua-l sé édé lòt-yo tou épi mété talan li ginyin nan sèvis tout moun. Kòm moun-nan sé dapré pòtré Bondié yo kréyé-l, li tankou yon réflè Bondié ki pa solitè nan li-minm, min ki Trinité (donk : lavi, rinmin, dialòg épi kominikasyon). Sé poutèt sa sé rinmin-an ki komandman santral-la pou tout krétyin-yo, li-minm ki fè nou fè youn youn ak lòt nan finfon sa nou yé-a ; épi déstiné-nou fondamantalman sé viv youn pou lòt : *Ou-a rinmin prochin-ou nan tankou ou mim* (Mt 22,39).

322    *Kisa ki pi inpòtan, sosiété-a oubyin moun-nan ?*

**Dévan Bondié, sa-k konté an prémié sé moun-nan kòm moun, épi apré sa kòm manb sosiété-a. [1881, 1892]**

Sosiété-a pap janm konté pi plis pasé chak moun. Yo pa doué janm konsidéré moun-yo kòm mouayin pou rivé nan yon objéktif sosial. Min gin kèk sosiété tankou fanmi-an oubyin léta-a ki nésèsè pou moun-nan, yo korésponn a sa nati moun-nan yé-a.

323      *Kòman moun-nan kapab intégré nan sosiété-a pou-l réalizé pròp tèt-li an tout libèté ?*

**Moun-nan ap kapab réalisé pròp tèt-li an tout libèté nan sosiété-a si yo réspékté « prinsip subsidiarité »-a. [1883-1885, 1894]**

Doktrîn sosial l'Égliz\*-la fè konnin prinsip subsidiarité-a : sa yon moun kapab fè pou kont-li, yon otorité sipériè pa gin doua fè-l nan plas-li. Dapré prinsip sa-a, yon otorité ki pi ro pa gin doua pran fonksion moun-nan ginyin. Yon sosiété ki sou yon nivo ki pi ro pa doué pran fonksion ki pou yon sosiété ki sou yon plan pi ba, antan-l rétiré konpétans-li nan min-l. Ròl otorité ki pi ro-a sé pou-l intèvni *pou-l édé* (« subsidiairement ») pou-l poté sekou nan ka nésiséité.

324      *Sou ki prinsip yon sosiété bazé ?*

**Tout sosiété bazé sou yon échèl valè (yon lòd prinsip) ki fondé sou jistis-la ak charité-a (rinmin-an). [1886-1889]**

Pa gin okinn sosiété ki kapab diré lontan si-l pa bazé sou yon yérarchi valè ki garanti lòd jistis-la nan rapò ant moun-yo épi k-ap fè promosion jistis-la. Konsa yo pa doué janm konsidéré pèsonn kòm yon sinp mouayin pou objéktif aksion sosial-la. Sé san rété pou tout sosiété ap konbat strikti ki injis-yo. Alafin sé charité-a (rinmin-an) sèlman ki rivé fè sa, sé li ki pi gran kòmandman sosial-la. Li réspékté lòt-la. Li réklamé jistis-la. Sé li-minm sèl ki kapab kanpé kont inégalité ak injistis nan rélation sosial-yo. ↗ 449

325      *Kisa-k fondman otorité-a nan sosiété-a ?*

**Tout sosiété békouin yon otorité léjitim pou égzijé épi asiré lòd-li, inité armoni-l, dévlopman-l. Békouin sa-a, pou gin yon otorité k-ap réglémanté-l la, li fè pati nati moun-nan jan Bondié kréyé-l la. [1897-1902, 1918-1919, 1922]**

Sètènman, pèsonn pa kapab bay tèt-li doua pou-l égzèsé yon otorité nan sosiété-a si yo pa rinnmèt-li otorité sa-a yon fason léjitim. Moun k-ap gouvèné-a épi k-ap véyé pou fè yo réspékté konstitision-an, li minm tou li doué soumèt anba désizion sitouayin-yo. L'Égliz-la pa inpozé tèl oubiyin tèl lòt fòm gouvènman, min li dékläré simpléman fòm gouvènman-an pa doué kontré ak byin komin\*-an.

326 *Kilè yo égzèsé otorité-a yon fason ki léjitim ?*

**Yon otorité aji yon fason léjitim lè l-ap travay osèvis byin komin\*-an, épi lè li sèvi ak mouayin ki kòrèk pou rivé établi byin komin sa-a. [1903-1904, 1921]**

Sitouayin-yo doué kapab viv an konfians paské y-ap viv nan yon « état de droit », yon « péyi ki légal », yon léta ki òganisé dapré laloua tout moun kapab admèt moralman. Pèsonn moun pa oblijé obéyi loua ki abitrè oubiyin injis oubiyin ki kontré ak lòd moral natirèl-la. Sinon yo gin doua épi yo gin dévoua minm gin dé lè pou yo konbat loua sa-yo.

327 *Kijan byin komin-an réalisé ?*

**Byin komin\*-an réalisé koté yo réspékté doua fondamantal moun-nan, épi koté moun-yo kapab réalisé pròp tèt-yo an tout libète sou plan spirituèl-la ak sou plan rélijion-an. Byin komin-an mandé pou moun-yo kapab viv an libète, an pè épi nan sékrité. Jodi-a, nan épòk mondializasian sa-a, byin komin-an vîn gin yon dimension inivèsèl pou sovgadé doua ak dévoua tout ras moun-nan. [1907-1912, 1925, 1927]**

Yo réspékté byin komin\*-an lè yo réspékté byin chak moun épi byin chak ti sélil sosial (parégzanz fanmi-an) épi lè yo mété yo nan kè tout préokipasian yo. Chak moun épi chak ti group nan sosiété-a békouin pou institision politik-yo soutni yo épi protéjé yo.

328 *Kòman moun-nan kapab édé pou réalisé byin komin-an ?*

**Travay pou byin komin\*-an vlé di aksépté yon responsabilité an favè lòt-yo. [1913-1917, 1926]**

Byin komin\*-an doué afè tout moun. Konsa nou doué toudabò angajé nou épi pran responsabilité pou moun k-ap viv pi pré nou-yo – fanmi-nou, vouazinaj-nou, koté n-ap travay-la. Li inpòtan tou pou nou pran responsabilité sosial épi politik. Poutan, tout moun ki responsab gin yon pouvoua nan min-l, épi toujou gin danjé pou li sèvi mal avèk li, pou-l fè abi. Sé poutèt sa yo invitè-l konvèti tout tan, pou-l kapab réalisé sa l-ap fè pou lòt-yo nan yon lésprí jistis ak charité (rinmin) san rété.

329 *Kòman yo rivé jouinn jistis sosial-la nan yon sosiété ?*

**Yo rivé établi jistis sosial-la lè yo réspékté dignité chak moun ginyin-an, sa-l pa kapab rénonsé a li-a : sa mandé pou yo rékonèt épi réspékté doua li ginyin-yo, épi pou-l kapab patisipé aktivman**

**nan lavi politik, économik épi kiltirèl sosiété-a. [1928-1933, 1943-1944]**

Alabaz tout jistis gin réspè pou dignité moun-nan, sa-l pa kapab pèdi-a, sa Kréatè-a konfié nou pou nou défann li-a épi sa tout gason ak tout fi nan tout périòd istoua-a gin dét parapò a li osans strikt-la (Jan-Pòl II, *Sollicitudo Rei Socialis*, 1987). Apati dignité moun-nan, doua moun-yo vîn dékoulé dirèktéman, doua sa-yo okinn léta pa kapab siprimé oubyin chanjé-a. Léta oubyin dirijan k-ap pasé doua sa-yo anba pié sé réjim ki pa légitim épi ki pèdi otorité yo. Kanta kondision pèfeksion koté sosiété moun-nan souaf rivé-a, sé pa toudabò ak léjislasion y-ap rivé jouinn li, min sé nan pratiké rinmin pou prochin-an, lè chak moun ap « konsidéré prochin-l, san éksépsion, tankou “yon lòt li-minm” » (*Gaudium et Spes*, 27, 1). ↗ 280

330 *Jous kibò tout moun égal-égo dévan Bondié ?*

**Dévan Bondié tout moun égal-égo, poutèt yo tout gin minm Kréatè-a, yo tout yo kréyé yo dapré pòtré sèl Bondié ki égzisté-a, yo tout gin yon namn rasionèl épi yo tout gin minm Sovè-a. [1934-1935, 1945]**

Paské tout moun égal-égo dévan Bondié, chak moun kòm moun gin minm dignité-a épi yo chak gin minm doua-yo. Sé poutèt sa tout fòm diskriminasion sosial poutèt ras, sèks, kilti oubyin rélijion yon moun, sé yon injistis yo pa doué aksépté.

331 *Min poukisa gin inégalité pamí moun-yo ?*

**Tout moun gin minm dignité-a min yo tout pa nan minm kondision lavi. Inégalité ki soti nan sa sosiété moun-nan fè, yo an kontradiksion ak Bòn Nouvèl-la. Bondié bay chak moun talan ki diféran, kòmsi sé invité li t-ap invité nou patajé youn ak lòt : nan charité-a youn doué bay lòt-la sa-k manké-l la. [1936-1938, 1946-1947]**

Gin inégalité pamí lèzòm ki pa soti nan Bondié, min nan kondision économik-yo ak kondision sosial-yo, yo soti sitou nan mové répatisyon matiè prèmiè-yo, byin-yo ak kapital finansié-yo sou tè-a. Bondié ap tann nan min-nou pou tout sa ki klèman kontrè ak Bòn Nouvèl-la nou fè-disparèt, tout sa ki pasé dignité moun-nan anba pié. Min gin yon inégalité tou pamí moun-yo ki korésponn ak plan Bondié-a : inégalité don ak talan, kondision fizik, kapasité. Konsa Bondié montré nou moun-nan la pou lòt-la, pou-l rinmin-l, pou-l patajé, pou-l ankourajé lavi. ↗ 61

332 *Nan kisa krétyin-yo montré yo solidè ak lòt-yo ?*

Krétyin-yo angajé yo pou strikti sosial ki dapré jistis-la, yon fason pou tout moun rivé joui nan byin matérièl ak byin spirituèl-yo sou tè-a. Krétyin-yo véyé tou pou fè réspékté dignité moun-nan nan travay-la, sa vlé di yo doué peyé-l yon salè ki ékitab ; transmèt lafoua-a sé yon akt solidarité li yé tou an favè tout moun. [1939-1942, 1948]

Yo rékonèt krétyin-yo pou jan yo pratiké solidarité-a. Éféktivman, sé pa rézon moun-nan sèlman ki égzijé solidarité-a. Jézu-Kri, Granmèt nou-an, té idantifié-l ak pòv-yo épi sa-k pi piti-yo nèt (Mt 25,40). Réfizé solidarité avèk yo, sé réjté Kris-la.

333 *Èské gin yon loua moral natirèl tout moun kapab konnin ?*

**Si moun-yo doué fè sa-k byin épi évité sa-k mal, sé paské sa-k byin-an ak sa-k mal-la inskri yon fason klè épi avèk asirans nan kè yo.** Éféktivman tout moun kapab disènè loua moral sa-a yo kapab di ki « natirèl »-la avèk rézon-li fondamantalman. [1949-1960, 1975, 1978-1979]

Loua moral natirèl\*-la valid pou tout moun. Li indiké chak moun doua fondamantal ak dévoua li ginyin-yo épi konsa li sé baz lavi ansanm-nan nan fanmi-an, nan sosiété-a épi nan léta-a. Moun-nan békouin sékou Bondié ak révélation\* li-an, pou-l kapab rété sou chémin ki douat-la, paské akòz péché li-a ak féblès li-a, anpil foua sé yon fason flou ki pa fin klè li kapté loua natirèl-la.

334 *Ki rapò ki ginyin ant loua natirèl-la ak loua Ansyin Téstaman-an ?*

Laloua Ansyin Téstaman-an, oubyin Laloua ansyin-an, dékläré vérité rézon-an kapab rivé jouinn natirèlman, min yo vîn révélé yo épi sètifié yo kòm laloua Bondié. [1961-1963, 1981]

335 *Ki inpòtans loua Ansyin Téstaman-an ?*

« Ansyin laloua-a » (*Thora-a*), rézimé ésansièlman nan dis kòmandman-yo (Dékalòg\*-la). Ladan-l Bondié manifésté volonté-l bay pèp Israèl-la ; kinbé Tora-a épi suiv li sé té chémin sové-a pou Israèl. Krétyin-yo konnin laloua-a indiké yo sa yo doué fè. Min yo konnin tou sé pa « laloua-a » k-ap sové yo. [1963-1964, 1981-1982]

Éskpérians chak moun fè, fè-l santi yo « rékòmandé »-l pou-l fè byin-an. Min anpil foua nou manqué fòs pou nou réalisè-l, li trò difisil, nou santi nou « fèb » (cf. Rm 8,3 épi Rm 7,14-25). Nou ouè « sa nou doué fè-a, sétadi ansyin Laloua-a », min nou santi péché-a dominé nou. Épi sé présizéman konésans ansyin Laloua-a ki fè nou ouè jouska ki pouin nou békouin yon fòs sou paranndan pou-n kapab réalisé-l. Sé poutèt sa Laloua Ansyin Téstaman-an, minmsi li tèlman bon épi inpotan, li la sèlman pou préparé nou viv lafoua nan Bondié, Sovè nou-an, jan-l révélé pròp tèt-li nan Évanjil-la. → 349

### 336      *Kisa Jézu di osijè ansyin Laloua-a ?*

***Pa sipozé mouin vîn détoui laloua-a oubiyin profèt-yo, mouin pa vîn détoui min akonpli (Mt 5,17). [1965-1972, 1977, 1983-1985]***

Jézu té viv nèt kòm yon juif pratikan dapré lidé tan li-a épi sa yo té prèskri alépòk. Min ak réfléksion li t-ap fè, li pran distans-li parapò a yon intèprétaison Laloua-a ki té littéral épi pou lafòm sèlman.

### 337      *Kòman nou sové ?*

**Okinn moun pa kapab sové pròp tèt-li. Éfektivman, sové-a sé libération anba péché-a épi pi louin pasé « zòn lanmò-a » sé patisipasion nan yon lavi san fin antan nou ouè Bondié fas-a-fas. Krétyin-yo kouè sé Bondié ki sové yo, épi pousa li voyé Ptit li-a Jézu-Kri sou tè-a épi li vidé l'Éspri li-a. [1987-1995, 2017-2020]**

Sin Pòl konstaté : *Tout moun réyèlman té fè péché, épi yo manqué gloua Bondié-a* (Rm 3,23). Dévan Bondié ki jistis ak bonté san limit, péché-a pa kapab égzisté osans pròp. Min si péché-a sé pou pa-égzisté-a li la, kisa péchè-a ap dévni ? Nan rinmin li rinmin nou-an, Bondié jouinn rout-la pou-l détoui péché-a antan-l sové péchè-a. Li fè péchè-a vîn kòrèk ankò, jan-l doué yé-a, *li jistifié-l*. Sé poutèt sa dépi lontan yo rélé sové nou sové-a *jistifikason*. Sé pa ak pròp fòs-nou nou vîn *jistifié*. Pèsonn moun pa kapab padoné pròp péché pa-l ni anpéché lanmò frapé-l. Donk sé Bondié ki pou aji an favè nou. Li fè sa simpléman poutèt mizérlikòd-li, pa paské nou t-a kapab mérité sa. Gras a batèm-nan, Bondié *ofri nou jistis Bondié-a gras a lafoua-a nan Jézu-Kri* (Rm 3,22). Gras a fòs l'Éspri-a ki vidé nan kè nou-yo, nou patisipé nan lanmò ak nan reziréksion Jézu-Kri : nou mouri parapò a péché-a, épi nou fèt pou yon lavi tou nèf nan Bondié. Antan sé Bondié ki ba nou yo, lafoua-a, espérans-la ak charité-a pran nou épi yo fè nou kapab viv nan limiè-a épi konfòmé nou ak volonté Bondié-a.

338 *Kisa gras-la yé ?*

Lè nou di « *gras-la* », nou vlé di souin Bondié ap pran souin nou gratis-la nan rinmin li gin pou nou-an, bonté li k-ap poté nou sékou, fòs lavi ki vîn sot nan li-a. Nan Koua-a ak Résziréksion-an, Bondié ba nou pròp tèt-li ak tout rinmin li ginyin-an, épi li kominké pròp tèt-li ba nou gratis. *Gras-la* sé tout sa Bondié ba nou san nou pa mérité sa ditou. [1996-1998, 2005, 2021]

Jan Pap Benoua XVI di-a : « *Gras-la* sé gadé Bondié ap gadé nou, sé touché rinmin li gin pou nou-an touché nou. *Gras-la* sé pa yon bagay, sé Bondié li-minm k-ap kominké pròp tèt-li bay moun-yo. Li pa bay anyin pi piti pasé pròp tèt-li. Nan *gras-la*, nou nan Bondié ».

339 *Kisa gras-la fè nan nou ?*

**Gras-la fè nou antré nan intimité lavi Sint-Trinité-a, nan échanj rinmin ant Papa-a, Ptit-la ak l'Éspri-Sin-an.** Li fè nou vîn kapab viv nan rinmin Bondié-a épi aji an fonksion rinmin sa-a. [1999-2000, 2003-2004, 2023-2024]

Sé anro *gras-la* soti pou nou, yo vidé-l nan nanm-nou, yo pa kapab ekspliké-l ak koz « *natirèl* » (yo rélé-l *gras surnaturèl*). Li fè nou vîn tounin pitit Bondié (*sitou gras batèm-nan*) épi éritié sièl-la (sé *gras k-ap sanktifié* nou-an oubyin divinisé nou-an). Li dispozé nou pou nou fè byin-an avèk konstans (*gras abituèl*). Li édé nou diséné, vlé épi fè tout sa-k minnin nan byin-an, nan Bondié épi nan sièl (*gras aktuèl*). Yo ba nou-l an patikilié nan sakréman\*-yo, poutèt dapré sa Granmèt nou-an té vlé-a, yo sé koté nou rankontré Bondié paréksélans (*gras sakramantèl-la*). *Gras-la* manifesté tou atravè don spésial yo bay kék moun (*karism\*-yo*), oubyin fòs spésial ki akonpagné kondision lavi mariaj-la, lòd-la, lavi rélijijéz-la (*gras-d-éta*).

340 *Ki rapò ki ginyin ant gras-la ak libêté-nou ?*

**Gras Bondié-a vîn rankontré moun-nan antan-l kité-l lib, li révéyé-l épi li mandé-l réponn an tout libêté.** *Gras-la* pa fòsé. Rinmin Bondié-a vlé nou réponn li librément. [2001-2002, 2022]

Nou toujou kapab di non dévan sa *gras-la* ap ofri nou-an. Min sa pa vlé di *gras-la* t-a andéyò oubyin étranjé parapò a moun-nan, an réalité li sé sa moun-nan anvi jouinn pi afon nan libêté-l. Lè Bondié touché nou ak *gras* li-a, sé dévan li pran dévan parapò a répons lib n-ap ba li-a.

341     Èské nou kapab mérité sièl-la ak bon aksion n-ap fè ?

**Non.** Pèsonn moun pa kapab gin sièl-la ak pròp fòs-li sèlman. Sové nou sové-a sé yon kado gratis gras Bondié-a fè nou, minmsi sa mandé pou moun-nan koopéré libréman. [2006-2011, 2025-2027]

Minmsi sé gras-la ak lafoua-a ki sové nou, li nésésè pou rinmin ki révéyé nan nou-an gras a aksion Bondié-a, li vîn manifésté nan bon aksion nou-yo.

342     Èské nou tout gin pou vîn « sin » ?

**Oui.** Objéktif lavi-nou sé fè nou fè youn ak Bondié nan rinmin-an, pou nou konfòm totalman ak sa Bondié vlé-a. Nou doué pèmèt Bondié « viv lavi-li nan nou » (Mè Téréza). Sé sa sa vlé di vîn « sin ». [2012-2016, 2028-2029]

Tout moun k-ap pozé késion : kiyès mouin yé ? Poukisa-m la, épi ki avni-m ? Lafoua-a réponn li : Sé nan sinteté\*-a moun-nan vîn tounin sa Bondié kréyé-l pou-l yé-a. Sé nan sinteté-a moun-nan rivé nan vrè armoni avèk pròp têt-li épi avèk Kréatè-a. Min sinteté-a sé pa yon pèfeksion k-ap fèt pou kont-li, sé fè youn ak rinmin-an ki té tounin moun-nan, sétadi Kris-la. Moun k-ap chèché nouvo lavi sa-a jouinn pròp têt-li épi li vîn sin.

## TOUAZIÈM CHAPIT L'Égliz-la

343     Kòman l'Égliz-la édé nou minnin yon lavi ki bon moralman épi ki ríponsab ?

Sé nan l'Égliz-la nou batizé. Sé nan l'Égliz-la nou résévoua lafoua-a ki konsèvé intégralman atravè tout sièk-yo. Sé nan l'Égliz-la nou tandé Paròl lavi Bondié-a épi nou aprann kijan pou nou viv si nou vlé fè Bondié plézi. Ak sakréman\*-yo Jézu té konfié bay disip li-yo, l'Égliz-la fè nou grandi, li fòtifié nou épi konsolé nou. Nan l'Égliz-la, sin-yo kléré nou ak flanm limiè yo-a. Nan l'Égliz-la nou sélébré Ékaristi-a : sakrifis Kris-la vîn prézan ladan-l chak foua, pou nou kapab fè youn ak li, pou nou tounin Kò-li, épi pou nou viv ak fòs-li. Malgré tout féblès moun ki nan l'Égliz-la, pèsonn pa kapab krétyin si-l rété andéyò-l. [2030-2031, 2047]

344 Poukisa l'Égliz-la intèvni nan késion moral-yo ak nan késion ki konsèné konduit chak moun ?

Kouè sé yon chémin. Sé sèlman lè nou rapòté nou nan indikasyon l'Évanjil-la bay yo n-ap kapab konnin kòman pou nou rété sou chémin sa-a, sètadi aji dapré jistis-la épi viv dapré sa ki byin-an. Majistè\* l'Égliz-la doué raplé moun-yo égzijans laloua moral natirèl-la. [2032-2040, 2049-2051]

Vérité-a pa kapab kontrédi tèt-li. Sa ki vré pou tout moun pa kapab fo pou krétyin-an. Sa ki kòrèk pou krétyin-an pa kapab fo pou tout rès moun-yo. Sé poutèt sa l'Égliz-la gin responsabilité intèvni yon fason jénéral nan tout sa ki konsèné moral-la.

345 Kisa ki « sink kòmandman l'Égliz-la » ?

1. Patisipé nan Mès-la jou dimanch ak jou fèt-yo. Sispann tout travay ak tout aktivité ki t-a nui karaktè sakré jou sa-yo. 2. Konfésé omouins yon foua nan ané-a. 3. Résévoua sakréman Ékaristi-a omouins nan tan Pak-la. 4. Pa manjé viann (mèkrédi sann épi vandrédi Karèm-yo) épi jéné nan jou yo établi-yo (mèkrédi sann épi vandrédi sin). 5. Soutni l'Égliz-la nan békouin matérièl-li. [2042-2043]

346 Sa kòmandman l'Égliz-yo sèvi épi kijan yo angajé nou ?

« Sink kòmandman l'Égliz-la » ak égzijans yo fè nou sou sa ki minimòm pou yon krétyin-an, sèvi pou raplé nou nou pa kapab krétyin si-n pa fè éfò viv dapré moral-la, san nou pa patisipé konkrètman nan lavi sakramantèl l'Égliz-la, san nou pa viv an solidarité avèk li. Yo obligatoua pou tout katolik. [2041, 2048]

347 Poukisa sé yon bagay grav lè yo akizé yon krétyin di li gin yon « doub moral » ?

Prémié kondision pou évanjélization-an sèké lavi-nou doué an akò ak Évanjil-la. Donk gin yon moral « doub »\* sé trayi mision krétyin-yo ginyin pou yo « sèl tè-a épi limiè tè-a ». [2044-2046]

Sin Pòl té raplé kominoté Korint-la : *Nou sé lèt Jézu-Kri nou minm minm nou sèvi ak li ; li pa ékri ak lank min ak Espri Bondié vivan, pa nan plak ròch, min nan plak kè chè* (2 Kor 3,2). Sé ak propò lavi yo plis pasé ak sa y-ap di, krétyin-yo sé « lèt rékòmandasion » (2 Kor 3,2) Kris-la dévan moun-yo sou tè-a. Konsa ravaj mové konpòtman krétyin-yo ap fè pi térib toujou lè sé prèt\* oubyin rélijé\* k-ap fè timoun abi. Non sèlman yo

fè yon krim ki pa gin non sou viktim yo-a, min tou yo fè anpil moun douté sou espérans nan Bondié-a épi yo étinn ti flanm lafoua-a lakay anpil moun.

## DÉZIÈM SÉKSION

### Dis kòmandman-yo

348      *Mèt, ki bon bagay pou-m fè, pou-m gin lavi tout tan-an ? Jézu réponn : Si-ou vlé antré nan lavi-a, kinbé kòmandman-yo (Mt 19,17) épi li ajouté : Si-ou vlé fin apouin nèt... vini, suiv mouin ! (Mt 19,21). [2052-2054, 2075-2076]*

Krétyin-an sé plis pasé minnin yon vi kòrèk antan-ou kinbé kòmandman-yo. Krétyin-an sé gin yon rélation vivan avèk Jézu. Yon krétyin gin yon rélation profon épi pèsonèl avèk Granmèt li-a, épi li kontinié maché avèk li sou chémin k-ap minnin nan lavi tout bon vré-a.

- 349      *Kisa ki « dis kòmandman-yo » ?*
1. Sé Bondié sèl pou-n adoré, sé li minm sèl pou nou sèvi. Ak tout kè-nou pou nou rinmin-l.
  2. Non Bondié-a pou nou réspékté. Pa fè sèman pou granmési.
  3. Jou dimanch sé jou Bondié-a : fò nou pasé-l nan sèvis-li.
  4. Granmoun-nou pou nou réspékté, konsa nou sètin n-a bénî.
  5. Pa pousé pèsonn nan péché. Pa bat prochin-ou, pa touyé li.
  6. Pînga fè adiltè. Fò-n évité mové plézi. Sé nan mariaj pou fè pitit.
  7. Pa manyin sa-k pa pou ou ; si li nan min-ou, sé pou-ou rémèt li.
  8. Pa bay manti, pa bay fo-témouagnaj.
  9. Pa anvi madanm prochin-ou.
  10. Pa anvi afè prochin-ou.

350      *Èské sé paraza dis kòmandman-yo rasanblé konsa ?*  
 Non. Dis kòmandman-yo fè youn. Yon kòmandman ralé lòt. Nou pa kapab mété akoté ni youn ni lòt kòmandman yon fason arbitrè. Si nou dézobéyi youn, nou dézobéyi tout laloua-a. [2069, 2079]

Karaktéristik patikilié dis kòmandman-yo, sèké yo konséné tout lavi moun-nan. Éfektivman nou minm moun, nou gin dévoua aléga Bondié (kòmandman 1 a 3) épi aléga moun n-ap viv avèk yo-a (kòmandman 4 a 10). Réligion-an ak lavi sosial-la sé aspè fondamantal sa nou yé kòm moun.

351     Èské dis kòmandman-yo valab toujou ?

Oui, mésaj dis kòmandman-yo pa dépann dé yon kontèks istorik. Yo eksprimé dévoua fondamantal ki pap chanjé, dévoua moun-nan ginyin aléga Bondié épi aléga prochin-li, épi obligasion kòmandman-yo toujou valab tout koté. [2070-2072]

Dis kòmandman-yo sé kòmandman rézon natirèl moun-nan, épitou yo fè pati sa Bondié té révélé\* kòm obligatoua. Yo tèlman obligatoua pèsonn moun pa kapab pèmèt li pou-l pa kinbé épi pou-l pa suiv kòmandman sa-yo.

### PRÉMIÉ CHAPIT

**Sé pou rinmin Granmèt-la Bondié-ou la, ak tout kè-ou,  
ak tout nanm-ou,  
ak tout fòs-ou**

### PRÉMIÉ KÒMANDMAN-AN

Mouin sé Granmèt-la Bondié-ou,  
ou pap gin lòt dié andéyò mouin.

352     Sa sa vlé di : Mouin sé Granmèt-la Bondié-ou (Égz 20,2) ?

Paské li-minm ki gin tout Pouvoua-a té manifésté-l ba nou kòm Granmèt-nou épi Bondié-nou, nou pa doué mété anyin pi ro pasé-l, nou pa doué konsidéré anyin kòm pi inpòtan pasé-l, nou pa doué bay anyin ni pèsonn moun priorité sou li. Konnin Bondié, sèvi-l épi adoré-l, sé sa ki pou gin priorité absolu, nèt alé, nan lavi-nou. [2083-2094, 2133-2134]

Bondié ap tann pou nou ba li tout *lafoua*-nou, pou nou mété nan li tout espérans-nou, épi pou nou chèchè-l ak tout *rinmin* ki nan kè-nou. Kòmandman pou nou rinmin Bondié-a sé li ki pi inpòtan nan tout kòmandman-yo, épi sé klé tout lòt-yo. Sé poutèt sa li an-tèt tout lòt-yo.

353     Poukisa nou adoré Bondié ?

Nou adoré Bondié paské li égzisté épi lè nou réspekté-l épi nou adoré-l nou bay Révélation li-an ak prezans li-a répons ki konvnab-la. *Granmèt Bondié-ou la ou-ap adoré, épi li minm sèl ou-ap sèvi* (Mt 4,10). [2095-2105, 2135-2136]

Adoré Bondié, sé nan avantaj moun-nan, paské sa libéré-l pou-l pa soumèt anba puisans ki sou tè sa-a. Tout koté yo pa adoré Bondié, tout

koté yo pa konsidéré-l ankò kòm Mèt lavi-a ak lanmò-a, gin lòt réalité ki angoufré nan plas li-a épi yo mété doua moun-nan an danjé. ↵ 485

354     *Èské yo kapab fósé yon moun kouè ?*

Non. Yo pa kapab oblijé pèsonn moun kouè, minm pròp pitit panou ; konsa tou, yo pa kapab anpéché okinn moun kouè. Chak moun doué kapab désidé an tout libèté pou-l kouè. Min sé vokasion krétyin-yo pou avèk paròl yo épi égzanp yo, yo édé lòt-yo jouinn chémin lafoua-a. [2104-2109, 2137]

Pap Jan-Pòl II di : « Évanjélizasyon-an ak témoagnaj an favè Kris-la pa kontré ak libété-a, lè yo fè yo antan yo réspékté konsians moun-yo... Lafoua-a mandé pou moun-nan aksépté-l libréman, min yo doué propozé-l » (ansiklik *Redemptoris Missio*, 1990, 8).

355     *Sa sa vlé di : Ou pa doué gin lòt dié pasé-m ?*

Kòmandman sa-a intèdi nou :

- adoré lòt dié oubyin zidòl, oubyin adoré yon moun sou tè-a tankou yon idòl, oubyin idolatré yon réalité matériel (lajan, infliyans, siksè ak réyisit, bëlté, jénès, etc.).
- fè sipèstision, sètadi, olié nou kouè nan puisans Bondié, nan Providans-li, nan bénédiksion\*-l, nou vîn ésklav pratik ézotérik, majik, oubyin souadizan sians sékrè, oubyin nou lagé kò-nou nan divinò (chèché konnin sa-k pral rivé) oubyin spiritism (invoké éspri moun ki mouri).
- défié Bondié, ba-l défi nan paròl ak nan aksion nou-yo.
- fè sakrilèj\*.
- rivé gin yon pouvoua spirituèl antan nou achté moun pa anba, épitou profané sa ki sakré ak kòmès (simoni). [2110-2128, 2138-2140]

256     *Èské ézotérism-nan kapab konpatib ak lafoua krétyin-an ?*

Non. Ézotérism-nan pasé akoté vérité sou Bondié-a. Bondié sé yon pèrsòn, li sé rinmin épi sous lavi-a, li pa yon sinp énèji san vizaj nan inivè-a. Bondié té vlé moun-nan égzisté épi li té kréyé-l, min moun-nan nan li-minm pa Bondié, li sé yon kréati péché-a blésé, épi ki bézouin yo sové-l pou-l kapab chapé anba lanmò définitif-la. Alòské anpil moun k-ap suiv ézotérism-nan kouè moun-nan kapab sové pròp tèt-li, krétyin-yo minm kouè sé Jézu-Kri sèl épi gras Bondié-a ki kapab sové yo. Nati-a ak inivè-a (kòsmòs-la) pa kapab sové nou non plis (pantéism\*). Sé Kréatè-a sèl, nan gran rinmin li

**gin pou nou-an, li-minm ki pi gran alinfini épi ki anro tout bagay, ki kapab sové nou. [2110-2128]**

Jodi-a, pou yo kapab pran souin santé yo, anpil moun ap fè yoga oubyin ap patisipé nan séans méditation transandantal (méditation\*) pou yo kapab fè ékspérians silans-la oubyin santré sou yo-minm, oubyin pou yo santi kò-yo yon lôt jan. Téknik sa-yo pa toujou inosan. Anpil foua y-ap poté yon doktrîn, yon ansègnman, ki kontré ak lafoua krétyin-an : sé ézotérism\*-nan. Yon moun rézonab (ki byin nan tèt) pa doué kité vizion sa-yo tanté-l, sé vizion ki ouè tè-a yon fason irasionèl koté t-a gin yon foul fantôm, baka ak éspri anjélik (ézotérik), koté yo kouè nan maji, épi koté t-a gin inisié ki posédé yon sians sékrè, kaché, foul-la ki ignoran-an pa kapab rivé konnin-l. Déja nan ansyin Israèl-la yo té dénoncé kouayans nan zidòl-yo ak éspri-yo ki té bagay nòmal lakay lôt pèp alantou-l yo. Sé Bondié sèl ki Grammèt, pa gin lôt Bondié pasé-l. Pa gin okinn téknik majik non plis ki t-a pèmèt moun-nan posédé, kontrolé « Bondié », fòsé inivè-a maché dapré sa yo pansé oubyin sové propèt tèt yo. Anpil bagay y-ap fè nan ézotérism-nan, bagay sa-yo pou yon krétyin sé sipèstision\* épi fo-sians sékrè.

357      *Èské atéism-nan sé toujou yon péché kont prémié kòmandman-an ?*

**Si moun-nan pa-t janm tandé palé dé Bondié, oubyin si moun-nan égzaminé késion égzistans Bondié-a ak tout nanm ak tout kon-sians-li min li pa rivé kouè, atéism-nan pa t-a yon péché. [2127-2128]**

Li difisil pou nou distingé ant « mouin pa kapab kouè » épi « mouin pa vlé kouè ». Konpòtman ki fè nou réjté lafoua-a san nou pa chèché aprofondi-l oubyin paské tou simpléman nou pansé li pa gin impòtans, anpil foua li pi grav pasé yon atéism moun-nan réfléchi sou li. ↵ 5

358      *Poukisa nan Ansyin Téstaman-an yo té intèdi fè okinn répre-zantasion Bondié épi poukisa nou minm krétyin-yo nou pa suiv règ sa-a minm jan jodi-a ?*

**Pou protéjé mistè Bondié-a, épi pou pran distans parapò a imaj rélijion payin-yo, prémié kòmandman-an té dékläré : Ou pap fè okinn pòtré [Bondié] (Égz 20,4). Min kòm Bondié nan Jézu-Kri vîn gin yon vizaj moun, rélijion krétyin-an pèmèt sèvi ak imaj. Nan l'Égliz oriantal-yo minm, yo konsidéré ikòn\*-yo kòm sakré. [2129-2132, 2141]**

Rélijion juif-la ak mizilman-an jodi-a, tankou patriarch Israèl-yo pansé Bondié dépasé tout bagay (transandans\*) épi li pi gran alinfini pasé tout bagay ki sou tè-a, sé poutèt sa yo intèdi tout réprésantasion Bondié. Nan rélijion krétyin-an, intèdikcion imaj-yo vîn asoupli dépi katriyèm sièk-la an référans a Kris-la épi dézièm Konsil Nisé-a (787) lévé intèdikcion-an nèt. Poutèt inkarnasyon-an (Paròl-la ki tounin moun-nan), li pa inposib ankò pou réprésanté Bondié : apati Jézu, nou kapab gin yon imaj sa Bondié yé-a : *Moun ki ouè-m, li ouè Papa-a* (Jn 14,9). ↵ 9

## DÉZIÈM KÒMANDMAN-AN

Nou pap prononsé non Granmèt-la pou manti (fo-sèman)

359 *Poukisa Bondié vlé pou nou sanktifié non-li ?*

**Rélé yon moun ak non-l sé yon sign konfians. Bondié té révélé nou non-l, li fè nou konnin-l atravè Non sa-a, pou pèmèt nou rivé koté-l. Bondié sé vérité nèt alé. Moun ki prononsé Non Vérité-a, antan l-ap sèvi ak li pou bay manti, li fè yon péché grav.** [2142-2149, 2150-2155, 2160-2162, 2163-2164]

Sé ak réspè pou nou prononsé Non Bondié. Si nou konnin-l sé paské Bondié té konfié nou-li. Non-an sé klé ki ouvri kè-l ki gin Tout Pouvoua-a. Sé poutèt sa sa grav pou blasfémé Non Bondié, pou sèmanté épi fè fo-promès nan non-li. Konsa dézièm kòmandman-an sé yon kòmandman ki protéjé tout sa ki « sakré » an jénéral. Gin koté, gin bagay, gin non, gin moun Bondié touché, Bondié maké yo, épi poutèt sa yo « sakré ». Lè nou sansib pou sa ki « sakré », yo rélè sa réspè oubiyin vénérasion. ↵ 31

360 *Sa sign lakoua-a vlé di ?*

**Lè nou fè sign lakoua-a, nou mété nou anba protéksion Sint Trinité-a.** [2157, 2166]

Nan kòmansman jounin-an, nan kòmansman yon priyè, min tou anvan li kòmansé kichòy ki inpòtan, krétyin-an fè sign lakoua-a antan l-ap di « Onon Papa-a, ak Pitit-la ak l'Espri-Sin-an ». Lè nou invoké Non toua Pèrsòn divîn-yo, sa sanktifié sa n-ap fè-a. Sa fè nou jouinn yon bénédikcion\* épi sa ba nou fòs nan difikilté nou-yo ak nan tantasian nou-yo.

361 *Pou krétyin-yo, ki inpòtans non yo té résévoua nan batèm-nan ginyin ?*

**Nan batèm-nan, krétyin-an résévoua yon non « onon Papa-a, ak Ptit-la ak l'Éspri-Sin-an ». Non-an ak vizaj-la fè moun-nan pa gin parèy dévan Bondié. Pa pè, mouin rélé-ou sou non-ou, sé pou mouin ou yé (Iz 43,1). [2158]**

Krétyin-yo réspékté non yon moun, paské sa gin rapò séré ak idantité épi dignité moun-nan. Dépi lontan, krétyin-yo té toujou chèché prénon yon sin pou yo bay pitit yo. Yo fè sa antan yo épéré sin patron-an ap yon modèl pou timoun-nan, épi yon intèsésè pou li kot Bondié. → 201

#### TOUAZIÈM KÒMANDMAN-AN Sonjé jou saba-a pou-ou sanktifié-l

362     *Poukisa yo té konn sélébré saba-a nan Israèl?*

**Pou pèp Israèl-la, Saba-a té yon gran sign pou fè sonjé Bondié Kréatè-a, Libératè-a. [2168-2172, 2189]**

Saba\*-a fè sonjé toudabò sétièm jou kréasion-an. Sa-k ékri-a di Bondié té répozé, *li té pran souf* (Égz 31,17), konsa sa sé kòm yon otorizasian pou tout moun pou yo kanpé sou travay yo pou yo ralé souf. Minm ésklav-yo té gin doua réspékté saba-a. Sa fè sonjé tou yon lòt gran sign l-ap raplé : Libération Israèl sot anba ésklavaj Éjip-la : *Epi sé pou-ou sonjé sé ésklav ou té yé nan péyi Éjip, min Granmèt Bondié-ou la fè-ou soti koté sa-a avèk min ki gin fòs, épi avèk bra déplouayé, sé pousa Granmèt Bondié-ou la kòmandé-ou pou-ou fè jou sa-a saba* (Dt 5,15). Saba-a sé yon fêt libèté moun-nan ; jou saba-a, yo kapab « ralé souf ». Jou sa-a, pap gin ni ésklav ni mèt sou tè-a. Nan tradision rélijion juif-la jou libèté ak répo sa-a yo viv li kòm yon avangou lòt tè ki gin pou vini-an. → 47

363     *Ki konpòtman Jézu parapò a saba-a ?*

**Jézu rékonèt saba\*-a sin, min, an minm tan, ak gran otorité, li pran distans-li parapò a saba-a, li dékläré : Saba-a sé pou moun-nan li fêt, sé pa moun-nan ki pou saba-a (Mk 2,27). [2173]**

Kòm Jézu té pran libètè géri moun nan jou saba-a épi mété mizérikòd ak konpassion-an nan kè kòmandman répo saba-a, juif nan tan-l yo t-ap pozé tèt yo késion : sé soua Jézu sé Mési-a Bondié voyé-a épi lè sa-a / sé mèt saba-a (Mk 2,28), oubiyin li sé yon sinp moun épi konpòtman-nan aléga saba-a sé yon péché kont laloua-a.

364      *Poukisa krétyin-yo ranplasé sélébrasion saba-a ak dimanch-la ?*

**Krétyin-yo ranplasé sélébrasion saba\*-a ak sélébrasion dimanch-la paské sé yon dimanch Jézu résisité sot nan pamì mò-yo. Min « jou Granmèt-la » gin kèk éléman saba juif-la. [2174-2176, 2190-2191]**

Konsa dimanch-la gin toua éléman ésansièl pou krétyin-yo : 1. Li fè sonjé kréasion tè-a épi li fè limiè fèt kè kontan ki sot nan bonté Bondié-a pasé nan moman aktuel-la. 2. Li fè sonjé « uitièm jou kréasion-an » épi nouvo kréasion Jézu-Kri inogiré-a. (Jan yon priyè di nan Véyé paskal-la : « Bondié, ki té kréyé moun-nan yon fason admirab épi ki té rachté-lyon fason pi admirab ankò »). 3. Li sèvi tou ak motif répo-a, pa sèlman pou sanktfié sispann yo sispann travay-la, min pou anonsé dépi koulié-a répo pou tout tan-an moun-nan jouinn nan Bondié-a.

365      *Kòman krétyin-yo fè dimanch-la tounin « jou Granmèt-la » ?*

**Yon krétyin katolik al lamès lè dimanch (oubuin samdi nan asouè). Li sispann tout aktivité ki anpéché-l okipé sèvis priyé Bondié-a oubuin ki troublé kè kontan, répo oubuin détant ki karaktéristik jou Granmèt-la. [2177-2186, 2192-2193]**

Kòm dimanch-la sé fèt Pak yo sélébré chak sémèn-nan, dépi o kòmans-man, krétyin-yo rasanblé jou sa-a pou sélébré Sovè-a, di-l mèsi, fè youn ak li épi viv an kominion ak tout moun ki sové-yo. Donk sé yon dévoua pou tout katolik pou-l « sanktfié » dimanch-la ak lòt jou fèt l'Égliz-la mété-yo. Nou kapab égzanté parapò a obligasion sa-a sèlman si gin yon dévoua familial pou nou fè ki ijan oubuin yon gro responsabilité sosial. Kòm patisipasion nan Ékaristi\* jou dimanch-la fondamantal pou tout lavi krétyin-an, l'Égliz-la konsidéré sé yon péché grav pou yon moun manké Mès lè dimanch san rézon grav. ↗ 219, 345

366      *Poukisa li inpòtan pou léta kinbé dimanch-la kòm jou fèt ?*

**Dimanch-la sèvi pou byin sosiété-a, paské li sé sign nou vlé anpéché réalité travay-la dominé moun-nan nèt. [2188, 2192-2193]**

Nan péyi koté rélijion krétyin-an gin anpil infliyans, non sèlman krétyin-yo mandé léta pou-l protéjé dimanch-la, min tou yo fè atansion pou yo pa mété sou zépòl yon lòt travay yo minm yo pa t-a vlé fè jou dimanch-la. Chak moun doué patisipé nan ralé kréasion-an ap « ralé souf »-la.

DÉZIÈM CHAPIT  
Sé pou-ou rinmin prochin-ou tankou pròp tèt-ou

KATRIYÈM KÒMANDMAN-AN  
Réspékté papa-ou ak manman-ou

367     *Osijè kiyès katriyèm kòmandman-an ap palé épi kisa li mandé nou ?*

**Katriyèm kòmandman-an konséné toudabò paran biolojik nou-yo, min tou tout lòt moun sé gras a yo-minm nou gin lavi, byinnèt, sékirité épi lafoua-a. [2196-2200, 2247-2248]**

Rinmin, rékonésans épi réspè nou doué paran nou-yo, sa doué réglé rélation nou ginyin ak lòt moun ki responsab nou tou. Nou doué réspékté tout moun Bondié mété pou byin-nou épi li ba yo pròp otorité pa-l la : paran nou-yo, épi bò-pè ak bél-mè nou, grammoun ki nan fanmi nou épi gran-paran nou-yo, édikatè nou-yo, profésè nou, patron nou, sa nou voté pou yo-a. Nou gin dévoua aléga tout moun sa-yo dapré katriyèm kòmandman-an. Nan yon sans pi laj, kòmandman sa-a ranvouayé nou tou nan dévoua nou ginyin kòm sitouayin aléga léta-a. → 325

368     *Ki plas fanmi-an ginyin nan plan Bondié-a ?*

**Yon gason ak yon fi ki marié fòmé ak pitit yo yon fanmi. Bondié vlé pou sé apati rinmin paran-yo timoun-yo pran nésans si sa posib. Timoun-yo yo konfié bay souin ak protéksion paran-yo gin minm dignité ak paran-yo. [2201-2206, 2249]**

Nan profondè intimité sa-l yé-a, Bondié sé kominion. Fanmiy moun-nan sé imaj fondamantal kominion moun-yo. Fanmi-an sé pi gran lèkòl pou viv an rélation. Pa gin okinn lòt koté timoun-yo grandi pi byin pasé nan yon fanmi ki ini, koté yo vlopé yo ak aféksion épi ak rinmin, ak réspè épi koté youn responsab lòt. Lafoua-a grandi tou nan fanmi-an ; dapré ansègnman l'Égliz-la, fanmi-an sé yon ti l'Égliz, « yon Égliz familial », kominoté lafoua, espérans ak charité, k-ap évanjélisé poutèt l-ap briyé.

→ 271

369     *Poukisa anyin pa kapab ranplasé fanmi-yo ?*

**Tout timoun pran nésans sot nan yon papa ak yon manman, épi li békouin chalè ak protéksion yon fanmi pou-l grandi nan kontant-man ak nan sékirité. [2207-2208]**

Fanmi-an sé sélil ki alabaz sosiété moun-nan. Valè ak prinsip ki ladan-  
yo déplouayé pi laj nan yon vi sosial koté gin rapò solidarité tout bon. ↵  
516

370 *Poukisa léta doué asiré protéksion ak promosion fanmi-yo ?  
Byinnèt ak avni yon léta dépann dé kijan fanmi-an, ki sélil ki pi piti  
ladan-l, réyisi viv épi dévlopé, épanouyi. [2209-2213, 2250]*

Kòm fanmi-an sé sélil ki sous sosiété-a, okinn léta pa gin doua gouvènè-l, ni siprimé doua li ginyin pou-l égzisté-a. Okinn léta pa gin doua défini fanmi-an yon lòt jan pasé sa-k konfòm ak mision li ginyin nan plan Kréasion-an. Okinn léta pa gin doua anpéché-l égzèsé fonksion élémantè li ginyin-yo, an patikilié nan késion édikasyon timoun-yo. Okontré, tout léta gin kòm dévoua pou-l soutni épi édé fanmi-yo épi pou-l véyé yon fason pou éféktivman yo satisfè békouin matérièl yo.

371 *Kòman yon timoun réspékté paran-li ?  
Yon timoun réspékté paran-li lè li rinmin yo épi li gin rékonésans  
pou yo. [2214-2220, 2251]*

Timoun-yo doué gin rékonésans pou paran yo, toudabò paské sé nan rinmin paran yo propè lavi pa-yo soti. Yo manifésté rékonésans sa-a pandan tout lavi yo ak yon rélasion rinmin, réspè, responsabilité épi ak yon obéysans rézonab. Si paran-yo nan yon sitiasion mizè, maladi oubiyin viéyès, pitit yo doué pran souin yo avèk aféksion.

372 *Kòman paran-yo réspékté pitit yo ?  
Bondié konfié timoun-yo bay paran yo pou paran-yo sèvi yo modèl  
fèmté ak douati, pou yo rinmin timoun-yo, réspékté yo épi fè tou sa  
yo kapab pou timoun-yo dévlopé, épanouyi ni fizikman ni spirituèl-  
man. [2221-2231]*

Timoun-yo sé yon kado Bondié, sé pa propriété privé paran-yo. Yo sé pitit Bondié toudabò, anvan yo sé pitit paran yo. Pi bèl dévoua paran-yo sé fè yo konnin Bòn Nouvèl-la épi transmèt yo lafoua krétyin-an. ↵ 374

373 *Kòman pou nou viv lafoua-a anndan fanmi-an ?  
Yon fanmi krétyin doué yon ti l'Égliz\*. Tout manb li-yo gin pou yo  
édé youn lòt grandi nan lafoua-a épi éséyé dépasé youn lòt antan  
yo cho pou rinmin Bondié-a. Yo tout t-a doué priyé ansanm, priyé  
youn pou lòt, épi viv rinmin pou prochin-an ansanm. [2226-2227]*

Paran-yo gin responsabilité transmèt lafoua-a bay pitit-yo épi fè batizé yo. Yo nan sèvis pitit yo antan y-ap témoagné lafoua-a ba yo ; sa vlé di li inpòtan pou yo fè pitit yo santi kijan sa gin valè épi sé yon bon bagay pou yo viv nan prezans Bondié, toupré-l. Min yon jou sé paran-yo ki doué fè atansion konsidéré lafoua pitit yo épi tandé kijan Bondié ap palé atravè pitit sa-yo, paské anpil foua lafoua jèn-yo konn gin anpil dévouman ak anvi bay Bondié lavi yo, épi « paské anpil foua, sé yon jèn Granmèt-la konn révélé sa-k pi bon-an » (S. Benoua de Nursie, *Regula*, chap. 3,3).

**374 Poukisa Bondié pi inpòtan pasé fanmi-an ?**

**Pèsonn pa kapab viv san rélasion ak lòt moun-yo. Pou chak moun rélasion ki pi inpòtan-an sé sa-l ginyin ak Bondié-a. Rélasion sa-a pasé anvan tout rélasion ak moun-yo, minm anvan rélasion familial-yo.** [2232-2233]

Timoun-yo sé pa propriété privé paran-yo, ni paran-yo pa propriété privé pitit yo. Tout moun sé pou Bondié dirèktéman, li pa gin lòt rapò absolu épi pou tout tan si sé pa avèk Bondié. Sé konsa pou yo konprann sans parlò Jézu di moun li relé-yo : Sa-k *rinmin* *papa oubyin manman plis pasé-m*, *li pa méríté-m*, épi *sa-k rinmin* *pitit gason oubyin* *pitit fi plis pasé-m*, *li pa méríté-m* (Mt 10,37). Sé poutèt sa paran-yo ap rinnèt pitit yo avèk konfians nan min Bondié, si Granmèt-la rélé-l pou-l bay lavi-l kòm prêt\*, kòm relijié oubyin relijiéz. ↵ 145

**375 Kòman yo doué égzèsé otorité-a ?**

**Moun k-ap égzèsé otorité-a doué toujou fè-l kòm yon sèvis antan y-ap suiv égzanz Jézu-a. Yo pa doué janm fè-l yon fason arbitre dapré kapris yo.** [2234-2237, 2254]

Jézu té montré nou, yon foua pou tout, kijan yo doué égzèsé otorité-a. Li-minm ki té gin otorité nan pi ro dégré-a li fè tèt-li tounin sèvitè épi li pran dènié plas-la : *li lavé pié dissip li-yo* (Jn 13,1-20). Paran-yo, profésè-yo, édikatè-yo, sa yo voté-yo, sé Bondié ki ba yo otorité yo-a ; ròl yo sé pa dominé moun yo konfié yo-a, min égzèsé épi konprann résponsabilité édikatif oubyin politik yo ginyin-an kòm yon sèvis. ↵ 325

**376 Ki dévoua sitouayin-an aléga léta-a ?**

**Tout sitouayin doué kolaboré sinsèman ak otorité nan péyi-l yo épi patisipé nan byin komin-an ak yon espri vérité, jistis, libète épi solidarité.** [2238-2246]

Yon krétyin doué rinmin patri-li épi défann li nan divès fason lè sa nésésè, épi byin dakò pou-l mété-l osèvis pouvoua sivil-yo. Li gin dévoua pou-l voté épi pou-l pa ralé kò-l lè-l gin pou-l péyé inpo li doué-yo an tout jistis. Min tout sitouayin yon léta démokratik sé yon moun lib, ki gin doua fondamantal : li gin doua kritiké, nan pèspéktiv pou-l édé, gouvènman-an ak pouvoua sivil-yo. Léta la pou moun-nan, sé pa moun-nan ki égzisté pou léta-a.

377 *Kilè yo doué réfizé obéyi léta ?*

**Pèsonn pa oblijé suiv lòd yon gouvènman, si lòd sa-yo t-a kontré ak laloua Bondié-a. [2242-2246, 2256-2257]**

Apot\* sin Piè té invité obéyi pouvoua sivil-yo yon fason rélatif, lè-l té di : *Nou doué obéyi Bondié pasé lèzòm* (Tr 5,29). Yon krétyin gin obligasion an konsians pou-l réfizé obéyi épi pou rezisté kont tout loua rasis, séksis oubiyin ki kontré a doua moun-nan ginyin pou-l viv-la.

SINKIÈM KÒMANDMAN-AN

Ou pap touyé

378 *Poukisa nou pa gin doua touyé pròp tèt-nou ni touyé yon lòt moun ?*

**Sé Bondié sèl ki mèt lavi-a ak lanmò-a. Yo pa pèmèt pèsonn moun touyé yon lòt moun sof nan ka léjitim défans. [2258-2262, 2318-2320]**

Touyé yon moun sé déréspékté Bondié. Lavi moun-nan sakré, sètadi sé pou Bondié li yé, sé propriété privé-l. Minm pròp lavi pa-nou, sé konfié yo konfié nou li : Bondié ba nou li, sé li-minm sèl ki kapab reprann li. Liv Égzòd-la di tékstuèlman : *Pa touyé* (Égz 20,13)

379 *Ki aksion sinkièm kòmandman-an intèdi ?*

**Li intèdi touyé moun épi koopéré nan édé touyé moun. Minm nan sitiasion lagè, yo pa gin doua asasin moun. Li intèdi avòtman dirèk dépi timoun-nan fèk fòmè nan vant manman-l. Li intèdi moun-nan touyé tèt-li, koupé pròp manb-li épi détoui pròp tèt-li. Li intèdi sa yo rélé « eutanazi »-a tou, sa vlé di touyé moun ki gin yon andikap, ki malad oubiyin ki prêt pou mouri. [2268-2283, 2322-2325]**

Ampli foua kounié-a y-ap éséyé pasé akoté intèdiksion touyé moun-nan antan y-ap mété dévan rézònman ki t-a apparamman an favè moun-nan. Min ni eutanazi-a, ni avòtman-an pa solision ki an favè moun-nan. Sé

poutèt sa l'Égliz-la byin klè sou késion sa-yo. Moun ki patisipé nan yon avòtman, moun ki ankourajé lòt fè-l oubyin ki konséyé-l sa, moun sa-a ékskominié tèt-li. Sa vo pou tout lòt ka koté yo chèché touyé moun. Min si sé yon malad mantal ki touyé tèt-li, responsabilité-l mouins, li diminié ; anpil foua li kapab pa résponsab ditou. → 288

380     *Nan ka léjitim défans èské nou kapab ésényé touyé yon moun ?  
Tout moun k-ap ésényé détoui lavi yon lòt sé pou yo anpéché-l fè  
sa, minmsi sa doué rivé nan lanmò agrésè-a.* [2263-2265, 2321]

Non sèlman létijim-défans-la sé yon doua, min li kapab yon dévoua grav pou moun ki résponsab lavi lòt moun. Min li pa doué sèvi ak mouayin ki égzajéré oubyin ak yon violans san mézi.

381     *Poukisa l'Égliz-la kont pèn kapital-la ?  
L'Égliz-la angajé kont pèn kapital-la paské li konsidéré li trò rèd épi  
li initil (Jan-Pòl II, Saint Louis, 27 janvié 1999).* [2266-2267]

Yon léta gin doua fondamantalman pou li inflijé yon pèn, bay yon chatiman ki propòsionèl ak gravité krim-nan. Nan *Evangelium vitae* (1995), Pap-la di sé yon bagay ki inakséptab épi iléjitim nan ninpòt ka pou yo sèvi ak pèn kapital-la. Min li konsidéré siprimé lavi yon kriminèl sé yon pinision ekstrèm léta pa t-a doué inflijé sof nan ka yon « nésésité absolu, total » : sa vlé di si pa t-a gin okinn lòt mouayin pou protéjé sosiété-a pasé touyé koupab-la. Min jan Pap Jan-Pòl II di-a, ka nésésité absolu sa-yo ki t-a jistifié pèn kapital-la « yo vin ra anpil kounié-a, épi an réalité pratikman yo pa égzisté ankò ».

382     *Èské yo pèmèt pou aktivman yo « édé yon moun mourir » ?  
Patisipé aktivman nan fè yon moun mourir sé toujou yon fot kont  
kòmandman ki di pa touyé-a (Égz 20,13). Min okontrè, akonpagné  
yon moun lè l-ap fè pasaj-la pou-l mourir-a sé yon dévoua charité-a.* [2278-2279]

Lè yo palé osijè eutanazi aktif épi eutanazi pasif sa fè diskision y-ap fè-yo pa klè minm. An réalité tout késion-an sé èské y-ap touyé yon moun ki pral mourir oubyin èské y-ap pran souin-l pou-l kapab mourir nan dignité. « Édé yon moun aktivman » pou fè-l mourir, sa kontrè ak sinkièm kòmandman-an ; min akonpagné yon moun nan dènié moman lavi-li, sé obéyi kòmandman rinmin pou prochin-an. Nan dènié ka sa-a sé lè yo konsidéré lanmò malad-la prêt pou rivé, pou yo sispann tout démach médikal ekstraodinè, ki kouté chè anpil, ki dispropòsioné

parapò a rézulta yo kapab jouinn-nan. Sé moun ki pral mouri-a ki pou pran désision sa-a si-l kapab sinon yon mandatè légal ki réspékté volonté malad-la. Poutan, yo pa doué janm sispann souin òdinè yo doué bay yon moun alafin lavi-li, sé yon égzijans rinmin pou prochin-an épi mizérikòd-la. Min, li kapab léjitim épi konfòm ak dignité moun-nan pou yo bay pasian-an kék analjézik (pou kalmé doulè-li) minmsi sa t-a riské présipité lanmò-li, paské la-a sé pa lanmò-l y-ap chèché ni kòn finalité ni kòn mouayin. ↵ 393

383 *Poukisa moralman yo pa kapab dakò pou fè avòtman yon anbriyon nan okinn moman égzistans-li ?*

**Lavi-a sé yon kado Bondié, sé afè Bondié li yé dirèktéman.** Dépi prémie moman konsépsion-an lè lavi-a fòmè nan vant manman-an, li sakré, épi yo pa gin doua kité okinn moun manyin-l, manipilé-l. **Anvan-m té fòmè-ou nan vant, mouin té konnin-ou ; anvan-ou té sotí nan vant, mouin té fè-ou sin** (Jér 1,5). [2270-2274, 2322]

Sé Bondié sèl ki mèt lavi-a ak lanmò-a. Lavi « mouin » pa pou mouin. Tout timoun, dépi-l fòmè nan vant manman-l gin doua pou-l viv. Dépi prémie moman-an, moun-nan ki pa ko soti nan vant-la sé yon moun tout bon nan li-minm, li gin doua pèsonn moun pa gin doua manyin, ni léta, ni yon médsin, minm pa manman-l. Si l'Égliz palé klèman konsa sou késion sa-a, sé pa paské li san konpassion, min sé paské li byin fè ouè domaj iréparab yo fè ni moun inosan-an, ni paran-l yo, ni tout sosiété moun-nan. Protéjé lavi sa-k inosan-an sé youn nan pi gran dévoua léta ginyin. Si-l pa fè dévoua-a l-ap détouï fondman strikti jiridik léta-a (« état de droit »). ↵ 237, 379

384 *Èské yo kapab avôté yon timoun andikapé ?*

**Non. Avôté yon timoun andikapé sé toujou yon krim grav minmsi yo t-a vlé di rézon pou fè sa-a sé épagné yo vlé épagné timoun-nan anpil soufrans li t-a gin pou-l sibi.** ↵ 280

385 *Èské yo gin doua fè réchèch sou anbriyon vivan épi sou sélil souch anbriyon-yo ?*

**Non. Yo doué trété anbriyon-yo kòn moun tout bon, paské lavi moun-nan kòmansé dépi spèrmatozoyid-la fékondé ovul-la.** [2275, 2323]

Sèvi ak anbriyon kòmsi sé té matérièl biologik, produi-yo épi pran sélil-yo pou fè ékspérimentasion siantifik sé yon bagay ki imoral nèt. Min réchèch yo fè sou sélil souch adilt-yo mérité yon lòt jjiman paské sé pa

moun yo pral tounin. Intèvansion médikal sou anbriyon-an pa kapab lisit sof si objéktif-la sé gérizon timoun-nan épi yo bay garanti y-ap réspékte lavi ak intégrité timoun-nan épi pap gin danjé ni domaj ki grav. ↗ 292

386 *Poukisa sinkièm kòmandman-an protéjé intégrité moun-nan ? Doua pou viv-la ak dignité kòm moun-nan, yo maché ansanm. Yo inséparab. Kòmandman-an protéjé lavi spirituèl-la tou.* [2284-2287, 2326]

Kòmandman ki di *Pa touyé-a* konséné ni intégrité spirituèl ni intégrité kòporèl moun-nan. Invité épi pousé yon moun fè sa ki mal, anpil foua gras a violans, sé yon péché grav, sitou lè yo fè sa poutèt yo gin otorité sou moun-nan. Sa grav yon fason spésial lè sé adult k-ap brimé timoun. Sé pa sèlman ka abi séksuèl-yo, min tout mové konsèy paran, prèt\*, profésè oubiyin édikatè bay pou détounin timoun-yo parapò a valè moral-yo.

387 *Kòman nou konsidéré kò-nou ?*

Dapré sinkièm kòmandman-an, nou pa gin doua fè violans sou pròp kò-nou. Jézu invité nou éksplisitman pou nou aksépté pròp tèt-nou jan nou yé-a épi pou nou rinmin pròp tèt-nou : *Ou-a rinmin prochin-ou nan tankou ou minm* (Mt 22,38).

Moun k-ap koupé oubiyin détoui pròp kò-yo, anpil foua yo fè-l kòm réaksion parapò a santiman ki fè yo pansé lòt pa rinmin yo asé oubiyin yo abandoné yo. Nou doué rinmin yo ak tout kè-nou toudabò. Min, andeyò ka patikilié koté nou kapab fè yon lòt kado yon ògàn pa-nou, sa doué klè moun-nan pa gin doua détoui kò Bondié ba li-a. ↗ 379

388 *Ki inpòtans santé-a ?*

Santé-a sé yon byin ki gin anpil valè, min sé pa yon valè absolu. Nou doué di Bondié mèsi pou kò li ba nou-an épi nou doué pran souin kò sa-a, san nou pa tonbé nan « adoré pròp kò-nou » (*culte du corps*). [2288-2290]

Dévoua pouvoua publik-yo sé véyé sou santé sitouayin-yo, kréyé kondision ki pèmèt éfektivman yo jouinn manjé pou yo manjé, yon kay pou yo rété nan bon kondision ijien, épi yon protéksion sosial ak yon protéksion médikal.

389      *Poukisa pran dròg sé yon péché grav ?*

**Abitid pran dròg détoui santé-a donk li kontré ak lavi Bondié ban nou poutèt li rinmin nou-an. [2290-2291]**

Tout dépendans anba dròg légal-yo (alkòl, médikaman, tabak) épi pi plis toujou anba dròg ilégal-yo, détoui santé moun ki vîn ésklav yo antan yo mét nan têt-yo sé konsa y-ap lib, épi li mété santé lôt moun an danjé. Konsomé dròg dégradé moun-nan, sé minm bagay-la tou pou éksè nan manjé ak nan bouè, dépravasion séksuèl oubyin éksè vitès, tout bagay sa-yo fè moun-nan pèdi dignité-l, nui libèté lôt moun épi konsa sé yon mank déga pou Bondié. → 286

390      *Èské yo pèmèt fè réchèch siantifik sou moun ?*

**Sé sèlman lè rézulta y-ap chèchè-a osèvis santé moun-nan épi pa gin lôt mouayin pou rivé jouinn li, yo pèmèt fè ékspérimentasion siantifik, psikolojik oubyin médikal sou moun vivan. Antouka sa doué fèt sèlman si moun ki konsèn-a bay konsantman-l apré yo fin ékspliké-l konsékans-yo. [2292-2295]**

Fòk danjé ki gin nan ékspérimentasion-an limité anpil. Sèvi ak moun vivan pou fè réchèch sou yo antan yo pa vlé, sé yon krim. Ka Dokte Wanda Poltawska ki t-ap rezisté kont Alman-yo an Pològn fè nou sonjé kisa y-ap riské nan ékspérimentasion siantifik-yo ni yè ni jodi-a. Wanda té yon zanmi Pap Jan-Pòl II. Pandan dominasision nazi-yo, Wanda Poltawska té viktim ékspérimentasion kriminèl ki t-ap fèt nan kan konsantrasion Ravensbrück-la. Apré lagè-a, gran psikiat sa-a té milité pou yon chanjman nan étik médikal-la épi li tounin manb fondatè Akadémi pontifikal pou lavi-a.

391      *Poukisa sa inpòtan pou nou fè yon lôt moun kado ògàn-nou lè sa posib ?*

**Fè kado ògàn-nan kapab prolongé lavi malad-yo oubyin amélioré konfò lavi-yo. Sé poutèt sa sé yon gran sèvis nou rann prochin-nou. Min sé an tout libèté pou donè-yo rann sèvis sa-a. [2296]**

Sé pou yo sètin ak asirans sé lè-l té vivan donè-a té bay konsantman-l an tout libèté ak konsians klè épi sé pa provoké yo provoké lanmò moun-nan pou yo pran ògàn-li. Gin kèk prélèvman ògàn yo fè sou moun vivan, tankou pou mouèl zo-a oubyin pou yon rin. Lôt prélèvman ògàn-yo pa doué fèt si pa gin asirans total sèvo donatè-a mouri.

392 *Kisa yo kapab fè ki détoui intégrité kò moun-nan ?*

**Sé violans, kidnapîng, pran moun kòm otaj, zak téroris, malminnin moun, violé, fè opération pou stérilisé moun-nan, épitou lè yo koupé manb yon moun san rézon, oubyin lè yo tayé moso nan kò-l.** [2297-2298]

Pa gin anyin ki kapab jistifié fot grav sa-yo kont jistics-la, kont rinmin pou prochin-an épi kont dignité moun-nan. Okinn otorité léta pa kapab mandé fè sa. Poutèt li pran konsians tout fot krétyin-yo fè nan déroulman istoua-a, l'Égliz-la ap lité jodi-a kont tout violans fizik épi mantal, an patikilié kont malminnin moun-nan (*torture*).

393 *Kòman krétyin-yo akonpagné moun ki prêt pou mouri-yo ?*

**Krétyin-yo pa kité yon moun mouri nan izòlman. Yo édé-l viv dènié moman-l yo ak konfians nan Bondié, nan dignité épi nan lapè. Yo priyé avèk li épi yo véyé pou-l résévoua sakréman\*-yo a-tan.** [2299]

394 *Kòman krétyin-yo okipé kò défin-yo ?*

**Krétyin-yo trété kò yon défin ak réspè épi charité, antan yo pran konsians Bondié rélé moun sa-a pou-l résisité avèk kò-li.** [2300-2301]

Sé yon tradision nan kilti krétyin-an pou yo antéré yon défin yon fason ki dign, pou yo mété flè sou tonm-li, pou yo nétoutayé tonm-li. Jodi-a, l'Égliz-la aksépté lòt fòm antèman (tankou insinération-an, rédui kadav-la an sann), a kondision moun-nan pap fè sa kòm sign pou montré li pa kouè nan reziréksion kò-yo.

395 *Kisa lapè-a yé ?*

**Lapè-a sé foui jistics-la épi sign yon rinmin ki aktif. Lè gin lapè, « tout kréatu kapab rivé nan frankilité lòd-la » (S. Toma d'Akin). Lapè sou tè-a sé pòtré lapè Kris-la ki rékonsilié sièl-la ak tè-a.** [2304-2305]

Lapè sé plis pasé absans lagè oubyin yon ékilib yo byin kalkilé ant fòs k-ap konbat youn lòt (« ékilib latérè-a »). Lè gin lapè, chak moun kapab viv an sékirité, profité byin li posédé onètman-yo épi komuniké an tout libèté. Lè gin lapè, yo réspékté dignité ak libèté paròl chak moun ak chak pèp épi yo kapab viv ansanm nan solidarité kon frè. ↵ 66, 283-284, 327

396      *Èské li inpòtan pou nou konn métrizé kòlè-nou ?*

**Sin Pòl di : Fè kòlè épi pa fè péché, solèy-la pa doué kouché sou kòlè-nou (Ef 4,26). [2302-2304]**

Kòlè-a sé toudabò yon réaksion natirèl nou santi dévan yon injistis. Min lè kòlè-a tounin yon rayisans ki vlé ouè mal pou prochin-an, émosion nòmal sa-a vîn tounin yon mank charité ki grav. Tout kòlè nou pa métrizé, sitou lè li gin lidé vanjans ki akonpagné-l, kontrè ak lapè-a épi li détou « frankilité lòd-la ».

397      *Kisa Jézu pansé osijè non-violans-la ?*

Jézu aprésié aksion ki fêt san violans anpil. Li ankourajé disip li-yo konsa : *Mouin minm minm, mouin di nou : Pa résisté Mové-a : min, ninpòt moun ki souflété-ou nan machoua douat ou, lonjé lòt-la tou ba li* (Mt 5,39). [2311]

Lè Piè té vlé défann Jézu palafòs, Jézu té di-l : *Jété épé-a nan four-a* (Jn 18,11). Jézu pa mandé moun pran zam. Li pé bouch-li dévan Pilat. Chémin li chouazi-a sé mété-l bò koté viktimo, alé jous sou lakoua-a, sové tè-a ak rinmin-an épi bay sa k-ap travay pou lapè-yo rékonpans. Sé poutèt sa l'Égliz-la tou réspékté moun ki fè objéksion-konsians épi ki réfizé patisipé nan sèvis militè antan yo aksépté yon sèvis sivik. ↗ 283-284

398      *Èské krétyin-yo doué pasifist ?*

L'Égliz-la ap lité pou lapè, min li pa préché yon pasifism avèg. Yo pa kapab nié sitouayin-yo ak gouvènman-yo gin doua fondamantal pou yo pran défans tèt yo yon fason légitim ak zam yo. Min yo pa kapab jistifié lagè moralman si sé pa kòm yon dènié rékou. [2308]

L'Égliz-la di nou li pa dakò ditou ak lagè. Krétyin-yo doué fè sa yo kapab pou évité lagè éklaté antan y-ap konbat kous pou ogmanté zam-yo, antan y-ap lité kont tout fòm diskriminasion ras, étai, épi rélijion, antan l-ap bay èd-li pou fè tout injistis komèsial oubiyin sosial sispann. Sé konsa yo vlé konsolidé lapè-a. ↗ 283-284

399      *Kilè yo kapab dakò pou yo sèvi ak fòs militè-a ?*

Sé sèlman nan ka légitim défans yo kapab admèt pou yo sèvi ak fòs militè-a. Pou yon lagè kapab « jis », « kòrèk », fòk li korésponn a toua kritè sa-yo : 1. Sé otorité ki responsab-la k-ap minnin-l ; 2. Sé pou motif-la kòrèk ; 3. Sé pou intansion-an douat, kòrèk ; 4. Sé pou lagè-a sé dènié rékou ki posib ; 5. Sé pou mouayin y-ap sèvi

**ak yo-a propòsionèl ak atak-la ; 6. Sé pou yo ouè li posib pou yo ginyin batay-la. [2307-2309]**

SIZIÈM KÒMANDMAN-AN

Ou pap fè adiltè

400 *Poukisa Bondié kréyé moun-nan gason ak fi ?*

**Bondié kréyé gason-an ak fi-a youn pou lòt épi pou yo kapab rinmin youn lòt. Li mété anvi séksuèl-la nan yo épi li ba yo kapasité santi plézi-a. Li kréyé yo pou yo kapab transmèt lavi. [2331-2333, 2335, 2392]**

Sa moun-nan yé kòm gason oubyin kòm fi maké tout pèsonalité-li ; yo chak gin yon sensibilité ki diféran, yon fason diféran pou yo rinmin, yon vokasion diféran parapò a timoun-yo, yon chémin lafoua ki diféran. Konsa Bondié kréyé gason ak fi-a pou yo diféran, pou yo kapab viv youn pou lòt épi pou yo konplété youn lòt nan rinmin-an. Sé poutèt sa gason-an ak fi-a atiré youn lòt séksuèlman épi spirituèlman. Lè yon gason ak yon fi rinmin youn lòt épi yo fè youn, yo eksprimé ak sensibilité yo rinmin yo gin youn pou lòt-la nan fason ki gin plis intansité-a. Minm jan rinmin Bondié-a sé yon rinmin ki kréatè épi ki gin fékondité (li donnin foui), sé konsa tou rinmin moun-yo ginyin-an kapab donnin foui épi pro-kréyé épi bay timoun-yo lavi. ↵ 64, 260, 416-417

401 *Èské gin youn nan dé sèks-yo ki sipériè parapò a lòt-la ?*

**Non, Bondié bay gason-yo ak fi-yo minm dignité-a kòm moun. [2331, 2335]**

Bondié kréyé gason-yo ak fi-yo pòtré avèk li épi li sové yo nan Jézu-Kri, yo sé pitit Bondié. Donk ni yon krétyin ni ninpòt ki moun pa gin doua diskriminé pèsonn oubyin rabésé-l. Poutan égalité yo ginyin nan dignité yo ak nan doua yo pa vlé di gason-an ak fi-a idantik. Konsidéré yo sé minm bagay nan tout pouin, san nou pa rékonèt sa-k pròp a yo chak, sa kontré ak projè Bondié sou kréasion-an. ↵ 61, 260

402 *Kisa rinmin-an yé ?*

**Sé bay lòt-la pròp tèt-ou an tout libète épi ak tout kè-ou. [2346]**

Lè yon pasion pran yon moun oubyin lè li damou, sa vlé di li santi yon plézi ki tèlman gran sa fè li prèt pou-l sotí nan li-minm pou-l bay lòt-la tout li-minm. Yon mizisyin kapab konsakré-l totalman nan travay-li. Yon jadiniè-danfan kapab bay timoun-yo l-ap édé yo tout kè-l. Nan tout

rélaison zanmi, gin rinmin. Min pi bèle fòm rinmin sou tè-a sé rinmin ant yon mari ak yon madam ki fè youn bay lòt-la tèt-li pou tout tan. Tout rinmin moun ap viv sé pòtré rinmin Bondié-a ki plénitud rinmin-an. Sé rinmin-an ki nan kè Trè Sint Trinité-a. Rinmin Bondié-a sé yon échanj ak yon bay youn bay lòt pròp tèt-yo san rété. Nou minm moun, nou patisipé nan débòdman tandrès Bondié-a, nan rinmin Bondié rinmin dépi tout tan-an. Plis yon moun rinmin, sé plis li sanblé ak Bondié. Sé rinmin-an ki doué karaktérizé tout lavi moun-nan, min li réalisé yon fason patikilié épi ki pi signifikatif lè yon gason ak yon fi rinmin youn lòt nan mariaj-la épi tounin « yon sèl chè » (Jén 2,24). ↗ 309

403 *Ki plas rinmin-an ginyin nan konpòtman séksuèl-la ?*

**Yo pa kapab séparé séksualité-a ak rinmin-an. Inion séksuèl-la bézouin ankadré ak yon rinmin fidèl épi solid. [2337]**

Si nou séparé rinmin-an ak séksualité-a antan n-ap chèché satisfaksion plézi-nou sèlman, sé détoui n-ap détoui sans inion séksuèl ant gason-an ak fi-a ginyin-an. Fè yon sèl chè-a sé pi bèle ékspréson bay pròp tèt ou-a ki rinmin-an. Si n-ap chèché plézi séksuèl-la sèlman, sé manti n-ap bay, paské inion kò-yo pa korésponn ak inion kè-yo. Si nou pa pran langaj kò-nou osérié, n-ap nui ni kò-nou ni nanm-nou ; lè sa-a, séksualité-a pèdi dimansion nivo moun-nan pou-l dégradé-l tounin yon simp mouayin plézi koté nou konsidéré lòt-la tankou yon bagay sèlman. Sé sèlman nan angajman yon rinmin pou lavi diran yo kapab viv séksualité-a nan yon kontantman k-ap diré.

404 *Kisa yo rélé yon rinmin ki chast ? Poukisa yon krétyin doué viv chasteté-a ?*

**Yon rinmin ki chast sé yon rinmin k-ap protéjé tèt-li kont tout tantasian sou paranndan épi sou padéyò ki t-a kapab détoui-li. Chasteté\*-a sé rivé byin intégré séksualité-a nan dévlopman mounnan. Chasteté-a pa minm bagay ak kontinans-la. Minm moun ki gin yon vi séksuèl aktif nan mariaj-la doué chast. Yon moun chast lè antan li métrizé kò-li, li rivé éksprimé yon rinmin k-ap diré épi ki solid. [2238]**

Chasteté\*-a pa gin anyin pou-l ouè ak sint-nitouch (*pruderie*). Moun k-ap viv chasteté-a pa soumet anba instin li-yo, okontré, l-ap viv séksualité-li yon fason responsab antan li orienté-l nan rinmin-an épi kòm ékspréson rinmin sa-a. Lisans-la, libètinaj-la (*luxure*) ki kontré chasteté-a sé yon dézòd nan rinmin-an, sé yon déviasion parapò a sa rinmin-an vlé di-a. Sa l'Égliz-la anségné osijè séksualité-a konsidéré

moun-nan nan tout dimansion lavi-li kòm moun avèk toua aspè sa-yo : toudabò plézi séksuèl-la ki bon ki bèl ; dézièmman rinmin ant dé mounyo épi touazièmman bay lavi-a, sa vlé di ouvèti pou résévoua pitit-yo. Minm jan pou fè ji fòk gin dlo, sik ak yon foui, konsa tou l'Égliz-la konsidéré toua aspè sa-yo maché ansanm. Si yon gason t-a gin yon fi pou plézi-a, yon lòt pou poézi ak romans rinmin-an, yon touazièm pou-l fè pitit, sé sèvi li t-a sèvi ak toulètoua san-l pa rinmin okinn nan yo !

**405      *Kijan nou kapab viv yon rinmin ki chast ?***

**Chasteté-a fè nou viv rinmin-an kòm yon moun lib, pa tankou yon moun ki ésklav instin-l ak pasion-l.** Tout sa ki fè moun-nan aprann viv pi plis an rélation, ak plis matirité, ak plis libète, ak plis aféksion, tout sa édé-l viv yon rinmin ki chast tou. [2338-2345]

Chasteté\*-a ki fè nou chouazi an tout libète nan tout sa-k konséné rinmin-an, égzijé pou nou aprann métrisé tèt-nou nan chak étap lavi-nou. Nou annik pran mouayin k-ap minnin nou nan sa : rété fidèl ak kòmandman Bondié-yo nan tout sikontans, réjte tout tantasion ki t-a dévié nou sou rout-la, tout fòm douv-vi oubiyin douv-moral\* épi mandé Bondié pou-l prezèvé nou anba tantasion épi ba nou fòs nan rinmin-an. Finalman sé yon gras épi yon kado ekstraòdinè Bondié fè nou lè-l pèmèt nou kapab viv yon rinmin ki pròp, ki antié.

**406      *Èské tout moun doué viv chast, minm sa-k marié-yo ?***

**Oui, Bondié mandé tout krétyin pou-l viv rinmin-an nan chasteté-a, kit li jèn kit li granmoun, kit li sélibatè kit li marié.** [2348-2349, 2394]

Sé pa tout moun ki fèt pou mariaj, min sé chak moun ki fèt pou rinmin. Déstiné-nou sé bay pròp tèt-nou kèlkésoua kondision lavi n-ap viv-la : kèk nan mariaj-la, kèk lòt nan séliba-a yo chouazi volontèman « pou péyi-roua Bondié-a », dòt nan yon lavi sélibatè pou kont-yo min antan yo dispozé pou édé lòt-yo. Kèlkésoua mòd lavi-a sé nan rinmin pou lòt-yo li vîn gin sans. Yon moun chast, sé lè li *rinmin ak yon rinmin san pataj*, yon rinmin antié, ak tout kè. Moun ki pa chast-la ap viv yon tirayman épi li ésklav pasion-l yo. Moun ki rinmin tout bon-an, li lib, li gin fòs, li bon, li kapab bay pròp tèt-li nan rinmin-an. Sé poutèt sa, Jézu ki té bay pròp tèt-li nèt pou nou épi an minm tan totalman bay Papa-l ki nan sièl-la, sé modèl chasteté\*-a paské li sé prémié pòtré fòs rinmin-an.

407      *Poukisa l'Égliz-la pa dakò pou moun-yo gin rélasion séksuèl anvan mariaj-la ?*

**Paské li vlé protéjé rinmin-an.** Nan pouin pi gran kado yon moun kapab fè yon lòt pasé ba-l pòp tèt-li. « Mouin rinmin-ou », sa vlé di ni pou youn ni pou lòt : « Sé ou-minm sèl mouin vlé, mouin vlé-ou nèt totalman, épi mouin vlé-ou pou tout tan ». Kòm sé konsa sa yé, nou pa kapab di « mouin rinmin-ou » pou yon tan, pou-m éséyé, oubiyin tou sinpléman poutèt kò-ou. [2350, 2391]

Sètènman anpil moun pran rélasion yo osérié anvan mariaj-la. Poutan rélasion sa-yo gin dé limit, dé rezèv kondisionèl ki fè yo pa kapab alé ansanm ak rinmin-an : toudabò possibilité « kité sa-a », épitou kè soté pou si yon timoun t-a rivé-a. Rinmin-an tèlman gran, tèlman sakré, tèlman san parèy, l'Égliz-la priyé jèn-yo an gras pou yo tann jous lè yo marié anvan youn bay lòt-la tèt-li totalman. → 425

408      *Sa pou nou fè pou nou vîn viv an krétyin si n-ap viv oubiyin si nou t-ap viv nan plasaj ?*

**Bondié rinmin nou nan chak moman, chak lè sa pa maché nan lavi-nou, minm lè nou nan péché ; Bondié ap édé nou chèché tout vérité rinmin-an épi jouinn chémin pou nou viv-li chak foua pi plis ak désizion fèm épi san manti.**

Nan dialòg avèk yon prèt\* oubiyin avèk yon krétyin ki mérité konfians, jèn-yo kapab chèché yon chémin k-ap pèmèt yo viv rinmin yo-a yon fason pi klè. Y-ap aprann sé étap parétap yon moun konstoui lavi-li. Kèlkésoua sa-k té pasé li toujou posib, ak sekou lagras Bondié, pou rékomansé nan bon diréksion-an.

409      *Èské masturbation-an sé yon fot kont rinmin-an ?*

**Masturbation-an sé yon fot kont rinmin-an paské li fè nou chèché eksitasyon plézi-a nan yon objéktif égoysis, ki pa gin anyin pou-l ouè ak épanouysisman, ak dévelopman rinmin-an nan rapò nòmal yon gason gin ak yon fi-a. Sé poutèt sa plézi séksuèl y-ap chèché sèlman pou plézi-a sé yon dézòd.** [2352]

L'Égliz-la pap chèché fè moun pè lè-l réjté masturbation-an, min l-ap fè nou fè atansion pou nou pa di sé pa anyin, sa pa inpotan. Éfektivman, gin yon gro ménas pou anpil jèn ak adilt pou yo tounin konsomatè solitè imaj pònografik nan sinéma oubiyin sou intènèt, angiz yo chèché jouinn rinmin-an nan yon rélasion intèpèsonèl. Solitid-la ak izòlman-an kapab minnin nan yon inpas koté masturbation-an tounin yon adiksion. Sé

poutèt sa malgré moun k-ap di : « pou késion sèks-la mouin pa békouin pèsonn, mouin réglé afè-m pou kont mouin lè mouin vlé », pa gin pèsonn ki rivé gin kontantman-an konsa.

410 *Kisa « fònikasion » vlé di ?*

**Odépa**, « **fònikasion »-an (an grèk porneia) sé té pratik séksuèl payin-yo, tankou prostitision nan tanp-yo. Apré sa, mo-a pral sèvi pou palé osijè tout fòm inion chanèl andéyò maraj-la ant moun ki lib. Jodi-a, anpil foua yo sèvi ak mo sa-a nan yon sans kriminèl (koronp jèn-yo, fè abi sou timoun ki pokò majè, etc.). [2353]**

Anpil foua fònikasion-an maché ak séduksion, manti, violans, domination, abi. Donk fònikasion-an sé yon fot grav kont rinmin-an. Li andomajé dignité moun-nan épi li pèvèti signifikasyon séksualité moun-nan. Sé dévoua léta pou-l protéjé sa-k pa ko majè-yo, an patikilié, kont tout fòm dépravasion sa-yo.

411 *Sa-k fè prostitision-an sé yon fòm fònikasion ?*

**Prostitision-an sé yon avilisman, yon dégradasion, paské ladan-l moun-nan tounin yon sinp bagay yo sèvi ak li pou yon avantaj oubyin yon plézi. Sé poutèt sa li sé yon gran domaj pou dignité moun-nan épi yon péché grav kont rinmin-an.** [2355]

Tout moun k-ap profité nan prostitision-an, k-ap fè kòmès avèk li, k-ap vann épi fè trafik ak moun, k-ap soutni bagay sa-yo, k-ap pratiké yo, tout moun sa-yo gin yon chaj péché byin lou sou zépòl yo, sou konsians yo, paské yo dominé épi fòsé yon bann fi, timoun, jèn moun pou yo vann propò kò yo.

412 *Poukisa prodikcion ak distribision matérièl pònografik sé yon fot grav kont rinmin-an ?*

**Tout abi ki kontrè ak rinmin-an soua paské li séparé séksualité moun-nan parapò a intimité rinmin yo doué viv ant dé konjouin-an, soua paské yo fè rinmin-an tounin yon kòmès, tout sé péché ki grav anpil. Moun k-ap produi, konsomé, vann épi achté matérièl pònografik, li déréspékté dignité moun-nan épi ankourajé lòt fè sa-k mal.** [2523]

Pònografi-a sé yon fòm prostitision paské li plonjé moun-yo nan kouè yo kapab achté « rinmin »-an ak lajan. Ni prodiktè-yo, ni aktè-yo, ni komèsan ak révandè-yo patisipé minm jan-an nan andomajé ni rinmin-an ni dignité moun-nan yon fason grav. Moun k-ap konsomé sétadi

gadé épi sèvi ak pònografi y-ap distribiyé nan média-yo, k-ap navigé nan sit pònografik-yo sou intènèt, k-ap patisipé nan rankont pònografik, l-ap rantré nan mouvman prostitision-an épi sé soutni l-ap soutni biznis malpròp kòmès sèks-la k-ap ranmasé pliziè milia dola chak ané.

413 *Poukisa viòl-la sé yon péché grav ?*

**Violé yon moun, sé avili-l nan fason ki pi imilian-an, rabésan-an. Sé antré avèk violans – tankou yon vòlè k-ap kasé kay – nan sa moun-nan ginyin ki pi intim, épi blésé li nan kè kapasité li ginyin pou-l rinmin-an. [2356]**

Yon moun k-ap fè viòl, sé yon sakrilèj li fè kont *nati rinmin-an* (kont sa rinmin-an yé-a minm). Nati inion séksuèl-la égzijé pou sé sèlman nan kad yon rinmin ki bay pròp tèt-li an tout libété li fèt. Sé konsa, minm ant dé moun ki marié, kapab gin viòl. Viòl ki pi térib-la épi ki bay répiyans nèt alé-a sé sa yo fè nan kad yon abi pouvoua yérarchik oubyin profé-sionèl, oubyin lè sé yon manb nan fanmi-an ki fè-l, oubyin pi rèd toujou lè sé paran ki fè pitit yo sa, oubyin profésè, édikatè, pastè sou timoun yo konfié yo. → 386

414 *Ki pozision l'Égliz-la sou késion sèvi ak prézèvatif pou konbat sida-a ?*

**Sé sètin, prézèvatif-yo pa bay yon protéksion absolu a 100% kont possibilité kontaminasion-an, min an déyò aspè sa-a, l'Égliz-la réfizé pou yo dékläré sé sèl mouayin mékanik sa-a ki ginyin pou anpéché épидémi virus HIV-a gayé (Sida-a). L'Égliz-la ap ankourajé pou yo fè promosion yon nouvo mòd rélasion ant moun-yo (nouvelle culture des relations humaines) épi yon chanjman nan konsians ak mantalité moun-yo.**

Sé sèlman fidélité nan mariaj-la épi rénonsman parapò a rélasion séksuèl ki dézòdoné-yo ki kapab pèmèt évité sida-a épi k-ap aprann moun-yo gin yon konpòtman òdoné nan viv rinmin-an. Sa mandé pou yo réspékté égalité dignité ant gason-yo ak fi-yo, pou yo pran souin santé fanmi-an, pou yo gin kontrol yon fason responsab sou pousé instin séksuèl-la ap pousé yo-a épi rénonsé rélasion séksuèl-la nan kèk moman détèminé. Nan kèk péyi Afrik koté yo té òganisé gran kanpagn sosial an favè konpòtman sa-yo, yo té konstaté kontaminasion-an té diminié anpil. Min andéyò tou sa, l'Égliz katolik-la fè tout sa-l kapab pou-l édé moun ki malad ak sida-a.

415 Kòman l'Egliz-la konsidéré omoséksualité-a ?

Bondié kréyé moun-nan gason ak fi, épi nan kò-yo minm li kréyé yo youn pou lòt. L'Égliz-la akéyi san rézèv moun ki gin tandans omoséksuèl-yo. Yo pa doué diskriminé yo poutèt tandans sa-a. Min an minm tan, l'Égliz-la dékläré pa gin okinn rélasion séksuèl ant moun ki gin minm sèks ki korésponn ak lòd kréasian-an. [2358-2359] ↵ 65

416 Kisa ki valè ésansièl nan mariaj krétyin-an ?

1. *Initié-a* : dapré sa-l yé minm, dapré nati-li, mariaj-la sé yon aliens ki réalizé inion kò, intèlijans épi espri ant yon gason ak yon fi.

2. *Indisolubilité-a* : obligasion mariaj-la établi-yo rété « jouskaské lanmò séparé nou ».

3. *Akéyi pitit-yo* : dé moun ki marié doué dispozé akéyi timoun yo fè yo épi édiké yo nan lafoua krétyin-an.

4. *Chèché sa-k byin pou lòt-la* : sé sa mari-a ak madanm-nan doué toujou vizé youn pou lòt. [2360-2361, 2397-2398]

Si youn nan moun ki pral marié-yo réfizé youn nan kat pouin sa-yo nan moman y-ap pran angajman mariaj-la, sakréman\* mariaj-la pa égzisté. ↵ 64, 400

417 Ki sans inion séksuèl-la nan mariaj-la ?

Sé volonté Bondié pou gason-an ak fi-a fè youn nan plézi sansib rinmin-an ak plézi séksuèl-la pou yo kapab ini youn ak lòt yon fason ki pi intim nan rinmin-an épi pou pèmèt timoun pran nésans nan rinmin yo-a. [2362-2367]

Rélijion krétyin-an bay kò moun-nan anpil valè, ni atraksion sansib rinmin-an ni plézi séksuèl-la tou : « Kristianism-nan kouè matiè-a sé yon bon bagay, Bondié li-minm té pran chè, nan sièl-la n-ap gin yon fòm kò épi l-ap gin yon gran inpòtans nan bonè étènèl-nou, nan bëlté-nou, nan fòs-nou. Kristianism-nan bay mariaj-la gloua plis pasé jan okinn lòt rélijion fè-l. Prèské tout gran poèm-damou nan littérati tout tè-a, sé krétyin ki konpozé yo, épi kristianism-nan kontrédi tout moun ki t-a prétann séksualité-a sé yon mové bagay nan li-minm » (C. S. Lewis, *Pardon, je suis chrétien*). An réalité, plézi-a pa yon mové bagay nan li-minm. Lè mari ak madanm-nan rété nan nivo plézi-a sèlman san yo pa louvri bay lavi lòt moun ki t-a kapab pran nésans-la, sa pa konfòm ak nati rinmin-an, ak sa rinmin-an yé-a.

418     *Ki inpòtans timoun-nan nan mariaj-la ?*

**Timoun-yo sé kréati Bondié, sé kado Bondié. Yo vini sou tè-a pa l'intèmèdiè rinmin paran-yo. [2378, 2398]**

Vrè rinmin-an sé pa lè mari ak madanm-nan fèmin sou pròp tèt-yo. Timoun-nan k-ap fòmè nan vant manman-an épi ki vîn sou tè-a, sé pa « fabriké » yo fabriké-l, li pa yon sinp adision karaktè jénétik papa-a ak manman-an. Li sé yon kréati Bondié tou nèf, san parèy, avèk yon nanm ki pou li-minm sèlman pèsonèlman. Donk timoun-nan pa pou paran-l yo tankou yon bagay, li pa propriété privé yo. → 368, 372

419     *Konbyin pitit yon papa ak yon manman doué aksépté bay lavi ?  
Yon papa ak yon manman ki krétyin akéyi pitit Bondié ba yo épi  
nan mézi yo kapab pran responsabilité yo. [2373]*

Tout pitit Bondié ba nou sé yon gras ak yon gran bénédiksion\*. Min sa pa vlé di pou papa-a ak manman-an pa konsidéré santé yo, kondision ékonomitik épi sosial yo, pou yo désidé kantité timoun yo kapab pran responsabilité éféktivman. Lè « malgré tou » yon timoun la, sé pou yo poté-l ak kè kontan épi résévoua-l ak anpil rinmin. Antan yo fè Bondié konfians, anpil fanmi krétyin gin kouraj akéyi plis timoun pasé lòt fanmi-yo.

420     *Èské yon mari ak yon madanm ki krétyin gin doua fè planifikasyon nésans ?*

**Oui, mari ak madanm-nan gin doua épi dévoua pou yo responsab  
nan késion transmèt lavi bay pitit-yo. [2368-2369, 2399]**

Pafoua gin sikontans sosial, rézon psikolojik oubyin santé ki t-a fè yon timoun an plis t-a yon chaj ki trò lou, oubyin minm trop pou sa moun ka poté. Lè sa-a gin kritè byin klè pou yo konsidéré. Planifié oubyin régularisé nésans yo pa vlé di :

1. Réjté an prinsip tout possibilité pou timoun-nan t-a fèt, sètadi fè yon jan pou nan okinn fason madanm-nan pa rivé ansint.
2. Réfizé akéyi timoun-yo poutèt nou égoysis.
3. Sibi anba yon kontrint sou padéyò, tankou parégzanp lè léta-a t-a désidé osijè kantité timoun chak fanmi gin doua ginyin.
4. Konsidéré yo kapab sèvi ak ninpòt mouayin.

421     *Poukisa gin mouayin pou anpéché timoun vini nan vant man  
man-an ki pa bon ?*

**L'Égliz-la propozé kòm mouayin pou planifikasyon nésans-yo kèk  
métòd byin détèminé ki bazé sou fè atansion a pròp kò-nou épi**

suiv kadans périòd fékondité natirèl fanmi-an. Métòd sa-yo konfòm ak dignité gason-an épi fi-a ; yo réspékté loua fiziolojik périòd fi-a. Yo ankourajé tandrès, dialòg épi atansion ant épou-yo, épi konsa yo sé yon lékòl pou aprann rinmin. [2370-2372, 2399]

Sé avèk atansion l'Égliz-la réspékté lòd natirèl-la, épi li ouè nan li yon signifikasyon ki gin valè vré. Pou l'Égliz-la sé pa minm bagay si épou-yo intèvni atifisièlman sou fékondité fi-a ak lè yo sèvi natirèlman ak périòd fékondité oubuin infékondité siki kò fi-a. « Planifikasyon natirèl fanmi-an » réspékté sa moun-nan yé intégralman, li ankourajé aféksion ak tandrès ant épou-yo épi li pa domajé santé-a. An plis, lè yo byin fè-l li bay pi bon rezulta pasé sa yo rélé kontrasépsion oral-la (« pilul »-la). L'Égliz-la pa dakò ak okinn mouayin atifisièl k-ap anpéché timoun-nan fòmè nan vant fi-a (oubuin k-ap fè-l jété-l tousuit). Ni mouayin chimik-yo (« pilul », « piki »), ni mouayin mékanik-yo (parégzanp prézèvatif, stérilè, etc.), ni mouayin chirijikal-yo (stérilizasion-an), paské yo vín intèpozé yo pou défét rapò indisolut ant aspè inion-an ak aspè prokréasion-an nan akt konjugal-la. Mouayin kontrasépsion sa-yo kapab rivé andomajé santé fi-a, provoké avòtman byin bonè, épi, alalong, gaté lavi rinmin-an ant mari-a ak madanm-nan.

422 *Si dé épou pa kapab fè ptit, sa pou yo fè ?*

**Lè dé moun ki marié gin difikilté pou fè ptit, yo kapab profité tout souin médsin-yo kapab bay dépi sa pa kontrè ak dignité moun, ak doua timoun ki pral fèt-la ginyin épi ak sinteté\* sakréman\* mariaj-la. [2375, 2379]**

Anfanté yon timoun sé pa yon doua absolu paran-yo ginyin. Tout timoun sé yon kado Bondié. Dé moun ki marié ki pa résévoua kado sa-a lè yo fin éséyé sèvi ak tout mouayin ki léjitim médsin-nan ofri, yo kapab adopté timoun, oubuin angajé tèt-yo yon lòt jan nan sèvis prochin-yo antan yo okipé timoun paran yo abandoné yo parégzanp.

423 *Kisa l'Égliz-la di osijè « fi ki prété matris yo » (mères porteu-ses) épi fékondasyon atifisièl-la ?*

**Sèvi ak sa réchèch siantifik médikal-la kapab ofri pou édé anfanté, sé yon bagay ki kapab fèt, min fòk yo pa avansé si démach sa-a t-a mandé pou rivé sèvi ak mouayin ki pa akséptab moralman : lè intèvansion yon touazièm moun kapab provoké yon konfizion nan késion kiyès ki vrè manman-an, oubuin lè yo fè prokréasion-an yon fason atifisièl andéyò inion séksuèl ant dé moun ki marié yo. [2374-2377]**

Poutèt li réspékté dignité moun-nan, l'Égliz-la réfizé pou y-ap chèché fè timoun ak inséminasion étéròlòg (ak spèrm yon lòt gason) oubiyin omològ (ak spèrm mari-a). Tout timoun gin doua pou-l gin yon papa ak yon manman, pou-l konnin papa sa-a ak manman sa-a, épi pou-l grandi antan rinmin yo-a ap antouré-l. Inséminasion atifisièl-la pa lintèmèdiè spèrm yon donè étranjé détoui éspri mariaj-la koté dé épou-yo gin doua éksklizif pou yo pa vîn papa oubiyin manman si sé pa atravè youn lòt. Kanta inséminasion atifisièl omològ-la (avèk spèrm mari-a) li fè timoun-nan tounin yon produi téknik-la fabriké angiz li t-a foui inion rinmin dé moun ki marié-yo nan akt ki pròp pou rélasion yo-a (akt konjugal-la). Si yo fè timoun y-ap anfanté-a tounin yon produi téknik, danjé-a sèké apré sa yo pral pozé késion sinik osijè kalité ak fiabilité produi sa-a. L'Égliz-la réfizé diagnostik anvan nésans-la tou, lè yo fè-l ak objéktif pou yo touyé yon anbriyon ki t-a gin défo. Chèchè yon fi pou poté anbriyon (mère porteuse) yon lòt manman atravè inséminasion atifisièl-la, sa kontré ak dignité fi-a. ↗ 280

#### 424      *Kisa adiltè-a yé ? Èské divòs-la gin valè moral ?*

Sé yon adiltè sa yé lè gin rapò séksuèl ant dé moun alòské youn nan yo marié déjà ak yon lòt moun. Adiltè-a sé fondamantalman trayi rinmin-an, kasé kontra angajman yo té pran dévan Bondié-a épi yon injistis aléga prochin-an. Jézu té insisté byin klè sou indisolubilité mariaj-la. *Sa Bondié maré pou travay ansanm, moun pa kapab lagé-l* (Mk 10,9). Antan-l bazé sou volonté Kréatè-a dépi okòmansman-an, Jézu éliminé possibilité toléré divòs-la ki té glisé nan Laloua Ansyin Téstaman-an. [2353, 2364-2365, 2382-2384]

Jézu ba nou kouraj antan sé kòmsi li té promèt nou : « Kòm nou sé pitit Papa nou ki nan sièl-la nou résévoua kapasité pou nou rinmin pou tout lavi-nou ! » Malgré sa, li pa fasil pou nou rété fidèl ak lòt-la pandan tout lavi-nou. Donk nou pa doué kondané moun ki échoué nan mariaj yo. Min lè sé konpòtman volaj krétyin-yo ginyin ki fè divòs vîn mété pié, sé yon gro fot sa yé sou konsians yo. Yo fè péché kont lòt-la yo marié ak li-a épi yo abandoné-l la, épi kont timoun-yo yo lagé yo. Si mésié-a oubiyin madanm-nan fidèl, min mariaj-la vîn insipòtab, youn kapab sispann viv ansanm ak lòt-la nan minm kay-la. Pou évité tout moun tonbé nan mizè li kapab minm nésèsè pou dékläré yon divòs dévan léta (min sakréman-an pa kapab défét). Nan kèk ka byin détèminé, si gin rézon byin fondé, apré yo fin égzaminé validité mariaj-la, l'Égliz-la kapab dékläré pa-tjanm gin mariaj (nullité). ↗ 269

425 *Poukisa l'Égliz-la pa vlé inion lib-la, plasaj-la ?*

**Pou katolik-yo pa gin mariaj san « mariaj rélijisé-a ». Nan Sakréman mariaj-la Kris-la patisipé nan rélasion mari-a ginyin ak madanmnan, épi li konblé yo toulèdé ak gras épi kado spirituèl an kantité. [2390-2391]**

Pafoua gin moun ki gin laj ki pansé yo oblijé konséyé jèn-yo kité lidé fè yon mariaj « pou tout tan dévan l'Égliz-la ». Pou moun sa-yo, mariaj-la sé sèlman yon réyinion piblik koté moun-yo fè promès yo pap janm kapab kinbé pou yo mété ansamn byin yo, projè yo, bon intansion yo. Poutan sé pa vré ! Mariaj krétyin-an sé pa yon téat, sé pi bèle kado Bondié té kapab fè dé moun ki rinmin youn lòt ! Bondié vîn soudé-yo ansamn yon fason ki tèlman solid okinn moun sou tè-a pa kapab fè sa. Jézu-Kri ki té di : *San mouin minm nou pa kapab fè anyin* (Jn 15,5) vîn prézan san rété nan sakréman mariaj-la. Sé li ki rinmin-an nan kè rinmin dé moun marié-yo. Sé fòs rinmin li-an ki toujou la, minm lè aparamman fòs dé moun ki rinmin-yo fébli. Sé poutèt sa, sakréman mariaj-la sé pa tou sinpléman yon kontra yo signin sou papié. Sé kòmsi sé yon machîn Bondié ba yo ki toujou la, koté yo toujou kapab monté épi ki gin asé gazolîn pou-l minnin ni mari-a ni madanm-nan, ak sékou lagras Bondié, jous nan dènié bout vouayaj yo anvi fè-a. An konsékans, l'Égliz-la invitè jèn-yo sitou, pou yo rézisté yon fason klè, san ézité épi ak fòs kont présion sosial tout moun ki konsidéré jodi-a sa pa yon problèm si anvan mariaj-la oubyin andéyò mariaj-la moun t-a gin rapò séksuèl san yo pa pran okinn angajman définitif.

## SÉTIÈM KÒMANDMAN-AN

Ou pap volè

426 *Ki objéktif sétièm kòmandman-an ?*

**Sétièm kòmandman-an intèdi non sèlman pou volè afè moun, min li égzijé tou yon administrasyon ki kòrèk épi yon pataj ki ékitab pou richès tè-a, li réglé késion propriété privé-a ak répatision fòm travay moun-yo. Sétièm kòmandman-an dénonsé tou yon fason ki pa kòrèk pou kinbé oubyin distribiyé matiè prémiè-yo. [2401]**

An réalité sétièm kòmandman-an intèdi tou sinpléman pou pran épi kinbé byin prochin-ou yon fason ki injis. An minm tan l-ap ankourajé tout moun fè éfò pou lavi moun sou tè-a gin plis jistis, plis antant épi véyé pou-l byin dévlopé. Sétièm kòmandman-an dékläré nou doué angajé nou, poutèt lafoua-nou, nan protéksion kréasion-an épi nan konsèvation richès natirèl-yo.

427 *Poukisa moun pa gin yon doua absolu pou propriété privé-a ? Doua pou propriété privé-a pa yon absolu, li rélatif, paské Bondié té kréyé tè-a ak tout byin ki ladan-l pou tout moun. [2402-2406, 2452]*

Tout moun ki « posédé » kichòy nan kréasion-an paské li achté yo légalman ak travay-li oubiyin li résévoua yo kòm éritaj oubiyin an kado, doué konnin posédé yon byin individuelman oblijé propriété byin-an pou-l fè tout sosiété-a profité nan byin sa-a. An minm tan l'Égliz-la pa dakò ak moun ki déklaré présizéman poutèt dévoua sosial « propriété »-yo, propriété-a pa t-a doué égzisté épi tout bagay t-a doué soua pou tout moun, soua pou léta. Tout propriété k-ap administré yon byin dapré sa Kréatè-a vlé-a, épi ki pran souin byin sa-a, ki distribiyé profi-yo yon fason pou chak moun jouinn sa yo doué-l la, l-ap aji an konfòmité avèk lòd kréasion Bondié fè-a.

428 *Kisa vòl-la yé épi kisa sétièm kòmandman-an intèdi ? Vòl-la sé pran byin yon lòt ilégalman. [2408-2410]*

Tout moun ki pran byin yon lòt injistéman, li transgrésé sétièm kòmandman-an, minmsi laloua sivil-la pa t-a kondané aksion-an. Injistis-la sé sa ki injistis dévan Bondié. Non sèlman vòlè kontrè ak sétièm kòmandman-an, min tou réfizé injistéman pou péyé salè ki kòrèk-la, kinbé bagay ou jouinn-nan oubiyin yo té prété-ou la épi ou t-a kapab rémèt-la, oubiyin fè frod an jénéral, tousa kontrè ak sétièm kòmandman-an. Gin lòt bagay toujou sétièm kòmandman-an dénonsé tankou : anplouayé ouvriyé nan mové kondision, pa kinbé kontra nou fin pran angajman pou yo, gaspiyé lajan nou fè antan nou pa konsidéré obligasyon nou ginyin pou nou patajé ak lòt-yo, monté oubiyin bésé pri machandiz yon fason atifisièl, nui kòlèg k-ap travay minm koté ak nou, aksépté lajan pa anba épi fósé moun fè fo-déklärasion, trinnin kolaboratè-nou nan zak ilégal, mal fè travay nou gin pou fè-yo, égzijé yo péyé nou pi plis lontan pasé sa yo t-a doué-a, gaspiyé oubiyin mal administré byin publik, fè fo-chèk, falsifié signati, fè frod nan péyé info oubiyin nan vann ak achté.

429 *Ki prinsip ki konsèné propriété ki pa matérièl-yo ? Pran dokiman léspri yon lòt moun produi pou sèvi avèk li san pèmision sé yon vòl tou. [2408-2409]*

Sé pa sèlman plajia-a ki yon vòl, sètadi pran sa yon lòt moun produi pou mété-l sou non-ou kòm si sé ou-k fè-l. An réalité vòlè byin intèlijans

moun-nan produi kòmansé dépi sou ban lékòl lè n-ap kopié sou vouazin-nou, li kontinié lè n-ap télèchajé sou intènèt yon fason ilégal, lè n-ap fè kopi san otorizasyon, lè n-ap piraté infòmasion sou intènèt oubyin nan lòt mouayin komunikasyon, etc. épi sa rivé tous nan biznis, kòmès y-ap fè apati idé oubyin konséptualizasyon yo volè. Chak foua ou pran dokiman imatérièl lòt moun fè épi ou sèvi avèk yo ou doué gin akò moun sa-yo épi péyé dédomajman ki korésponn-nan, épi kèk foua li t-a bon pou otè dokiman imatérièl-la patisipé nan nouvo réalité yo pral fè-a.

430 *Kisa yo rélé jistis komutativ-la ?*

*Jistis komutativ-la sé sa ki réglé échanj ant moun-yo antan yo byin respékté doua yo ginyin yo. Li kontrolé épi sovgadé doua propriété-a, pèman dèt-yo, réalizasyon obligation kontra yo té signin libréman-yo, épi li veyé pou yo réparé injistis yo fè oubyin rinnmèt byin yo té volè. [2411-2412]*

431 *Èské yo kapab fè frod ak kontribision ?*

Chèchè jouinn kèk chémin pou chapé anba sistèm taks ki konpliké sé pa t-a yon problèm moral. Sa-k imoral-la sé lè y-ap fè konbîn, kont mal tayé, pou yo pa péyé taks, frodé nan déklarasyon inpo, falsifié oubyin kaché byin yo ginyin. [2409]

Lè sitouayin-yo, kontribuab-yo, péyé inpo yo dapré rantré lajan yo ginyin, yo édé léta réalisé fonksion publik-yo. Sé poutèt sa fè frod nan késion inpo-a sé pa yon ti péché san inpotans. Min tou, yo doué fiksé inpo-yo dapré jistis-la épi yon fason propòsionèl, épitou sé pou yo ranmasé yo yon fason légal.

432 *Èské yon krétyin kapab fè spékilasyon sou bous finansié-yo oubyin sou intènèt ?*

Yon krétyin gin doua invésti nan tranzaksyon bous finansié-yo oubyin sou intènèt, dépi opérasiyon sa-yo – sou lajan pèsonèl yo oubyin lajan lòt moun konfié yo – fèt nan kad tranzaksyon nòmal yon komès ki byin avizé épi ki kòrèk moralman.

Spékilasyon nan bous finansié-a vîn imoral lè l-ap sèvi ak tranzaksyon malonèt (parégzanz sa yo rélé « délit d'initié »-a, mové-kou oubyin bon afè moun ki konnin yon infòmasion ki pa ko publik kapab fè) ; lè angiz li asiré résous finansié pèsonèl oubyin sa lòt moun konfié yo, li riské fè-l-pèdi tout ; lè li tounin yon dépendans, yon adiksiyon tankou moun ki fin déjoué nan jouèt aza.

433      *Kòman yo doué konsidéré byin piblik-yo ?*

**Krazé-brizé oubuin déga volontè yo fè sou instalasion oubuin byin piblik-yo sé yon fòm vòl, épi sa réklamé réparasion.** [2409]

434      *Èské yon krétyin kapab joué daza oubuin parié pou kòb ?*

**Parié pou kòb épi joué daza vîn imoral oubuin yon danjé lè moun k-ap joué-a riské pèdi mouayin matérièl li ginyin pou-l viv. Sa pi grav toujou lè sé byin lòt moun té konfié-l.** [2413]

Sé yon bagay ki grav anpil sou plan moral pou moun ap joué gran kantité lajan nan jouét daza pandan anpil lòt moun pa gin sa-k nésésè pou yo viv. An plis, parié oubuin joué daza kapab tounin yon adikcion oubuin yon ésklavaj térib.

435      *Èské yo gin doua « vann » oubuin « achté » moun ?*

**Yo pa doué trété pèsonn moun ni okinn ògàn moun-nan kòm yon simp machandiz épi pèsonn pa kapab fè pròp tèt-li tounin yon machandiz. Moun-nan sé pou Bondié li yé, sé li-minm ki ba-l libêté-l ak dignité-l. Vann oubuin achté moun jan yo fè sa jodi-a non sèlman nan prostitution-an min pou lòt zak tou sé yon bagay ki révòltan anpil, yo pa doué pèmèt sa.** [2414]

Kòmès ògàn oubuin anbriyon pou indistri biotéknik-la, kòmès timoun pou késion adopsion, rékritman timoun pou fè sòlda, prostitution, tout sa sé ansyin trafik moun ak ésklavaj-la k-ap tounin parèt sou lòt fòm jodi-a. Trafik sa-yo vòlè libêté moun yo, dignité yo, kapasité désision yo, tout lavi yo nou t-a kapab di. Sé rédui moun-nan pou-l tounin yon bagay, sous profi pou moun k-ap fè kòmès-la. La-a tou nou doué palé dé « achté » ak « vann » foutbòlè oubuin lòt spòtif, minmsi an réalité transfè sa-yo fèt antan moun y-ap fè sa-a byin dakò. → 280

436      *Ki konpòtman nou doué ginyin dévan kréasion-an ?*

**Nou akonpli mision ak lòd Bondié ba nou-an, sa-l inskri nan kréaison-an, si nou réspékté oubuin pèmèt tè-a kontinié rété kòm yon éspas lavi avèk laloua ki kòmandé lavi-a, divèsité éspès-yo, bëlté natirèl-li, richès l-ap produi-yo, yon fason pou nouvo jénérasion k-ap vini-yo kapab rivé byin viv sou planèt nou-an, yo minm tou.** [2415]

Liv Jénèz-la di konsa : *Fè pitit, vîn anpil, plin tè-a, mété-l sou lòd-nou; pran pouvoua sou li, sou pouason lanmè, sou zouazo sièl-yo, sou tout bët vivan k-ap maché sou vant yo atè!* (Jén 1,28). « Soumèt tè-a »,

« mété-l sou lòd-nou », « pran pouvoua sou li », pa vlé di moun-nan gin yon doua absolu pou-l fè sa-l vlé ak kréati vivan-yo oubuin lòt-yo, ak bét-yo épi pié boua-yo. Kanta dimansion « kréyé dapré pòtré Bondié-a » li gin ladan-l lòd yo bay moun-nan pou-l véyé nan réspékté kréasion Bondié-a, kòm pastè épi jéran kéasion sa-a. Paské Jénèz-la di tou : *Granmèt Bondié pran moun-nan, li kondui-l nan jadin Édèn, pou-l travay li, pou-l véyé-l* (Jén 2,15). ↗ 42-50, 57

437 *Ki konpòtman nou doué ginyin ak bét-yo ?*

**Minm jan ak nou, bét-yo sé kréatu nou doué rinmin épi nou doué kontan yo égzisté minm jan Bondié kontan égzistans yo-a.** [2416-2418, 2456-2457]

Bèt-yo tou sé kréatu ki gin yon sansibilité. Sé yon péché pou malminnyo, pou fè yo soufri, pou touyé-yo san rézon. Min pèsonn moun pa doué fè rinmin pou bét-yo pasé anvan rinmin pou prochin-an.

438 *Poukisa l'Égliz-la gin yon doktrîn sosial katolik ki patikilié pou li ?*

**Kòm tout moun gin minm dignité-a poutèt yo sé pitit Bondié, l'Égliz-la, ak doktrîn sosial li-a angajé-l pou tout moun-yo pou-l fè yo réspékté dignité yo éfektivman nan domèn sosial-la.** L'Égliz-la pa nié otonomi politik-la ak ékonomi-an. Poutan sé ròl-li pou-l palé lè politik-la oubuin ékonomi-an ataké dignité moun-yo. [2419-2420, 2422-2423]

Ké kontan ak espérans, tristès ak angouas moun-yo nan tan sa-a, sitou pòv-yo ak ninpòt moun ki nan soufrans, sé kè kontan ak espérans, tristès ak angouas disip Kris-la tou (Konsil Vatikan II, *Gaudium et spes*). Doktrîn sosial l'Égliz-la sé yon fason konkè pou apliké déklarasion sa-a. Épi l-ap pozé késion sa-a : Kòman nou kapab angajé nou yon fason responsab pou byinnèt épi bon trètman dapré jistis-la pou tout moun, minm pou sa-k pa krétyin-yo ? Kisa ki kapab yon vizion kòrèk sou lavi moun-yo ansanm, sou institision politik, ékonomik épi sosial-yo ? Lign konduit l'Égliz-la ap suiv nan angajman-l pou jistis-la sé rinmin pou prochin-an ki bazé sou rinmin Kris-la pou tout ras moun-nan.

439      *Ki koté doktrîn sosial l'Égliz-la soti ?*

Doktrîn sosial l'Égliz katolik\*-la sé yon répons li té yé pou késion travayè-yo nan XIX<sup>ème</sup> sièk-la. Sé vré indistrializasian té édé amélioré byinnèt-la, min sé sitou dirijan antrépriz-yo ki profité nan sa, pandan anpil lót moun, an patikilié ouvriyé-yo, pa-t gin okinn doua ki garanti, yo té plonjé nan mizè. Apati sitiasion sa-a, komism-nan té rivé nan konklizion gin yon goumin san rété ant travay-la ak *kapital*-la épi sé sèlman lité klas sosial-yo ap lité youn kont lót-la k-ap rézoud konfli-a. L'Égliz-la, okontré, té fè éfò bay kèk orientasion pou yon ékilib sosial kòrèk ant ouvriyé-yo ak dirijan antrépriz-yo. [2421]

L'Égliz-la intèvni yon fason pou tout ouvriyé-yo épi pa sèlman kèk patron, rivé profité nouvo fòm byinnèt indistrializasian ak konkirans ékonomik-la favorizé-a. Li aprouvé kréasion sindika-yo épi li mandé pou léta protéjé ouvriyé-yo anba eksplouatasion-an pa lintèmèdié léjislasion ak sistèm sékirité sosial ki bay ouvriyé-yo ak fanmi-yo asirans nan ka maladi ak mizè.

440      *Èské krétyin-yo oblijé pran yon angajman politik épi sosial ?*

Sé mision spésial krétyin layik-yo pou yo angajé yo, dapré éspri Bòn Nouvèl-la an favè rinmin-an, vérité-a épi jistis-la nan strikti politik, ékonomik épi sosial-yo. Sou pouin sa-a, doktrîn sosial l'Égliz katolik\*-la ba yo orientasion ki klè anpil. [2442]

Ni Èvèk\*-yo ni prêt\*-yo ni rélijijé\*-yo poutèt fonksion ministè yo-a, yo pa kapab angajé yo nan pati politik. Yo doué osèvis tout kominoté-a.

441      *Kisa l'Égiz-la di osijè démokrasi-a ?*

L'Égliz-la ankourajé sistèm démokratik-la paské nan pamí tout sistèm politik-yo sé li-minm ki bay sitouayin yo pi bon garanti égalité dévan laloua-a épi respè pou doua moun-yo. Min yon démoskrasi otantik sé pa sèlman admèt souvrènté majorité sitouayin-yo ; nan yon léta ki dapré jistis-la (« état de droit »), démoskrasi-a pa posib si-l pa rékonèt doua fondamantal *tout moun*, épi lè sa nésèsè, pou-l défann yo kont yon désision majorité-a t-a pran. [1922]

Istoua-a aprann nou minm démoskrasi-a pa bay yon protéksion absolu kont mankman parapò doua moun-yo épi dignitié moun-nan. Li toujou riské tounin yon diktati majorité-a sou minorité-a. Sé pa nan li-minm démoskrasi-a ap kapab garanti prinsip-yo ki kondisioné égzistans li-a. Sé

poutèt sa krétyin-yo doué veyé yon fason patikilié pou yo pa koupé rasin valé sa-yo démokrasi-a pa kapab kontinié égzisté san yo-a.

442 *Ki pozision l'Égliz-la osijè kapitalism-nan épi ékonomi maché-a ?*

**Yon kapitalism ki pa anrasinon nan yon yérarchi valè ki kòrèk riské pa vizé byin komin\*-an ankò, épi tounin yon simp mouayin profi kèk moun rezèvé pou yo minm sèl. L'Égliz-la réfizé sa katégorik-man. Okontrè, li soutni yon ékonomi maché ki orienté pou sèvi moun-nan, ki réglé égzésis monopòl-yo, ki garanti yon travay ak byin prémie nésésité-yo pou tout moun. [2426]**

Doktrîn sosial l'Égliz katolik\*-la aprésié tout inisiativ moun-yo ki osèvis byin komin\*-an sétadi : « tout kondision lavi sosial sa-yo ki pèmèt moun-yo, fanmi-yo ak asosiasion-yo kapab rivé jouinn pròp pefeksyon yo pi total épi pi vit » (Konsil Vatikan II, GS, 74). Sa vo tou pou ékonomi-an ki doué dévlopé toudabò pou sèvis moun-nan.

443 *Ki dévoua manadjè ak dirijan antrépriz-yo ?*

Dirijan antrépriz-yo gin préokipasian pou antrépriz-yo rantab économikman. An plis intérè léjitim yo ginyin pou ogmanté profi yo, yo gin yon véritab responsabilité sosial : konsidéré révandikasian ki kòrèk salarié-yo ap fè, ni sa k-ap fè sou-trétans-yo, ni klian-yo, san yo pa blyé égzijans tout sosiété-a ni sa anvirònman-an mandé. [2432]

444 *Kisa doktrîn sosial l'Égliz-la di osijè travay-la ak chomaj-la ?*

Travay-la sé yon dévoua Bondié konfié moun-yo. Antan y-ap mété efò yo ansanm yo doué jéré kréasion-an épi kontinié travay li-a : *Granmèt Bondié pran moun-nan, li kondui-I nan jadin Édèn, pou-I travay li, pou-I veyé-I* (Jén 2,15). Pou laplipa moun-yo, travay-la sé mouayin pou yo jouinn sa yo bézouin. Chomaj-la sé yon mal térib yo doué konbat ak désizion.

Kounié-a gin anpil moun ki t-a rinmin travay min yo pa jouinn, épi gin lòt minm ki tèlman ap travay yo pa gin tan ni pou Bondié ni pou fanmi yo. Gin anpil moun k-ap touché yon salè ki apèn pèmèt yo bay fanmi yo manjé, alòské gin lòt moun k-ap touché tèlman anpil lajan y-ap viv nan yon gaspiyaj moun pa ka imajiné. Travay-la pa yon finalité nan li-minm, li doué kontribiyé nan édé réalisé yon sosiété ki dign pou moun-nan. Doktrîn sosial l'Égliz katolik-la ap ankourajé yon lòd ékonomik tout moun kapab patisipé ladan-l aktivman épi jouinn pa yo nan byinnèt ki

ginyin-an. L'Égliz-la révandiké yon salè adékoua pou tout moun, k-ap pèmèt yo viv yon fason ki dign, épi l-ap ankourajé moun ki rich-yo pratiké vèrtu tanpérans-la ak pataj solidè-a. ↵ 47, 332

445 *Kisa sa yé « prinsip priorité travay-la sou kapital-la » (Jan-Pòl II, Laborem exercens, 12) ?*

Sé yon prinsip l'Égliz-la té toujou anségné. Moun-nan posédé lajan-an oubyin kapital-la ki sé bagay ki andéyò-l. Travay-la minm, yo pa kapab séparé-l ak moun-nan k-ap fè-l la. Sé poutèt sa, bézouin élémantè ouvriyé-yo gin priorité sou intérè kapital-la (sétadi tout mouayin prodiksion-yo ansanm, *Laborem exercens*, 12).

Moun ki gin kapital-la ak moun k-ap invésti-yo gin intérè ki léjitim épi yo doué protéjé yo. Min si y-ap chèché ogmanté pròp profi yo antan y-ap méprisé doua élémantè ouvriyé-yo ak anplouayé-yo ginyin-an, yo komèt yon injistis grav.

446 *Kisa l'Égliz-la di osijè mondializasian-an ?*

« *A priori* mondializasian pa ni bon ni mové. L-ap tounin sa moun-yo fè avèk li. Sé anndan péyi ki dévelopé économikman-yo li pran nésans, min, poutèt nati mouvman-an, li fè tout économi-yo vîn antré youn nan lòt. Sé li ki té motè prinsipal pou fè anpil réjion soti nan sou-dévelopman-an épi nan li-minm sé yon gran opôtinité. Poutan, si sé pa rinmin-an nan vérité-a k-ap orienté-l, élan sa-a ki anvayi tout tè-a riské tounin kòz domaj yo po-t ko janm konnin jous kounié-a ansanm ak nouvo divizion anndan fanmi ras mounnan. » (Benoua XVI, *Caritas in veritate*, 42, 33)

Lè yon moun nan péyi rich-yo ap achté yon pantalon bon maché, li pa doué indiférant parapò a kondision koté yo fabriké-l la, parapò a salè yo bay ouvriyé ki fè-l la, si salè sa-a kòrèk oubyin injis. Kondision lavi tout moun gin inpòtans. Nou pa doué indiférant parapò a okinn sitiasion mizè. Tè-a bézouin yon « véritab gouvènman politik mondial » (Benoua XVI, *Caritas in veritate*) ki kapab garanti yon ékilib ki kòrèk ant moun péyi rich-yo ak moun péyi ki sou rout dévelopman-yo. Anpil foua, yo mété dènié péyi sa-yo andéyò avantaj mondializasian économik-la alòské sé yo minm k-ap poté chaj-la.

447 *Èské mondializasian-an konsèné afè politik ak économi sèlman ?*

Lontan sé kòmsi yo té fè yon pataj, yon répatision ant fonksion-yo : économi-an té doué veyé sou ogmanté prodiksion-an ak

richès-la, épi politik-la té doué veyé pou yo byin distribiyé yo. Kounié-a nan tan mondializasian sa-a, profi y-ap fè-a sé onivo tout planèt-la épi politik-la rété fèmin anndan frontiè péyi-yo. Sé poutèt sa li nésésè jodi-a non sèlman pou ranfòsé pouvoua òganism politik intènasional-yo min tou pou ankourajé nan péyi ki pi pòv sou tè-a inisiativ ékonomik moun sa-yo oubiyin group sosial sa-yo ki pap chèché profi-a toudabò min ki gin yon espri solidarité ak charité k-ap fè yo aji.

Sou maché-a y-ap fè échanj byin ki gin yon valè ékivalan épitou byin yo pa bay anyin an échanj pou yo. Nan anpil réjon sou tè-a, moun-yo tèlman pòv, yo pa gin anyin pou ofri nan échanj-la, épi y-ap vîn pi dépan-dan chak foua. Donk sé pou yo ankourajé inisiativ ékonomik ki pa mété dévan « lojik échanj »-la min « lojik bay san résévoua konpansasion-an » (Benoua XVI, C/V, 37). Sé pa sèlman bay pòv lacharité min sé ouvri chémin libèté ékonomik-la pou yo antan yo édé yo soti nan problèmnan ak pròp fòs yo. Anpil projè krétyin alé nan sans sa-a. Konsa tou gin « antréprénè sosial » ki pa krétyin épi ki orienté pou profi-a min k-ap travay nan léspri yon « kilti ki aprann bay » pou yo kapab diminié povré-té-a ak majinalizasian-an (éksklizion-an).

**448** Èské povréte-a ak sou-dévelopman-an sé yon déstin ki pa kapab chanjé ?

Bondié rimmèt nou tè-a ak richès ki ladan-l ki t-a kapab bay tout moun asé manjé pou yo manjé épi éspas pou yo viv. Poutan gin anpil zòn, péyi ak kontinan koté anpil moun sé apèn si yo gin sa-k nésésè pou yo égzité. Kasé tè-a kasé an dé konsa-a sou plan kondision lavi-a gin rézon istorik anchévètré ki ékspliké-l, min gin mouayin pou rézoud problèm-nan. Péyi rich-yo gin yon dévoua moral pou yo édé péyi ki pa trò avansé-yo pou yo soti nan povréte-a gras a èd pou dévelopman-an épi yon fonksionman ékitab (kòrèk) nan rélation ékonomik-yo épi komèsial-yo.

Ginyin 1,4 milia moun sou planèt nou-an k-ap viv ak mouins pasé yon dola pa jou. Y-ap soufri paské yo pa gin manjé pou manjé épi, gin dé lè, minm dlo pou yo bouè yo pa ginyin. Anpil foua yo pa kapab rivé jouinn ni édikasian ni protéksion médikal. Yo kalkilé gin plis pasé 2500 moun k-ap mouri poutèt malnirtrition. Anpil nan yo sé timoun.

**449** Kòman yon krétyin doué montré li rinmin pòv-yo ?

Rinmin pòv-yo sé yon karaktéristik krétyin-yo ki valab pou tout tan. Sé pa sèlman fè yo lacharité, yo gin doua tou pou yo fè yo jistis.

Krétyin-yo gin dévoua pou yo patajé byin yo. Kris-la sé pi gran modèl rinmin pou pòv-yo. [2443-2446]

*Ala kontantman pou pòv-yo dapré épri-a, paské sé pou yo péyi roua sièl-yo yé (Mt 5,3) – sé prémié « béatitud »-la. Gin yon povrété matérièl, moral épi spirituel. Sé dévoua krétyin-yo pou yo pran souin sa-k nan bézouin sou tè-a, pou pran ka yo, pou rinmin yo épi pou édé yo. Kris-la ap jijé tout moun apati rinmin pou pòv-yo plis pasé tout lòt aspè : Ninpòt ki sa nou té fè pou youn nan frè-m sa-yo ki pi piti-yo, sé pou mouin nou té fè-l (Mt 25,40). – 427*

450 *Kisa ki « jès mizérikòd kòporèl-yo » ?*

**Sé bay sa-k grangou-yo manjé, bay sa-k souaf-yo bouè, abiyé sa-k pa gin rad-yo, akéyi sa-k san kay-yo, vizité sa-k malad-yo ak prizonié-yo, antéré mò-yo.** [2447]

451 *Kisa ki « jès mizérikòd spirituèl-yo » ?*

**Aksion mizérikòd spirituèl-yo sé : instoui sa-k ignoran, konséyé sa k-ap douté, konsolé sa-k nan lapinn, korijé sa-k nan péché, padoné sa-k fè nou ditò, sipôté injistis-la avèk pasians épi priyé pou sa-k vivan-yo ak sa-k mouri-yo.**

## UTIÈM KÒMANDMAN-AN

Ou pap fè fo-témouagnaj sou prochin-ou

452 *Kisa uitièm kòmandman-an mandé nou ?*

**Uitièm kòmandman-an aprann nou pa bay manti. Manti vlé di palé oubiyin aji konsiamman épi volontèman dapré sa ki kontrè ak vérité-a. Moun k-ap bay manti-a ap fè pròp tèt-li ditò épi l-ap tronpé moun ki gin doua konnin tout vérité-a.** [2464, 2467-2468, 2483, 2485-2486]

Tout manti sé yon antòs yo fè jistis-la ak charité-a. Manti-a sé yon fòm violans, li mété sémans divizion-an nan yon kominoté, li tronpé konfians-la ki baz tout rélation anndan kominoté moun-yo.

453 *Ki plas Bondié nan rapò nou ginyin ak vérité-a ?*

**Viv nan respè pou vérité-a pa vlé di sèlman pou nou fidèl parapò a pròp tèt-nou. Pi byin toujou, li vlé di pou nou véridik, pou nou fidèl aléga Bondié, paské li sé sous tout vérité. Épi lè sa-a tousuit nou**

**jouinn vérité sou Bondié-a épi tout réalité-li nan Jézu ki chémin-an, vérité-a, lavi-a. (Jn 14,6). [2465-2470, 2505]**

Moun k-ap maché tout bon dèyè Jézu toujou ap mété plis vérité nan lavi-li. Li konbat tout manti, tout fosté, tout fè-sanblan ak tout ipokrizi nan aksion ak nan paròl-li, épi li vîn transparan pou vérité-a. Kouè, sé tounin témouin vérité-a.

454     *Jous kibò dévoua-nou kòm témouin vérité lafoua-a rivé ?*

**Tout krétyin doué rann vérité-a témougnaj, épi konsa suiv tras Kris-la ki té di dévan Pilat : Mouin minm sé pou sa mouin pran nésans épi pou sa mouin vîn sou tè-a, pou-m témougnâ pou vérité-a (Jn 18,37). [2472-2474]**

Pou yon krétyin, sèvi vérité lafoua-a témouin kapab rivé jous nan bay lavi-l poutèt li vlé rété fidèl nan vérité-a épi fidèl nan rinmin pou Bondié ak pou moun-yo. Fòm témougnaj ekstrèm sa-a li bay vérité lafoua-a, yo rélé-l mati.

455     *Sa sa vlé di pou yon moun véridik ?*

**Vérité-a sé yon vèrtu ki fè nan aksion-nou nou fiab, nan paròl-nou nou onèt, antan nou veyé pou-n pa tonbé nan doub-fas, nan fè sanblan, nan fè foub ak nan ipokrizi. Fason ki pi grav pou réfizé vérité-a sé trayi sèman-an (parjure). [2468, 2476]**

Youn nan pi gran mal ki déranjé tout komnotiné-yo sé kalomni, médizans épi fè bri kouri sou moun (tripotaj) : A di B « an tout konfians » sa C di ki mal osijè B.

456     *Kisa pou nou fè lè nou bay manti, tronpé épi triché (fè kokin) oubyin kopié ?*

**Tout fot kont vérité-a ak jistis-la mandé réparation, minmsi fot-la déjà padoné. [2487]**

Lè li inposib pou réparé yon manti oubyin yon fo-témougnaj piblikman, sé pou yo fè sa an sékrè omouin. Si nou pa kapab dédomajé dirèktéman moun nou té fè ditò-a, nou oblijé an konsians bay yon satisfaksion moral, sètadi nou doué fè sa nou kapab pou nou bay yon konpansasion propòsionèl.

457 *Poukisa vérité-a mandé diskrésion-an ?*

**Sé ak prudans pou nou fè konnin vérité-a épi an konfòmité ak kòmandman rinmin pou frè-a. Anpil foua gin moun k-ap sèvi ak vérité-a tankou ak yon zam, anpil foua sa antréne déstriksion angiz konstriksion.** [2488-2489, 2491]

Lè n-ap bay yon infòmasion nou doué sonjé « toua késion » Sokrat-yo : Èské sé vré ? Èské sé yon bon bagay (sé byin) ? Èské sa itil ? Diskrésion\*-an tou sé règ ki konséné sékrè profésionèl-la. Yo doué toujou sovgadé-yo, sof nan ka eksépsionèl yo t-a doué présizé yon fason strikt. Moun ki gayé piblikman konfidans yo fè-l an privé anba so sékrè-a li fè yon fot tou. Tout sa n-ap di doué yon vérité, min sé pa tout sa ki vré yo doué di obligatouaman.

458 *Kisa ki karaktérizé sékrè konfésion-an ?*

**Sékrè konfésion-an sakré, yo pa doué trayi-l sou okinn prétèks.** [2490]

Yon prèt\* pa gin doua dénonsé minm krim ki pi rèd-la. Sé yon sèl possibilité li ginyin : réfizé bay abolision-an si pénitan-an pa livré tèt-li bay lapolis. Minm détay konfésion yon timoun yo pa doué gayé sa, minmsi yo t-a malminnin pè-a pou fè-l palé. ↵ 238

459 *Ki résponsabilité moral nou ginyin nan sèvi ak mouayin komunikasion-yo ?*

**Profésionèl k-ap travay nan mouayin komunikasion-yo gin yon responsabilité vizavi moun k-ap sèvi ak yo. Toudabò yo doué bay infòmasion ki chita sou vérité. Yo doué réspété doua ak dignité moun-yo nan chèché sa-k pasé tout bon épi nan fason y-ap fè konnin-yo.** [2493-2499]

Mouayin komunikasion sosial\*-yo doué édé konstoui yon lavi ki kòrèk sou tè-a, nan libèté ak solidarité. Éféktivman, sa rivé anpil foua pou yo sèvi ak média-yo tankou zam nan konba idéolojik ; oubiyin pou an fonksion kantité moun k-ap kapté-yo (audimat, taux d'audience) yo rénonsé a tout dimansin étik nan mésaj y-ap fè pasé yo pou fè yo tounin simp mouayin ki gin pou objéktif fè moun k-ap sèvi ak yo-a plézi épi kréyé yon dépendans lakay-yo.

460 *Nan kisa média-yo kapab tounin yon danjé ?*

**Anpil moun, timoun an patikilié, pansé sa yo ouè nan média-yo sé vré. Lè responsab média-yo toléré pou an jouèt konsa y-ap pran**

**défans violans, y-ap aprouvé konpòtman antisosial, y-ap banalizé séksualité moun-nan, sé péché y-ap fè, ni yo minm ni òganizasian ki t-a doué kontrolé yo. [2496, 2512]**

Profésionèl k-ap travay nan média-yo doué toujou sonjé produi y-ap présentanté-yo gin yon inpak sou konpòtman moun-yo. Jèn-yo minm sé tout tan pou y-ap mandé tèt yo èské y-ap sèvi ak média-yo antan yo rété lib épi yo kinbé yon distans gras a kapasité jjiman kritik yo, oubyin si yo tounin fanatik kèk média. Chak moun responsab pròp nanm-li. Moun k-ap konsomé violans, rayisans ak pònografi nan média-yo désann nan nivo bët-yo spirituèlman épi sé pròp tèt yo y-ap andomajé.

461 *Kijan travay atistik-la sèvi pou poté bëlté ak vérité ?  
Sa-k vré ak sa-k bèle maché ansanm, paské Bondié sé sous bëlté-a ak vérité-a. Donk, travay atistik-la k-ap chèché eksprimé bëlté-a sé yon chémin pou lavi an plénitid-la épi pou Bondié. [2500-2503]*

Sa yo pa rivé di ak paròl, sa intèlijans-la pa rivé eksprimé, art-la kapab rivé fè santi-l. Li sé yon débòdman gratis k-ap soti nan richès sa mounnan yé sou paranndan-an (CEC, 2501). Kòm nan yon sètin sans li sanblé ak aktivité Bondié kòm Kréatè-a, art-la métè ansanm inspiration-an ak abilité pratik moun-nan pou-l fòmé yon nouvo réalité, yon réalité yo po-t ko ouè jous nan lè sa-a. Art-la pa gin finalité absolu nan li-minm minm. Finalité-l sé lévé moun-nan anlè, ba-l émosion, ba-l dignité, épi alafin kondui-l pou-l adoré Bondié épi di-l mèsi.

## NÉVIÈM KÒMANDMAN-AN

Ou pap anvi pran madanm prochin-ou

462 *Poukisa névièm kòmandman-an ap konbat kont anvi lachè-a ? Névièm kòmandman-an pap konbat anvi-a nan li-minm, min anvi ki dézòdoné-yo. Liv ki Sin-yo mandé pou nou fè atansion kont yon fòm anvi ak konvouatiz ki pousé moun-nan fè péché lè instin li-yo dominé rézon-li épi yo tounin obsésion séksuèl. [2514, 2515, 2528, 2529]*

Atirans séksuèl ant gason-an ak fi-a, sé Bondié ki kréyé-l, donk li bon. Li fè pati intrinsèk nati moun-nan ki gin yon orientasion séksuèl apati konstitision biologik-li. Fonksion atirans sa-a sé fè gason-an ak fi-a fè youn épi possibilité fè piit ki soti nan sa. Névièm kòmandman-an doué protéjé inion sa-a. Fòk nou prezèvè lavi-nou kòm épou épi fanmi-nou tou antan nou pa joué ak difé, épi antan nou protéjé tèt-nou kont tout

frivolité k-ap limin anvi gin yon lòt mari oubuin yon lòt madam. Sé poutèt sa li bon pou raplé krétyin-yo an patikilié pou yo pa manyin gason ak fi ki déjà marié-yo ! ↗ 400-425

463 *Kòman nou rivé gin yon kè pròp ?*

**Nou rivé gin kè pròp ki nésèsè pou nou kapab rinmin-an lè toudabò nou kinbé kontak avèk Bondié nan priyè-a. Lè gras Bondié-a ap fè nou viv, nou jouinn chémin k-ap minnin nou nan yon rinmin ki san mélanj épi san pataj. Chasteté-a pèmèt nou rinmin ak sinsérité épi san pataj.** [2520, 2532]

Si nou viré nan diréksion Bondié avèk yon intansion ki douat, ki klè san mélanj, l-ap transfòmé kè-nou. L-ap ba nou fòs pou nou konfòmè nou ak volonté-l épi pou nou répousé mové lidé-yo, imaj ak anvi sal-yo. ↗ 404-405

464 *Sa-k fè pidè-a sé yon bon bagay ?*

**Pidè-a (pudeur) prezèvè intimité moun-nan : sa vlé di mistè sa moun-nan yé-a, sa ki pròp afè pa-l ki kaché nan fon kè-l, dignité-l épi avantou kapasité li ginyin pou li rinmin épi bay pròp tèt li-a. Li konsèné tou tout bagay sé rinmin-an sèl ki gin doua ouè-yo.** [2521-2525, 2533]

Anpil jèn ap viv nan yon anbiens koté yo fè kòmsi sé nòmal pou ékspozé tout bagay dévan je tout moun san ront san pidè. Poutan pidè-a sé yon kalité ki pròp pou moun-yo, bét-yo pa gin santiman sa-a, sé yon karaktéristik ki pròp pou moun-nan sèlman. Li kaché épi prezèvè sa moun-nan ginyin ki gin plis valè sètadi dignité-l nan kapasité-l pou-l rinmin-an. Yo jouinn santiman pidè-a nan tout kilti-yo nan diféran fason. Sa pa gin anyin pou-l ouè ak fè sint-nitouch oubuin ak yon édikasyon ki kouinsé moun-nan fè-l pa ka éksprimé-l. Konsa tou, moun-nan gin santiman pidè-a parapò a kité yo fè konnin fot li fè oubuin lòt bagay ki ta avili-l. Sé raché dignité yon moun sot sou li, lè nou ataké pidè natirèl li-a ak paròl nou di, fason nou gadé, jès nou fè oubuin aksion nou réalizé. ↗ 412-413

## DIZIÈM KÒMANDMAN-AN

Ou pap anvi pran anyin nan sa-k pou prochin-an

465 *Kòman krétyin-an doué konsidéré byin lòt-yo posédé ?*

**Krétyin-an doué aprann fè diférans ant sa li anvi ki rézonab ak sa ki égzajéré-yo. Épi gin yon dispozision anndan-l pou-l réspékté sa lòt moun posédé. [2534-2537, 2552]**

Avidité, aloufa, fè moun vîn ava, fè moun vòlè épi vòlè ak zam nan min, tronpé moun nan kòmès, fè violans épi injistis, anvié sò lòt épi souaf san kontròl pou rivé pran sa lòt-yo ginyin.

466 *Kisa anvié sò lòt-la yé épi kijan pou nou konbat li ?*

Anvié sò lòt-la sé yon jalouzi ak yon déranjman nou santi lè nou ouè lòt-yo byin, épi yon souaf pou pran sa lòt-yo ginyin, minmsi sé t-a nan mové kondision pou-n t-a rivé pran yo. Anvi ouè mal pou prochin-an sé yon péché grav. Nou kapab konbat inklinasyon nan anvié sò lòt-yo antan nou éséyé kontan lè lòt-yo réyisi, lè talan yo ginyin dévlopé, antan nou kouè nan byinvéyans Providans Bondié-a pou nou minm tou, épi antan nou viré kè-nou nan diréksion vrè richès-la ki sé patisipé nou déjà patisipé nan lavi Bondié-a gras a l'Éspri Sin-an. [2538-2540, 2553-2554]

467 *Poukisa Jézu mandé nou pou nou pòv nan kè-nou ?*

**Granmèt-nou Jézu-Kri té vîn pòv antan-l rich, pou nou minm nan povrété pa-l la nou vîn rich (2 Kor 8,9). [2544-2547, 2555-2557]**

Minm jèn-yo konn fè ékspérians yon vid anndan kè yo. Min lè sa-a sé pa yon mové bagay pou-m santi-m pòv. Lè sa-a mouin annik chèché ak tout kè-m sa-k kapab konblé vid mouin santi anndan mouin-an, épi ki kapab transfòmé povrété-m nan an richès. Sé poutèt sa Jézu di : *Ala kontantman pou pòv-yo dapré éspri-a, paské sé pou yo péyi roua sièl-yo yé* (Mt 5,3). ↵ 283-284

468 *Kisa moun-nan t-a doué anvi pi plis ?*

**Sa moun-nan kapab anvi ki pi gran sé Bondié. Rivé ouè li, li-minm Kréatè-nou, Granmèt-nou, Sovè-nou, sé sa ki kontantman san fin-an. [2548-2550, 2557] ↵ 285**

**KATRIYÈM PATI****Priyè krétyin-an**

Priyè-a nan lavi krétyin-an  
| Kijan Bondié vîn toupré nou  
    | Sous priyè-a  
    | Chémin priyè-a  
| Priyè Granmèt-la : *Papa nou-an*

## PRÉMIÉ SÉKSION

### Priyè-a nan lavi krétyin-an

469      *Kisa priyè-a yé ?*

**Priyé sé viré kè-nou nan diréksion Bondié. Lè yon moun ap priyé, li antré nan yon rélasion ak Bondié k-ap ba-l lavi. [2558-2565]**

Priyè-a sé gran pòt ki fè nou antré nan lafoua-a. Moun k-ap priyé-a li p-ap viv apati pròp tèt-li ankò ni pou pròp tèt-li ankò, antan-l t-a konté sou pròp tèt-li sèlman. Li konnin Bondié égzisté, li la, épi yo kapab palé ak li. Moun k-ap priyé-a mété konfians li chak foua pi plis nan Bondié. Dépi kounié-a, l-ap chèché ginyin avèk li rélasion sa-a l-ap ginyin yon jou lè l-a ouè-l fas-a-fas la. Sé poutèt sa lè ou-ap viv kòm krétyin, ou doué fè éfò priyé chak jou. An réalité, yo pa aprann priyé tankou yo aprann yon téknik. Minmsi sa sanblé étranj, priyé sé yon don, yon kado nou résé-voua antan n-ap priyé.

## PRÉMIÉ CHAPIT

### Kijan Bondié vîn toupré nou

470      *Sa-k fè moun-nan rivé priyé ?*

**Nou priyé paské nan nou gin yon souaf, ki pa kapab pasé, pou nou fè youn ak Bondié, épi paské Bondié kréyé nou pou-l rélé nou vîn jouinn li : « Kè-nou san répo tout tan li poko répozé nan ou » (Sint Ogustin). Nou priyé tou paské sé yon nésésité pou nou ; sèké, jan Mè Téréza di-a : « Kòm mouin pa kapab konté sou mouin minm, mouin rinnmèt tout mouin minm ba li, vinnkatrè sou vinnkat ». [2566-2567, 2591]**

Anpil foua nou blyié Bondié, nou vlé glisé sot nan min-l, épi n-ap kaché pou li. Min kit nou t-a éséyé évité sonjé-l oubiyin nou t-a réjté-l, li-minm li toujou la pou nou. L-ap chèché nou anvan nou t-a chèchè-l, li souaf nou, l-ap rélé nou. N-ap palé ak konsians nou épi toudinkou nou rémaké sé ak Bondié n-ap palé. Nou santi nou pou kont nou, nou pa gin pèsonn moun pou-n palé avè-l, épi nou rann nou kont n-ap toujou kapab palé ak Bondié. Yon danjé ap ménasé nou, épi nou ouè Bondié té réponn lè nou t-ap rélé anmoué-a. Moun priyé natirèlman, tankou li réspiré, li manjé, li rinmin. Priyé-a pròpté kè-nou épi li pèmèt nou résisté

tantasion-yo. Priyé fè nou vîn fò nan féblès-nou. Priyé fè nou pa pè ankò, li ogmanté fòs-nou, li ba nou plis souf. Priyé bay kontantman.

471 *Pou kisa yo di Abraam sé yon modèl priyè ?*

**Abraam té konn kouté Bondié. Li té dispozé pati alé koté Bondié té vlé voyé-l épi fè tout sa-l mandé-l. Pou jan li obéyi épi li pati tousuit, sa fè li sé yon modèl pou priyè-nou.**

Pa gin anpil priyè Abraam té fè ki rivé jouinn nou. Min nou konnin tout koté-l té pasé li té bati yon otèl pou Granmèt-la, yon koté pou-l priyé ; nan tout vouayaj li t-ap fè pandan lavi-l, li té gin diféran ékspérians ak Bondié, gin dé lè minm li té viv moman épèv ak dout. Lè li ouè Bondié t-apral détouï vil Sodòm-nan ki pa-t réspékté Bondié, li plédé an favè-l. Li insisté kinbé tèt ak Bondié. Siplikasion sa-a pou défann Sodòm-nan sé prémié gran priyè intèsesion nan istoua pèp Bondié-a.

472 *Kòman Moyiz té priyé ?*

**Nan Moyiz nou aprann « priyé » vlé di « palé ak Bondié ». Nan touf rajé ki t-ap flanbé-a, Bondié antré tout bon nan yon dialòg avèk Moyiz épi li ba-l yon mision. Moyiz fè kèk objéksion épi li pozé késion. Alafin Bondié révélé-l ‘Non’-l ki sin-an. Minm jan lè sa-a, Moyiz té fè Bondié konfians épi li té aksépté mété-l nan sèvis-li nèt, konsa tou, nou minm tou, nou doué priyé épi mété-n nan lékòl Bondié. [2575-2577]**

Nan Bib-la, yo sité non Moyiz 767 foua, tèlman li gin yon ròl santral pou pèp Israèl-la li té libéré-a épi li té rinvèt dé Tab Laloua-a. An minm tan, Moyiz té yon gran intèsesè pou pèp li-a. Nan priyè-a li résévoua mision-l épi sé la tou li pran fòs-li. Moyiz té gin yon rélasion pèsonèl épi intim avèk Bondié: *Granmèt-la té konn palé ak Moyiz fas-a-fas, tankou dé moun palé youn ak lòt* (Égz 33,11). Anvan-l té aji oubyin anségné pèp-la, Moyiz té konn ralé kò-l sou mòn-nan pou-l priyé. Li sé prémié égzanp priyè kontanplasion-an.

473 *Ki inpòtans psòm-yo nan priyè-a ?*

**Avèk *Notre-Pè-a*, psòm-yo fè pati gran trézò priyè l’Égliz-la. Y-ap chanté louanj Bondié yon fason ki valab toujou.**

Ansyin Téstaman-an\* gin 150 psòm. Sé yon koléksion chan ak priyè yo rasanblé dépi pliziè milié ané environ, épi, jodi-a toujou y-ap nourri priyè l’Égliz-la fè an piblik, nan sa yo rélé priyè lè-yo (bréviè-a). Psòm-yo fè

pati tèks ki pi bèl nan littérati lèzòm, épi yo touché nou dirèktéman, nou minm moun tan kounié-a, gras a fòs spirituèl yo ginyin-an. ↗ 188

474 *Kijan Jézu té aprann priyé ?*

**Jézu té aprann priyé nan fanni-li épi nan sinagòg-la. Min Jézu té dépasé kad priyè traditionèl-la. Fason li priyé-a fè ouè li té gin rélasion imédia ak Papa-l ki nan sièl-la, sé « Pitit Bondié »-a sèl ki kapab gin rélasion sa-a.** [2598-2599]

Jézu ki Bondié épi moun an minm tan, té grandi tankou tout ti moun juif nan épòk li-a, nan rit ak mòd priyè pèp li-a, Israèl. Min jan sa té parèt nan épizòd Tanp-la lè-l té gin douz an-an (Lk 2,41-50), té gin kichòy nan Jézu li pa-t « aprann », yon rélasion spésial ki té anrasinin nan finfon kè-l, yon rélasion intimité inkonparab ak Bondié, Papa-l ki nan sièl-la. Tankou tout moun, Jézu té espéré nan lòt lavi-a épi li té priyé Bondié. Min an minm tan li t-ap patisipé nan lòt lavi sa-a. Poutèt sa nou déjà ouè yon jou sé Jézu li-minm nou t-a gin pou-n priyé antan nou rékonèt li sé Bondié épi n-ap mandé-l gras-li.

475 *Kijan Jézu té konn priyé ?*

**Tout lavi Jézu sé té yon priyè. Nan kèk moman désizif (tantasion nan dézè-a, apèl disip-yo, soufrans koua-a), priyè li-a té fèt ak yon fòs intansité spésial. Anpil foua li té konn al yon koté pou kont-li pou-l priyé, sitou nan nuit. Fè youn ak Papa-a nan l'Éspri-Sin-an sé té fil rouj, fil kondiktè, lavi-li sou tè-a.** [2600-2605]

476 *Kòman Jézu té priyé dévan lanmò-l ?*

**Dévan lanmò-li, Jézu té santi profondè angouas ki kapab sérè kè moun. Poutan, minm lè sa-a, li té jouinn fòs pou-l mété konfians-li nan Papa-l ki nan sièl-la : *Aba, Papa ! tout bagay posib pou ou ; ouété kalis sa-a sot nan min-m ; sèlman, sé pa sa mouin vlé-a, sé sa ou vlé-a !* (Mk 14,36). [2605-2606, 2620]**

« Sé nan malè moun aprann priyé » : prèske tout moun fè ékspérians sa-a nan lavi-li. Kòman Jézu té priyé lè lanmò-li té prêt pou rivé ? Sa-k té gidé-l nan moman sa-a sé volonté total li té ginyin pou li kouè Bondié Papa-l rinmin-l épi l-ap pran souin-l. Poutan lè sa-a tou, li di youn nan priyè ki pi difisil pou sondé-yo (li té réprann yon priyè juif-yo konn fè lè y-ap mourir) : *Bondié mouin, Bondié mouin, poukisa ou lagé mouin* (Mk 15,34 ; drapé Ps 22,1). Tout dézespoua, tout jémisman, tout rèl

soufrans lèzòm ap fè dépi tout tan, tout anvi yo anvi jouinn min Bondié k-ap poté yo sékou, sé tout sa ki rézimé nan paròl Jézu yo klouré sou koua-a. Apré li fin di : « *Papa, mouin rinnmèt éspri mouin nan min ou* » (Lk 23, 46), Jézu rann souf-li. Sé la li éksprimé konfians san limit li ginyin nan Papa-a ki pral louvri chémin viktoua-a sou lanmò-a ak puisans-li. Konsa, priyè Jézu-a nan moman lanmò-l la déjà patisipé nan viktoua paskal réziréksion-l nan. → 100

**477      *Kisa sa vlé di pou nou mété nou nan ékòl priyè Jézu-a ?  
Sa vlé di antré nan konfians san limit li-a, asosié nou ak priyè li-a  
épi kité li kondui nou ofiamézi al jouinn Papa-a.* [2607-2614, 2621]**

Disip-yo ki t-ap viv bò koté Jézu té aprann priyé antan y-ap kouté-l épi imité-l, li-minm tout lavi-l té priyè-a. Tankou Jézu, yo té doué vijilan, batay pou yo gin yon kè pròp, bay tout bagay pou Péyi-roua Bondié-a rivé, padoné ènmi-yo, fè Bondié konfians ak odas, épi mété rinmin Bondié-a anvan tout bagay. Jézu ki té bay égzanz don total sa-a pou Bondié, té invité disip li-yo di Bondié ki gin tout pouvoua-a : « Aba, Papa ». Lè n-ap priyé nan éspri Jézu-a, an patikilié lè n-ap priyé *Notre-Pè-a*, nou suiv tras pié Jézu, épi nou kapab sètin n-ap rivé san mank nan kè Papa-a. → 495-496, 512

**478      *Pou kisa nou kapab kouè ak tout konfians Bondié kouté priyè-nou ?  
Pandan Jézu t-ap viv sou tè-a, anpil moun ki té sipliyé-l pou  
mandé-l yon gérisson, li té ba yo li. Jézu ki résisité sot nan lanmò-a,  
li vivan, li kouté priyè nou-yo épi li poté yo bay Papa-a.* [2615-2616,  
2621]**

Jous jodi-a, nou konnin non chèf sinagòg-la, Jayir, ki té sipliyé Jézu édé-l, épi li té ba li sa-l té mandé-a. Ti pitit fi li-a té prêt pou mouri. Pèsonn pa-t kapab fè anyin ankò. Jézu pa-t sèlman géri ti fi-a, min li ba-l lavi ankò sot nan pamí mò-yo (Mk 5, 21-43). Jézu té fè yon kantité gérisson tout bon vré. Li té fè prodij ak mirak. Paralitik, lépré, avèg, pa-t priyé-l san rezulta. Gin prèv tou ki sétifié lè nou priyé sin-yo nan l'Égliz-la, nou jouinn satisfaksion. Anpil krétyin kapab témoagné kijan Bondié té égzosé yo lè yo té mandé sékou. Min Bondié pa yon distribitè otomatik : nou doué fè-l konfians parapò a fason li vlé égzosé priyè nou-yo. → 40, 51

479 *Ki léson nou pran nan fason la Trè Sint Vièj Mari té konn priyé-a ?*

Aprann priyé tankou Mari sé di minm jan avèk li : **Sé pou sa fèt pou mouin jan ou di-a** (Lk 1, 38). Priyé, an rézimé, sé bay Bondié pròp tèt-nou kòm répons pou rinmin li gin pou nou-an. Si nou di « oui » tankou Mari, Bondié ap kapab fè lavi li-a pasé nan lavi pa-nou. [2617-1618, 2622, 2674] ↗ 84-85, 117

480 « Je vous salue »-a

**Mouin salué-ou, Mari, Plin-lagras,**

Granmèt-la avèk ou.

Ou bénì pasé tout fi

é Jézu, foui zantray ou, bénì.

**Sint Mari, Manman Bondié,**

lapriyè pou nou, pòv péchè,

koulié-a ak lè n-ap mouri. Amèn.

An latin :

**Ave Maria, gratia plena,**

Dominus tecum.

Benedicta tu in mulieribus,

et benedictus fructus ventris tui

Jesus.

**Sancta Maria, Mater Dei,**

ora pro nobis peccatoribus,

nunc et in hora mortis nostrae.

Amen.

An fransè :

**Je vous salue, Marie, pleine de grâce,**

le Seigneur est avec vous.

**Vous êtes bénie entre toutes les**

femmes et Jésus le fruit de vos

entrailles est bénì.

**Sainte Marie, Mère de Dieu,**

priez pour nous pauvres pécheurs,

maintenant et à l'heure de notre mort.

Amen.

481 *Kòman yo priyé chaplè-a oubyin rozè-a ?*

1. O non Papa-a...

2. Credo (*Mouin kouè nan Bondié... ouè n. 28*)

3. *Notre-Pè-a*

4. Toua *Je vous salue Marie*

5. Viv *Papa-a*, ak Pitit-la ak l'Espri-Sin-an,

tankou nan kòmansman ni kounié-a, ni tout tan

ak pou tout tan gin tan. Amèn.

6. Sink group dis (dizèn) ki gin : Yon *Notre-Pè*, épi dis *Je vous salue Mari* épi yon *Viv Papa-a*.

Yon rozè konplè gin yon méditation sou Mistè kè kontan-yo, mistè limiè-yo, mistè doulè-yo épi mistè gloua-yo.

*Mistè kè kontan yo* (lindi, samdi matin).

Anonsiasion anj Gabriyèl bay la Vièj Mari-a.

Vitzasision la Vièj Mari kay kouzîn-li Élizabèt.

Nésans Jézu nan gròt Bétléèm-nan.

Prézantasion Jézu nan Tanp-la.

Jézu pèdi épi retrouvé nan Tanp-la.

*Mistè limiè-yo* (jédi).

Batèm Jézu nan Joudin-an.

Nòs nan Kana-a.

Anons Péyi-roua Bondié-a ak invitasion pou konvèzion-an.

Transfigiraison Jézu-a.

Institution Ékaristi-a (Jézu kité sakréman Kò-li ak San-li pou nou-an).

*Mistè doulè-yo* (madi, vandrédi).

Agoni Jézu nan Jésémani-an.

Flajélaison Jézu-a.

Kouròn pikan-an.

Poté koua-a.

Jézu krisiflé épi mouri sou koua-a.

*Mistè gloua-yo* (mèkrédi, dimanch).

Réziréksion Jézu-a.

Asansion Granmèt-la nan sièl-la.

Pannkot-la.

Asonpsion Mari nan sièl-la.

Kourònman Mari kòm Rèn sièl-la ak tè-a.

482      *Ki plas priyè-a té ginyin pou prémié krétyin-yo ?*

Prémié krétyin-yo té konn priyé ak tout kè. Prémié tan l'Égliz-la sé l'Espri-Sin-an ki té fè-l parèt lè-l té désann sou apot-yo épi lè-l té fè yo plin élan pou Bondié : *Yo té rét byin fidèl nan ansègnman Apotyo, épi nan viv ansanm, nan séparé pin-an, épi nan lapriyè* (Tr 2,42).

483      *Kijan yo rélé sink fòm priyè-yo ?*

Sink fòm prinsipal priyè-a sé : Bénédictsion\*-an, adorasion-an, priyè démann épi intèsesion-an, priyè aksion-d-gras épi priyè louanj-la. [2626-2643]

484      *Kisa priyè bénédiksion-an yé ?*

**Sé yon priyè k-ap mandé Bondié pou béni nou (bénédiksion\*). Sé nan Bondié sèl tout bénédiksion soti vîn désann sou nou. Bon li bon pou nou-an, toupré li toupré nou-an, mizérikòd li-a, sé sa ki bénédiksion li-an. « Sé pou Granmèt-la béni nou », sé fòmil bénédiksion ki pi kout-la. [2626-2627]**

Tout krétyin doué mandé Bénédiksion\* Bondié, pou pròp tèt-li, pou lòt- yo. Paran-yo kapab maké fron ptit-yo ak sign lakoua-a. Moun ki rinmin youn lòt kapab béni youn lòt. Pè\*-a sitou, poutèt ministè li-a, béni onon Jézu épi poutèt otorizasian l'Égliz-la ba li. Priyè bénédiksion li-an gin yon éfikasité spésial poutèt sasèrdòs li-a épi paské sé tout l'Égliz-la k-ap soutni-l.

#### 485 *Poukisa nou doué adoré Bondié ?*

**Tout moun ki pran konsians li sé yon kréati Bondié, l-ap rékonèt ak tout umilité sé Bondié ki gin tout pouvoua épi l-ap adoré-l. Min pou yon krétyin, adoré Bondié sé pa sèlman ouè jan li gran, jan li gin tout pouvoua épi jan li Sin (Sinteté\*), min tou sé rékonèt Jézu ak yon kè ki plin rékonésans, paské nan li, Bondié rinmin nou an prémié épi sé li ki Sovè-nou.**

Moun ki adoré Bondié tout bon vré, li mété ajénou dévan-l oubyin lagé kè-l plat atè ; sé yon fason pou-l manifésté ki kalité rélasion ki ginyin ant moun ak Bondié : li gran épi nou piti. An minm tan, moun-nan gran tout bon vré, sé lè li ajénou dévan Bondié antan-l rinmèt tèt-li nèt ba li an tout libêté. Konsa moun ki pa kouè-a, k-ap chèchè Bondié, épi ki komansé priyé kapab sou rout k-ap minnin al jouinn Bondié-a. ↵ 353

#### 486 *Pou kisa nou doué présenté démann-nou bay Bondié ?*

**Bondié ki konnин nou byin, konnин kisa nou békouin. Poutan Bondié vlé pou nou « mandé »-l : pou nan tribilasian lavi-nou, nou palé avèk li, nou fè rèl-nou monté koté-l, nou sipliyé-l, nou plinyin, nou rélé-l épi minm pou nan priyè-nou, nou di-l sa-k révolté nou. [2629-2633]**

Sé sètin, Bondié békouin démann nou-yo pou-l édé nou. Sé avantaj panou pou nou « mandian » k-ap mandé charité. Moun ki pa mandé anyin épi ki pa vlé mandé, fèmin sou pròp tèt pa-l. Moun-nan doué mandé pou-l ouvri kè-l épi viré nan diréksion sous koté tout sa ki byin soti. Moun ki mandé-a tounin vîn jouinn Bondié. Konsa priyè démann-nan mété moun-nan nan yon rélasion kòrèk ak Bondié ki réspekté libêté- nou.

486b *Kisa krétyin-yo vlé di dapré jan yo dispozé kò yo lè y-ap priyé ? Ak langaj kò yo, krétyin-yo mété lavi yo dévan Bondié : yo prostènè (plouayé kò yo tousuit) dévan Bondié. Yo mété dé min yo ansanm antan y-ap priyé oubuin yo lonjé yo (dispozision pou priyé = « attitude orante »). Yo fè jénufléksion oubuin yo ajénou dévan Sin-Sakréman-an. Yo kanpé pou kouté léktu Évanjil-la. Yo chita pou yo médité.*

**Kanpé dévan Bondié**, sé montré jan nou réspékté-l (nou lévé dévan yon moun ki inpòtan), sé montré n-ap véyé oubuin nou prêt pou nou pran rout-la tousuit. Lonjé dé min-yo kòm sign louanj (dispozision pou priyé), sé réfè jès prémié krétyin-yo té konn fè pou loué Bondié.

**Lè-l chita dévan Bondié**, krétyin-an ranmasé kò-l pou kinbé Paròl-la nan kè-l (Lk 2, 51) épi l-ap médité-l.

**Ajénou**, moun-nan fè-l toupití dévan grandè Bondié. Li rékonèt li dépann totalman dé gras Bondié-a.

**Antan-l prostènè**, moun-nan adoré Bondié.

**Antan-l mété dé min-l ansanm**, li ralé kò-l sot nan distraksion épi li mété-l nan prezans Bondié. Mété dé min-yo ansanm sé jès traditionèl priyè démann-nan.

487 *Poukisa nou doué mandé an favè lòt-yo ?*

Tankou Abraam ki té intèrsédé an favè moun Sodòm-yo, tankou Jézu ki t-ap priyé pou disip li-yo, tankou Pòl ki t-ap di kominoté Filip-la : *Antan chak moun pa chèchè intérè pa-l, min chak moun-yo intérè pa lòt-yo* (Fil 2,4), konsa krétyin-yo toujou priyé pou tout moun – pou tout moun yo poté nan kè yo, pou sa ki louin yo épi minm pou ènmi yo. [2634-2636, 2647]

Plis nou aprann priyé sé plis nou santi nan fon kè-nou nou fè pati yon gran fanmi spirituèl ki fè fòs priyè-a pi éfikas. Antan m-ap fè atansion pou okipé moun mouin rinmin-yo, mouin fè pati fanmi tout moun-yo sou tè-a, mouin kapab résévoua fòs gras a priyè lòt-yo épi mandé sékou Bondié pou lòt-yo.

488 *Poukisa nou doué di Bondié mèsi ?*

Tout sa nou yé, épi tout sa nou ginyin, sé nan Bondié li soti. Pòl di : *Kisa minm ou ginyin ou pa-t résévoua ?* (1 Kor 4,7). Di Bondié mèsi, li minm ki ban nou tout byin, sa fè nou kontan. [2637-2638, 2648]

Pi gran priyè aksion-d-gras-la sé Ékaristi\*-a (an grèk sa vlé di « aksion-d-gras », « di mèsi »), sa Jézu té fè-a lè li té pran pin-an ak divin-an antan-l fè yo tounin Kò-*l* ak San-*l*, pou-l ofri tout kréasion-an bay Bondié an aksion-d-gras. Chak foua krétyin-yo ap di mèsi, yo vîn fè youn ak gran priyè aksion-d-gras Jézu-a. Épi kòm Jézu ap transfòmé nou, ap sové nou, nou déjà kapab plin ak rékonésans nan fon kè-nou épi eksprimé Bondié rékonésans sa-a nan diféran fason.

489     *Sa sa vlé di : fè louanj pou Bondié ?*

**Bondié pa békouin aplodisman.** Min nou minm nou békouin eksprimé lajoua-nou spontanéman bay Bondié ak kontantman ki nan kè-nou. Nou fè louanj pou Bondié paské li égzisté épi li bon. Konsa, dépi kounié-a nou fè youn ak anj-yo ak sin nan sièl-yo nan louanj y-ap fè tout tan-an. [2639-2642] ↵ 48

## DÉZIÈM CHAPIT

### Sous priyè-a

490     *Èské sa sifi pou nou priyé sèlman lè nou gin anvi fè-*l* ?*

**Non. Moun ki priyé sèlman lè li anvi fè-*l*, pa pran Bondié osérié, l-ap pasé-*l* nan jouèt, épi byin vit l-ap pèdi abitid priyé-a. Priyè-a viv nan fidélité-a.** [2650-2651]

491     *Èské yo kapab priyé apati Bib-*la* ?*

**Bib\*-la sé tankou yon pui priyè. Priyé apati Paròl Bondié-a, sé sèvi ak mo épi événman Bib-*la* pou priyè pèsonèl-nou.** « Si nou pa konnin sa-k ékri-yo, nou pa konnin Kris-*la* » (Sin Jéròm). [2652-2653]

Liv ki sin-yo, an patikilié psòm-yo ak Nouvo Téstaman\*an, sé yon trézò ki gin anpil valè ; nan yo nou jouinn priyè ki pi bèl épi ki pi profon nan tradision juif-yo ak krétyin-yo. Lè nou médité tèks sa-yo, nou fè youn ak priyè pakèt million krétyin nan tout tan ak tout kilti, min sitou nou fè youn ak Kris-*la* ki preznan nan tèks priyè sa-yo.

492      *Èské priyè pèsonèl pa-m gin kichòy pou ouè ak priyè l'Égliz-la ?*

**Nan litiji l'Égliz\*-la, nan priyè lè-yo (bréviè-a), nan sélébrasion Mès-la, nan résité ansanm anpil priyè ki soti nan Liv ki sin-yo oubyin nan Tradision l'Égliz-la, sa fè chak moun soudé ak priyè komin tout asanblé krétyin-an. [2655-2658, 2662]**

Priyè krétyin-an sé pa yon késion ki régadé li-minm sèlman, min li pèsonèl anpil. Priyè pèsonèl-la vîn purifié, élaji épi ranfósé lè li koulé régilièman nan priyè tout l'Égliz-la. Sé yon gran sign sa yé, yon sign ki gin anpil fòs, lè toupatou sou tè-a épi nan minm moman-an, sa-k kouèyo réyini ansanm pou minm priyè-yo épi konsa yo chanté louanj Bondié ak yon sèl voua. ↗ 188

493      *Ki karaktéristik yon priyè krétyin ?*

**Priyè krétyin-an fèt ak lafoua, espérans épi charité ki byin dispozé. Li gin pèsévrans épi li rinmèt tèt-li bay volonté Bondié. [2656-2658, 2662]**

Nan moman-an minm koté li komansé priyé-a, krétyin-an sòti nan li-minm épi li viré nan diréksion Bondié li-a, sèl Granmèt li-a, antan kè-plin ak yon konfians ki anrasiné nan lafoua ; an minm tan, li mét tout espérans-li nan Bondié k-ap tandé-l, k-ap konprann li, k-ap résévoua-l épi k-ap minnin-l koté-l doué rivé-a. Sin Jan Bosko té di yon jou : « Pou nou konniv volonté Bondié, nou békouin fè toua bagay : priyé, tann épi mandé konsèy ». Finalman, priyè krétyin-an toujou yon ékspréson rinmin, rinmin ki soti nan rinmin Kris-la, épi k-ap chèché rinmin Bondié-a.

494      *Kijan lavi chak jou-a kapab tounin yon ekòl priyè pou mouin ?*

**Chak événman, chak rankont kapab fè nou priyé. Plis nou viv antan nou fè youn tout bon ak Kris-la, nou vîn konprann pi byin sa k-ap pasé alantou nou. [2659-2660]**

Si dépi nan matin mouin chèché fè youn ak Jézu, m-ap kapab bénî mouin mouin rankontré-yo, minm sa ki pa dakò ak mouin épi minm ènmi mouin-yo. Mouin rinmèt tout tèt chajé jounin-an nan min Granmèt-la. Mouin vîn gin plis lapè anndan mouin épi m-ap fè-l parèt sou déyò. Mouin pran tout désizion-m yo antan m-ap mandé tèt-mouin kijan Jézu t-a aji nan plas mouin. Antan-m rété toupré Bondié konsa, mouin dépasé tout kè séré épi mouin pap fébli nan sitiasion ki dézespéré-yo. Mouin poté lapè sièl-la nan mouin épi mouin poté-l bay tout moun. Mouin di Granmèt-la mèsi épi mouin kontan pou tout sa-k rivé-m ki bèl, ki byin ;

min mouin sipòté difikilté-yo tou. Li posib pou-m fè atansion ap kouté Bondié konsa, minm pandan m-ap travay.

495     *Èské nou sètin priyè nou-yo rivé jous kot Bondié ?  
Priyè nou fè nan non Jézu-yo rivé koté priyè Jézu-yo rivé, sètadi  
nan kè Papa-nou ki nan sièl-la. [2664-2669, 2680-2681]*

Nou kapab sètin priyè nou-yo rivé kot Bondié nan mézi nou mété konfians-nou nan Jézu. Paské sé Jézu ki ouvri chémin sièl-la pou nou ankò, sa-k té fèmin poutèt péché nou-an. Kòm Jézu sé chémin k-ap minnin nou al jouinn Bondié-a, krétyin-yo fini priyè-yo antan yo di : « Nou mandé-ou sa pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt-nou ». ↗ 477

496     *Pou kisa nou békouin sékou l'Éspri-Sin-an lè n-ap priyé ?  
Bib\*-la di : Konsa minm, Éspri-a, li-minm tou, soutni féblès nou-an.  
Sa pou nou lapriyè-a réyèlman, jan sa doué fèt-la, nou pa konnin,  
min Éspri-a li-minm minm ap mandé ak plint yo pa kapab palé (Rm  
8,26).*

Sé sèlman **avèk** Bondié nou kapab adrésé yon priyè **bay** Bondié. Sé pa toudabò gras a kapasité pèsonèl-nou priyè-nou vrèman rivé jouinn Bondié. Nou minm krétyin-yo, nou résévoua l'Éspri Jézu-a, ki vlé fè youn nan tout bagay avèk Papa-a : rinmin total, kouté youn lòt nèt alé, konprann youn lòt nèt alé, vlé tout sa lòt-la vlé. L'Éspri-Sin Jézu-a nan nou, épi sé li-minm k-ap souflé nou paròl pou nou di lè n-ap priyé. An réalité, min sa priyè-a yé : sé Bondié k-ap palé ak Bondié nan fon kè-m. L'Éspri-Sin-an édé espri-nou priyé. Sé pousa nou doué toujou di : « Vini Éspri-Sin, vini nan kè-m épi édé-m priyé ». ↗ 120

497     *Sa-k fè Sin-yo sé gid yo yé pou priyè-nou ?  
Difé Éspri Sin-an ap boulé nan sin-yo ; yo kontinié fè difé Bondié-a  
boulé anndan l'Égliz-la. Pandan lavi yo sou tè-a, sin-yo té konn  
priyé ak tout fòs épi yo té konn bay lòt gou pou priyé. Ansanm ak  
yo, priyè-a fasil. Évidamman nou pa adoré sin-yo ; min nou kapab  
mandé yo pou yo intèrsédé pou nou, pou yo priyé ak nou bò kot  
trôn Bondié-a. [2683-2684]*

Alantou kèk gran sin, gin kèk ékòl priyè ki dévlopé (ékòl spiritualité), tankou apati évantay koulè akansièl-la yo chak ap indiké limiè Bondié-a. Yo tout ap insisté sou yon aspè fondamantal lafoua-a pou yo minnin nan kè lafoua-a ak kado Bondié-a antan yo chak pasé nan yon pòt diféran. Konsa spiritualité fransiskin-yo insisté sou povrété dapré l'Éspri-

a, bénédiktin-yo sou louanj-la, jézuit-yo sou disènman-an ak apèl-la. Yon spiritualité nou santi k-ap atiré nou an fonksion pròp karaktè-nou, sé toujou yon ékòl priyè.

498     *Èské nou kapab priyé tout koté ?*

**Oui, nou kapab priyé tout koté. Min katolik-la ap pito chouazi kèk koté Granmèt-la « rété » yon fason spésial. Sé sitou légliz katolik-yo koté Granmèt-la prézan nan Tabènak\*-la anba aparans pin yo konsakré-a. [2691, 2696]**

Li inpòtan anpil pou nou priyé tout koté : nan lékòl, nan bus, nan yon fêt, nan pamí zanmi nou-yo. Sé tout tè-a ki doué résévoua bénédiksion\*. Min li inpòtan tou pou nou frékanté koté ki sin-yo paské Bondié ap tann nou la yon fason spésial pou nou jouinn répo bò koté-l, pou nou jouinn fòs, pou-l rénouvlé nou épi voyé nou an mision. Yon krétyin tout bon pa jamn kontanté-l fè yon ti gadé lè li antré nan yon légliz. L-ap rété yon moman an silans, l-ap priyé Bondié, l-ap rénouvlé amitié ak rinmin li ginyin pou li-a. ↵ 218

## TOUAZIÈM CHAPIT

### Chémin priyè-a

499     *Kilè pou nou priyé ?*

**Dépi prémie kòmansman l'Égliz-la, krétyin-yo priyé omouin lè matin, lè y-ap manjé épi asouè. Moun ki pa priyé régilièman, byin vit li sispann priyé. [2697-2698, 2720]**

Si mouin rinmin yon moun épi pandan tout jounin-an mouin pa janm ba li yon sign rinmin mouin gin pou li-a, sèké mouin pa rinmin-l tout bon. Sé minm bagay-la avèk Bondié. Si nou rinmin-l vrèman, n-ap voyé sign amitié ba li, pou nou ba-l prèv jan nou anvi bò koté-l. Lè matin, lè-m lévé, m-ap ofri Bondié jounin-m nan pou-m résévoua bénédiksion\*-l épi mandé-l pou-l rété bò koté-m nan tout sikonstans ! Pou-m di-l mèsi, sitou lè-m pral manjé. Pou-m rinmèt tout bagay nan min-l alafin jounin-an, pou-m mandé-l padon ak kè pozé pou mouin épi pou lòt-yo ! Sa-a sé yon bèl jounin tout bon – ki tou plin ak sign lavi-m ap voyé bay Bondié ! ↵ 188

500 *Èské gin diféran fason pou nou priyé ?*

Oui, gin priyè vokal, priyè méditatif épi priyè kontanplatif. Toulètoua priyè sa-yo békouin silans ak rékèyman léspri-nou ak kè-nou. [2699, 2721]

501 *Kisa priyè vokal-la yé ?*

Toudabò priyè-a sé lévé kè-n monté jouinn Bondié. Poutan Jézu aprann nou priyé avèk paròl nou di. Nan *Notre-Pè-a*, tankou nan yon téstaman, li kité priyè vokal ki pi bon-an pou nou, pou-l montré nou kijan nou doué priyé. [2700-2704, 2722]

Lè n-ap priyé, sé pa sèlman ak lidé-nou pou nou sèvi, nou doué eksprimé tou tout sa nou gin nan kè-nou, plinn n-ap plinn, mandé n-ap mandé, louanj n-ap fè, rékonésans nou ginyin, épi poté tout sa dévan Bondié. Anpil foua sé gran priyè vokal-yo tankou psòm-yo, kantik Liv ki sin-yo, *Notre-Pè-a*, Je vous salue Marie-a, ki indiké nou sa nou doué di tout bon nan priyè-a, épi ki kondui nou nan yon priyè sou paranndan ki lib. ↘ 511-527

502 *Kisa priyè méditatif-la yé ?*

Méditasion-an sé yon réfléksion k-ap fè nou priyé apati Paròl Bondié-a, oubuin apati yon imaj sakré, épi k-ap chèché volonté, sign ak prezans Bondié nan yo. [2705-2708]

Yo pa kapab li Liv ki sin-yo tankou yo li infòmasion nan yon journal ki pa konsèné nou dirèktéman. Paròl Bondié-a, sé méditaté yo méditaté-l, sètadi l-ap pèmèt nou lévé kè-nou monté jouinn Bondié épi kouté sa-l vlé di nou pèsònèlman. Andéyò Liv ki sin-yo, gin anpil tèks ki konvnab tou pou méditasion-an épi ki kondui al jouinn Bondié. ↘ 16

503 *Kisa priyè kontanplatif-la yé ?*

Kontanplasion-an sé rinmin, silans, kouté épi prezans dévan Bondié. [2709-2719, 2724]

Pou priyè kontanplatif-la nou békouin tan, yon volonté fèm épi sitou yon kè ki pròp toutaklè. Sé lagé kò-nou kòm sînp kréati tou pòv, tou piti, san okinn mask antan nou kouè nan rinmin-an épi n-ap chèché Bondié ak tout kè. Pafoua yo rélé fòm priyè sa-a priyè kè-a oubuin orézon. ↘ 463

504 *Kisa yon krétyin kapab jouinn nan méditasion-an ?*

Nan méditasion-an, yon krétyin ap chèché silans-la pou-l kapab fè ekspérians kijan Bondié toupré-l épi pou-l jouinn lapè nan prezans-

li. Li espérément santi prezans sa-a, minm ak sink sans li-yo ; min, pou li, prezans sa-a li pa kapab ékspérimanté-l tankou rézulta yon téknik méditation, min tankou yon kado gratis gras Bondié-a ap fè-l.

Méditation\*-an kapab édé moun-nan anpil pou-l kouè, pou-l rafèmi épi pou-l grandi. Min téknik méditation k-ap promèt yon ékspériens Bondié oubiyin minm pou moun-nan vîn fè yon sèl ak Bondié, sé manti y-ap bay. Poutèt tout fo-promès sa-yo, anpil moun rivé imajiné Bondié abandoné yo, paské yo pa santi-l nan émosion sansibilité yo. Min Bondié pa vîn jouinn nou antan kèk métòd t-a fôsé-l. Li komuniké ak nou lè li vlé épi jan li vlé.

#### 505 *Poukisa gin dé lè priyè-a sé yon konba ?*

Dépi tout tan, gran gid nan lavi spirituèl-la té présentant progrè nan lafoua ak nan rinmin Bondié-a kòm yon konba koté n-ap joué lavi-nou épi lanmò-nou. Sé nan kè moun-nan konba sa-a ap fèt. Zam krétyin-an sé priyè-a. Préokipasion pou souin tèt pa-nou kapab ranpôté viktoua sou nou, nou kapab pèdi tèt-nou nan bagay ki pa gin inpòtans, oubiyin nou kapab rivé rankontré Bondié. [2725-2752]

Moun ki vlé priyè-a doué ranpôté viktoua sou démon k-ap viv anndan- yo. Jodi-a n-ap viv nan yon sosieté « a koua bon ? », sé yon fòm dékourajman oubiyin parès spirituèl ansyin Pè dézè-yo té konn rélé « acédie ». Indiférans parapò a Bondié-a sé gran difikilté lavi spirituèl-la. Mantalité kounié-a pa bay priyè-a inpòtans, li pa gin sans pou yo, épi ‘agenda’ moun-yo trò chajé pou kité plas pou li. Sé poutèt sa li inpòtan pou nou lité kont Malin-an k-ap vîn tanté nou, k-ap fè tout sa-l kapab pou-l anpéché moun-nan bay Bondié pròp tèt-li. Si Bondié pa-t vlé nou rivé jouinn li nan priyè-a, nou pa t-ap ginyin batay-la.

#### 506 *Èské priyè-a sé pa yon dialòg ak pròp tèt-nou ?*

Présizéman, karaktéristik priyè-a sé fè moun-nan pasé sot nan « mouin-minm » al nan « ou-minm », sot nan santré sou pròp tèt-nou pou nou ouvri nou nèt-alé. Moun k-ap priyé tout bon-an fè ékspériens Bondié ap palé – épi anpil foua l-ap palé yon lòt jan pasé sa nou t-a souété oubiyin sa nou t-ap tann-nan.

Moun ki fidèl nan priyè-a fè konnin anpil foua yo soti nan priyè-a antan yo diféran parapò a sa yo té yé lè yo té kòmansé-l la. Pafoua yo jouinn sa yo t-ap chèché-a : yo té tris épi yo konsolé ; yo té dékourajé épi yo jouinn fòs tou nèf. Min tou gin dé lè yo t-ap chèché bliyé problèm yo épi sé grandi problèm-yo grandi ; yo t-ap chèché lapè épi yo résévoua yon

mision. Yon rakont tout bon avèk Bondié, jan sa toujou fèt nan priyè-a, kapab chanjé fason nou té pansé Bondié yé-a nèt, ni sa nou té pansé priyè-a yé-a.

507 *Kisa pou nou fè lè nou santi priyè-a pa sèvi anyin ?*

**Priyé sé pa toudabò chèché yon randman, sé chèché volonté Bondié ak prezans Bondié. Présizéman, sé lè Bondié sanblé fè silans l-ap invitè nou fè yon pa an plis – antan nou rinmèt li tèt-nou totalman, nan yon lafoua san rezèv, nan tann n-ap tann li ak pèsévérans. Moun k-ap priyé-a doué kité Bondié lib nèt pou-l palé lè-l vlé, pou-l égzosé lè-l vlé épi pou-l bay pròp tèt-li lè-l vlé.** [2735-2737]

Sa konn rivé pou nou di : « Mouin priyé, min sa pa sèvi anyin ». Pétèt nou pa-t priyé ak tout kè-nou. Yon lè té gin yon fidèl ki t-ap plinyin di priyè-l pa égzosé bay Sin Kuré d'Ars ki té mandé-l : « Ou té priyé, ou té soupiré... min èské ou té fè jèn tou, èské ou té veyé ? » Sa ka rivé tou nou pa mandé Bondié bon bagay-yo. Konsa sint Térèz d'Avila té di yon jou : « Pa priyé pou mandé yon poua ki pi léjé, min priyé pou mandé yon do ki pi solid ». → 40, 49

508 *Sa pou nou fè si nou pa santi anyin lè n-ap priyé oubiyin si nou pa gin anvi priyé ditou ?*

**Tout moun k-ap priyé fè ékspérians distrakcion pandan priyè-a, gin santiman yon vid sou paranndan, yon séchrès, épi gin dé lè minm yo pa gin okinn gou pou priyé. Lè sa-a, kontinié rété fidèl ap pèsé-véré sé déjà yon priyè nan li-minm.** [2729-2733]

Minm sint Térèz de Lisieux pa-t santi anyin parapò a rinmin Bondié-a pandan anpil tan. Kèk jou anvan-l mouri, Sélén, sè li-a, té vîn ouèl pandan lannuit. Li ouè Térèz té mété dé min-l yo ansanm. Sélén di-l : « Kisa ou-ap fè ? Ou t-a doué éséyé dòmi ». Térèz réponn : « Mouin pa kapab, soufrans-la tèlman rèd. Min m-ap priyé ». « Épi kisa ou-ap di Jézu ? » « Mouin pap di-l anyin. M-ap rinmin-l ».

509 *Èské priyè-a sé yon fuit parapò a réalité-a ?*

**Moun k-ap priyé-a pa pran lafuit pati kité réalité-a nan tèt-li, okontrè, li ouvri jé-l yo nèt sou tout réalité-a. Li résévoua nan min Bondié ki gin tout pouvoua-a fòs li bézouin pou li kinbé fèm an fas réalité l-ap viv-yo.**

Priyè-a sé tankou yon stasion gazolîn koté nou ponpé énèji gratis pou nou kapab vouayajé al byin louin épi rélvé gran défi. Priyè-a sé pa yon fuit parapò a réalité-a, li fè nou antré pi afon nan kè réalité-a. Priyè-a pa pran tan, okontrè li doublé tan nou pasé ladan-l nan, li fè-l vîn gin sans an plin, sou paranndan.

510     *Èské li posib pou nou priyé nan ninpòt ki moman ?  
Li toujou posib pou nou priyé, sé yon nésésité pou lavi-nou. Priyè-a ak lavi krétyin-an, yo pa kapab séparé yo. [2742-2745, 2757]*

Sa pa asé pou Bondié, pou-n t-a di-l kèk paròl lè matin oubyin lèsoua. Lavi-nou doué tounin priyè épi priyè nou-yo doué tounin lavi. Tout istoua yon lavi krétyin sé yon istoua priyè tou, sé yon sèl éfò byin long pou nou fè youn yon fason ki pi intim ak Bondié. Anpil krétyin ki souaf anpil pou yo toujou ansanm ak Bondié, yo priyé ak « priyè Jézu »-a ; li minm minm nan lè lanmò-a, li té ofri tèt-li totalman bay Papa-l. Pou fè youn konsa ak Jézu gin yon pratik yo abitue fè nan l'Egliz oriental-yo : krétyin-an éséyé sèvi ak yon fòmil ki sinp, tankou sa-a yo pi konnin-an : « Jézu-Kri, Pitit Bondié, Granmèt nou, pran pitié pou nou péchè », épi li répéte-l tout jounin-an, jiskaské li vîn tounin yon priyè san rété.

## DÉZIÈM SÉKSION

### Priyè Granmèt-la : *Papa nou-an*

511     « *Notre-Pè* »-a  
**Papa-nou ki nan sièl-la,**  
**sé pou yo réspékté non-ou,**  
**sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,**  
**sé pou volonté-ou fèt**  
**sou tè-a tankou nan sièl-la.**  
**Pin nou bézouin chak jou-a,**  
**ba nou li jodi-a,**  
**padoné sa nou fè ou,**  
**tankou nou padoné moun ki fè nou kichòy.**  
**Pa kité nou pran nan pièj,**  
**min délivré nou ak sa ki mal.**

An latin :

Pater noster qui es in caelis,  
sanctificetur nomen tuum,  
adveniat regnum tuum,

An fransè :

Notre Père qui es aux cieux,  
que ton nom soit sanctifié,  
que ton règne vienne,

**fiat voluntas tua,  
sicut in caelo et in terra.  
Panem nostrum quotidianum da  
nobis hodie  
et dimitte nobis debita nostra  
sicut et nos dimittimus  
debitoribus nostris  
et ne nos inducas in  
tentationem,  
sed libera nos a malo.**

**que ta voloné soit faite,  
sur la terre comme au ciel.  
Donne-nous aujourd’hui notre  
pain de ce jour,  
pardonne-nous nos offenses,  
comme nous pardonnons aussi  
à ceux qui nous ont offensés,  
et ne nous soumets pas à la  
tentation, mais délivre-nous du  
mal.**

*Notre-Pè-a sé sèl priyè Jézu li-minm té aprann disip li-yo (Mt 6,9-13 ; Lk 11,2-4). Sé poutèt sa yo rélé *Notre-Pè-a* « priyè Granmèt-la » tou. Krétyin yo kèlkésoua dénomination yo, priyè *Notre-Pè-a* chak jou nan priyè biblik ak an privé. Konklizion-an (« Paské sé ou minm sèl ki roua, sé ou minm ki gin tout pouvoua, sé ou sèl ki mérité konpliman pou tout tan ») yo jouinn li déjà nan *Didakè-a* (« Ansègnman douz apot-yo ») yon liv yo ékri apéprè 150 ané apré nésans Jézu), yo kapab ajouté-l alafin *Notre-Pè-a*.*

#### 512      *Ki koté Notre-Pè-a soti ?*

**Jézu té aprann disip li-yo *Notre-Pè-a* lè youn nan yo ki té ouè Mèt li-a ap priyé té vlé aprann nan min-l kijan yo priyé tout bon.** ↗ 477

#### 513      *Kisa-k nan Notre-Pè-a ?*

**Notre-Pè-a gin sèt démann yo adrésé bay Bondié, Papa mizérikòd-la. Toua prémié-yo konséné Bondié ak fason pou nou sèvi-l byin. Kat dènié démann-yo prezanté bay Papa-nou ki nan sièl-la sa nou pi bbezouin kòm moun.** [2803-2806, 2857]

#### 514      *Ki plas Notre-Pè-a nan pamí tout lòt priyè-yo ?*

**Notre-Pè-a « sé priyè ki pi byin fèt-la » (S. Toma d'Akin) épí « rézi-mé tout Évanjil-la » (Tèrtulyin).** [2761-2772, 2774, 2776]

*Notre-Pè-a sé plis pasé yon priyè, sé yon chémin ki minnin nou dirèktéman nan kè Papa-nou. Prémié krétyin-yo té konn résité priyè sa a toua foua nan jounin-an. Sé li minm yo té rinmèt chak krétyin lè yo t-ap batizé-l. Nou minm tou nou pa t-a janm doué pasé yon jounin san nou pa éséyé di priyè Granmèt-la ak bouch-nou, pou nou fè-l antré nan fon kè-nou épí pou nou fè-l tounin vérité nan lavi-nou.*

515      *Koté nou pran doua rélé Bondié « Papa » ak tout konfians-nou ?*

**Nou kapab gin odas rélé Bondié « Papa », paské Jézu té rélé nou pou nou viv nan yon rélation séré avèk li épi li fè nou tounin pitit Bondié. Antan nou fè youn avè-l, li minm ki sou pouatrín *Papa-a* (Jn 1,18), nou kapab di « Aba, Papa » ! [2777-2778, 2797-2800] ↵ 37**

516      *Kòman timoun sa-yo, papa yo oubiyin paran biologik-yo té maltréte yo oubiyin abandoné yo, ap kapab rivé rélé Bondié « Papa » ? Gin papa ak manman sou tè-a ki défòmé vizaj yon Bondié ki papa épi ki bon. Min Papa-nou ki nan sièl-la pa konparab ak ékspérians patènité nou fè sou tè-a. Nou doué purifié imaj Bondié nou gin nan tèt nou-an sot nan tout idé pèsonèl nou-yo pou nou kapab rankontré-l ak yon konfians total san gadé dèyè.* [2779]

Minm moun pròp papa yo té violé yo kapab aprann priyé *Notre-Pè-a*. Anpil foua sé yon travay ki diré tout lavi yo pou yo aksépté plonjé nan yon rinmin lèzòm réfizé ba yo, époutan sé yon rinmin ki la yon fason ékstraòdinè tankou yon mèvèy ki dépasé konpréansion moun-nan.

517      *Kisa sa chanjé pou krétyin-yo lè yo di Papa-« nou » ?*

**Notre-Pè-a fè nou dékouvri kè kontan nou ginyin pou nou pitit minm *Papa-a*, pou vokasion nou ginyin ansanm-nan sé fè louanj Papa sa-a épi pou nou viv tankou frè ki *gin yon sèl kè ak yon sèl nanm* (Tr 4, 32). [2787-2791, 2801]**

Kòm Bondié, Papa-a, rinmin chak pitit li-yo ak minm rinmin-an pou yo chak an patikilié, kòmsi yo chak sé sèl sa li t-a gin pou-l okipé, nou doué, nou minm tou, konpòté youn ak lòt yon fason ki diféran nèt : nou doué plin ak lapè, ak délikatès épi ak rinmin – yon fason pou chak moun kapab vîn tounin mèvèy sa-a li yé éfektivman-an nan jé Bondié-a. ↵ 61, 280

518      *Si Papa-a « nan sièl », – koté sièl-la yé ?*

**Sièl-la sé koté Bondié yé-a. Mo sièl-la pa vlé di yon koté, min fason Bondié yé-a ki pa limité ak okinn tan ni okinn éspas.** [2794-2796, 2802]

Nou pa doué chèché sièl-la anro nuaj-yo. Chak foua nou viré kè-nou nan diréksion Bondié nan gloua-li oubiyin nan diréksion prochin-nou nan mizè-li, chak foua nou ékspérimenté kè kontan ki gin nan rinmin-an, chak foua nou konvèti épi nou kité yo rékonsilié nou ak Bondié – lè sa-a

chak foua, sièl-la fè yon ti ouvri. « Bondié pa koté sièl-la yé-a, sé sièl-la ki koté Bondié yé-a » (Gerhard Ebeling). ↗ 52

519 Sa sa vlé di : « Sé pou yo réspékté non-ou » [sé pou yo sanktifié non-ou / sé pou yo fè konstaté non-ou sin] ?

**Sanktfié non Bondié, sé adoré-l anlè tout bagay. [2807-2815, 2858]**

Nan Liv ki sin-yo, « non »-an vlé di sa moun-nan yé tout bon vré-a. Sanktfié « non » Bondié sé konfòmè nou ak sa-l yé-a, sé rékonèt li, fè louanj li, aprésié-l épi réspékté-l, viv dapré kòmandman-l yo. ↗ 31

520 Sa sa vlé di : « Sé pou yo rékonèt sé ou ki roua » [sé pou péyi-roua ou-la rivé] ?

Lè nou di : « Sé pou yo rékonèt sé ou ki roua », nou priyé pou Kris-la kapab rétounin jan-l té promèt-la, épi pou Péyi-roua Bondié-a ki déja kòmansé sou tè-a, kapab établi définitivman. [2816-2821, 2859]

Fransoua Fénelon té ékri : « Vlé tout sa Bondié vlé, toujou vlé-l épi nan ninpòt sikontans, sé Péyi-roua Bondié-a anndan nou » ↗ 89, 91

521 Sa sa vlé di : « Sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl-la » ?

Lè n-ap priyé pou volonté Bondié fèt toupatou, n-ap mandé pou projè Bondié-a réalisé sou tè-a épi nan pròp kè pa-nou, jan li déja réalisé nan sièl-la. [2822-2827, 2860]

Tout otan n-ap mété tout bagay nan limit pròp projè pa-nou, sa nou souété ak pròp idé pa-nou, tè-a pa kapab vîn tounin sièl-la. Youn vlé sa-a, lôt-la vlé yon lôt bagay. Nou pap jouinn kontantman nou-an si nou pa vlé ansanm sa Bondié vlé-a. Priyé, sa vlé di kité plas ofiamézi pou volonté Bondié sou tè-a. ↗ 49-50, 52

522 Sa sa vlé di : « Pin nou békouin chak jou-a ba nou li jodi-a » ?

**Mandé pin kotidyin-an fè nou tounin moun k-ap tann tout bagay sot nan bonté Papa-nou ki nan sièl-la, ni byin matérièl ni byin spirituèl nou békouin pou nou viv. Okinn krétyin pa kapab fè démann sa-a san-l pa réfléchi sou responsabilité li ginyin éfektivman parapò a sa-k manké byin ki pi nésèsè pou lavi yo.** [2828-2834, 2861]

523      *Poukisa moun-nan pa viv ak pin sèlman ?*

**Sé pa ak pin sèlman moun-nan ap viv, min ak tout paròl ki soti nan bouch Bondié (Mt 4, 4 dapré Dt 8,3). [2835]**

Vèsè sa-a nan Liv ki sin-yo, raplé nou moun-nan gin yon grangou spirituèl yo pa kapab pasé ak mouayin matérièl. Nou kapab mouri paské nou pa gin pin, min nou kapab mouri tou paské nou pa gin anyin dòt pasé pin. An réalité, sèl sa ki kapab rasazié nou sé sa-a ki *gin paròl lavi-a* (Jn 6,68), nouriti sa-a k-ap rété pou lavi tout tan-an (Jn 6, 27) : Ékaristî\*-a.

524      *Sa sa vlé di : « Padoné sa nou fè-ou tankou nou padoné moun ki fè nou kichòy » ?*

**Padon ki plin mizérikòd-la – ni sa nou gin pou bay lòt-yo ni sa n-ap mandé pou pròp tèt nou-an – li fè yon sèl. Si nou minm nou pa gin mizérikòd pou lòt-yo épi nou pa padoné yo, mizérikòd Bondié-a pa kapab antré nan kè-nou. [2838-2845, 2862]**

Gin anpil moun k-ap goumin tout lavi yo kont inkapasité yo pou yo padoné. Moun ki viktim blokaj sa-a pap kapab rézoud problèm yo alafin si yo pa gadé nan diréksion Bondié, li-minm ki té rinmin nou lè nou té péchè toujou (Rm 5,8). Poutèt nou gin yon Papa ki bon, ki plin ak bonté, li vîn posib pou nou padoné épi viv nan rékonsiliasion. ↵ 227, 314

525      *Sa sa vlé di : « Pa kité nou pran nan pièj » ?*

**Chak moman nan jounin-an, nou riské tonbé nan péché-a épi di Bondié « non », sé poutèt sa n-ap sipliyé Bondié pou-l pa kité nou san défans dévan fòs tantansion-an. [2846-2849]**

Jézu li-minm ki té pasé nan tantasion-an, konnin nou fèb, nou pa vrèman gin fòs pou nou rézisté mal-la pou kont-nou. Li mété démann sa-a nan *Notre-Pè-a* pou li aprann nou fè Bondié konfians paské nan moman éprièv-la, l-ap poté nou sékou.

526      *Osijè kiyès y-ap palé nan « min délivré nou ak sa ki mal »-la ?*

**Sa *Notre-Pè-a* rélé « mal »-la, sé pa yon fòs abstrè inpèsonèl oubyin yon énèji négatif. Sé malin-an an pèrsòn, sa Liv ki sin-yo rélé tantatè-a (sa k-ap tanté nou-an), papa manti-a, satan oubyin diab-la. [2850-2854, 2864]**

Pèsonn pa kapab nié gin mal sou tè-a épi li sé yon fòs déstriksion, toutalantou nou, n-ap sibi infliyans aksion démon-yo, nan istoua lèzòm

gin anpil fénomèn diabolik ki parèt. Sé Liv ki sin-yo sèlman ki rélé bagay-yo ak pròp non yo : *Paské nou pa gin batay kont san ak chè, min kont chèf-yo, kont otorité-yo, kont mèt tè fènoua sa-a, kont sa-k dapré éspri méchansté-yo anlè sa-k nan sièl-yo* (Ef 6, 12). Nan *Notre-Pè-a* lè nou mandé pou nou délivré ak sa ki mal-la, sé poté n-ap poté dévan Bondié tout tribilasion moun-yo sou tè-a épi n-ap sipliyé Bondié ki gin tout pouvoua-a, pou-l libéré nou anba tout mal-yo.

527      *Pou kisa nou di « Amèn » alafin « Notre-Pè »-a ?*

Dépi nan tan ki pi ansyin-yo, ni krétyin-yo ni juif-yo, fini tout priyè yo ak « Amèn », sa vlé di : « Sé konsa pou sa fèt » ! [2855-2856, 2865]

Koté yon moun di « Amèn » pou paròl-li, « Amèn » pou lavi-li épi pou avni-li, « Amèn » pou kè kontan k-ap tann li-an, sé la sièl-la fè youn ak tè-a épi nou rivé nan bout-la : nan rinmin ki té kréyé nou nan kòmansman-an. ↵ 165

## TÈKS KI NAN MAJ-YO

**PRÉMIÉ PATI**  
**Sa nou kouè**

### **Rézon ki fè nou gin lafoua**

p. 14 - Lè y-ap palé osijè réalité ki konsèn lavi moun-yo, yo di fòk yo konnin yo pou yo rinmin yo. Lè y-ap palé osijè réalité ki konsèné Bondié yo, yo di fòk yo rinmin yo pou yo konnin yo.

Blaise Pascal (1623-1662, matématisyin épi filozòf fransè)

p. 14 - Mézi rinmin-an sé rinmin san mézi.

S. François de Sales (1567-1622, évèk, gid spirituèl, fondatè yon kominoté monastik épi doktè (savan sakré) l'Égliz-la)

p. 14 - Rinmin sé jouinn kontantman nan byin-an ; byin-an sé sèl rézondèt rinmin-an. Rinmin sé vlé fè byin pou yon moun.

S. Thomas d'Aquin (1225-1274, gid spirituèl Mouayinnaj-la, doktè (savan sakré) l'Égliz-la épi gran téolojyin)

### **Nou minm moun, nou fèt pou Bondié**

p. 15 - RÉLIJION. Ak mo « rélijion »-an yo vlé di an jénéral yon rélation ak sa ki gin rapò ak Bondié. Yon moun gin santiman rélijion-an lè-l rékonèt sé Bondié ki fòs ki kréyé-l la épi ki kréyé tout bagay, li dépann dé fòs sa-a épi sé la diréksion lavi-li orienté. Nan fason l-ap viv-la l-ap chèché fè Bondié plézi épi onoré-l.

p. 15 - Sous kè kontan-an pou krétyin-an sé sètin li sètin Bondié rinmin-l nan, Kréatè nou-an rinmin-l pèsònèlman, ak yon rinmin ki passioné, ki fidèl, yon rinmin ki pi gran pasé tout infidélité nou-yo ak péché nou-yo, yon rinmin ki padonniñ.

Benoît XVI, 1é juin 2006)

p. 16 - Fòs prinsipal moun-nan sé rézon-an. Objéktif ki pi ro pou rézon-an sé rivé konnin Bondié.

S. Albert le Grand (1200 - environ 1280, frè préchète nan lòd S. Dominik-la (domininik) ki té profésè diféran disiplin, doktè (savan sakré) l'Égliz-la épi gran téolojyin)

p. 16 - Intèlijans moun-nan minm jouinn difikilté pou-l rivé nan vérité sa-yo ki tèlman gran soua poutèt infliyans sink sans-yo ak imajinasion-an, soua poutèt mové pasion ki soti nan péché orijinèl-la. Sé sa-k fè nan mòd réalité sa-yo fasiman moun-yo konvink tèt yo pou konsidéré kòm fo oubyin omouins kòm pa sètin, sa yo-minm yo pa vlé kouè ki vré.

Pie XII, *Humani generis*

p. 16 - Sé pa tout sa nou pa kapab konprann ki pa égzisté poutèt sa.  
Blaise Pascal

p. 16 - Paské minmsi résanblans ant Kréatè-a ak kréati-a t-a gran, nou doué konnin disanblans-la pi gran toujou ant yo.  
Katriyèm Konsil Latran, 1215

### Bondié vîn rankontré nou

p. 17 - Nan bonté-li ak nan sajès-li, sa té fè Bondié plézi pou-l révélé tèt-li épi fè konnin mistè volonté li-a ki fè moun-yo vîn kapab rivé kot Papa-a, nan Éspri Sin-an, épi patisipé nan nati Bondié-a pa lintèmèdiè Kris-la, Paròl-la ki tounin moun-nan.

Dézièm Konsil Vatikan-an, *Dei Verbum*, 2

p. 17 - RÉVÉLATION. Maniféstasion Bondié ki ouvri ba nou, ki fè ouè-l épi ki pran inisiativ pèsonèlman pou-l palé ak moun-yo sou tè-a.

p. 17 - Kontantman n-ap chèché-a, kontantman nou mérité gouté-a, li gin yon non, yon vizaj : Jézu, moun Nazarèt-la.

Benoît XVI, 18 out 2005

p. 17 - INKARNATION. (an latin *caro* vlé di « chè », « tounin chè ») : sa Bondié fè lè-l pran kondision moun-nan nan Jézu-Kri. Inkarnasjon-an sé fondman lafoua krétyin-an épi éspérans sové-a pou tout ras moun-nan.

p. 18 - Nan Jézu-Kri, Bondié vîn pran fòm moun épi li tounin zanmi-nou, frè-nou.

Benoît XVI, 6 séptanm 2006

p. 18 - Anpil foua épi anpil fason, lontan, Bondié té palé ak papa-yo nan profèt-yo, sou dènié nan jou sa-yo, li té palé avèk nou nan Pitit-la,

sa-l té mété éritié tout bagay-la, li minm pa lintèmèdiè-l la li té fè sièk-yo tou.

Lèt pou Ébré-yo 1,1-2

p. 18 - Andéyò Jézu-Kri nou pa konnin kisa lavi nou yé, ni lanmò-nou, ni Bondié, ni nou-minm.

Blaise Pascal

p. 18 - MISION. (an latin *missio* vlé di « voyé alé ») : mision-an sé rezondèt l'Égliz-la. Sé lòd Kris-la bay tout krétyin-yo pou yo anonsé Bòn Nouvèl-la nan sa y-ap di ak nan sa y-ap fè pou tout moun kapab désidé chouazi Kris-la an tout libèté.

p. 19 - Sé yon nésésité prèsé présé sa yé pou yon nouvo jénérasion apot vîn parèt ki anrasinin nan Paròl Kris-la, ki gin kapasité bay yon répons pou késion moun-yo ap pozé nan tan kounié-a épí ki paré pou anonsé Bòn Nouvèl-la toupatou.

Benoît XVI, 22 févriyé 2006

p. 19 - Donk Tradision sakré-a ak Ékriti Sint-la rélié byin séré youn ak lòt épí yo kominiké ansanm. Réyèlman, toulèdé ap jayi sot nan minm sous Bondié-a ; nan yon sans, yo grandi pou vîn fè youn épí yo an tansion pou rivé nan minm aboutisman-an.

Dézièm Konsil Vatikan-an, *Dei Verbum*, 9

p. 20 - APOT. (an grèk *apostolos* vlé di « mésajé, moun yo voyé »). Nan Nouvo Téstaman-an, yo sèvi ak mo sa-a pou dézignin douz gason Jézu té chouazi-yo pou yo té kolaboré pi pré avèk li épí pou yo té témouin-li. Pòl tou té kapab prezanté tèt-li kòm yon apot Kris-la té rélélé.

p. 20 - MAJISTÈ. Sèvis ansègnman Kris-la rinnèt nan min apot li-yo épí sa-k ranplasé yo-a ki gin asistans Éspri-Sin-an pou yo fè sèvis sa-a.

p. 20 - Sé trè souvan pou nou médité Paròl Bondié-a, sa pèmèt l'Éspri-Sin-an anségné nou. Lè sa-a n-ap dékouvrì sa Bondié pansé pa minm ak sa lèzòm pansé ; lè sa-a n-a rivé kontanplé Bondié tout bon vré-a épí konsidéré évènman-yo anba limiè-l ; n-ap gouté an kantité nan kè kontan ki soti nan vérité-a.

Benoît XVI, 22 févriyé 2006

p. 21 - INSPIRATION. (an latin *inspiratio* vlé di « souflé sou kichòy oubyin nan kichòy ») : sé infliyans Bondié sou moun ki té ékri Bib-la, sé sa-k fè yo kapab konsidéré Bondié li-minm kòm otè Liv ki sin-yo.

p. 21 - KANON. (an latin *canon* vlé di « règ ») : pou Bib-la, kanon-an sé katalòg ofisièl Liv ki sin-yo nan Ansyin ak Nouvo Téstaman-an.

p. 21 - BIB. (an grèk *biblos* vlé di « liv ») : ak mo « Bib »-la, Juif-yo ak Krétyin-yo dézignin yon koléksion Liv ki sin, yo ékri pandan plis pasé mil ané ki dokiman santral lafoua yo-a. Bib krétyin-an pi gro pasé Bib juif-la paské li gin ladan-l tou kat Évanjil-yo, lèt sin Pòl-yo, Apokalips-la ak kèk lòt liv l'Égliz prémié tan-an.

p. 22 - Bib-la sé yon lèt-damou Bondié voyé ba nou.

Sören Kierkegaard (1813-1855, filozòf, moun péyi Dànmark)

p. 22 - NOUVO TÉSTAMAN. Dézièm pati Bib-la. Li gin tèks ki pròp pou krétyin-yo, sètadi kat Évanjil-yo, Travay Apot-yo, katòz Lèt Pòl-yo, sèt Épit katolik-yo épi liv Apokalips-la.

p. 23 - Bib-la pa la pou nou kritiké-l, min pou-l kritiké nou.

Sören Kierkegaard

p. 23 - Bondié Abraam-nan, Bondié Izaak-la, Bondié Jakòb-la, sé pa pa filozòf-yo ak savan-yo... Sé sèlman nan chémin l'Évanjil-la montré-a nou rivé jouinn li.

Blaise Pascal, apré yon ékspérians rankont ak Bondié

p. 23 - Sé sèlman lè nou rankontré Bondié vivan-an nan Kris-la, nou konnin kisa lavi-a yé : Pa gin anyin ki pi bèl pasé rankontré Kris-la épi dékouvrir sipriz Bòn Nouvèl-la.

Benoît XVI, 24 avril 2005

p. 23 - Pa konnin Liv ki sin-yo, sé pa konnin Kris-la.

S. Jérôme (347-419, Pèr-de-l'Égliz, doktè (savan sakré) l'Égliz-la ki té tradui Bib-la an latin)

p. 24 - Liv ki sin-yo, sé pa yon bagay pou tan pasé. Granmèt-la pa palé nan tan pasé min li palé oprézan, l-ap palé jodi-a avèk nou, li ofri nou limiè, li montré nou chémin lavi-a, li ofri nou yon kominoté, konsa li préparé nou épi li ouvri kè-nou pou lapè.

Benoît XVI, 29 mas 2006

p. 24 - Liv ki sin-yo, lè nou li yo, sé pran nou pran konsèy nan min Kris-la.

S. François d'Assise (1182-1226, fondatè yon kominoté rélijijé, sé yon mistik li té yé, moun ki té profondé nan inion ak Bondié-a)

### **Moun-yo réponn Bondié**

p. 25 - Dapré nati-li, lafoua-a sé akéyi yon vérité intèlijans-nou pa kapab rivé jouinn pou kont-li ; li fondé tou sinpléman épi obligatouaman sou témouagnaj-la.

Bienheureux John Henry Newman (1801-1890, li té konvèti sot nan l'Égliz Anglikan-an épi, pi ta, li vîn yon Kadinal nan l'Égliz katolik-la, filozòf anglè épi téolojyin)

p. 25 - Amèn, réyèlman, mouin di nou, si nou t-a gin lafoua tankou yon grinn sénvé, n-ap di mòn sa-a : « Travèsé sot isit-la, al laba-a », épi l-ap travèsé ; épi anyin pap inposib pou nou.

Matié 17,20

p. 25 - Kouè vlé di sipòté pandan tout lavi-nou konprann nou pa kapab konprann Bondié-a.

Karl Rahner (1904-1984, téolojyin alman)

p. 25 - Mouin pa t-ap kouè si-m pa-t ouè sa rézonab pou-m kouè.

S. Thomas d'Aquin

p. 26 - Kouè gin Bondié, sa vlé di : dékouvri yo pa ko fîn di tout bagay osijè réalité té-a. Kouè gin Bondié, vlé di dékouvri lavi-a gin yon sans. Ludwig Wittgenstein (1889-1951, filozòf, moun péyi Otrich)

p. 26 - Sa nou kouè-a inpòtan, min sa-k pi inpòtan-an minm sé nan kilès nou kouè-a.

Benoît XVI, 28 mé 2006

p. 26 - *Credo, ut intelligam* – « Mouin kouè, pou-m kapab konprann »

S. Anselme de Canterbury (1033/34-1109, doktè (savan sakré) l'Égliz-la, téolojyin Mouayinnaj-la)

p. 26 - Mouin pa gin okinn imajinasion. Mouin pa kapab réprésanté-m Bondié Papa-a. Tout sa-m kapab ouè sé Jézu.

Bienheureuse Mère Teresa (1910-1997, « Anj Kalkuta »-a, fondatris yon kongrégasyon rélijiéz, Pri Nobèl lapè an 1979)

p. 27 - Pèsonn moun pa kapab rivé nan konésans réalité Bondié-yo ak réalité moun-yo si-l pa étidié matématak afon anvan.

S. Augustin (354-430, doktè (savan sakré) l'Égliz-la ékrivin épi téolojin prémié sièk l'Égliz-la)

p. 27 - Nou pa ouè okinn kontradikcion ant Bondié ak sians-la. Youn pa ékskli lòt, jan kèk moun pansé-a oubiyen jan kèk moun pè pou sé konsa sa t-a yé-a, an réalité youn konplété lòt, youn sipozé lòt.

Max Planck (1858-1947, fizisyin, Pri Nobèl an 1918, sé li-minm ki invanté téori « quanta »-yo)

p. 27 - CREDO. (an latin *credo* vlé di « mouin kouè ») : sé prémié mo *Sinbòl Apot*-yo ki tounin yon fason pou dézignin diféran déklärasion lafoua l'Égliz-la, koté éléman prinsipal lafoua-a rasanblé annòd.

p. 27 - Koté dé ou toua rasanblé réyèlman onon-m, la mouin nan mitan yo.

Matié 18,20

### Déklärasion lafoua krétyin-an

p. 29 - L'Égliz-la... konsèvé avèk souin [lafoua ak mésaj Apot-yo], kòmsi sé nan yon sèl kay li t-a rété ; konsa tou, li kouè nan vérité sa-yo kòmsi sé yon sèl namn, yon sèl kè li t-a ginyin ; ak yon sèl voua, li proklamé vérité sa-yo, li anségné yo épi li transmèt yo kòmsi sé yon sèl bouch li t-a ginyin.

S. Irénée de Lyon (environ 135-environ 202, Pèr-de-l'Égliz)

p. 29 - Sé pou Credo-ou la tankou yon glas pou ou ! Gadé-ou nan li : pou ouè si-ou kouè tout sa ou dékläré ou kouè-a. Épi fè kè-ou kontan chak jou poutèt Lafoua-ou la.

S. Augustin

p. 29 - Pa gin pèsonn moun k-ap viv pou kont-li, pa gin pèsonn ki kouè pou kont-li. Bondié ba nou paròl li-a. Antan l-ap fè sa-a, li rasanblé nou, li kréyé yon kominoté, pèp li-a, l'Égliz li-a. Apré Jézu fin pati, l'Égliz-la sé sign prezans-li sou tè-a.

S. Basile de Césarée (V<sup>è</sup>m sièk, évèk)

### Mouin kouè nan Bondié Papa-a

p. 31 - « Kouté Israèl, Granmèt-la, Bondié nou-an, sé yon sèl Granmèt li yé. Épi sé pou-ou rinmin Granmèt-la Bondié ou, ak tout kè-ou, ak tout éspri-ou, ak tout pansé-ou, ak tout fòs ou »  
Mark 12, 29-30

p. 31 - MONOTÉISM. (an grèk *monos* vlé di « yon sèl grinn-nan » épi *theos*, « Bondié ») : doktrin osijè Bondié yo konsidéré kòm yon sèl-la ki absolu, ki intèlijans, volonté ak libété, ki dènié fondman tout bagay. Réliジョン monotésit-yo sé judayism, kristianism épí islam.

p. 31 - YHWH / YAHVÉH. Sé non ki pi inpòtan yo bay Bondié nan Ansyin Téstaman-an (Égz 3,14). Yo kapab tradui-l ak ekspréson « mouin la »-a. Pou Juif-yo ak pou krétyin-yo li indiké yon sèl Bondié ki kréyé tout bagay-la, li minm ki kinbé tout bagay nan égzistans-la, li ki patnè nou nan Alians-la, libératè anba ésklavaj Ejjip-la, jij-la épí sovè-a.

p. 32 - Moyiz tandé voua Granmèt-la nan mitan rajé-a, li di-l : « M-apral kot pitit Israël-yo, m-ap di yo : “Bondié zansèt nou-yo voyé-m koté nou”. Si yo di-m : “Ki non-l ?” Ki sa pou-m di yo ? » Bondié di Moyiz : « Sé mouin minm sa-a ki toujou la-a ». Li di : « Sé konsa ou-a di pitit Israël yo : “Sa-a ki toujou la-a voyé-m koté nou” ». Bondié di Moyiz toujou : « Min sa ou-a di pitit Israël-yo : “Granmèt Bondié zansèt nou-yo, Bondié Abraam, Bondié Izaak ak Bondié Jakòb voyé-m koté nou ; sé non sa-a m-ap gin pou tout tan, sé souvni-m sa pou jénérasion ak jénérasion” ». Égzòd 3,13-15

p. 32 - Jézu-Kri sé Vérité-a ki tounin moun, k-ap ralé tout bagay vîn jouinn li. Limiè k-ap kléré sot nan Jézu-a sé ékla vérité-a. Tout lòt vérité sé yon ti moso nan vérité li yé-a épí li ranvouayé nan li.  
Benoît XVI, 20 févriyé 2006

p. 33 - Bondié sé manman nou tout bon vré minm jan li sé papa nou-an.  
Bienheureuse Juliana de Norwich (environ 1342-environ 1413, mistik anglèz)

p. 33 - Rinmin tout bon-an fè nou mal. Li doué toujou fè nou mal. Sa doué yon doulè pou rinmin yon moun ; yon doulè pou kité-l, ou t-a rinmin mouri pou li. Lè moun-yo ap marié, yo doué kité tout bagay pou

yo rinmin youn lòt. Manman k-ap bay yon timoun lavi-a soufri anpil. Yo tèlman mal konprann épi mal sèvi ak mo rinmin-an !

Mère Teresa

p. 33 - Granmèt mouin épi Bondié mouin, pran tout sa k-ap séparé-m ak ou. Granmèt mouin épi Bondié mouin, ban mouin tout sa k-ap ralé-m vîn jouinn ou. Granmèt mouin épi Bondié mouin, ouété-m nan min-m épi rînmèt mouin nan min-ou nèt-alé.

S. Nicolas de Flue (1417-1487, mistik épi èrmit péyi Suis)

p. 34 - Granmèt mouin Bondié, li minm m-ap sèvi an prémié.

Ste Jeanne d'Arc (1412-1431. fransèz ki té batay pou libêté péyi-li épi sint nasional an Frans)

p. 34 - Apati moman mouin vîn konnin Bondié égzisté-a, mouin pa-t kapab fè otréman pasé viv pou li.

Bienheureux Charles de Foucauld (1858-1916, èrmit krétyin nan dézè Sahara-a)

p. 34 - TRINITÉ. (an latin *trinitas* vlé di « chif toua-a ») : gin yon sèl Bondié-a min li an toua pèrsòn. Lè nou vlé insisté sou inité-a nan Bondié, nou di Trinité ; lè nou vlé distingé pèrsòn-yo nan Bondié, nou di toua pèrsòn ; konsa minm nan fason pou palé-a nou montré jan sa difisil pou « nonmin » mistè sa-a.

p. 34 - Dépi gin rinmin, gin yon trinité, yon moun ki rinmin-an, yon moun yo rinmin-an épi sous rinmin-an.

S. Augustin

p. 35 - Sé mémoua Papa-a k-ap kléré profondè idantité moun-yo : koté nou soti-a, kiyès nou yé épi ki grandè dignité nou ginyin-an. Sètènman sé nan paran-nou nou soti épi nou sé pitit yo, min nou soti nan Bondié tou, ki kréyé nou dapré résanblans-li épi ki rélé nou pou-n tounin pitit-li. Sé poutèt sa pa gin pèsonn moun ki fèt paraza oubyin sou chans, min chak moun sé yon projè rinmin Bondié-a. Sé sa Jézu-Kri révélé nou, li-minm ki Pitit Bondié tout bon vré épi moun ala pèfekzion-an. Li konnin koté-l soti épi koté nou tout nou soti : nan rinmin Papa-li ki Papa nou-an tou.

Benoît XVI, 9 juiyè 2006

p. 35 - Vini vizité nou, Éspri Kréatè. Vini kléré nanm pitit ou-yo. Ranpli kè nou ak lagras épi limiè. Ou minm ki kréyé tout bagay avèk rinmin.

S. Raban Maur, imn *Veni Creator Spiritus*, IX<sup>ème</sup> sièk

p. 36 - Nou minm nou rélé-m Mèt-la, épi Granmèt-la. Nou di byin, réyèlman sé sa mouin yé.

Jan 13,13

p. 36 - Réyèlman, pa gin dòt non anba sièl-la yo bay moun-yo pou yo kapab sové nan li.

Travay Apot-yo 4,12

p. 36 - Sèké mouin konnin Granmèt-la gran, Bondié nou-an anlè tout dié-yo. Tou sa Granmèt-la vlé, li fè-l nan sièl-la ak sou tè-a, nan lanmè-a ak nan tout bafon-yo.

Ps 134,5-6

p. 36 - Aba, Papa, tout bagay posib pou ou, ouété kalis sa-a sot nan min-m ; sèlman, sé pa sa mouin vlé-a, sé sa ou vlé-a.

Mark 14,36

p. 36 - Min ou pran pitié pou tout moun, paské ou kapab fè tout bagay, ou padonnin péché moun-yo lè yo régrèt. Ou rinmin tout bagay ki égzisté, ou pa rayi anyin nan sa-ou fè-yo, ou pa kapab rayi anyin nan sa-ou mét kanpé, nan sa-ou fè.

Sajès 11,24

p. 37 - ÉVOLISION. (an latin *evolutio* vlé di « mouvman déroulé yon maniskri ») : sé fason òganism-yo grandi pou yo rivé nan fòm définitif yo pandan milion ané. Sou plan krétyin-an, yo kapab konsidéré évolution-an kòm aksion kréasian Bondié kontinié fè-a, aksion ki prézan nan déroulman aktivité natirèl-la.

p. 37 - KRÉASIONISM. (an latin *creatio* vlé di « kréasion ») : téori moun ki pansé Bondié té intèvni nan yon moman byin détèminé dirèktéman épi yon foua pou tout pou-l kréyé tout bagay jan yo rakonté sa alalèt nan istoua kréasion-an nan liv Jénèz-la.

p. 37 - Okinn savan pa gin yon agiman, pa minm yon sèl... pou-l t-a kapab kontrédi lidé sa-a [lidé fòk gin yon Kréatè-a].

Hoimar Von Ditfurth (1921-1989, spésialis alman nan sians nati-a)

p. 37 - Poudi sa-a [présizion ékstraòdinè déroulman « big-bang »-nan] t-a konsékans yon aza ! Lidé sa-a pa t-a gin sans !

Walter Thiming (1927-, fizisyin, moun péyi Otrich)

p. 38 - Nou pa yon produi évolision-an ki t-a fèt paraza épi ki pa t-a gin sans. Nou chak sé foui yon lidé Bondié. Chak moun, yo té vlé-l égzisté. Chak moun, yo rinmin-l, chak moun itil.

Benoît XVI, 28 avril 2005

p. 38 - Antan l-ap obsèvé épi l-ap réfléchi sou pèfeksion lòd aranjman invè-a, sa sajès Bondié-a òganisé-a, kilès ki pa t-a admiré mèt travay sa-a ki toupuisan-an.

Nicolas Copernic (1473-1543, savan nan sians natirèl-yo épi astronòm)

p. 39 - Granmèt, Bondié-nou, ou mérité résévoua gloua-a ak réspè-a ak otorité-a, paské sé ou minm ki té kréyé tout bagay, épi sé gras a volonté-ou yo té égzisté, yo té kréyé.

Apokalips 4,11

p. 39 - Pié-boua-yo ak étoual-yo ap aprann ou sa okinn mèt pap janm kapab aprann ou.

S. Bernard de Clairvaux (1090-1153, dézièm fondatè mouàn sistèsyin-yo)

p. 39 - JÉNÈZ. (an grèk génésis vlé di « orijîn ») : sé prémié liv nan Bib-la ki rakonté kréasion tè-a ak kréasion moun-nan.

p. 39 - Nou pa doué kouè Bondié intèdi nou kèlkésoua rinmin pou invè-a. Non. nou doué rinmin invè-a paské tout sa Bondié mét ladan-l mérité ou rinmin-l.

Ste Catherine de Sienne (1347-1380, mistik épi doktè (savan sakré) l'Égliz-la)

p. 40 - Gloua Bondié sé moun vivan-an. Min lavi moun-nan sé ouè Bondié.

S. Irénée de Lyon

p. 40 - Sa-k kréyé-ou la konnin tou sa-l vlé fè avèk ou.  
S. Augustin

p. 40 - Konfians nou ginyin nan providans-la, sé asirans fèm Bondié kapab édé nou épi l-ap fè-l. Sa klè li kapab édé nou paské li gin tout pouvoua. Sa sètin l-ap édé nou éfektivman paské li promèt sa nan pliziè koté nan Liv ki Sin-yo épi li fidèl nan tou sa li promèt.

Mère Teresa

p. 41 - Chévé nan tèt-nou minm, yo tout yo konté.  
Matié 10,30

p. 41 - Sa-k pa-t antré nan plan pa-m té fè pati plan Bondié-a kanminm. Épi plis mouin t-ap pran konsians sé konsa sa yé, sé plis konviksion lafoua sa-a t-ap grandi ak fòs nan mouin : nan pèspéktiv Bondié pa gin aza.

Ste Edith Stein (1891-1942, krétyèn ki fèt nan pèp Juif-la, filozòf épi karmélit, li mouri nan kan konsantrasion nazi-yo)

p. 41 - Bondié ouè tou sa-l té fè-yo, yo té bon anpil.  
Jénèz 1,31

p. 41 - Mouin konsidéré réyèlman soufrans moman sa-a, yo pa sou minm ran avèk gloua-a ki gin pou-l dévoualé nan nou-an.  
Romin 8,18

p. 41 - Pa gin okinn soufrans ki san sans. Li toujou fondé sou sajès Bondié.  
S. Thomas d'Aquin

p. 42 - Sé tou ba Bondié palé nan moman kè kontan nou-yo, li palé nòmal nan konsians-nou. Min li palé byin ro, byin fò nan soufrans nou-yo. Yo sé mégafòn-li pou-l révéyé yon sosiété ki angoudi.  
Clive Staples Lewis (1898-1963, ékrivin anglè ki ékri liv *Chroniques de Narnia*

p. 42 - Nou gin nostalji kè kontan sièl-la koté Bondié yé-a. Nou gin kapasité dépi koulié-a pou nou nan sièl-la avèk li, épi, nan moman sa-a minm, pou nou nan kontantman avèk li. Min kontan avèk li dépi kounié-a vlé di : édé jan li édé-a, bay jan li bay-la, sèvi jan li sèvi-a, sové jan li sové-a, rinmin jan li rinmin-an. Rétè vinnkatrè sou vinnkat avèk li épi rankontré-l anba rad ki pi éfréyan-an. Paské li té di nou : « Sa nou fè pou youn nan pi piti nan frè-m yo, sé mouin minm nou té fè-l ». Mère Teresa

p. 42 - Tout sa ki pa étènèl pa gin okinn valè nan étènité-a.  
C. S. Lewis

p. 43 - Jézu té vini pou-l di nou li vlé nou tout al nan Paradi. Kanta lanfè-a minm, minmsi yo pa palé dé li souvan jodi-a, li égzisté épi li étènèl pou tout sa-yo ki fèmin kè yo parapò a rinmin li-an.

Benoît XVI, 8 mé 2007

p. 43 - Alafin ap gin dé group moun k-ap kanpé dévan Bondié, sa k-ap di-l : « Sé pou volonté-ou fèt », épi sa Bondié ap di yo : « Sé pou volonté-ou fèt ». Tout sa-yo ki nan lanfè sé yo minm minm ki chouazi-l pèsonèlman.

C. S. Lewis

p. 43 - Paské l-ap pasé anj li-yo lòd osijè-ou, pou yo véyé sou ou nan tout chémin-ou yo. Sé sou min yo y-ap poté-ou, pou pié-ou pa riské frapé sou ròch.

Ps 90/91, 11-12

p. 43 - Chak moun ki kouè, li gin yon anj gadyin bò koté-l k-ap protéjé-  
I épi k-ap kondui-l sou chémin k-ap minnin nan lavi ki pap janm fini-an.

S. Basile le Grand (environ 330-379, doktè (savan sakré) l'Égliz-la)

p. 44 - Moun-nan pa ni anj ni bét épi malè fè sa k-ap pran pòz anj-la, li vîn bét.

Blaise Pascal

p. 44 - Lè-m ouè sièl ou-yo, travay douèt ou-yo, lalín ak zétoual-yo ou filksé : sa moun-nan yé, pou-ou sonjé-l ? oubiyin pitit moun-nan, pou-ou vizité-l ? Ou fè-l vîn pi ba yon ti kras anba Anj-yo, ak gloua ak konsidérasion ou kouronnin-l.

Psòm 8,4-6

p. 44 - Tout kréati-yo sou tè-a sansib tankou nou. Tout kréati-yo anvi nan kontantman tankou nou. Tout kréati-yo rinmin, yo soufri épi yo mouri tankou nou, donk yo sé travay min Kréatè-a ki gin tout pouvoua-a, yo sanblé ak nou, yo sé sè-nou, frè-nou.

S. François d'Assise

p. 45 - Nou minm mouin rinmin-an, sé pou nou youn rinmin lòt, paské rinmin-an sé nan Bondié li soti. Tout moun ki rinmin, sé nan Bondié li pran nésans épi li konnin Bondié.

Prémié lèt Sin Jan-an 4,7

p. 45 - Rékonèt ou sé pòtré Bondié épi sé pou ront poutèt ou té kouvri-l ak pòtré yon étranjé.

S. Bernard de Clairvaux

p. 45 - Sé pou sisplèk tout kè kontan ki pa rékonésans an minm tan.  
Theodor Haecker (1879-1945, ékrivin alman)

p. 45 - Si sèl priyè nan lavi-ou sé t-a di : « Mèsi », sa t-ap déjà asé.  
Maître Eckhart (environ 1260-1328, frè préchè nan lòd S. Dominik-la (dominikin) épi mistik)

p. 45 - Antan lafoua-a ap poté-l, rémèsiman-an kapab antré nan sa-k fè nou pi mal-la épi lè l-a rivé antré, l-ap transfòmé.

Romano Guardini (1885-1968, katolik alman fanmi-l sot an Itali, filozòf rélijion-an)

p. 46 - Li minm ki pòtré Bondié-a yo pa kapab ouè-a, prémié pitit nan tout kréati, paské nan li tout bagay té kréyé nan sièl-yo épi sou tè-a, sa yo kapab ouè-yo ak sa yo pa kapab ouè-yo, soua trôn, soua domination, soua chèf, soua pouvoua, épi tout bagay gras a li épi pou li yo kréyé.

Kolosyin 1, 15-16

p. 46 - « *Ecce homo !* » - « Min moun-nan ! » (Jn 19,5). Sé ak paròl sa-yo Pilat présentant Jézu bay pèp-la apré yo té fin malminnin-l épi kouroné-l ak pikan-an.

p. 46 - Li vîn tounin sa nou yé-a pou-l kapab fè nou tounin sa-l yé-a.  
S. Athanase le Grand (environ 295-373, Pèr-de-l'Égliz)

p. 46 - Louvri bouch ou pou moun ki pa kab palé-a, pou kòz tout pitit ki abandoné-yo.

Provèb 31,8

p. 46 - Fè kò-ou dibyin pou nanm-ou ka rété ladan-l ak kè kontan.  
Ste Thérèse d'Avila (1515-1582, mistik espagnòl, doktè (savan sakré) l'Égliz-la)

p. 47 - Moun-nan vîn moun tout bon lè kò-a ak nanm-nan fè youn profondéman... Si moun-nan t-a vlé éspri sèlman épi-l t-a vlé réfizé chè-a kòmsi sé t-a yon sinp éritaj li gin an komin ak bêt-yo, lè sa-a ni éspri-a

ni kò-a pèdi dignité yo. Épitou si-l t-a rénié éspri-a épi li t-a konsidéré matiè-a, kò-a, kòm sèl réalité éksklizif, la-a tou l-ap pèdi grandè-li. Benoît XVI, *Deus caritas est.*

p. 47 - Poutèt sé nan tè-a li soti, moun-nan an kontak ak tout kréati vivan-yo, min sé sèlman poutèt nanm-li Bondié "souflé" nan li-a ki fè li moun. Sa ba li yon dignité san parèy, min tou yon responsabilité san parèy.

Cardinal Christoph Schönborn (1945-, archévêk Vièn)

p. 48 - Bondié kréyé moun-nan sou pòtré-l ; sou pòtré Bondié li kréyé-l : gason ak fi li kréyé yo.

Jénèz 1,27

p. 48 - « Li pa bon pou moun-nan sèl pou kont-li ; an nou fè yon èd pou li ki sanblé ak li ».

Jénèz 2,18

p. 48 - Nou li tou nan Bib-la, gason-an pa kapab « sèl pou kont-li » (Jén 2,18), li pa kapab égzisté si sé pa kòm « inité yo toulèdé-a », donk an rélasion ak yon lòt moun. La-a sé yon rélasion an résiprocité sétadi min alé min vini. Gason-an parapò a fi-a épi fi-a parapò a gason-an. Égzisté kòm moun dapré pòtré ak résanblans Bondié-a sa vlé di tou égzisté an rélasion, an rapò ak lòt mouin minm-nan. Sé yon préparasion pou dènié révélasion Bondié ki youn épi ki toua-a ba nou osijè pròp tèt pa-l la : viv nan yon sèl lavi-a nan komision Papa-a ak Pitit-la ak l'Espri-Sin-an.

Bienheureux Jean-Paul II (1920-2005, prémié Pap ki soti nan péyi lès-yo, sé li ki té kòmansé Jounin Mondial Jèn-yo (JM), li té joué yon gran ròl pou fè blòk divizion péyi lès-yo tonbé, Lèt apostolik *Mulieris dignitatem.*

p. 49 - Nou té pèdi paradi-a, min nou rivé jouinn sièl-la. Sa nou rivé ginyin-an finalman pi gran pasé sa nou té pèdi-a.

S. Jean Chrysostome (349/350-407, doktè (savan sakré) l'Égliz-la)

p. 49 - Féblès moun-nan pa kapab ranvèsé projè Bondié ki gin tout pouvoua-a. Yon achitèk tankou Bondié kapab travay minm ak ròch ki prêt pou tonbé-a.

Cardinal Michael Von Faulhaber (1869-1952, archévêk Munich ak Freising)

p. 49 - Viré do ba-ou, Bondié-mouin, sé tonbé. Viré nan diréksion-ou sé lévé. Rétè nan ou, sé jouinn asirans.

S. Augustin

p. 50 - Koté fot-la minm té vîn anpil-la, gras-la té débòdé pi plis.

Romin 5,20

p. 50 - Sa-k pi rèd-la sé pa fè krim, min sé pa rivé fè tout byin nou t-a kapab fè-a. Sa-a sé péché omision-an (mouin pa fè tout sa pou-m té fè) ki pa anyin dòt pasé péché réfizé rinmin-an, épi pèsonn moun pa akizé tèt-li pou sa.

Léon Bloy (1846-1917, ékrivin fransè)

p. 50 - Sèpan-an minm di madanm-nan : « Sa pa vré ditou, nou pap mouri okinn. Sé paské Bondié konnin jou n-ap manjé ladan-l nan, jé-nou ap louvri, n-ap vîn tankou dié-yo ki konnin ni byin ni mal »

Jénèz 3,4-5

p. 50 - Yon konpòtman moral sou tè-a vîn posib épi yo kapab rékòmandé-l sèlman lè moun-nan aksépté salté lavi-a, responsabilité koléktif nan lanmò-a ak nan péché-a, brèf, tout péché oriijnèl-la, épi li réonsé yon foua pou tout pou sé nan lòt-yo sèlman li ouè gin fot.

Hermann Hesse (1877-1962, ékrivin alman)

p. 51 - Sa-a sé youn nan rézon ki fè mouin kouè nan kristianism-nan : sé yon rélijion yo pa t-ap kapab invanté.

C. S. Lewis

p. 51 - Lè yo té klouré min Kris-la sou koua-a, li té klouré péché nou-yo tou sou koua-a.

S. Bernard de Clairvaux

### **Mouin kouè nan Jézu-Kri, sèl Pitit Bondié-a**

p. 51 - Paròl-la, sé chè li vîn tounin, épi li abité nan mitan nou ; nou ouè gloua-li, gloua kòm sèl Pitit ki soti nan Papa-a, plin gras ak vérité.

Jan 1,14

p. 51 - Si lavi ak lanmò Sokrat té lavi ak lanmò yon saj, lavi ak lanmò Jézu sé lavi ak lanmò Bondié.

Jean-Jacques Rousseau (1712-1778, ékrivin fransè)

p. 52 - ΙΧΘΥΣ ΖΩΝΤΩΝ. (Ikhtus zôntôn). Nan katakonb-yo a Ròm gin yon ansyin sign krétyin ki tankou yon mésaj-sékrè pou dézignin Kris-la : mo ICHTHYS-la (ikhthus) vlé di « pouason ». Min si yo éplé mo grèk-la, yo jouinn Iesous (Jézu) **Christos** (Kris), **Theou** (pou Bondié) **Yios** (« ptit ») épi **Sotèr** (« Sovè »). Konsa sé yon akrostich pou di Jézu-Kri, Ptit Bondié, Sovè.

p. 53 - Pa palé osijè Kris-la, sof si yo t-a mandé-ou. Min viv yon fason pou yo mandé-ou sa !

Paul Claudel (1868-1955, poèt épi konpozitè téat fransè)

p. 53 - Moun-yo pap kritiké Kris-la. Y-ap kritiké krétyin-yo paské yo pa sanblé avèk li.

François Mauriac (1914-1996, romansié fransè)

p. 53 - Koté Bondié pa nan prémié plas-la, dignité moun-nan an danjé. Donk sé yon ijans sa yé pou yo édé moun-nan jodi-a pou-l-dékouvri vrè vizaj Bondié-a ankò, jan-l té révélé tèt-li ba nou nan Jézu-Kri-a.

Benoît XVI, 28 out 2005

p. 53 - Bondié tèlman gran li kapab fè-l touputi. Bondié sitèlman puisan li kapab fè-l tou fèb épi li vîn rankontré nou tankou yon timoun san défans, pou nou kapab rinmin-l.

Benoît XVI, 24 désanm 2005

p. 54 - Éfektivman mistè sa moun-nan yé-a pa parèt aklè vrèman si sé pa nan mistè Paròl-la ki pran chè-a.

Konsil Vatikan II, *Gaudium et Spes* (GS)

p. 54 - Li toujou rété sa-l té yé-a épi li vîn pran sa-l pa-t yé-a.

Litiji Romèn, 1é janvié

p. 54 - Konnin Bondié san nou pa konnin pròp mizè pa-nou, sa anjandré ogèy. Konnin mizè-nou san nou pa konnin Bondié, sa bay dézespoua. Konnin Jézu-Kri fè ékilib-la paské la-a nou jouinn ni Bondié ni mizè-nou.

Blaise Pascal

p. 54 - Yon rélijion san mistè sé sètènman yon rélijion san Bondié.

Jeremy Taylor (1613-1667, ékrivin rélijisé anglè)

p. 55 - MISTÈ. (an grèk *mystèrion* vlé di « sékrè ») : yon mistè sé yon réalité (oubyin yon aspè nan réalité-a) konésans rasionèl nou-an pa kapab rivé jouinn li ak pròp fòs pa-l.

p. 55 - Jézu sé yon évidans.

Hans Urs Von Balthasar (1905-1988, téolojiyin katolik, moun péyi Suis)

p. 55 - Jézu minm t-ap fè progrè nan sajès, nan laj ak nan gras, dévan Bondié ak dévan lèzòm.

Luk 2,52

p. 56 - Paské yon papa jan-l t-a doué gin youn-nan pa égzisté nan pamí papa ki sou tè-yo.

Wilhelm Willms, Ave Eva (1930-2002, prêt épí ékrivin)

p. 56 - Sa lafoua katolik-la kouè osijè Mari, li fondé sou sa li kouè osijè Kris-la.

*Catéchisme de l'Église catholique*, 487

p. 56 - Si yon moun pa dékläré Émanuèl\*-la sé Bondié tout bon vré épí la Sint Vièj sé manman Bondié... sé pou li anatèm.

Konsil Éfèz, 431

\* Nan Matié 1,23 sa ekri : Min vièj-la ap gin nan vant, épí l-ap akouché yon pitit gason, épí y-ap rélé non-l Émanuèl, sa vlé di : Bondié avèk nou.

p. 57 - Koté lafoua nan Manman Bondié-a fènofraj, sé la tou lafoua nan Pitit Bondié-a fènofraj tou ni lafoua nan Bondié Papa-a.

Ludwig Feuerbach (1804-1872, filozòf alman, até, nan liv *L'Essence du Christianisme*)

p. 57 - Répons Mari-a... sé paròl ki gin konsékans ki gin plis poua nan istoua-a.

Reinhold Schneider (1903-1958, ékrivin alman)

p. 58 - Nan tout ras moun-yo, Mari sé manman ki pi bon, li sé réfij péchè-yo.

S. Alphonse de Liguori (1696-1787, fondatè Rédanmtoris-yo, mistik épí doktè (savan sakré) l'Égliz-la)

p. 58 - Plis l'Égliz-la viv dapré modèl Mari-a, sé plis li vîn manman, sé plis nou kapab gin yon nouvo nésans pou Bondié ladan-l, épi jouinn rékonsiliaison.

Fr. Roger Schultz (1915-2005, fondatè épi sipériè kominoté ékiménik Taizé-a)

p. 58 - Nan fanmi-an, timoun-yo aprann rinmin antan yo rinmin yo gratis ; yo aprann réspékté tout lòt moun antan yo réspékté yo ; yo aprann konnin vizaj Bondié antan yo résévoua prémié révélation yon papa ak yon manman k-ap pran souin yo tout bon.

Congrégation pour la doctrine de la foi, 31 mé 2004

p. 59 - Gin kominion ant sa-k kòrèk-yo ak péchè-yo, paské finalman pa gin pèsonn ki kòrèk.

Gertrud Von Le Fort (1876-1971, ékrivin alman)

p. 59 - Sé chak jou... krétyin-an ap minnin yon batay tankou sa Jézu té minnin nan dézè Judé-a, koté pandan karant jou, diab-la té tanté-l... Sé yon konba spirituèl kont péché-a épi an dènié analiz kont Satan. Sé yon konba ki angajé moun-nan toutantié épi ki mandé yon vijilans atantif épi san rété.

Benoît XVI, 1é mas 2006

p. 59 - Éspri Granmèt-la sou mouin, sé pousa tankou ak lui li sakré mouin, pou-m poté bòn novèl-la bay pòv-yo ; li voyé-m préché padon pou sa ki nan prizon ; anonsé avèg-yo y-ap ouè ; ranvouayé sa yo t-ap fè pasé mizè-yo an libèté, préché yon ané Granmèt-la fè gras.

Luk 4,18-19

p. 60 - Yon mirak pa fèt kontrèman ak nati-a, min kontrèman ak sa nou konnin osijè nati-a.

S. Augustin

p. 60 - Pa-t gin mirak ki pi gran okinn koté sou tè-a pasé nan ti pak mouton Bétléèm-nan : isit-la Bondié ak moun vîn fè youn.

Thomas Kempis (1379/1380-1471, mistik alman ki ékri *L'Imitation de Jésus-Christ*.

p. 60 - Yo té sézi anpil, yo t-ap di : « Li fè tout bagay byin, li fè moun soud tandé, li fè moun bèbè palé ».

Mark 7,37

p. 61 - Jézu minm di yo, yon lòt foua ankò : « Lapè pou nou. Minm jan Papa-a té voyé-m nan, mouin minm tou, mouin voyé nou »  
Jan 20,21

p. 61 - Si yon moun jouinn gras pou Bondié fè-l yon gran révélation, lè sa-a, sa-k pasé nan moun sa-a sanblé ak sa disip-yo té viv lè Transfigiration-an : pandan yon ti moman tou kout yo vîn fè yon ti gouté nan sa kontantman béatitud-la ap yé nan Paradi-a. Nòmalman sé révélation tou kout Bondié konn bay kèk foua, toudabò an prévision pou gro épèv ki pral vini.

Benoît XVI, 12 mas 2006

p. 62 - Paròl-la, sé chè li vîn tounin, épi li abité nan mitan nou ; nou ouè gloua-li, gloua kòm sèl Pitit ki soti nan Papa-a, plin gras ak vérité.  
Jan 1,14

p. 64 - Li kòmansé di yo sa-k té gin pou rivé-l : « Min n-ap monté Jérusalèm, y-ap rinmèt Pitit moun-nan nan min chèf-yo ak prêt ak profésè-yo, y-ap kondané-l amò, y-ap rinmèt li nan min pèp déyò-yo. Y-ap pasé-l nan jouèt, y-ap kraché sou li, y-ap bat li, y-ap touyé li ; min apré toua jou, l-ap lévé byin vivan ».

Mark 10, 32-34

p. 64 - Lè lè-a rivé, Jézu lonjé kò-l pou-l manjé, apot-yo fè minm jan ak li. Li di yo : « Avèk gran anvi mouin té anvi manjé Pak sa-a ansanm avèk nou, anvan-m soufri-a. Réyèlman, mouin di nou, mouin pap manjé-l, joustan li akonpli nan péyi-roua Bondié-a ».  
Luk 22,14-16

p. 65 - Sé pa démon-yo ki té klouré-l sou koua-a, min sé ou minm ki té klouré-l avèk yo épi k-ap klouré-l ankò lè ou-ap pran plézi nan vis ak nan péché.

S. François d'Assise

p. 65 - Anvan fèt Pak-la, Jézu té konnin byin lè pa-l la té rivé pou-l té travèsé sot sou tè sa-a al kot Papa-a. Li té rinmin moun pa-l yo ki té sou tè-a, sé jouskalafin li rinmin yo.

Jan 13,1

p. 65 - Pa gin lòt néchèl pou rivé nan Paradi-a pasé koua-a.  
Ste Rose de Lima (1586-1617, sint nasional Pérou, prémié sint kanoni-zé ki fèt an Amérik)

p. 66 - Bondié pa-t vini pou-l fè soufrans-la kaba. Li pa-t vini non plis pou-l ékspliké soufrans-la, min pou-l té ranpli-l ak prezans-li.

Paul Claudel (1868-1955, poët épi ékrivin fransè)

p. 66 - Lè-l fîn lavé pié yo, li pran rad ki té sou pa déyò-yo, li lonjé kò-l ankò, li di yo : « Nou konnin ki sa mouin sot fè nou-an ? Nou minm nou rélé-m Mèt-la, épi Granmèt-la. Nou di byin, réyèlman sé sa mouin yé. Si mouin minm ki Granmèt-la ak mèt-la mouin lavé pié-nou, nou minm tou nou doué lavé pié-nou youn lòt. Réyèlman, sé yon égzanz mouin ba nou, pou jan mouin fè pou nou-an, nou minm tou nou fè ».

Jan 13,12-15

p. 66 - Nan yon sans, nou kapab di présizéman Dènié Soupé-a sé akt fondasion l'Égliz-la paské Jézu bay pròp tèt-li épi konsa li kréyé yon nouvo kominoté, yon kominoté ki fè youn nan kominion avèk li-minm minm.

Benoît XVI, 15 mas 2006

p. 67 - ΑΛΕΞΑΜΕΝΟΣ ΣΕΒΕΤΕ ΘΕΟΝ. (Aléggzaménòs sébété théòn). Youn nan pi ansyin réprazantasion koua-a sé yon karikati (désin pou pasé moun nan jouèt) yo jouinn nan katakonb-jo a Ròm koté y-ap pasé Sovè krétyin-jo nan jouèt. Inskripsion-an di : « Aléggzaménòs ap adoré Bondié-l la ».

p. 67 - PASION. (an latin *passio* vlé di « maladi, soufrans ») : sé ak mo sa-a yo dézignin soufrans Kris-la.

p. 67 - Bondié lonjé min-l sou koua-a pou-l anbrasé tout limit inivè-a.  
S. Cyrille de Jérusalem (environ 313-386/387, Pèr-de-l'Égliz)

p. 67 - Nou minm krétyin, nou pa fènofraj nan tanpèt tè-a poutèt yon sèl rézon : sé boua lakoua-a k-ap poté nou.

S. Augustin

p. 68 - Sé pou nou poté koua-nou, pa trinnin-l, épi sé pou nou pran-l tankou yon trézò, pa tankou yon chaj. Sé sèlman gras a koua-a nou kapab sanblé ak Kris-la.

François Fénelon (1651-1715, évèk fransè)

p. 68 - Si-ou poté koua-ou ak kè kontan, sé li-minm k-ap poté-ou.  
Thomas a Kempis

p. 68 - Lè Kris-la réalizé Rédanmsion-an gras a soufrans-la, an minm tan li lévé soufrans moun-nan anlè tous li ba li valè Rédanmsion. Donk tout moun, nan pròp soufrans pa-l, kapab patisipé nan soufrans Kris-la ki rachté nou-an.

Jean-Paul II, *Salvifici doloris*

p. 68 - Lè n-ap gadé koua-a, nou konprann grandè rinmin li gin pou nou-an. Lè n-ap gadé krèch-la nou konprann tandrès rinmin-l nan, pou ou épi pou mouin, pou fanmi-ou épi pou tout fanmi-yo.

Mère Teresa

p. 69 - Dra Turin-an sé yon toual an lin prémié sièk. An 1898 yon moun Turin fè foto-l pou prémié foua. Lè y-ap gadé négatif foto-a yo dékouvri sou toual lin-an yon pòtré yo pa kapab ékspliké ki répräsenté yon moun nan antikité yo té malminnin sérié.

p. 69 - Événman lanmò ak reziréksion Kris-la sé kè kristianism-nan. Li sé pouin-dapui lafoua-nou, lévié ki gin puisans k-ap ba nou asirans, van ki gin fòs k-ap baléyé tout kè soté ak tout ézitasion, tout dout ak tout kalkil nou fè dapré kondision moun nou-an sèlman-an.

Benoît XVI, 19 oktòb 2006

p. 69 - Moun ki konnин Pak pa kapab dézespéré.

Dietrich Bonhoeffer (1906-1945, téolojiyen protéstan ki t-ap rezisté kont Hitler. Yo touyé-l nan kan konsantrasiyon Flossenbürg-la)

p. 70 - Rinmin Bondié-a pasé tankou lafoud. Tankou yon zèklè, l'Éspri Sin-an travésé lannuit chak moun. Jézu résisté pran-ou, li pran chaj tout bagay, li pran sou li tout sa nou pa kapab rivé poté. Sé sèlman apré, kèk foua anpil tan apré, sa vîn klè : Kris-la té pasé épi li té distribiyé abondans-li k-ap débòdè-a.

Fr. Roger Schutz

p. 70 - Jézu di-l : « Mari ». Li minm antan li viré, li di-l an ébré : « Rabouni ». Sa vlé di : « Mèt ».

Jan 20,16

p. 71 - Moun ki résévoua mésaj Pak-la pa kapab kontinié maché ak yon vizaj tris ni minnin égzistans san kè kontan moun ki pa gin espérans-yo.

Friedrich Schiller (1759-1805, ékrivin épi konpozitè téat alman)

p. 71 - « Mésié Galilé-yo, poukisa nou kanpé ap gadé nan sièl-la ? Jézu sa-a yo pran sot koté nou, fè-l monté nan sièl-la, konsa l-ap tounin, minm fason nou ouè-l pati nan sièl-la ».

Travay Apot-yo 1,11

p. 71 - Paské nan li tout bagay té kréyé nan sièl-yo épi sou tè-a, sa yo kapab ouè-yo ak sa yo pa kapab ouè-yo, soua trôn, doua dominasian, soua chèf, soua pouvoua, épi tout bagay gras a li épi pou li yo kréyé.

Kolosyin 1,16

p. 72 - PAROUZI. (an grèk *parousia* vlé di « an prezans moun-nan pèsonèlman ») : vlé di tounin Kris-la ap tounin-an lè dènié jijman-an.

p. 72 - Souf moun-yo ap koupé, tèlman y-ap pè, pandan y-ap tann sa k-ap rivé sou tout tè-a ; pouvoua-yo nan sièl-la minm, y-ap tranblé. Lè bagay sa-yo ap kòmansé rivé, drésé kò-nou, lévé tèt-nou, paské délivrans nou-an ap proché.

Luk 21,26.28

p. 72 - Bondié pa réjté okinn nanm, paské nanm-nan ap réjté tèt-li pou kont-li : sé chak moun k-ap jij pròp tèt-li.

Jakob Böhme (1575-1624, mistik alman)

### Mouin kouè nan l'Éspri-Sin-an

p. 73 - KARISM. (an grèk *charis* vlé di « don, gras, favè, kado ») : sé konsa yo rélé kado l'Éspri-Sin-an jan prémie lèt pou Korintyin-yo bay déskripsi-an, parégzanp : nan pamì lòt, sé don géizon-an, fè mirakla, profesi-a, palé an lang-nan épi intèprétré-a, don sajès-la, konésans, lafoua. Ansanm ak yo nou kapab mété sèt don l'Éspri Sin-an tou (ouè késion 310). Sé don patikilié karism-yo yé pou gidé oubiyin jéré yon kominoté, pou rinmin prochin-an épi anonsé lafoua-a.

p. 73 - Moun k-ap priyé antan-l di : « Vini Éspri Sin-an » doué paré tou pou-l priyé antan-l di : « Vini épi bouskilé-m koté m-bézouin yo bouskilé-m nan ».

Wilhelm Stählin (1883-1975, téolojin alman protéstan)

p. 73 - Li pousé nou al kot lòt-yo, li limin difé charité-a nan nou, li fè nou tounin misionè rinmin Bondié-a.

Benoît XVI, *Sur l'Esprit Saint*, 20 juiyè 2007

p. 74 - Nan Jézu-Kri, Bondié li-minm tounin moun épi li ba nou possibilité pou-n t-a kòm fè yon ti gadé anndan intimité Bondié li-minm minm. Épi la nou ouè yon bagay nou pa t-ap tann ditou : Bondié kaché-a sé pa yon soltid infini. Li sé yon réalité rinmin. Gin Pitit-la k-ap palé ak Papa-a. Épi yo toulèdé sé yon sèl nan l'Éspri-a ki tankou n-t-a kapab di atmosfè don total ak rinmin ki fè yo sé yon sèl Bondié-a.

Benoît XVI, vijil Pannkot 2006

p. 74 - Anpil foua épi anpil fason, lontan, Bondié té palé ak papa-yo nan profèt-yo, sou dènié nan jou sa-yo, li té palé avèk nou nan Pitit-la, sa-l té mété éritié tout bagay-la, li minm pa lintèmèdiè-l la li té fè sièk-yo tou.

Ébré 1,1-2

p. 75 - Éspri-Sin ap vîn sou ou, épi fòs sa ki anro nèt-la ap pozé lonbraj fènoua sou ou ; sé poutèt sa sa-k fèt-la, sin-an, y-ap rélè-l Pitit Bondié. Luk 1,35

p. 75 - PANNKOT. (an grèk *pentékostè héméra* vlé di « sinkantièm jou » apré Pak-la) : okòmansman sé té yon fèt koté Israèl t-ap sélébré alians avèk Bondié-a ki té konkli nan Sinayi-a. Poutèt événman ki té pasé Jéruzalèm nan jou Pannkot-la, fèt sa-a tounin fèt l'Éspri-Sin-an pou krétyin-yo.

p. 75 - Yo tout té plin ak Éspri-Sin, épi yo té kòmansé palé dòt lang, dapré jan Éspri-a té ba yo pouvoua pou yo palé. Lè voua sa-a rivé-a, foul-la té rasanalé épi li té mélé paské chak moun té tandé yo t-ap palé nan pròp lang pa yo minm.

Travay Apot-yo 2,4.6

p. 76 - FOUJ ÉSPRI-A : rinmin, kè kontan, lapè, pasians, rann sèvis, bon kè, lafoua, bon jan, vi réglé (Ga 5,22-23)

p. 76 - AKTIVITÉ CHÈ-A. Dapré lèt pou Galat-yo 5,19, yo sité nan pamí aktivité sa-yo : fònikasion, sa-k pa-pròp, libètinaj, sèvis zidòl, maji, rayisans, batay, jalouzi, kòlè, anbision, dézakò, séparasion, anvi, bouason, banbòch, ak bagay ki sanblé ak yo.

p. 77 - Kapasité nou ginyin pou nou konprann-nan li limité ; sé poutèt sa mision l'Éspri-a sé kontinié introdui l'Égliz-la yon fason pi nouvo nan grandè mistè Kris-la, sot nan yon jénérasion al nan lòt jénérasion-an.  
Benoît XVI, 7 mé 2005

p. 77 - ÉGLIZ. Mo Égliz-la sot nan grèk ékklesia ki vlé di « konvokasyon ». An anglè *church* soti nan mo grèk kuriakè ki vlé di « sa-k pou Granmèt-la ».

p. 77 - Épi li minm li sé tèt kò-a, Égliz-la, li minm ki kòmansman, prémié pitit nan pamì mò-yo, pou-l té vîn tounin nan tout bagay li minm sa-k kinbé prémié plas.

Kolosyin 1,18

p. 77 - L'Égliz-la sé yon grann ki plin rid ak po-l plisé. Min sé manman-m. Épi yon manman, ou pa gin doua frapé-l.

Téoloyin Karl Rahner, s. j. Ièl té tandé y-ap kritiké l'Égliz-la yon fason ki pa kòrèk.

p. 78 - Granmèt-la di Kayin : « Kot Abèl frè-ou la ? » Li réponn : « Mouin pa konnin ; èské sé gadyin frè-m nan mouin yé ? »  
Jénèz 4,9

p. 78 - Sé ansam pou nou vîn sin. Sé ansam pou nou rivé kot Bondié, pou nou konparèt dévan-l ansam. Nou pa doué rankontré Bondié youn apré lòt. Kisa-l t-a di si nou t-a pati kité-l youn apré lòt.  
Charles Péguy (1873-1914, poèt fransè)

p. 78 - Minm jan Papa-a té voyé-m nan, mouin minm tou, mouin voyé nou.

Jan 20,21

p. 79 - Konsa, antan n-alé, fè tout nasion-yo vîn tounin disip antan nou batizé yo onon Papa-a ak Ptit-la ak Éspri Sin-an. antan nou aprann yo kinbé tou sa mouin té kòmandé nou-yo. Épi min mouin avèk nou touléjou, vous finisman sièk-la.

Matié 28,19-20

p. 79 - L'Égliz-la pa kapab konpôté-l tankou yon antrépriz k-ap chanjé sa-l t-ap ofri-a lè démann-nan bésé.

Cardinal Karl Lehmann (1936-, évèk Mayence)

p. 79 - Fè tout bagay san bougonnin, san ézitasion, pou nou vîn san réprôch épi san mélanj, pitit Bondié imakilé nan mitan yon ras ki krochi épi koté n-ap kléré tankou flanbo nan tè-a.

Filipyin 2,14-15

p. 80 - Yo pa kapab fè anyin pi plis pasé touyé-m.

Prince Robert d'Arenberg (1898-1972, manb group ki té fè atanta kont Hitler, 20 juiyè 1944-la)

p. 80 - Rinmin Kris-la épi rinmin l'Égliz-la, sé minm bagay-la.

Frère Roger Schutz

p. 80 - Donk ou t-a pansé féblès l'Égliz-la t-a fè Kris-la abandoné-l ?  
Abandoné l'Égliz-la sé t-a minm bagay ak abandoné pròp kò-li.

Dom Helder Camara (1909-1999, brézilyin, évèk pòv-yo)

p. 80 - Ki konsantman pou tanp Bondié avèk zidòl-yo ? Nou minm réyèlman, sé tanp Bondié vivan-an nou yé, jan Bondié té di-a : « M-ap abité nan yo épi m-ap maché, épi m-ap Bondié yo, épi yo minm y-ap pèp mouin »

2èm lèt pou Korintyin-yo 6,16

p. 81 - Majorité moun-yo pa imajiné sa Bondié t-a fè ak yo si yo té aksépté tou sinpléman pou yo mété yo ala dispozision-l.

S. Ignace de Loyola (1491-1556, fondatè jézuit-yo)

p. 81 - Yon sèl kò épi yon sèl espri, minm jan yo té rélé nou, nan yon sèl espérans vokasian nou-an, yon sèl Grammèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm, yon sèl Bondié épi Papa tout moun, ki anlè tout bagay, épi atravè tout bagay épi nan tout bagay.

Efézyin 4,4-6

p. 81 - Ak Égliz sa-a (kominoté Ròm-nan), poutèt oriijîn-li pi anfòm, tout l'Égliz doué akòdè-l nésèsèman, sétadi fidèl ki toupatou sou tè-a, paské nan li yo té konsèvé Tradision ki sot nan Apot-yo.

Irénée de Lyon

p. 82 - ÉGLIZ ÉPI KOMINOTÉ ÉKLÉZIAL. Toupatou sou tè-a, anpil kominoté krétyin vlé poté non Égliz. Pou katolik-yo sé sèlman sa ki konsèvé sakréman Jézu-Kri-yo intégralman ki « Égliz ». Sa sé vré toudabò pou ôtodòks-yo ak Égliz oriental-yo. Nan « kominoté éklézial » ki soti nan Réfòm protéstan-an, yo pa-t kinbé sakréman-yo intégralman.

p. 82 - ÉKIMÉNISM. (an grèk *oikuméné* vlé di « tout tè-a koté moun rété-a ») : éfò y-ap fè pou réyini tout Égliz krétyin-yo fè youn.

p. 82 - Bagay sa-yo Jézu palé yo, épi li lévé jé-l nan sièl-la, li di : « Sé pou tout moun fè youn, minm jan ou minm, Papa, ou nan mouin, épi mouin minm mouin nan ou, pou yo minm tou yo nan nou ; pou tè-a kouè sé ou minm ki voyé-m ».

Jan 17,1.21

p. 83 - SINTETÉ. Sé karaktéristik ki pi ansyin yo bay Bondié. An latin, mo *fanum-nan* vlé di sa-k pou Bondié, sa-k pur, sa-k séparé ak profànnan ; séparé ak réalité lavi chak jou-a. Bondié sé sa-k « diféran nèt-la », sin Israël-la. (Iz 30,15). Jézu vini sou tè-a kòm « Sin Bondié-a » (Jn 6,69). Avèk li nou kapab ouè kisa sa vlé di yon « sin » : sé rinmin ak yon rinmin san limit ki plin mizérikòd, k-ap édé, k-ap sové épi ki rivé nan pèfeksion-l nan koua-a ak réziréksion-an.

p. 83 - Épi li ranjé tout bagay anba pié-l yo, épi li té bay li kòm tèt anlè tout bagay pou Égliz-la, sa ki kò-li, plénitid sa-k ranpli tout bagay nan tout bagay-la.

Éfézyin 1,22-23

p. 84 - Rélijion juif-la pa kichòy ki an-déyò nou, min nan yon sètin fason li fè pati kè rélijion nou-an. Rélasion nou gin avèk li nou pa ginyin-l ak okinn lòt rélijion. Nou<sub>2</sub> sé frè nou<sub>1</sub> rinmin anpil épi yo kapab di nan yon sètin fason nou<sub>2</sub> sé gran frè nou<sub>1</sub>.

Jean-Paul II, lè-l t-al vizité sinagòg Ròm-nan an 1986

p. 84 - LIBÈTÉ RÉLIJION. Sé doua tout moun ginyin pou-l suiv konsians-li nan chouazi épi pratiké rélijion-l. Rékonèt libèté rélijion-an pa vlé di rékonèt tout rélijion sé minm bagay égal-égo oubiyin yo tout gin minm vérité-a.

p. 85 - L'Égliz-la pa doué janm kontanté-l ak rasanbléman sa-l té réyisi touché nan yon moman détèminé, épi dékläré lòt-yo byin jan yo yé-a : mizilman-yo, indou-yo, etc. L'Égliz-la pa kapab répliyé-l byin alèz nan pròp limit-li, nan pròp bitasion-l. Li gin responsabilité pran souin tout moun, li doué préokipé-l pou tout moun épi osijè tout moun.

Benoît XVI, 7 mé 2006

p. 85 - DOUZ APOT-YO. (an grèk *apostolòs* vlé di « sa yo voyé-a, mésajé-a ») : min non douz apot-yo : prémié, Simon, sa yo rélé Piè-a, épi André frè-l la ; épi Jak, pa Zébédé-a épi Jan frè-l la, Filip épi Bartélémi, Toma épi Matié, koléktè taks-la, Jak, pa Alfé-a épi Tadé, Simon, moun Kana-a, épi Juda Iskariòt-la, sa-k té rinnèt li-a. Matié 10,2-4

p. 86 - SIKSÉSION APOSTOLIK-LA. (an latin *successio* vlé di « sa-k suiv-la, sa-k vîn apré-a ») : sé lign évèk-yo ki pa défèt dépi apot-yo, ki ranplasé apot-yo nan fonksion épiskopal-la. Jézu té bay apot li-yo plin pouvoua. Sa kontinié jodi-a sot nan yon évèk al nan yon lòt gras a inpozision min-yo épi priyè-a, joustan Granmèt-la tounin.

p. 86 - LAYIK-YO. (an grèk *laōs* vlé di « pèp »-la) : kondision jénéral krétyin-yo nan l'Égliz-la antan yo fè pati pèp Bondié-a gras a batèm-nan épi yo pa résévoua sakréman lòd-la.

p. 86 - KLÈJÉ-A. (an grèk *kléroi* vlé di « sa yo chouazi pou yon fonksion ») : kondision sa ki résévoua sakréman lòd-la nan l'Égliz-la.

p. 86 - Mouin fèt pou-m yon moun otréman di pou-m fè kichòy yo pa-t rélé pèsonn lòt moun pou sa ; mouin gin yon plas nan projè Bondié-a épi nan péyi Bondié-a, pèsonn lòt moun pa ginyin.

Bienheureux John Henry Newman

p. 87 - YÉRARCHI. (an grèk *hiéròs* épi *archè* vlé di « orijîn sakré ») : sé strikti an pyramid Kris-la bay l'Égliz-la, sé nan li tout pouvoua ak tout otorité soti.

p. 87 - PAP. (an grèk *pappas* vlé di « papa ») : sé siksésè apot sin Piè-a, évèk Ròm-nan. Paské Piè té déjà prémié nan pamí apot-yo, Pap-la, kòm siksésè-l, sé li-minm ki prézidé kolèj évèk-yo. Kòm réprésantan Kris-la, li sé pastè ki pi ro pou tout l'Égliz-la.

p. 87 - ÉVÈK. (an grèk *épiskopein* vlé di « gadé kichòy dépi apati anro ») : sé siksésè apot-yo. L-ap dirijé yon diosèz (l'Égliz lokal-la). Kòm manb kolèj évèk-yo épi anba responsabilité Pap-la, l-ap poté chaj tout l'Égliz-la.

p. 88 - PRÈT. (an grèk *présbytéròs* vlé di « sa-k pi ansyin-an ») : sé kolaboratè évèk-la nan anons Bòn Nouvèl-la ak nan sélébrasion

sakréman-yo. L-ap égzèsé sèvis-li nan l'Égliz-la an kominion avèk lòt prèt-yo anba diréksion évèk-la.

p. 88 - Priyé pou mouin pou-m kapab aprann rinmin bann mouton-an pi byin ofiamézi, Égliz-la ki sin-an. Priyé pou mouin pou-m pa pran lafuit dévan bêt dévoran-yo (lou-yo). An nou priyé youn pou lòt pou Granmèt-la poté-nou épi pou gras a li, youn aprann poté lòt.

Benoît XVI, nan kòmansman pontifika li-a, 24 juiyè 2005

p. 89 - RÒM. Dépi nan kòmansman yo té konsidéré Égliz Ròm-nan kòm yon kominoté « ki gran anpil, ki ansyin anpil épi tout moun konnin, li minm dé Apot-yo Piè ak Pòl ki gin anpil gloua té fondé-a épi té établi a Ròm... Ak Égliz sa-a, poutèt oriijin-li pi anfòm, tout l'Égliz doué akòdé-l nésésèman, sètadi fidèl ki toupatou sou tè-a, paské nan li yo té konsèvé Tradision ki sot nan Apot-yo » (S. Irénée de Lyon, 135-202). Poutèt dé apot-yo té mouri mati a Ròm sa bay kominoté Ròm-nan pi plis inpòtans ankò.

p. 89 - Épi mouin minm, mouin di-ou : Ou sé Piè, épi sou ròch sa-a m-ap bati Égliz mouin-an ; épi pòt Adès-yo pap ka résisté kont li. M-ap baou klé péyi roua sièl-yo, épi ninpòt sa-ou t-a maré sou tè-a, ap maré nan sièl-yo, épi ninpòt sa-ou t-a lagé sou tè-a, ap lagé nan sièl-yo.

Matié 16,18-19

p. 90 - KONSIL ÉKIMÉNIK. Sé réyinion tout évèk l'Égliz katolik-la ki sou tout tè-a. Yo pa doué konfonn mo sa-a ak « ékiménism »-nan ki konsèné inité tout krétyin-yo.

p. 90 - Li mété yo Douz, sa yo rélé « Apot »-yo, pou yo rét ansanm avèk li, pou-l voyé yo préché,

Mark 3,14

p. 90 - DÒGM. (an grèk *dogma* vlé di « opinion, konklizion, tèz »). Sé yon atik lafoua-a yo jouinn nan Liv ki Sin-yo ak nan Tradision-an épi yo proklamé-l ex *cathedra* kòm révélation ki soti nan Bondié.

p. 90 - EX CATHEDRA. (mo latin ki vlé di « apati katèd-la – chèz pou ansègnman-an ») : eksprésion-an vlé di yon déklärasion doktrinal Pap-la fè an vèrtu majistè infayib li ginyin-an.

p. 90 - Moun ki kouté nou, sé mouin minm li kouté épi moun ki méprisé nou, sé mouin minm li méprisé ; moun ki méprisé-m minm, li méprisé sa-a ki voyé mouin-an.

Luk 10,16

p. 91 - KONSÈY ÉVANJÉLIK-YO. Povrété, Chasteté, Obéyisans sé konsèy sa-yo Évanjil-la ba nou pou nou kapab suiv Kris-la.

p. 91 - Suiv Kris-la, sa toujou mandé kouraj pou nou najé nan diréksion kontrè ak kouran-an.

Benoît XVI, 7 mé 2008

p. 91 - Jézu gadé-l, li rinmin-l, li di-l : « Yon sèl bagay manqué-ou : alé, tou sa-ou ginyin, vann yo, bay pòv-yo, ou-a gin yon trézò nan sièl-la, épi, vini suiv mouin »

Mark 10,21

p. 91 - Si yon manb ap soufri, tout manb-yo ap soufri ansanm. Si yon manb nan gloua, tout manb-yo kontan ansanm.

1 Korintyin 12,26

p. 92 - Nou gin yon manman nan sièl-la. Kòm li nan Bondié épi avèk Bondié, li toupré nou chak, li konnин kè-nou, li kapab tandé priyè nou-yo, li kapab édé nou ak bonté li ginyin kòm manman épi yo ba nou-l – jan Granmèt-la di-a – présizéman kòm « manman », yon manman nou kapab palé avèk li nan ninpòt moman.

Benoît XVI, 15 out 2005

p. 92 - Bondié pa-t bay moun-yo yon sèvant min yon manman.

B. Adolf Kolping (1813-1865, prèt alman, apot ouvriyé-yo ak atizan-yo)

p. 92 - Kòm divin té vîn manqué, manman Jézu di-l : « Yo pa gin divin ». Jézu minm di-l : « Sa sa yé pou mouin ak pou ou, madanm ? Lè mouin pokò rivé ». Manman-l di sèvitè yo : « Ninpòt ki sa li di nou, sé pou nou fè li ».

Jan 2,3-5

p. 93 - Ninpòt moun nou t-a padonnin péché yo, y-ap padonnin pou yo, ninpòt moun nou t-a kinbé yo, y-ap rét kinbé.

Jan 20,23

p. 93 - Prèt-yo résévoua yon plin pouvoua Bondié pa-t bay ni anj li-yo ni arkanj li-yo... Bondié ratifié anro-a tout sa prèt li-yo fè isit-la anba-a.  
S. Jean Chrysostome

p. 93 - Mouin t-ap toujou inkiété-m si pa-t gin konfésion an sékrè-a.  
Martin Luther (1483-1540, réfomatè alman)

p. 93-94 - Si y-ap préché minm : « Kris té résisité sot nan pamì mò-yo », kòman kèk nan nou di : « Réziréksion mò-yo, pa gin sa » ? Si réziréksion mò-yo pa gin sa, ni Kris pa résisité tou. Si Kris minm pa résisité, konsa prèch nou-an pou granmési, lafoua nou-an tou pou granmési. Si sé nan lavi sa-a nou épérè nan Kris sèlman, nou pi mérité yo pran pitié pou nou plis pasé tout moun. Ébyin, min sa ki rivé : Jézu-Kri résisité sot nan pamì mò-yo, prémié foui nan sa ki t-ap dòmi-yo.

1 Korintyin 15 ;12-14.19-20

p. 94 - Paròl-la, sé chè li vîn tounin, épi li abité nan mitan nou.  
Jan 1,14

p. 94 - Minm kò-a gin yon plas nan Bondié.  
Benoît XVI, 15 out 2005

p. 94 - Min, yon moun kapab di : « Kijan mò-yo ap résisité, ak ki kò minm y-ap vini ? » San konprann ! Ou minm, sa-ou simin-an, li pa viv si-l pa mouri, épi, sa-ou simin-an, sé pa kò-a ki gin pou-l pran nésans-la ou simin, min sé yon sémans tou-ni, parégzanp blé oubiyin kichòy nan rès-yo.

1 Korintyin 15,35-37

p. 95 - Mouin vlé ouè Bondié, épi, pou yon moun ouè Bondié, fòk li mouri.  
Ste Thérèse d'Avila

p. 95 - Tan pou chèchè Bondié-a, sé lavi sou tè-a. Tan pou jouinn Bondié-a, sé lanmò-a. Tan pou posédé Bondié-a, sé étènité-a.  
S. François de Sales

p. 95 - Mouin pap mouri, m-ap antré nan lavi-a.  
Ste Thérèse de Lisieux (1873-1897, mistik épi doktè (savan sakré) l'Egliz-la)

p. 95 - Sèlman, yon bagay pa gin doua kaché pou nou, nou minm mouin rinmin-an, yon sèl jou kot Granmèt-la tankou mil ané, épi mil ané tankou yon sèl jou.

2 Piè 3,8

p. 95 - Nan asouè lavi-nou y-ap jijé nou sou rinmin nou té ginyin-an.  
S. Jean de la Croix (1542-1591, mistik éspagnòl, doktè (savan sakré) l'Égliz-la épi poèt)

p. 96 - JIJMAN. Sa yo rélé jjiman patikilié-a oubyin pèsònèl-la, li fèt lè chak moun mouri. Jijman jénéral-la, yo rélé jjiman dénié tou, l-ap fèt alafin tan-yo donk nan finisman istoua tè-a lè Granmèt-la ap rétouninan.

p. 96 - Nou ouè réyèlman koulié-a, pa lintèmèdiè yon glas, antan n-ap déviné, lè sa-a minm, fas a fas. Koulié-a mouin konnin yon pati, lè sa-a minm, m-a konnin jan yo té konnin-m nan.

1 Korintyin 13,12

p. 96 - Yon moun kapab pèdi byin tanporèl-yo san-l pa t-a vlé, min li pap janm pèdi byin étènèl-yo, si-l pa vlé sa tout bon.

S. Augustin

p. 97 - Sé pousa li fè sakrifis padon pou mò-yo, pou yo té kapab délivré anba kòd péché-a.

2 Makabé 12,45/46

p. 97 - An nou pa ézité édé moun nou-yo ki alé-yo épi ofri priyè nou-yo pou yo.

S. Jean Chrysostome

p. 97 - Nou minm nou konnin nou travèsé sot nan lanmò-a al nan lavi-a, paské nou rinmin frè nou-yo ; sa-k pa rinmin-an, li rété nan lanmò-a. Tout sa-k rayi frè-l la, sé yon asasin li yé ; nou konnin okinn asasin pa gin lavi tout tan-an ki rété nan li.

1 Jan 3,14-15

p. 97 - M-ap mandé tèt mouin : « Sa lanfè vlé di ? » - Mouin dékläré : « Pa kapab rinmin ».

Fedor Dostoïevski (1821-1881, ékrivin, moun péyi Rusi)

p. 98 - Bondié ki sitèlman bon san mézi, pap janm abandoné moun ki pa vlé abandoné-l.

S. François de Sales

p. 98 - Lè Pitit moun-nan minm ap vini nan gloua li-a épi tout anj-yo avèk li-a, lè sa-a atò l-ap chita sou trôn gloua li-a, épi tout nasion-yo ap rasanblé dévan-l, épi l-ap séparé yo youn sot kot lôt, tankou gadyin-an séparé mouton-yo sot kot bouk-yo. Y-apralé, sa-yo nan pinision tout tan, sa-k kòrèk-yo minm, y-apral nan lavi tout tan.

Matié 25, 31-32.46

p. 98-99 - « Épi l-ap suiyé tout dlo sot nan jé yo, épi lanmò-a pap ginyin ankò, ni chagrin, ni rèl, ni soufrans, pap ginyin ankò, paské prémié bagay-yo al fè rout yo ». Épi sa-k chita sou trôn-nan, di : « Min m-ap fè tout bagay nouvo », épi li di : « Ékri : paské paròl sa-yo, yo sètin, yo vré ».

Apokalips 21,4-5

p. 99 - AMÈN. Mo « Amèn »-nan (an ébré *Aman* vlé di « sa-k fèm, ki solid-la », « an konfians ») yo sèvi avèk li nan Ansyan Téstaman-an sitou nan sans « sé konsa pou sa fèt » pou ranfòsé anvi pou yon aksion Bondié réalisé oubyin pou patisipé nan louanj Bondié-a. Nan Nouvo Téstaman-an, anpil foua mo-a sèvi pou ranfòsé konklizion yon priyè. An jénéral Jézu sèvi ak mo sa-a yon fason spésial pou-l introdui yon paròl inpòtan li pral di. Lè sa-a *Amèn* ap souligné otorité paròl Jézu-a.

p. 99 - Tout kalité promès Bondié-yo réyèlman nan li, « oui-a », poutèt sa pa lintèmèdiè li « Amèn »-nan bay Bondié pou gloua pa lintèmèdiè nou.

2 Korintyin 1,20

### DÉZIÈM PATI Sélébrasion mistè lafoua krétyin-an

**Bondié aji nan nou pa lintèmèdiè sign sakré-yo**

p. 102 - LITIJI. (an grèk *leitourgia* vlé di « aktivité, travay ofisièl, sèvis pèp-la réalisé épi yo réalisé pou pèp-la »). Nan tradision krétyin-an, mo litiji-a vlé di pèp Bondié-a patisipé nan « travay Bondié-a ». Sélébrasion litijk ki pi inpòtan-an sé Ékaristi-a. Lôt litiji-yo dépann dé Ékaristi-a, tankou parégzanp sélébrasion lôt sakréman-yo, adorasion-yo, bénédik-sion-yo, prosésion-yo épi priyè lè-yo.

p. 102 - Litiji-a pa janm yon sinp réyinion yon group k-ap fè sélébrasion pa-l... Poutèt nou patisipé nan tounin Kris-la tounin al jouinn Papa-a... nou nan kominion sin-yo tou. Oui, nan yon sètin fason, nou patisipé nan litiji sièl-la.

Cardinal Joseph Ratzinger / Benoît XVI, *Dieu et le monde*

p. 103 - San Ékaristi lè dimanch-la, nou pa kapab viv. Èské-ou pa konnin Kris-la égzisté poutèt Ékaristi-a épi Ékaristi-a pou krétyin-yo ? Répons mati Saturnin (ané 305) té bay lè yo t-ap fè intèrogatoua li-a. Yo t-ap akizé-l poutèt li té patisipé nan rasanbléman yo té intèdi fè lè dimanch-la.

p. 103 - Mouin minm mouin vini pou yo gin lavi, épi pou yo ginyin-l an kantité.

Jan 10,10

p. 103 - Épi li lévé, l-alé lakay papa-l ; antan-l té byin louin toujou, papa-l ouè-l, zantray-li fè-l mal, li kouri, li lagé kò-l nan kou-li, li anbrasé-l kont kò-l.

Luk 6,19

#### **Bondié nan litiji-a**

p. 104 - M-apral kot lotèl Bondié-a, kot Bondié kontantman-m, dans mouin. M-ap fè louanj sou mandolin pou Bondié, Bondié-m nan.

Psòm 43,4

p. 104 - BÉNÉDIKSION. (an latin *benedicere*; an grèk *eulogein* vlé di « di dibyin »). BénédikSION-an sé yon byin ki soti nan Bondié. Sé yon aksion Bondié ki bay lavi épi ki konsèvè lavi. Bondié Papa-a, kréatè tout bagay, di nou : sa bon pou la, égzistans-ou sé yon byin.

p. 105 - San [mouton]-an ap sèvi nou sign nan kay koté n-ap yé yo ; lè-m ouè san-an, m-ap travèsé pou-m évité nou ; pap gin chatiman k-ap gayé nou, lè m-ap frapé péyi Éjip-la.

Égzòd 12,13

p. 105 - SAKRÉMAN. (an latin *sacramentum* vlé di « sèman, angajman » ; an jénéral sé avèk li yo sèvi pou tradui mo grèk *mystèrion*-nan ki vlé di « mistè »). Sakréman-yo sé sign sansib yon réalité invizib koté krétyin-yo kapab fè ékspérians Bondié k-ap géri yo, k-ap padonnin

yo, k-ap nouri yo, k-ap fòtfifié yo épi k-ap dispozé yo pou yo rinmin. Tout sa fèt poutèt gras Bondié-a k-ap aji ladan yo.

p. 106 - Kòm tout bagay osijè lavi ak bon santiman rélijion sé pouvoua Bondié-l la ki ba nou yo pa lintèmèdiè konésans sa-k rélé nou nan pròp gloua li-a ak pouvoua li-a, pa lintèmèdiè promès-yo ki gin anpil valè-yo, ki pi gra-yo, yo ba nou-yo, pou nou kapab vîn patisipé nan sa-k fè-l sé Bondié-a, pa lintèmèdiè yo, antan nou pati kité sa ki dékonpozé nan atirans tè-a.

2 Piè 1, 3-4

p. 106 - Li pran min avèg-la, li minnin-l andéyò bouk-la ; li kraché nan jé-l, li pozé min sou li, li mandé-l : « Sa-ou ouè ? »

Mark 8,23

p. 106 - Sa-k té vizib [Sa yo té kapab ouè] nan Sovè-a nou jouinn yo nan sakréman-yo.

Léon le Grand (environ 400-461, pap épi Pèr-de-l'Égliz).

p. 106 - Sa-k manjé-a réyèlman épi ki bouè-a sé yon jijman pou pròp tèt-li li manjé épi li bouè antan li pa distingé Kò [Granmèt]-la.

1 Korintyin 11,29

p. 107 - Konsa nou minm, sé pou moun konsidéré nou tankou sèvitè Kris, épi ékonòm mistè Bondié-yo.

1 Korintyin 4,1

p. 107 - Dapré pòsion kado gras-la chak moun résévoua-a, sé pou-l mété-l nan sèvis lôt-yo, tankou bon kontab ki responsab tout kalité gras Bondié.

1 Piè 4,10

p. 107 - Lè bon jan ak sansib pou moun Sovè-nou Bondié parèt-la minm, san sé pa poutèt aksion jisitis nou té fè ; min dapré pròp pitié-l, li sové nou, pa lintèmèdiè yon bingn nouvo nésans ak rénouvèlman Éspri Sin-an.

Tit 3,4-5

p. 107 - Mouin té transmèt nou réyèlman toudabò sa mouin té résévoua-a.

1 Korintyin 15,3

p. 107 - Minm jan yon chandèl limin nan difé yon lòt chandèl, sé konsa lafou-a limin nan lafoua.

Romano Guardini

p. 108 - Sé pou sa ni nou minm, ni tout mésajé-ou yo ak tout zanmi-ou yo ki nan sièl-la, nou mété ansanm pou nou fè konpliman pou ou, é pou nou chanté san rété: Sé ou ki sin, sé ou ki sin, sé ou ki sin tout bon. Bondié sé ou ki Granmèt tout sa ki nan sièl-la, bëlté ou plin sièl la ak tè-a...

Préfas litiji ékaristik-la

### **Kijan nou sélébré mistè Kris-la**

p. 108 - [Litiji-a] fè nou antré nan litiji k-ap fèt san rété nan sièl-la... Sé pa kòmsi moun-nan ap pansé kichòy épi li chanté ; chan-an rivé vîn jouinn li sot nan anj-yo.

Cardinal Joseph Ratzinger / Benoît XVI, *Un nouveau chant pour le Seigneur.*

p. 109 - Vòlè-a pap antré pou dòt bagay pasé vòlè épi touyé épi détoui. Mouin minm mouin vini pou yo gin lavi, épi pou yo ginyin-l an kantité. Sé mouin minm bon gadyin-an. Bon gadyin-an dépozé nanm-li pou mouton-yo.

Jan 10,10-11

p. 109 - Sa-k vlé vîn prémié nan pamí nou, sé pou-l vîn tounin ésklav tout moun. Sèké Pitit moun-nan pa vîn pou fè sèvi-l min pou-l sèvi, épi pou-l bay lavi-li tankou instriman pou éfasé péché tout pakèt moun-yo.

Mark 10, 44-45

p. 109 - Sinbòl-yo éksprimé sa ki invizib nan yon langaj vizib (sa moun pa kapab ouè ak yon langaj yo kapab ouè).

Gertrud Von le Fort.

p. 109 - Mouin dékläré langaj sinbolik-la sé sèl lang étranjé chak moun t-a doué aprann.

Erich Fromm (1900-1980, psikanalist)

p. 110 - Youn t-ap rélé bay lòt [anj-yo], yo t-ap di : « Li sin, li sin, li sin, Granmèt Bondié lamé-yo ; tout tè-a plin ak gloua-li ».

Izayi 6,3

p. 110 - Sé pou n-ap di antré nou psòm ak imn ak kantik dapré Éspri-a antan n-ap chanté épi n-ap résité psòm nan kè-nou pou Granmèt-la.  
Éfézyin 5,19

p. 110 - Moun k-ap chanté-a li priyé dé foua.  
S. Augustin

p. 111 - Sé pou nou rachté moman-an, paské jou-yo mové.  
Éfézyin 5,16

p. 111 - Étènité Bondié-a sé pa sèlman pa gin tan ladan-l, oubyin sé kontrè tan-an oubyin négasion tan-an, min sé yon pouvoua sou tan-an k-ap dévlopé yon égzisté-avèk-tan-an épi yon égzisté-nan-tan-an.  
Cardinal Joseph Ratzinger / Benoît XVI, *L'esprit de la liturgie*.

p. 111 - Ané litijik-la k-ap raplé nou épi k-ap rann prézan ankò lavi Kris-la san rété yon fason ki toujou nouvo, sé pi gran chédèv lèzòm. Bondié fè-l tounin afè pa-l épi li ba nou li, yon ané apré lòt, antan l-ap ofri-l nan yon limiè ki toujou nouvo kòmsi sé prémié foua li té rivé jouinn nou.  
Jochen Klepper (1903-1943, ékrivin alman)

p. 112 - Sèt tan priyè litiji lè-yo sé : Lôd (lè solèy-la ap lévé) – Tièrs (a névè) – Sèkst (a midi) – Nòn (a touazè) – Vèp (asouè) – Konpli (anvan n-al kouché).

p. 113 - Sèt foua pa jou m-ap chanté louanj ou, osijè jijman-ou yo ki kòrèk.

Ps 119,164

p. 113 - L'Égliz-la sé éspas téolojik-la koté nou vîn chèché épi jouinn Bondié. Li fè yo aprésié sa-k gin valè nan karaktéristik tè nou-an ki fè nou kapab abité ladan-l nan. Minm légliz-yo mété rénomé vil nou-yo ak vilaj nou-yo an valè – kisa Kològn (an Almagn) t-a yé, san katéral li-a? – konsa tou karaktéristik tè nou-an ki fè nou kapab abité ladan-l nan, vîn an valè poutèt prezans Bondié-a.

Cardinal Joachim Meisner (1933 -, achévèk Kològn)

p. 114 - Bondié mété légliz-yo tankou yon pò sou bò lanmè-a pou nou kapab rivé sové nan yo antan nou ralé kò-nou sot nan toubiyon problèm nou gin sou tè-a épi pou nou kapab jouinn lapè nan yo ak silans-la.  
S. Jean Chrysostome

p. 115 - Lè n-ap réfléchi sou litiji-a, épi sèl sa nou sonjé sé kijan pou nou fè-l bél, pou-l atiré moun, pou-l intérésan, dépi la-a litiji-a déja dénatiré. Sé soua li sé aksion Bondié antan sé Bondié ki sijè réyèl k-ap aji-a, oubyin li pa anyin.

Benoît XVI, 9 séptanm 2007

p. 115 - Sé yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm, yon sèl Bondié épi Papa tout moun, ki anlè tout bagay, épi atravè tout bagay épi nan tout bagay.

Éfézyin 4,5-6

p. 115 - INISIASION. (an latin *initium* vlé di « komansman ») : sé konsa yo rélé sa yo fè pou introdui yon moun pa l'intèmèdiè l'Espri Kris-la nan yon kominoté ki déjà égzisté.

### Sèt sakréman-yo nan l'Égliz-la

#### Sakréman inisiasion-yo (batèm, konfimasion épi ékaristi)

p. 116 - Batizé yo onon Papa-a ak Pitit-la ak Espri Sin-an.  
Matié 28,19

p. 116 - Ak batèm-nan yo résévoua-a, chak timoun nan yon sèk zanmi ki pap janm défèt ni pandan lavi-li ni nan lanmò-li... sèk zanmi sa-a, fanmi Bondié sa-a, koté timoun-nan vîn yon manb kounié-a, ap toujou akonpagné-l minm nan moman doulè, lè lannuit-la pi noua-a nan lavi-a. L-ap ba li konsolasion, sékou ak limiè.

Benoît XVI, 8 janvié 2006

p. 116 - Sé poutèt sa, si yon moun nan Kris, sé yon nouvo kréati. Ansyin-yo pati, min nouvo rivé.  
2 Korintyin 5,17

p. 116 - Nuit-la té avansé, jou minm té proché, sé pou nou réjté travay fénoua-yo ; sé pou nou abiyé ak zam limiè-a... An nou abiyé ak Granmèt-la Jézu-Kri.

Romin 13,12.14

p. 117 - KATÉKIMÉNA. (an grèk *katéchein* vlé di « anségné, fòmè sa-k fèk rivé-yo »). Nan prémié tan l'Égliz-la, adilt ki té kandida pou résévoua batèm-nan (Katékimèn-yo) té konn suiv yon préparasian ki té gin toua

étap, sé Katékiména-a, koté yo té inisié yo nan lafoua-a épi yo té patisipé ofiamézi nan kèk sélébrasion Paròl Bondié-a, jouskaské alafin yo admèt yo sou tab Ékaristi-a.

p. 117 - Kado timoun ki fèk fèt-yo té résévoua-a, yo minm minm yo doué aksépté-l lè y-a grandi ; ak tout libèté yo épi antan yo pran responsabilité yo. Konsa étap kouasans sa-a ap kondui yo pou yo résévoua sakréman konfirmasyon-an ki aboutisman batèm yo-a épi ki fè yo chak maké ak so l'Éspri Sin-an.

Benoît XVI, 8 janvié 2006

p. 118 - Nou té antéré avèk li donk, gras a batèm-nan, nan lanmò-a, pou minm jan Kris-la té résisité sot nan pamì mò-yo, gras a gloua Papa-a, konsa tou nou minm nan nouvoté lavi-a n-ap maché.

Romin 6,4

p. 118 - Bondié vlé pou tout moun sové épi rivé nan konésans vérité-a.  
1 Timoté 2,4

p. 118 - ...si yon moun pa fèt sot nan dlo ak Éspri, li pa kapab antré nan péyi-roua Bondié-a.

Jan 3,5

p. 119 - Si n-ap viv minm réyèlman, sé pou Granmèt-la n-ap viv. Si nou mouri minm, pou Granmèt-la nou mouri. Si donk minm n-ap viv, si nou mouri minm, pou Granmèt-la nou yé.

Romin 14,8

p. 119 - Épi réyèlman nan yon sèl Éspri nou tout pou vîn yon sèl kò nou té batizé, soua Juif, soua Grèk, soua ésklav, soua lib épi tout moun nan yon sèl Éspri nou té pasé souaf-nou.

1 Korintyin 12,13

p. 119 - Si nou sé ti pitit, nou sé éritié tou ; éritié Bondié minm, éritié ansanm ak Kris, puiské n-ap soufri ansanm avèk li, pou nou jouinn gloua-a tou ansanm avèk li.

Romin 8,17

p. 119 - Sa yo rélé-m pou-m fè-a oubyin pou-m yé-a, pa gin pèsonn lòt moun yo rélé pou sa. Sou latè Bondié-a, mouin gin yon plas nan plan Bondié-a ki pa sanblé ak okinn lòt, kit mouin rich, kit mouin pòv, kit

lèzòm méprisé-m oubyin onoré-m, Bondié konnin-m épi sé ak non-m li rélé-m.

John Henry Newman

p. 120 - KONFIMASION. (an latin *confirmatio* vlé di « ranföisman, rafémisman ») : sakréman konfimasion-an ansanm avèk batèm-nan ak Ékaristi-a sé « Sakréman inisiasion krétyèn-yo ». Minm jan l'Éspri Sin-an té désann jou Pannkot-la sou disip-yo ki té rasanblé, sé konsa tou li désann sou tout batizé ki mandé l'Égliz-la kado l'Éspri-a. Konfimasion-an rafémi batizé-a épi ba-l fòs pou-l témuagné pou Kris-la.

p. 120 - SIN KRÈM-NAN. (an grèk *chrisma* vlé di « onksion ak luil bon lodè-a », épi *Christos* vlé di « sa-a yo bay onksion-an ») : Sin Krèm-nan sé yon luil yo fè ak yon mélanj luil doliv épi rézîn balsamik (ki gin bon lodè). Évèk-la konsakré-l pandan sémèn sint-la nan Mès Krismal-la, pou yo kapab sèvi avèk li lè batèm, konfimasion, òdinasion prèt ak évèk, épitou lè bénédiksion otèl-yo ak klòch-yo. Luil-la sé sinbòl kè kontan, fòs épi santé. Moun-yo ki résévoua onksion sin Krèm-nan doué gayé « bon lodè Kris-la » (2 Kor 2,15).

p. 121 - Lè Apot-yo minm nan Jérusalèm tandé Samari-a té aksépté paròl Bondié-a, yo té voyé Piè ak Jan koté yo. Yo minm ki désann, yo té lapriyè pou yo, pou yo résévoua Éspri Sin-an. Réyèlman li pa-t ko tonbé sou pèsonn nan yo. Yo té sèlman batizé onon Granmèt-la, Jézu.

Travay Apot yo 8,14-16

p. 122 - Éspri Granmèt-la sou mouin, sé pou sa Granmèt-la té sakré-m, li té voyé-m poté nouvèl-la bay pòv-yo, pou-m pansé kè ki krazé-yo, pou-m préché padon bay prizonié-yo, épi libération bay sa-k fèmin-yo, pou-m préché yon ané koté Granmèt-la fè gras.

Izayi 61,1

p. 122 - Yon kè nèt, kréyé-l pou mouin, Bondié, épi yon éspri solid réfè-l tou nèf nan zantray mouin-yo.

Ps 51,12

p. 122 - Proché kot Bondié, épi l-ap proché koté nou.  
Jak 4,8

p. 122 - Mouin présent dévan nou lavi-a ak lanmò-a, bénédiksion-an ak malédiksion-an. Chouazi lavi-a, pou-ou viv ansanm ak ras ou.  
Détéronòm 30,19

p. 122 - Sa-k inpòtan sé kòmansé ak détèminasian.

Ste. Thérèse d'Avila

p. 123 - Bondié t-a ba nou yon byin ki t-a pi gran toujou si-l té gin yon byin ki t-a pi gran pasé li-minm.

S. Jean Marie Vianney (1786-1859, « Sin kuré Ars-la »)

p. 123 - Vrè konsékans Ékaristi-a sé chanjé moun-nan fè-l tounin Bondié.

S. Thomas d'Aquin

p. 123 - ÉKARISTI. (an grèk *eu-charistia* vlé di « aksion-d-gras ») : o kòmansman, nan prémié tan l'Égliz-la, sé priyè aksion-d-gras ki té vini anvan tansfòmasion pin-an ak divin-an pou yo tounin Kò ak San Kris-la, yo té rélé Ékaristi. Pi ta yo té laji non-an pou yo rélé konsa tout sélébrasion Mès-la.

p. 123 - Anvan fèt Pak-la, Jézu té konnin byin lè pa-l la té rivé pou-l té travèsé sot sou tè sa-a al kot Papa-a. Li té rinmin moun pa-l yo ki té sou tè-a, sé jouskalafin li rinmin yo.

Jan 13,1

p. 124 - Kòman Jézu fè kapab ba nou Kò-l ak San-l ? Antan-l chanjé pin-an fè-l tounin Kò-li épi divin-an fè-l tounin San-li épi antan-l bay yo, li antré nan lanmò-li davans, li aksépté-l sou paranndan épi li transfòmé-l fè-l tounin yon jès rinmin. Sa-k yon violans brital sou déyò – klouré yo klouré-l sou koua-a – vîn tounin sou paranndan réalité rinmin k-ap bay tét-li an antié-a.

Benoît XVI, 21 out 2005

p. 124 - Mouin té tandé tankou yon voua ki t-ap soti anro : « Mouin sé manjé sa-k gin fòs-yo ; grandi épi manjé-m ! Min ou pap transfòmé-m vîn tounin ou minm kòmsi mouin t-a yon manjé matérièl, sé ou minm k-ap transfòmé vîn tounin sa-m yé-a ».

S. Augustin, nan épòk konvèson li-an.

p. 124 - Pa kominié : sé tankou mouri souaf bò koté yon sous.

S. Jean Marie Vianney

p. 125 - Nan Sint Ékaristi-a nou fè youn ak Bondié, tankou manjé-a ak kò-a.

S. François de Sales

p. 125 - Sé pou nou trésé fil toual lavi nou alantou Ékaristi-a. Viré jé-nou gadé-l, li minm ki limiè-a; mété kè-nou toupré kè pa-l la ki Bondié-a, mandé-l gras pou kapab rann li témougnaj, mandé-l rinmin pou kapab rinmin-l, mandé-l kouraj pou kapab sèvi-l, chèché-l ak tout chalè pasion-ou.

Mère Teresa

p. 126 - Nou pa doué séparé lavi-nou ak Ékaristi-a. Min si nou t-a fè sa, gin kichòy k-ap kasé ladan-l. Moun-yo ap mandé nou: « Ki koté mè-yo pran fòs pou yo fè sa y-ap fè-a ak kè kontan? » Nan Ékaristi-a. Sé pa résévoua-l tou sinpléman, min sé pasé li pasé grangou nou grangou Kris-la. Li di nou : « Vîn jouinn mouin ! » Li grangou nanm nou-yo.

Mère Teresa

p. 126 - KONSÉKRASION. (an latin *consecratio*) : sé jès pou konsakré yon moun, yon bagay oubyin yon koté, antan nou mété-l apa pou sèvis Bondié. Nan litiji Mès-la, mo sa-a dézignin priyè prèt-la fè-a koté li répétré paròl Kris-la nan dènié soupé-a sou pin-an ak divin-an, pou yo kapab tounin Kò ak San Kris-la gras a l'Éspri Sin-an.

p. 127 - KOMINION. (an latin *communio*) : résévoua Kò ak San Kris-la ki prézan nan ofrann pin-an ak divin-an apré konsékrasion-an sé sa nou rélé kominion-an. Yo fè sa an jénéral pandan Mès-la, min tou nan kèk okazion an déyò Mès-la (parégzanz : kominion yo poté bay sa-k malad-yo). Kominié sèlman nan espès pin-an sé yon kominion total nan tout Kris-la.

p. 127 - KYRIE ELEISON. (an grèk sa vlé di « Granmèt, pran pitié ! ») : Kyrié éléison-nan té yon aklamasion yo té konn fè dépi lontan pou bay dié-yo ak chèf-yo ochan ; byin vit krétyin-yo sèvi ak li pou Kris-la épi nan zòn ané 500 konsa yo té pran abitid sèvi ak eksprésion sa-a, san yo pa tradui-l, nan litiji romèn-nan an oksidan.

p. 128 - GLORIA. (an latin sa vlé di « gloua ») : chan kè kontan anj-yo té chanté pou gadyin mouton-yo (Lk 2,14) nan nuit Nésans Granmèt-la, li vîn tounin introdikcion yon imn krétyin ki la lontan anpil. Fòmil-li té fiksé nèt apati IX<sup>èm</sup> sièk. Sé yon fason solanèl pou chanté louanj Bondié.

p. 128 - ALÉLOUYA. (mo konpozé apati mo ébré *halal* ki vlé di « fè louanj ! bay gloua ! fè konpliman ! » épi non Bondié-a YHWH/Yahvéh, donk « an nou fè louanj Bondié ! »). Invitasion sa-a ki tounin vinnkat foua nan psòm-yo vini anvan léktu Paròl Bondié-a nan Évanjil-la pandan Mès-la.

p. 128 - OMÉLI. (an grèk *homilein* vlé di « palé ak yon moun, tankou zanmi, konvèssasion ») : sé yon sinonim pou préché, prédikasyon. Pandan sélébrasion Ékaristi-a, sa k-ap préché-a gin responsabilité proklamé Bòn Nouvel-là (an grèk *eu-angélion*), édé fidèl-yo épi ankourajé yo pou yo témouagné lafoua-a épi mété-l an pratik. Nan Mès-la oméli\*-a rézévé pou Évêk-la, prêt-la oubyin diak-la. Si pa gin youn nan yo ki la, nan kèk litiji yo kapab invité kèk layik préché.

p. 129 - SANCTUS. (an latin, sa vlé di « sin »). Sanctus-la sé youn nan priyè ki pi ansyin nan Mès-la. Li égzisté dépi VIII<sup>ème</sup> sièk anvan Jézu-Kri épi yo pa gin doua janm siprimé-l. Li réyini alafoua chan sérafin-yo nan Izayi 6,3 épi aklamasyon Psòm 118,25-la. Yo sèvi ak li pou fè louanj Kris-la ki prézan.

p. 129 - TRANSUBSTANSIATION. (an latin *trans* vlé di « pi louin » épi *substansia* vlé di « substans-la, nati-a ») : ak mo sa-a, télojojin-yo ap ésényé ékspliké kijan Jézu kapab prézan nan Ékaristi-a anba aparans pin-an ak divin-an : sa-k sou déyò « espèces »-yo pa chanjé, alòské « substans »-la (nan ka sa-a « nati »-a), sa-k fè pin-an sé pin-an épi divin-an sé divin-an vîn chanjé tounin Kò ak San Kris-la pa pouvoua l'Espri Sin-an lè yo prononsé paròl ki pou konsakré yo-a. Nan sa-k gin aspè pin-an ak divin-an Jézu-Kri la réyèlman, minmsi yo pa ka ouè-l, li la yon fason kaché, tout tan espèces-yo konsèvé.

p. 130 - AGNUS DEI. (an latin « mouton Bondié ») : sé mouton Bondié (Égz 12) yo té sakrifié pou pèp Israèl-la té kapab délivré anba ésklavaj Éjip-la. Jan-Batis té sèvi ak imaj sa-a pou Jézu (Jn 1,29) : *Min mouton Bondié-a*. Sé gras a Jézu yo kondui tankou yon mouton y-ap minnin labatoua, nou vîn délivré anba péché nou-yo épi nou vîn an pè avèk Bondié. Priyè an fòm litani k-ap fè louanj Kris-la « Jézu, ou minm mouton Bondié » fè pati déroulman òdinè chak Mès dépi VII<sup>ème</sup> sièk-la.

p. 130 - Chak foua réyèlman n-ap manjé pin sa-a, épi kalis sa-a, n-ap bouè-l, sé lanmò Grammèt-la n-ap anonsé joustan li rivé.

p. 131 - TABÈNAK. (an latin *tabernaculum* vlé di « tant ») : antan l-ap imité arch-d-aliens-la nan Ansyin Téstaman-an, l'Égliz katolik-la fè tabènak-la tounin koté ki pi sakré-a pou konsèvé Sin-Sakréman-an (Kris-la anba éspès pin-an).

p. 131 - OSTANSOUA. (an latin *ostendere* vle di « montré ») : véso sakré ki sèvi nan kèk okazion pou ékspozé Sin-Sakréman-an, sètadi Kris-la, pou fidèl-yo kapab adoré-l.

p. 131 - DOKSOLOJI. (an grèk *dòxa* vlé di « gloua ») : yon doksoloji sé konklizion solanèl yon priyè k-ap bay Bondié gloua, tankou parégzanz konklizion priyè ékaristik-la : *Bondié Papa-nou, ou minm ki gin tout pouvoua é ki fè youn avèk l'Espri Sin-an, sé pa pouvoua Jézu-Kri, sé avèk li, sé onon li, ou jouinn tout kalité louanj ak konpliman dépi tout tan é pou tout tan.* Anpil foua, doksoloji-yo adrésé bay Bondié Trinité-a : *Viv Papa-a ak Pitit-la, ak l'Espri-Sin-an, dépi nan kòmansman ni kounié-a ni tout tan ak pou tout tan gin tan, sé ak fòmil sa-a an jénéral krétyin-yo fini priyè yo.*

p. 132 - Nou gin anpil travay. Lopital nou-yo ak azil pou sa-k pral mouri-yo plin tout koté. Lè nou kòmansé adorasion chak jou-a, rinmin nou gin pou Kris-la vîn pi profon, pi intim, rinmin nou gin pou lòt-yo vîn pi pasian, rinmin nou gin pou pòv-yo vîn gin plis konpasion, épi kantité vokasion-yo doublé.

Mère Teresa

p. 132 - Krétyin protéstan-yo kapab résévoua kominon ékaristik-la « si yo prêt pou mouri... si yo pa jouinn okinn minis nan kominoté yo-a ki t-a kapab ba yo kominion-an... si yo mandé sa ak pròp volonté yo : lè sa-a yo doué manifésté lafoua katolik-la osijè sakréman sa-a épi sé pou yo byin dispozé intérièman jan sa doué fêt-la.

*Codex Iuris Canonici (CIC), can. 844 § 4*

p. 133 - Granmèt, mouin pa mérité pou-ou antré anba fétay kay mouin-an ; min sèlman di yon paròl, épi ti gason-m nan ap géri.

Matié 8,8

Sé yon variant paròl sa-a santirion romin-an té di Jézu-a. Tout katolik résité-l anvan y-al kominié : « Granmèt mouin pa mérité pou antré lakay mouin, min di yon sèl paròl é nanm mouin va géri ».

p. 133 - Réyèlman, Pitit moun-nan vini pou-l chèché épi sové sa-k té pèdi.

Luk 19,10

p. 133 - Édé-m, Grammèt, pou-m konnin-ou pi byin, pou-m rinmin-ou pi byin, pou-m kapab suiv ou yon fason ki pi byin désidé.

S. Ignace d'Antioche (alafin lé sièk-la – kòmansman II<sup>ème</sup> sièk-la, Pèr-apostolik)

### **Sakréman gérizon-yo (pénitans épi onksion malad-yo)**

p. 134 - Si nou di nou pa gin péché, nou tronpé tèt-nou épi vérité-a pa nan nou.

1 Jan 1,8

p. 134 - Pitit-la di li : « Papa, mouin té fè péché kont sièl-la ak dévanou, mouin pa mérité pou yo rélé-m pitit-ou ankò ». Papa-a minm di sèvité-l yo : « Fè vit, mét pi bèl rad-la déyò, abiyé li ; mété bag nan douèt-li ak sandal nan pié-l »

Luk 15,21-22

p. 134 - Ninpòt moun nou t-a padonnin péché yo, y-ap padonnin pou yo, ninpòt moun nou t-a kinbé yo, y-ap rét kinbé.

Jan 20,23

p. 134 - Gin kèk moun ki konsidéré tèt yo kòm gran kriminèl paské yo té ouè Bondié, yo té ouè pròp tèt yo – épi yo té ouè diférans-la.

Mère Teresa

p. 135 - Fè nou tounin vîn jouinn ou, Grammèt, épi n-ap tounin.  
Lamantasion 5,21

p. 135 - Sous répanti-a sé nan rékonésans vérité-a.

Thomas Stearns Eliot (1888-1965, ékrivin anglo-amérikin)

p. 135 - Sé pou nou lévé tousuit lè nou tonbé ! Pa janm kité péché-a yon sèl ti moman nan kè-nou !

S. Curé d'Ars

p. 135 - Kisa répanti-a yé ? Sé yon gran tristès pou-n ouè sé konsa nou yé.

Marie von Ebner-Eschenbach (1830-1916, ékrivin péyi Otrich)

p. 135 - Pénitans-la sé yon dézièm batèm, sé batèm dlo nan jé-a.  
 S. Grégoire de Nazianze

p. 136 - Bondié tèlman aprésié pénitans-la, sa fè ninpòt ti pénitans sou tè-a, dépi li sinsè, li fè-l bliyé tout kalité péché, jouskaské minm démon-yo li t-ap padoné yo si yo té kapab répanti.  
 S. François de Sales

p. 136 - Yon sign ki montré sinsérité répantans nou-an sé lè nou ralé kò-nou sot nan mové okazion-an.  
 S. Bernard de Clairvaux

p. 136 - Bondié konn tout bagay. An patikilié li konnin apré nou fin konfésé nou pral rékòmansé fè péché. Poutan li padonnin nou. Li rivé tous nan pouin pou-l bliyé volontèman sa-k pral rivé-a pou-l kapab padoné nou.  
 S. Curé d'Ars

p. 136 - Anvan tout bagay, sé pou youn rinmin lòt ak tout fòs-li, paské *rinmin-an kouvri tout pakèt péché-yo.*  
 1 Piè 4,8

p. 137 - Mouin mérité pinision plis pasé-ou ! Ou pa békouin pè konfésé péché-ou yo.  
 S. Curé d'Ars

p. 137 - ABSOLISION. (an latin *absolvere* vlé di « akité, lagé, kité alé san dèt ») : absolision prêt-la bay-la sé sakréman padon-an pou youn oubyin pliziè péché apré konfésion-an. Min fòmil absolision-an : « Sé pou Bondié Papa-nou montré-ou mizérikòd-li ; ak lanmò épi réziréksion Pitit li-a, li rékonsilié moun-yo sou tè-a avèk li épi li voyé l'Espri-Sin-an pou padon péché-yo ; gras a l'Égliz li-a sé pou-l ba ou padon ak lapè. É mouin minm, onon Papa-a ak Pitit-la ak l'Espri Sin-an, mouin padoné tout péché-ou yo. Amèn ».

p. 138 - Moun ki résévoua plis konfidans, probabléman sé barman-nan.  
 Peter Sellers (1925-1980, komédyin anglè)

p. 138 - Sa pa kòrèk pou nou pansé nou t-a doué viv kòmsi nou pa janm békouin padon. Aksépté féblès-nou, époutan rété sou chémin-an, pa fè bak, okontrè alé pi dévan, épi toujou konvèti nou gras a sakréman

rékonsiliasion-an pou nou rékòmansé maché épi grandi konsa pou Granmèt-la, sé tousa ki fè kominion-nou avèk li dévlopé.

Benoît XVI, 17 févriyé 2007

p. 139 - Sinsérité nou kapab ginyin dévan yon frè pa gin anyin pou-l ouè ak konfésion-an. Sé dévan Granmèt sièl-la ak tè-a nou konfésé nan prezans yon moun ki gin mision pou sa.

Frère Roger Schutz

p. 139 - ÉSKOMINIKASION. (an latin ex vlé di « an déyò », épi *communicatio* vlé di « pataj ») : chatiman, pinision ki fè moun-nan pa kapab résévoua sakréman-yo.

p. 139 - Malgré tout maladrès ki kapab ginyin ladan-l pafoua, konfésion-an sé éspas désizif-la koté nou tounin jouinn fréchè l'Évanjil-la, koté yo fè nou pran nésans yon lòt foua. Sé la nou aprann ralé yon souf épi mété rémò-yo akoté, tankou yon timoun k-ap souflé sou fèy sèch k-ap tonbé. Sé la nou jouinn kontantman Bondié-a, prémié réyon limiè yon jounin kè kontan nèt alé.

Frère Roger Schutz

p. 140 - Rinmin Jézu ! Pa pè anyin ! Minmsi ou t-a fè tout péché sou tè-a, Jézu ap répéte parol sa-yo pou ou : Yo padoné-ou anpil péché paské ou té rinmin anpil.

S. Padre Pio (1887-1968, youn nan sin ki pi popilè an Itali)

p. 140 - Pou sa-k té di pa lintèmèdiè profèt Izayi-a té akonpli antan-l té di : « Li minm, féblès nou-yo, li té pran yo épi maladi nou-yo, li té poté yo ».

Matié 8,17

p. 140 - Moun ki malad-la santi bagay-yo pi byin pasé ninpòt lòt moun.  
Reinhold Schneider (1913-1958, ékrivin alman)

p. 140 - Lè Jézu tandé sa, li di yo : « Sé pa moun ki an santé-yo ki bbezouin doktè, min sé moun ki malad-yo. Mouin pa vîn pou-m rélé moun ki kòrèk-yo, min sa-k nan péché-yo ».

Mark 2,17

p. 141 - Si-m t-a gin pou-m chouazi ant sosiété krétyin ki pi mal-la épi sosiété payin ki pi bon-an, mouin t-ap chouazi sosiété krétyin-an, paské li gin yon plas pou sa-k pa-t janm gin konsidération nan yon sosiété

payin : sa-k infim-yo épi sa-k malad-yo, granmoun-yo ak sa-k fèb-yo épi yo té gin kichòy ki té pi bon toujou pasé yon plas : yo té gin rinmin pou sa-yo yo té konsidéré épi yo toujou konsidéré kòm initil nan sosiété payin san Bondié-a.

Heinrich Böll (1917-1985, ékrivin alman)

p. 141 - Pran souin pòv-yo doué yon priorité : sé pou nou édé yo kòmsi sé Kris-la yo té yé tout bon vré.

S. Benoît de Nursie (environ 480 – environ 547, fondatè monastè bénédiktin-yo)

p. 141 - Épi nou fè yon sèman pèsonn moun pa fè, paské nou promèt pou nou sèvi malad Granmèt-yo avèk dévouman.

Règl lòd mouàn sin Jean de Malte

p. 142 - Yon moun nan nou malad ? sé pou yo rélé Ansyin-yo nan Égliz-la, épi pou yo priyé sou li antan yo froté-l ak luil onon Granmèt-la. Jak 5,14

p. 142 - Sèké si m-ap maché nan tè fon lonbraj lanmò, mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin. Baton-ou ak bagèt ou sé yo k-ap konsolé-m. Psòm 23,4

p. 142 - Moun ki manjé chè-m épi ki bouè san-m, li gin lavi tout tan-an. Jan 6,54

p. 142 - Gras a onksion sa-a ki sin-an, sé pou Granmèt-la ki sitèlman bon ba ou rékonfò pa lintèmèdiè gras Éspri-Sin-an. Konsa, antan-libéré-ou ak tout péché-ou yo, sé pou-l sové-ou, pou-l rélvé-ou.

Rituèl Sakréman malad-yo

p. 143 - Béatitud étènèl-la [Kontantman lavi pou tout tan-an] sé yon kondision koté sé kontanplasion-an ki nouri nou.

Simone Weil (1909-1943, filozòf épi mistik fransè)

### **Sakréman kominion tèt-ansanm épi mision (lòd épi mariaj)**

p. 143 - Yo pa bay òdinasion présbitéral-la pou sové moun ki résévoua-l la, min pou sové l'Égliz-la toutantié.

S. Thomas d'Aquin

p. 143 - Konsa sé Kris-la ki sèl prèt tout bon-an, antan tout lòt-yo sé minis sèlman yo yé.

S. Thomas d'Aquin

p. 143 - Prèt-la ap kontinié travay rédanmsion Kris-la sou tè-a.

S. Curé d'Ars

p. 144 - Lè kè-m ap soté pou-m ouè sa-m yé pou nou, mouin konsolé pou-m ouè sa-m yé avèk nou. Pou nou mouin évèk, avèk nou mouin krétyin. Youn dézignin chaj responsabilité-a, lòt-la gras-la, youn danjé-a, lòt-la sové-a.

S. Augustin

p. 144 - Suiv évèk-nou tankou Kris-la té suiv Papa-a, épi suiv prèt-la tankou apot-yo. Nan sa ki konséné l'Égliz-la sé pou pèsonn pa aji san évèk-la.

S. Ignace d'Antioche

p. 145 - DIAK. Diak-la (an grèk *diakonòs* vlé di « sèvitè ») sé prémié dégré sakréman lòd-la nan l'Égliz katolik-la. Jan non-an indiké-a, diak-la angajé tèt-li toudabò nan aktivité charité-a (diakoni), li gin pou-l anségné tou, pou fè katéchèz, pou-l proklamé Évanjil-la, pou préché nan Mès-la, pou-l sélébré batèm ak mariaj épi bay konkou-l nan sélébrasion-yo.

p. 146 - Diak-yo, konsa tou, réspektab, pa dé paròl, pa lagé nan anpil divin, pa chèchè intérè k-ap fè ront, antan yo gin mistè lafoua-a nan yon konsians nèt. Diak-yo, sé pou yo mari yon sèl madanm, pou yo byin dirijé pitit yo ak pròp kay yo.

1 Timoté 3,8.12

p. 146 - Pa gin pèsonn ki t-a kapab yon pi bon prèt pasé jan Mari té yé-a. San-l pa ézité, li té kapab di : « Sa-a sé kò mouin », paské Jézu li té ban nou-an sé té kò-li tout bon vré. Époutan Mari té kontinié pòv ti sèvant Grammèt-la, atèlpouin nou kapab toujou palé avè-l antan nou konsidéré-l kòm Manman-nou. Li sé youn nan nou, épi nou toujou fè youn avèk li. Apré lanmò Pitit li-a, li té kontinié viv sou tè-a pou bay Apot-yo fòs nan travay yo-a, pou-l yon manman pou yo, joustan l'Égliz-la ki té fèk fèt vîn fòmé.

Mère Teresa

p. 147 - SÉLIBA-A. (an latin *caelebs* vlé di « moun k-ap viv pou kont li-a ») : séliba-a sé angajman yon moun pran pou-l viv nan chasteté épi

san-l pa marié « poutèt péyi-roua Bondié-a ». Nan l'Égliz katolik-la, promès sa-a ak angajman sa-a sé moun k-ap viv nan kominoté rélijé-yo ki pran-l (yo fè vé-yo dapré règléman kominoté yo-a) épitou manb klèjé-a.

p. 147 - Èské l'Égliz katolik-la pran konsians [si-l t-a siprimé séliba-a] li t-ap chaviré valè [moral ak spirituel-yo] tèt anba dépi nan rasîn ? Séliba prêt-yo sé yon foli l'Évanjil-la koté li konsèvé yon vérité kaché. Akòz sa, l'Égliz-la rété nan sa-k invizib-la, sa jé pa kapab ouè-a, li rété nan mistè Kris-la.

Frère Roger Schutz

p. 147 - Nou minm, tankou ròch vivan, sé pou nou kité yo bati yon kay dapré Éspri-a pou nou fè yon sèvis prêt ki sin, pou nou ofri sakrifis dapré Éspri-a, Bondié va aksépté gras a Jézu-Kri.

1 Piè 2,5

p. 148 - Kanta nou minm, nou sé yon ras yo chouazi, yon sèvis prêt ki roua, yon nasion sin, yon pèp ki déjà gin mèt, pou nou anonsé aksion ékstraòdinè Sa-a ki rélé nou sot nan fènoua-a pou n-al nan limiè-l la ki san parèy-la. Nou pa-t minm yon pèp, koulié-a nou sé pèp Bondié. Yo pa-t gin mizérikòd pou nou, koulié-a yo gin mizérikòd pou nou.

1 Piè 2,9.10

p. 148 - M-ap fè-ou vîn tounin yon gran nasion, m-ap bénî-ou, m-ap fè non-ou vîn gran, ou-ap bénî.

Jénèz 12,2

p. 148 - Kòman pou-n t-a di kontantman mariaj-la l'Égliz-la bay-la ? Ala yon bèle fanmi sa yé koté dé krétyin fè youn gras a yon sèl espérans-la, yon sèl disiplîn-nan, pou minm sèvis-la... anyin pa séparé yo ni nan léspri-a ni nan chè-a. Koté chè-a fè youn, léspri-a tou fè youn.

Tertullien (160-220, ékrivin krétyin ki té palé latin)

p. 149 - Mésié-yo, rinmin médam yo, minm jan Kris-la té rinmin l'Égliz-la épi li té rînmèt pròp tèt-li pou li, pou-l fè-l vîn sin antan-l pròpté-l ak bingn dlo-a nan yon paròl, pou li minm pèsonèlman li fè l'Égliz-la kanpé pou li nan gloua san-l pa gin tach, oubyin pli, oubyin kichòy nan bagay sa-yo, min pou-l sin épi imakilé ; konsa mésié-yo tou doué rinmin pròp médam pa-yo, tankou pròp kò pa-yo ; sa-k rinmin pròp madanm-li, sé pròp tèt pa-l li rinmin.

Éfézyin 5,25-28

p. 149 - Krétyin-yo pa rinmin diféraman dé lòt-yo, min yo jouinn plis sipò.

Anonim

p. 150 - MONOGAMI, POLIGAMI. (an grèk *monòs* vlé di « youn », *poly* vlé di « anpil, pliziè » épi *gamòs* vlé di « mariaj ») : lafoua krétyin-an intèdi pou yon moun marié ak pliziè lòt an minm tan. Gin péyi tou koté léta intèdi *bigami*-an (an latin, *bis* vlé di « dé foua »).

p. 150 - Dé moun marié ki akéyan, sé dé moun ki pa-t janm fèmin youn sou lòt.

Theodor Weissenborn (1933-, ékrivin alman)

p. 150 - Rinmin-an vîn akonpli nan fidélité-a.

Sören Kierkegaard

p. 151 - Rinmin yon moun sé ouè-l jan Bondié té vlé-l la.

Fedor Dostoïevski

p. 151 - Rinmin yon moun sé ouè-l tankou yon mèvèy san parèy, sa jé lòt-yo pa kapab ouè.

François Mauriac

p. 151 - Rinmin, sé rinmin lòt-la jan-l yé-a, jan-l té yé-a, épi jan-l pral yé-a.

Michel Quoist (1921-1997, prêt ékrivin fransè)

p. 151 - Si nou pa fidèl, li minm li rét fidèl. Li pa kapab rénié pròp tèt pa-l réyèlman.

2 Timoté 2,13

p. 152 - Rayisans lévé batay, rinmin kouvri tout péché-yo.

Provèb 10,12

p. 152 - Donk poutèt Kris, nou sèvi anbasadè, kòm antan Bondié ap ankourajé pa lintèmèdiè nou: nou mandé avèk insistans poutèt Kris, kité yo rékonsilié nou ak Bondié.

2 Korintyin 5,20

p. 152 - Tout tèt chajé-nou, lagé yo sou kont-li, paské sé li minm k-ap okipé nou.

1 Piè 5,7

p. 153 - Ninpòt ki koté ou apralé-a, sé la m-apralé; koté ou-ap rété-a, sé la m-ap rété; pèp-ou sé pèp-mouin, Bondié-ou sé Bondié-mouin. Koté ou-ap mouri-a, sé la m-ap mouri, épi sé la pou-m antéré; sé pou Granmèt la fè-m tèl maniè, sé pou-l ajouté tèl maniè, si sé pa lanmò ki fè séparasion ant mouin ak ou mim.

Rut 1,16-17

p. 153 - Diférans rélijion ant dé moun ki marié-yo pa yon difikilté ki anpéché nèt pou mariaj-la égzisté, lè yo rivé mété ansanm sa yo chak té résévoua nan kominoté yo-a épi lè youn rivé aprann lòt kijan l-ap viv fidélité ak Kris-la.

*Catéchisme de l'Église catholique (CEC), 1634*

p. 153 - DISPANS. (nan latin mouayinnaj-la *dispensare* vlé di « bay libèté pou aji ») : bay yon dispans nan Doua Kanon l'Égliz katolik-la, sé rétiré obligasion yon moun ginyin parapò a yon loua l'Égliz-la. Sé Évêk-la sèlman oubiyin Sin-Sièj-la ki gin otorité pou bay yon dispans.

p. 154 - Fè kòlè épi pa fè péché, soley-la pa doué kouché sou kòlè nou. Pa bay diab-la bò.

Éfézyin 4,26-27

p. 154 - Sé vré sé nan fidélité-a ou fè ékspérians rinmin-an, min sé nan padon-an li rivé nan dènié bout akonplisman-l.

Werner Bergengrien (1862-1964, ékrivin alman)

p. 154-155 - Moun ki divosé épi ki rémarié-yo, malgré sitiasion yo-a yo toujou fè pati l'Égliz-la, k-ap suiv yo ak yon atansion spésial, antan li anvi yo dévlopé lakay yo yon stil lavi krétyin antan yo patisipé nan Mès-la min san yo pa résévoua kominion-an, antan yo kouté Paròl Bondié-a, antan yo viv adorasion ékaristik-la ak priyè-a, antan yo patisipé nan lavi kominoté-a, antan yo dialogé avèk konfians ak yon prèt oubiyin yon gid spirituèl, antan yo dévoué nan viv charité-a ak zèv pénitans-yo, antan yo angajé nan édikasyon pitit yo ginyin yo.

Benoît XVI, *Sacramentum caritatis*.

p. 155 - Pa gin pèsonn moun ki san fanmi sou tè sa-a. L'Égliz-la sé kay épi fanmi tout moun, an patikilié sa k-ap soufri-yo, sa k-ap poté chaj ki lou anpil-yo.

Jean-Paul II, *Familiaris consortio*

p. 155 - Si-ou vlé yon moun vîn krétyin, fè-l rété lakay-ou pandan yon ané.

S. Jean Chrysostome

### Lòt sélébrasion litijik-yo

p. 156 - ÉGZÒSISM. (an grèk égzòsism vlé di « mété déyò »). Sé yon priyè ki protéjé yon moun anba Malin-an oubyin ki libéré-l anba pouvoua Malin-an.

p. 156 - Kontrolé tèt-nou, rét ap véyé ; ènmi nou-an, diab-la, li tankou yon lion k-ap pousé rèl, l-ap prominnin alé-vini, l-ap chèché kilès pou-l dévoré. Résisté-l byin fèm nan lafoua ; sé pou nou konn sa, group frè nou-yo ki sou tout tè-a, sé minm kalité soufrans sa-yo y-ap soufri.

1 Piè 5,8-9

p. 156 - Dévosion popilè pèp krétyin-an sé youn nan fòs nou-yo, paské li eksprimé priyè ki gin rasîn fon nan kè lèzòm. Minm moun ki yon ti jan louin l'Égliz-la, oubyin ki pa gin yon gran konpréansion lafoua-a, mòd priyè sa-yo kapab touché yo. Nou békouin sèlman « klarifié » sans jès sa-yo, « purifié » tradision sa-yo, pou yo kapab antré nan lavi l'Égliz-la koulié-a.

Benoît XVI, 22 févriyé 2007

p. 157 - RÉLIK. (an latin *relictum* vlé di « rès, sa ki rété-yo ») : rélik-yo sé rès kò sin-yo oubyin bagay yo té konn sèvi ak yo.

p. 157 - Mouin kontan, lè yo té di-m : « Nan kay Granmèt la n-apralé ». Pié-nou déjà kanpé nan pòt ou yo, Jérusalèm.

Psòm 122,1-2

p. 158 - Chémin Bondié-a sé chémin li té maché ladan yo-a épi nou doué pran, nou minm tou, kounié-a ansanm avèk li.

Dietrich Bonhoeffer

p. 158 - Koua Granmèt-la anbrasé tout tè-a. Chémin-d-koua li-a travèsé ni kontinan-yo ni tan-yo. Lè n-ap fè chémin-d-koua-a nou pa kapab simp spéktatè. Nou minm tou n-ap patisipé ladan-l épi nou doué chèché nan ki plas nou yé. Ki koté nou yé ladan-l ?

Benoît XVI, 14 avril 2006

p. 158-159 - **Koua-ou la.** Sajès san limit-la té pansé ofri-ou koua sa-a dépi tout étènité tankou yon kado ki gin anpil valè. Koua sa-a, anvan-l té ba ou-l, li té ouè-l ak jé-l ki konn tout bagay-la, li té pansé-l ak intèlijans Bondié-l la, li té égzaminé-l ak dousè jistis li-a, li té rantré ladan-l ak dousè mizérikòd li-a. Apré sa, ak min-l, li té méziré-l pou-l ouè si-l pa t-a trò gran, li pézé-l pou-l ouè si-l pa t-a trò lou. Épi li béni-l nan non-l ki sitèlman sin-an, li ba-l yon onksion ak lul gras li-a, li ranpli-l ak konsolasion-l nan. Apré li té kalkilé kouraj-ou, épi min li ki sot nan sièl ap vîn jouinn ou tankou yon kado Bondié ki bon-an, tankou yon kado mizérikòd rinmin-l nan.

S. François de Sales

p. 159 - Lanmò-a pa séparé nou youn dé lòt ditou, paské sé minm chémin-an n-ap suiv épi nou tout ap vîn rankontré minm koté-a.

S. Syméon le Thessalonicien (+1429, téolojin épi mistik)

### TOUAZIÈM PATI Viv jan Kris-la vlé-a

**Vokasion nou sou tè-a, sa nou vlé fè-a,  
épi kijan l'Éspri-Sin-an ap édé nou fè-l**

p. 162 - Mouin pa rélé nou ésklav ankò paské ésklav-la pa konnin sa mèt-li ap fè ; sé zanmi mouin rélé nou, paské tou sa mouin tandé kot Papa-m mouin fè nou konnin yo.

Jan 15,5

p. 162 - Anyin pa doué troublé-ou, anyin pa doué fè-ou pè. Tout bagay ap pasé, Bondié pa chanjé. Pasians-la rivé jouinn tout bagay. Moun ki gin Bondié-a, anyin pa manké-l ; Bondié sèl kont pou nou.

Ste. Thérèse d'Avila

p. 162 - Bondié kréyé moun-nan sou pòtré-l ; sou pòtré Bondié li kréyé-l. Jénèz 1,27

### **Dignité moun-nan kòm moun**

p. 162 - Koté yo fè Bondié disparèt, moun-nan pa grandi. Okontrè, li pèdi dignité pòtré Bondié li yé-a, li pèdi klèté limiè Bondié-a ki sou vizaz li-a. Finalman sé tout bon vré li t-ap yon produi évolution-an, donk yo t-a

gin doua sèvi ak li épi fè-l abi. Sa k-ap pasé alèkilé montré sé konsa sa yé vré.

Benoît XVI, 15 out 2005

p. 164 - Bondié vlé nou nan kontantman. Min koté sous éspérans sa-a soti ? Sé nan fè youn ak Bondié-a k-ap viv nan fon nanm chak moun.

Frère Roger Schutz

p. 164 - Kontantman-an pa anndan nou, li pa andéyò nou non plis. Kontantman-an nan Bondié sèlman. Épi lè nou jouinn li, li toupatou.

Blaise Pascal

p. 165 - Paské sé li minm sèl ki chémin ki mérité yo suiv li-a. Limiè yo doué limin-an. Lavi ki vo lapèn yo viv li-a, épi rinmin ki vo lapèn pou rinmin-l nan.

Mère Teresa

p. 165 - Vlé tout sa Bondié vlé épi vlé sa tout tan nan tout sikonstans, sé sa Péyi-roua Bondié-a ki tout bagay nan nou-an.

François Fénelon

p. 166 - Moun-nan tèlman gran, anyin sou tè-a pa kont pou li. Sé sèlman lè-l viré nan diréksion Bondié li satisfè. Rétiré yon pouason nan dlo : li pap kapab viv. Sé konsa moun-nan yé san Bondié.

S. Curé d'Ars

p. 166 - Nou minm mouin rinmin-an, koulié-a sé pou Bondié nou yé épi li pa ko parèt klè, sa n-ap yé-a ; nou konnin lè l-a parèt klè, sé minm jan avèk li n-ap yé paské n-ap ouè-l jan-l yé-a.

1 Jan 3,2

p. 166 - Viv lib sé posédé pròp tèt-ou.

Henri-Dominique Lacordaire (1802-1861, dominikin)

p. 166 - Moun ki rinnèt tèt-li nèt nan min Bondié sé pa marionèt Bondié li tounin, li pa vîn ni sèch ni konfòmis, épi li pa pèdi libèté-l non plis. Sé sèlman lè nou rinnèt tèt-nou avèk konfians nan min Bondié nou jouinn libèté tout bon vré-a, libèté san mézi k-ap kréyé antan-l fè byin-an. Moun ki viré nan diréksion Bondié pa vîn rabougri, okontrè li grandi paské gras a Bondié épi avèk li, li vîn gran, li patisipé nan sa Bondié yé-a antan-l vîn tounin pròp sa-l yé-a tout bon vré-a.

Benoît XVI, désanm

p. 167 - Moun ki bon-an, li lib, minmsi-l sé yon ésklav. Méchan-an ésklav, minmsi-l sé yon roua.

S. Augustin.

p. 167 - Chémin k-ap minnin nan dènié bout-la kòmansé jou ou aksépté pran responsabilité sa-ou fè an plin.

Dante Alighieri (1265-1321, filozòf épi poèt italyin)

p. 167 - Mati prémié tan l'Égliz-la té mouri poutèt lafoua yo nan Bondié ki té révélé pròp tèt-li nan Jézu-Kri, épi poutèt sa minm, yo té mouri pou libété konsians-la tou, ak pou libété dékläré pròp lafoua yo – poutèt yon déklärasion lafoua okinn léta pa kapab anpéché yo fè. Konsa sé sèlman lè gras Bondié-a ap kléré libété konsians-li mati-a kapab dékläré lafouali. Yon l'Égliz misionè ki rékonèt yo ba-l dévoua pou-l évanjélisé tout nasion-yo doué angajé-l san gadé dèyè pou-l prezèvé doua moun-nan ginyin pou libété rélijion-an.

Benoît XVI, 22 désam 2005

p. 168 - Nou pa-t résévoua éspri ésklavaj-la yon lòt foua ankò réyèlman, pou krint, min nou té résévoua Éspri pitit Bondié-a, li minm nou rélé Aba Papa, nan li-a. Éspri-a li-minm minm, li sèvi témouin, ansanm ak éspri pa nou-an nou sé ti pitit Bondié.

Romin 8,15-16

p. 169 - Sou tè sa-a ki sitèlman plin ak fo-aparans libété k-ap détoui anvirònman-an ak moun-nan, nou vlé aprann ansanm ak fòs l'Éspri-a, sa-k libété tout bon vré-a, nou vlé montré lòt-yo, ak lavi-nou, kijan nou lib, épi kijan sa bèl pou nou lib tout bon vré ak vré libété pitit Bondié-yo.

Benoît XVI, vijil Pannkot 2006

p. 169 - Konsians-la sé nouayo ki pi sékrè nan profondè moun-nan, sé sanktuè koté li pou kont-li ak Bondié k-ap fè vous Bondié sonnin nan fin-fon anndan-l.

Concile Vatican II, GS, 16

p. 169 - Moun ki vlé fè byin-an tout bon vré doué vlé fè tout bagay an fonksion byin-an, oubyin li doué vlé sipôté tout bagay poutèt byin-an.

Sören Kierkegaard

p. 170 - Gin byin san mal, min pa gin anyin ki mal san-l pa gin yon byin.

S. Thomas d'Aquin

p. 170 - Sé pou gin pasians nan tout bagay, sitou ak pròp tèt pa-ou.  
 S. François de Sales

p. 170 - Vèrtu-a sé sa nou fè avèk pasion ; vis-la sé sa nou pa ka anpéché tèt-nou fè-l paské pasion-an pran nou-an.  
 S. Augustin

p. 171 - Tout sa nou fè kont konsians-nou sé yon péché.  
 S. Thomas d'Aquin

p. 171 - Li lè pou nou fè kichòy. Min moun ki ozé fè kichòy doué pran konsians l-ap pasé sètènman kòm yon trèt nan istoua-a. Poutan si-l pa t-a fè anyin, li t-ap yon trèt dévan pròp konsians-li.

Comte Claus Von Stauffenberg (1907-1944, yo té touyé-l kèk tan apré atanta 20 juiyè 1944 ki pa-t réyisi fini ak Hitler)

p. 171 - Si nou santi nou réponsab, nou ront oubyin nou pè paské nou pa-t suiv voua konsians-nou, sa prouvé gin yon pèsonaj nou réponsab dévan-l ; dévan-l nou ront épi nou pè répròch li t-a kapab fè nou.  
 John Henry Newman

p. 172 - Fè violans sou konsians moun-yo sé minm bagay ak blésé épi frapé ak yon gro kou ki lou anpil sou dignité yo. Nan sans sa-a, sa pi rèd pasé touyé yo.

Jean XXIII, pap Konsil Vatikan II-a

p. 172 - Lojikman tout sa ki gin rapò ak moral-la minnin nan téoloji-a alafin, sé pa nan réalité tanporèl k-ap pasé-yo.

Max Horkheimer (1895-1973, filozòf épi sosiolog alman)

p. 172 - Pa pè pou lavi-ou fini yon jou ! Pè pito pou t-a bliyé kòmansé-l kòrèktéman.

John Henry Newman

p. 173 - Byin viv, sé tou sinpléman rinmin Bondié ak tout kè-ou, ak tout nanm-ou ak tout fòs-ou. Sé konsèvé pou li (gras a tanpérans-la) yon rinmin total okinn malè pap kapab krazé (sa konsèné fòs-la) k-ap obéyi li-minm sèl (sé jistis-la), épi k-ap véyé pou-l fè disènman nan tout bagay yon fason pou nou pa kité riz ak mantè pran nou pa sipriz (sa-a sé karaktéristik pròp prudans-la).

S. Augustin

p. 173 - Prudans-la gin dé jó, yon jó k-ap prévoua sa-k gin pou fèt-la épi lòt-la k-ap kontrolé apré sa lòt-la té fè-a.

S. Ignace de Loyola

p. 173 - Jistis san pitié-a pa gin rinmin ladan-l, pitié san jistis-la sé yon avilisman.

Friedrich Von Badelschwingh (1831-1910, pastè protéstan alman épi téolojyin)

p. 174 - Préché paròl-la, insisté bon okazion, san okazion, réproché, ménasé, ankourajé, nan tout pasians ak ansègnman.

2 Timoté 4,2

p. 174 - Pou moun ki gin fòs-la, bonè-a ak malè-a sé tankou min douat-li ak min goch-li, li sèvi ak toulèdé.

Ste Catherine de Sienne

p. 174 - Gras Bondié Sovè nou-an té parèt réyèlman pou tout moun, antan li aprann nou rénonsé abitid viv san santiman rélijion, pou nou viv nan tan sa-a antan nou kòrèk épi nou gin bon santiman rélijion.

Tit 2,11-12

p. 174 - Koulié-a minm, lafoua, éspérans, rinmin rété, toua sa-yo ; pi gran nan yo-a minm : rinmin-an.

1 Korintyin 13,13

p. 174 - Épi nou minm nou konnin épi nou kouè rinmin-an Bondié gin pou nou-an. Bondié sé rinmin li yé, épi moun ki rét nan rinmin-an, sé nan Bondié li rété épi Bondié rété nan li.

1 Jan 4,16

p. 175 - Moun ki di « mouin konnin-l » épi kòmandman-l yo, li pa kinbé yo, li sé moun k-ap fè mantí, épi nan moun sa-a vérité-a pa la.

1 Jan 2,4

p. 175 - Konsa tout moun ki rékonèt mouin dévan moun-yo, m-ap rékonèt li mouin minm tou dévan Papa-m ki nan sièl-yo.

Matié 10,32

p. 176 - Éspéré sé kouè nan ékspérians riské rinmin-an, sé fè moun-yo konfians, sé soté anba san-ou pa konnin sa-k gin anba-a épi lagé tout nou-minm nan min Bondié.

S. Augustin

p. 176 - Ou-ap gin inprésion plas ou nan sièl-la sé pou ou yo té fè-l, épi pou ou minm sèl, paské yo té fè-ou pou li.

C. S. Lewis

p. 176 - Charité-a sé yon vèrtu ki gran anpil. An minm tan li sé mouayin-an ak aboutisman-an, mouvman-an ak pouin final-la, chémin k-ap minnin nan li-minm-nan. Donk kisa nou doué fè pou nou rinmin ? Nou pa bbezouin lòt manèv pasé rinmin tou sinpléman : tankou yo aprann joué gita antan yo aprann joué gita, oubiyin yo aprann dansé antan yo dansé.

S. François de Sales

p. 176 - Pou moun ki rinmin-yo, Bondié chanjé tout bagay an byin ; minm èrè oubiyin fot yo t-a fè, Bondié transfômé yo an byin pou yo.

S. Augustin.

p. 177 - Amèn, amèn mouin di nou, moun ki kouè nan mouin, travay-yo mouin fè-yo, li minm tou l-ap fè yo, épi l-ap fè pi gran pasé sa-yo paské mouin minm m-apral kot Papa-a.

Jan 14,12

p. 177 - Pran fòs-nou nan kè kontan nou ginyin pou nou avèk Jézu-a. Sé pou nou kontan, sé pou nou anpè. Aksépté tout sa li ba nou. Épi bay tout sa-l pran ak yon bèl souri sou bouch-nou.

Mère Teresa ki t-ap palé ak kolaboratè-l yo

p. 177 - Si nou di nou pa gin péché, nou tronpé tèt-nou épi vérité-a pa nan nou.

1 Jan 1,8

p. 177 - Si nou rékonèt péché nou-yo, li fidèl, épi li kòrèk atèl pouin l-ap ouétè péché-yo pou nou, l-ap fè nou vîn pròp sot anba tout kalité sa-k pa kòrèk.

1 Jan 1,9

p. 177 - Pa janm douté sou mizérikòd Bondié-a.

S. Benoît de Nursie

p. 178 - Gin moun k-ap di : « Mouin fè trop mal, Bondié pap kapab padoné-m ». Sa-a sé yon gro érè, yo tronpé yo anpil. Sé kòmsi yo t-ap mété yon limit nan mizérikòd Bondié-a, alòské li pa gin sa : li san limit. Pa gin anyin ki fè Bondié pi mal pasé lè n-ap douté osijé mizérikòd-li.

S. Curé d'Ars

p. 178 - Minmsi kè-nou t-a kondané nou, Bondié pi gran pasé kè-nou épi li konnin tout bagay.

1 Jan 3,20

p. 178 - An déyò mizérikòd Bondié-a, pa gin lòt sous éspérans pou lèzòm.

Jean-Paul II

p. 178 - Sé moun ki pran tan réfléchi sériézman sou jan koua-a lou ki kapab konprann kijan péché-a lou.

Anselme de Canterbury

p. 179 - Mouin sot fè yon sann ki vann chè : mouin boulé yon biyé sink-san fran. Min, sa té mouins grav pasé si-m té fè yon péché vénîel !

S. Curé d'Ars

p. 179 - Si pa-t gin padon pou péché-yo nan l'Égliz-la, pa t-ap gin éspérans nan lavi pou tout tan-an ak nan libération pou tout tan-an. An nou rann Bondié gras poutèt li fè l'Égliz li-a yon si gran kado.

S. Augustin

p. 179 - Ni vèrtu-a ni vis-la, yo anba pouvoua-nou. Paské koté sa nan pouvoua-nou pou nou aji, aji mal-l la tou, épi koté gin « non »-an gin « oui »-a tou.

Aristòt (382-322 avan J.-K. avèk Platon, sé youn nan pi gran filozòf nan Antikité-a)

### Kominoté moun-yo – Sosiété-a

p. 180 - Pi gran kado moun-nan kapab rivé ginyin anba sièl-la, sé rivé byin viv ak moun ki bò koté-l yo.

Bienheureux Egide d'Assise ( ? – 1262, youn nan konpagnon ki té viv pi pré sin Fransoua d'Asiz-yo)

p. 181 - Minmsi ou pa pè tonbé pou kont-ou, kòman ou ka prétann lévé pou kont-ou ? Gadé : lè nou dé, nou fè pi byin pasé lè nou tou sèl.  
S. Jean de la Croix

p. 181 - Nou chak sé rezulta foui yon lidé Bondié. Nou chak yo vlé nou, nou chak yo rinmin nou, nou chak gin plas-li.  
Benoît XVI lè li t-ap pran chaj-li kòm pap

p. 181 - DOKTRÎN SOSIAL L'ÉGLIZ-LA. Sé Ansègnman l'Égliz-la sou òganizasian lavi sosial-la épi sou réspè jistis individuel ak jistis sosial-la. Kat gran prinsip li-yo sé : dignité moun-nan, byin komin-an, solidarité-a, subsidiarité-a.

p. 181 - Jistis jodi-a, yè sé té charité-a. Charité jodi-a ap jistis démin-an.

Bienheureux Etienne-Michel Gillet (1758-1792, prêtre épicurien)

p. 182 - L'Égliz-la aprésié sistèm démokratik-la, kòm yon sistèm ki favorisé patisipasion sitouayin-yo nan désision politik-yo épi ki bay garanti moun y-ap gouvènè-yo gin possibilité chouazi épi kontrolé gouvènman yo, oubyin ranplasé yo yon fason pasifik, lè sa nésèsè.

Jean-Paul II, *Centesimus annus*

p. 182 - Pa gin yon sosiété san yon dènié rékou (instance suprême).  
Aristòt

p. 182 - BYIN KOMIN-AN. Byin komin-an sé byin ki pou tout moun ansanm-nan. Li gin ladan-l « tout kondision sosial ki pèmèt ni yon group ni chak manb-yo rivé jouinn pèfeksion-an, yon fason ki pi total épi pi fasil ». (GS, 26)

p. 182 - Nou doué obéyi Bondié pasé lèzòm.  
Travay Apot-yo 5,29

p. 183 - Yo doué bay tout moun jistis épi trété-l dapré dignité-l kòm moun.

Konsil Vatikan II, *Dignitatis humanae (DH)*

p. 183 - Lòd òganizasian réalité-yo doué anba lòd òganizasian moun-yo, sé pa kontré-a ki pou fèt.

Konsil Vatikan II, GS

p. 183 - Pèsonn moun pa kapab prétann tankou Kayin li pa réponsab frè-li.

Jean-Paul II

p. 183 - Réspékté bon répitasion ènmi nou-yo.

S. Curé d'Ars

p. 183 - Ninpòt ki sa nou té fè pou youn nan frè-m sa-yo ki pi piti-yo, sé pou mouin minm nou té fè-l

Matié 25,40

p. 184 - Tout sians-yo ak tout disiplîn atistik-yo ap chèché yon byin ki gran anpil, min sa-k pi inpòtan nan yo tout sé sians politik-la : objéktif ki pi gran li ginyin sé jistis-la ; épi jistis-la sé réalisé byin komin-an.

Aristote

p. 184 - Nou minm krétyin-yo nou sé gadyin yon dokiman ki gin asé dinamit pou-l fè tout sivilizasision-an éklaté, pou mété léta tèt anba, pou nou poté lapè bay yon tè lagè fin déchiré. Min n-ap trété-l tankou si sé té yon simp liv littérati, pouin final, sé tout.

Mahatma Gandhi (1869-1948, gid spirituèl mouvman indépendans-la an Ind, fondatè mouvman politik non-violans-la)

p. 184 - Moun-nan pa kapab réspékté Bondié épi méprisé prochin-l an minm tan. Dé bagay sa-yo pa kapab maché ansanm.

Mahatma Gandhi

p. 185 - Bondié di : « Mouin té vlé pou youn té békouin lòt épi pou yo té minis mouin pou distribiyé gras ak byinfè yo résévoua nan minm-m ».

Ste Catherine de Sienne

p. 185 - Pa gin anyin ki pou nou vrèman, tout tan nou poko patajé-l.

C. S. Lewis

p. 185 - Rinmin pòv-yo pa viré do-n ba yo, paské lè nou viré do bay pòv-yo, nou viré do bay Kris-la. Li minm minm li vîn tounin moun ki grangou, ki nu-kò, ki san patri, pou ni nou minm ni mouin minm nou kapab gin okazion rinmin-l.

Mère Teresa

p. 185 - Sa-k gin dé chémiz, sé pou-l pasé bay sa-k pa ginyin ; sa-k gin manjé, sé pou-l fè minm jan-an.

Luk 3,11

p. 186 - PRINSIP SOLIDARITÉ-A. (an latin *in solidum* vlé di « pou yo tout ansanm ») : prinsip doktrîn sosial l'Égliz-la ki bazé sou égzistans fratènité-a ant moun-yo, épi ki gin kòm objéktif pou-l établi yon « sivilizasian rinmin » (Jean-Paul II)

p. 186 - LOUA MORAL NATIRÈL. « Nan tout kilti-yo yo kapab rémaké gin anpil aspè étik ki sanblé ; yo sé eksprésion nati moun-nan ki toujou minm-nan, sa Kréatè-a té vlé-a épi sajès étik ras moun-nan rélé-l loua natirèl-la ».

Benoît XVI, *Caritas in veritate*, 59

p. 186 - Kréatè-a té inskri loua natirèl li-a anndan fon kè-nou, tankou yon pano indikatè ak yon règ pou méziré égzistans-nou.

Benoît XVI, 27 mé 2006

p. 187 - Ansyin laloua-a sé yon profési ak yon pédagoji pou réalité ki té gin pou vini-yo.

S. Irénée de Lyon

p. 187 - Bondié té ekri sou plak ròch laloua-a, sa moun-yo pa-t rivé li nan kè yo.

S. Augustin

p. 187 - Amèn, réyèlman mouin di nou, anvan sièl-la ak tè-a pasé, yon ti « yota » oubiyin yon ti « trè » pa gin doua pasé sot nan laloua-a joustan tout bagay rivé. Konsa si yon moun lagé youn nan pi piti kòmandman sa-yo épi li anségné moun-yo konsa, sé pi piti y-ap rélé-l nan péyi-roua sièl-yo ; min, si yon moun fè épi li anségné, sé gran y-ap rélé-l nan péyi-roua sièl-yo.

Matié 7,18-19

p. 188 - JISTIFIKASION. Sé yon aspè santral nan « doktrîn sou grasa-la ». Li vlé di gin yon rélation kòrèk ki rétabli ant Bondié ak moun-nan. Kòm sé Jézu-Kri ki kapab gin rélation kòrèk sa-a byin ajisté-a (« jistis »-la), n-ap kapab tounin vîn jouinn Bondié si sèlman Kris-la « jistifié » nou, sètadi antan-l fè nou antré nan pèfeksyon rélation san fay li gin ak Bondié-a, antan-l ajisté nou ak volonté Papa-a. Donk, kouè sé akéyi jistis Jézu-a nan nou minm épi nan lavi-nou.

p. 188 - Sé ak gras-la réyèlman nou sové pa l'intèmèdiè lafoua, épi bagay sa-a sé pa nan nou minm li sòti, sé kado Bondié-a ; sé pa nan travay, pou pèsonn pa vanté tèt-li.

Éfézyin 2,8-9

p. 188 - Bondié pa janm bay mouins pasé li-minm.

S. Augustin

p. 188 - Tout bagay sé yon gras.

Ste Thérèse de Lisieux

p. 189 - Kilès réyèlman ki distingé-ou ? Ki sa minm ou ginyin ou pa-t résévoua ; si-ou résévoua minm, poukisa ou-ap fè ògèy kòmsi ou pa-t résévoua ?

1 Korintyin 4,7

p. 189 - Sa-k té rivé-m, mouin pa okipé-l ; li nan mizérikòd Bondié-a. Sa-k pral rivé-m, mouin pa okipé-l non plis ; li nan providans Bondié. Sa ki préokipé-m épi k-ap fè-m aji, sé jodi-a, ki nan gras Bondié-a épi nan ba li m-ap ba li kè-m ak volonté-m.

S. François de Sales

p. 190 - Mari minm di : « Min ésklav Granmèt-la, sé pou sa rivé-m dapré paròl ou-a ».

Luk 1,38

p. 190 - Sé pa nou minm minm ki chouazi vokasion-nou, sé résévoua nou résévoua-l, épi nou doué fè éfò pou nou disènè-l. Nou doué paré zòrèy-nou pou-n kouté voua Bondié, pou nou ouè sign k-ap montré nou volonté-l. Epi yon foua nou rékonèt volonté-l, sé pou nou toujou fè-l, ninpòt sa-l t-a yé-a, ninpòt sa-l t-a égzijé-a, ninpòt pri-l t-a kouté-a.

Charles de Foucauld

### L'Église-la

p. 190 - Granmèt-la pa mandé nou gran aksion, min tou simpléman pou nou ba li pròp tèt-nou épi pou nou di-l mèsi. Li pa békouin sa n-ap fè-yo min li békouin rinmin nou-an sèlman.

Ste Thérèse de Lisieux

p. 190 - Sinteté-a, vîn sin-an, sé pa yon dékorasision an plis ki kouté byin chè pou kèk moun, sé tou simpléman yon dévoua pou ou-minm ak mouin minm.

Mère Teresa

p. 191 - Rinmin Kris-la épi rinmin l'Égliz-la, sé minm bagay-la.

Frère Roger Schutz

p. 191 - Jodi-a l'Égliz-la ban-m Jézu. Sétadi tout bagay. Kisa-m t-a konnin osijè-l, osijè rélation ki fè-m fè youn ak li-a san l'Égliz-la ?

Cardinal Henri de Lubac (1896-1991, téolojyin fransè)

p. 191 - Nou vlé rivé kouè min nou pa konn ki chémin pou-n fè ? Aprann nan min sa-k té douté anvan nou-yo, minm jan ak nou. Imité fason yo té aji-a, fè tout sa lafoua-a mandé, kòmsi nou té déjà kouè. Patisipé nan Mès-la, sèvi ak dlo bénit-la, etc., sètènman sa ap ba nou yon kè ki sinp épi l-ap minnin nou nan lafoua-a.

Blaise Pascal

p. 192 - DOUB MORAL. Yo di sa osijè yon moral piblik oubiyin privé y-ap pratiké nan diféran fason dapré sikonsans. Sou pa déyò moun-nan ap défann objéktif ak dispozision ki konfòm ak yon séri prinsip moral li pa réspékte an privé. *Ti moun-yo, nou pa doué rinmin ak paròl ni ak lang, min nan aksion épi vérité (1 Jn 3,18)*

p. 192 - Tè-a plin ak moun k-ap préché dlo épi k-ap bouè divin.

Giovanni Guareschi (1908-1968, yon italyin ki té ékri *Don Camillo et Peppone*)

### **Dis kòmandman-yo**

p. 192 - Min, dapré Sa-a ki sin-an, ki rélé nou-an, nou minm tou sé pou nou vîn sin nan tout konduit-nou. Sèké min sa ki ékri : « Sé pou nou vîn sin, paské mouin minm mouin sin ».

1 Piè 1,15-16

p. 192 - Kris-la pap chèchè admiratè min « disip ».

Sören Kierkegaard

p. 193 - Laplipa moun-yo pa imajiné sa Bondié t-a kapab fè ak yo si yo té mété tèt yo aladispozision-l.

S. Ignace de Loyola

p. 193 - Fason sa-a pou fòmilé dis kòmandman-yo pa tèkstuèlman nan Liv ki sin-yo : li soti nan dé sous biblik : Égzòd 20,2-7 épi Détéronòm 5,6-21. Dépi okòmansman, l'Égliz-la té fè yon sintèz dé sous-yo épi té propozé fòm sa-a ki itil pou katéchèz-la bay moun ki kouè-yo.

p. 194 - DÉKALÒG (« dis paròl », an grèk déka vlé di « dis » épi *logos* vlé di « paròl »). Dis kòmandman-yo sé prémié rézimé règ fondamantal ki konsèné konpòtman moun-nan nan Ansyin Téstaman-an. Ni juif-yo ni krétyin-yo dirijé konpòtman yo dapré tèks fondamantal sa-a.

p. 194 - Dis kòmandman-yo sé pa obligasion yon Granmèt ki tankou yon diktatè t-a mété abitremàn sou zépòl moun-yo... Jodi-a épi pou tout tan sé yo minm sèl ki kapab garanti avni fanmi moun-nan. Yo prezèvè moun-nan anba fòs égoysis-la, rayisans-la ak manti-a k-ap détoui-l. Yo montré-l tout fo-zidòl-yo k-ap fè-l tounin ésklav : rinmin pròp tè-ou antan-ou viré do bay Bondié, volonté gin pouvoua-a, épi chèchè plézi-a k-ap chaviré tout lòd kòrèk épi k-ap avili dignité-nou kòm moun ak dignité prochin-nou.

Jean-Paul II sou mòn Sinayi-a, 26 févriyé 2002

**Sé pou rinmin Granmèt-la Bondié-ou ak tout kè-ou,  
ak tout nanm-ou ak tout fòs-ou**

p. 194 - Nou minm, sé pou nou rinmin paské li-minm li rinmin nou an prémié.

1 Jan 4,19

p. 195 - Lè Bondié grandi, moun-nan pa vîn pi piti : moun-nan grandi tou épi tè-a vîn pi kléré.

Benoît XVI, 11 séptanm 2006

p. 195 - Moun-nan pa kapab viv san-l pa adoré kichòy.  
Fedor Dostoïevski

p. 195 - Nou pa fòsé pèsonn aksépté lafoua nou-an. Mòd prozélitism sa-a, li kontré ak kristianism-nan. Sé sèlman nan libêté, lafoua-a rivé. Min n-ap invité libète moun-nan pou-l ouvri bay Bondié ; pou-l chèché-l, pou-l kouté-l.

Benoît XVI, 10 séptanm 2006

p. 195 - PROZÉLITISM. (an grèk *prosērchromai* vlé di « proché vîn jouinn ») : sé éksplouaté féblès fizik oubuin intéléktuèl lòt-la pou ralé-l fè-l kouè minm bagay ak ou.

p. 196 - SIPÈSTISION. Sé kouè yon fason irasionèl gin mo nou kapab di, jès nou kapab fè, événman ki rivé oubuin bagay ki la, kapab ginyin oubuin dégajé yon puisans majik.

p. 196 - SAKRILEJ. (an latin *sacrilegium* vlé di « vòlè bagay ki sakré ») : sé vòlè, andomajé oubuin profané kichòy ki sakré.

p. 196 - Louanj pou Granmèt-la ki sové-m !

Ste Thérèse d'Avila

p. 196 - ÉZOTÉRISM. (an grèk *ésotérikòs* vlé di « sou paranndan, sa ki anndan moun-nan épi sé yon ti kantité inisié sèlman ki kapab konprann li) : dépi XIX<sup>ém</sup> sièk-la, yo rélé ézotérism tout doktrîn ak pratik spirituèl ki t-a prétann minnin moun-nan jouinn yon souadizan « vrè konésans » ki té kaché anndan-l dépi tout tan. Révélation-an minm koté Bondié manifésté-l bay moun-nan sou pa déyò-a pa gin anyin pou-l ouè ak mòd pansé ézotérik-la.

p. 197 - PANTÉISM. (an grèk *pan* vlé di « tout », *théòs* vlé di « Bondié », *logòs* vlé di « doktrîn ») : konsépsion ki t-a vlé kouè pa gin anyin ki égzisté an déyò Bondié, tout sa ki égzisté sé Bondié, épi Bondié sé totalité tout sa ki égzisté. Doktrîn métafizik sa-a pa maché ak kristianism-nan.

p. 197 - OKULTISM. (an latin *occultus* vlé di « kaché, sékrè », doktrîn ki sékrè, anpil foua yo sèvi ak mo sa-a nan minm sans ak ézotérism) : sé doktrîn oubuin pratik ki prétann bay moun-nan yon pouvoua sou sa-k pral rivé-l, sou réalité matérièl-yo oubuin sou moun ki bò koté-l. Nan pami pratik okult-yo parégzanp gin : pandil-la, boul kristal-la, astroloji-a, divinò ak vouayan, etc.

p. 197 - ATÉISM. (an grèk *théōs* vlé di « Bondié ») : doktrîn ki nié égzistans Bondié. Anba lidé jénéral sa-a, gin anpil fòm téorik épi pratik pou nié égzistans Bondié.

p. 198 - AGNOSTISISM. (an grèk *gnosis* vlé di « konésans ») : sé doktrîn ki kouè yo pa kapab konnин Bondié. Moun ki agnostik-la di pa gin répons asiré pou késion èské Bondié égzisté-a oubyin kisa li yé-a.

p. 198 - TRANSANDANS. (an latin *transcendere* vlé di « dépasé ») : sa ki dépase sèri réalité nou kapab kapté ak sink sans nou-yo ; lòt bò tout réalité-a.

p. 198 - IKÔN. (an grèk *éikôn* vlé di « imaj ») : yon ikôn sé konsa yo rélé imaj-yo nan litiji l'Égliz oriental-la, yo « ékri » ikôn-nan ak anpil vénérasion nan priyè ak jèn. Li doué établi yon rélasion mistik ant sa k-ap kontanplé-l la épi modèl li reprézenté-a (Kris-la, Anj-yo, sin-yo).

p. 198 - Sa kont pou nou pou nou kontanplé vizaj Jézu ! Nan vizaj-li nou vrèman ouè kilès Bondié yé épi kijan li yé.

Benoît XVI, odiens jénéral 6 séptanm 2006

p. 199 - Réspè-a sé yon késion santral sou tè-a.  
Goethe (1749-1832, poèt alman)

p. 199 - Sé pou non Granmèt-la béni dépi koulié-a ak pou tout tan.  
Psòm 113,2

p. 199 - An nou pa ront dékläré Jézu yo krisifié-a, an nou fè sign lakoua-a sou fron-nou avèk konfians, an nou fè-l sou tout bagay, sou pin n-ap manjé-a, sou godé n-ap bouè-a ! An nou fè-l lè n-ap alé, épi lè n-ap tounin, anvan nou dòmi, lè n-ap kouché, lè n-ap lévé, lè n-ap maché épi lè n-ap répozé !

S. Cyrille de Jérusalem (313-386, doktè (savan sakré) l'Égliz-la)

p. 200 - Mouin pap ouété non-l sot nan liv lavi-a ; m-ap dékläré mouin rékonèt non-l dévan Papa-m ak dévan Anj li-yo.

Apokalips 3,5

p. 200 - Sonjé pou-ou fè ouè jan jou saba-a sin ... ou pap fè okinn travay nan li, ni ou minm ni pitit gason-ou, ni pitit fi-ou, ni sèvitè-ou, ni sèvant-ou, ni bèt chaj-ou, ni étranjé ki anndan vil ou-yo.

Égzòd 20,8.10

p. 200 - SABA. (an ébré sa vlé di « répo ») : sé jou répo juif-yo k-ap fè sonjé sétièm jou kréasian-an épi égzòd sòti Éjip-la. Li kòmansé vandrédi nan asouè, li fini samdi nan asouè. Juif òtodòks-yo pratiké-l antan yo réspékté yon bann règ pou yo kapab kinbé répo-a jou sa-a.

p. 201 - Si payin-yo rélé-l jou solèy-la, nou minm tou nou rinmin di sa, paské jodi-a limiè-a lévé sou tè-a, jodi-a limiè jistis-la parèt ak sové l-ap sové nou-an nan réyon-l yo.

S. Jérôme

p. 201 - Sa sé diférans ant bét-la ak moun-nan : dènié-a gin rad pou dimanch !

Martin Luther

p. 201 - San dimanch-la nou pa kapab viv.

Yo té touyé mati Abitèn-yo nan ané 304, sou lòd anpérè Dioklétyin paské yo té résisté kont intèdikson anpérè-a té mété sou sélébrasion Mès-la lè dimanch-la.

p. 201 - Lontan yo té konn di : « Bay nanm-nou yon dimanch ! »  
Kounié-a yo di : « Bay dimanch-nou yon nanm ! »

Peter Rosegger (1843-1918, ékrivin péyi Otrich)

p. 202 - Konbyin kòb dimanch-la kouté nou. Pozé késion sa-a sé déjà touyé dimanch-la. Dimanch-la dimanch éféktivman paské li pa kouté nou anyin épi sou plan ekonomik li pa rapòté nou anyin. Lè nou pozé késion sou konbyin kòb protéksion dimanch-la kòm jou férié kouté nou, sa vlé di nan tèt-nou nou déjà fè dimanch-la tounin yon jou ouvrab.

Robert Spaemann (1927-, filozòf alman)

### **Sé pou rinmin prochin-ou minm jan ak tèt pa-ou**

p. 202 - Onoré papa-ou ak manman-ou, pou-ou viv lontan sou tè-a, sa Granmèt Bondié-ou la ap ba ou-a.

Égzòd 20,12

p. 202 - Lavi paran-yo sé liv ti moun-yo li-a.

S. Augustin

p. 203 - Fanmi-an sé yon byin ki rezèvè pou pèp-yo sou tè-a, yon fondman indispansab pou sosiété moun-nan épi yon gran trézò pou dé

moun ki marié-yo pandan tout lavi yo. Li sé yon byin ki iranplasab pou timoun-yo ki doué yon foui rinmin-an ak gran jénérozité paran-yo.  
Benoît XVI, 8 juiyè 2006

p. 203 - Sé pa tibèkiloz ak kansè ki maladi ki pi grav-yo. Mouin kouè sa pi grav lè yo pa-t anvi égzistans-nou, lè yo pa rinmin nou.  
Mère Teresa

p. 203 - Sé sèlman sou ròch rinmin total épi irévokab ant épou-yo yo kapab mété fondasian pou batí yon sosiété koté tout moun ap santi yo lakay yo.

Benoît XVI, 11 mé 2006

p. 204 - Lè yon fanmi priyé ansanm, li rété ansanm.  
Mère Teresa

p. 204 - Sa-k jèn-yo doué réspekté sa-k gramoun-yo, épi sa-k gramoun-yo doué rinmin sa-k jèn-yo.  
S. Benoît de Nursie.

p. 204 - Si fanmi-an an òd, léta-a tou ap an òd ; si léta-a an òd, gran sosiété moun-nan ap viv anpè.  
Lü Bu We (environ 300 avan J.-K. – 236 avan J.-K., filozòf chinoua)

p. 204 - Ak tout kè-ou onoré papa-ou épi pa janm bliyé sa manman-ou té soufri. Sonjé sé yo ki mété-ou sou tè-a : kisa-ou t-a kapab ofri yo nan plas sa yo fè pou ou-a ?  
Ékléziastik 7,27-28

p. 205 - Yo poté timoun piti ba li, pou-l touché yo ; disip li-yo kouri dèyè yo. Lè Jézu ouè sa, li faché, li di yo : « Kité timoun-yo vîn jouinn mouin ; pa anpéché yo, sé pou moun ki tankou yo péyi-roua Bondié-a yé ». Mark 10,13-14

p. 205 - Gran kontantman-nou avèk timoun-yo sèké ak yo chak nou rékòmansé tout bagay ankò, épi chak foua nou réfè tè-a ankò.  
G. K. Chesterton

p. 205 - Gin dé bagay timoun-yo doué résévoua nan min paran-yo : rasîn ak zèl.  
Goethe

p. 205 - Papa-yo, pa provoké pitit nou-yo.

Kolosyin 3,21

p. 206 - Antan nan rinmin kòm frè youn aléga lòt nou mét aféksion, antan nan réspè-a youn bay lòt konsidération, antan nan atansion-an nou pa fè parès, antan nan Éspri-a nou cho ; antan n-ap sèvi Granmèt-la.

Romin 12,10-11

p. 206 - Sé pou Granmèt-la fè nou dévlopé épi fè progrè nan rinmin youn pou lòt, épi pou tout moun, minm jan nou minm tou pou nou minm, pou-l rann kè-nou solid, san repròch, nan viv sin dévan Bondié Papa nou nan parèt Granmèt-nou Jézu ap parèt-la avèk tout sin-l yo.

1 Tésalonisyin 3,12-13

p. 207 - Sa-k vlé prémié nan nou, l-ap ésklav-nou. Konsa, Pitit mounnan pa-t vîn fè sèvi-l, min sèvi, épi bay nanm-li kòm mouayin délivrans nan plas anpil moun.

Matié 20,27-28

p. 207 - Mouin fèt nan péyi Albani épi mouin gin nasionalité indyin. Mouin sé yon mè katolik. Poutèt mision mouin ginyin-an mouin pou tout tè-a, min kè-m sé pou Jézu sèlman.

Mère Teresa

p. 207 - Konsa bay Sézar sa-k pou Sézar, épi Bondié sa-k pou Bondié.  
Matié 22,21

p. 208 - Nou té tandé yo té di zansèt-yo : « Ou pap touyé. Si yon moun touyé minm, l-ap koupab pou jijman-an ». Mouin minm minm mouin di nou : « Tout moun ki faché sou frè-l, l-ap koupab pou jijman ».

Matié 5,21-22

p. 208 - Lè sa té kòmansé, filozofi jénéral-la té fè kèk ti glisé toupiti. Yo kòmansé gayé lidé ki alabaz mouvman an favè eutanazi-a, sa-k di gin kondision nan lavi-a ki pa mérité pou moun viv yo. Prémié moun yo té vizé sé malad ki té gin maladi grav-yo, apré sa ofiamézi nan minm katégori sa-a yo mété moun ki pap produi anyin nan sosiété-a, sa ki indézirab sou plan idéolojik-yo, sa ki indézirab poutèt ras yo. Min nou doué rékonèt dispozision parapò a malad ki pa-t kapab géri-yo sé sèlman yon ti prétèks li té yé ki t-ap kaché objéktif réyèl chanjman mantalité total sa-a.

Leo Alexander (1905-1985, médsin juif amérikin, osijè krim eutanazi Nazi-yo té fè-yo)

p. 209 - Lè yon léta bay yon pèn, yon chatiman, pou-l kapab kòrèk, jis épi konfòm a sitiasion-an, li doué satisfè kat kondision :

1. Li doué réparé dézòd krim-nan poté-a.
2. Li doué gin kòm objéktif pou-l défann lòd piblik-la épi sékirité moun-yo.
3. Li doué pèmèt koupab-la rékapasité.
4. Li doué propotionèl ak gravité krim-nan.

p. 209 - Moun pa doué mouri anba min lòt moun, min nan min yon lòt moun.

Horst Köhler, ansyin prezidan Almagn fédéral

p. 210 - Sé bay moun-nan souin paliatif k-ap soulajé-l, sé pa eutanazi-a, ki répons ki réspékté dignité moun-nan. Souin paliatif-yo sé sèvi ak tout fòs imajinasion-an ak solidarité-a an fas gro problèm ki parèt dévan nou lè pa gin lòt mouayin ankò. Lè yo pa konsidéré lanmò-a kòm yon étap ki fè pati lavi-a, lè sa-a sé sivilizasion koté y-ap bay lanmò-a ki kòmansé.

Robert Spaemann

p. 210 - Lè yon moun pa an sékirité nan vant manman-l, ki koté ankò n-ap kapab an sékirité sou tè-a.

Phil Bosmans (1922 -, prèt épi ékrivin bèlj)

p. 210 - Krétyin-yo marié épi yo gin timoun, tankou tout moun, min yo pa touyé ti bébé yo.

Épître à Diognète, III<sup>ème</sup> sièk

p. 210 - Avòtman-an ak touyé timoun-nan sé krim abominab.

Konsil Vatikan II, GS, 51

p. 211 - Tout sa nou doué konnin sou avòtman-an yo di-l nan sinkièm kòmandman-an.

Cardinal Christoph Schönborn

p. 211 - Ou pap touyé anbriyon-an ak avòtman épi ou pap touyé ti bébé ki fèk fèt-la.

Didachè, 2,2

p. 211 - Granmèt ba nou kouraj pou nou protéjé tout lavi ki inosan. Paské timoun-nan sé pi gran kado Bondié bay fanmi-an, bay yon pèp, bay tout tè-a.

Mère Teresa, lè li t-ap résévoua pri Nobèl lapè-a an 1979.

p. 211 - Lè yo diagnostiké timoun-nan gin yon andikap, sa pa yon rézon pou intèronp grosès-la... Paské lavi yon moun ki gin yon andikap gin anpil valè tou nan jé Bondié épi li rinmin-l, épitou paské sou tè-a yo pap janm kapab garanti non plis, pou pèsonn, lavi-l pap diminié yon jou fizikman, moralman épi spirituèlman.

Benoît XVI, 28 séptanm 2006

p. 212 - Si yon moun t-a choké youn nan ti piti sa-yo, yo minm ki kouè nan mouin-an, li t-a pi bon pou li, pou yo pandié yon ròch moulin nan kou-l, épi pou yo nouayé-l nan fon lanmè-a.

Matié 18,6

p. 212 - Si ou rinmin pròp tèt-ou, ou rinmin tout moun tankou pròp tèt-ou. Dépi gin yon sèl moun ou rinmin mouins pasé pròp tèt-ou, sèké ou pa-t janm vrèman rinmin pròp tèt-ou.

Maître Eckhart

p. 212 - Bondié rinmin nou infiniman plis pasé jan nou rinmin pròp tèt nou-an.

Ste Thérèse d'Avila

p. 212 - Nou pa konnin kò nou-an sé tanp Éspri Sin-an ki nan nou-an, li minm nou ginyin sot nan Bondié épi nou pa pou pròp tèt pa-nou ?

1 Korintyin 6,19

p. 213 - Bondié yo sé vant yo épi gloua-a nan ront yo, yo minm k-ap pansé bagay tè-a.

Filipyin 3,19

p. 214 - Yo té fè nou soti youn apré lòt, nou té bouké, san fòs. Dévan pòt sal-opération-an yo té ba nou anéstézi ak yon injéksion anndan vinn-nou nan kouloua Dr Schid-Lausky-a. Gin yon lidé ki vîn nan tèt mouin prèske anvan yo andòmi-m nan, min mouin pa-t janm rivé eksprimé-l : « Min kan minm, nou pa kochon-d'Ind, nou pa kobay ». Nou pa-t kobay, nou té moun.

Wanda Poltawska

p. 214 - Anpil foua krétyin-yo té rénié l'Évanjil-la antan yo sédé bay lojik violans-la. Yo té déréspékté doua tribu-yo épí pèp-yo antan yo méprisé kilti ak tradision rélijion-yo. Ban nou pasians ou ak mizérikòd ou ! Padoné nou !

Jean-Paul II – Répantans l'Égliz-la nan ané 2000-la

p. 215 - Rinmin yon moun, sé di-l : « Ou pap mouri »  
Gabriel Marcel (1889-1973, filozòf fransè)

p. 215 - Dévelopman-an – yon novo non pou lapè-a.  
Paul VI, *Populorum progressio*

p. 215 - Jou anivèsè nésans Granmèt-la sé jou anivèsè lapè-a.  
S. Léon le Grand

p. 215 - Mouin rémaké tout bagay chanjé chak foua gin moun k-ap éséyé viv l'Évanjil-la jan Jézu montré-l la : nan plas agrésivité, kè soté ak tristès sé lapè ak kè kontan ki vîn ginyin.  
Baudouin, roua Bèljik (1930-1993)

p. 215 - Ala kontantman pou sa k-ap travay pou lapè-yo.  
Matié 5,9

p. 215 - Li minm réyèlman li sé lapè-nou.  
Éfézyin 2,14

p. 216 - Travay jistis-la ap lapè, rezulta jistis-la ap répo avèk sékirité pou tout tan.  
Izayi 32,27

p. 216 - Nou té tandé yo té di : « Ou-a rinmin prochin-ou nan épí ou-a rayi ènmi-ou nan ». Mouin minm minm, mouin di nou : rinmin ènmi nou-yo épí lapriyè pou sa k-ap pèsékité nou-yo.  
Matié 5,43-44

p. 217 - Y-ap kasé épé yo pou yo fè yo tounin lam k-ap viré tè-a épí lam-yo pou yo fè yo tounin sèpèt ; nasion pap kinbé épé kont nasion ankò épí yo pap aprann fè lagè ankò.  
Miché 4,3

p. 217 - Mouin kouè améliorasion kondision lavi péyi pòv-yo sé yon stratéji ki pi bon pasé finansé zam-yo. Yo pa kapab ginyin batay-la ak aksion militè kont térorism-nan.

Muhammad Yunus, lè-l t-ap résévoua pri Nobèl lapè-a an 2006

p. 217-218 - Évaluasion kantité moun ki viktим lagè. Chif-yo toujou aproksimatif. Dapré diféran istoryin, nan XVI<sup>ème</sup> sièk-la lagè fè environ 1.5 milion viktим ; nan XVII<sup>ème</sup> sièk-la 6 milion viktим épi nan XVIII<sup>ème</sup> sièk-la environ 6.5 milion viktим.

Nan XIX<sup>ème</sup> sièk-la té gin 40 milion moun ki mouri poutèt lagè ; épi nan XX<sup>ème</sup> sièk-la 180 milion moun mouri nan lagè ak lòt domaj kolatéral.

p. 218 - Bondié di : « Li pa bon pou moun nan sèl pou kont-li ; an nou fè yon èd pou li ki sanblé ak li ». Sé pousa mésié-a ap kité papa-l ak manman-l épi l-ap kolé kò-l kot madanm-li, épi yo toulédé ap yon sèl chè. Jénèz 2,8.10

p. 218 - Pa gin Juif, ni Grèk, pa gin ésklav, ni moun lib, pa gin gason ak fi. Nou tout réyèlman, sé yon sèl nou yé nan Kris Jézu.

Galat 3,28

p. 218 - Kristianism-nan fè médam-yo soti nan yon kondision ki té sanblé ak ésklavaj.

Madame de Staël (1766-1817, ékrivin fransè)

p. 219 - « Soumision » madanm-nan bay mari-a nan mariaj-la, yo doué konprann li tankou yon « soumision youn bay lòt » nan respè pou Kris-la.

Jean-Paul II, Lèt apostolik *Mulieris dignitatem*, 1988

p. 219 - Nou minm mouin rinmin-an, sé pou nou youn rinmin lòt, paské rinmin-an sé nan Bondié li soti. Tout moun ki rinmin, sé nan Bondié li pran nésans épi li konnin Bondié.

1 Jan 4,7

p. 219 - Nou pa kapab éséyé pou-n ouè si n-ap viv, nou pa kapab éséyé pou-n ouè si n-ap mouri. Nou pa kapab éséyé pou-n ouè si n-ap rinmin, ni pran lòt-la pou-n éséyé-l pou yon tan sèlman.

Jean-Paul II

p. 219-220 - Séksualité-a ki fè mari ak madanm-nan bay youn lòt propò tèt-yo nan akt ki patikilié épi éksklizif pou épou-yo sé pa yon bagay

ki biolojik sèlman, min li konsèné tout pèsonalité moun-nan nan sa li ginyin ki pi intim. Li pa réalizé yon fason ki vrèman alarotè sa moun-nan yé-a, si sé pa kòm pati intégran rinmin-an koté gason-an ak fi-a angajé yo totalman youn parapò a lòt jous yo mouri. Don fizik total-la t-a yon manti si-l pa-t sign épi foui yon don total onivo tout pèsonalité moun-nan.

Jean-Paul II, *Familiaris consortio*

p. 220 - Tout rélation alaléjè fini nan tintin.

Paul Ricoeur (1913-2005, filozòf fransè)

p. 220 - CHASTETÉ. Vèrtu ki fè yon moun ki rinmin rézèvè, kinbé anvi érotik li ginyin-an yon fason konsian épi fèm poutèt rinmin-an épi li réfizé ni pònografi ki nan mas-média-yo ni sèvi ak mouayin ki t-a gin satisfaksiyon égoyis-la sèlman kòm finalité.

p. 221 - Mouin pa konnin ak kilès m-ap marié yon jou. Min mouin pa vlé dépi kounié-a pou m-ap tronpé sa-k pral madanm mouin-an.

Yon étidian k-ap ekspliké poukisa li pa-t janm gin rapò ak yon jèn fi

p. 221 - Rinmin-an k-ap pran nésans-la kapté tout instin-yo épi transfigiré yo an rinmin.

S. Bernard de Clairvaux

p. 221 - Métrizé chak instan-an sé métrizé lavi-a.

Marie Von Ebner-Eschenbach

p. 221 - Sa-a réyèlman, sé volonté Bondié-a : pou nou viv sin ; pou nou prézèvè tèt-nou anba fònikasion, pou chak moun nan nou konnin kontrolé véso pa-l nan viv sin ak réspè, pa nan pasion anvi tankou nasiyon-yo, sa-k pa konn Bondié-yo.

1 Tésalonisyin 4,3-5

p. 222 - Bay yon moun kò-nou sé sinbòl pou-n di nou bay moun sa-a tèt-nou totalman.

Jean-Paul II, lè-l t-ap palé ak jèn-yo nan Kampala, Ouganda, 6 févriyé 1993

p. 222 - Ékspérians-la montré rélation séksuèl-yo anvan mariaj-la sé konpliké yo konpliké angiz yo fasilité possibilité pou chouazi yon bon moun pou marié. Pou nou kapab préparé nou pou yon bon lavi a-dé nan mariaj-la, sé pou nou édiké tèt-nou épi sé pou nou rafèmi karaktè-

nou. Youn doué témoagné bay lòt-la jès rinmin ak aféksion ki korésponn ak tan aprantisaj rélasion nou-an kòm zanmi. Si nou aprann tann épi réonsé, l-ap pi fasil pou nou alavni pou nou plin atansion ak tandrès aléga moun n-ap marié avèk li-a.

Jean-Paul II, lè-l t-ap palé ak jèn-yo nan Vaduz, Liechtenstein, 8 séptanm 1985

p. 222 - Jèn-yo vlé sa-k gran... Kris-la pa-t promèt nou yon lavi fasil : si yon moun ap chèché fasilité, li tronpé adrès. Min li montré nou chémin sa-k gran, sa-k bon, sa-k kòrèk pou yon lavi alarotè sa moun-nan yé-a.  
Benoît XVI, 25 avril 2005

p. 223 - MASTURBATION. (li soti probabléman nan latin *mas* ki vlé di « viril » sa-k gin pou ouè ak sèks maskilin-an, épi *turbare* ki vlé di « éksité ak fòs ») : masturbation-an sé éksité ògàn jénital-yo volontèman pou kapab santi plézi séksuèl-la.

p. 223 - Pou fòmé yon jjiman ékitab sou résponsabilité moral moun-yo (nan ka masturbation-an) épi pou orienté aksion pastoral-la, yo doué konsidéré imaturité aféktil-la, fòs abitid yo fin pran yo, sitiasion angouas kè séré moun-nan, oubiyin lòt faktè psikolojik oubiyin sosial ki kapab diminié épi minm rédui résponsabilité moral-la anpil (sétadi, nivo koupab moun-nan koupab-la).

CEC, 2352

p. 224 - Kòm yo pa kapab achté rinmin-an, lajan touyé-l san mank.  
Jean Jacques Rousseau

p. 224 - Moun ki pansé éksè péché lachè-a (luxure) sé pi gran péché-a pou krétyin-yo, li tronpé-l. Péché lachè-yo grav min sé pa yo minm ki pi grav... Paské gin dé puisans nan moun-nan k-ap éséyé détounin-l parapò a vrè vokasion-l : béstialité-a ak diabolism-nan. Sé diabolism-nan ki pi grav nan yo dé-a. Sé poutèt sa yon ipokrit frèt ki plin ak ògèy ki pral lamès régilièman kapab pi pré lanfè-a pasé yon prostitué. Évidamman sa-k pi bon-an sé pou nou pa t-a ni youn ni lòt.

C. S. Lewis

p. 224 - Résponsabilité-a tonbé sou moun ki pé bouch yo-a.  
Ste Edith Stein

p. 224 - Ala kontantman pou sa ki dou-yo [sa-k pa sèvi ak violans-la].  
Matié 5,5

p. 225 - Kapab gin kèk ka patikilié, parégzanp lè yon prostitué sèvi ak yon prézèvatif, nan mézi yo t-a kapab konsidéré sa kòm yon prémié pa nan diréksion yon santiman moral, yon prémié éléman responsabilité ki pèmèt rékòmansé dévlopé yon konsians ki ouè sé pa tout bagay yo doué fè épi moun pa kapab fè tout sa-l vlé. Min sa-a sé pa vrè fason pou réponn dévan problèm inféksion virus HIV-a. Bon répons-la obligatouaman sé nan viv séksualité-a alarotè sa moun-nan yé kòm moun-nan.

Benoît XVI, *Lumière du monde*

p. 225 - Fidélité nan mariaj-la épi abstinans parapò a rélasion andéyò mariaj-la sé pi bon chémin pou évité kontaminasion-an épi pou stopé propagasian virus-la. Valè tout bon vré-yo ki soti nan vrè konpréansion mariaj-la ak lavi nan fanmi-an sé sèl fondman nou kapab fè konfians pou yon sosiété stab.

Benoît XVI, 14 désanm 2006

p. 226 - Pozé-m tankou yon sign sou kè-ou, tankou yon sign sou braou, paské rinmin-an fò tankou lanmò, jalouzi-a rèd tankou chalè bafon-an, zéklè-l sé zéklè difé ak flanm-yo. Gran dlo-yo pa kapab étinn rinmin-an, ni gran riviè pa kapab nouayé-l. Si yon moun t-a bay tout richès lakay-li pou rinmin-an, sé tankou anyin yo t-ap méprizé-l.

Kantik 8,6-7

p. 227 - Jodi-a gin yon ijans spésial pou nou évité konfond mariaj-la ak tout lòt fòm rapò ki bati sou yon rinmin frajil. Sé sèlman sou ròch rinmin total épi irévolab ant épou-yo yo kapab mété fondasion pou bati yon sosiété koté tout moun ap santi yo lakay yo.

Benoît XVI, 11 mé 2006

p. 227 - Bondié pa vlé raché plézi-a sot nan nou, li vlé ba nou yon plézi san limit, san fin.

Henri Suso (1295-1366, mistik épi téolojyin alman)

p. 227 - Sèké tout kréati Bondié bon épi yo pa doué réjté-l, antan yo résévoua-l avèk aksion-d-gras.

1 Timoté 4,4

p. 228 - Timoun-nan gin doua pou yo réspékté-l kòm moun dépi prémié moman li fòmé nan vant manman-l.

Jean Paul II, Instriksion *Donum vitae*, 2,8

p. 228 - Timoun-yo sé bénédiksion Bondié.  
 William Shakespeare (1564-1616, ékrivin piès téat anglè)

p. 228 - Chak timoun gin anpil valè. Chak timoun sé yon kréati Bondié.  
 Mère Teresa

p. 228 - PATÈNITÉ AK MATÈNITÉ RÉSPONSAB. L'Égliz-la déklaré épí li protéjé doua dé moun ki marié ginyin pou yo désidé pou kont-yo konbyin timoun yo vlé ginyin épí a ki distans nan kad planifikasion natirèl nésans-yo.

p. 228 - Planîng familial natirèl-la pa anyin dòt pasé yon sinp métrizé têt-ou ki bazé sou rinmin youn gin pou lôt-la.

Mère Teresa, diskou lè yo t-ap rinnmèt li pri Nobèl lapè-a an 1979

p. 229 - RÉGLÉ NÉSANS-YO. Planifikasion natirèl fanmi-an sé youn nan métòd pou réglé éspasé nésans-yo antan yo sèvi ak oto-obsèvation sign ki montré périòd fékondité fi-a, pou kapab évité li ansint (métòd Billings-la parégzanp).

p. 229 - Osijè kontrasépsion-an ki kontrè ak planifikasion nésans-yo, Jan-Pòl II di : « Parapò a langaj k-ap eksprimé natirèlman kijan chak épou bay lôt-la têt-li nèt-la, kontrasépsion-an kontrapozé yon langaj ki kontradiktoua objéktivman poutèt li t-a vlé di sé pa bay youn ap bay lôt-la têt-li nèt totalman. Rézulta-a sèké éfektivman yo réfizé aksépté résévoua lavi-a, min tou yo falsifié vérité ki anndan rinmin mariaj-la, ki doué tounin yon kado moun-nan fè lôt-la totalman.

Jean-Paul II, *Familiaris consortio*, 32

p. 230 - Pa blyié sou tè sa-a gin anpil timoun, anpil fi, anpil gason ki pa ginyin sa nou ginyin-an, épí sonjé pou nou rinmin yo, yo minm tou, jouskaské sa fè nou mal.

Mère Teresa

p. 230 - Sa-k pi rèd nan tout dram-nan sé pa jan mové moun-yo brital, min jan sa-k bon-yo pé bouch yo.

Martin Luther King (1929-1968, pastè noua amérikin nan yon diskou koté li t-ap invité konpatriòt noua-yo pou yo pran responsabilité sivil yo ak kouraj)

p. 231 - Sé soua fidélité-a absolu, soua li pa anyin.  
Karl Jaspers (1883-1969, filozòf alman)

p. 231 - Yon fo-lidé sou libèté-a nan rasîn kriz mariaj-la ak fanmi-an.  
Jean-Paul II

p. 231 - Mariaj ki fin fêt épi ki konsomé-a ant katolik ki batizé, pa gin okinn puisans moun ki kapab défèt li ni okinn kòz, sof lanmò.  
CIC, canon 1141

p. 231 - Sé pou paròl nou-an « oui », « oui », « non », « non ». Sa-k an plis nan bagay sa-yo, sé nan Mové-a li sòti.  
Matié 5,37

p. 232 - Mouin résévoua-ou kòm mari/madanm, épi mouin ba-ou tètmouin pou-m rinmin ou fidèlman pou tout tan lavi-nou.  
Rituel du mariage de l'Église catholique

p. 232 - Nou konnin réyèlman rinmin Granmèt nou-an Jézu-Kri : sèké pou nou, li té vîn pòv antan-l rich, pou nou minm nan povrété pa-l la nou vîn rich.

2 Korintyin 8,9

p. 232 - Si pa gin propriété privé, pa gin kè kontan bay-la non plis. Lè sa-a pèsonn moun pap gin plézi édé ni zanmi-l yo ki nan békouin, ni vizitè-a, ni sa k-ap soufri-a.

Aristote

p. 233 - Propriété privé-a pa yon doua san kondision oubiyin absolu pou pèsonn moun.

Paul VI, *Populorum progressio*

p. 233 - Posédé san patajé, sa kapab pi grav nan anpil ka pasé volè.  
Marie Von Ebner-Eschenbach

p. 233 - Nan ansiklik sosial li-a *Populorum progressio*, pap Pòl VI raplé solanèlman « ékonomi-an sé osèvis moun-nan li yé » épi li akizé tout sistèm-yo k-ap konsidéré « profi-a kòm motif ésansièl progrè économik-la, konkirans-la kòm pi gran prinsip progrè économik-la, propriété privé byin prodiksion-yo kòm yon doua absolu, san limit, san obligasyon sosial ki maché avèk li » (PP 3, 26)

p. 234 - PLAJIA-A. (an latin *plagiarius* vlé di « sa k-ap vòlè ésklav »), sé pran mété sou non-ou yon fason ki pa kòrèk travay yon lòt fè, soua antan-ou kopié-l soua antan-ou imité-l san-ou pa mandé-l pèmision.

p. 234 - Jézu fè konpliman pou Zaché, biblikin-an sètadi koléktè inpo-a, paské li té promèt : *Si gin yon moun mouin té fè profitè sou li, mouin rinnèt li kat foua plis.*

Luk 19,8

p. 234 - Mouin rinmin lajan ; li ban-m possibilité édé lòt-yo.

Blaise Pascal

p. 234 - Anpil foua yon moun rich sé yon moun pòv ki gin anpil lajan.

Aristote

p. 235 - Moun ki rinmin lajan pa gin kont lajan.

Koélèt 5,9

p. 235 - Lajan-l nan posédé-l plis pasé li minm li posédé lajan-an.

S.Cyprien de Carthage (200-258, Pèr-de-l'Égliz)

p. 235 - Lè ou achté oubiyin ou-ap sèvi ak yon bagay, sonjé sé moun ki té travay pou fè-l, épi si-ou sèvi mal ak li, si-ou andomajé-l oubiyin détoui-l, sé travay-la ou détoui, épi konsa sé ak lavi moun ou-ap sèvi mal.

Leon Tolstoï (1818-1910, ékrivin rus)

p. 236 - An fas zak kriminèl yon kapitalism k-ap rabésé moun-yo nan nivo machandiz, jé nou té vîn ouvri parapò a danjé ki gin nan richès-la, épi nou vîn konprann pi byin toujou sa Jézu té vlé di lè-l t-ap di fè atansion ak richès-la, ak dié Mamon-an k-ap détoui moun-nan, k-ap tranglé yon gran kantité moun sou tè-a nan grif térib li-jo tankou yon rapas.

Benoît XVI, *Jésus de Nazareth*

p. 236 - Anviron 12,3 milion moun ap sibi ésklavaj travo fòsé.

Anviron 2,4 milion viktim trafik moun.

Total profi: environ 10 milia dola.

Statistik Òganizasyon intènasional travay-la pou ané 2005

p. 236 - Éskpérians-la montré chak foua yo manké anvirònman-an réspè, sa fè rélation viv-ansam-nan vîn pi mal lakay moun-yo épi

visvèsa. Konsa sa parèt pi klè chak foua gin yon rapò yo pa kapab défèt ant lapè avèk nati-a épí lapè nan pamì moun-yo.

Benoît XVI, 1é janvié 2007

p. 237 - N-ap angajé nou – épí nou gin rézon fè-l – an favè réspè santé anvirònman-an, santé pié boua-yo ak bêt-yo! Di yon ‘oui’ ki pi fran toujou pou lavi moun-nan, li minm ki dépasé nèt alé, nan lòd kréasion-an, tout réalité kréyé ki nan inivè vizib-la (tout sa jé moun kapab ouè).

Jean-Paul II, 8 séptanm 1985

p. 237 - Rinmin-an sé chémin prinsipal doktrîn sosial l'Égliz-la.

Benoît XVI, *Caritas in veritate*, CIV

p. 237 - L'Égliz-la patajé avèk tout moun gran anvi sa-a nan tan sa-a pou gin yon lavi ki pi kòrèk sou tout plan, épí li toujou ap réfléchi sou diféran aspè jistis-la jan lavi moun-yo ak group sosial-yo mandé sa.

Jean-Paul II, *Dives in misericordia*

p. 239 - Ou vizité tè-a, ou rouzé-l ;

ou fè-l vîn rich anpil.

Lariviè Bondié-a plin ak dlo ;

ou paré blé-yo.

Sé konsa ou paré-l.

Pak zèb savann-yo ap dégouté,

ti mòn-yo vlopé ak kontantman.

Pak zèb-yo abiye ak mouton,

plinn-yo ap poté anpil kantité blé

y-ap rélé, réyèlman y-ap chanté kantik.

Psòm 65, 10.13-14

p. 240 - Kapital-la fèt pou travay-la, sé pa travay-la ki fèt pou kapital-la.

Leon XIII, *Rerum novarum*, 1891

p. 240 - Nou doué insisté sou gran ròl layik-yo, fi kon gason, gin pou joué an prémié plan... sé yo minm ki doué animé réalité tanporèl-yo ak yon dévouman krétyin épí ki doué kondui tèt-yo nan réalité sa-yo kòm témouin épí moun k-ap travay pou lapè ak jistis-la.

Jean-Paul II, *Sollicitudo rei socialis*

p. 240 - Minm jan sé yon byin nan pi ro dégré lè yon otorité byin sèvi ak pouvoua li gin sou lòt-yo, konsa tou sé yon bagay ki kondanab nan pi ro dégré lè l-ap fè abi pouvoua.

S. Thomas d'Aquin

p. 241 - Yon démokrasi ki pa gin valè vîn tounin fasilman yon totalitarism dékläré oubiyin anba chal, jan istoua-a montré sa.

Jean-Paul II, *Centesimus annus*

p. 241 - Yon kapitalism san pitié pou moun, san solidarité, san jistis, pa gin moral ni okinn avni.

Cardinal Reinhard Marx (1953 -, achévèk Munich ak Freising)

p. 241 - Découvri résous-yo, finansé yo, prodkision-an, konsomasion-an épi tout lòt faz siki économik-la, yo gin konsékans moral inévitab.

Konsa tout désision économik gin yon konsékans ki gin karaktè moral.

Benoît XVI, CIV 31

p. 242 - Travay-la sé yon byin moun-nan ginyin – sé yon byin sa-l yé kòm moun – paské ak travay-la, non sèlman moun-nan transfòmé nati-a antan-l adapté-l dapré pròp bbezouin-l, min tou li réalisé pròp tèt-li kòm moun épi nou t-a minm kapab di nan yon sans, « li vîn pi moun ».

Jean-Paul II, *Laborem exercens*.

p. 242 - Yon moun pap janm dékläré li vlé aji tankou yon Sizif.<sup>1</sup>

Pierre Teilhard de Chardin (1881-1955, jézuit épi chèchè nan sians natirèl-yo)

p. 243 - Tout sa ki anndan konsèp « Kapital »-la, osans strikt, sé sèlman yon séri bagay. Kòm sijè travay-la épi kèlkésoua travay l-ap fè, sé moun-nan épi moun-nan sèlman ki yon pèrsòn.

Jean-Paul II, *Laborem exercens*

p. 243 - Sa térib pou nou anfas yon mondializasion ki fè kondision lavi sa-k pòv-yo vîn pi difisil chak jou, ki pa fè anyin pou diminié grangou-a, povrété-a, épi inégalité sosial-la, k-ap pasé ékoloji-a anba pié. Aspè sa-yo nan mondializasion-an kapab révéyé réaksion ekstrémis, anjandré nasalism, fanaticisme reliijié épi minm térorism.

Jean-Paul II, 2003

p. 244 - Sosiété-a k-ap vîn pi globalisé jou an jou-a rapproché nou, min li pa fè nou vîn frè. Rézon-an, pou kont-li, kapab konprann égalité ant

---

<sup>1</sup> Nan mitoloji grèk-la, Sizif sé roua vil Korint-la. Nan lanfè, yo té kondané-l pou tout tan pou-l roulé yon ròch sot anba rivé sou tèt yon mòn, épi kon-l rivé anlè-a ròch-la dégringolé chak foua pou-l rékomansé ankò.

moun-yo épi établi yon kominoté lavi sivik, min li pa kapab rivé kréyé fratènité-a.

CIV, 19

p. 244 - Sanblé ékonomi mondialisé-a pito favorizé prémié lojik-la, lojik échanj dapré kontra-a, min dirèktéman oubiyin indirèktéman, li montré li bézouin dé lòt-yo tou : lojik politik-la épi lojik bay gratis-la.

CIV, 37

p. 244 - Nou té mété sou pié projè « ékonomi nan kominoté-a » pou nou kapab rivé bay égzanp sa-a yon jou : yon pèp koté pèsonn moun pap soufri lamizè épi koté pap gin pòv ankò.

Chiara Lubich (1920-2008, fondatris mouvman Focolari-yo)

p. 245 - Jodi-a, pèp ki grangou-yo ap palé yon fason trajik ak konsians pèp ki nan richès-yo. L'Égliz-la trésayi dévan rèl kè sèré sa-a épi l-ap mandé chak moun pou-l réponn rèl frè-l la avèk rinmin.

Paul VI, PP,3

p. 246 - Lè nou pa séparé byin nou ginyin avèk pòv-yo sé minm bagay ak pran sa yo ginyin épi pran lavi yo. Byin nou posédé-yo sé pa pou nou, sé pou yo.

S. Jean Chrysostome

p. 246 - Paské sa-k bay-la li résévoua ; sa-k bliyé pròp tèt li-a, li jouinn li ; sa-k padoné-a li jouinn padon épi sa-k mouri-a, li pran nésans pou lavi pou tout tan-an.

Priyè mouvman fransiskin-an an Frans, 1913

p. 247 - Bay pòv-yo. Épi ou-ap vîn rich.

Provèb arab

p. 247 - Anpil foua, Mère Teresa té konn rélé postulant kongrégasion-nan apa, li té konn fè yo ouvri min douat yo, épi li té fèmin douèt yo youn apré lòt antan l-ap di paròl sa-yo sou chak douèt : « Sé / mouin / ou / té / fè-l ! », sètadi paròl Jézu-yo nan Matié 25,40. Paròl sa-yo ak ti égzèsis sa-a té yon gran rémèd épi li toujou yon gran rémèd pou mè-yo lè y-ap lité anndan kè yo kont dégoutans ak répignans nan sèvis malad-yo ak sa-k prêt pou mouri-yo.

p. 247 - Nan tan kounié-a yo tèlman toufé vérité-a anpil foua, épi yo tèlman ap bay mantí, yon moun pap kapab konnin vérité-a si-l pa rinmin-l tout bon.

Blaise Pascal

p. 248 - Si nou di nou gin kominion avèk li épi sé nan fènoua n-ap maché, nou fè mantí, nou pa fè vérité-a.

1 Jan 1,6

p. 248 - Sé pou viv yon fason pou ka mouri mati démin.

Charles de Foucauld, ki té sibi mati efektivman an 1916

p. 248 - MATI. (an grèk *martyria* vlé di « témoagnaj ») : yon mati krétyin sé yon moun ki dispozé sibi violans épi minm lanmò poutèt Kris-la ki vérité-a, oubyin poutèt yon désizion konsians li pran apati sa lafoua-a mandé-a. Sé kontré moun k-ap fè violans sou tèt pa-yo oubyin sou lòt moun poutèt konviksion rélijion yo mal intèprétré.

p. 249 - PARJURE. Fè yon « parjure » sé fè yon fo-témoagnaj épi pran Bondié kòm témouin yon mantí. Sé yon péché grav.

p. 249 - Pa janm kolpôté yon bri k-ap kouri anvan ou vérifié-l. Épi si sé vré, kòmansé kinbé lang ou anvan.

Selma Lagerlöf (1858-1940, ékrivin péyi Suèd)

p. 249 - DISKRÉSION. (an latin *discernere* vlé di « diséné ») : Kapasité pou diséné nan ki moman nou kapab di yon moun yon bagay.

p. 250 - MOUAYIN KOMINIKASION SOSIAL-YO. Sé média ki pa bay mésaj individuèl sèlman min ki adrésé bay tout sosiété moun-nan, épi ki égzèsé yon infliyans sou li : près ékri (jounal, liv), radio, film, télévision, intènèt, etc.

p. 250 - Koté richès ou-a yé réyèlman, sé la kè-ou ap yé tou.

Matié 6,21

p. 251 - Sé pou yo konnin kijan mèt bagay sa yo pi bèle toujou.

Sajès 13,3

p. 251 - Réyèlman apati grandè ak gloua kréyati-a, avèk konésans yo, yo kapab ouè Sa-a ki kréyé yo-a.

Sajès 13,5

p. 251 - Pou mouin, pèfeksyon-an nan art-la (nan kréasion artistik-la) ak nan lavi-a li soti nan sous biblik-la.

Marc Chagall (1887-1985, pint rus)

p. 251 - Bèlté-a sé klèté vérité-a.

S. Thomas d'Aquin

p. 251 - Konsa touyé manb-yo ki sou tè-a, fònikasion, malpròpté, lisans, mové anvi épi anbision ki sèvis zidòl.

Kolosyin 3,5

p. 253 - Ala kontantman pou sa ki pròp nan kè yo, paské yo minm y-ap ouè Bondié.

Matié 5,8

p. 253 - Yo parèt klè, aksion chè-a, sé fònikasion, sa-k pa-pròp, libèti-naj, sèvis zidòl, maji, rayisans, batay, jalouzi, kòlè, anbision, dézakò, séparasion, anvi, bouason, banbòch, ak bagay ki sanblé ak sa-yo ; sa mouin té déjà di nou-yo, konsa mouin répétré, moun-yo k-ap fè bagay sa-yo, yo pap éritié péyi-roua Bondié.

Galat 5,19-21

p. 253 - Kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié, réfè yon éspri fèm nan zantray mouin-yo. Pa jété-m louin fas ou, Éspri Sin-ou nan, pa ouétèl nan mouin. Rinnèt mouin kè kontan sové ou sové-m nan, asiré-m ak éspri ki pi vif-la.

Psòm 51,12-14

p. 253 - Sé pou aji jodi-a yon fason pou pa ront sa démin.

S. Jean Bosco (1815-1888, sin jèn-yo)

p. 254 - Gin pudè tout koté gin yon mistè.

Friedrich Nietzsche (1849-1900, filozòf alman)

p. 254 - Ou pap anvi kay prochin-ou ; ou pap mét lidé-ou sou madanm-li, ni sèvitè-l, ni sèvant-li, ni bèf-li, ni bourik-li, ni okinn bagay ki pou li.

Égzòd 20,17

p. 254 - Gadé byin fèt-atansion ak tout kalité lanbision ; paské malgré tousa yon moun kapab posédé dépasé mézi, lavi-l pa asiré nan byin li-yo.

Luk 12,15

p. 254 - Tankou rouy-la avèk fè-a, jalouzi-a ronjé nanm ki anba pouvoua-l la.

S. Basile le Grand, Règle

p. 255 - Pa rayi pèsonn. Pa jalou. Pa aji antan-ou anvié sò lòt-la. Pa rinmin chèchè kont. Pa rété pré arogans.

S. Benoît de Nursie, Règle

p. 255 - Minm Bondié pa kapab fè anyin pou moun ki pa kité plas pou li. Sé pou nou vidé tèt-nou, débarasé nou nèt, pou kité-l antré pou-  
kapab fè sa-l vlé.

Mère Teresa

p. 255 - Trou san fon ki nan moun-nan pa gin anyin ki kapab konblé-l si  
sé pa sa-k san limit-la ak sa-k san chanjman-an, sètadi Bondié li-minm.

Blaise Pascal

### KATRIYÈM PATI

Priyè krétyin-an

**Priyè-a nan lavi krétyin-an  
Kijan Bondié vîn toupré nou**

p. 258 - Priyè-a pou mouin sé yon élan kè-m, sé yon sinp lévé jé gadé  
sièl-la, sé yon soupi rékonésans ak rinmin nou pousé ni nan moman  
éprèv ni nan kè kontan.

Ste Thérèse de Lisieux

p. 258 - Souaf priyé-a, anvi priyé-a, sé déjà yon priyè.

Georges Bernanos

p. 258 - Fè sa-ou kapab épi nan priyè-ou mandé sa-ou pa kapab fè-a,  
konsa Bondié ap ba-ou kapasité pou fè-l.

S. Augustin

p. 258 - Sé pou yo té chèchè Bondié-a, si posib pou yo té éséyé  
tattonnin pou jouinn li paské li pa louin nou chak pèsonèlman.

Travay Apot yo 17,27

p. 258 - Pétèt nou priyé plis lè nou di mouins paròl, épi mouins lè nou di plis paròl.  
S. Augustin

p. 259 - Priyé sé pa sèlman kouté pròp tèt-nou k-ap palé, priyé sé pé bouch-nou épi rété nan silans-la épi tann joustan nou tandé Bondié.  
Sören Kierkegaard

p. 259 - Toudinkou mouin santi silans-la té tankou yon prezans. Nan kè silans-la li té la, li minm ki silans, lapè épi frankilité.  
Georges Bernanos.

p. 259 - Priyé sé ralé kò-nou sot nan sa-k fè moun pè sou tè-a épi alé jouinn Papa-a.  
Friedrich von Bodelschwingh

p. 259 - Dapré mouin, priyè-a pa lòt bagay pasé yon dialòg ak yon zanmi nou rinmin rété pou kont-nou avèk li anpil foua pou nou palé avè I paské li rinmin nou.

Ste Thérèse d'Avila

p. 260 - KONTANPLASION. (an latin *contemplare* vlé di « kontanplé ») : sé rété nan prezans Bondié nan priyè-a. Kontanplasion-an (viv sou paranndan-an, vi spirituel-la) épi aksion-an (vi aktif-la) sé dé dimansion bay nou vlé bay Bondié pròp tèt nou-an. Nan Kristianism-nan, toulèdé inséparab.

p. 260 - *Contemplari et contemplata aliis tradere*. Sé déviz dominikinyo (frè préchè-yo) ki soti nan Sin Toma d'Akin (« kontanplé épi transmèt sa nou té kontanplé-a »).

p. 260 - Dé Anj-yo té viré sot la, épi yo t-al Sodòm. Abraam minm té kanpé toujou dévan Granmèt-la. Épi antan-l proché, li té di : « Èské ou-ap détoui moun kòrèk-la avèk méchan-an ? Si t-a gin sinkant moun kòrèk nan vil-la, èské tout moun t-ap péri ? Èské ou pap ménajé koté sa-a poutèt sinkant moun kòrèk-yo, si t-a ginyin yo ladan-l ? Ouété sa nan lidé-ou, pou-ou fè bagay sa-a ! ... Sa pa sanblé-ou : ou minm k-ap jijé tout tè-a, ou pa doué fè jijman sa-a ditou.

Jénèz 18,22-25

p. 261 - Granmèt la ap okipé-m, anyin pap manké-m ;  
nan zèb vèt li instalé-m,

sou bò dlo trankil li minnin-m,  
 li réfè nanm mouin.  
 Li kondui-m nan santié jistis poutèt non-l.  
 Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,  
 mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.  
 Baton-ou ak bagèt ou, sé yo k-ap konsolé-m.

Psòm 23, 1-4

p. 261 - Èské nou pa-t konnin sé nan sa ki pou Papa-m yo mouin doué yé ?

Luk 2,49

p. 261 - Priyé vlé di sonjé Jézu antan nou rinmin-l. Priyè-a sé nanm-nan ki atantif antan-l konsantré sou Jézu. Plis nou rinmin Jézu, sé plis nou priyé pi byin.

Charles de Foucauld

p. 262 - Mouin minm ak Papa-a sé youn nou yé.

Jan 10,30

p. 262 - Jézu priyé psòm 22-a ki kòmansé ak paròl sa-yo : Bondié-mouin, Bondié-mouin, poukisa ou lagé-m ? Li ranmasé sou do-l tout pèp Israèl-la k-ap soufri-a, tout moun k-ap soufri, dram Bondié ki kaché-a, épi sé konsa li fè Bondié parèt nan moman li t-a sanblé pa la ditou-a. Joseph Ratzinger (ki pral tounin Benoît XVI, Vandrédi sin 2005)

p. 263 - Priyè-a mandé dé bagay : gin asirans y-ap égzosé nou épi rénonsé san fo-sanblan pou yo t-a égzosé nou an fonksion pròp plan pa nou-an.

Karl Rahner

p. 263 - Si sé tout bon vré ou t-ap mandé-l konvèision-an, li t-ap ba ou li.

S. Curé d'Ars

p. 264 - Rélé kot la Sint Vièj nan silans rékèyman-an, l-ap tandé rèl détrès ou-a, paské li gin konpassion, li-minm, manman mizérikòd-la.

S. Bernard de Clairvaux

p. 264 - L-ap palé avèk nou antan-l di : « Pa pè li, gin kouraj pou riské pélérinaj lafoua-a ! Gin kouraj pou lagé tèt-ou nan bra-l paské li bon ! Kité Bondié anvayi lavi-ou, épi lè sa-a ou-ap ouè lavi-ou k-ap kléré,

angiz li t-a yon tèt chajé, okontré l-ap plin ak sipriz san rété paské bonté san limit Bondié-a pap janm fini.

Benoît XVI, 8 désanm 2006

p. 264 - AVE MARIA. (an latin « Mouin salué-ou Mari ») : prémié pati priyè sa-a (priyè yo bay plis inpòtans épi yo pi rinmin apré *Notre-Pè-a*) li soti nan istoua Anonsiasion-an nan Bib-la (Lk 1,28-42). Dézièm pati-a, « kounié-a ak lè n-ap mouri-a », yo ajouté-l nan XVI<sup>èm</sup> sièk.

p. 265 - Chaplè-a sé priyè mouin pi rinmin-an. Sé yon bèl priyè, li bèl paské li sinp épi li alé an profondè... Éfektivman, antan paròl *Ave Maria-a* sèvi sipò, sé tout événman ésansièl nan lavi Jézu ki pasé dévan je nanm-nou... An minm tan, pandan Mistè Rozè-yo ap déroulé, kè nou kapab mété ladan yo tout événman lavi yon moun, fammi-an, naison-an, l'Égliz-la ak tout moun sou tè-a ; yo kapab mété intansion pèsonèl ak intansion prochin-an, an patikilié tout sa ki konsèné moun ki pi pré nou-yo, sa n-ap poté nan kè nou-yo. Konsa ti priyè Rozè sa-a marié ak kadans lavi moun-nan.

Jean-Paul II, 29 oktòb 1978

p. 266 - CHAPLÈ-A. Sé alafoua non yon bagay (ki fèt ak grinn yo anfilé) ki sèvi pou priyé épitou sé non priyè sa-a ki parèt nan XII<sup>èm</sup> sièk sitou kay Sistèsyin-yo ak Chartreu-yo. Té gin frè nan monastè sa-yo ki pa-t patisipé nan priyè litijik lè-yo (an latin) épi konsa ak chaplè-a yo té gin yon fòm priyè ki té spésial pou yo (« liv psòm marial-la »). Kèk tan apré, sé Dominikin-yo sitou ki té ankourajé fòm priyè sa-a épi kèk lòt group rélijisé. Pap-yo té toujou rékòmandé fòm priyè sa-a anpil moun tèlman rinmin résité.

p. 266 - Sé pou Grammèt-la benni-ou, sé pou-l konsèvè-ou ; sé pou Grammèt-la montré-ou fas-li, pou-l pran pitié pou ou. Sé pou Grammèt-la viré figi-l ba ou pou-l ba-ou lapè.

Nonb 6,24-26

p. 267 - Si-ou vlé vrèman grandi nan rinmin-an tounin nan Ékaristi-a, tounin nan adorasion-an.

Mère Teresa

p. 267 - Priyè-a sé fè atansion pou kouté nan fason ki pi « pur »-la.  
Simone Weil

p. 268 - Bondié rinmin pou yo déranjé-l.

S. Curé d'Ars

p. 268 - Ou minm moun, ou sé yon pòv ki doué mandé Bondié lacharité pou tout bagay.

S. Curé d'Ars

p. 268 - Kilès k-ap kondané nou ? Kris Jézu, ki mouri, pi plis ki résisité, ki adouat Bondié, k-ap intèSEDÉ pou nou-an ? Kilès ki kapab séparé nou sot nan rinnin Kris-la ? tribilasion, oubuin kè séré, oubuin grangou, oubuin manké rad, oubuin danjé, oubuin pèsékision, oubuin épé ?

Romin 8,34-35

p. 268 - Mésié-a té di Jakòb : « Kité-m al fè rout mouin, dévan-jou déjà ap parèt ». Li té réponn : « Mouin pap lagé-ou, toutotan ou pa béni-m ». Jénèz 32,27

p. 268-269 - Tout Pèr-l'Égliz-yo ki té tèlman bay priyè-a inpòtans, dakò pou di dispozision kò-a pou priyé-a édé anpil, tankou parégzanz mét ajénou, mété dé min-yo ansanm, kouazé bra-nou sou kè-nou. Fason sa-yo pou ranjé kò-nou édé nou, plis pasé sa nou t-a pansé pou nou ranmasé nou nan prezans Bondié, pou nou rété konsantré sou li.

S. François de Sales

p. 269 - Fòk gin moun k-ap priyé pou sa-k pa janm priyé-yo.

Victor Hugo (1802-1885, ékrivin fransè)

p. 269 - IntèSEDÉ sé voyé yon anj bay yon moun.

Martin Luther

p. 269 - Nan tout sikontans di Bondié mèsi : bagay sa-a réyèlman, sé volonté Bondié nan Kris Jézu pou nou.

1 Tésalonisyin 5,18

p. 269 - Kantik nou-yo, réyèlman vré, pa fè anyin pi plis pou ou, min yo fè-n proché pi pré-ou.

Katriyèm préfas komin pou jou lasémèn-yo

p. 270 - Sé pou n-ap di antré nou psòm ak imn ak kantik dapré Éspri-a antan n-ap chanté épi n-ap résité psòm nan kè-nou pou Granmèt-la.

Éfézyin 5,19

### Sous priyè-a

p. 270 - Nan priyè rét fidèl, véyé ladan-l nan di mèsi.  
Kolosyn 4,2

p. 270 - Sé l'Évanjil-la sitou ki di-m kichòy nan priyè pèsònèl mouin. Nan li mouin jouinn tout sa pòv ti nanm mouin pa ginyin. Mouin toujou jouinn ladan-l kèk nouvo inspiration, kèk sijè méditation an sékrè, sé yon mistè.  
Ste Thérèse de Lisieux

p. 270 - Sèt foua pa jou m-ap chanté louanj ou.  
Psòm 119,164

p. 270 - N-ap akonpli chif sakré sèt-la si nan Lôd, Prim, Tièrs, Sèkst,  
Nòn, Vèp épi Konpli, nou réalisé obligation sèvis nou-an.  
S. Benoît de Nursie, Règle

p. 271 - Sé pa ti kras tann mouin t-ap tann Granmèt-la, li panché sou  
mouin, li kouté rèl mouin-an.  
Psòm 40,2

p. 271 - Kinbé nanm-ou anpè (sa vlé di : rét trankil). Kité Bondié aji  
nan ou. Résévoua lidé k-ap lévé nanm ou al jouinn Bondié. Ouvri fénèt  
nanm ou byin gran.  
S. Ignace de Loyola.

p. 271 - Sékrè mouin-an, li tou sinp : mouin priyé. Épi ak priyè mouin-  
an mouin vîn fè youn ak rinmin Kris-la épi mouin ouè priyé vlé di rinmin-  
l, priyé vlé di viv avèk li, sètadi fè paròl li-yo tounin vérité... Pou mouin,  
priyé sé fè youn ak volonté Jézu vinnkatrè sou vinnkat, viv pou li, pa  
pouvoua li épi avèk li.

Mère Teresa

p. 272 - L'Éspri Sin-an sé l'Éspri Jézu-a, l'Éspri ki réyini Papa-a ak Pitit-  
la nan rinmin-an.  
Benoît XVI, Vijil Pannkot 2006

p. 272 - Vini Éspri-Sin nan kè-nou épi voyé yon réyon limiè-ou sot nan  
sièl-la.  
Sékans Pannkot

p. 272 - Konsa minm, Éspri-a li minm tou soutni féblès nou-an.  
Romin 8,26

p. 273 - Si ou-ap chèché Bondié épi ou pa konnin ki bò pou kòmansé, aprann priyé épi fè éfò pou priyé chak jou.

Mère Teresa

p. 273 - Plis ou-ap gin jénérozité aléga Bondié sé plis ou-ap santi li gin jénérozité pou ou.

S. Ignace de Loyola

p. 273 - Tout sin-yo pa sin minm jan-an. Ginyin ki pa t-ap janm ka viv ak kèk lòt sin. Tout pa pran minm rout-la, min tout rivé jouinn Bondié.

S. Curé d'Ars

p. 273 - SPIRITALITÉ. (an latin *spiritus* vlé di « éspri ») : sé fòm piété nan l'Égliz-la ki dévlopé nan diféran fason apati pratik lavi kèk sin anba souf inspirasian l'Éspri-Sin-an. Konsa jodi-a yo palé osijè spiritualité bénédiktin, fransiskin oubyin dominikin.

p. 274 - [Ak priyè nou-yo] nou rivé touché spirituèlman tout kréasion Bondié fè-a, dépi planèt ki pi louin yo tous nan profondè lanmè-yo. Yon chapèl nan yon kouvan ki izolé minm jan ak yon légliz yo abandoné, yon klinik koté yo fè avòtman nan yon vil épi yon sélil prizon nan yon lòt vil... Oui, sièl-la ak pòt lanfè-yo. Nou maré ak chak ti moso kréasion-an. Nou priyé avèk chak kréati épi pou chak kréati, yon fason pou tout moun Ptit Bondié-a té vidé san-l pou yo-a kapab sové épi vîn sin.

Mère Teresa

### Chémin priyè-a

p. 274 - Sé pou nou sonjé Bondié pi souvan pasé nou réspiré.

S. Grégoire de Nazianze

p. 274-275 - Sé poutèt sa mouin invité nou chèché Granmèt-la touléjou, li minm ki pa vlé anyin dòt pasé ouè nou nan kontantman tout bon-an. Kinbé yon rélasion solid épi k-ap diré épi si sa posib programé pandan jounin nou-an kèk moman koté n-ap chèché avèk li sèlman. Si nou pa konnin kòman pou nou priyé, mandé-l aprann nou épi mandé Manman-l ki nan sièl-la pou-l priyé avèk nou épi pou nou.

Benoît XVI, lè-l t-ap palé ak kèk jèn olandè, 21 novanm 2005

p. 275 - Gin anpil chémin pou priyè-a. Gin moun sé nan yon sèl yo maché, gin lòt ki maché nan tout. Gin kèk moman koté nou sètin gin

yon prezans vivan : Kris-la, l-ap palé avèk nou nan fon kè nou. Gin lòt moman, li rét an silans, li louin, nou pa rékonèt li... Pou tout moun, priyè-a, dapré anpil aspè li ginyin-yo, sé yon pasaj pou al nan diréksion yon lavi ki pa soti nan nou, min ki soti yon lòt koté.

Frère Roger Schutz

p. 275 - Lè priyè nou égzosé, sa pa dépann dé kantité paròl nou di, min dé chalè rinmin ki nan kè-nou.

S. Jean Chrysostome

p. 276 - Sé pa gran konésans nou ginyin ki rasazié nanm-nou épi satisfè-l, min sé méditation sou paranndan-an ki fè nou pran gou réalité-yo.

S. Ignace de Loyola

p. 276 - M-ap palé avè-l épi l-ap palé avè-m.

Sé sa yon peyizan té réponn S. Curé d'Ars ki t-ap pozè-l késion sou priyè-a.

p. 276 - MÉDITASION. (an latin *meditatio* vlé di « jouinn pouin santral-la, réfléchi ») : méditation-an sé yon égzèsis spirituèl oubiyin mantal yo fè nan diféran rélijion ak kilti, ladan-l moun-nan doué konsantré-l sou propè tèt pa-l oubiyin sou Bondié. Kristianism-nan rékonèt épi aprésié diféran égzèsis méditation ak orézon, min li pa dakò ak sa k-ap promèt moun-nan si-l sèvi ak tèl oubiyin tèl téknik l-ap rivé antré an komunikasiyon dirèk ak Bondié oubiyin ak sa-k dépasé moun.

p. 277 - Tout tan n-ap viv n-ap lité, épi tout tan n-ap lité, sé sign nou pokó fébli épi bon espri-a ap viv nan nou. Si lanmò pa jouinn ou nan pozision sa-k ranpòté viktou-a-a, li doué jouinn ou nan kondision sa k-ap lité-a.

S. Augustin

p. 277 - Priyé sé kouté plis pasé palé. Kontanplé sé plis kité yo gadé ou pasé gadé.

Carlo Carretto (1910-1988, ékrivin italyin, mistik épi « petit frère de Jésus »)

p. 277 - Nou doué gin yon odas ki sin paské Bondié édé sa-k mét kouraj sou yo.

Ste Thérèse d'Avila

p. 277 - Nou pa jouinn, poutèt nou pa mandé. Nou mandé, épi nou pa résévoua, paské nou mandé mal ; pou nou dépansé pou plézi-nou.  
Jak 4,2-3

p. 278 - Chak moun gin pròp priyè pa-l minm jan li gin pròp nanm pa-l. Donk, minm jan li difisil pou tout moun jouinn nanm-yo, sé konsa tou li difisil pou-l jouinn pròp priyè pa-l la.

Elie Wiesel (1928 -, ékrivin roumin-américain ki té chapé anba Olokost-la)

p. 278-279 - Pi bon rémèd kont séchrès spirituèl-la sé rété tankou yon pòv k-ap mandé charité dévan Bondié ak sin-yo. Épi alé tankou yon pòv dévan chak sin-yo pou mandé yo lacharité spirituèl-la, ak minm insistans yon pòv k-ap mandé charité nan lavi-a t-a fè-l.

S. Philippe Neri (1515-1595, patron vil Ròm-nan épi fondate Oratou-a-a)

p. 279 - Tout tan, fè kè-nou kontan. San rété, priyé. Nan tout sikonstans di Bondié mèsi.

1 Tésalonisyin 5,16-19

p. 279 - Spiritualité krétyin-yo pa kapab ni yon pran lafuit parapò a réalité tè-a ni yon aktivism k-ap kouri suiv tout sa-k alamòd. Antan l'Éspri Sin-an anvayi-l, objéktif-li sé chanjé tè-a.

Jean-Paul II, 2 désanm 1998

p. 280 - Sonjé Bondié la nan mitan chodiè-ou yo ak kasròl ou-yo, épi li la bò koté-ou nan tout travay ou-ap fè.

Ste Thérèse d'Avila

### **Priyè Granmèt-la : Papa nou-an**

p. 281 - Rivé, pandan li té yon koté li t-ap priyé, lè-l pozé, youn nan disip li-yo di li : « Granmèt, aprann nou lapriyè, tankou Jan té aprann disip li-yo ».

Luk 11,1

p. 281 - An nou priyé, frè-m yo mouin rinmin anpil-yo, jan Bondié, Mèt nou-an, té montré nou-an ! Priyè nou-an gin familiarité ak profondè lè nou priyé Bondié ak pròp paròl li-yo, lè nou fè priyè Jézu-a monté nan zòréy-li. Sé pou Papa-a ki nan sièl-la rékonèt paròl Pitit li-a, lè n-ap priyé... An nou sonjé nou anba jé Bondié.

S. Cyprien de Carthage (environ 200-258)

p. 282 - Nou pa-t résévoua éspri ésklavaj-la yon lòt foua ankò réyèlman, pou krint, min nou té résévoua Éspri pitit Bondié-a, li minm nou rélé Aba ! Papa ! nan li-a.

Romin 8,15

p. 282 - Bondié pa janm sispann Papa pitit li-yo.  
S. Antoine de Padoue (1195-1231, fransiskin)

p. 282 - Tout kréati-yo sé pitit minm Papa-a, donk yo sé frè.  
S. François d'Assise

p. 282 - Krétyin-an pa di Papa « mouin », min Papa « nou », minm lè li pou kont-li nan yon chanm ki fèmin, paské li konnin sé manb minm kò-a, yon sèl kò-a, li yé kèlkésoua koté-l yé, kèlkésoua sitiasion li ladan-nan.

Benoît XVI, 6 juin 2007

p. 283 - Nou tout ansanm nan priyè Granmèt-la, nou di « Papa-nou ». Sé konsa anpérè-a di, ni pòv k-ap mandé charité-a, ni ésklav-la, ni mèt-la. Yo tout sé frè, paské yo gin yon sèl Papa.

S. Augustin

p. 283 - Sièl-la sou tè-a tout koté gin moun ki plin ak rinmin pou Bondié, pou lòt-yo épi pou pròp tèt pa-yo.

Ste Hildegarde de Bingen

p. 284 - Péyi-roua Bondié-a réyèlman, sé pa manjé ak bouè, min jistis épi lapè, épi kè kontan nan Éspri Sin-an.

Romin 14,17

p. 284 - Pouin santral révélation Jézu-a, sé Péyi-roua Bondié-a, sètadi Bondié kòm sous épi kè, pivo santral lavi-nou, épi li di nou : Sé Bondié sèl ki sové moun-nan. Épi nou ouè atravè tout istoua sièk ki sot pasé-a, lè léta mété Bondié déyò, non sèlman nan ékonomi-an min toubadò nan ékonomi-an, sé pèdi nanm-yo maché al pèdi.

Benoît XVI, 5 févriyé 2006

p. 284 - Abandoné nou totalman, sé aksépté ak yon souri sa l-ap ba nou épi sa l-ap pran... Toujou bay sa y-ap mandé-ou la – épi minmsi sé répitasion-ou oubiyin santé-ou – sé sa yo rélé abandon-an, épi lè sa-a, ou lib.

Mère Teresa

p. 285 - Moun grangou pin matérièl-la (pin pou kò-a), min tou li grangou épi li souaf rinmin, byinvéyans, atansion youn pou tôt – épi sa-a sé gran povréte k-ap toumanté moun-yo jodi-a.

Mère Teresa

p. 286 - Papa ki nan sièl-la, mouin pap mandé-ou ni santé ni maladi ; ni lavi ni lanmò ; min pou sèvi ak santé-m, ak maladi-m, ak lavi-m ak lanmò mouin, pou gloua-ou, pou-m kapab sové, pou byin l'Égliz ou-a ak sin-ou yo, mouin espéré gin pòsion ak yo gras a ou. Ou minm sèl ou konnin sa-k bon pou mouin : sé ou k-ap kòmandé kòm sèl Mèt. Amèn.

Blaise Pascal

p. 286 - Si yon moun di « mouin rinmin Bondié » épi frè-l la, li rayi-l, li fè manti. Réyelman, moun ki pa rinmin frè-l li ouè-a, Bondié li pa ouè-a, li pa kapab rinmin-l.

1 Jan 4,20

p. 286 - Moun ki pa gin tantasion, yo pa mété-l aléprèv ; moun yo pa mété aléprèv, li pa progrésé.

S. Augustin

p. 286 - Nou konnin sé nan Bondié nou soti épi tout tè-a sé nan Malinan li instalé.

1 Jan 5,19

p. 287 - ANBOLISM. (an grèk *emballein* vlé di « mété nan mitan ») : invokasion ki vini apré *Notre-Pè-a* nan déroulman Òdinè Mès-la : *Granmèt tanpri souplé délivré nou ak tou sa ki mal, fè kè-nou pozé pandan tout lavi-nou, édé nou pou jan ou gin bon kè, délivré nou nèt ak tout péché nou-yo é protéjé nou pou okinn malè pa rivé nou. N-ap espéré byin ou promèt nou-an, sovè-nou Jézu-Kri k-ap vini-an.*

p. 287 - Amèn lafoua nou-an sé pa lanmò min lavi.

Cardinal Michael Von Faulhaber

p. 289 - Granmèt sèvi avèk mouin pou mété lapè-ou la.

koté-k gin raysans, pou-m mété rinmin ;

koté-k gin fè lòt faché, pou-m mété padon ;

koté-k gin divizion, pou-m mété tèt ansanm ;

koté-k gin èrè, pou-m mété vérité ;

koté-k gin dout, pou-m mété lafoua ;

koté-k gin dézespoua, pou-m mété espérans ;  
 koté-k gin fènoua, pou-m mété limiè ;  
 koté-k gin tristès, pou-m mété kè kontan.

Tanpri Granmèt, fè-m pa tèlman ap chèché  
 pou yo konsolé-m, pasé pou-m konsolé lòt-yo,  
 pou yo konprann mouin, pasé pou-m konprann lòt-yo,  
 pou yo rinmin-m pasé pou-m rinmin lòt-yo.

Paské sé lè nou bay, nou résévoua,  
 sé lè nou blyié tèt-nou, nou jouinn pròp tèt-nou,  
 sé lè nou padonnin, nou jouinn padon,  
 sé lè nou mouri, nou résisé pou lavi ki pap janm fini-an.

Priyè yo di sé S. Fransoua d'Asiz ki konpozé-l.

Li parèt pou prémié foua an 1912.

*Les Écrits de saint François*, Éditions franciscaines, 1982.

## ANÈKS

### Lis mo

Niméro-yo ranvouayé nan késion YOUCAT-la : sa ki **fonsé an gra**-yo sé niméro k-ap trété sijè-a dirèktéman, sa ki nòmal-yo sé lòt référans oubyin nosion ki gin rapò ak késion-an.

- Aba ! Papa ! [Abba, Père] : 38, 290, **477**
- Abi séksuel [Abus sexuels] : 386, 410
- Abraam épi priyè-a [Abraham et la prière] : 471
- Absolision [Absolution] : 231, **233**, 237, 239, 458
- Absolision jénéral [Absolution générale] : **233**
- Adan ak Èv [Adam et Eve] : 66, 68
- Adiltè [Adultère] : **424**
- Adopsion [Adoption] : 422, 435
- Adorasion [Adoration] : 149, 218, 461, 483, **485**
- Adorasion ékaristik [Adoration eucharistique] : 218, 270
- Agnus Dei, Mouton Bondié [Agneau de Dieu] : 214
- Akéyi étranjé [Accueillir des étrangers] : 271, 450
- Akonpagnman moun ki pral mourí-yo [Accompagnement des mourants] : **398**
- Aksion mizérikò pou épri-a [Œuvres de miséricorde spirituelles] : **451**
- Aksion mizérikòd pou kò-a [Œuvres de miséricorde corporelles] : 450
- Aksion, bon [Œuvres, bonnes] : 120, 151, 274, **341**, 450-451
- Alélouya [Alléluia] : 214
- Alians ak Bondié-a [Alliance de Dieu] : 8, 116, 194, 210, 334-336
- Amen : **165**, 527
- Anbriyon, vann [Trafic d'embryons] : 435
- Andikapé [Handicapés] : 51, 302, 379, 384
- Ané litijik-la [Année liturgique] : 185, **186**
- Angajman dékläré lafoua-a [Profession de foi] : 24, 25, **26-29**, 136, 165, 307
- Angajman mariaj-la [Lien du mariage] : **261**
- Angajman, profésion, déklärasion [Profession] : 138, 328
- Anj [Ange] : 52, **54**, 55, 179, 183, 489
- Anj gadyin [Ange gardien] : **55**
- Anpèchman pou mariaj [Empêchement au mariage] : **261**, 268

- Antèman (Finéray) [Funérailles] : 278  
 Antéré [Sépulture] : 394  
 Antisémitism [Antisémitisme] : **135**  
 Antréprénè [Entrepreneur] : 443  
 Anvi [Désir] : 281, **400**, 404, 409, 411, 417, **468**, 470  
 Anvi plézi dézòdoné [Concupiscence] : 264, 406, 462  
 Anvi plézi lachè [Concupiscence charnelle] : 462  
 Anvié sò lòt [Envie] : 120, 318, 465, **466**  
 Anvironman-an, responsabilité parapò a [Environnement, responsabilité de l'] : 288  
 Apot [Apôtre] : 12-13, 26, **92**, 99, 106, 118, 129, 137, 140-141, 143, 175, 209, 227, 250, 259, 482  
 Art-la [Art]: 461  
 Asansion Kris-la [Ascension du Christ] : 106, **109**  
 Atéism [Athéisme] : 5, **357**  
 Ave Maria (Mouin salué-ou Mari) [(Je vous salue Marie)] : **480**  
 Avòtman [Avortement] : 237, 292, 379, **383**, 421, 498  
 Aza [Hasard] : 20, **43**  
 Batèm [Baptême] : 130, 151, 193, **194-202**  
 Batèm Jézu [Baptême de Jésus] : **87**  
 Batèm timoun-yo [Baptême des enfants] : 197  
 Batèm, fòmil pou [Baptême, formule du] : **195**  
 Batèm, kondision pou résévoua-l [Condition au baptême] : **196**  
 Batèm, sèl chémin pou sové [Baptême, unique voie de salut] : **199**  
 Batizé [Baptiser] : **195**  
 Bay Bondié pròp tèt-ou [Don de soi à Dieu] : **145**, 258, 485, 497, 507  
 Bay ògàn-ou [Don d'organes] : **391**  
 Bay pròp tèt-ou [Don de soi] : 263, 402, 479  
 Béatitud/Bonè ètènèl-la [Béatitude éternelle] : 1, 52, 61, 164, **285**, 468  
 Béatitud-yo (Ala kontantman-yo)[Béatitudes] : 282, **283**, 284  
 Bèlté [Beauté] : 461  
 Béni [Bénir] : 170, 213, 259, 272, 483, **484**, 498, 499  
 Bib-la [Bible]: **12-19**  
 Bib-la ak l'Espri Sin-an [Bible et Esprit Saint] : **119**  
 Bib-la ak priyè-a [Bible et prière] : **491**  
 Bib-la, byin li-l [Bible, bien lire la] : **16**  
 Bib-la, lis liv-yo [Bible, index des livres de la Bible] : **22**  
 Biotéknoloji [Biotechnologie] : **435**  
 Blasfèm [Blasphème] : 316, 359, 455  
 Bon aksion [Œuvres, bonnes] : 120, 151, 274, **341**, 450-451  
 Bondié konnin tout bagay [Omniscience de Dieu] : **51**  
 Bondié sé mizérikòd [Dieu est miséricordieux] : **314**

- Bondié sé rinmin [Dieu est amour] : 2, **33**, 145, 156, 309  
 Bondié, Éspri-Sin-an [Dieu, l'Esprit-Saint] : **38**, 113-120  
 Bondié, fè yon kult pou li [Rendre un culte à Dieu] : 302, **352**, 365  
 Bondié, fidèl [Fidélité de Dieu] : 8, 49, 64, 176, 263  
 Bondié, gin tout pouvoua [Toute-Puissance de Dieu] : **40**, 49, 66, 485  
 Bondié, Kréatè-a [Dieu, le Créateur] : 41, **44**, 330  
 Bondié, moun-nan sé pòtré-l ak résanblans-li [Homme, à l'image et à la ressemblance de Dieu] : 56, **58**, 64, 262-263, 330, 402  
 Bondié, Papa-a [Dieu, le Père] : **37**  
 Bondié, péyi-roua, rouayòm, ringn [Royaume, règne de Dieu] : 89, 139, 520  
 Bondié, Pitit-la [Dieu, le Fils] : **39**  
 Bondié, rann li gras, di-l mèsi [Rendre grâce à Dieu] : 461, **490**, 494, 501  
 Bondié, transandan [Transcendance de Dieu] : 358  
 Bondié, vérité [Vérité divine] : 13, **32**, 307, 359, 453, 461  
 Bondié, volonté-l [Volonté divine] : 1, 50, 52, 100, **309**, 335, 337, 463, 493, 502, 507, 521  
 Bonè (Kontantman) [Bonheur] : 3, 57, 281, 282, **285**  
 Byin ak mal, kritè pou distingé yo [Bien et mal, critères pour les distinguer] : 234, **291-292**, 295, 296  
 Byin komin-an [Bien commun] : 296  
 Chaplè (ouè Rozè tou) [Chapelet (voir aussi Rosaire)] : **481**  
 Charité-a [Charité] : 305, **309**  
 Chasteté nan séliba-a [Chasteté dans le célibat] : 145  
 Chasteté, viv chast [Vivre chaste] : 311, **404-406**, 463  
 Chèché Bondié [Chercher Dieu] : **3-4**, 89, 136, 199, 467, 470  
 Chémin-d-koua [Chemin de Croix] : 277  
 Chomaj [Chômage] : **444**  
 Déchoukaj, vandalism [Vandalisme] : 433  
 Défin, sa-k mouri-yo [Défunts] : 146  
 Déklarasion, angajman, profésion [Profession] : 138, 328  
 Dékonpozision [Corruption] : 428  
 Dépandans parapò mové abitid [Addiction] : 287, **389**  
 Dét [Dettes] : 430  
 Détoui pròp tèt-ou [Autodestruction] : **379**  
 Dévotion (aksiyon oubyin priyè) [Dévotions (acte ou prière)] : **274**  
 Dévotion popilè [Piété populaire] : 274  
 Dévotion pou sint Vièj Mari [Dévotion mariale] : **149**  
 Dévoua aléga sosiété-a [Devoir envers la société] : **427**  
 Dézespoua [Désespoir] : 98, 476  
 Diab [Diable] : 54, 525, **526**

- Diak [Diacre] : 140, **255**  
 Dignité moun-nan [Dignité humaine] : 58, **280**, 289, 353, 3S2, 392, 411,  
     412, 438, 441, 444  
 Dimanch [Dimanche] : 47, 187, 219, 345, **364-366**  
 Dis kòmandman-yo [Dix commandements] : **349**  
 Disènman, don pou [Discernement, don du] : 291  
 Disiplin pèsonèl [Discipline personnelle] : **300**  
 Diskrézion [Discretion] : 457  
 Diskriminasion [Discrimination] : 398, 415  
 Distraksion pandan priyè-a [Distraction pendant la prière] : 508  
 Divîn mizérikòd [Divine miséricorde] : 89, 226, **314**, **337**, 524  
 Divizion nan l'Égliz-la [Division de l'Église] : 130, **131**, 267  
 Divòs [Divorce] : **270**, **424**  
 Divòsé ki rémarié [Divorcés remariés] : **270**  
 Dlo bénit [Eau bénite] : 272  
 Dògm [Dogme] : 83, **143**  
 Doksoloji [Doxologie] : 214  
 Doktrîn sosial l'Égliz-la [Doctrine sociale de l'Église] : 323, **438**  
 Doua ak dévoua [Droits et devoirs] : 136, 302, **326-330**, 333, 370, 376,  
     380, 381, 383, 387, 392, 398, 401, 420, 422, 423, 427, 430,  
     436, 441, 442, 445, 459  
 Doua moun-nan [Droits de l'homme] : 136, 262, 441  
 Doua pou aji libréman [Droits à l'exercice de la liberté] : 289  
 Doub moral [Double morale] : **347**, 405  
 Dròg [Drogues] : 389  
 Édikasian konsians-la [Éducation de la conscience] : **297**  
 Égalité tout moun [Égalité de tous les hommes] : 61, 330-331, 401, 441  
 Égliz [Église] : **121-128**  
 Égliz lokal-la (Diosèz) [Église locale (Diocèse)] : 141, **251**  
 Égliz oriantal [Église orientale] : 258  
 Égliz, li sint [Sainteté de l'Église] : 124, **132**  
 Égliz-la ak démokrasi-a [Église et démocratie] : **140**  
 Égliz-la ak Éspri-Sin-an [Église et Esprit-Saint] : 119  
 Égliz-la ak Lik ki sin-yo [Église et Écriture sainte] : **19**  
 Égliz-la ak Péyi-roua Bondié-a [Église et Règne de Dieu] : 89, 91, 110,  
     **123**, 125, 138, 139, 284, 520  
 Égliz-la ak rélijion ki pa krétyin-yo [Église et religions non chrétiennes] :  
     **136**, 198, 438  
 Égliz-la ak siksésion apostolik-la [Église et succession apostolique] :  
     **137**, 140  
 Égliz-la, épouz Kris-la [Église, épouse du Christ] : 127  
 Égliz-la, fè youn, pa gin dé [Église, son unité, son unicité] : **129**, 141

- Égliz-la, infayib [Église, son infaillibilité] : **13**, 143  
 Égliz-la, institision-an [Église, institution] : **121**, **124**  
 Égliz-la, katolik [Église, sa catholicité] : **133**, 134  
 Égliz-la, kisa li yé [Église, concept d'] : **121**  
 Égliz-la, Kò Kris-la [Église, Corps du Christ] : **121**, **126**, 129, 131, 146,  
     175, 196, 208, 211, 217, 221, 343  
 Égliz-la, koléjal [Église, sa collégialité] : **140**  
 Égliz-la, lajè-li [Église, son étendue] : **189**, **190**, 214, 498  
 Égliz-la, nan prémié tan-yo [Église, Première] : 482  
 Égliz-la, natí-li ak karakteristik patikilié-l [Église, sa nature, sa  
     particularité] : **125**  
 Égliz-la, Pèp Bondié-a [Église, Peuple de Dieu] : **121**, **125**, 128, 138,  
     191, 204  
 Égliz-la, strikti yérarchik-li [Église, sa structure hiérarchique] : 140  
 Égliz-la, Tanp Ésprí-Sin-an [Église, Temple de l'Esprit Saint] : **119**, **128**,  
     189  
 Égzamin konsians [Examen de conscience] : **232**, 233  
 Égzòsim [Exorcisme] : 273  
 Ékaristi, jan yo rakonté institision-l [Récit de l'institution (de  
     l'Eucharistie)] : **210**  
 Ékaristi-a [Eucharistie] : 19, 99, 126, 160, 167, 193, **208-223**, 365, 488,  
     523  
 Ékiménism (ouè Inité l'Égliz-la tou) [Œcuménisme (voir aussi Unité de  
     l'Église)] : **130**, **131**, 134, 222  
 Ékonomi maché-a [Économie de marché] : **442**  
 Ékskominié [Excommunication] : **237**  
 Ékspérians [Expérience] : 148, **504**, 507, 508  
 Épidémi Sida [Épidémies dues au VIH] : 414  
 Epou / Konjouin, séparasion ak [Conjoint, séparation (du)] : 269  
 Éspas litijik [Lieux liturgiques] : **191**  
 Espérans [Espérance] : 105, 108, 146, 152, 305-306, **308**, 337, 352,  
     493  
 Ésprí-Sin [Esprit-Saint] : **113-120**  
 Ésprí-Sin-an nan batèm-nan [Esprit-Saint et baptême] : **176**, **195**  
 Ésprí-Sin-an nan konfimasion-an [Esprit-Saint et confirmation] : **167**,  
     **203-207**  
 Ésprí-Sin-an nan l'Égliz-la [Esprit-Saint et Église] : **119**  
 Ésprí-Sin-an nan nou [Esprit-Saint en nous] : **120**, 203  
 Ésprí-Sin-an nan profét-yo [Esprit-Saint et prophètes] : **116**  
 Espri-Sin-an, sign prezans-li ak non yo ba li [Esprit-Saint, ses signes et  
     ses noms] : **115**  
 Étik ékonomi-an [Éthique de l'économie] : 428

- Eutanazi [Euthanasie] : 379  
 Évanjil [Évangile] : 10, 18, 19, **71**, 199, 213, 282, 491  
 Évêk [Évêques] : 92, 134, 137, **142-144**, 213, 246, 251, 258, 440  
 Évêk-yo ak pap-la [Évêques et pape] : **142**  
 Événman pak-la [Événement pascal] : **105**, 227  
 Évolision [Évolution] : **42**, 43, 280  
 Ex cathedra : **143**  
 Ézotérism [Ésotérisme] : 55, 355, **356**  
 Fanmi [Famille] : 86, 138, 139, 271, 322, 327, **368-370**, 373, 374, 419, 474  
 Fékondasion atifisièl [Fécondation artificielle] : 423  
 Fidélité Bondié [Fidélité de Dieu] : 8, 49, 64, 176, 263  
 Fidélité nan mariaj-la [Fidélité dans le mariage] : 262  
 Finéray (Antèman) [Funérailles] : 278  
 Finisman tout bagay [Fin du monde] : **111**, 164  
 Fi-yo [Femme] : **64**, 401  
 Fondman apostolik l'Égliz-la [Fondement apostolique de l'Église] : **137**, 141  
 Fònikasion [Fornication] : **410**  
 Fòs [Force] : 300  
 Fòs Éspri-Sin-an [Force de l'Esprit Saint] : 138, 177, 203, 205, 227, 241, 242, 250, 254, 290  
 Fòsé [Contrainte] : 261, 288, 296, 420  
 Fòsé konsians lòt moun [Contraindre la conscience d'autrui] : **296**  
 Fo-sèman [Parjure] : 455  
 Fouï Éspri-Sin-an [Fruits de l'Esprit Saint] : **311**  
 Frè ak sè Jézu-yo [Frères et sœurs de Jésus] : 81  
 Frod [Fraude] : 428, 465  
 Frod nan déklärasion inpo [Fraude fiscale] : **431**  
 Géizon [Guérison] : 224  
 Gloria : 214  
 Grangou [Faim] : 91, 446, 522, 523  
 Grangou, ba yo manjé [Nourrir les affamés] : 450  
 Gras [Grâce] : 197, 206, 274, 279, 285, 337, **338-341**  
 Gras abituèl [Grâce habituelle] : **339**  
 Gras sakramantèl [Grâce sacramentelle] : **339**  
 Gras sanktifiant [Grâce sanctifiante] : **339**  
 Gras spézial pou sipôté épèv-yo [Grâce spéciale pour supporter les épreuves] : **339**  
 Gras-d-éta [Grâce d'état] : **339**  
 Idolatri [Idolâtrie] : 355  
 Ikôn [Icône] : 358

- Imaj Bondié (Pòtré Bondié) [Image de Dieu] : 39, **58**, 64, 122, 262-263, 271, 279, 355, 358, 402
- Imaj Papa-a (Pòtré Papa-a) [Image du Père] : **516**
- Imitasjon Kris-la [Imitation de Jésus-Christ] : 477
- Indisolubilité maraj-la [Indissolubilité du mariage] : 262, **263**
- Individu, sa-k karaktéristik-li [Individualité] : 62, 173, **201**
- Individualism [Individualisme] : **321**
- Inégalité ant moun-yo [Disparité entre les hommes] : 331, 446
- Infayibilité pap-la [Infaillibilité pontificale] : **143**
- Inion lib [Union libre] : **425**
- Inité l'Égliz-la (ouè Ékiménism tou) [Unité de l'Église (voir aussi Œcuménisme)] : 25, 92, **129**, 131, 134, 137, 141, 143, 222
- Inkanasion [Incarnation] : 9, 76, **152**
- Inkiltirasion [Inculturation] : 274
- Inpo, frod nan déklärasion [Fraude fiscale] : **431**
- Impozision min-yo [Imposition des mains] : 115, 137, **174**, 203, 254
- Inséminasion atifisièl [Insémination artificielle] : 423
- Inspirasion [Inspiration] : **14-15**
- Institision Ékaristi-a [Institution de l'Eucharistie] : 99, **209**
- Institision sakréman pénitans-la [Institution du sacrement de pénitence] : 227
- Intè-kominion [Intercommunion] : 222
- Intèsésion [Intercession] : 85, 214, 361, 497
- Ipokrizi [Hypocrisie] : 455
- Jèn ak abstinans [Jeûne et abstinence] : 151, 345
- Jénufléksion [Génuflexion] : 75, 218, **485**
- Jézu ak Éspri-Sin-an [Jésus et l'Esprit Saint] : **114**
- Jézu ak malad-yo [Jésus et les malades] : **241**
- Jézu k-ap priyé [Jésus priant] : **474-477**
- Jézu, égzanz li bay [Jésus, exemple de] : **60**, 449
- Jézu, Granmèt la [Jésus, le Seigneur] : **75**
- Jézu, juif-la [Jésus, le juif] : 336
- Jézu, Kris-la [Jésus, le Christ] : 73, **74**, 77, 78
- Jézu, lavi kaché [Vie cachée de Jésus] : **86**
- Jézu, Non Jézu-a [Nom de Jésus] : **72**
- Jézu, moun tout bon vré [Jésus, vrai homme] : **79**, 88
- Jézu, Rédanmtè-a [Jésus, le Rédempteur] : 70, **72**, 101, 136, 330, 468
- Jézu, transfigirasion [Transfiguration du Christ] : **93**
- Jijman dènié-a [Jugement dernier (le)] : **163**
- Jijman patikilié-a [Jugement particulier] : **112**, **157**
- Jistifikasjion [Justification] : 337

- Jistis [Justice] : 89, 111, 123, 164, 283, 300, **302, 323-329**, 376, 392, 395, 438, 520  
 Jistis komutativ [Justice commutative] : **430**  
 Jistis sosial [Justice sociale] : **329**, 449  
 Joué-d-aza [Jeu de hasard] : 434  
 Juif-yo ak krétyin-yo [Juifs et les chrétiens (les)] : 30, **97, 135**, 349, 358  
 Kado l'Éspri Sin-an [Dons de l'Esprit-Saint] : 205, **310**  
 Kanon Liv ki sin-yo [Canon des Écritures] : **14**  
 Kapital / Kapitalism [Capital/ capitalisme] : 331, 435, 439, **442**  
 Karism [Charisme] : 113, 119, 120, 129, 257, **393**  
 Karism gérimon [Charisme de guérison] : 242  
 Kasé pin-an [Fraction du pain] : 212, 223, 482  
 Katékuména [Catéchuménat] : 196  
 Katolik [Catholique] : 130, **133**, 134, 220, 222, 267-268  
 Kay Bondié [Maison de Dieu] : 189, **190**, 214, 498  
 Kè [Cœur] : 3, **7**, 20, 38, 113, 205, 281, 283, 290, 307, 314, 463, 470  
 Kè kontan [Joie] : 1, 2, 21, 38, 71, 108, 120, 170, 179, 187, 200, 239, **285**, 311, 314, 365, 438, 489, 517, 520, 527  
 Kè pur, pròp [Pureté du cœur] : 89, 282-283, **463**, 469, 477, 503  
 Kidnapîng [Enlèvement] : 392  
 Klas sosial-yo, lité antré yo [Lutte des classes] : 439  
 Kléjé-a, manb [Clercs] : 138  
 Kò Kris-la ki résisité-a [Corps du Christ ressuscité] : **107**  
 Kòlè [Colère] : 120, 293, 318, **396**  
 Kolèv évèk-yo [Collège des évêques] : 250  
 Kòmandman l'Égliz-la [Commandements de l'Église] : **345**  
 Kòmandman-yo [Commandements] : 17, 67, 307, **348**, 337, 352  
 Kòmès vann anbriyon [Trafic d'embryons] : 435  
 Kòmès vann moun [Trafic d'êtres humains] : 435  
 Kominié, kondision pou sa [Conditions d'accès à la communion eucharistique] : 220  
 Kominion (sint) [Communion (sainte)] : **208**, 212, 213, 221  
 Kominion [Communion] : 12, 24, 64, 99, 211, 248, 368  
 Kominion sin-yo [Communion des saints] : **146**  
 Kominion, possibilité pou sa-k pa katolik-yo [Accès à la communion pour les non-catholiques] : 222  
 Kominism [Communisme] : 439  
 Kominoté [Communauté] : 86, 122, 321, 368, 452  
 Kondanasion Jézu pou-l mouri-a [Condamnation à mort de Jésus] : **96**  
 Kondision pou batèm-nan [Condition au baptême] : **196**  
 Kondision pou kominié [Conditions d'accès à la communion eucharistique] : 220

- Kondision pou résévoua konfimasion [Conditions d'accès au sacrement de la Confirmation] : **206**
- Kondision pou résévoua sakréman malad-yo [Conditions d'accès au sacrement des malades] : **243**
- Kondision pou sakréman mariaj-la [Conditions du mariage sacramental] : **262**
- Konfésè [Confesseur] : 236
- Konfésé, obligasion pou [Devoir de confession] : **234**
- Konfésion : ouè sakréman Rékonsiliasion-an [Confession : voir sacrement de Réconciliation]
- Konfésion, sékrè-a [Secret de confession] : **238, 458**
- Konfians [Confiance] : 20, **21-22**, 155, 307-308, 476-477, 515
- Konfirmasyon [Confirmation] : 193, **203-207**
- Konfirmasion, kondision pou résévoua-l [Conditions d'accès au sacrement de la Confirmation] : **206**
- Konnin Bondié [Connaître Dieu] : **4**, 6
- Konpli [Complies] : 188
- Konsantman mariaj-la [Consentement matrimonial] : **261**
- Konsékrasion [Consécration] : 213, 217
- Konsèy évanjélik povrété-a [Conseil évangélique de pauvreté] : **138**, 145
- Konsèy évanjélik-yo [Conseils évangéliques] : **145**
- Konsians [Conscience] : 1, 4, 20, 120, 136, 232, 291, **295-298**, 312, 354, 397, 470
- Konsians, égzamin [Examen de conscience] : **232**, 233
- Konsians, fósé pa lót moun [Contraindre la conscience d'autrui] : **296**
- Konsil [Concile] : 140
- Konsil ékiménik [Concile oecuménique] : **143**
- Kontan [Joie] : 1, 2, 21, 38, 71, 108, 120, 170, 179, 187, 200, 239, **285**, 311, 314, 365, 438, 489, 517, 520, 527
- Kontrasépsion [Contraception] : 421
- Konvèzion [Conversion] : 131, 235, 328
- Koté pou priyé [Lieu pour prier] : 498
- Koua [Croix] : 96, 98, **101-103**, 272, 360
- Koua-a, kòm sakrifis [Sacrifice de la Croix] : 155, **191**, 208, 216, 217, 251
- Koua-a, sign lakoua-a [Signe de croix] : 360
- Kouè [Croire] : **20, 21-22**
- Koupé pati nan kò-ou [Automutilation] : **379, 387**
- Kréasion [Création] : 7, **42-50**, 52, **56**, 57, 163, 165, 263, 308, 364, 366, 368-370, 401, 426, 427, **436**, 444, 488
- Krédo [Credo] : 24, 26, **76**, 214, 307

- Krétyin ki pa katolik-yo [Chrétiens non catholiques] : **130**  
 Kréyé, gason ak fi [Créés homme et femme] : 260, 401  
 Krim [Crimes] : **378-379**  
 Krintif pou Bondié [Crainte de Dieu] : 310, 353  
 Kris-la, Mési-a [Christ, le Messie] : **73**, 91  
 Kris, gin tout pouvoua [Toute-Puissance du Christ] : **92**, 139-144, 242,  
**252**  
 Kris-la, Granmèt-la [Christ, le Seigneur] : **110**, 363  
 Kris-la, Jij tout bagay [Christ, le Juge de l'univers] : **112**  
 Kult pou Bondié [Rendre un culte à Dieu] : 302, **352**, 365  
 Kyrie : 214  
 Lacharité [Aumône] : 345, 447, 449  
 Ladrès, prudans [Prudence] : 300, **301**  
 Lafoua-a ak l'Égliz-la [Foi et Église] : **24**  
 Lafoua-a ak sians-la [Foi et science] : 15, **23**, 41, 42, 62, 106  
 Lagè [Guerre] : 379, 398  
 Lagè léjitim [Guerre juste] : 399  
 Laloua Ansyin Alians-la [Loi de l'Ancienne Alliance] : 8, 135, 334, **335**,  
 336, 363  
 Laloua moral, natirèl [Loi morale, naturelle] ouè tou Loua nati-a épi  
 Loua-yo [Lois] : 326, **333-334**, 344  
 Lanfè [Enfer] : 51, 53, 157, **161-162**  
 Lanmò [Mort] : **154-156**, 393, 398  
 Lanmò Jézu [Mort de Jésus] : **96-103**  
 Lanp étènèl [Lumière éternelle] : 191  
 Lapè [Paix] : 66, 115, 164, 282, 284, 327, 370, **395**, **396**, **398**, **436**  
 Lapè anndan kè [Paix intérieure] : 38, 159, 233, 245, 311, 393, 494,  
 503, 504, 517  
 Lasians ak lafoua [Science et foi] : 15, **23**, 41, 42, 62, 106  
 Lavi kaché Jézu-a [Vie cachée de Jésus] : **86**  
 Lavi pou tout tan [Vie éternelle] : 61, 98, 108, 136, 155, **156**, 161, 247,  
 280, 285, 317, 348, 364  
 Lavi, sans li ginyin [Sens de la vie] : 1, 5, 41-43, 406, 427, 465  
 Lavman pié-yo [Lavement des pieds] : **99**, 375  
 Layik-yo [Laïcs] : 138, **139**, 214, 440  
 Léjitim défans [Légitime défense] : 378, **380**  
 Léktu [Lecture] : **191**, **213**, **214**  
 Léta [État] : 289, **322**, **326**, 333, 366, 367, 370, 376, 377, 381, 383, 388,  
 392, 420, 427, 428, 431, 439, 441  
 Léta ki réspékté laloua [État de droit] : 326  
 Léta, dévoua fondamantal-li [État, ses devoirs fondamentaux] : 388  
 Libêté [Liberté] : 49, 51, 59, 68, 125, 136, 161, 178, 285, **286**, 290

- Libété ak dépendans (adikson) [Liberté et addiction] : 287  
 Libété pou désidé [Liberté de décision] : 68, **69**, 161, 287, 289, 296  
 Libété rélijion [Liberté religieuse] : **354**  
 Libété, sa k-ap ménasé-l [Menaces pour la liberté] : 286  
 Liv ki sin (Éspri Sin-an inspiré) [Écriture sainte (inspirée par l'Esprit-Saint)] : **14**, 15  
 Liv ki sin-yo ak l'Égliz-la [Écriture sainte et Église] : 128  
 Liv ki sin-yo ak tradision-an [Écriture sainte et tradition] : **11-12**, 143, 492  
 Lit ant klas sosial-yo [Lutte des classes] : 439  
 Litiji [Liturgie] : **166**, **167**, 192, 212  
 Litiji sièl-la [Liturgie céleste] : **179**  
 Litiji-a, trè sint ki sot nan Bondié [Sainte et divine liturgie] : 212  
 Lôd [Laudes] : 188  
 Loua Nati-a [Lois de la Nature] ouè tou Laloua moral épi Loua-yo : **45**, 333  
 Louanj [Louanges] : 48, 183, **489**, 519  
 Loua-yo [Lois] ouè tou Loua nati-a épi Laloua moral : 326, 377  
 Luil sint [Huile sainte] : 115, 170, 174, 203, 244  
 Maji [Magie] : 91, 177, 355, 356  
 Majistè l'Égliz-la [Magistère de l'Église] : **141**, 250, 344  
 Maladi [Maladie] : 89, 224, 240-245, 273, 280, 310, 379, 450  
 Malad-yo, pran souin yo [Souci des malades] : 242  
 Malin-an [Malin (le)] : ouè Diab [voir Diable]  
 Mal-la [Mal (le)] : 51, 111, 163, 164, 234, **285-296**, 315, 318, 320, 333, 386, 396  
 Manda misionè [Ordre de mission] : **11**, 123  
 Manjé, bay sa-k grangou-yo [Nourrir les affamés] : 450  
 Manti [Mensonge] : 359, **452**, 453, 456  
 Maré-lagé, pouvoua pou sa [Pouvoir de lier et de délier] : **140**  
 Mari ak Éspri-Sin-an [Marie et l'Esprit Saint] : **117**  
 Mari ak sin-yo [Marie et les saints] : **147**  
 Mari, dévotion pou sint Vièj [Dévotion mariale] : **149**  
 Mari, Imakilé Konsépsion [Marie, Immaculée Conception] : **83**  
 Mari, Manman Bondié [Marie, Mère de Dieu] : **82**, 84, 147  
 Mari, Manman tout krétyin-yo [Marie, Mère de tous les chrétiens] : **85**, 147, 148  
 Mari, modèl ak égzanz [Marie, modèle exemplaire] : 147  
 Mari, Vièj-la [Marie, la Vierge] : **80**  
 Mariaj ak yon moun ki pa katolik [Mariage avec un non catholique] : 267  
 Mariaj ak yon moun ki pa krétyin [Mariage avec un non chrétien] : 268  
 Mariaj mikst [Mariage mixte] : 267

- Mariaj nul [Nullité du mariage] : 269  
 Mariaj yo fè an tout libêté [Mariage conclu librement] : **261**  
 Mariaj, anpèchman [Empêchement au mariage] : **261**, 268  
 Mariaj, fidélité nan [Fidélité dans le mariage] : 262  
 Mariaj, karaktè sakramantèl [Mariage, caractère sacramental] : 263  
 Mariaj, karaktéritik li-*yo* [Mariage, les caractéristiques] : 416  
 Mariaj, kondision pou sakréman-an [Conditions du mariage sacramental] : **262**  
 Mariaj, konsantman-an [Consentement matrimonial] : **261**  
 Mariaj-la ak timoun-*yo* [Mariage et enfants] : 418, 419  
 Marié, séparasion moun ki [Conjoint, séparation (du)] : 269  
 Masturbasion [Masturbation] : 409  
 Mati [Martyre] : 454  
 Matîn [Matines] : 188  
 Média [Médias] : 404, 412, 459, 460  
 Méditasion [Méditation] : 504  
 Ménas pou libêté-a [Menaces pour la liberté] : 286  
 Mères porteuses : 423  
 Mès-la, ki sin-an [Sainte messe] : 168, 212, **213-214**, 365  
 Mès-la, kòm sakrifis [Sacrifice de la messe] : 212  
 Mési-a, Kris-la [le Messie, le Christ] : **73**, 91  
 Métòd natirèl pou planifié nésans-*yo* [Méthodes naturelles de régulation des naissances] : **421**  
 Minis sakréman batèm-nan [Ministre du sacrement du baptême] : **198**  
 Minis sakréman malad-*yo* [Ministre du sacrement des malades] : **246**  
 Minis sakréman mariaj-la [Ministre du sacrement du mariage] : **261**  
 Minis yo òdoné-*yo* [Ministres ordonnés] : 138, **145**, 258, 339, 374, 440  
 Ministè pastoral [Ministère pastoral] : **138**, 250-251, 257  
 Mirak [Miracle] : 90, 91  
 Mirak Jézu-*yo* [Miracle de Jésus] : **90**, 91  
 Mision [Mission] : 11, 91, 137-138, 144, 193, **248**, **252-253**, 259  
 Mistè, sin mistè-*yo* [Saints mystères] : 212  
 Mizérikòd [Miséricorde] : 302, 450, 451, 524  
 Mizik ak litiji [Musique et liturgie] : **183**  
 Mondializasion [Mondialisation] : 327, **446-447**  
 Monopòl [Monopole] : 442  
 Monotéism [Monothéisme] : **30**  
 Mouayin komunikasion-*yo* [Moyens de communication] : 459  
 Mouin salué-ou Mari [Je vous salue Marie] : **480**, **481**, 501  
 Moun [Homme] : **64**, 401  
 Moun, pòtré ak résanblans Bondié [Homme, à l'image et à la ressemblance de Dieu] : 56, **58**, 64, 262-263, 330, 402

- Moun, vann [Trafic d'êtres humains] : 435  
 Moun, yo trété tankou yon machandiz [Homme, traité comme marchandise] : **435**  
 Moun-nan kòm moun [Homme en tant que personne humaine] : 56, **58**,  
     63, 322, 327, 383, 401, 430, 464, 519  
 Mouri, édé moun-nan mouri [Aide (active) à mourir] : **382**  
 Mouton Bondié, Agnus Dei [Agneau de Dieu] : 214  
 Moyiz épí priyè-a [Moïse et la prière] : 472  
 Mò-yo, défin-yo [Défunts] : 146  
 Nanm [Âme] : **62-63**, 79, 120, 153, 154, 160, 205, 241, 330, 418, 460  
 Non Bondié [Nom de Dieu] : **31**, 359  
 Non Jézu [Nom de Jésus] : **72**  
 Non yo bay nan batèm-nan [Nom de baptême] : **201**, 361  
 Non-violans [Non-violence] : **397**  
 Notré-Pè-a [Notre-Père] : **511-527**  
 Nouvo Téstaman [Nouveau Testament] : **18**  
 Obéyisans [Obéissance] : 20, **34**, 145, 326  
 Obligasion alésa sosiété-a [Devoir envers la société] : **427**  
 Obligasion pou nou konfésé [Devoir de confession] : **234**  
 Òdinasion diak [Ordination diaconale] : **255**  
 Òdinasion évèk [Ordination épiscopale] : **250**  
 Òdinasion prêt [Ordination sacerdotale] : 173, **254**, 257, **259**  
 Okultism [Occultisme] : 355  
 Oméli [Homélie] : 214  
 Omoséksièl [Homosexualité] : 65, 415  
 Onksion [Onction] : 115, 174, **181**, 195, 203, 244  
 Onksion malad-yo [Onction des malades] : 193, **243-246**  
 Onksion malad-yo, kondision pou résévousa-l [Conditions d'accès au sacrement des malades] : **243**  
 Otaj, pran moun an otaj [Prise d'otages] : 392  
 Otèl [Autel] : **191**, 213, 214, 215-217, 255  
 Otorité [Autorité] : **325**, 326, 329, 367, 375, 392, 399  
 Otorité Pap-la [Autorité du pape] : 141  
 Padon, mandé [Pardon, demande de] : 524  
 Padoné péché-yo [Pardon, rémission des péchés] : **150-151**, 226, 228,  
     236  
 Pak juif [Pâque juive] : **95**, 171, 209  
 Pak, fêt-la [Pâques, fête de] : 171, 187, 365  
 Pannkot [Pentecôte] : **118**, 204  
 Pap [Pape] : 92, 129, 140, **141-143**  
 Pap-la ak évèk-yo [Pape et évêques] : **142**  
 Pap-la, infayibilité [Pape, infaillibilité du] : **143**

- Parié [Parier] : 434  
 Paròl konsékrasion-an [Paroles consécraires] : 210  
 Paròl litijik-yo [Paroles liturgiques] : **182**  
 Pasifism [Pacifisme] : **398**  
 Pasion-yo [Passions] : **293**, 294  
 Pè, fè moun tranblé [Peur] : 245, 438, 470, 476, 494  
 Péché : 1, 8, 66-67, 70-71, 76, 87, 98, 221, 224-239, **315**, 337  
 Péché mòtèl [Péché mortel] : **316**  
 Péché oriiginèl [Péché originel] : **68-70**, 83, 197  
 Péché véniet [Péché véniel] : **316**  
 Péché, ésklavaj péché-a [Péché, esclavage du] : 95, 288  
 Péché, striktirèl [Structures de péché] : **320**  
 Pélérijaj [Pèlerinages] : 274, **276**  
 Pèn kapital [Peine de mort] : **381**  
 Pénitans [Pénitence] : 195, **230**, 232, 276  
 Péyi-roua, rouayòm, ringn Bondié [Royaume, règne de Dieu] : 89, 139, 520  
 Piété, dévotion, santiman rélijion [Piété] : 497  
 Pin ak divin [Pain et vin] : 99, 181, **208**, 213, 216, 218, 488  
 Pitit Bondié [Enfants de Dieu] : 113, 125, 138, 173, **200**, 226, 279, 283, 401  
 Planifikasyon nésans-yo [Régulation des naissances] : 420  
 Plézi dézòdoné, anvi [Concupiscence] : 264, 406, 462  
 Plézi lachè, anvi dézòdoné [Concupiscence charnelle] : 462  
 Plézi sansib rinmin-an [Érotisme] : 65, 417, 462  
 Plint [Plainte] : 111, 164, 476, 486, 501  
 Politik [Politique] : 139, 438, **440**, 446, 447  
 Pònografi [Pornographie] : **412**, 460  
 Pousé al fè péché [Incitation au péché] : 386  
 Povrété [Pauvreté] : 27, 354, **446-449**, 497, 523  
 Povrété kè-a [Pauvreté du cœur] : **467**  
 Povrété Kris-la [Pauvreté du Christ] : 284, 449, 467  
 Povrété, konsèy évanjélik-la [Conseil évangélique de pauvreté] : **138**, 145  
 Préfas litiji ékaristik-la [Préface de la liturgie eucharistique] : 214  
 Préparasion ofrann-yo [Préparation des dons] : 214  
 Prêt [Prêtre] : 249, 251-252, **254**, **256-259**  
 Prèv Réziréksion-an [Preuves de la Résurrection] : **106**  
 Prétans réyèl Kris-la [Présence réelle du Christ] : 19, 168, 191, 212, **216-218**  
 Prézèvatif [Préservatif] : 414  
 Prinsip sosial-yo [Principes sociaux] : **324**

- Prinsip subsidiarité [Principe de subsidiarité] : **323**
- Priyè [Prière] : **469-470**
- Priyé psòm-yo [Prier les psaumes] : 473
- Priyé sin-yo [Prier les saints] : 497
- Priyè chak jou [Prière quotidienne] : 494
- Priyè démann [Prière de demande] : 471, **483**
- Priyè épi Éspri-Sin-an [Prière et Esprit-Saint] : 496
- Priyè épi konba [Prière et combat] : 505
- Priyè intèsésion [Prière d'intercession] : 146, 213, 483, **487**
- Priyè kè-a [Prière du cœur] : 503
- Priyè ki égzosé [Prière exaucée] : 478, 495
- Priyè kontanplatif [Prière contemplative] : 472
- Priyè l'Égliz-la [Prière de l'Église] : 492
- Priyè l'Égliz-la nan prémié tan-yo [Prière de l'Église primitive] : 482
- Priyè litiji lè-yo [Prière des Heures] : **188**
- Priyè louanj [Prière de louange] : 483, **489**
- Priyè méditation [Prière méditative] : **500, 502**
- Priyé nan difikilté [Prier dans la détresse] : 476
- Priyè orézon an silans [Prière d'oraison] : 500, **503**
- Priyè pèsonèl [Prière personnelle] : 492
- Priyè pou di mèsi [Prière de remerciement] : 371, 469, 483, 485, **488**
- Priyè san rété [Prière permanente] : 510
- Priyé tankou Mari [Prier comme Marie] : 479
- Priyè vokal [Prière vocale] : 500, **501**
- Priyé, lè-ou pa anvi priyé [Absence de désir de prier] : 490
- Priyé, san résulta ? [Prier, sans effet ?] : 507
- Prizonié, vizité yo [Visiter les prisonniers] : 450
- Profésion lafoua [Profession de foi] : 24, 25, **26-29**, 136, 165, 307
- Profésion, déklärasion, angajman [Profession] : 138, 328
- Profêt [Prophètes] : **8**, 30, 113, 116, 135, 240, 308, 310, 336
- Propriété [Propriété] : **426-428**, 429, 433, 465
- Prosésion [Processions] : 274
- Prostitision [Prostitution] : 411, 435
- Providans [Providience] : **49-50**, 466
- Prudans, ladrès [Prudence] : 300, **301**
- Psòm [Psaumes] : 17, 214, **473**, 491, 501
- Pudè [Pudeur] : 159, **464**
- Pugatoua [Purgatoire] : **159**, 160
- Puisans [Puissance] : 140, 328
- Puisans militè [Puissance militaire] : **398-399**
- Rabésman (umilité) [Humilité] : 235, 485
- Rakonté institision Ékaristi-a [Récit de l'institution (de l'Eucharistie)] : **210**

- Rann Bondié gras [Rendre grâce à Dieu] : 461, **490**, 494, 501  
 Rapò séksuèl andéyò mariaj-la [Relations sexuelles hors mariage] : 410  
 Rapò séksuèl anvan mariaj-la [Relations sexuelles avant le mariage] : **407**  
 Rapò séksuèl nan mariaj-la [Relations sexuelles dans le mariage] : **417**  
 Rasism [Racisme] : 61, **330**, 377, 398  
 Réchèch siantifik sou moun vivan [Recherche scientifique sur personnes vivantes] : 390  
 Réchèch sou séil souch anbriyon-yo [Recherche sur les cellules souches embryonnaires] : **385**  
 Rékonésans [Gratitude] : 59, 371  
 Rékonsiliasion ak Bondié [Réconciliation avec Dieu] : 226, **239**  
 Rélijion [Religion] : 3, 30, 37, 136, 268, 289, 504  
 Rélijion ki pa krétyin-yo [Religions non chrétiennes] : **136**  
 Rélik, vénération [Vénération de reliques] : 274, 275  
 Répanti [Repentir] : 159, **229**, 232  
 Réparasian [Réparation] : 232, 430  
 Résépsion ékaristik-la [Repas eucharistique] : 166  
 Responsabilité [Responsabilité] : 288, 290  
 Révélasion [Révélation] : 7, **8-10**, 36, 333, 351, 356  
 Révélasion privé [Révélations privées] : **10**  
 Rézilda òdinasion sasèdotal-la [Effets de l'ordination sacerdotale] : **254**  
 Rézilda sakréman Ékaristi-a [Effets du sacrement de l'Eucharistie] : 221  
 Rézilda sakréman malad-yo [Effets du sacrement des malades] : **245**  
 Rézilda sakréman mariaj-la [Effets du sacrement du mariage] : **261**  
 Réziréksion [Résurrection] : **103, 104-108, 152, 153**  
 Réziréksion, prèv [Preuves de la Résurrection] : **106**  
 Rézon [Raison] : **4-5**, 7, 23, 32, 291, 297, 300, 333, 334, 351  
 Rinmin [Amour] : **402**  
 Rinmin bêt-yo [Amour des animaux] : **57**, 437  
 Rinmin Bondié-a (ouè Charité tou) [Amour divin (voir aussi Charité)] : **2**,  
     61, 91, 115, 127, 156, 169, 200, 229, 270, 271, **309**, 314-315,  
     339-340, 402, 424, 479  
 Rinmin ènmi-yo [Amour des ennemis] : **34**, 329, 396, 477, 487, 494  
 Rinmin paran-yo [Amour des parents] : **367**, 368, 372, 418, 516  
 Rinmin prochin-an [Amour du prochain] : 220, 270, 321, 329, 373  
 Rinmin pròp tèt-ou [Amour de soi] : 315, **387**  
 Rinmin timoun-yo [Amour des enfants] : 372  
 Rinmin-an ak chasteté-a [Amour et chasteté] : **404**  
 Rinmin-an ak séksualié-a [Amour et sexualité] : **403**  
 Rit bénédiksion [Rite de bénédiction] : 272  
 Rit mariaj-la [Rite du mariage] : **266**

- Rit onksion malad-yo [Rite de l'onction des malades] : 244  
 Ront, santiman ou koupab [Sentiment de culpabilité] : 229  
 Rozè (ouè Chaplè tou) [Rosaire (voir aussi Chapelet)] : 149, **481**  
 Saba, répo [Sabbat, repos du Sabbat] : 39, 47, 90, 96, 349, **362**, 363, 364  
 Sakramantèl-yo [Sacramentaux] : **272**  
 Sakréman l'Égliz-la [Sacrements de l'Église] : 129, **172-178**, 193  
 Sakréman lòd-la [Sacrement de l'ordre] : 193, **249-251**, 256  
 Sakréman maraj-la [Sacrement du mariage] : 193, **260-267**  
 Sakréman rékonsiliasion-an [Sacrement de réconciliation] : 151, 172,  
     173, 175, 193, 206, 214, 220, **224-239**, 317, 345, 458  
 Sakréman, sign sakréman-yo [Signes sacramentels] : 115, 123, 128,  
     167, 174, 181, **189**  
 Sakréman-yo épi Éspri Sin-an [Sacrements et Esprit Saint] : 119, 128  
 Sakréman-yo épi lafoua-a [Sacrements et foi] : **177**  
 Sakrifis ki sin-an [Saint sacrifice] : 212  
 Sakrifis Koua-a [Sacrifice de la Croix] : 155, **191**, 208, 216, 217, 251  
 Sakrifis Mès-la [Sacrifice de la messe] : 212  
 Sakrilèj [Sacrilège] : 355  
 Salè [Salaire] : 332, 426, 428  
 Sanctus : 214  
 Sans lavi-a [Sens de la vie] : **1**, 5, 41-43, 406, 427, 465  
 Santé : 388, 389  
 Santiman koupab, ront [Sentiment de culpabilité] : 229  
 Sasèrdòs [Sacerdoce] : 99, **251-252**  
 Sasèrdòs Kris-la [Sacerdoce du Christ] : **251**  
 Sékrè konfésion-an [Secret de confession] : **238**, **458**  
 Séksam [Sexisme] : **61**, 330, 377  
 Séksualité [Sexualité] : **400**  
 Sélébran [Célébrant] : 215  
 Séliba [Célibat] : 255, **258**, 261  
 Sélibatè [Célibataires] : 265  
 Sèman, fo- [Parjure] : 455  
 Sèmanté [Jurer] : 359, 455  
 Sèn (Dènié soupé-a) [Cène] : 92, **99**, 166, 171, 192, 208-223, 259  
 Séparasion fizik [Séparation de corps] : 269  
 Sians-la ak lafoua-a [Science et foi] : 15, **23**, 41, 42, 62, 106  
 Sida : 414  
 Siej paskal-la [Cierge pascal] : 272  
 Sièl [Ciel] : **52**, 123, **158**, 242  
 Sièl nouvo ak tè nouvo-a [Ciel nouveau et terre nouvelle] : 111, **164**  
 Sign lakoua-a [Signe de croix] : 360

- Sign sakréman-yo [Signes sacramentels] : 115, 123, 128, 167, 174,  
**181, 189**  
 Siksésion apostolik [Succession apostolique] : 92, 137, 141  
 Simoni [Simonie] : **355**  
 Sin mistè-yo [Saints mystères] : 212  
 Sin patron [Saint patron] : 146, **202**, 361  
 Sinbòl apot-yo [Symbole des apôtres] : **28**  
 Sinbòl Nisé-Konstantinòpl [Symbole de Nicée-Constantinople] : **29**  
 Sin-Krém [Saint chrême] : 203  
 Sinòd [Synode] : 140  
 Sin-Sakréman-an [Saint Sacrement (le)] : 212, 218  
 Sint Égliz-la [Sainteté de l'Église] : 124, **132**  
 Sint kominion-an [Sainte communion] : 208, 212, 213, 217, **221**, 247  
 Sint Mès-la [Sainte messe] : 168, 212, **213-214**, 365  
 Sint Trinité [Sainte Trinité] : **35**, 36, 122, 164  
 Sinteté-a, vokasion pou vín sin-an [Sainteté, vocation à la sainteté] : 342  
 Sin-yo [Saints] : 132, **146**, 275, 342, 497  
 Sin-yo, modèl lavi [Saints, modèles de vie] : **202**, 235, 342-343, 497  
 Sipèstision [Superstition] : 355, 356  
 Sobriété : 220, 304  
 Solidarité : 61, 323, **332**, 376, 395, 447  
 Sosété, obligasion aléga [Devoir envers la société] : **427**  
 Sosieté [Société] : 139, 271, **322-325**, 327, 329, 367, 369, 440, 444, 447  
 Sou-dévelopman [Sous-développement] : 448  
 Soufrans [Souffrance] : 66  
 Soufrans Kris-la [Passion du Christ] : **94-103**, 277  
 Souin pou malad yo, okipé malad-yo [Souci des malades] : 242  
 Souvni Soufrans Granmèt-la [Mémorial de la Passion] : 212  
 Sové nou sové-a [Salut] : 10, 21, 136, 174, **199**, 335  
 Spékilasion [Spéculation] : **432**  
 Spiritism [Spiritisme] : 355  
 Spiritualité : **497**  
 Stérilité : 422  
 Strikti l'Égliz-la [Structure de l'Église] : **138**  
 Strikti péché [Structures de péché] : **320**  
 Subsidiarité : **323**  
 Suisid [Suicide] : **378**  
 Tan [Temps] : 184, 185, 187, 364, 492  
 Tan pou priyé [Temps pour prier] : 499  
 Tanpérans, métritisé tèt-ou [Tempérance, mesure] : 300, 301, **304**  
 Tantasion [Tentation] : 88, 525  
 Térorism [Terrorisme] : 392

- Timoun-sòlda [Enfants soldats] : 435
- Timoun-yo [Enfants] : 86, 262, 271, 354, 368, **371-372**, 374, 383, 384, 416, 418, 419, 422, 460
- Timoun-yo nan mariaj-la [Mariage et enfants] : 418, 419
- Tora [Thora] : **335**
- Tounin Kris-la ap tounin-an [Retour du Christ] : 111, 157
- Touyé (ouè Krim tou) [Meurtre (voir aussi Crimes)] : 237, 316, 378, **379**
- Tradision [Tradition] : **12**, 141, 143
- Tranblé, fè moun pè [Peur] : 245, 438, 470, 476, 494
- Transandans Bondié [Transcendance de Dieu] : 358
- Transfigirasion Kris-la [Transfiguration du Christ] : **93**
- Transmèt lafoua-a [Transmission de la foi] : **11-12**, 143, 175
- Travay [Travail] : 47, 50, 66, 332, 362, 366, 426, 428, 439, 442, **444-445**, 494
- Trè Sint Litiji-a [Sainte et divine liturgie] : 212
- Trinité sint-la [Sainte Trinité] : **35**, 36, 122, 164
- Trinité:**35**, 36, 122, 164
- Umilité (rabésman) [Humilité] : 235, 485
- Vandalism, Déchoukaj [Vandalisme] : 433
- Vanjans [Vengeance] : 396
- Vann timoun [Commerce d'enfants] : 435
- Vénérasion rélik-yo [Vénération de reliques] : 274, 275
- Vèp [Vêpres] : 188
- Vérité [Véracité] : **452-455**, 485
- Vérité Bondié [Vérité divine] : 13, **32**, 307, 359, 453, 461
- Vèrtu [Vertu] : 294, **299**
- Vèrtu kadinal [Vertus cardinales] : 300
- Vèrtu téologal [Vertus théologales] : **305**
- Viatik [Viatique] : 247
- Vid anndan kè [Vide intérieur] : 467, **508**
- Violans [Violence] : 284, 296, 386, **392**, 397, 399, 413, 452, 460
- Viòl [Viol] : 386, 392
- Vis [Vice]: 294
- Viv chast [Vivre chaste] : 311, **404-406**, 463
- Vizité prizonié [Visiter les prisonniers] : 450
- Vokasion [Vocation] : 73, 138, 139, 144, 145, 205, 253, 255, 265, 340
- Vokasion apot-yo [Appel des apôtres] : **92**
- Vòl [Vol] : **426**
- Volonté Bondié [Volonté divine] : 1, 50, 52, 100, **309**, 335, 337, 463, 493, 502, 507, 521
- Yahvéh [Yahvé] : **8**, 31, 214

## Lis définition-yo

Sé la nou jouinn éksplikasion mo ki gin étoual apré yo-a nan tèks prinsipal-la (astérisk).

Niméro-yo ranvouayé nan *paj YOUCAT* fransè-a. [Cf. apati p. 205 pou édision sa-a.]

- ABSOLISION [Absolution] : 137
- AGNOSTISISM [Agnosticisme] : 198
- AGNUS DEI [Agnus Dei] : 130
- AKTIVITÉ CHÈ-A [Fruits de l'Esprit] : 76
- ALÉLOUYA [Alléluia] : 128
- AMÈN [Amen] : 99
- APOT [Apôtre] : 20
- ATÉISM [Athéisme] : 197
- AVE MARIA [Ave Maria] : 264
- BÉNÉDIKSION [Bénédiction] : 104
- BIB [Bible] : 21
- BYIN KOMIN-AN [Bien commun] : 182
- CHAPLÈ-A [Chapelet] : 266
- CHASTETÉ [Chasteté] : 220
- CREDO [Credo] : 27
- DÉKALÔG [Décalogue] : 194
- DIAK [Diacre] : 145
- DISKRÉSION [Discrétion] : 249
- DISPANS [Dispense] : 153
- DÒGM [Dogme] : 90
- DOKSOLOJI [Doxologie] : 131
- DOKTRÎN SOCIAL L'ÉGLIZ-LA [Doctrine sociale de l'Église] : 181
- DOUB MORAL [Double morale] : 192
- DOUZ APOT-YO [Douze apôtres] : 85
- ÉGLIZ [Église] : 77
- ÉGLIZ ÉPI KOMINOTÉ ÉKLÉZIAL [Églises et communautés ecclésiales] : 82
- ÉGZÒSISM [Exorcisme] : 156
- ÉKARISTI [Eucharistie] : 123
- ÉKIMÉNISM [Œcuménisme] : 82
- ÉSKOMINIKASION [Excommunication] : 139
- ÉVÈK [Évêque] : 87
- ÉVOLISION [Évolution] : 37
- EX CATHEDRA [Ex cathedra] : 90

- ÉZOTÉRISM [Ésotérisme] : 196  
FOUI ÉSPRI-A [Œuvres de la chair] : 76  
GLORIA [Gloria] : 128  
IXΘΥΣ ΖΩΝΤΩΝ [ICHTHYS] : 52  
IKÔN [Icône] : 198  
INISIASION [Initiation] : 115  
INKARNASION [Incarnation] : 17  
INSPIRASION [Canon] : 21  
JÉNÈZ [Genèse] : 39  
JIJMAN [Jugement] : 96  
JISTIFIKASION [Justification] : 188  
KANON [Ancien Testament] : 21  
KARISM [Charisme] : 73  
KATÉKIMÉNA [Catéchuménat] : 117  
KLÈJÉ-A [Clergé] : 86  
KOMINION [Communion] : 127  
KONFIMASION [Confirmation] : 120  
KONSÉKRASION [Consécration] : 126  
KONSÈY ÉVANJÉLIK-YO [Conseils évangéliques] : 91  
KONSIL ÉKIMÉNIK [Concile œcuménique] : 90  
KONTANPLASION [Contemplation] : 260  
KRÉASIONISM [Créationnisme] : 37  
KYRIE ELEISON [Kyrie eleison] : 127  
LAYIK-YO [Laïcs] : 86  
LIBÈTÉ RÉLIJION [Liberté religieuse] : 84  
LITIJI [Liturgie] : 102  
LOUA MORAL NATIRÈL [Loi morale naturelle] : 186  
MAJISTÈ [Magistère] : 20  
MASTURBASION [Masturbation] : 223  
MATÈNITÉ RÉSPONSAB [Maternité responsable] : 228  
MATI [Martyr] : 248  
MISION [Mission] : 18  
MISTÈ [Mystère] : 55  
MONOGAMI [Monogamie] : 150  
MONOTÉISM [Monothéisme] : 31  
MOUAYIN KOMINIKASION SOSIAL-YO [Moyens de communication sociale] : 250  
NOUVO TÉSTAMAN [Nouveau Testament] : 22  
OKULTISM [Occultisme] : 197  
OMÉLI [Homélie] : 128  
OSTANSOUA [Ostensoir] : 131  
PANNKOT [Pentecôte] : 75

- PANTÉISM [Panthéisme] : 197  
PAP [Pape] : 87  
PARJURE [Parjure] : 249  
PAROUZI [Parousie] : 72  
PASION [Passion] : 67  
PATÈNITÉ RÉSPONSAB [Paternité responsable] : 228  
PLAJIA-A [Plagiat] : 234  
POLIGAMI [Polygamie] : 150  
PRÈT [Prêtre] : 88  
PRINSIP SOLIDARITÉ-A [Principe de solidarité] : 186  
PROZÉLITISM [Prosélytisme] : 195  
RÉGLÉ NÉSANS-YO [Régulation des naissances] : 229  
RÉLIJION [Religion] : 15  
RÉLIK [Relique] : 157  
RÉVÉLASION [Révélation] : 17  
RÒM [Rome] : 89  
SABA [Sabbat] : 200  
SAKREMAN [Sacrement] : 105  
SAKRILÈJ [Sacrilège] : 196  
SANCTUS [Sanctus] : 129  
SÉLIBA-A [Célibat] : 147  
SIKSÉSION APOSTOLIK-LA [Succession apostolique] : 86  
SIN KRÈM-NAN [Saint chrême] : 120  
SINTETÉ [Sainteté] : 83  
SIPÈSTISION [Superstition] : 196  
SPIRiTUALITÉ [Spiritualité] : 273  
TABÈNAK [Tabernacle] : 131  
TRANSANDANS [Transcendance] : 198  
TRANSUBSTANSTIATION [Transsubstantiation] : 129  
TRINITÉ [Trinité] : 34  
YÉRARCHI [Hiérarchie] : 87  
YHWH / YAHVÉH [YHWH/Yahvé] : 31

## Abréviasion liv biblik-yo

### ANSYIN TÉSTAMAN-AN

#### **Liv istorik-yo**

Jénèz (Jén)  
 Égzòd (Égz)  
 Lévitik (Lv)  
 Nonb (Nb)  
 Détéronòm (Dt)  
 Jozué (Joz)  
 Jij (Jj)  
 Ruth (Rt)  
 1 Samuél (1 S)  
 2 Samuél (2 S)  
 1 Roua (1 R)  
 2 Roua (2 R)  
 1 Kronik (1 Kro)  
 2 Kronik (2 Kro)  
 Ésdras (Ésd)  
 Néémi (Né)  
 Tobi (Tb)  
 Judit (Jdt)  
 Éstè (Ést)  
 1 Makabé (1 M)  
 2 Makabé (2 M).

#### **Liv sajès-yo**

Jòb (Jb)  
 Psòm (Ps)  
 Provèb (Pr)  
 Éklézias oubyin Koélèt (Ékl)  
 Kantik kantik-yo (Kt)  
 Sajès (Sj)  
 Ékléziastik oubyin Sirasid (Si).

#### **Profèt-yo**

Izayi (Iz)  
 Jérémi (Jr)  
 Lamantasion (Lm)

Baruk (Ba)  
 Ézékièl (Éz)  
 Danièl (Dn) Ozé (Oz)  
 Joèl (Jl)  
 Amòs (Am)  
 Abdias (Ab)  
 Jonas (Jon)  
 Miché (Mi)  
 Naoum (Na)  
 Abakuk (Abk)  
 Sofoni (So)  
 Ajé (Aj)  
 Zakari (Za)  
 Malachi (Ml).

### NOUVO TÉSTAMAN

#### **Évanjil-yo**

Matié (Mt)  
 Mark (Mk)  
 Luk (Lk)  
 Jan (Jn).

#### **Travay Apot-yo (Tr)**

#### **Lèt sin Pòl-yo**

Romin (Rm)  
 1 Korintyin (1 Kor)  
 2 Korintyin (2 Kor)  
 Galat (Ga)  
 Éfézyin (Éf)  
 Filipinyin (Fp)  
 Kolosyin (Kol)  
 1 Tésalonisyin (1 Tés)  
 2 Tésalonisyin (2 Tés)

1 Timoté (1 Tm)	1 Piè (1 P)
2 Timoté (2 Tm)	2 Piè (2 P)
Tit (Tt)	1 Jan (1 Jn)
Filémon (Fm)	2 Jan (2 Jn)
Ébré (Éb).	3 Jan (3 Jn)
	Jude (Jd)
<b>Lèt katolik-yo</b>	
Jak (Jk)	<b>Apokalips sin Jan-an (Ap).</b>

---

### Abréviasion dokiman Konsil-yo ak lòt sous yo sité-yo

CEC Catéchisme de l'Église catholique.

CIC Codex Iuris Canonici, code du droit canon de l'Église catholique.

CIV Caritas in Veritate (2009), encyclique sociale de Benoît XVI.

DH Concile Vatican II, Déclaration sur la liberté religieuse, Dignitatis Humanae.

DV Concile Vatican II, Constitution dogmatique sur la révélation divine, Dei Verbum.

GS Concile Vatican II, Constitution pastorale sur l'Église dans le monde de ce temps, Gaudium et Spes.

LE Laborem Exercens (1981), encyclique sociale de Jean-Paul II.

LG Concile Vatican II, Constitution dogmatique sur l'Église, Lumen Gentium.

PP Populorum Progressio (1967), encyclique sociale de Paul VI

### Lis non moun-yo

Albert le Grand, 205	Augustin, S., 12, 58, 61, 74, 129, 130, 184, 210, 212, 214, 219, 222, 224, 235
Alexander, Leo, 275	
Alighieri, Dante, 259	
Alphonse de Liguori, S., 221	
Anselme de anterbury, S., 209, 263	Badelschwingh, Friedrich Von, 261
Antoine de Padoue, S., 299	Balthasar, Hans Urs Von, 221
Arenberg, Robert d', 229	Basile de Césarée, S., 210
Aristote, 263, 264, 265, 283, 284	Baudouin, 277
Athanase le Grand, S., 217	Benoît de Nursie, S., 251, 262, 273, 290, 295

- Benoît XVI, 3, 5, 7, 10, 28, 40, 54, 89, 109, 114, 138, 175, 176, 205, 206, 207, 208, 209, 211, 212, 214, 216, 218, 220, 222, 223, 224, 225, 227, 228, 230, 232, 233, 234, 237, 239, 240, 241, 242, 244, 250, 255, 256, 258, 259, 264, 266, 269, 270, 271, 273, 276, 280, 281, 284, 285, 286, 292, 293, 295, 296, 299, 325, 329
- Bergengrien, Werner, 255
- Bernanos, Georges, 290, 291
- Bernard de Clairvaux, S., 214, 217, 219, 249, 279, 292
- Bloy, Léon, 219
- Böhme, Jakob, 226
- Böll, Heinrich, 251
- Bonhöeffer, Dietrich, 225
- Bosco, Jean, S., 193, 289
- Bosmans, Phil, 275
- Camara, Helder, 229
- Carretto, Carlo, 297
- Catherine de Sienne, S., 214, 261, 265
- Chagall, Marc, 289
- Chardin, Pierre Teilhard de, 286
- Chrysostome, S. Jean, 218, 234, 235, 240, 256, 287, 297
- Claudel, Paul, 220, 224
- Copernic, Nicolas de, 214
- Curé d'Ars, cf. S. Jean Marie Vianney, 198, 248, 249, 252, 258, 263, 265, 292, 294, 296, 297
- Cyprien de Carthage, S., 284, 298
- Cyrille de Jérusalem, S., 224, 271
- Ditfurth, Hoimar Von, 213
- Dostoïevski, Fedor, 235, 254, 269
- Ebeling, Gerhard, 202
- Ebner-Eschenbach, Marie von, 248, 279, 283
- Eckhart, Maître, 217, 276
- Evide d'Assise, Bienheureux, 263
- Faulhaber, Cardinal Michael Von, 218, 300
- Fénelon, François, 202, 224, 258
- Feuerbach, Ludwig, 221
- Foucauld, Bienheureux Charles de, 212, 267, 288, 292
- François d'Assise, S., 209, 216, 223, 263, 299, 301
- François de Sales, S., 205, 234, 236, 245, 249, 257, 260, 262, 267, 294
- Fromm, Erich, 239
- Gandhi, Mahatma, 265
- Gillet, Bienheureux Etienne-Michel, 264
- Grégoire de Nazianze, S., 249, 296
- Guardini, Romano, 217, 239
- Guareschi, Giovanni, 268
- Haecker, Theodor, 217
- Hesse, Hermann, 219
- Hildegarde von Bingen, S., 299
- Hugo, Victor, 294
- Ignace d'Antioche, S., 248, 252
- Ignace de Loyola, S., 229, 261, 269, 295, 296, 297
- Irénée de Lyon, S., 210, 214, 229, 232, 266
- Jaspers, Karl, 283
- Jean de la Croix, S., 235, 264
- Jean XXIII, 260
- Jeanne d'Arc, S., 212
- Jean-Paul II, 7, 31, 63, 108, 135, 143, 152, 155, 175, 218, 225, 230, 255, 263, 264, 265, 266, 269, 277, 278, 279, 280, 282, 283, 285, 286, 293, 298, 325
- Jérôme, S., 208
- Kempis, Thomas, 222, 224
- Kierkegaard, Søren, 83, 208, 254, 259, 268, 291

- King, Martin Luther, 282  
 Klepper, Jochen, 240  
 Köhler, Horst, 275  
 Kolping, Adolf, 233  
 Lacordaire, Henri-Dominique, 258  
 Lagerlöf, Selma, 288  
 Le Fort, Gertrud Von, 222  
 Lehmann, Cardinal Karl, 228  
 Léon le Grand, S., 238, 277  
 Lewis, Clive Staples, 164, 215,  
     216, 219, 262, 265, 280  
 Lubac, Cardinal Henri de, 268  
 Lubich, Chiara, 287  
 Luther, Martin, 234, 272, 294  
 Marcel, Gabriel, 277  
 Mauriac, François, 220, 254  
 Meisner, Cardinal Joachim, 240  
 Neri, S. Philippe, 298  
 Newman, Bienheureux John  
     Henry, 209, 231, 243, 260  
 Nicolas de Flue, S., 212  
 Nietzsche, Friedrich, 289  
 Norwich, Bienheureuse Julienne  
     de, 211  
 Pascal, Blaise, 205, 206, 207,  
     208, 216, 220, 258, 268,  
     284, 288, 290, 300  
 Paul VI, 277, 283, 287, 325  
 Péguy, Charles, 228  
 Pie XII, 206  
 Pio, S. Padre, 250  
 Planck, Max, 210  
 Platon, 263  
 Poltawska, Wanda, 155, 276  
 Quoist, Michel, 254  
 Raban Maur, S., 212  
 Rahner, Karl, 209, 228, 292  
 Ratzinger, Cardinal Joseph, cf.  
     Benoît XVI, 35, 237, 239,  
     240, 292  
 Ricoeur, Paul, 279  
 Rose de Lima, S., 223  
 Rosegger, Peter, 272  
 Rousseau, Jean-Jacques, 219,  
     280  
 Schiller, Friedrich, 225  
 Schneider, Reinhold, 221, 250  
 Schönborn, Christoph, 9, 218  
 Schultz, Fr. Roger, 222  
 Sellers, Peter, 249  
 Shakespeare, William, 282  
 Socrate, 179, 219  
 Spaemann, Robert, 272, 275  
 Staël, Madame de, 278  
 Stählin, Wilhelm, 226  
 Stauffenberg, Claus Von, 260  
 Stearns Eliot, Thomas, 248  
 Stein, Edith, 13, 215, 280  
 Suso, Henri, 281  
 Syméon le Thessalonicien, S.,  
     257  
 Taylor, Jeremy, 220  
 Teresa, Bienheureuse Mère, 15,  
     33, 104, 139, 184, 210, 212,  
     214, 215, 225, 245, 247,  
     248, 252, 258, 262, 265,  
     268, 273, 274, 276, 282,  
     287, 290, 293, 295, 296,  
     299, 300  
 Tertullien, 200, 253  
 Thérèse d'Avila, S., 198, 217,  
     234, 244, 257, 270, 276,  
     291, 297, 298  
 Thérèse de Lisieux, S., 198, 234,  
     267, 290, 295  
 Thimling, Walter, 213  
 Thomas d'Aquin, 34, 156, 200,  
     205, 209, 215, 244, 251,  
     252, 259, 260, 286, 289, 291  
 Tolstoï, Léon, 284  
 Vianney, S. Jean Marie, 244  
 Weil, Simone, 251, 293  
 Weissenborn, Theodor, 254  
 Wiesel, Elie, 298  
 Willms, Wilhelm, 221  
 Wittgenstein, Ludwig, 209  
 Yunus, Muhammad, 278



## PLAN

### **PRÉFAS**

Lèt pap Benoua XVI pou jèn-yo

### **PRÉMIÉ PATI**

Sa nou kouè, 11

Rézon ki fè nou gin lafoua, 12 | Nou minm moun nou fèt pou Bondié, 12 | Bondié vîn rankontré nou, 14 | Moun-yo réponn Bondié, 21 | Déklarasion lafoua krétyin-an, 24 | Mouin kouè nan Bondié Papa-a, 26 | Mouin kouè nan Jézu-Kri, sèl Pitit Bondié-a, 41 | Mouin kouè nan l'Éspri-Sin-an, 55

### **DÉZIÈM PATI**

Sélébrasion mistè lafoua krétyin-an, 75

Bondié aji nan nou pa lintèmèdié sign sakré-yo, 76 | Bondié nan litiji-a, 77 | Kijan nou sélébré mistè Kris-la, 81 | Sèt sakréman-yo nan l'Égliz-la, 86 | Sakréman inisiasion-yo (batèm, konfirmasion épi ékaristi), 86 | Sakréman gérizon-yo (pénitans épi onksion malad-yo), 99 | Sakréman kominion tèt ansanm épi mision (lòd épi mariaj), 251 | Lòt sélébrasion litijk-yo, 256

### **TOUAZIÈM PATI**

Viv jan Kris-la vlé-a, 120

Vokasion nou sou tè-a, sa nou vlé fè-a, épi kijan l'Éspri-Sin-an ap édé nou fè-l, 120 | Dignité moun-nan kòm moun, 120 | Kominoté moun-yo – Sosieté-a, 132 | L'Égliz-la, 139 | Dis kòmandman-yo, 141 | Sé pou rinmin Grammèt-la Bondié ou ak tout kè-ou, ak tout nanm ou ak tout fòs ou, 142 | Sé pou rinmin prochin-ou minm jan ak tèt pa-ou, 148

### **KATRIYÈM PATI**

Priyè krétyin-an, 183

Priyè-a nan lavi krétyin-an, 184 | Kijan Bondié vîn toupré nou, 184 | Sous priyè-a, 192 | Chémin priyè-a, 195 | Priyè Granmèt-la : *Papa nou-an*, 199

### **ANÈKS**

Lis mo, 302 | Lis définition-yo, 321 | Abréviasion liv biblik-yo, 324 | Abréviasion dokiman Konsil-yo ak lòt sous yo sité-yo, 325 | Lis non moun-yo,  
325

